# QUR'AAN NECHISHONA

شبكة الألوكة
www.alukah.net

ترجمة معاني

# القرآن الكريم

بلغة الشونا

Conveying Islamic Message Society
P.O.Box 834-Alex-Egypt
E-Mail:info_en@islamic-message.net
E-mail: cims_eg@yahoo.com
Site: www.islamic-message.net

*Rinopuhwa pachena, haritengeswi*

طبعة خاصة بجمعية تبليغ الإسلام

يُهدى ولا يباع

شبكة الألوكة
www.alukah.net

# QUR'AAN

# NECHISHONA

## ترجمة معاني القرآن الكريم
## بلغة الشونا

RAKASHANDURWA

NECHIKWATA CHEVADZIDZI

VACHITUNGAMIRIRWA

NA

SHEIKH ABDULLAH J.M. ADINI

LLB (SHARIAH), MED, KSA 1996 CE

MUDZIDZISI PA IQRA DAARUL ILM

HARARE, ZIMBABWE

2016CE

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

# ZVIRI MUKATI

**Peji**

1. Nhanganyaya…………………………………………………………………..3

2. Kutenda………………………………………………………………………..5

3. Huchapupu……………………………………………………………………..6

4. **Qur'aan nechiShona**…………………………………………………………7 - 459

5. Pamhidziro 1

   a. Nzvimbo dzekupfugama muQur'aan………………………………………..460
   b. Maporofita ataurwa muQur'aan……………………………………………..461
   c. Sei Allah vakatumira Maporofita neVatumwa?............................................462
   d. Kutenda muhumwechete hwaAllah muIslaam………………………………463
   e. Kupupura kwemuMuslim…………………………………………………….465
   f. Kutenda muna vanamwari vakawanda nekusatenda………………………...470
   g. Kutenda muna vanamwari vakawanda………………………………………470
   h. Kusatenda……………………………………………………………………472
   i. Hunyengeri…………………………………………………………………...475
   j. Jesu na Muhammad (Rugare ngaruve kwavari) muBhaibheri neQur'aan…...476

6. Pamhidziro 2

   a. Nyaya Dziri Mukati…………………………………………………………486
   b. Zvitsauko Zviri Mukati……………………………………………………....511

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

# NHANGANYAYA

Kurumbidzwa nekutendwa kwese ngakuve kuna Allah, Tenzi vezvisikwa zvese (vanhu, maJinn, nezvese zviripo). Uye runyararo nerugare ngaruve kuna Muhammad, mutumwa nemuporofita waAllah wekupedzisira. Aameen!

Qur'aan igwaro rakapihwa Mutumwa waAllah (Mwari Mumwechete) wekupedzisira Muhammad (Rugare nerunyararo ngaruve kwaari) kuzodzidzisa vanhu vese nemajinn gwara rakanaka, kuti Allah tinovanamata sei nekuti tinofanirwa kugarisana sei pasi pano.

Sezvo Qur'aan rakakosha zvikuru, takazviona zvakakodzera zvikuru kuti tirishandure rive mururimi rweChiShona, kuitira avo vasinganzwe mutauro wechiArabhu vakwanise kurinzwisisa vangave maMuslim kana vasiri.

Nekudaro takaedza nepatinogona napo kuti tirishandure nemazvo sezvo riri shoko raAllah. Pakurishandura taive mapoka matanhatu evadzidzi vepa Iqra Daarul Ilm, Harare vakapedza zvidzidzo zvavo mugore ra2012. Boka rega rega richishandura chidimbu cheQur'aan. Mushure mezvo takagara pasi tese tikariwongorora nekugadzirisa apo patainge taresva.

Vaive mumapoka matanhatu ndeava:

1. Akbar Anderson – Ane chitupa chezvidzidzo zveIslaam.
2. Sulaiman Bwelekeni - Ane chitupa chezvidzidzo zveIslaam.
3. Abdur-Rahmaan Majawa - Ane chitupa chezvidzidzo zveIslaam.
4. Taariq Ackim - Ane chitupa chezvidzidzo zveIslaam.
5. Hassan Milanzi - Ane chitupa chezvidzidzo zveIslaam.
6. Abdullah Abu - Ane chitupa chezvidzidzo zveIslaam.
7. Ibrahim Ngwanga - Ane chitupa chezvidzidzo zveIslaam.
8. Abdul-Jaleel Mgawo - Ane chitupa chezvidzidzo zveIslaam.
9. Qaasim Lichman - Ane chitupa chezvidzidzo zveIslaam.
10. Rasheed Mgondo - Ane chitupa chezvidzidzo zveIslaam.
11. Adam Pingo - Ane chitupa chezvidzidzo zveIslaam.
12. Mustafa Saeed - Ane chitupa chezvidzidzo zveIslaam.
13. Saleem Ajibu - Ane chitupa chezvidzidzo zveIslaam.
14. Taibu Makumba - Ane chitupa chezvidzidzo zveIslaam.
15. Ja'far Maxwell - Ane chitupa chezvidzidzo zveIslaam.
16. Shareef Issah - Ane chitupa chezvidzidzo zveIslaam.
17. Ackim Kalonga - Ane chitupa chezvidzidzo zveIslaam.
18. Dawood Uranda - Ane chitupa chezvidzidzo zveIslaam.
19. Jameel Ali - Ane chitupa chezvidzidzo zveIslaam.
20. Umar Beneti - Ane chitupa chezvidzidzo zveIslaam.
21. Umar Litemwe - Ane chitupa chezvidzidzo zveIslaam.
22. Muhammad Kanyemba – Ane chitupa chezvidzidzo zve Islaam.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

Nekudaro tinovimba kuti munhu wese anoverenga Qur'aan iri neChiShona achabatsirikana zvikuru muhupenyu hwepasi pano nekudenga.

Uyezve tinokumbira vese vanoverenga Qur'aan iri kuti vatizivise pese patakaresva kuti tizogadzirisa parichabudazve nguva inotevera.

Tichipedzisa tinoshumira Allah (Mwari) kuti vape vanhu vese vanoverenga Qur'aan iri nzwisiso nesimba rekutevedzera zvidzidziso zvaro kuti vagare zvakanaka pasi pano uyezve nekudenga, Aameen.

Vashanduri.
Gore ra2016

بسم الله الرحمن الرحيم


الشيخ عبدالله جمس موفولو أديني

***SHEIKH ABDULLAH J. M. ADINI***

(LLB(SHARIAH), MED, KSA 1936CE)
LECTURER: IQRA DAARUL-ILM, HARARE
Box W93 Waterfalls, Harare, Zimbabwe Cell: 00263 713 205 123 Email: adini263zw@gmail.com


08 June 2016

<u>إلى من يهمه الأمر</u>

السلام عليكم ورحمة الله وبركاته ، وبعد:

أنا الشيخ / عبد الله جمس موفولو أديني [ABDULLAH JAMES MOFOLO ADINI] ، المترجم ورئيس مشروع ترجمة معاني القرآن الكريم إلى لغة الشونا ، آذن لجمعية تبليغ الإسلام في جمهورية مصر العربية [CONVEYING ISLAMIC MESSAGE SOCIETY OF EGYPT] في طباعة ترجمتنا للقرآن الكريم [QUR'AAN NECHISHONA] لصالح الإسلام والمسلمين وغيرهم بجمهورية زيمبابوي .

والله الموفق والهادي إلى سواء السبيل .

Abdullah Adini

عبد الله جمس موفولو أديني
مترجم ورئيس مشروع ترجمة القرآن الكريم
هراري – زيمبابوي
08/06/2016

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

# KUTENDA

Kurumbidzwa nekutendwa kwese ngakuve kuna Allah, Tenzi vezvisikwa zvese (vanhu, maJinn nezvese zviripo). Uye rugare ngaruve kuna Muhammad, mutumwa nemuporofita waAllah (Mwari) wekupedzisira, uyezve ngaruve kuvatevedzeri vake vese kunosvika zuva rekupedzisira.

Muporofita Muhammad (SAW (Rugare neMakomborero aAllah Ngaave Kwaari)) akati: “Uyo asingatendi vamwe vake, haagoni kutenda Allah.” Naizvozvo mushure mekutenda Allah, tinopa kutenda zvikuru kuvanhu vanotevera, avo vakabatsira zvikuru kuti basa iri rekushandura Qur’aan richienda kururimi rwechiShona rive rinobudirira. Uye tinokumbira Allah kuti vave vanovakomborera nemhuri dzavo pasi pano nemuhupenyu hwamangwana. Aameen!

Tinopa kutenda kuvanhu ava:

1. Maulana Musa Ibrahim Menk.
2. Maulana Shabbir Musa Menk.
3. Sheikh Musa Saidi.
4. Mukoma Arsalaan Niaz.
5. Mukoma Umair Siddiquie.
6. Mai Zaid.
7. Chikwata chese chakashanda nesimba kushandura Qur’aan richienda kururimi rwechiShona.
8. Vadzidzisi vese vepa Iqra Daarul Ilm, Harare.
9. Vadzidzi vese vepa Iqra Daarul Ilm kubva Gore ra2012 kusvika Gore ra2016.

Uyezve tinopa kutenda zvikuru kumaSheikh anotevera avo vakaongorora Qur’aan iri, kuti rive rinobuda rakanaka zvakadai. Tinopa kutenda kuna Sheikh Anubi Twabi, Sheikh Asafa Chande, Sheikh Adam Wadi, Sheikh Nadheer Nyikadzino Chekure, na Sheikh Isa Collen Musanhu.

Uyezve tinotenda zvikuru hama dzedu idzo dzakazvipira kutsikisa Qur’aan iri. Allah ngavave vanovakomborera nemhuri dzavo muupenyu wepasi rino uye nekudenga. Aameen!

Tinotendazve iwe muverengi. Tinovimba uchabatsirikana zvikuru kubva muQur’aan nechiShona, uye ova unotevedzera zvidzidziso zvaro muuhepenyu wako, kuti ugova unobudirira pasi rino neramangwana.

Vashanduri.
Harare, Gore ra2016.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

# HUCHAPUPU

Kurumbidzwa nekutendwa kwese ngakuve kuna Allah, Tenzi vezvisikwa zvese (vanhu, maJinn nezvese zviripo). Uye rugare ngaruve kuna Muhammad, mutumwa nemuporofita waAllah (Mwari) wekupedzisira, uyezve ngaruve kuvatevedzeri vake vese kunosvika zuva rekupedzisira.

Isu tine mazita akanyorwa pasi pemashoko aya, takava tinoongorora Qur'aan rechiShona iri, uye tikazviona zvakanaka zvikuru uye zvakakodzera kuti ritsikiswe, kuti rive rinobatsira maMuslim nevamwewo kunzwisisa Chitendero che Islaam.

1. **Sheikh Anubi Twabi**
   BA (Shariah), Med, KSA
   Vanoona nezve Da'wah ku Africa Muslims Agency
   Mukuru weSeke Muslim Jamaat neMadressah

2. **Sheikh Adam Y. Wadi**
   BA (Da'wah), Med, KSA
   Mudzidzisi we Islaam muZimbabwe

3. **Sheikh Asafa Chande**
   BA (Da'wah), Med, KSA
   Mudzidzisi we Islaam mu Zimbabwe

4. **Sheikh Nadheer Nyikadzino Chekure**
   BA (Shariah), Med, KSA
   Mudzidzisi paMuzhingi Islamic Centre, Buhera

5. **Sheikh Isa Collen Musanhu**
   BA (Shariah), Med, KSA
   Mudzidzisi ku Inyanga Islamic Centre

Musi wa 30/05/2016
Harare, Zimbabwe.

# CHITSAUKO AL-FAATIHAH

# (CHIVHURO) 1

1. Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

2. Kurumbidzwa nekutendwa kwese ngakuve kuna Allah, Tenzi venyika dzese (zvisikwa zvese: vanhu, maJinn nezvese zviripo).

3. Vane Tsitsi zhinji, neNgoni zhinji.

4. Muridzi (Mutongi) wezuva rekutongwa (zuva rekumutswa kwevakafa).

5. Imi moga ndimi vatinonamata, uye imi mega ndimi vatinokumbira rubatsiro (rwazvose).

6. Titungamiririrei munzira yakatwasuka.

7. Nzira yeavo vamakapa makomborero (vatumwa, maporofita, nevaiti vezvakanaka), kwete nzira yeavo vamakatsamwira, kana yeavo vakarasika.

# CHITSAUKO AL-BAQARAH

# (MOMBE) 2

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Alif – Laam – Meem**. (Mazwi aya ndemamwe ezvishamiso zviri muQur’aan, uye hapana anoziva zvaanoreva kunze kwa Allah).

2. Iri ndiro Gwaro (Qur’aan) risina kupokana mariri, nhungamiro yeavo vanotya Allah (Vatendi vechokwadi muIslaam, avo vanoita mabasa akanaka uye vasingaiti mabasa akaipa, nezvitadzo neizvo zvese zvakarambidzwa).

3. Avo vanotenda mune zvakavanzika, uye vachiita munamato (Swalaah) uye vachipawo kubva pane zvatakavapa (Sadaqah) (Kushandisa pachavo nekupa vabereki, vana vavo, vakadzi vavo nekupawo varombo neavo vari munzira yaAllah).

4. Avo vanotenda mune zvawakatumirwa (Qur’aan neSunnah) iwe (mutumwa Muhammad (SAW)) nemune izvo zvatakatumira iwe usati wavapo (Torah, Injeel (Vhangeri), etc.), uye vanotenda muzvokwadi muhupenyu hwamangwana (Kumutswa kwevafi, mubairo wemabasa akanaka ne akaipa, Paradhiso neGehena).

5. Ndeavo, varimugwara rechokwadi raTenzi vavo, uye ndivo vakabudirira.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

6. Zvirokwazvo, avo vasingatendi, zvimwe chete kwavari (iwe Muhammad (SAW)) kuvayambira kana kusavayambira, havafi vakatenda.

7. Allah vakavhara moyo yavo nenzeve dzavo (havatambiri gwara raAllah), uye maziso avo akafukidzwa (mukuona chokwadi); uyezve vachawana mutongo wakaomarara.

8. Muvanhu mune vamwe (vanyengedzi) vanoti: "Tinotenda muna Allah nezuva rekupedzisira," asi muchokwadi havatendi.

9. Vanofunga kuti vanonyengedza Allah nevanotenda, asi zvirokwazvo vanozvinyengedza pachavo, uye havazvioni!

10. Mumoyo yavo mune chirwere (kusagutsikana nehunyengedzi) uye Allah vanowedzera chirwere chavo; uye vachava nemutongo unorwadza nokuti vaigaro nyepa.

11. Uye vakaudzwa kuti: "Musava munoita zvisakarurama munyika," vanoti: "Zvirokwazvo, tiri vachengetedzi verunyararo (tiri vanhu vanoita mabasa akarurama)."

12. Zvirokwazvo, ndivo vaiti vezvisakarurama, asi havazvioni.

13. Uye zvikanzi kwavari: "Tendai sekutenda kwakaitwa nevanhu (vateveri vaMuhammad (SAW))," vanoti: "Tingatenda here sekutenda kwakaita vanhu vasina njere (vakapusa)?" Zvirokwazvo, ndivo vasina njere, asi havazvizivi.

14. Uye pavanosangana nevatendi, vanoti: "Tiri vatendi," asi kana vave voga nevanyengedzi vavo, vanoti: "Zvirokwazvo, tinemi; zvirokwazvo, tanga tichingovatsvinyira."

15. Allah vanovatsvinyira uyezve vanovawedzera mabasa avo akaipa kuti vave vanotekaira vasingaoni.

16. Ndeavo (vanoshandura) vanotsvaga kurasika vachisiya gwara nekudaro hapana chavakawana pakutsvaga kwavo; uye havana kutungamirirwa.

17. Mufananidzo wavo wakafanana neuyo munhu anobatidza moto, kana wapa chiedza nzvimbo yaari, Allah vobva vatora chiedza chavo vovasiya murima rakavakomberedza vasingaoni.

18. Ndeavo vasinganzwi, vasingatauri, vasingaoni, nokudaro havadzokere munzira yakatwasuka.

19. Kana kuti vakafanana nemhepo ine mvura inobva kudenga, mairi mune rima, mabhanan'ana, nemheni. Vanopinza minwe yavo munzeve dzavo kuti vasave vanonzwa ruzha rwemabhanan'ana nekutya rufu. Asi Allah (Mwari Mumwechete) vanovaziva (vachavaunganidza) vese vasingatendi.

20. Mheni inopotsa kuvatorera onero yavo, pose paino vhenekera vanofamba, uye kana rima ravakomberedza vanomira. Uye dai Allah vachida, vaivatorera kunzwa kwavo nekuona kwavo. Zvirokwazvo, Allah vane simba pazvinhu zvose.

21. Imi vanhu! Namatai Tenzi venyu, avo vakakusikai imimi neavo vaivapo imi musati mavapo kuti muve vatsvene.

22. Avo vakakusikirai nyika ino senzvimbo yenyu yekuzororera, nedenga sechivharo, uye vakava vanonayisa mvura kubva kudenga, uye kubva mairi (mvura)) vakaita kuti michero ibereke sekudya kwenyu. Nokudaro musava munosanganisa Allah nevamwe vanamwari mukunamata imi muchiziva (kuti ivo voga ndivo vakakodzera kunamatwa).

23. Uye kana imi (maArabhu, maJudha kana maKristu) muine kusagutsikana maererano nezvatakatumira kumuranda wedu (Muhammad (SAW)), nekudaro huyai nechenyu Chitsauko (Surah) chakafanana nezviripo, uye danai vapupuri venyu kunze kwaAllah, kana muri pachokwadi.

24. Asi kana mazvitadza, uye hamufi makazvigona, nokudaro ivai munotya moto (Gehena) uyo (moto) vanhu nematombo vachava huni dzawo, wakagadzirirwa avo vasingatendi.

25. Uye ipai nhaurwa yakanaka kune avo vanotenda uye vachiita mabasa akanaka, kuti vachawana mapindu (muParadhiso) anoerera nzizi pasi pawo. Nguva dzose dzavanenge vachipihwa muchero yemo kuti vadye, vachati: "Izvi ndizvo zvataipihwa kare," asi vanenge vachipihwa zvinhu zvakada kufanana (zvakafanana rudzi nemazita nezve pano pasi asi zvakasiyana manakiro), uye vachawana imomo vakadzi vakachenurwa uye vachagaramo nekusingaperi.

26. Zvirokwazvo, Allah havave vanonyara kupa muenzaniso kunyangwe weumhutu, nyangwe chikuru kupfuura iwo. Uye avo vanotenda, vanoziva kuti ichokwadi kubva kuna Tenzi vavo (Allah), asi kune avo vasingatendi vanoti: "Chiiko chirikuedza kurehwa naAllah pamuenzaniso uhwu?" Naiwo muenzaniso vanorasisa vazhinji, uye vazhinji vanowana gwara pakarepo. Uye Allah havarasisi nemuenzaniso uyu kunze kweavo vakapanduka (vanotyora mitemo yaAllah).

27. Avo vanotyora chirangano (chitsidzo) chaAllah mushure yewirirano yacho, uye vanotyora izvo zvavakakomekedzwa naAllah kuti vabatanidze (Chitendero chaAllah, nokutevedzera mitemo yacho pano pasi uye kuchengetedza hukama), uye nokuita zvisakarurama panyika. Vanhu vanodaro ndivo vakarasikirwa.

28. Munoramba kutenda sei muna Allah imi muchiona kuti maive vafi mukapihwa hupenyu? Uye vachakupai rufu uye zvakare vachakumutsai kubva kuvafi (Zuva rekumutswa), uye kwavari muchadzoserwa.

29 Ndivo vakasikira imi zvose zviri panyika, uye vakava vanokwira kumusoro (Istawa) kudenga, uye vakava vanomaita matenga manomwe. Uye ndivo vane ruzivo rwose rwezvinhu zvose.

30 Uye (rangarira) apo Tenzi vako (Allah) pavakati kungirozi dzavo: "Zvirokwazvo, ndichava ndinoisa mumiriri panyika." Dzikati: "Munoda kuisa panyika mumiriri uyo achaita zvisakarurama mairi uye kudeura ropa, isu tichikurumbidzai nekukuremekedzai?" Ivo Allah vakati: "Zvirokwazvo, ndinoziva izvo zvamusingazivi."

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

31. Uyezve (Allah) vakadzidzisa Adam mazita ezvinhu zvose, uye vakazviratidza kungirozi vakati: "Ndiudzei mazita eizvi kana muripachokwadi."

32. Ngirozi dzakati: "Rumbidzo dzose kwamuri, hatina rumwe ruzivo kunze kweurwo rwamakatipa (rwamakatidzidzisa). Zvirokwazvo, ndimi muzivi wazvose, muridzi wehungwaru hwose."

33. (Allah) Vakabva vati: "Iwe Adam! Vaudze mazita azvo." Uye pavakaudzwa mazita azvo, Allah vakati: "Handina kukuudzai here kuti ini ndinoziva zvakavanzika zviri kumatenga nepasi, uyezve ndinoziva zvamunobuditsa neizvo zvamunoviga?"

34. Uye (rangarirai) apo patakati kungirozi: "Ivai munopfugamira Adam." Dzikava dzinopfugama kunze kwaDhiyabhorosi, akaramba uye akazvitutumadza, uye akabva ave mumwe wevasingatendi (vasingateereri mirairo yaAllah).

35. Uye tikati: "Iwe Adam! Iva unogara nemukadzi wako muParadhiso, uye mova munodya mose (michero) makasununguka muine mufaro imomo, zvose zvemo nemadiro enyu, asi musava munosvika pedyo nemuti uyu, uye mukadaro muchava vatadzi (Dhaalimoon).

36. Uye Dhiyabhorosi akaita kuti vatsauke mugwara vari imomo (muParadhiso), akakonzera kubuda kwavo kubva mavakanga vari. Tikava tinoti: "Dzikai pasi, mose, muneruvengo pakati penyu. Nyika ichava nzvimbo yenyu yekugara uye yokufara kwekanguvana."

37. Nokudaro Adam akagamuchira mashoko kubva kuna Tenzi vake. Uye Tenzi vake vakamuregerera (Vakatambira kureurura kwake). Zvirokwazvo, ndivo vega (Allah) vane ruregerero rukuru, vane tsitsi dzose (nenyasha zhinji).

38. Takati: "Dzikai pasi mose kubva munzvimbo ino (Paradhiso), nokudaro pose panouya gwara rokutevera kubva kwandiri, ani nani achatevera gwara rangu, haazombotyi kana kusuruvara."

39. "Asi kune avo vasingatendi, uye vanoramba micherechedzo yedu, avo ndivo vachava vagari vekumoto. Vachagara imomo (MuGehena) nokusingaperi."

40. Imi vana vaIzirairi! Rangarirai zvipo zvangu zvandakakupai, uye zadzisai chibvumirano changu (nemi) kuti ndive ndinozadzisa (chibvumirano) changu (nemi), uye musatya zvimwe zvinhu kunze kwangu ndoga.

41. Uyezve tendai mune izvo zvandatumira (Qur'aan iri) iro rinosimbisa izvo zvamagara munazvo (Torah uye Injeel (Vhangeri)), uye musave vokutanga kusatenda mariri, uye musava munotengesa zviratidzo zvangu (Torah ne Injeel (Vhangeri)) nemutengo mudukuduku (Kuwana mubairo mudiki nokutengesa zviratidzo zvangu), uye ivai munotya ini ndoga.

42. Uye musava munosanganisa chokwadi nemanyepo, kana kuviga chokwadi (kuti Muhammad (SAW) mutumwa waAllah uye zviratidzo zvake zvakanyorwa mumagwaro enyu, Torah ne Injeel (Vhangeri)), imi muchiziva chokwadi.

43. Itai munamato (Swalaah), uye ipai Zakaah (Chipo chinopihwa varombo), uye mova munopfugama neavo vanopfugama (senzira yoruremekedzo kuna Allah).

44. Sei muchikurudzira vanhu kuita mabasa akanaka (Al-Birr) uye muchizvikanganwa imi pachenyu (kuita mabasa akanaka), asi imi muchiverenga magwaro (Torah ne Injeel (Vhangeri))? Hamuna pfungwa here?!

45. Uye tsvagai rubetsero kuburikidza mukutsungirira nekunamata (Swalaah), uye zvirokwazvo, inorema kunze kune avo vanozvininipisa nokuzvipira munaAllah (Al-Khaashi'uoon), (vanoremekedza Allah nemoyo wose nekutya chirango chavo).

46. Avo vanotenda kuti vachanosangana naTenzi vavo (Allah), uyezve kuti vachadzokera kwavari (Allah).

47. Imi vana vaIzirairi! Rangarirai zvipo zvangu zvandakupai uyezve kuti ndave ndinokusarudzai pamusoro pevanhu vose (munguva yakapfuura).

48. Uye ityayi zuva iro (rokutongwa) iro apo munhu achange asingakwanise kubhadhara mumwe munhu chero nechii zvacho, kana kumiririrwa hakutambirwi kubva kwaari, uye hapana muripo uchatorwa kubva kwaari, uyezve havazombobatsirwi.

49. Uye (rangarirai) apo takakununurai kubva kuna Farawo nevanhu vake, avo vaikutambudzai nemarwadzo anotyisa, kuuraya vanakomana venyu, nekusiya vanasikana venyu vari vapenyu, uyezve imomo makanga mune miedzo mikuru kubva kuna Tenzi venyu (Allah).

50. Uyezve rangarirai apo (Allah) patakakupatsanurirai gungwa uye tikakununurai imi, uyezve tikanyudza Farawo nevanhu vake makatarisa.

51. Uye rangarirai patakasarudzira Musa husiku makumi mana, uye paakanga asipo mukatora mhuru sechinamatwa, uyezve muchitadza.

52. Pedzezvo takakuregererai zvimwe mungave vanhu vanotenda (vanopa Shukr).

53. Uye (rangarirai) apo patakapa Musa Gwaro (Torah) ne chipatsanuri (chezvakaipa nezvakanaka) zvimwe mungawana gwara rakatwasuka.

54. Uye (rangarirai) apo Musa akati kuvanhu vake: "Imi vanhu vangu! Zvirokwazvo, makazvitadzira pachenyu moga nokutora kwenyu chiumbwa chemhuru (sechinamatwa). Naizvozvo kumbirai ruregerero kuMusiki wenyu, mozviuraya pachenyu (vasina mhosva vachiuraya vane mhosva pakati penyu), kudaro kwakakunakirai imi pamberi peMusiki wenyu (Allah)" Saka vakava vanotambira ruregero rwenyu. Zvechokwadi, ndivo voga vanogamuchira zvikumbiro zvenyu, avo vane tsitsi zhinji.

55. Uye rangarirai apo makati: "Iwe Musa! Hatifi takatenda mauri kusvika taona Mwari (Allah) pachena." Asi mheni ikakurovai makatarisa.

56. Uyezve takakumutsai mushure merufu rwenyu, kuti zvimwe mungava vanhu vanotenda.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

57. Uye takava tinokufukidzai nemakore, tikava tinodzikisa kwamuri Manna (Chikafu chinotapira) neZvihuta (Shiri) sekudya kwenyu, tikati: "Idyai zvinhu zvakachena zvatakupai," (asi vakazopanduka). Uye hamuna kutadzira isu, asi makazvitadzira pachenyu.

58. Uye (rangarirai) apo takati: "Pindai muguta iri (Jerusarema) mova munodya zviri mariri nemufaro nekusununguka pamadiro enyu, uye pindai pamukova makapfugama (kana kutsikitsira kune kuzvininipisa) uye moti: 'Tiregerereiwo,' uye tichakuregererai zvitadzo zvenyu uye tichawedzera (mubairo) kune vanoita mabasa akanaka."

59. Asi pane avo vaiita mabasa akaipa vakashandura shoko kubva kuneiro ravakanga vaudzwa, nokudaro takava tinotumira kune vaiti vezvakaipa mutongo (Rijz) kubva kudenga nechikonzero chokutyora kwavo mirairo yaAllah.

60. Uye (rangarirai) apo Musa paakakumbirira vanhu vake mvura yekunwa, tikati: "Rova dombo netsvimbo yako" pakabva pabuda zvisipiti gumi nezviviri mariri. Boka roga roga revanhu rikaziva nzvimbo yaro yekunwira mvura. "Idyai nekunwa kubva kune chokudya chinobva kuna Allah, uye zvirokwazvo, musava munoita zvisakarurama panyika."

61. Uye (rangarirai) apo makati: "Iwe Musa! Hatingarambi takatsungirira tichidya chokudya chimwe chete. Saka tikumbiririrewo kuna Tenzi vako (Allah) vatiunzirewo zvimwe zvezvirimwa zvepanyika, miriwo, magaka ayo, gorosi (kana gariki) nehanyanisi." Iye akati: "Munoda kushandura here kubva kune izvo zvakanaka muchienda kune zvepasi-pasi (zvakashata)? Pindai imi muneripi guta, zvirokwazvo muchawana zvamuri kukumbira!" Uye vakava vanokufukidzwa nekudzikisirwa neurombo, uye vakava vanozvikwezvera hasha dzaAllah; nechikonzero chokuti vakaramba zviratidzo zvaAllah uye nekuuraya maporofita pasina mhaka. Izvo zvakaitika nekusateerera kwavo uye kupfuurira mirairo (kuita mhosva nezvitadzo).

62. Zvirokwazvo, avo vanotenda, maJudha, maKristu nemaSabian, avo vanotenda muna Allah nezuva rokupedzisira uye vachiita mabasa akanaka, vachawana mugove wavo kubva kuna Tenzi vavo (Allah). Kwavari hakuzombove nekutya, kana kusuruvara.

63. Uye (Imi vana vaIzirairi, rangarirai) apo takatora chibvumirano chenyu uye tikasimudza gomo pamusoro penyu (tikati): "Batisisai kune izvo zvatakupai nesimba, uye rangarirai izvo zviri mazviri kuti muve vatsvene (Al-Muttaqoon)."

64. Mushure mezvo mukadzokera kumashure. Dai dzakange dzisiri tsitsi nenyasha dzavo (Allah), dai muri vanhu vakarasikirwa.

65. Uye zvirokwazvo munoziva avo vakapfurikidza mwero maererano nemugovera (Sabata), tikati kwavari: "Ivai tsoko muchidzikisirwa nekurambwa."

66. Nokudaro takava tinoita kuti chirango ichi chive chidzidzo pakati pavo, uye nekumadzinza achatevera mumashure, uye kuti chive chidzidzo kune avo vatsvene (Al-Muttaqoon).

67. Uyezve (rangarirai) apo Musa paakati kuvanhu vake: “Zvirokwazvo, Allah vanokukomekedzai kuti muuraye mombe.” Ivo vakati: “Unoda kuita dambe nesu here?” Iye akati: “Ndinotsvaga potero munaAllah kuti ndisave mumwe wevasingazivi.”

68. Vakati: “Dana Tenzi vako (Allah) kuti vave vanotijekesera kuti yakaita sei.” Iye akati: “(Allah) vati: ‘Zvirokwazvo, imombe isina kuchembera zvakanyanya kana duku, asi iri pakati nepakati’, nokudaro itai zvamakomekedzwa.”

69. Vakati: “Tidanirewo Tenzi vako (Allah) kuti vatijekesere ruvara rwayo.” Akati: “(Allah) vati: ‘Zvirokwazvo, imombe ine ruvara rwendarama, inobwinya muruvara rwayo, ichievedza vanoiona.’”

70. Vakati: “Tidanirewo Tenzi vako (Allah) vatijekesere kuti yakaita sei? Zvirokwazvo, kwatiri mombe dzakafanana, uye zvechokwadi, kana Allah vachida, tichawana gwara.”

71. Iye Musa akati: “Zvirokwazvo, (Allah) vati: ‘Imombe isina kumbopingudzwa, isingarimi kana kudiridza mapindu, yakakwana ine hutano hwakanaka isina rimwe rudzi (kunze kwe rwendarama inobwinya).’” Vakati: “Zvino wauya nechokwadi.” Nekudaro vakabva vaiuraya kunyangwe zvazvo vakange vave pedyo nokusazviita.

72. Uyezve (rangarirai) apo pamakauraya murume, uye mukava nekusawirirana pakati penyu maererano nemhosva iyi. Asi Allah vakabuditsa pachena izvo zvamanga makaviga.

73. Takava tinoti: “Murovei (mufi) nechidimbu chayo (mombe).” Ndiwo mamutsiro anoita Allah vafi uye kukuratidzai micherechedzo yavo (humbowo, dzidziso) kuti zvimwe mungave vanhu vanonzwisisa.

74. Mushure mezvo, moyo yenyu yakaoma ikava sematombo kana kutopfuura (matombo) mukuomarara. Uye zvirokwazvo, kune matombo anobuda nzizi dzemvura kubva maari; uye zvirokwazvo, kune mamwe (matombo) anotsemuka mvura yobuda maari ichierera; uye zvirokwazvo, kune mamwe anodonha pasi nokutya Allah. Uye Allah havarivari zvamunoita.

75. Munotarisira kuti vachatenda muchitendero chenyu nokuti zvirokwazvo vamwe vavo (maJudha) vaigara vachinzwa mashoko aAllah (Torah), ivo vobva vomashandura vachiziva mushure mekumanzwisisa ivo vachiziva?

76. Uye pavanosangana (maJudha) neavo vanotenda (maMuslim) vanoti: “Tinotenda”, asi pavanosangana pachavo voga muchihwande vanoti: “Mungavaudza here (maJudha) ma (Muslim) izvo zvamakazarurirwa naAllah (imi maJudha maererano netsanangudzo nehunhu hwaMuhammad (SAW) izvo zvakanyorwa muTorah) kuitira kuti (maMuslim) vozoita nharo nemi (maJudha) maererano nazvo pamberi paTenzi venyu. Hamunawo here nzwisiso?”

77. Havazivi here kuti zvirokwazvo Allah vanoziva zvese zvavanoviga nezvese zvavanobuditsa?

78. Uye pakati pavo (maJudha) pane vanhu vasina kudzidza vasingazivi gwaro, asi vanovimba nezvido zvemanyepo uyezve vanofungidzira.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

79. Marwadzo kune avo vanonyora Gwaro nemaoko avo, uye voti: "Izvi zviri kubva kunaAllah," vozvitengesa nemutengo muduku! Uyezve vachawana marwadzo nezvakanyorwa nemaoko avo, uyezve matambudziko nezvavanowana.

80. Uye (maJudha) vanoti: "Moto (Moto weGehena nezuva rekumutswa kwevafi) haumbotibati kunze kwemazuva mashoma anoverengeka." Iti (Iwe Muhammad (SAW) kwavari): "Makatora chibvumirano here naAllah, zvokuti Allah havazoputsi chibvumirano chavo? Kana kuti munotaura pamusoro paAllah zvamusingazivi?"

81. Hongu! Uyo anoita chakaipa uye zvitadzo zvake zvomukomberedza, vanhu vakadaro vachave vekumoto (weGehena), uye vachagara mauri zvachose.

82. Uye avo vanotenda (muhumwechete hwaAllah) uye nokuita mabasa akanaka, ndivo vagari vekuParadhiso, vachagara mairi zvachose.

83. Uye (rangarirai) patakatora chibvumirano kubva kuvana vaIzirairi (tichiti): Musava munonamata chimwe chinhu kunze kwaAllah (vari voga), uyezve moitira vabereki zvakanaka, hama, nherera uye vanoshaya (Al-Masaakeen), uye motaura zvakanaka kuvanhu (Movakurudzira mabasa akanaka nokuvarambidza akaipa nokutaura chokwadi pamusoro paMuhammad (SAW)), uye itai munamato (Swalaah) mova munopa Zakaah (Chipo chinopihwa varombo). Mushure mezvo makabva madzoka mumashure, kunze kwevashoma venyu. Imi mukava vanhu vanodzokera kumashure.

84. Uye (rangarirai) apo takatora chibvumirano chenyu (tichiti): Musadeura ropa renyu kana kudzinga vamwe venyu mudzimba dzavo. Nokudaro makabvuma muchipupura.

85. Mushure mazvo, ndimi murikuurayana pachenyu uye kubuditsa chidimbu chenyu kubva mudzimba dzavo, muchibatsirana (nevavengi) mukupokana navo muchitadza nekuita ruvengo. Uye kana vakauya kwamuri varinhapwa, munovabvisira chidzikinuro, kunyangwe kuvadzinga kwavo makange makarambidzwa. Nokudaro munotenda here muchidimbu cheGwaro moramba chimwe? Saka ndeupi mubairo wevanoita zvakadaro pakati penyu, kunze kwenyadzi muupenyu hwepano pasi, uyezve neZuva rokumutswa vachava vanopihwa mutongo wakaomarara. Uye Allah havarivari zvamunoita.

86. Avo ndivo vanotengesa (vanochinja) hupenyu hwamangwana vachitora hupenyu hwepano pasi. Uyezve havambofa vakarerutsirwa murango wavo, kana kuwana rubatsiro.

87. Uye zvirokwazvo, takapa Musa, Gwaro tikava tinotevedza mushure make nevatumwa. Uye takapa Isa (Jesu) mwana waMariya zviratidzo zviri pachena uye tikamusimbaradza nemweya mutsvene (Jibreel (Gabriel)). Ndizvo here kuti pose panouya mutumwa kwamuri nezvisingafarirwi nemoyo yenyu munozvitutumadza? Vamwe hamutendi mavari uye vamwe munouraya.

88. Uye vanoti: "Moyo yedu yakavharwa (havanzwe shoko raAllah)." Asi Allah vakavarengera nokusatenda kwavo, nokudaro zvishoma ndizvo zvavanotenda.

89. Uye pakauya kwavari (maJudha), Gwaro (Qur'aan) kubva kuna Allah richipupura izvo zvavanazvo (Torah ne Injeel (Vhangeri)), kunyangwe mumashure vaikumbira Allah (kuuya kwaMuhammad (SAW)) kuti vawane kukunda avo vasingatendi. Nokudaro pakauya kwavari izvo zvavaiziva, havana kutenda mazviri. Nokudaro kurengera (kutuka) kwaAllah ngakuve kune avo vasingatendi.

90. Zvakaipa zvikuru zvavakazvitengesa nazvo pachavo, kuti vanofanira kusatenda kune zvakatumirwa naAllah (Qur'aan), riri godo rokudzikisa kwaAllah tsitsi dzavo kune wavanoda kuvaranda vavo. Nokudaro vakazvikokera hasha (dzaAllah) pamusoro pehasha. Uye vasingatendi vachawana chirango chinonyadzisa.

91. Uyezve pazvinotaurwa kwavari (maJudha): ''Tendai mune izvo zvakatumirwa naAllah pano pasi," vanoti: "Tinotenda mune izvo zvakatumirwa kwatiri." Uye havatendi mune izvo zvakatumirwa mumashure (meTorah neInjeel (Vhangeri)) chiri chokwadi chichipupura zvavanazvo. Iti (iwe Muhammad (SAW) kwavari): "Nokudaro neyi makauraya maporofita aAllah kare, kana muzvirokwazvo muri vatendi?"

92. Uye zvirokwazvo Musa akauya kwamuri nehumboo huri pachena, asi makatora mhuru (chiumbwa sechinamatwa) mushure make (aenda kugomo reSinai) muchitadza.

93. Uye (rangarirai) patakatora chitsidzo chenyu uye tikasimudza gomo pamusoro penyu (tichiti): "Batisisai izvo zvatakakupai nesimba uye nokunzwa (izwi redu)", ivo vakati: "Tanzwa asi hatiteereri". Uye moyo yavo yakatorwa nokunamata chiumbwa chemhuru nokuda kokusatenda kwavo. Iti: "Zvirokwazvo, zvakanyanya kushata kutenda kwenyu zvakunokukurudzirai kana zvirokwazvo muri vatendi."

94. Iti (kwavari): "Kana imba yehupenyu hwamangwana yaAllah zvirokwazvo iri yenyu pachenyu kunze kwevamwe vanhu, saka shuvirai rufu kana muri pachokwadi."

95. Asi havambofi vakashuvira (rufu) nokuda kweizvo zvakatungamidzwa nemaoko avo (mabasa avaiita). Uye Allah ndivo vane ruzivo rwose rwevatadzi.

96. Uye zvirokwazvo, muchavawana (maJudha) vari vanhu vanodisisa hupenyu (kupfuura vamwe), uye vachidarika avo vanosanganisa Allah nezvimwe zvinhu pakunamata (uye vasingatendi muzuva rokumutswa – Majoos, neavo vanonamata zviumbwa). Umwe neumwe wavo anoshuvira kuti dai apihwa hupenyu hwechiuru chamakore, asi kurarama kwakadaro hakumbofi kwakamudzivirira kubva kuchirango. Uye Allah ndivo muoni wezvose zvamunoita.

97. Iti (iwe Muhammad (SAW)): "Ani nani anovenga Jibreel (Gabriel) (ngaave anofa muhasha dzake), nokuti zvirokwazvo akaridzikisira (Qur'aan) mumoyo mako kuburikidza nekuda kwaAllah, richipupura izvo zvakauya mushure maro (Torah neInjeel (Vhangeri)) uye riri gwara nevimbiso yakanaka kuvatendi."

98. "Ani nani anova muvengi waAllah, nengirozi dzavo, nevatumwa vavo, Jibreel (Gabriel) na Mika'eel (Michael), nokudaro zvirokwazvo, Allah muvengi wevasingatendi."

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

99 Uye zvirokwazvo takakutumira ndima dziri pachena (ndima dzemuQur'aan dzinotsanangudza nemazvo nyaya yemaJudha uye nezvinangwa zvavo zvakavanzika), uye hakuna asingatendi madziri kunze kwe Al-Faasiqoon (avo vanotyora (vanopfurikidza) mitemo yaAllah).

100. Haisi (nyaya) yokuti nguva dzose dzavanosunga wirirano, rimwe boka pakati pavo rinochitsveta padivi? Asi (chokwadi ndechokuti) vakawanda vavo havatendi.

101. Uye apo pakauya mutumwa (Muhammad (SAW)) kwavari kubva kuna Allah achipupura zvavakanga vanazvo, boka rimwe reavo vakapihwa Gwaro vakarikandira Gwaro raAllah mumashure mavo sokunge vakanga vasingazivi!

102. Uye vakatevera izvo zvaiverengwa naDhiyabhorosi (Masaramusi) munguva yeutongi hwaSulaimaan (Soromoni). Uye Sulaimaan haana kusatenda, asi vanadhiyabhorosi ndivo vakaramba kutenda, vachidzidzisa vanhu mapipi uye zvakaburutsirwa kuBabylon kungirozi mbiri, Haaroot naMaaroot, asi hadzina kudzidzisa (ngirozi mbiri) ani nani zvake, kusvikira dzati: "Zvirokwazvo, isu tiri muedzo, nokudaro musava vanhu vasingatendi (nekudzidza mapipi kubva kwatiri)." Uye kubva (kungirozi mbiri) vakadzidza izvo zvavaiita kuti vapatsanure pakati pemurume nemukadzi wake, asi havana kukanganisa nazvo ani nani kunze nekuda kwaAllah. Uyezve vakadzidza izvo zvaivakuvadza uye zvisingavabatsiri. Uye zvirokwazvo vaiziva kuti mutengi wawo (mapipi) haana chidimbu pahupenyu hwemangwana. Uye zvirokwazvo zvakaipa izvo zvavakatengesa nazvo moyo yavo, dai havo vaiziva.

103. Uye dai vakatenda uye kuzvidzivirira kubva kune zvakaipa uye nokuita basa raAllah, zvirokwazvo mubairo unobva kuna Allah (Mwari) wakanaka zvachose, dai havo vaiziva!

104. Imi vanotenda! Musati (kumutumwa): "Chenjera", asi itii: "Titarise nekunzwa." Uye avo vasingatendi vachawana chirango chinorwadza.

105. Kunyangwe avo vasingatendi pakati pevanhu vakapihwa Mabhuku (maJudha nemaKristu) kana Al-Mushrikoon (Vanonamata zviumbwa ne avo vasingatendi muhumwechete hwaAllah), havadi kuti zvakanaka zvitumirwe kwamuri kubva kuna Tenzi venyu (Allah). Asi Allah vanosarudza kupa tsitsi dzavo kune avo vavanoda. Allah ndivo muridzi wemakomborero makuru.

106. Hapana ndima yatinobvisa kana yatinokonzera kuti ikanganikwe, asi tinounza iri nani kwairi kana yakafanana naiyoyo. Hauzivi here kuti zvirokwazvo Allah vane masimba pamusoro pezvinhu zvose?

107. Hauzivi here kuti Allah ndivo muridzi hweumambo hwepasi nekudenga? Uye pasina Allah hamuna umwe Wali (Mudziviriri kana muchengeti) kana mubatsiri.

108. Kana kuti munoda kubvunza mutumwa wenyu (Muhammad (SAW)) sekubvunzwa kwakaitwa Musa kare (sokuti tiratidze Tenzi vako pachena)? Uye uyo anochinjanisa kutenda achitora kusatenda, zvirokwazvo, anenge abuda munzira yakatwasuka.

109. Vazhinji veavo vanhu vakapihwa Gwaro (maJudha nemaKristu) vanoshuvira kuti dai vakusandurai kuti muve seavo vasingatendi mushure mokutenda kwenyu, zvichibva mugodo



NEW & EXCLUSIVE

rinobva pakati pemoyo yavo, kunyangwe mushure mekunge chokwadi (chokuti Muhammad (SAW) mutumwa waAllah) chabuda pachena kwavari. Asi regererai uye kanganwirai kusvika Allah vaunza murairo wavo. Zvirokwazvo, Allah vane masimba pamusoro pezvinhu zvose.

110. Uye itai munamato (Swalaah) uye ipai zvipo kuvarombo (Zakaah), uye chose chakanaka kubva mumabasa anodiwa naAllah chamunozvitungamidzira mberi pachenyu, muchachiwana kuna Allah. Zvirokwazvo, Allah vanoona zvikuru zvese zvamunoita.

111. Uye vanoti: "Hapana anopinda Paradhiso kunze kwema Judha kana maKristu." Idzi ndidzo shuviro dzavo. Iti (iwe Muhammad (SAW)): "Buditsai humboo hwenyu kana zvirokwazvo muri pachokwadi."

112. Hongu, asi ani nani azvipira huso hwake (iye pachake) kuna Allah (kutevera chitendero chaAllah, Islaam), uye ari uyo anoita mabasa akanaka, nokudaro achava nemugove wake kuna Allah, uye kwavari hakuzombove nokutya kana kushungurudzika.

113. MaJudha vanoti maKristu vanotevera zvenhando (havasi pachitendero chechokwadi); uye maKristu anoti maJudha vanotevera zvenhando (havasi pachitendero chechokwadi), kunyangwe zvazvo vose vachiverenga Gwaro. Avo vasingazivi (vanonamata zvidhori kana avo vane vanamwari vakawanda) vanotaura shoko rakafanana neravo. Allah vachatonga pakati pavo muzuva rekumutswa, maererano nepavaisiyana.

114. Uye ndiani anodzvinyirira zvakanyanya kudarika uyo anorambidza kuti zita raAllah rirumbidzwe nokutaurwa zvakanyanya (mumunamato nezvikumbiro) mumaMasjid (dzimba dzokunamatira dza Allah), uye anoshingirira mukuparadzwa kwadzo? Zvakanga zvisina kukodzera kuti vave vanopinda maari (maMasjid aAllah) kunze kwekunge vachitya. Kwavari inyadzi pano pasi uye vachave nechirango chikuru muhupenyu hunotevera.

115. Uye Allah ndivo muridzi wemabvazuva nemadokero, saka kwese kwamunotarisa kune Chiso chaAllah (uye vari kumusoro kudenga, pachigaro chehumambo hwavo). Zvirokwazvo, Allah vane zvose zvinogutsa nezvinodiwa nezvisikwa zvavo, muzivi wezvose.

116. Uye vanoti (maJudha, maKristu nevanamati vezvidhori): "Allah vakazvara mwana." Rumbidzo dzose kwavari (Mukuru ndivo vari pamusoro pezvose zvavanovasanganisa nazvo). Asi ndivo muridzi wezvose zviri mumatenga nepanyika, uye zvose zvakazvipira kuzvininipisa kwavari.

117. Musiki wematenga nepasi, kana vachinge vatara chiitiko, zvirokwazvo vanoti kwachiri: "Ngachiitike!" – chobva chaitika.

118. Uye avo vasina ruzivo vanoti: "Sei Allah vasingatauri nesu (takatarisana navo) kana kuti chiratidzo chiuyewo kwatiri?" Nokudaro avo vaive mumashure mavo vakataura mashoko akafanana neiwaya. Moyo yavo yakafanana. Zvirokwazvo, takaita kuti zviratidzo zvive pachena kuvanhu vanotenda muchokwadi.

119. Zvirokwazvo, takatumira iwe (Muhammad (SAW)) nechokwadi (Islaam) semuunzi wemashoko akanaka (kune avo vanotenda kune zvawakaunza, kuti vachaenda kuParadhiso), uye muchenjedzi

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

(kune avo vasingatendi, kuti vachaenda kumoto (Gehena)). Uye hauzombobvunzwi maererano nezvevagari vekumoto.

120. MaJudha nemaKristu havafi vakafadzwa newe (Muhammad (SAW)) kusvika watevera chitendero chavo. Iti: "Zvirokwazvo, gwara raAllah (Islaam) ndiro gwara (roga)." Uye iwe (Muhammad (SAW)) zvirokwazvo ukatevera zvinodiwa nemaJudha kana maKristu mushure mekunge ruzivo (Qu'aan) rwasvika kwauri, hauzowani mudziviriri kubva kuna Allah kana mubatsiri.

121. Avo vatakapa Gwaro (Torah) vakariverenga maverengerwo aro chaiwo, avo ndivo vanotenda mariri (Qur'aan). Asi kune avo vasingatendi mariri (Qur'aan), avo ndivo vakarasikirwa.

122. Imi vana vaIzirairi! Rangarirai makomborero angu ayo andakakupai, uye zvirokwazvo nokuti ndakakusarudzai imi pakati peAalameen (vanhu vose nemaJinn enguva yenyu).

123. Uye ityai zuva (rokutongwa) iro rokuti hapana munhu achakwanisa kupa mubairo umwe munhu, kana kugamuchirwa kwemubhadharo kubva kwaari, kana kumiririrwa hakumbofi kwakamubatsira, uyezve havambofi vabatsirwa.

124. Uye (rangarirai) apo Tenzi vake Ibrahim (Abrahamu) pavakamuedza (neimwe) yemirairo, iyo yaakazadzikisa. (Allah) vakati (kwaari): "Zvirokwazvo, ndichakuita mutungamiri wevanhu (kuti vave vanokutevera)." (Ibrahim (Abrahamu)) akati: "Uye nekuvana vangu (kuti vave vatungamiri)." (Allah) vakati: "Chitsidzo (chohuporofita) changu hachiendi kuvatadzi."

125. Uye (rangarirai) apo takaita imba (Ka'bah) senzvimbo yokuzororera yevanhu vose, uye nzvimbo yorunyararo. Uyezve itai (maMuslim) kuti Maqaam (nzvimbo) yaIbrahim (kana kuti dombo iro raimira Ibrahim paaivaka Ka'bah) senzvimbo yokunamatira (imwe yeminamato yenyu semuenzaniso maRaka'aat maviri mushure meTawaaf yeKa'bah kuMakkah). Uye ndakava ndinokomekedza Ibrahim (Abrahamu) naIsmael (Ishumaeri) ndikati munofanira kuchenura imba yangu (Ka'bah kuMakkah) kuitira avo vanoitenderera kana kugaramo (I'itikaf), kana kukotamisa huso kana kupfugama (mairi vachinamata).

126. Uye (rangarirai) apo Ibrahim akati: "Tenzi vangu, itai guta iri (Makkah) nzvimbo yerunyararo uye ipai vagari vemo michero, avo vanotenda muna Allah nezuva rokupedzisira." Ivo (Allah) vakati: "Asi uyo asingatendi, ndichamusiya ari mukugutsikana kwenguva pfupi, uye ndozomukanda mumarwadzo emoto, uye zvirokwazvo iyi ndiyo nzvimbo yakaipisisa kusvika!"

127. Uye (rangarirai) apo Ibrahim (Abrahamu) nemwanakomana wake Ismael (Ishumaeri) pavaisimudza midhuri yemba (Ka'bah kuMakkah) (vachiti): "Tenzi vedu (Allah)! Gamuchirai (basa iri) kubva kwatiri. Zvirokwazvo, ndimi munzwi wezvose, uye muzivi wezvose."

128. "Tenzi vedu (Allah)! Uye tiitei tiri vaviri avo vanozvipira kwamuri uyezve vamwe vevana vedu vave rudzi runozvipira kwamuri; uye tiratidzei Manaasik edu (Mhemberero dzose dzokushanya (Hajj neUmrah)), uye ivai munotiregerera. Zvirokwazvo, ndimi munoregerera zvikuru, uye mune tsitsi dzakanyanyisa."

129. “Tenzi vedu (Allah)! Uye tumirai pakati pavo mutumwa werudzi rwavo (uye zvirokwazvo Allah vakapindura chikumbiro chavo nekutumira Muhammad (SAW)), uyo achava verengera zviratidzo zvenyu nemitemo iri muGwaro (Qur’aan), uyezve vovadzidzisa Gwaro (Qur’aan) uye Al-Hikmah (Ruzivo rwe mitemo yeIslaam uye huchenjeri neSunnah yamutumwa – nzira yakabvumidzwa), uyezve achavachenura. Zvirokwazvo, ndimi vekumusoro-soro, vane huchenjeri hwese.”

130. Uye ndiani anoramba chitendero chaIbrahim (Abrahamu) (chitendero chinonamata Allah (Mwari Mumwechete) kunze kweuyo anozvinyengedza pachake. Zvirokwazvo, takamusarudza Ibrahim (Abrahamu) pano pasi, uye zvirokwazvo, mune ramangwana achange ari pakati pevatsvene.

131. (Rangarirai) Apo Tenzi vake pavakati kwaari: “Zvipire (nekuva muMuslim).” Iye akati: “Ndazvipira (semuMuslim) kuna Tenzi veAalameen (vanhu vose nezvinorarama zvose).”

132. Uye Abrahamu akakomekedza izvi kuvana vake pamwe naYa’qoob (Jakobho) (vachiti): “Imi vana vangu! Zvirokwazvo, Allah vakusarudzirai imi chitendero (chechokwadi), nokudaro, zvirokwazvo musava munofa kunze kwekuti muri pachitendero cheIslaam (semaMuslim).”

133. Kana kuti maive vapupuri here apo rufu rwakasvikira Ya’qoob (Jakobho)? Apo akati kuvana vake: “Chii chamuchanamata mushure mangu?” Vakati: “Tichanamata Mwari wenyu (Allah), Mwari wemadzibaba enyu Ibrahim (Abrahamu), Ismail (Ishumaeri), Ishaaq (Isaka), Mwari mumwechete, uyezve kwavari tinozvipira (muIslaam).”

134. Urwu rudzi rwakapfuura. Vachawana mubairo unoburikidza zvavakaita, uye imiwo muchawana mubairo wezvamakaita. Uye hamufi makabvunzwa maererano nezvavaiita.

135. Uye vanoti: “Ivai maJudha kana maKristu muchava makatungamirirwa.” Iti (kwavari iwe Muhammad (SAW)): “Kwete, asi tichatevedzera chitendero chaIbrahim (Abrahamu), uyo anga ari mugwara (Islaam, kunamata Mwari mumwechete (Allah)), uye akanga asiri mumwe wemaMushrikoon (avo vanosanganisa Allah nezvimwe zvinhu mukunamata).”

136. Taurai kuti (Imi maMuslim): “Tinotenda muna Allah neizvo zvakatumirwa kwatiri nezvakatumirwa kuna Ibrahim (Abrahamu), Ismail (Ishumaeri), Ishaaq (Isaka), Ya’qoob (Jakobho), uye kuAl-Asbaat (vana vevana gumi nevaviri vaYa’qoob (Jakobho)), uye izvo zvakapihwa Musa na Isa (Jesu), uye neizvo zvakapihwa kumaporofita kubva kuna Tenzi vavo. Hatisiyanise pakati pavo, uye kwavari (Allah) tinozvipira (muIslaam).”

137. Uye kana vakatenda mune zvakafanana nezvamumotenda, zvirokwazvo vari pagwara rechokwadi; asi vakava vanofuratira, zvirokwazvo vanenge vari avo vanopikisa. Nokudaro, Allah vachava vanokubatsirai pamusoro pavo. Uye ndivo vanonzwa zvese, muzivi wezvose.

138. [Ichi] chitendero chaAllah (Islaam), uye ndiani ane chitendero chiri nani kupinda chaAllah? Uye tirivanamati vavo (Allah).

139. Iti (iwe Muhammad (SAW)) kumaJudha nemaKristu: “Munopikisana nesu here nezvaAllah, ivo vari Tenzi vedu uye Tenzi venyu? Uye tichava tinoripwa nekuda kwemabasa edu uye imi nemabasa enyu. Uye isu tinozvipira kwavari (mukuvanamata nekuvaremekedza).”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

140. Kana kuti imi munoti, zvirokwazvo Ibrahim (Abrahamu), Ismail (Ishumaeri), Ishaaq (Isaka), Ya'qoob (Jakobho) uye Al-Asbaat (vana vevana gumi nevaviri vaYa'qoob (Jakobho)) vakange vari maJudha kana maKristu? Iti: "Munoziva zvakanyanya here kana kuti Allah ndivo vanoziva (kuti vaive maMuslim)? Uye ndiani mudzvinyiriri kudarika uyo anoviga huchapupu hwaanawo kubva kuna Allah (kutenda muna muporofita Muhammad (SAW) kana vauya sokunyorwa kwazvakaitwa muMabhuku avo)? Uye Allah havarivari zvamunoita."

141. Urwu rudzi rwakapfuura. Vachawana mubairo kuburikidza nezvavakaita, uye imiwo muchawana mubairo wezvamakaita. Uye hamufi makabvunzwa maererano nezvavaiita.

142. Avo vanhu vakapusa (vanonamata zviumbwa nemidzimu, maJudha nevanyengedzi) vachati: "Chii chaita kuti maMuslim vatendeuke kubva kuQiblah yavo (uko kwainamata maMuslim akatarisa kuJerusarema), iyo yavaigaro tarira vachiita munamato." Iti (iwe Muhammad (SAW)): "Allah ndivo muridzi wekumabvazuva nekumadokero. Vanotungamirira mugwara rakatwasuka ani nani wavanoda."

143. Naizvozvo takakuitai (vatendi vechokwadi (maMuslim) avo vanotevera mutumwa Muhammad (SAW) neSunnah (nzira yakanaka) muchokwadi) rudzi rwakanaka, kuti muve vapupuri pamusoro pevanhu, uye mutumwa (Muhammad (SAW)) ave mupupuri kwamuri. Uyezve hatina kuita Qiblah (kwavaigara vachitarisa vachiita munamato (Jerusarema)) kwamaigara muchitarisa, kunze kwekuti tizive uyo anotevera mutumwa (Muhammad (SAW)) kubva kune uyo anodzokera kumashure. Zvirokwazvo, zvaive zvakaoma kunze kweavo vakatungamirirwa naAllah. Uye Allah havamboiti kuti chitendero chenyu chirasike (minamato yamaiita makatarisa kuJerusarema). Zvirokwazvo, Allah ndivo vane nyasha netsitsi dzose kuvanhu vavo.

144. Zvirokwazvo, tinomboona kutendeuka kwechiso chako (Muhammad (SAW)) wakatarisa kudenga. Zvirokwazvo, tichakutendeudza kuQiblah (kwaunotarisa uchinamata) divi richakufadza, nokudaro tendeutsa chiso chako kudivi re Al-Masjid Al-Haraam (nzvimbo tsvene iri kuMakkah). Uye pose pamuri imi vanhu tendeutsai zviso zvenyu (pakunamata) motarisa ikoko. Zvirokwazvo, vanhu vakapiwa Gwaro (maJudha nemaKristu) vanoziva kuti (kutendeuka muchitarisa kuKa'bah kuMakkah pakunamata) ichokwadi kubva kuna Tenzi vavo. Uye Allah havarivari zvose zvavanoita.

145. Uye kunyangwe ukaunzira vanhu vakapihwa Gwaro (maJudha nemaKristu) humboo upi zvawo, havafi vakatevera Qiblah yako (kwamunotarisa muchinamata), kana iwe kutevera Qiblah yavo. Uyezve vamwe vavo havateveri Qiblah yevamwe. Zvirokwazvo, kana ukatevedzera zvido zvavo mushure mokunge ruzivo rwauya kwauri (kubva kuna Allah), zvirokwazvo unova umwe wemaDhaalimoon (vakarasika, vaiti vezvakaipa).

146. Avo vatakapa Gwaro (maJudha neKristu) vanomuziva (Muhammad (SAW) kana kuti Ka'bah iri kuMakkah) semaziviro avanoita vana vavo. Asi zvirokwazvo, rimwe boka pakati pavo vanoviga chokwadi ivo vachiziva (mamiriro aMuhammad (SAW) izvo zvakanyorwa muTorah neInjeel (Vhangeri)).

147. (Ichi) ichokwadi kubva kuna Tenzi vako. Nokudaro zvirokwazvo usave umwe weavo vanogunun'una (vane kukahadzika).

148. Uyezve rudzi rwoga-rwoga rwune divi rarwunotarisa (rwuchinamata), nokudaro mhanyidzanai pakuita mabasa akanaka. Kwese kwamuri Allah vachakuunganidzai pamwechete (pazuva rokumutswa). Zvirokwazvo, Allah vane masimba pamusoro pezvinhu zvose.

149. Uye pose paunobuda uchifamba (pakunamata), tendeudza huso hwako utarise kudivi re Al-Masjid Al-Haraam (iri kuMakkah), zvirokwazvo ichi ichokwadi kubva kuna Tenzi vako. Uye Allah havarivari zvose zvamunoita.

150. Uye pose paunobuda (pakunamata), tendeudza huso hwako kudivi re Al-Masjid Al-Haraam (iri kuMakkah), uyezve kwese kwamunenge muri (pakunamata), tendeudzai zviso zvenyu kudivi rayo kuitira kuti vanhu vasave nokupikisana pamusoro penyu kunze kweavo vaiti vezvakaipa pakati pavo, nokudaro musavatye asi ityai inini! Uyezve kuti ndive ndinozadzikisa makomborero angu kwamuri uyezve kuti muve vanhu vari pagwara.

151. Saizvozvo, takutumirai mutumwa anobva kwamuri (Muhammad (SAW)), achikuverengerai ndima dzedu (Qur'aan), nekukuchenurai, nekukudzidzisai Bhuku (Qur'aan) uye neHikmah (Sunnah, hungwaru, mitemo yeIslaam neFiqh), uyezve kukudzidzisai zvamakanga musingazivi.

152. Nokudaro, ndirangarirei (nekundinamata nerumbidzo), ndichakurangarirai, uyezve ivai munonditenda (nemakomborero asingaverengeki andakakupai), uyezve musave vanhu vasinganditendi.

153. Imi vanhu vanotenda! Tsvagai rubetsero nemoyo murefu (kutsungirira) neSwalaah (munamato). Zvirokwazvo, Allah vane avo vane moyo murefu (vanotsungirira).

154. Uye musati kune avo vanouraiwa munzira yaAllah: "Vakafa." Vapenyu, asi imi hamuzvizivi.

155. Uye zvirokwazvo, tichakuedzai nezvimwe zvinotyisa, nzara, kushomeka kwehupfumi nevanhu, uye kupera kwemichero, asi ipa shoko rakanaka kune As-Swaabiroon (avo vane moyo murefu – vanotsungirira).

156. Avo kana vawirwa nedambudziko vanoti: "Zvirokwazvo! Kuna Allah ndokwatakabva, uye zvirokwazvo kwavari ndiko kwatichadzokera."

157. Avo ndivo vachawana makomborero kubva kuna Tenzi vavo, uyezve tsitsi dzavo, uyezve ndivo vari pagwara (rechokwadi).

158. Zvirokwazvo, As-Safa neMarwah (makomo maviri ari kuMakkah) ndezvimwe zvezviratidzo zvaAllah. Nokudaro hachisi chitadzo kune uyo anoshanyira imba (yaAllah) kunoita Hajj kana Umrah, kunotenderera pakati pawo (As-Safa neMarwah). Uye ani-nani anozvipira nekuda kwake kuita chakanaka, zvirokwazvo Allah ndivo vanotenda, muzivi wezvose.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

159. Zvirokwazvo, avo vanoviga humboo huri pachena negwara ratakaburutsa pasi, mushure mokuribuditsa pachena kuvanhu muBhuku, ndivo vamwe veavo vakarengerwa naAllah uye vakarengerwa nevarengeri.

160. Kunze kweavo vanokumbira ruregerero uye voita mabasa akanaka, uyezve vobuditsa pachena (chokwadi chavakaviga), ava ndichatambira kukumbira kwavo ruregerero. Uye ndini ndinogamuchira ruregerero (kureurura) zvikuru, ane tsitsi zhinji.

161. Zvirokwazvo, avo vasingatendi uye vofa vari mukusatenda, ndivo vari pakurengerwa naAllah uye nengirozi uyezve nevanhu vese pamwechete, vakabatanidzwa.

162. Vachagara imomo zvachose (vari mumoto), mutongo wavo hauzomborerutswi, uye havambofi vawana zororo.

163. Uye Mwari wenyu ndiMwari mumwechete, hakuna mumwe anekodzero yokunamatwa kunze kwavo (Allah), vane tsitsi zhinji, vane ngoni dzakanyanya.

164. Zvirokwazvo, pakusikwa kwematenga nenyika, uye mukuchinjana kwehusiku nesikati, uye nengarava dzinofamba munyanza nezvinobatsira vanhu, uye nemvura inotumirwa naAllah kubva kudenga pano pasi, uye vomutsa nayo nyika mushure mokufa kwayo, uye zvipuka zvinofamba zvakasiyana-siyana izvo zvavakaparadziramo, uye kufamba kwemhepo nemakore akabatwa pakati pedenga nenyika, zvirokwazvo, maAayaat (Humboo, zviratidzo) kune avo vanhu vanonzwisisa.

165. Uye kubva muvanhu, mune vamwe vanotora (mukunamata) zvimwe zvinhu kunze kwaAllah saanamwari. Vanozvida sokuda kwavanoita Allah. Asi avo vanotenda, vanoda Allah (kudarika zvinhu zvose). Dai chete avo vanoita mabasa akaipa vaiona, pavaiona marwadzo, (vaiziva) kuti zvirokwazvo masimba ose ndeaAllah, uye mutongo waAllah wakaomarara.

166. (Rangarirai) apo vaiteverwa vachageza maoko (kuzviita vasina mhosva) kune avo vakavatevera, uye apo pavachaona marwadzo, nekudaro ukama hwavo huchagurwa pakati pavo.

167. Uye avo vaitevera vachati: “Dai tine kanguva (kekudzokera kuhupenyu hwepanyika), tageza maoko kubva kwavari sekugeza maoko kubva kwatiri kwavaiita (kuzviita vasina mhosva). Nokudaro Allah vachavaratidza mabasa avo sokurasikirwa kwavari. Uye havafi vakabuda mumoto.

168. Imi vanhu! Idyai izvo zvakabvumidzwa uye zvakanaka zviri munyika, uye musava munotevera tsoka dzaShaitwaan (Satani). Zvirokwazvo, muvengi wenyu ari pachena.

169. Iye Shaitwaan (Satani) anokomekedza imi zvakaipa uye Fahshaa (zvitadzo), uye kuti muve munotaura pamusoro paAllah izvo zvamusingazive.

170. Uye kana zvikanzi kwavari: “Teverai izvo zvakadzikiswa naAllah pasi.” Vanoti: “Asi! Tinotevera izvo zvatakawana madzibaba edu achitevera.” (Vachaita here izvozvo) kunyangwe madzibaba avo pasina chavakanzwisisa uyezve vaive vasina kutungamiririrwa.

171. Uye muenzaniso weavo vasingatendi wakafanana newe uyo anodaidzira (kuhwai dzakawanda) idzo dzisinganzwe chero chinhu kunze kwekudaidza kana kuchema. (Ivo) havanzwe, havataure uye havaoni. Nokudaro havanzwisisi.

172. Imi vanotenda (muhumwechete hwaAllah)! Idyai zvimwe zvezvakabvumidzwa, zvakanaka, zvatakupai imi, uye mova munotenda Allah, kana vari ivo muzvirokwazvo vamunonamata.

173. Zvirokwazvo, (Allah) vakakurambidzai chete imi Al-Maitah (mhuka dzakafa dzega), uye ropa (musiya), uye nyama yenguruve, uye zvakaurawa sezvipiro kuvamwe vanamwari (zvakaurairwa sezvipiro kuzviumbwa, kana kuti pasina zita raAllah rinodaidzwa pakuurawa kwadzo). Asi kana munhu amanikidzwa nekuomerwa pasina kutadza maune kana kudarika muganhu, hapana chivi kwaari. Zvirokwazvo, Allah ndivo vanoregerera zvikuru, vane tsitsi dzose.

174. Zvirokwazvo, avo vanoviga izvo zvakatumirwa naAllah pasi zvemuBhuku, uye vozvitengesa nemari shomanana, havana chavanodya mumatumbu avo kunze kwemoto. Allah havasi kuzotaura navo pazuva rokumutswa, kana kuvachenura, uyezve vachawana chirango chinorwadza zvikuru.

175. Ava ndeavo vakatengesa (vanochinja) gwara rakarurama vachitora kurasika, uye vachipa ruregerero vachitora marwadzo. Nokudaro kushinga rudzii kwavo kusarudza moto?!

176. Chikonzero ndechokuti Allah vakadzikisa pasi Bhuku (Qur’aan) muchokwadi. Uye zvirokwazvo, avo vanopikisa pamusoro peBhuku (Qur’aan), zvirokwazvo, vari kure-kure panyaya dzokupikisana.

177. Hakuzi Al-Birr (kunatsa kana kururama) kuti munotendeudza zviso zvenyu motarisa kumabvazuva kana kumadokero (pakunamata), asi chinonzi Al-Birr (ruvara rwe) uyo anotenda muna Allah, zuva rekupedzisira, mungirozi, mabhuku, maporofita, uye anopa hupfumi zvisinei nemadiro hwanouita, kuhama dzepedyo, kunherera, uye kune Al-Masaakeen (varombo), uye kuvafambi venzira, uye kune avo vanokumbira rubatsiro, uyezve kusunungura nhapwa, uye kuita Swalaah (munamato), uye achipa Zakaah (chipo kuvarombo), uye avo vanozadzikisa chibvumirano mushure mokuchironga, uye avo vane moyo murefu munguva yematambudziko, uye mumarwadzo uye munguva yehondo. Ava ndivo vanhu vari pachokwadi uye vari Al-Muttaqoon (vatsvene).

178. Imi vanotenda! Al-Qiswaas (mutemo wekuenzanisa mutongo) wakamanikidzirwa kwamuri maererano nemhosva yokuuraya: Akasungunuka ne akasungunuka, muranda nemuranda, uye mukadzi nemukadzi. Asi kana muurayi akaregererwa chipi zvacho chinhu namukoma (kana chero hama) yemufi maererano nemari yeropa (muripo), saka shandai naye mune zvakanaka, uye mubhadharo wemuripo weropa kune vasara ngauitwe mune zvakanaka. Uku ndiko kurerutsirwa netsitsi kubva kuna Tenzi venyu (Allah). Mushure meizvi ani-nani achapfuurira miganhu yaAllah (nokuuraya muurai mushure mokubvisa muripo wemari yeropa), achawana mutongo unorwadza zvikuru.

179. Uyezve mune kuchengetedzwa kweupenyu mu Al-Qiswaas (mumutemo wekuenzanisa mutongo), imi vanhu veuchenjeri, kuti muve Al-Muttaqoon (vatsvene).

180. Zvakamanikidzirwa kwamuri, kuti kana rufu rwasvikira ani-nani wenyu, kana asiya hupfumi kuti ave anoraira nhaka kune vabereki uye nehama dzepedyo mune zvakanaka. (Iri ndiro) basa rinomanikidzirwa Al-Muttaqoon (vatsvene).

181. Nokudaro ani-nani anochinja nhaka mushure mokuinzwa, zvirokwazvo chitadzo chacho chichave kune avo vanoichinja. Zvirokwazvo, Allah ndivo munzwi wezvose, muzivi wezvose.

182. Asi uyo anotyira murairi wenhaka kuti achabatirira vamwe (kurerekera divi) kana kuita zvakaipa, uyezve anobva aisa runyararo pakati pezvikwata izvi, hapana chitadzo kwaari. Zvirokwazvo, Allah ndivo vaneruregerero rwose, netsitsi dzose.

183. Imi vanotenda! Kutsanya kwakamanikidzirwa kwamuri sekumanikidzirwa kwakanga kwakaitwa kune vaivapo imi musati mavepo, kuti zvimwe mungatye Allah.

184. Kutsanya kwemazuva akatarwa, asi kana umwe wenyu achirwara, kana kuti ari parwendo (anofanira kutsiva mazuva aya) kubva kune mamwe mazuva. Uye kune avo vanoomerwa nekutsanya (vachembera nevanorwara) vane (sarudzo) yokutsanya kana kupa zvekudya kumurombo (zvezuva roga-roga risina kutsanywa). Asi ani-nani anozviitira chakanaka, zvakanakira iye. Uye kutsanya kwakakunakirai imi dai henyu maiziva.

185. Mwedzi weRamadhaan ndiwo mwedzi wakadzikiswa Qur'aan segwara revanhu, uye humboo huri pachena hwegwara, uye musiyaniso (wepakati pezvakanaka nezvakaipa). Nokudaro ani-nani wenyu anoona mwedzi uchigara (husiku hokutanga) wemwedzi (weRamadhaan), anofanira kutsanya mwedzi iwowo, uye ani-nani arikurwara kana ari parwendo, mazuva akafana (neayo aasina kutsanya anofanira kutsiviwa) nemamwe mazuva. Allah vanokushuvirai zviri nyore, uye havadi kuti zvinhu zvikuomerei imi. (Vanoda kuti imi) mupedzise (mazuva) akafanana, uye kuti muve munorumbidza Allah nekukuratidzai gwara zvimwe mungapa kutenda kwavari.

186. Uye kana varanda vangu vakakubvunza (Iwe Muhammad (SAW)) maererano neni, (vapindure uchiti), Zvirokwazvo ndiri pedyo (kwavari neruzivo rwangu). Ndinopindura chikumbiro chouyo anondidana kana achinge andidana (pasina mumiririri). Nokudaro ngavave vanonditeerera, nokutenda mandiri, kuti vave vanotungamirirwa munzira kwayo.

187. Zvinobvumidzwa kwamuri kusangana nevakadzi venyu (pabonde) husiku wemazuva ekutsanya. Vanova Libas yenyu (nguwo dzenyu uye munofadzwa nekugara navo) uye nemiwo kwavari. Allah vanoziva zvamunoviga mumoyo yenyu, nokudaro vanogamuchira (Allah) rupinduko rwenyu, uye vokuregererai. Nokudaro ivai munosangana navo pabonde uye motsvaga zvamakakomekedzwa naAllah (vana), uye idyai nekunwa kusvika shinda chena yemambakwedza yakuoneka kubva kushinda nhema (rima rousiku), uye mova munopedzisa Swaum (kutsanya) kusvika panotangira husiku. Uye musava munosangana navo pabonde (vakadzi venyu) kana muri paI'itikaaf (kuzvibvisa munyika wogara mumba yokunamatira uchiita munamato, nekukumbira kuna Allah). Iyi miganhu yakaiswa naAllah, nokudaro musava munoswedera padyo nayo. Aya matsananguriro anoitwa naAllah mitemo yavo kuvanhu zvimwe vangave Al-Muttaqoon (vatsvene).



الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

188. Uye musava munodya hupfumi hwevamwe venyu zvine udzvanyiriri (kuba, kupamba, kutsotsa), kana kupa chioko muhomwe kuvatongi (kuvatongi vasati vabuditsa nyaya yako) kuti muve munodya chidimbu cheupfumi hwevamwe muchitadza imi muchizviziva.

189. Vanokubvunza iwe (Muhammad (SAW)) nezve mwedzi mutsva. Iti: "Zviratidzo zvinotara chidimbu chenguva yakatarwa yevanhu uye yeHajj." Uyezve haisiyo Al-Birr (hutsvene) kuti muve munopinda mudzimba nekumashure kwadzo, asi Al-Birr (hunhu hweuyo) anotya Allah. Nokudaro pindai mudzimba nepamikova yadzo, uye ityai Allah kuti muve munobudirira.

190. Uye rwisai munzira yaAllah avo vanokurwisai, asi musave munopfuurira miganhu. Zvirokwazvo, Allah havadi avo vanopfuurira miganhu (vanotadza). (Ndima iyi ndoyokutanga kuburutswa maererano nenyaya dzekurwa, asi yakazopedziswa neimwe (pa 9: 36)).

191. Uye vaurayei pose pamunovawana, uyezve vadzingei uko kwavakudzingai, uye Al-Fitnah (Miedzo) yakanyanya kuipa kudarika kuuraya. Uye musava munorwa navo muAl-Masjid Al-Haraam (Nzvimbo tsvene iri kuMakkah), kunze kwekuti ivo vatanga kukurwisai mairi. Asi kana vakurwisai, nokudaro vaurayei. Uyu ndiwo mugove wevasingatendi.

192. Asi kana vamisa (kurwa), nokudaro zvirokwazvo Allah ndivo vane ruregerero rwakanyanya, vane tsitsi zhinji.

193. Uye varwisei kusvika pasisina Fitnah (kusatenda uye kunamata vamwe vachisanganiswa naAllah) uye [dzose mhando] dzokunamata dzova dzaAllah. Asi kana vamisa (kurwa), ngapasave nokurwa (kuvengana), kunze kwekune maDhaalimoon (vaiti vezvakaipa neavo vanonamata vanamwari vakawanda).

194. Mwedzi unoyera nemwedzi unoyera, uye kuzvinhu zvakarambidzwa kune mitemo yeQiswaas (mutemo wekuenzanisa mutongo). Nokudaro ani nani anopfuurira nokuita zvakarambidzwa kwamuri, ivai munoitawo zvakaenzana nezvakadaro kwaari zvaakuitirai. Uye mova munotya Allah, uye zivai kuti Allah vane Al-Muttaqoon (vatsvene).

195. Uyezve ipai (nekubvisa upfumi) munzira yaAllah (Jihad nemhando dzayo dzose), uye musava munozvipinza mumatambudziko nemaoko enyu (nokusazvipira mukubvisa hupfumi munzira yaAllah), uye itai zvakanaka. Zvirokwazvo, Allah vanoda Al-Muhsinoon (vaiti vezvakanaka).

196. Uye itai zvakanaka [zviito zveHajj neUmrah semaitiro aiitwa namutumwa Muhammad (SAW)) Hajj neUmrah (kushanya kuMakkah) muchizviitira Allah. Asi kana marambidzwa (kupedzisa mabasa eHajj nokudaro), urayai sechipiro (mhuka: ngamera, mombe kana hwai) yamunokwanisa. Uye masave munogera misoro yenyu kusvika mhuka yasvika panzvimbo yokupira. Uye ani nani wenyu arikurwara kana ane maronda mumusoro make (anoda kuti agere musoro wake), anofanira kubhadhara Fidyah (muripo) wekutsanya (mazuva matatu), kana kupa Sadaqah (chipo) [kupa chokudya kuvanhu vatanhatu], kana kupira nokuuraya (hwai imwe chete). Asi kana mave pakachengetedzeka uye ani nani anoita Umrah mumwedzi weHajj asati aita Hajj (Hajj-al-Tamattu' ne Al-Qiraan), anofanira kupira Hady (mhuka) iyo yaanokwanisa, asi kana asingakwanisi, anofanira kutsanya mazuva matatu munguva yeHajj nemazuva manomwe kana adzokera (kumba kwake), kuita mazuva gumi ose. Izvi ndezveuyo ane mhuri yake isiri

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

munharaunda ye Al-Masjid Al-Haraam (asiri mugari muMakkah). Uye ityai Allah zvikuru, uye zivai kuti Allah vane mutongo wakaomarara.

197. Hajj (kushanya) kuri mumwedzi inonyatsozivikanwa (mwedzi wechi 10 newechi 11 nemazuva gumi ekutanga mumwedzi wechi 12 tichishandisa karenda yeIslaam) (mwedzi miviri nemazuva gumi). Nokudaro ani nani anotanga kuita Hajj mumwedzi iyoyo (akaita Niyyah nokupfeka Ihraam), haafanire kuita bonde (nemukadzi wake), kana kuita chitadzo, kana kukakavadzana zvisina maturo munguva yeHajj. Uye chakanaka chose chamunoita, (zivai kuti) Allah vanochiziva. Uye fambai nembuva yeparwendo, asi mbuva yakanaka i Taqwa (kuzvininipisa, hutsvene). Nokudaro ityai ini, imi vane nzwisiso (njere)!

198. Hapana chitadzo kwamuri kana mukatsvaga makomborero kubva kuna Tenzi venyu (munguva yeHajj nekutengesa). Kana mabva kuArafaat, rangarirai Allah (nekuvarumbidza, nemunamato nekuvakumbira) muri panzvimbo ye Al-Mash’ar il-Haraam (Nzvimbo yeMuzdalifah apo panomirwa nevanhu kuHajj husiku wemusi wa 10 vachirumbidza Allah). Uye varangarirei (nekuvakumbira Allah zvese zvakanaka) sekukupai kwavakaita gwara, uye zvirokwazvo, mumashure maive vamwe veavo vakarasika.

199. Uyezve mobva panzvimbo dzose dzirikubva vamwe vanhu uye mokumbira ruregerero rwaAllah. Zvirokwazvo, Allah ndivo vane ruregerero rwose, uye tsitsi dzose.

200. Saka kana mapedza maManaasik (mabasa enyu eHajj), rangarirai Allah semarangario amunoita madzibaba enyu kana kudarika ipapo. Asi pakati pevanhu pane uyo anoti: “Tenzi vedu! Tipeiwo (makomborero enyu) pano pasi!” uye munhu akadaro hawani mugove mune ramangwana.

201. Uye pakati pavo kune vamwe vanoti: “Tenzi vedu! Tipeiwo zvakanaka pano pasi nezvakanaka mune ramangwana, uye mova munotidzivirira kumarwadzo emoto!”

202. Ivavo vachapihwa chidimbu chezvavakaita. Uye Allah vanokurumidza kutonga kwavo.

203. Uye rangarirai Allah pamazuva akatarwa. Asi uyo anokurumidza kuenda mumazuva maviri (musi wa 11 na 12), hapana chitadzo kwaari; uyezve uyo anononoka kuenda, hapana chitadzo kwaari, kana chinangwa chake chiri chokuita zvakanaka uye kuremekedza Allah, uye zivai kuti zvirokwazvo muchaunganidzwa kwavari.

204. Uye muvanhu mune uyo mashoko ake anokufadza iwe (Muhammad (SAW)) muhupenyu hwepanyika, uye anoda Allah kuti vave mupupuri weizvo zviri mumoyo make, asi ariiye mupikisi zvakanyanya (umwe wemhandu).

205. Asi kana abva (pauri Muhammad (SAW)), anofamba munyika achiita zvisakarurama mairi, uye achiparadza zvirimwa nezvipfuwo, uye Allah havadi zvisakarurama.

206. Uye kana zvikanzi kwaari: “Itya Allah”, anobatwa nekuzvitutumadza owedzera zvivi. Nokudaro Gehena ndiyo ichava nzvimbo yake yakamukwanira, uye zvirokwazvo ndiyo nzvimbo yakaipisisa yokuzorora!

207. Uye muvanhu kune avo vanozvitengesa vachitsvaga mufaro waAllah. Uye Allah ndivo vane ngoni dzose kuvaranda vavo.

208. Imi vatendi! Pindai muIslaam zvakazara (nekuchengetedza mitemo yose yechitendero cheIslaam), uye musava munotevera tsoka dzaShaitwaan (Satani). Zvirokwazvo, muvengi ari pachena kwamuri.

209. Nokudaro mukatsaudzira mushure mehumboo huri pachena (mutumwa Muhammad (SAW) uye neQur'aan ne Islaam) hwauya kwamuri, nokudaro zivai kuti Allah ndivo samasimba ose, vane huchenjeri hwese.

210. Saka vakamirira here chimwe chinhu here kunze kwekuti Allah vanofanira kuuya kwavari vari mumumvuri wemakore nengirozi? (Nokudaro) dai nyaya yakatotongwa kare. Uye kuna Allah ndokunodzokera nyaya dzose.

211. Bvunza vana vaIzirairi kuti zvingani zvidzidzo zviri pachena zvatakavapa. Uye ani nani anosandura makomborero aAllah mushure mokuuya kwaari (kuramba chitendero cheIslaam), nokudaro zvirokwazvo, mutongo waAllah wakaomarara.

212. Hwakanatswa hupenyu hwepano pasi kune avo vasingatendi, uye vanotsvinyira avo vanotenda. Asi avo vanoremekedza mitemo yaAllah uye vachigara kure neizvo zvavakarambidza, vachange vari pamusoro pavo muzuva rokumutswa. Uye Allah vanopa [makomborero neruremekedzo rwezuva rokumutswa] kuna ani nani wavanoda, makomborero asingaverengeki.

213. Vanhu vose vakange vari boka rimwechete uye Allah vakatumira maporofita nemashoko akanaka nechenjedzo, uye kuburikidza mavari vakatumira pano pasi Magwaro echokwadi kuti ave anotonga pakati pevanhu muzvinhu zvavanosiyana. Uye hapana vakasiyana kunze kweavo vakaripihwa (Gwaro) mushure mehumboo huri pachena hwauya kwavari zvichikonzerwa noruvengo pakati pavo. Nokudaro Allah vakatungamira avo vanotenda muchokwadi chevaipesana. Uye Allah nekuda kwavo vanotungamira ani nani wavanoda munzira yakatwasuka.

214. Kana kuti munofunga here kuti muchapinda Paradhiso pasina miedzo yauya kwamuri, seiyo yakauya kune avo vakaenda musati mavepo? Vakava vanowirwa nenzara yakaomarara uye marwadzo uye vakava vanozunzwa zvokuti mutumwa uye neavo vaitenda pamwechete naye vakati: "Ndirinhi (pachauya) rubetsero rwaAllah?" Ndizvo! Zvirokwazvo, rubetsero rwaAllah rwuri pedyo!

215. Vanokubvunza iwe (Muhammad (SAW)) kuti ndezvipi zvavanofanira kupa sechipo. Iti: Zvose zvakanaka zvamunopa zvinofanira kupihwa vabereki, hama dzepedyo uye nherera uye Al-Masaakeen (vanoshaya), uye mufambi wenzira, uye chose chamunoita chakanaka, zvirokwazvo, Allah vanonyatsochiziva.

216. Kurwa munzira yaAllah kwakakomekedzwa kwamuri (maMuslim) kunyangwe musingakudi; uye munokwanisa kuve musingadi chinhu, icho chakakunakirai; kana kuti munoda chinhu, icho chakakuipirai. Uye Allah vanoziva, asi imi hamuzivi.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

217. Vanokubvunza maererano nekurwa mumwedzi inoyera ($1^{st}$, $7^{th}$, $11^{th}$ uye $12^{th}$ yepa karenda yeIslaam). Iti: "Kurwa mairi (kutadza) kukuru, asi (chitadzo) chikuru kuna Allah ndechokutadzisa vanhu kutevera nzira yaAllah, kusatenda mavari (Allah), kudzivirira kuenda ku Al-Masjid Al-Haraam (kuMakkah), uye kuburitsa vagari vemo. Uyezve Fitnah (miedzo) yakanyanya kuipa kukunda kuuraya. Uye havafi vakamira kurwa nemi kusvika vakubvisai pachitendero chenyu (Islaam) kana vachikwanisa. Uye ani nani wenyu achabva pachitendero chake obva afa ari mukusatenda, nokudaro ava mabasa avo achashaya basa pano panyika nemuhupenyu hwamangwana. Uye ava vachave vari vanhu vekumoto. Vachagara ikoko zvachose."

218. Zvirokwazvo, avo vakatenda, uye avo vakatama (nechinangwa chechitendero chaAllah), uye vakashanda nesimba munzira yaAllah, ava vane shuviro yetsitsi dzaAllah. Uye Allah ndivo vanoregerera zvikuru, vane tsitsi dzose.

219. Vachakubvunza (Muhammad (SAW)) maererano nezvinwiwa zvinodhaka nemakasi. Iti: "Mazviri mune chitadzo chihombe, uye (zvimwe) zvakanakira vanhu, asi chitadzo chazvo chihombe kudarika kunaka kwazvo." Uye vanokubvunza nezvavanofanira kupa. Iti: "Izvo zviri pamusoro pezvakakukwanirai." Saizvozvo Allah vanobuditsa pachena micherechedzo yavo kuti zvimwe mungava munofunga.

220. Maererano nehupenyu wepano pasi nemuhupenyu hwemangwana. Uye varikukubvunza maererano nenherera. Iti: "Kuvaitira zvakanaka, kwakanaka; asi kana mukagarisana nadzo (muchishandisa hupfumi hwenyu nehwadzo pamwechete), nekudaro madzikoma enyu. Uye Allah vanoziva uyo ari kudziitira zvisakarurama (kudya hupfumi hwadzo) kubva kune uyo ari kudziitira zvakanaka (kuchengetedza hupfumi hwadzo). Uye dai Allah vaida, zvirokwazvo vaikuisai mumatambudziko. Uye zvirokwazvo, Allah ndivo mukuru wezvose, vane huchenjeri hwese."

221. Uyezve musava munoroora Al-Mushrikaat (vakadzi vanonamata zvidhori nezvimwe zvinhu) kusvika vatenda (muna Allah vega). Uye zvirokwazvo, murandakadzi anotenda ari nani pane muMushrikah (mukadzi anonamata zvimwe zvinhu) akasununguka kunyangwe achikufadzai. Uye musava munopa (vanhukadzi venyu) muroora kuma Mushrikoon (varume vanonamata zvidhori nezvimwe zvinhu) kusvika vatenda (kuna Allah vega). Uye zvirokwazvo, muranda-rume anotenda ari nani pane muMushrik (munamati wezvidhori nezvimwe zvinhu) akasununguka, kunyangwe achikufadzai. Avo ma (Al-Mushrikoon) vanokwezvera kumoto, asi Allah vanokwezvera kuParadhiso uye ruregerero nekuda kwavo, uye vanoita kuti zvidzidziso zvavo zvive pachena kuvanhu zvimwe vangangorangarira.

222. Vanokubvunza maererano nekutevera (Haidh). Vaudze kuti chinhu chinokuvadza (kuti murume asangane nemudzimai ari kumwedzi pabonde). Naizvozvo ivai munozvidzivirira kusangana nemadzimai enyu pabonde munguva dzavo dzekutevera kudzamara vachena (vapedza mazuva ekutevera uye vashambidzika). Kana vachinge vazvishambidza, ivai munosangana navo pabonde sezvamakakomekedzwa naAllah (ivai munoita navo bonde neipi nzira zvayo kunyange pari pasika rudzi). Zvirokwazvo, Allah vanoda avo vanhu vanovakumbira ruregerero uye vanoda avo vanhu vanozvishambidza.

223. Madzimai enyu iminda yenyu, naizvozvo pindai muminda yenyu, nenguva uye nenzira yamunoda, uyezve mova munozvitumidzira mabasa akanaka (kuna Allah). Uye ityai Allah, uye moziva kuti muchasangana naAllah (muhupenyu hunotevera), uye ipa vimbiso yakanaka kuvatendi vese (iwe Muhammad (SAW)).

224. Uye musava munotora zita raAllah seboterero pamhiko dzenyu mukusaita kwenyu mabasa akanaka nekusatya Allah, uye nekuunza runyararo pakati pevanhu. Uye Allah vanonzwa zvese, vanoziva zvikuru.

225. Allah havakutongei pane izvo zviri mumhiko dzenyu dzamunoita musingadi, asi vachakutongai pane izvo moyo yenyu inoita ichida. Uye Allah vanoregerera zvikuru, vane tsitsi zhinji.

226. Kune avo vanotora mhiko yekusaita bonde nemadzimai avo, vanofanirwa kumira kwemwedzi mina (4), asi kana vazosandura pfungwa (pakati pemwedzi mina iyi), zvirokwazvo, Allah vazere neruregerero, uye vane tsitsi zhinji.

227. Uye kana vasarudza zvechokwadi kuramba (madzimai avo), zvirokwazvo, Allah vanonzwa zvese, vanoziva zvakanyanya.

228. Uye kune avo vakadzi vanenge varambwa vanofanirwa kumira pachezvavo kusvikira vatevera katatu, uye hazvitenderwi kwavari kuti vave vanoviga izvo zvavakasikirwa naAllah muzvibereko zvavo, kana vachitenda muna Allah uye muzuva rekupedzisira. Uye varume vavo vane kodzero yekuvatora zvekare panguva iyoyo kana vashuvira kugarisana zvakare. Uye madzimai ane kodzero (yekuchengetedzwa nevarume vavo) dzakafanana nedzevarume vavo kwavari (madzimai, kuteerera varume vavo nekuvaremekedza) mune zvakanaka, asi varume vane chidanho pamusoro pavo (madzimai chekuvachengetedza). Uye Allah ndivo vane simba rose, vane hungwaru hwese.

229. Kugura muchato (Talaaq) kaviri, uye mushure maizvozvo unokwanisa kumutorazve (mudzimai) mune zvakanaka kana kumusiya mune zvakanaka. Uye hazvitenderwi kwamuri (varume) kuti mutore zvimwe zvezvinhu zvamakavapa (seMahr: Chipo chinobviswa nemurume achipa mudzimai wake pavanoroorana) kunze kwekuti vose (mukadzi nemurume) vachitya kuti havazokwanisi kutevedzera miganhu yaAllah. Uye kana muchitya kuti havazokwanisi kuchengetedza miganhu yaAllah, naizvozvo hapana chitadzo kwavari nezvaanodzorera (mudzimai, ingave Mahr yese kana chidimbu kuti vagure muchato (Khul')). Iyi ndiyo miganhu yaAllah, naizvozvo musaipfurikidze. Uye uyo munhu achapfurikidza miganhu yaAllah, zvirokwazvo, vanhu vakadaro ndivo vatadzi.

230. Uye kana akamuramba kechitatu, naizvozvo haachabvumidzwi kwaari mushure mezvo (mudzimai) kudzamara awanikwa neumwe murume. Kana akarambwa nemurume wechipiri, hapana chitadzo kwavari kuti vadzokerane zvakare kana vachifunga kuti vachakwanisa kutevedzera miganhu yaAllah. Iyi ndiyo miganhu yaAllah yavarikutsanangura kuvanhu avo vane ruzivo.

231. Uye kana maramba madzimai uye vave pedyo kuzadzikisa nguva yavo (kutevera katatu), vatorei mune zvakanaka kana vasiyei mune zvakanaka. Asi musave munovatora kuti muve

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

munovatambudza, muchipfurikidza murairo; uye wese anodaro, zvirokwazvo anenge azvitadzira pachake. Uye musava munotora mitemo yaAllah sedambe, asi rangarirai makomborero aAllah kwamuri, uye neGwaro nehungwaru (Sunnah) zvavakakutumidzirai vachikuyambirai nazvo. Uye ityai Allah, uye moziva kuti Allah vanoziva zvinhu zvose zvakanyanya.

232. Uye kana muchinge magura muchato nemadzimai uye vazadzikisa nguva yavo yakatarwa, musava munovadzivirira mukuwanikwa nevarume vavo (vokutanga), kana vatenderana vari mukunzwisisana. Iyi ikurudziro kune uyo pakati penyu anotenda muna Allah uye nezuva rekupedzisira. Izvi zvakanaka pamwe nekuchena kwamuri. Uye Allah vanoziva uye imi hamuzivi.

233. Uye madzimai vachayamwisa vana vavo kwemakore maviri, kune avo vanonzwa kuda kuzadzisa nguva yekuyamwisa, asi baba vemwana vachabuditsa muripo wechikafu chavo uye mbatya mune zvakanaka. Hakuna munhu achapihwa mutoro waasingakwanisi kutakura. Hapana mudzimai achabatwa zvisina kufanira pamusoro pemwana wake, kana baba pamusoro pemwana wavo. Uye kune mugari wenhaka yababa anofanira kuita zvakafanana naizvozvo (kuchengeta mwana). Kana vachida kurumura mushure mekuwirirana nekutaurirana kwavo, hapana chitadzo pavari. Uye kana muchida vekuyamwisa vana venyu (vasiri vanaamai vavo), hapana chitadzo kwamuri, kana mukavapa mubhadharo wamunovapa mune zvakanaka. Uye ityai Allah, uye zivai kuti Allah vanoona izvo zvamunoita.

234. Uye avo vanofa pakati penyu vachisiya vakadzi, (vakadzi) vanomirira pachezvavo kwemwedzi mina nemazuva gumi. Kana vachinge vazadzikisa nguva yavo (mwedzi mina nemazuva gumi), hapana chitadzo pamuri kune zvavanozviitira pachavo mune zvakanaka (Vanokwanisa kuroorwa). Uye Allah vanoziva izvo zvamunoita.

235. Uye hapana chitadzo pamuri nezvamunoratidza muchipfimba madzimai (vafirwa nevarume) neizvo zvamunoviga mamuri. Allah vanoziva kuti muchavarangarira, asi musavimbisane navo muchihwande (muchipfimbana) kunze kwekutaura shoko rakanaka. Uye musaite hurongwa hwekuvaroora kudzamara nguva yakwana. Uye zivai kuti Allah vanoziva izvo zvirimupfungwa dzenyu, saka vachenjerei. Uye zivai kuti Allah vazere neruregerero, vane tsitsi zhinji.

236. Hapana chitadzo kwamuri kana mukaramba madzimai musati mavabata (kusangana pabonde), kana kutara Mahr yavo (Chipo chinobviswa nemurume achipa mudzimai wake pavanoroorana). Asi vapei (chipo chakafanira), mupfumi zvichienderana nezvaari uye murombo zvichienderana nezvaari, chipo chakanaka chinopuhwa nevanoita mabasa akanaka.

237. Uye kana mukavaramba musati masangana navo (pabonde) mushure mekutara Mahr, chivai munovapa chidimbu chepakati chayo (Mahr) chamakatara, kunze kwekuti kana (vakadzi) varegerera (Mahr), kana kuti (murume) uyo akabata muchato aregerera (uye omupa Mahr yese). Uye kuregerera kuri pedyo nekutya Allah. Uyezve musava munokanganwa mutsa pakati penyu. Zvirokwazvo, Allah vanoona izvo zvamunoita.

238. Chengetedzai zvakanyanya As-Swalawaat (minamato mishanu yepazuva) kunyanya munamato wepakati (wakakosha, Swalaah yeAsr). Uyezve ivai munomira pamberi paAllah makazvininipisa nemoyo wese.

239. Uye kana muchitya (muvengi), itai Swalaah (munamato) muchifamba kana makatasva (ringava bhiza kana ngamera). Uye kana muri pakachengetedzeka, rangarirai Allah sekukudzidzisai kwavakakuitai izvo zvamaisaziva.

240. Uye avo vanofa pakati penyu uye vosiya vakadzi, vanofanira kusiya muWiri raramiso yevakadzi vavo kwegore uye pekugara vasina kubuditswa, asi kana (vakadzi) vakabuda vega, hapana chitadzo pamuri pane izvo zvakanaka zvavanoita pachezvavo, asi zviri zvakanaka (sekunoroorwa zviri pamutemo). Uye Allah mukuru wezvose, vane hungwaru hwese.

241. Uye vakadzi vanenge varambwa, vanofanirwa kuwana raramiso yakanaka (nguva yeIddah). Iri ibasa kune avo vanotya Allah nekuita zvakanaka.

242. Naizvozvo Allah vanobuditsa pachena mirairo yavo kwamuri, kuti muve mununzwisisa.

243. Hauna kuona here (Muhammad (SAW)) avo vakabva mudzimba dzavo vari zviuru vachitya rufu? Allah vakati kwavari: “Ifai.” Uye mushure mezvo ndokuvamutsa. Zvirokwazvo, Allah vakazara nemakomborero kuvanhu, asi vanhu vazhinji havatendi.

244. Uye irwai munzira yaAllah uye zivai kuti Allah vanonzwa zvikuru, vanoziva zvese.

245. Ndiani uyo achakweretesa Allah chikwereti chakanaka kuti (Allah) vozochiwedzerera iye kakawanda (uye chozodzorerwa kwaari chawanda)? Uye ndiAllah vanoderedza kana kuwedzera (chikafu chenyu), uyezve kwavari muchava munodzoserwa.

246. Hauna kuona here chikwata chevana vaIzirairi mushure maMusa? Apo vakati kune muporofita wavo: “Titsvagirewo mambo uye ticharwa munzira yaAllah.” Akati: “Ko kana kurwa kwakomekedzwa kwamuri, hamuzoregedzi here kurwa?” Vakati: “Tinoregereiko kurwa munzira yaAllah isu tadzingwa mudzimba dzedu pamwe nevana vedu?” Asi apo kurwa pakwakakomekedzwa kwavari, vakave vanofuratira (vakaramba kurwa) kusara kwevashoma vavo. Uye Allah vanoziva zvikuru vatadzi vese.

247. Uye muporofita wavo (Sameri) akati kwavari: “Zvirokwazvo, Allah vagadzika (Sauro) samambo wenyu.” Vakati: “Sei azova mambo kwatiri isu takakodzera humambo kumudarika, uyezve haana kupihwa hupfumi hwakakwana?” Akati: “Zvirokwazvo, Allah vamusarudza kudarika imi uye vakamuwedzera ruzivo rwuzhinji uyezve nekugwinya. Uye Allah vanopa humambo hwavo kune uyo wavada. Uye Allah vanopa zvinogutsa kuzvisikwa zvavo, muzivi wezvose.”

248. Uye muporofita wavo (Sameri) akati kwavari: “Zvirokwazvo, chiratidzo chehumambo hwake ndechokuti pachauya kwamuri At-Taboot (bhokisi remapuranga), umo mune Sakeenah (runyararo) kubva kuna Tenzi venyu uyezve nemhedzeredzwa yakasiiwa nemhuri yaMusa uye nemhuri yaHaaroon (Aroni) dzakatakurwa nengirozi. Zvirokwazvo, mune izvi mune chiratidzo kwamuri kana muri vatendi.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

249. Apo Taaloot (Sauro) paakaenda nemauto, akati: "Zvirokwazvo, Allah vachakuedzai nerwizi. Saka uyo achanwa mariri, haasi wangu; uye uyo asingariraviri, ndiye wangu, kusara kweuyo anochera neruoko rwake." Asi vakanwa mariri vese, kusara kwevashoma vavo. Asi paakariyambuka (rwizi), iye nevamwe vake vatendi, vakati: "Hatina simba zuva ranhasi kubva kunaJaaloot (Goriyati) nemauto ake." Asi avo vaiziva chokwadi kuti vachave vanosangana naAllah vakati: "Kangani boka revashoma richikurira boka revazhinji nekuda kwaAllah?" Uye Allah vane avo vanotsungirira.

250. Uye pavakaenda kunosangana naJaaloot (Goriyati) nemauto ake, vakati: "Tenzi vedu! Dzikisai matiri kutsungirira, uyezve simbisai tsoka dzedu, uye mova munotiita tinokunda vanhu vasingatendi."

251. Naizvozvo vakave vanovakunda nekuda kwaAllah, uye Dawood (Dhavhidha) akauraya Jaaloot (Goriyati), uye Allah vakamupa humambo (mushure mekufa kwaTaaloot (Sauro)) nehungwaru (huporofita), uye vakamudzidzisa zvavaida. Uye dai Allah vasina kuisa boka revanhu pamusoro perimwe, zvirokwazvo, nyika ingadai yakazara nezvisakarurama. Asi Allah vazere nemakomborero kuzvinhu zvese zvinorarama.

252. Idzi ndidzo ndima dzaAllah, tirikudziverengera iwe (Muhammad (SAW)) muchokwadi, uye zvechokwadi, uri umwe wevatumwa (vaAllah).

253. Vatumwa avo! Takasimudzira vamwe vavo kudarika vamwe; vamwe vavo Allah vakataura navo; uye vamwe vakavasimudzira pazvigaro (zverukudzo); uye Isa (Jesu) mwanakomana waMariya, takamupa zviratidzo nehumboo, uye tikamutsigira neRooh-ul-Qudus (Mweya Mutsvene, Gabriel). Dai Allah vakada, madzinza eshure vasina kurwisana pachavo, mushure mekunge ndima dzaAllah dziri pachena dzauya kwavari, asi vakave vanosiyana, vamwe vavo vakatenda uye vamwe vavo havana kutenda. Dai Allah vakada, vangadai vasina kurwisana pachavo, asi Allah vanoita izvo zvavanoda.

254. Imi vanotenda! Shandisai izvo zvatakakupai, zuva risati rasvika apo panenge pasina kutengeserana, kana hushamwari, kana kumirirana. Uye avo vasingatendi ndivo vatadzi.

255. Allah! Laa ilaaha illaa Huwa (Hapana ane kodzero yekunamatwa kunze kwavo), Al-Hayyul Qayyoom (Vane raramo isingagumi uye muchengetedzi wezvese), Kutsumwaira kana kurara hazvimbovabate. Ivo ndivo muridzi wezvese zviri mumatenga uye nezvese zviri pasi. Ndiani uyo anga miririre kuna ivo kunze nekuda kwavo? Vanoziva zviri kuitika kwavari (zvisikwa zvavo) pano pasi, uye zvichaitika kwavari mune ramangwana. Uye havakwanisi kuziva (kuunganidza) chipi zvacho kubva muruzivo rwavo kunze kweizvo zvavada. Chigaro chavo chakakura kudarika matenga uye nepasi rose, uye kuzvichengetedza hazvivaremeri. Uye ndivo vepamusoro-soro, vahombe zvikuru. (Ndima iyi ndiyo inonzi Aayatul-Kursi).

256. Hakuna kumanikidza muchitendero. Zvirokwazvo, nzira yechokwadi yave inobuda pachena kubva kune nzira yemanyepo. Wese asingatendi muTaaghoot (mifananidzo) uye anotenda muna Allah, anenge abatirira mubato unovimbika wakasimba usingadambuki zvachose. Uye Allah vanonzwa zvikuru, vanoziva zvakanyanya.

257. Allah ndivo muchengeti weavo vanotenda. Vanovabuditsa murima vachivapinza muchiedza. Asi kune avo vasingatendi, vachengeti vavo ndivana mwari vemanyepo, vanovabuditsa muchiedza vachivapinza murima (mhando dzakasiyana-siyana dzekusatenda). Avo ndivo vagari vekumoto, umo vachave vanogara nokusingaperi.

258. Hauna kuona here uyo akakakakavadzana naAbrahamu nezvaTenzi vake, nekuda kwekuti Allah vakanga vamupa humambo? Apo Abrahamu akati: "Tenzi vangu (Allah) ndivo vanopa hupenyu uye vanokonzera rufu." Akati (Mambo): "Ndinopa hupenyu uyezve ndinokonzera rufu." Abrahamu akati: "Zvirokwazvo, Allah vanounza zuva kubva kumabvazuva, iwe chiriunza nekumadokero." Nokudaro uyo asingatendi akava nokukurirwa. Uye Allah havatungamiriri avo vanhu vanoita mabasa akaipa.

259. Kana semufananidzo weuyo munhu akadarika nepaguta rakanga rakaparara matenga aro adonhera mukati akati: "Aaa! Allah vacharidzorera sei hupenyu mushure mekunge raparara?" Nokudaro Allah vakaita kuti afe kwemakore zana, uye mushure maizvozvo vakave vanomumutsa. Vakati (Allah): "Wagara nguva yakareba zvakadii (wakafa)?" Akati: "Ndagara zuva rimwechete kana chidimbu chezuva." Vakati (Allah): "Kwete! Wagara kwemakore zana (wakafa), uye tarisa chikafu chako nezvinwiwa zvako, hazvina kusanduka; uye tarisa mbongoro yako! Naizvozvo tava tinokuita chiratidzo kuvanhu. Uye tarisa mapfupa, kuti tinomabatanidza sei mushure mazvo tomapfekedza nyama." Mushure mekunge izvi zvaratidzwa pachena kwaari, akati: "Ndinoziva (iyezvino) kuti zvirokwazvo Allah vane masimba pamusoro pezvese."

260. Uye (rangarira) apo Abrahamu akati: "Tenzi vangu! Ndiratidzei kuti munopa sei hupenyu kune avo vakafa." Vakati (Allah): "Asi hautendi?" Akati (Abrahamu): "Hongu, ndinotenda, asi kuti moyo wangu uve unogutsikana mukutenda." Vakati (Allah): "Tora shiri ina wodziita kuti dzikujairire (wova unodzicheka zvibande zvibande), uye wova unotsveta chibande chadzo pagomo rimwe nerimwe, uye wova unodzidaidza, dzichauya kwauri nokukasika. Uye ziva kuti zvirokwazvo Allah ndivo mukuru-mukuru, vane hungwaru hwakanyanya."

261. Muenzaniso weavo vanoshandisa hupfumi hwavo munzira yaAllah, wakafanana nemuenzaniso wetsanga (yechibage); inobereka miguri minomwe, uye pamuguri wega wega pane tsanga zana. Uye Allah vanowedzera kune uyo wavanoda. Uye Allah vanogutsa zvisikwa zvavo, vanoziva zvose.

262. Avo vanoshandisa hupfumi hwavo munzira yaAllah, uye vasingateveri zvavanenge vapa nekurangaridza mune zvakanaka zvavo kana negumo, mubairo wavo una Tenzi vavo. Uye kwavari hakuna kutya kana kusuruvara.

263. Mashoko akanaka uye kuregerera zviri nani pane Swadaqah (Chipo) inoteverwa negumo. Uye Allah mupfumi (havana chavanoda) uye vanotsungirira.

264. Imi vatendi! Musave munoparadza makomborero emaSwadaqaat (zvipo) zvenyu nerangaridzo yezvakanaka zvenyu kana negumo, seuyo anoshandisa hupfumi hwake kuti aonekwe nevanhu, uye haatendi muna Allah kana muzuva rekupedzisira. Mufananidzo wake wakafanana nedombo rinotsvedza rine huruva (shoma), nekudaro ronaiwa nemvura zhinji yorisiya riri gwenga.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

Havakwanisi kuita chimwe chinhu neizvo zvavanenge vawana. Uye Allah havatungamiriri vanhu vasingatendi.

265. Uye mufananidzo weavo vanoshandisa hupfumi hwavo vachitsvaga mufaro waAllah nekuzvitsigira pachavo uye vachiziva kuti Allah vachavapa mubairo, mufananidzo wemunda uri panzvimbo yakakwirira ine ivhu rakakora, wonaiwa nemvura yakawanda, nokudaro wopa goho rakapetwa kaviri. Uyezve kana usina kuwana mvura zhinji, mvura shoma unoukwanira. Uye Allah vanoona zvese zvamunoita.

266. Pane umwe wenyu here anoshuvira kuva nebindu rine miti yemadheti nemagirepi, rine nzizi dzinoerera pasi paro, uye nemichero yose yake yakasiyana-siyana imomo, nekudaro ova anochembera ane vana vasingakwanisi kuzviririritira, nokudaro chamupupuri chine moto chopinda mariri robva ratsva? Saizvozvo Allah vanokutsanangurirai zviratidzo zvavo kuti zvimwe mungave munofunga.

267. Imi vatendi! Ipai zvimwe zveizvo zvakanaka zvamunowana neizvo zvatinokubuditsirai kubva muvhu, uye musave munovavarira pane izvo zvakaipa zvazvo muchipa, asi musingakwanisi kutora asi kunze kwekuti makatsinzina. Uye zivai kuti Allah vakapfuma (hapana chavanoda), vane kodzero yekurumbidzwa.

268. Satani anokutyisidzirai nehurombo uye anokutumai kuita mabasa akaipa (cheupombwe nezvimwe zvitadzo); asi Allah vanokuvimbisai ruregerero kubva kwavari uye nemakomborero, uye Allah vanokwanisa kuchengetedza zvisikwa zvavo zvose, uye vanoziva zvakanyanya.

269. Vanopa hungwaru kune uyo wavanoda, uye uyo anenge apihwa hungwaru, zvirokwazvo anenge apihwa makomborero mazhinji. Asi hapana anorangarira kunze kweavo vanonzwisisa.

270. Uye zvese zvamunenge mapa sezvipo kana mhiko dzese dzamunoita, zvirokwazvo, Allah vanozviziva zvese. Uye kune vanoita zvakaipa hakuna vabatsiri.

271. Kana mukave munobuditsa zvipo zvenyu zviri pachena, zvakanaka; asi kana mukazvivanza mopa kune varombo, zvinhu zvirinani kwamuri. (Allah) vanokuregererai zvimwe zvezvitadzo zvenyu. Uye Allah vanoziva zvikuru izvo zvamunoita.

272. Kutungamirwa kwavo hakubvi kwauri (Muhammad (SAW)), asi Allah vanotungamira uyo wavanoda. Uye chipi zvacho chamunoita chakanaka ndechenyu, uye hamupi kunze kwekuti muchitsvaga mufaro hwaAllah (kuonana navo). Uye chipi zvacho chamunopa chakanaka, muchapuhwa muripo zvizere musina kudzvanyirirwa.

273. (Zvipo) kuvarombo, avo vasingakwanisi kufamba munzira yaAllah, uye vasingakwanisi kufamba nenyika (vachishava nekushanda). Uyo munhu asingavazive, anofungidzira kuti vapfumi nekuda kwekuzvibata. Unokwanisa kuvaziva nezviratidzo zvavo, havakumbiri vanhu zvachose. Uye chipi zvacho chamunoita mune zvakanaka, zvirokwazvo, Allah vanochiziva zvikuru.

274. Avo vanoshandisa hupfumi hwavo (munzira yaAllah) usiku nesikati, muchivande nepachena, vachawana mubairo wavo unaTenzi vavo. Vanenge vasina kutya kana kusuruvara.

275. Avo vanodya Riba (chimbadzo) havazombomira (zuva rekumutswa) kunze kwekumira sokunge uyo Satani anoita kuti afambe zvisina kutwasuka nekupenga; nechikonzero chekuti vanoti: “Zvirokwazvo kutengeserana kwakafanana nechimbadzo,” asi Allah vakatendera kutengeserana uye vakarambidza chimbadzo. Saka uyo anowana mashoko eyambiro kubva kuna Tenzi vake uye wobva arega kudya chimbadzo, zvakaitika kumashure ndezvake (haatongwi nekuda kwezvinhu zvekumashure); nyaya yake iri mumaoko aAllah; asi uyo anodzokera (kuchimbadzo), vakadaro ndivo vagari vekumoto, umo vachagara nekusingaperi.

276. Allah vachaparadza Chimbadzo uye vachawedzera hupfumi nezvipo. Uye Allah havadi vasingatendi, vatadzi.

277. Zvirokwazvo, avo vanotenda, uye voita mabasa akanaka, uye vonamata (kashanu pazuva), uye vopa Zakaah (Zvipo kuvarombo), vachawana mubairo wavo kuna Tenzi vavo. Uye vachange vasina kutya, kana kusuruwara.

278. Imi vanotenda! Ivai munotya Allah uye muve munosiya zvinenge zvasara kubva muchimbadzo (kubva iyezvino zvichienda mberi), kana muri vatendi (vechokwadi).

279. Uye mukasava munozviita, chitorai mucherechedzo wehondo kubva kuna Allah nemutumwa wavo (Muhammad (SAW)), asi mukakumbira ruregerero, muchava munotora mari yenyu yamunenge makweretesa musingadzvanyiriri (nekutora mari inopfuura yamakakweretesa), kana kudzvanyirirwa (nekuwana mari iri pasi peiyo yamakakweretesa).

280. Uye kana mukwereti ari panguva yakaoma (asina mari), mupei mukana kusvika zvava nyore kwaari kuti aripe, asi kana mukaregerera senzira yechipo, zvakanakira imimi kana muchiziva.

281. Uye ivai munotya iro zuva ramuchadzoserwa kuna Allah. Munhu wese acharipwa zvichienderana nezvaakaiita, uye havazombodzvinyiririrwi.

282. Imi vanotenda! Kana muchinge mabvumirana chikwereti kusvika nguva yakatarwa, ivai munochinyora pasi. Regai munyori anyore pasi zvine ruenzaniso pakati penyu. Munyori ngaasarambe kunyora sezvaakadzidziswa naAllah, nekudaro regai anyore. Uye uyo anechikwereti anofanirwa kutaura zvekunyora, uye anofanirwa kutya Allah, Tenzi vake, uye haafanirwi kusiya chipi zvacho (maererano nacho). Asi kana mukwereti anekunzwisisa kushoma, kana asingakwanisi kuzvirirititira, kana asingakwanisi kutaura zvekunyora pachake, nekudaro muchengeti wake anofanirwa kutaura zvekunyora zvine ruenzaniso. Uye torai zvapupu zviviri kubva kuvarume pakati penyu. Uye kana pasina varume vaviri, tsvagai murume nevakadzi vaviri, avo vamunogutsikana navo sevapupuri, kuitira umwe wevakadzi akakanganisa, umwe wavo anomuyeuchidza. Uye vapupuri havafanirwi kuramba kana vachinge vadaidzwa (kunopa humboo). Uye musave nenungo pakuchinyora (chibvumirano chenyu), kunyangwe chiri chidiki kana chihombe nenguva yacho yakatarwa. Izvi zvinhu zvakaenzana kuna Allah, uye zvakanyanya kusimba sehumboo, uye zvinonyanya kudzivirira kugunun’una pakati penyu, kunze kwekuti kuri kutengeserana kwepanguva iyoyo kwamunoita panzvimbo pakati penyu, nokudaro hapana chitadzo pamuri kana mukasanyora pasi. Asi torai vapupuri pose pamunoita chibvumirano chekutengeserana. Uyo munyori kana mupupuri asave anoitirwa gumo (anokanganiswa), asi kana

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

mukaita izvi (kumukanganisa), zvirokwazvo chinova chitadzo chikuru mamuri. Saka ityai Allah; uye Allah vanokudzidzisai. Uye Allah vanoziva zvese.

283. Uye kana muri parwendo uye musingakwanisi kuwana munyori, ngapave panotorwa batiso; kana umwe wenyu achivimba neumwe wake, uye akavimbwa naye ngaape chivimbiso chake, uye ngaatye Allah, Tenzi vake. Uye musavanze humboo, uye uyo anouvanza, zvirokwazvo moyo wake unenge uchitadza. Uye Allah vanoziva zvikuru zvamunoita.

284. Allah ndivo muridzi wezvose zviri mumatenga uye nezvose zviri pasi, uye kunyangwe mukava munozviratidza zviri mamuri kana kuzvivanza, Allah vachave vanokubvunzai pamusoro pazvo. Uye vanoregerera wavada uye vanopa mutongo wavada. Uye Allah vanokwanisa kuita zvese.

285. Mutumwa (Muhammad (SAW)) anotenda kune izvo zvakadzikiswa kwaari kubva kuna Tenzi vake, uye nevatendi. Mumwe neumwe wavo anotenda munaAllah, ngirozi dzavo, magwaro avo, uye nevatumwa vavo. (Vanoti): "Hatisarudzi pakati peumwe neumwe wevatumwa vavo," uyezve vanoti: "Tinonzwa uye tinotevedzera. (Tinokumbira) ruregerero rwenyu, Tenzi vedu, uye kwamuri ndiko kune kudzokera (kwedu tese)."

286. Allah havaremedzi munhu pane izvo zvaasingakwanisi kuita. Anowana mubairo pane zvakanaka zvaakaita, uye anotongwa pane zvakaipa zvaakaita. "Tenzi vedu! Musava munotitonga kana takanganwa uye kana kukanganisa. Tenzi wedu! Musava munotitakudza mutoro semutoro wamakatakudza avo vaivepo tisati tavapo (maJudha nemaKristu). Tenzi wedu! Musava munotitakudza mutoro watisingakwanisi kutakura. Tiregererei uye motipawo ruregerero. Ivai munotiitirawo nyasha. Ndimi muchengeti wedu, uye mova munotipawo kundiso pamusoro peavo vanhu vasingatendi."

# CHITSAUKO AAL-IMRAAN

# MHURI YAIMRAAN 3

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Alif – Laam – Meem.** (Mavara aya ndemamwe ezvishamiso zvemuQur'aan, uye hapana anoziva zvaanoreva kunze kwaAllah).

2. Allah! Laa ilaaha illaa Huwa (Hakuna ane kodzero yokunamatwa kunze kwavo), vanorarama nekusingaperi, muchengetedzi wezvese.

3. Ndivo (Allah) vakadzikisa Gwaro (Qur'aan) kwauri (Muhammad (SAW)) muchokwadi, richitsigira izvo zvakange zviripo mushure maro. Uye vakatumira Torah neInjeel (Vhangeri).

4. Kare, kare, segwara rekutevedzera kuvanhu. Uye vadzikisa Al-Furqaan (Qur'aan senzira yekupatsanura zvakanaka nezvakaipa). Zvirokwazvo, avo vasingatendi muzviratidzo zvaAllah, vachange vane marwadzo akaoma; uye Allah vane simba, vanopa mutongo (vanotsiva).

5. Zvirokwazvo, hapana chakavandika kubva kuna Allah, pasi nekudenga.

6. Ndivo vanokuumbai muzvibereko sekuda kwavo. Laa ilaaha illaa Huwa (Hakuna anekodzero yokunamatwa kunze kwavo (Allah)), samasimba, vane huchenjeri hwese.

7. Ndivo vatumira Gwaro kwauri (Muhammad (SAW)). Mariri mune ndima dziri pachena, ndidzo midzi dzeGwaro (Ndima dzemitemo), uye nedzimwe dzisina kutsanangurwa (dzisiri pachena). Asi avo vane kurasika mumoyo yavo vanotevera idzo ndima dzisiri pachena mariri, vachitsvaga Fitnah (Miedzo), uye vachitsvaga zvadzinoreva zvakavanzika, asi hapana anoziva zvakavanzika zvadzinoreva kunze kwaAllah. Uye avo vakapihwa ruzivo rwakadzama, vanoti: “Tinotenda madziri (dziri pachena nedzakavanzika), dzese dzinobva kuna Tenzi vedu.” Uye hapana vanotambira mashoko eyambiro kunze kweavo vanonzwisisa.

8. (Vanoti): “Tenzi vedu! Musaite moyo yedu itsauke (kubva pachokwadi) mushure mekunge matitungamirira, uye mova munotipawo tsitsi kubva kwamuri. Zvirokwazvo, ndimi munopa zvikuru.”

9. “Tenzi vedu! Zvirokwazvo, ndimi muchaunganidza vanhu pamwechete pazuva iro risina rupokano mariri. Zvirokwazvo, Allah havaputsi chirangano.”

10. Zvirokwazvo, avo vasingatendi, hupfumi hwavo nevana vavo hazvimbofi zvakavabetsera chinhu pamberi paAllah; uye ava ndivo vachave bvavi remoto (huni dzekuGehena).

11. Sehunhu hwevanhu vaFarawo neavo vanga vari mumashure mavo, vakaramba ndima dzedu. Saka Allah vakave vanovaparadza nokuda kwezvitadzo zvavo. Uye Allah vanoranga zvakaomarara.

12. Iti (Muhammad (SAW)) kune avo vasingatendi: “Muchava munokurirwa, uye mounganidzwa kuGehena, uye ndiyo nzvimbo yakaipa kugara.”

13. Zvirokwazvo, pakanga pane chiratidzo kwamuri (maJudha) kune mauto maviri akasangana (hondo yeBadr). Rimwe rairwa munzira yaAllah, asi rimwe raive risingatendi. Vachivaona (vatendi avo vasingatendi) nemaziso avo vakaenzana navo zvakapetwa kaviri (asi avo vasingatendi vange vakapetwa katatu). Uye Allah vanotsigira nekukunda uyo wavada. Zvirokwazvo, mune izvi mune chidzidzo kune vanonzwisisa.

14. Kuda zvido zvemoyo kwakashongedzerwa vanhu, kuda vakadzi, vana, goridhe zhinji uye sirivha, mabhiza akanaka anemuchiso, nezvipfuyo uye neminda yakarimwa mune zvakanaka. Aya ndiwo mafaro ehupenyu hwepasi rino; asi Allah kwavari kune kudzokera kwakanaka (Paradhiso ine nzizi dzinoerera).

15. Iti: “Ndokuudzai here zvinhu zvakanaka zvinodarika izvi? Kune Al-Muttaqoon (vanoita mabasa akanaka) kune Minda (Paradhiso) kuna Tenzi vavo, pasi payo pane nzizi dzichierera. Vachave vanogaramo zvachose uye Az-waajun mutahharatun (varume kana vakadzi vakachenurwa). Uye nemufaro kubva kuna Allah. Uye Allah vanoona varanda (vavo).”

16. Avo vanoti: “Tenzi vedu! Zvirokwazvo, tava tinotenda, saka tiregerereiwo zvitadzo zvedu uye tidzivirireiwo kubva kumarwadzo ekumoto.”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

17. (Ndeavo) avo vanotsungirira, avo vari pachokwadi, uye vanotevedzera nemoyo wese mukunamata Allah. Avo vanopa (Zakaat (Zvipo) munzira yaAllah) uye vanokumbira ruregerero rwaAllah munguva dzekupedzisira dzeusiku.

18. Allah vanopa huchapupu kuti Laa ilaaha illaa Huwa (Hakuna anekodzero yekunamatwa kunze kwavo), uye nengirozi, uye neavo vane ruzivo (vanopawo huchapupu). Vanochengetedza zvisikwa zvavo mune zvakanaka. Laa ilaaha illaa Huwa (Hakuna anekodzero yekunamatwa kunze kwavo), samasimba, muchenjeri mukuru.

19. Zvirokwazvo, chitendero (chechokwadi) kuna Allah iIslaam. Uye avo vakapihwa Gwaro (maJudha nemaKristu) havana kupokana kunze kwegodo pachavo, mushure mekunge ruzivo rwauya kwavari. Uye wese asingatendi muzviratidzo zvaAllah, zvirokwazvo, Allah vanokurumidza mukutonga.

20. Asi vakapokana newe (Muhammad (SAW)) iti: “Ndave ndinozvipira pachezvangu kunaAllah (muIslaam), uye neuyo anonditevera.” Uye iti kune avo vakapihwa Gwaro (maJudha nemaKristu), uye kune avo vasingazivi (vasingagoni kuverenga nekunyora, maArabhu): “Munozvipira here pachenyu (kuna Allah muIslaam)?” Kana vakazvipira, zvirokwazvo varimugwara rakanaka; asi kana vakafuratira, zvirokwazvo, basa rako kupa shoko chete; uye Allah vanoona varanda (vavo).

21. Zvirokwazvo, avo vasingatendi muzviratidzo zvaAllah uye vachiuraya vatumwa pasina kodzero, uye vachiuraya avo vanhu vanokuridzira zvakanaka (ruenzaniso), saka vazivise kuti vachawana mutongo unorwadza zvikuru.

22. Ndeavo mabasa avo achashaya basa pano pasi uye nemuhupenyu unotevera, uye vachange vasina vabetseri.

23. Hauna kuona here avo vakapihwa chidimbu cheGwaro? Varikukokwa kuGwaro raAllah kuti rigadzirise kupokana kwavo, uye chimwe chikwata chavo chinofuratira, vasingaratidzi hanya.

24. Izvi nokuda kwekuti vanoti: “Moto hautibati asi kwemazuva anoverengeka.” Uye zvavaivamba vachiwedzera muchitendero chavo zvakavanyengedza.

25. Zvichava sei apo patichavaunganidza pamwechete pazuva iro risina kupokana mariri (Zuva rekutongwa). Uye munhu wega wega achave anopihwa mubairo wakazara mune zvaakaita? Uye havambodzvanyiririrwi.

26. Iti (Muhammad (S.A.W)): “Imi Allah! Muridzi wehumambo, munopa humambo kune uyo wamada, uye munotorera humambo kubva kune uyo wamada, uye munosimudzira uyo wamunoda, uye munodzikisira uyo wamunoda. Muruoko rwenyu mune zvakanaka. Zvirokwazvo, munokwanisa kuita zvose.”

27. “Munoita kuti husiku hupinde mumasikati, uye munoita kuti masikati apinde muhusiku (kuwedzera kana kushomeka kwenguva yeusiku nemasikati munguva yechando neyekupisa), uye

munoburitsa vapenyu kubva kune vakafa, uye munoburitsa vakafa kubva kune vapenyu. Uye munopa hupfumi neraramo kune wamunoda zvisina magumo (zvisingaverengeki).”

28. Vanotenda ngavasatora vasingatendi sevabatsiri kusara kweavo vanotenda, uye anenge aita izvozvo haabatsirwi naAllah nenzira ipi zvayo, kunze muchitya kukuvadzwa navo. Uye Allah vanokuyambirai pachavo (mutongo wavo), uye kuna Allah tichadzokera.

29. Iti (Muhammad SAW)): “Kunyangwe mukavanza izvo zviri mumoyo menyu kana kuzviburitsa, Allah vanozviziva, uye vanoziva izvo zviri mumatenga uye nezviri pasi. Uye Allah vanokwanisa kuita zvese.”

30. Pazuva iro munhu wese achawana zvese zvakanaka zvaakaita zviripo neizvo zvakaipa zvaakaita, achave nechishuwo chekuti dai paine chinhambwe chirefu pakati pake nemabasa ake akaipa. Uye Allah vanokuyambirai pachavo (mutongo wavo) uye Allah vazere netsitsi kuvaranda (vavo).

31. Iti (Muhammad (SAW)) kuvanhu: “Kana muchinyatsodisisa Allah nditeverei, Allah vachakudai pamwe nekukuregererai zvitadzo zvenyu. Uye Allah vanoregerera zvikuru, vane tsitsi zhinji.”

32. Iti (Muhammad (SAW)): “Teererai Allah nemutumwa (Muhammad (SAW)).” Asi kana vakafuratira, zvirokwazvo Allah havadi avo vasingatendi.

33. Zvirokwazvo, Allah vakasarudza Adam, Nowa, mhuri yaAbrahamu, uye nemhuri yaImraan pamusoro pezvisikwa zvese (vanhu nemaJinn venguva dzavo).

34. Vana, vamwe vavo kubva kune vamwe, uye Allah vanonzwa zvakanyanya, vanoziva zvikuru.

35. (Rangarirai) apo mukadzi waImraan akati: “Tenzi vangu! Ndave ndinotora mhiko kwamuri pane (mwana) ari muchibereko changu kuti ndinomupira kubasa renyu, saka ivai munotambira izvi kubva kwandiri. Zvirokwazvo, mononzwa zvakanyanya, munoziva zvikuru.”

36. Paakabereka mwanasikana wake (Mariya) akati: “Tenzi vangu! Ndabereka mwanasikana,” uye Allah vaiziva zvikuru mwana waakanga abereka, “Uye murume haana kufanana nemukadzi, uye zvirokwazvo ndamutumidza zita rekuti Maryam (Mariya), uye zvirokwazvo, ndinotsvaga ruponeso mamuri (Allah) kwaari uye nevana vake kubva kuna Shaitwaan (Satani), akarambwa (akarengerwa).”

37. Saka Tenzi vake vakamutambira mune zvakanaka. Vakamukudza mune zvakanaka uye Zakariya (Zakero) ndiye aimuchengeta. Pose paaipinda Zakariya kwaari Al-Mihraab (mukamuri yake) aimuwana aine chikafu. Akati: “Iwe Maryam (Mariya)! Zvabva kupi zvinhu izvi?” Akati: “Izvi zvabva kuna Allah.” Zvirokwazvo, Allah vanopa Rizq (Chikafu) kune uyo wavada, zvisina muero.

38. Panguva iyoyo Zakariya akadaidza Tenzi vake, achiti: “Tenzi vangu! Ndipeiwo kubva kwamuri mwana akanaka. Zvirokwazvo, munonzwa zvikuru minamato (maDua).”

39. Nekudaro ngirozi dzakamudaidza apo akanga akamira pamunamato ari mukamuri yekunamatira, (dzichiti): “Allah vanokupa mashoko akanaka aYahya (Johwani – uchava nemwana Johwani),

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

achange achitenda mushoko kubva kuna Allah (rekusikwa kwaJesu neshoko raAllah kuti: "Ivapo!" Uye obva avapo), anoremekedzwa, ari kure kubva kune bonde nevakadzi, uye muporofita kubva kune vanoita mabasa akanaka."

40. Akati: "Tenzi vangu! Ndinove ndinowana sei mwanakomana ini ndachembera kudai, uye mukadzi wangu aringomwa?" (Allah) Vakati: "Naizvozvo nekudaro Allah vanoita zvavanoda."

41. Akati: "Tenzi vangu! Ndipei chiratidzo." (Allah) vakati: "Chiratidzo chako ndechokuti uchava unorega kutaura nevanhu kwemazuva matatu kunze nezviratidzo (kuchonya nekuninira). Uye rangarira Tenzi vako zvakanyanya, uye murumbidze munguva dzemasikati nemangwanani."

42. Uye rangarirai apo ngirozi dzakati: "Iwe Maryam (Mariya)! Zvirokwazvo, Allah vakusarudza vakakuchenura, uye vakakusarudza pamusoro pemadzimai ose epanyika (panguva yake)."

43. "Iwe Maryam (Mariya)! Iva unozvipira kuna Tenzi vako nekuteerera (Allah, nekuvanamata vari voga) uye ova unoisa chiso chako pasi, uye ova unopfugama pamwe neavo vanopfugama."

44. Ichi ndicho chidimbu chenhau kubva mune izvo zvisingaoneki chatiri kudzikisa kwauri (iwe Muhammad (SAW)). Uye wanga usiri pamwechete navo, apo pavaikanda zvinyoreswa zvavo kuti ndeupi pakati pavo achachengeta Maryam (Mariya), uye waisava navo pavaipokana.

45. (Rangarirai) apo ngirozi dzakati: "Iwe Maryam (Mariya)! Zvirokwazvo, Allah vari kukupa mashoko akanaka eshoko kubva kwavari, zita rake anenge achinzi Mesiya Isa (Jesu), mwanakomana waMariya, acharemekedzwa pasi rose uye nekudenga, uye achange ari umwe weavo vari pedyo naAllah."

46. "Achataura kuvanhu ari kacheche uye akura, uye achange ari umwe weavo vanoita mabasa akanaka."

47. Akati: "Tenzi vangu! Ndingave sei nemwanakomana pasina murume akandibata?" Akati: "Naizvozvo Allah vanosika zvavanoda. Kana vachida kuita chinhu, zvirokwazvo vanoti kwachiri: "Ivapo!" uye chinobva chavapo.

48. Uye ivo (Allah) vachamudzidzisa Gwaro nehungwaru, uye neTorah uye neInjeel (Vhangeri).

49. Uye vachamuita kuti ave mutumwa kuvana vaIzirairi (achiti): "Zvirokwazvo, ndakuvigirai chiratidzo kubva kuna Tenzi venyu, zvekuti ndinokuumbirai kubva kuvhu, chiumbwa chinenge shiri, uye ndochifemera machiri, chinobva chaita shiri nekuda kwaAllah; uye ndinoporesa uyo akaberekwa ari bofu uye neuyo ane maperembudzi, uye ndinomutsa vakafa nesimba raAllah. Uye ndinokuudzai izvo zvamunodya pamwe neizvo zvamunochengeta mudzimba dzenyu. Zvirokwazvo, mukati meizvi mune chiratidzo kwamuri, kana muri vatendi.

50. Uye ndauya kuzotsigira izvo zvakanga zviripo ndisati ndavapo kubva muTorah, uye kuzokubvumidzai zvimwe zvezvinhu zvakanga zvakarambidzwa kwamuri, uye ndauya kwamuri nehumboo kubva kuna Tenzi venyu. Naizvozvo, ityai Allah mova munonditeerera.



الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

51. Zvirokwazvo! Allah ndiTenzi vangu uye Tenzi venyu, naizvozvo vanamatei (Allah vari voga). Iyi ndiyo nzira yakatwasuka."

52. Apo Isa (Jesu) paakazoona kusatenda kwavo akati: "Ndivanani vachava vabatsiri vangu munzira yaAllah?" Vadzidzi vakati: "Tiri vabatsiri vaAllah, tinotenda muna Allah, uye tinopupura kuti zvirokwazvo tiri vatendi (maMuslim)."

53. "Tenzi vedu! Tinotenda pane izvo zvamatumira pasi, uye tinotevedzera mutumwa (Jesu), saka tinyorei pasi pakati pevapupuri."

54. Uye vakaronga (vasingatendi kuti vauraye Jesu), uye Allah vakarongawo. Asi Allah ndivo murongi anogonesesa pakati pevarongi vese.

55. (Rangarirai) apo Allah vakati: "Iwe Isa (Jesu)! Zvirokwazvo, ndichaita kuti urare uye ndova ndokutakura wouya kwandiri, uye ndova ndinokuchenura kubva kune avo vasingatendi (manyepo avo ekuti Jesu ndimwanakomana waAllah), uye ndichaita kuti avo vanokutevera (vanotenda muhumwechete hwaAllah) vave pamusoro peavo vasingatendi kusvika zuva rekumutswa. Uye muchava munodzoka kwandiri uye ndichatonga pakati penyu pane izvo maipokana."

56. "Kune avo vasingatendi, ndichavarwadzisa nemarwadzo akanyanya pano pasi uye nekudenga, uye vachashaya vabatsiri."

57. Uye kune avo vanotenda (muhumwechete hwaAllah) nekuita mabasa akanaka, (Allah) vachavapa muripo wavo zvizere. Uye Allah havadi avo vanoita mabasa akaipa.

58. Izvi ndizvo zvatiri kuverenga kwauri (Muhammad (SAW)) kubva muzviratidzo uye neyeuchidzo ine hungwaru (Qur'aan).

59. Zvirokwazvo, mufananidzo waIsa (Jesu) kuna Allah wakafanana nemufananidzo waAdam. Vakamusika kubva kuvhu (Adam) vakati kwaari: "Ivapo!" uye akabva avapo.

60. Ichi ndicho chokwadi kubva kuna Tenzi vako, nokudaro usava pakati peavo vanopokana nacho.

61. Avo vanopokana newe maererano naye (Jesu) mushure mekunge ruzivo rwauya kwauri (kuti Jesu muranda waAllah), vaudze kuti: "Ngatidanei vanakomana vedu nevanakomana venyu, madzimai edu nemadzimai enyu, isusu nemi, tonamata uye tokumbira kuti kurengera kwaAllah kuve kune avo vanonyepa."

62. Zvirokwazvo, iyi inyaya yechokwadi (yaJesu), uye Laa ilaaha illallaah (Hakuna umwe mwari anofanirwa kunamatwa kunze kwaAllah). Uye zvirokwazvo, Allah ndivo samasimba, vane hungwaru hwakanyanya.

63. Uye kana vakafuratira (uye voramba zviratidzo izvi zvechokwadi), zvirokwazvo, Allah vane ruzivo maererano neAl-Mufsidoon (avo vanoita mabasa asina kururama).

64. Iti (Muhammad (SAW)): "Imi makapihwa Gwaro (maJudha nemaKristu)! Huyai kushoko rine ruenzaniso pakati pedu nemi, kuti tisave tinonamata zvimwe zvinhu kunze kwaAllah (vamwe

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

chete), uye hatifaniri kuvasanganisa (Allah) nezvimwe zvinhu (pakunamata), uye pakati pedu hapana achatora vamwe vanhu saanamwari kunze kwaAllah." Kana vakafuratira, vaudzei kuti: "Ivai zvapupu kuti zvirokwazvo tiri maMuslim (vanhu vakazvipira kuna Tenzi vavo)."

65. Imi makapihwa Gwaro (maJudha nemaKristu)! Sei muchipokana maererano naAbrahamu, nokuti Torah neVhangeri (Injeel) hazvina kudzikiswa asi mushure make? Hamufungi here?

66. Ndimi mange muchipokana maererano neizvo zvamune ruzivo nazvo. Ko sei iyezvino muchipokana neizvo zvamusina ruzivo nazvo? Uye Allah ndivo vanoziva, uye imi hamuzivi.

67. Abrahamu (Ibrahim) akanga asiri muJudha kana muKristu, asi akanga ari muMuslim wechokwadi (aitenda muhumwechete hwaAllah), uye akanga asiri umwe weal-Mushrikoon (avo vanonamata Allah nezvimwe zvinhu).

68. Zvirokwazvo, vanekodzero pakati pevanhu kuna Abrahamu ndeavo vakamutevera uye pamwe nemuporofita uyu (Muhammad (SAW)) neavo vanotenda (maMuslim). Uye Allah ndivo muchengeti wevatendi.

69. Boka kubva kune vanhu vakapihwa Gwaro (maJudha nemaKristu) vane chishuwo kuti dai vakutsaudzai. Asi havafi vakatsaudza ani zvake kunze kwekuzvitsaudza pachavo, asi havazvizivi.

70. "Imi vanhu vakapihwa Gwaro (maJudha nemaKristu)! Sei musingatendi muzviratidzo zvaAllah (pamusoro paMuhammad (SAW) zviri muTorah neVhangeri), asi muchipa uchapupu kuti (maGwaro) nde echokwadi?"

71. "Imi vanhu vakapihwa Gwaro (maJudha nemaKristu)! Sei muchisanganisa chokwadi nemanyepo uye muchiviga chokwadi muchiziva?"

72. Uye rimwe boka revanhu vakapihwa Gwaro rinoti: "Tendai mune izvo zvakadzikiswa kuvatendi (maMuslim) mangwanani uye moramba kupera kwezuva kuti vafuratire."

73. "Uye musava munotenda upi zvake kusara kweuyo anotevera chitendero chenyu." Iti (Muhammad (SAW)): "Zvirokwazvo, gwara rechokwadi igwara raAllah" uye musava munotenda kuti wese anogona kuwana zvakafanana nezvamakawana, pamwewo vangapokane nemi pamberi paTenzi venyu. Iti (Muhammad (SAW)): "Makomborero ese ari mumaoko aAllah, vanopa kune wavanoda. Uye Allah vanogutsa (vakazvikwanira) zvisikwa zvavo, vanoziva zvakanyanya."

74. Vanosarudza kupa tsitsi dzavo (Islaam neQur'aan nehuporofita) uyo wavanoda, uye Allah ndivo muridzi wemakomborero akawanda.

75. Pakati pevanhu veGwaro (maJudha nemaKristu) pane uyo, ukamuchengetesa Qintaar (hupfumi hwakawandisa), anohudzosera kwauri; uye pakati pavo pane uyo, ukamuchengetesa Diinaar (Ndarama 4.25g) haaidzoseri kwauri kunze kwekuti wamira-mira uchisheedzera, nekuti vanoti: "Hapana chakaipa patiri nekutora midziyo yevasina ruzivo (maArabhu)." Asi vanotaura manyepo pamusoro paAllah vachiziva.

76. Chokwadi, wese anozadzikisa chibvumirano chake uye anotya Allah zvakanyanya, zvirokwazvo, Allah vanoda Al-Muttaqoon (vanoita mabasa akanaka, vatsvene).

77. Zvirokwazvo, avo vanotenga nechitsidzo chaAllah nemhiko dzavo hupfumi hushoma, vachave vanoshaiwa chidimbu (chikamu chakanaka) mune ramangwana (Paradhiso). Allah havazombotauri navo kana kuvatarisa pazuva rekumutswa, kana kuvachenura, uye vachave vanowana mutongo unorwadza zvikuru.

78. Uye zvirokwazvo, pakati pavo pane boka rinotsaudzira Gwaro nerurimi rwavo (pavanoverenga), kuti muve munofunga kuti ndezve muGwaro, asi zvisiri zvemuGwaro, uye vanoti: "Izvi ndezvaAllah," asi zvisiri zvaAllah; uye vanotaura manyepo pamusoro paAllah vachiziva.

79. Hazvigoni kuti munhu Allah vanomupa Gwaro, mitemo uye huporofita mushure mezvo oti kuvanhu: "Ivai vanamati vangu kunze kwaAllah." Asi (anoti): "Ivai Rabbaaniyyoon (vanhu vakadzidza vanoita zvavanoziva uye nekuzviparidza) nekuti muri kudzidzisa Gwaro, uye muri kuriverenga."

80. Uye haakwanisi kukukomekedzai kutora ngirozi nemaporofita sevanatenzi. Anokukomekedzai here kusatenda mushure mekunge mazvipira kuna Allah (semaMuslim)?

81. Uye (rangarirai) apo Allah pavakatora chibvumirano nemaporofita (vachiti): "Kana ndakupai Gwaro nehungwaru (mitemo), uye mumashure mezvo mutumwa (Muhammad (SAW)) ouya kwamuri achipupura izvo zvamunazvo, naizvozvo munofanirwa kutenda kwaari pamwe nekumubatsira." Allah vakati: "Munobvuma here uye munotora chibvumirano changu pamusoro pazvo here?" Vakati (maporofita): "Tinobvumirana nazvo." Akati (Allah): "Naizvozvo ipai uchapupu, uye ini ndinemi pakati pezvapupu."

82. Naizvozvo uyo munhu achafuratira mushure meizvi, ndivo vapanduki (avo vanotyora mitemo yaAllah).

83. Vanotsvaga chimwe chitendero chisiri chaAllah, asi zvisikiwa zvese zviri pasi nekudenga zvinozvininipisa kwavari (Allah), zvichida kunyangwe zvisingadi. Uye kwavari (Allah) vese vachadzorerwa.

84. Iti (Muhammad (SAW)): "Tinotenda muna Allah neizvo zvakadzikiswa kwatiri (Qur'aan), uye neizvo zvakadzikiswa kuna Abrahamu, Ishumaeri, Isaka, Jakobho pamwe nemaAl-Asbaat (vana vevana vaJakobho gumi nevaviri), neizvo zvakapihwa Musa, uye naIsa (Jesu) pamwe nemaporofita ese kubva kuna Tenzi vavo. Hatipatsanuri pakati pavo (maporofita), uye kwavari (Allah) takazvipira (semaMuslim)."

85. Uye uyo munhu achava anotsvaga chimwe chitendero kunze kweIslaam, hachifi chakatambirwa kubva kwaari, uye muhupenyu hwemangwana achave pakati peavo vakarasikirwa.

86. Allah vangatungamirire sei vanhu vakarega kutenda mushure mekunge vaimbotenda, uye mushure mekunge vapa huchapupu kuti mutumwa Muhammad (SAW) ndewechokwadi, uye zviratidzo zviri pachena zvauya kwavari? Uye Allah havatungamiri avo vanoita mabasa akaipa.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

87. Ndeavo mubairo wavo uchange uri kurengera kwaAllah, nengirozi, uye pamwe nevanhu vese.

88. Vachava vanogara ikoko (kuGehena). Marwadzo avo haafi akadzikiswa kana kunonotswa.

89. Kunze kweavo vanokumbira ruregerero mushure maizvozvo uye voita mabasa akanaka. Zvirokwazvo, Allah vazere neruregerero, vane tsitsi zhinji.

90. Zvirokwazvo, avo vakarega kutenda mushure mekunge vambotenda uye vakaenderera mberi nekusatenda kwavo (muQur'aan naMuporofita Muhammad (SAW)), (kukumbira) ruregerero kwavo hakuzombotambirwi (nekuti kukumbira kwavo kunenge kusingabvi mumoyo). Uye ndivo avo vakarasika.

91. Zvirokwazvo, avo vakarega kutenda uye vakafa vasingatendi, nyika yakazara negoridhe haizombotambirwi kubva kuna ani nani pakati pavo kunyangwe vaipa senzira yekuzvinunura nayo. Avo vachawana chirango chinorwadza zvikuru uye vachange vasina vabatsiri.

92. Hamufi mawana hutsvene kusvikira mapa (munzira yaAllah) izvo zvamunodisisa, uye chinhu chese chamunopa, zvirokwazvo Allah vanochiziva.

93. Chikafu chese chakanga chiri Halaal (chinobvumirwa) kuvana vaIzirairi, kunze kweizvo zvinhu Izirairi akazviita Haraam (akazvirambidza) kwaari pachake Torah risati radzikiswa. Iti (Muhammad (SAW)): "Huyai neTorah uye moriverenga kana muri pachokwadi."

94. Mushure maizvozvo, ani nani zvake achapomera manyepo kuna Allah, avo ndivo vanoita mabasa akaipa.

95. Iti (Muhammad (SAW)): "Allah vakataura chokwadi; teverai chitendero chaAbrahamu Haneef (ainamata Allah chete), uye akanga asiri pakati peAl-Mushrikoon (avo vanonamata Allah nevamwe vanamwari)."

96. Zvirokwazvo, imba yokutanga (yekunamatira) yakapihwa vanhu zvirokwazvo ndeiyo iri kuBakkah (Makkah), izere nemakomborero, uye negwara kuvanhu vese pamwe nemaJinn.

97. Mairi mune zviratidzo zviri pachena, nzvimbo yaAbrahamu; uye ani nani zvake achapinda mairi, anenge akachengetedzwa. Uye Hajj (kushanya) kuimba yaAllah (Ka'bah) ibasa vanhu ravanofanirwa kuitira Allah, kune ani nani anokwanisa kuenda kwairi (ane mari inomukwanira kuenda ikoko nekusiya mhuri igere zvakanaka); uye ani nani zvake acharamba kutenda (muHajj anenge aramba Allah), zvirokwazvo Allah havadi rubatsiro kubva kuzvisikwa zvavo (vanhu, maJinn nezvimwe zvese).

98. Iti: "Imi vanhu vakapihwa Gwaro (maJudha nemaKristu)! Sei muchiramba zviratidzo zvaAllah, asi Allah vachiona zese zvamunoita?"

99. Iti: "Imi vanhu vakapihwa Gwaro (maJudha nemaKristu)! Sei muchidzivirira uyo anotenda kubva munzira yaAllah, muchida kuti ive yakatsveyama, asi muri vapupuri (kuti Islaam chitendero chaAllah uye Muhammad (SAW) mutumwa wavo)? Uye Allah vanoziva zvamunoita."

100. Imi vanotenda! Kana mukateerera boka reavo vakapihwa Gwaro (maJudha nemaKristu), vanokudzoserai mukusatenda mushure mekutenda kwenyu!

101. Uye munotadza kutenda sei, asi ndima dzaAllah muchidziverengerwa, uye pakati penyu pane mutumwa wavo (Muhammad (SAW))? Uye wese anobatisisa kuna Allah, zvirokwazvo akatungamirirwa mugwara rakatwasuka.

102. Imi vanotenda! Ityai Allah (nekuita zvese zvavakakomekedza uye kusiya zvese zvavakarambidza) kutyiwa kwavanofanirwa kuitwa. Uye zvirokwazvo musafe kusara kwekuti muri maMuslim (vatendi vanozvipira kunaAllah).

103. Uye batisisai mese pamwechete, patambo yaAllah (Qur'aan), uye musava munoparadzana pakati penyu, uye rangarirai makomborero aAllah kwamuri, apo pamakange makavengana asi vakakubatanidzai (Allah) moyo yenyu pamwechete, mukava madzikoma nemakomborero avo (muchitendero); uye maive pamusuwo pegomba remoto, vakave vanokununurai kubva kwauri. Ndiwo maratidziro anoita Allah zviratidzo zvavo kwamuri, kuti mungave mugwara.

104. Uye pakati penyu panofanirwa kuva neboka revanhu rinosheedzera kune zvese zvakanaka, uye rinokurudzira Al-Ma'roof (zvakanaka) uye richirambidza Al-Munkar (zvakaipa). Uye avo ndivo vakabudirira.

105. Uye musave seavo vakapatsanurana uye vakapikisana pakati pavo mushure mekunge zviratidzo zviri pachena zvauya kwavari. Uye avo vachawana chirango chikuru.

106. Zuva iro (zuva rekumutswa) zvimwe zviso zvichange zvakachena uye zvimwe zviso zvichange zviri zvitema; kune avo zviso zvavo zvichange zviri zvitema (vachabvunzwa): "Makaramba kutenda mushure mekutenda kwenyu here? Saka ravirai mutongo (muGehena) pane zvamairamba kutenda."

107. Uye kune avo zviso zvavo zvichange zvakachena, vachange vari mutsitsi dzaAllah (kuParadhiso), umo vachagara nekusingaperi.

108. Izvi ndizvo ndima dzaAllah dzatinokuverengera (Muhammad (SAW)) muchokwadi, uye Allah havadi kudzvanyirira zvisikwa zvavo.

109. Allah ndivo muridzi wezvisikwa zvose zviri kumatenga nezviri pasi. Uye nyaya dzese dzinodzokera kuna Allah (kuti vatonge).

110. Ndimi (maMuslim) boka revanhu rakanaka rakapuhwa vanhu, munokomekedza kuita mabasa akanaka uye nekurambidza kuita mabasa akaipa, uye munotenda muna Allah. Uye dai vanhu vakapihwa Gwaro (maJudha nemaKristu) vakatenda, zvirokwazvo zvingadai zvakavanakira; pakati pavo pane vamwe vanotenda, asi vazhinji vavo vanoita mabasa akaipa.

111. Havafi vakakukuvadzai, kunze kwekukusvotai; uye kana vakarwa nemi vanokuratidzai misana yavo (vachitiza), uye havafi vakabatsirwa.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

112. Kudzikisirwa kwakaiswa mavari pese pavanenge vari, kunze kwekuti vane chibvumirano (chechengetedzo) kubva kuna Allah, uye kubva kuvanhu; uye vave vanozvikwezvera pachavo kutsamwa kwaAllah, uye hurombo unoiswa mavari. Izvi nekuti vaisatenda muzviratidzo zvaAllah uye vachiuraya maporofita vasina kodzero. Izvi nekuda kwekuti vaisateerera (Allah) uye vaipfurikidza mwero.

113. Havana kufanana vese; pakati peavo vakapihwa Gwaro pane boka riri pachokwadi, vanoverenga ndima dzaAllah munguva dzeusiku, vachiisa zviso zvavo pasi (Sujood) vachinamata.

114. Vanotenda muna Allah uye nezuva rekupedzisira, vanokurudzira Al-Ma'roof (zvakanaka) uye vachirambidza Al-Munkar (zvakaipa); uye vanomhanyidzana mukuita mabasa akanaka; uye ava ndivo vamwe veavo vanoita mabasa akanaka.

115. Uye zvakanaka zvese zvavanoita, hapana chicharambwa kubva kwavari, uye Allah vanoziva zvakanyanya avo vanoita mabasa akanaka (vatsvene).

116. Chokwadi, avo vanoramba kutenda, hupfumi hwavo kana vana vavo hazvimbovabetseri chinhu kubva kuna Allah. Ava ndivo vagari vekumoto, umo vachave vanogara nekusingaperi.

117. Muenzaniso weizvo zvavanoshandisa muhupenyu hwepano pasi wakafanana nemuenzaniso wemhepo ine chando, inopinda muzvirimwa zvevanhu vanozvitadzira pachavo uye yozviparadza. Uye Allah havana kuvatadzira, asi vakazvitadzira pachavo.

118. Imi vanotenda! Musava munotora Bitaanah (vabatsiri, madzisahwira) avo vari kunze kwechitendero chenyu (vanonamata zvidhori, maJudha, maKristu, uye vanyengedzi) sezvo vasingazoneti kuita zvavanokwanisa kuti vakuvhiringidzei. Vane chishuwo chekukukuvadzai zvakanyanya. Ruvengo (rwavo) rwakatobuda kare kubva pamiromo yavo, asi zvavakaviga muhana dzavo zvihombe zvikuru. Zvirokwazvo, tave tinotsanangura kwamuri zviratidzo kana muchinzwisisa.

119. Tarisai! Imi ndimi munovada, asi ivo havakudei, uye munotenda mumaGwaro ese (Torah, uye Injeel (Vhangeri), asi ivo vanoramba Gwaro renyu). Uye kana vakasangana nemi vanoti: "Tinotenda." Asi kana vari vega, vanoruma kumucheto kweminwe yavo nekutsamwa. Iti: "Ifai nekutsamwa neruvengo rwenyu. Zvirokwazvo, Allah vanoziva zvikuru zviri muhana."

120. Kana zvakanaka zvikakuwanai, zvinovarwadza; asi kana zvakaipa zvikakuwirai, vanofara nazvo. Asi mukaramba makatsungirira uye muchitya Allah, zvavanoronga hazvifi zvakakukanganisai chinhu. Zvirokwazvo, Allah vanoziva zvikuru zvese zvavanoita.

121. Uye rangarira (Muhammad (SAW)) pawakasiya mhuri yako mangwanani uchinoronga vatendi panzvimbo dzavo kugadzirira hondo (yeUhud). Uye Allah vanonzwa zvese, vanoziva zvikuru.

122. Apo mapoka maviri kubva pakati penyu vakanga vava pedyo nekurasa moyo, asi Allah vakanga varipo semubatsiri wavo. Uye vatendi vanofanirwa kupa chivimbo chavo kuna Allah.

123. Uye zvirokwazvo Allah vakakuitai kuti muve vakundi kuBadr, pamakanga muri vashoma musina simba. Naizvozvo ityai Allah zvakanyanya zvimwe mungava munotenda.



NEW & EXCLUSIVE

124. Rangarira (Muhammad (SAW)) apo pawakati kuvatendi: “Hazvikukwanirei here kuti Tenzi venyu vakubatsirei nezviuru zvitatu zvengirozi dzatumwa kubva kudenga?”

125. “Hongu, kana mukatsungirira pamwe nekutya Allah, uye muvengi akauya kwamuri achimhanya, Tenzi venyu vachakubatsirai nezviuru zvishanu zvengirozi dzine rupau.”

126. Uye Allah havana kunge vazviita asi seshoko rakanaka kwamuri uye senzira yekudzikamisa hana dzenyu nayo. Uye hakuna kukunda asi kubva kuna Allah, samasimba, vazere nehungwaru.

127. Kuti vabvise boka reavo vasina kutenda, kana kuvabuditsa pachena nekuvadzikisira, nekudaro vova vakundikani.

128. Kwauri (Muhammad (SAW)) hakuna mhereredzo; kana kuti Allah vakada vachavaregerera kana kuvaranga. Zvirokwazvo, ndivo vatadzi.

129. Uye Allah ndivo muridzi wezvese zviri kumatenga uye zvese zviri pasi. Vanoregerera uyo wavada, uye vanoranga uyo wavada. Uye Allah vanoregerera zvikuru, vane tsitsi dzakanyanya.

130. Imi vanotenda! Musava munodya chimbadzo chakapetwa kaviri kana kakawanda, asi ityai Allah kuti muve munobudirira.

131. Uye ityai moto, wakagadzirirwa avo vasingatendi.

132. Uye teererai Allah nemutumwa (Muhammad (SAW)) kuti muve munowana tsitsi.

133. Uye mhanyirai munzira yeruregerero kubva kuna Tenzi venyu, uye kuParadhiso iro rakakura sematenga nepasi, rakagadzirirwa Al-Muttaqoon (vanotya Allah).

134. Avo vanopa hupfumi hwavo (munzira yaAllah) mukufara nemumatambudziko, avo vanodzora hasha, uye vanoregerera vanhu; uye Allah vanoda Al-Muhsinoon (vanoita mabasa akanaka).

135. Uye avo, kana vaita zvitadzo (hupombwe) kana kuzvitadzira pachavo nezvakaipa, vanorangarira Allah uye vokumbira ruregerero pane zvitadzo zvavo; uye hapana anoregerera zvitadzo kunze kwaAllah, uye havaendereri mberi vachiita zvitadzo zvavakaiita, asi vachizviziva.

136. Uye avo, mubairo wavo ruregerero kubva kuna Tenzi vavo, uye mapindu ane nzizi dzinoyerera pasi pawo (Paradhiso), umo vachave vanogara zvachose. Uye mubairo wevanoita zvakanaka wakanaka zvikuru.

137. Nzira dzakawanda dzakasiyana-siyana dzakaonekwa nemapoka evanhu (vanotenda nevasingatendi) dzakadarika mushure menyu, saka fambai nenyika uye moona magumo eavo vakaramba kutenda (muhumwechete hwaAllah).

138. Iri (Qur’aan) itsanangudzo kuvanhu, uye inhungamiri nerairo kune Al-Muttaqoon (vanotya Allah).

139. Saka musava munoneta (kubva kune muvengi wenyu) kana kutsamwa (kusuruvara), uye muchabudirira (muhondo) kana muri vatendi (vechokwadi).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

140. Kana mukakuvadzwa (kana kuuraiwa), ivai nechokwadi kuti kukuvara kwakaenzana kwavabatawo vamwe (vavengi venyu). Uye mazuva (akanaka ne asina kunaka), tinowapa kuvanhu nemajana, kuti Allah vave vanoedza avo vanotenda, uye kuti vave vanotora maShuhadaa (varwi vanofa vachisimudzira shoko raAllah) kubva pakati penyu. Uye Allah havadi avo vanoita mabasa akaipa.

141. Uye kuti Allah vave vanoedza (kana kuchenura) vanotenda uye kuparadza vasingatendi.

142. Kana munofunga here kuti muchapinda Paradhiso, Allah vasati vaziva vamwe venyu vanorwa (munzira yavo) uye vaziva avo vanotsungirira?

143. Uye zvirokwazvo maishuvira rufu musati masangana narwo. Zvirokwazvo, zvino makaruona makatarisa nemaziso enyu.

144. Uye Muhammad (SAW) haasi asi mutumwa, uye zvirokwazvo vatumwa (vakawanda) vakapfuura mushure make. Kana akafa kana kuuraiwa, muchafuratira here nezvitsitsinho zvenyu (muchiramba kutenda)? Uye uyo anofuratira nezvitsitsinho zvake, hapana kana chinokuvadza chaangaite kuna Allah; uye Allah vachapa mubairo kuAsh-Shaakiroon (avo vanotenda).

145. Uye hakuna munhu anofa kunze nemvumo yaAllah uye panguva yakatarwa. Uye wese anoshuvira mubairo pano panyika, tichava tinomupa zvimwe zveizvo zvaanoshuvira kubva kwairi; uye wese anoshuvira mubairo mune ramangwana, tichava tinomupa zvaanoshuvira kubva kwariri. Uye tichava tinopa mubairo vatendi Ash-Shaakiroon (avo vanotenda).

146. Uye maporofita vakawanda vakarwa (munzira yaAllah) uye pamwechete nevarume vazhinji vakadzidza. Asi havana kurasa moyo nekuda kweizvo zvakavawira vari munzira yaAllah, kana kuneta uye kana kuzvidzikisira. Uye Allah vanoda As-Swaabiroon (vanotsungirira).

147. Uye mashoko avo avaitaura ndeekuti: “Tenzi wedu! Tiregererei zvitadzo zvedu nekupfurikidza kwedu mwero mumabasa edu, ivai munosimbisa tsoka dzedu, uye ivai munoita kuti tikunde vanhu vasingatendi.”

148. Nekudaro Allah vakavapa mubairo wepano pasi, uye nemubairo wakanakisisa wehupenyu hunotevera. Uye Allah vanoda avo vanoita mabasa akanaka.

149. Imi vanotenda! Kana mukateerera avo vasingatendi, vachaita kuti mufuratire nezvitsitsinho zvenyu, uye mopedzisira mave vakarasikirwa.

150. Asi Allah ndivo mubatsiri wenyu, uye ndivo mubatsiri akanaka pavabatsiri vose.

151. Tichava tinoisa kutya muhana dzeavo vasingatendi, nekuda kwekuti vakasanganisa Allah nevamwe vanamwari pakuvanamata, izvo zvavasina kutumira mvumo yacho; uye nzvimbo yavo yokugara ichave kumoto; uye inzvimbo yakashata sei iyo ichange ichigara avo vanoita mabasa akaipa.

152. Uye zvirokwazvo Allah vakazadzisa chitsidzo chavo kwamuri pamaivauraya (vavengi venyu) nekuda kwavo (Allah); kusvikira pamakarasa moyo mukasvika pakupokana nekuda kwezvanga

zvarongwa, uye mukaramba kuteerera mushure mekunge maratidzwa zvamaida (mhimbiri, hupfumi hwamunotora mushure mekunge mapedza kurwa hondo pamwe nekukurira vavengi). Pakati penyu pane avo vanodisisa nyika uye nevamwe vanodisisa hupenyu hwemangwana. Nekudaro (Allah) vakaita kuti muvatize (vavengi venyu), kuti vave vanokuedzai. Asi chokwadi, vakave vanokuregererai, uye Allah vazere nemakomborero kuvatendi.

153. (Uye rangarirai) apo pamakatiza musina kucheuka kumashure kuna ani nani zvake, uye mutumwa (Muhammad (SAW)) achikusheedzai mumashure menyu. Ipapo Allah vakakupai chitambudzo chimwe chete mushure mechimwe senzira yekukudzidzisai kuti musava munosuruwara pane izvo zvakakunzvengai, kana pane izvo zvakakuwanai. Uye Allah vanoziva zvese zvamunoita.

154. Mushure mekutambudzika, (Allah) vakadzikisa chipiko kwamuri. Kutsumwaira kwakava kunotora boka renyu, rimwe boka richifunga nezvavo (kuti vangazvinunure sei) uye vachifunga zvisiri chokwadi pamusoro paAllah, kufunga kwekushaya ruzivo (sekwenguva yeJaahiliyyah). Vakati: "Pane here chedu pamhaka iyi?" Iti (Muhammad (SAW)): "Zvirokwazvo, mhaka yese ndeyaAllah." Vanovanza mumoyo yavo izvo zvavasingabuditsi kwauri, vachiti: "Dai tanga tine chipi zvacho chekuita nemhaka, dai tisina kuuraiwa pano." Iti: "Kunyangwe dai makasara mudzimba dzenyu, zvirokwazvo, avo vakanyorerwa rufu rwaivasvikira panzvimbo dzavo dzerufu," asi kuti Allah vave vanoedza izvo zviri mumoyo yenyu; uye kuchenura izvo zviri muhana dzenyu (zvivi), uye Allah vanoziva zvikuru izvo zviri muhana (dzenyu).

155. Zvirokwazvo, avo vakafuratira pakati penyu pazuva iro mapoka maviri akasangana (pahondo yeUhud), zvirokwazvo Satani akaita kuti vatize nekuda kwezvimwe (zvitadzo) zvavakange vaita. Asi Allah, zvirokwazvo, vakavaregerera. Chokwadi, Allah vanoregerera zvikuru, vane tsitsi zvakanyanya.

156. Imi vanotenda! Musaite seavo vasingatendi (vanyengedzi) uye vanoti kune madzikoma avo kana vafamba nenyika kana kuti vaenda kunorwa: "Dai vakagara nesu, vangadai vasina kufa kana kuuraiwa," kuti Allah vave vanoita izvozvo senzira yekudemba muhana dzavo. Uye ndiAllah vanopa upenyu uye vanokonzera rufu. Uye Allah vanoona izvo zvamunoita.

157. Uye zvirokwazvo mukauraiwa kana kufa munzira yaAllah, ruregerero netsitsi kubva kuna Allah zviri nani kupfuura izvo zvavanounganidza.

158. Uye zvirokwazvo kunyangwe mukafa kana kuuraiwa, zvirokwazvo, kuna Allah muchava munounganidzwa.

159. Uye nekuda kwetsitsi dzaAllah, wakashanda navo mune zvakanaka. Uye dai (Muhammad (SAW)) wakakasharara nekuoma moyo, vangadai vakasiyana newe; saka varegerere, uye vakumbirire ruregerero (kuna Allah); uye pangana navo pamhaka dzese. Uye kana uchinge watora mhereredzo, isa ruvimbo rwako muna Allah, zvirokwazvo, Allah vanoda avo vanoisa ruvimbo rwavo (mavari).

160. Kana Allah vakakubetserai, hapana angakukurirai; uye kana vakakusiyai, ndiani aripo mushure mavo angakubetserai? Uye muna Allah regai vatendi vaise ruvimbo rwavo.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

161 Uye hazviiti kuti muporofita atore mhimbiri zvisiri pamutemo. Uye uyo anotora zvisiri pamutemo kune vamwe vake kubva mumhimbiri, achauya neizvo zvaakatora zvisiri pamutemo pazuva rekumutswa. Uye munhu wese achava anopihwa muripo wake zvizere kuburikidza nezvaakaita, uye havafi vakadzvanyiririrwa.

162. Vakafanana here uyo munhu anotevera zvido zvakanaka zvaAllah (nokusaba mhimbiri) neuyo anozvidhonzera kutsamwa kwaAllah (nekuba mhimbiri)? Uye nzvimbo yake yokugara iGehena, uye zvirokwazvo inzvimbo yakaipisisa.

163. Vane zvinzvimbo zvakasiyana-siyana pamberi paAllah, uye Allah vanoona zvese zvavanoita.

164. Zvirokwazvo, Allah vakapa makomborero mazhinji kune avo vanotenda apo vakatumira mutumwa (Muhammad (SAW)) kubva pakati pavo, achivaverengera ndima dzavo (Allah), pamwe nekuvachenura (kubva muzvitadzo zvavo), uye nekuvadzidzisa Gwaro (Qur'aan) nehungwaru (Sunnah), kunyangwe kumashure vakanga vakarasika zviri pachena.

165. (Chiiko chinokunetsai?) Kana dambudziko rimwechete rakuwanai, asi imi munovapa matambudziko maviri (vavengi venyu), munoti: "Ko izvi zvatiwira zvabva kupi?" Iti (kwavari): "Zvinobva kwamuri (nekuda kwemabasa enyu akaipa)." Zvirokwazvo, Allah vane simba pane zvinhu zvese.

166. Uye zvakakutambudzai pazuva rakasangana mapoka maviri (hondo yeUhud), zvakaitika nekuda kwaAllah, senzira yekuziva nayo vatendi.

167. Uye kuti vazive avo vanonyengedza, uye zvakanzi kwavari: "Huyai, murwe munzira yaAllah kana kuzvidzivirira pachenyu." Vakati: "Dai taiziva kurwa, zvirokwazvo dai takuteverai." Zuva iroro vakanga vari pedyo nekusatenda vari kure nekutenda, vachiti nemiromo yavo izvo zvakanga zvisiri muhana dzavo. Uye Allah vane ruzivo rwakanyanya pane zvavanoviga.

168. (Ndivo) Avo vakataura pamusoro pemadzikoma avo vakauraiwa ivo vagere kumba: "Dai vakatiteerera, vangadai vasina kuuraiwa." Iti: "Zvidzivirirei pachezvenyu kubva kurufu, kana muchitaura chokwadi."

169. Uye zvirokwazvo musafunge kuti avo vanouraiwa munzira yaAllah sevakafa. Kwete! Asi vapenyu, vana Tenzi vavo, vachiwana raramo.

170. Vanofara neizvo zvavakapihwa naAllah kubva mumakomborero avo, uye vanofarira vamwe vavo avo vasati vabatana navo, asi vakasara kumashure (vasati vauraiwa munzira yaAllah), kwavari kuchange kusina kutya kana kubatikana.

171. Vanofarira tsitsi nemakomborero kubva kuna Allah, uye zvirokwazvo kuti Allah havaiti kuti mubairo wevatendi ushaye basa.

172. Kune avo vakatambira shoko raAllah neramutumwa (Muhammad (SAW)) mushure mekunge vawirwa nematambudziko; kune avo vakaita mabasa akanaka pakati pavo uye vaitya Allah, vachawana mubairo mukuru.

173. Avo (vanotenda) vakataurirwa nevanhu (hwenyakwese) kuti: “Zvirokwazvo, avo (vasingatendi) vave vanokuunganirai kuti vakurwisei, saka ivai munovatya.” Asi zvakavawedzera mukutenda, vakave vanotaura kuti: “Allah vakatikwanira, uye Allah vega ndivo mufambisi wezvinhu zvose.”

174. Saka vakadzokera nenyasha uye makomborero aAllah. Hapana chakaipa (chinokuvadza) chakave chinovawana, uye vakave vanotevedzera zvakanaka zvinofadza Allah. Allah ndivo vane makomborero makuru.

175. Zvirokwazvo, ndiSatani anenge achityidzira vabatsiri vake (vatsigiri vake); saka musave munovatya, asi ivai munotya ini (Allah), kana muri vatendi (vechokwadi).

176. Uye usave unoshungurudzika (Muhammad (SAW)) neavo vanomhanyira kusatenda; zvirokwazvo, havambofi vakakuvadza Allah nepadiki pose. Allah havamboshuviri kuvapa chidimbu chehupenyu (hwakanaka) hwamangwana. Asi vachawana marwadzo makuru.

177. Zvirokwazvo, vanopindura kutenda vachitora kusatenda, hapana chidiki chakaipa (chinorwadza) chavangaite kuna Allah. Asi vachawana chirango chikuru.

178. Uye zvirokwazvo vasingatendi vasafunge kuti kunonotsa kwatinoita marwadzo kwavari zvakavanakira. Zvirokwazvo, tinonotsa marwadzo kwavari kuti vave vanowedzera kutadza kwavo. Uye vachawana chirango chinonyadzisa.

179. Allah havave vanosiya vatendi muchidanho chamuri, kusvikira vabvisa (vapatsanura) vanhu vanoita zvinhu zvakaipa kubva muvakanaka. Uye Allah havambo kuratidzai zvakavanzika, asi Allah vanosarudza wavanoda kubva kuvatumwa vavo. Asi ivai munotenda munaAllah nevatumwa vavo. Uye mukava munotenda nekutya Allah, muchawana mubairo mukuru.

180. Uye zvirokwazvo avo vanonyima izvo zvavapihwa naAllah, kubva mumakomborero avo (hupfumi), vasafunge kuti zvakanaka kwavari (vonyima kupa Zakaah kuvarombo). Asi zvichava zvakavaomera; izvo zvavanonyima zvichave zvakasungwa sechipika muhuro dzavo pazuva rekumutswa. Uye nhaka yekumatenga nepasi ndeya Allah. Uye Allah vanoziva zvese zvamunoita.

181. Zvirokwazvo, Allah vakave vanonzwa mashoko eavo (maJudha) vanotaura kuti: “Zvirokwazvo, Allah vanotambura (murombo) asi isu tiri vapfumi!” Tichave tinonyora izvo zvavanotaura, uye nekuuraya kwavo vatumwa zvisiri pamutemo, uye tichava tinotaura kwavari (kuti): “Ravirai marwadzo emoto.”

182. Izvi ndizvo zvave zvinokonzerwa nehuipi wamakatungamidza nemaoko enyu. Uye zvirokwazvo, Allah havadzvanyiriri varanda vavo.

183. Avo (maJudha) vanotaura kuti: “Zvirokwazvo, Allah vakatikomekedza kuti tisave tinotenda kuna mutumwa upi zvake kusvikira auya nemupiro uyo uchave unoparadzwa nemoto.” Taura kuti: “Zvirokwazvo, kune vatumwa vakauya kwamuri ini ndisati ndauya nezviratidzo zviri pachena, uye neizvo zvamunotaura, seiko maivauraya kana imi muri pachokwadi?”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

184. Kana vakakuramba (Muhammad (SAW)), (ziva kuti) vamwe vatumwa vakauya iwe usati wavapo vakarambwawo (semarambiro avari kuita iwewe), vauya nezviratidzo zviri pachena uye neMagwaro uye neBhuku rine chiedza.

185. Chinhu chose chinofema chicharavira rufu (chichafa). Uye zvirokwazvo muchava munopihwa mibairo yenyu yakazara muzuva rekumutswa. Uye uyo achave anodzivirirwa kubva kumoto, ova anopinzwa kuParadhiso, zvirokwazvo ndiye munhu akabudirira. Uye hupenyu hwepasi rino hauzi chimwe chinhu kunze kwemafaro ehunyengedzi.

186. Zvirokwazvo, muchava munoedzwa muhupfumi hwenyu nehupenyu hwenyu, uye zvirokwazvo muchave munowana (nekunzwa) marwadzo akawanda kubva kune avo vakapihwa Magwaro (maJudha nemaKristu) imi musati mavapo, uye kubva kune avo vanosanganisa Allah nevamwe vanamwari (zviumbwa). Asi mukave munotsungirira nekutya Allah, zvirokwazvo, uku ndiko kuratidza ushingi mumabasa (akanaka).

187. Uye (ivai munorangarira) apo Allah pavakatora chitsidzo kubva kune avo vakapihwa Gwaro (maJudha nemaKristu) kuti zvirokwazvo mucharijekesera vanhu, uye hamumbofi mariviga (Gwaro racho), asi vakave vanorifuratira (kukanganwa nezvaro), vakave vanoritengesa nemutengo wakaderera. Uye zvakaipa ndizvo zvavakatengesa nazvo.

188. Zvirokwazvo, musave munofunga kuti avo vanofara nezvavanoita, uye vanofarira kurumbidzwa neizvo zvavasina kuita, musave munofunga kuti vachazvinunurwa kubva kumarwadzo. Asi vachawana marwadzo makuru.

189. Uye Allah ndivo vane humambo wekumatenga nepasi rino. Allah vane masimba pamusoro pezvinhu zvose.

190. Zvirokwazvo, mukusikwa kwematenga nepasi rino, uye kupesana kweusiku nesikati, mune zviratidzo kune avo vanonzwisisa.

191. Avo vanorangarira Allah (nguva dzose) vakamira, kana vangave vakagara, uye vakarara nemativi avo, uye vachifunga zvakadzamisa nezve masikirwo ematenga nepasi rino (vachitaura kuti): "Tenzi vedu! Hamuna kusika zvinhu izvi (pasi nedenga) pasina chinangwa, asi kurumbidzwa kose ngakuve kwamuri! Uye ivai munotidzivirira kubva kumarwadzo ekumoto."

192. "Tenzi vedu! Zvirokwazvo, uyo wamunoendesa kumoto (weGehena), zvirokwazvo, munenge mamudzikisira pamwe nekumurwadzisa. Uye avo vanoita mabasa akaipa havambowani vabatsiri."

193. "Tenzi vedu! Zvirokwazvo, takave tinonzwa mushevedzeri (Muhammad (SAW)) achitidanira kuImaan (kutenda) achiti: 'Tendai muna Tenzi venyu,' tikava tinotenda. Tenzi vedu! Tiregererei zvitadzo zvedu, uye mova munotibvisira zvakaipa zvedu kubva kwatiri, uye mova munotitora (mova munoita kuti tife) tiri pakati peavo vanhu vanoita mabasa akanaka."

194. “Tenzi wedu! Ivai munotipa izvo zvamakativimbisa kuburikidza nevatumwa venyu, uye musava munotinyadzisa kana kutidzikisira pazuva rekumutswa, zvirokwazvo, hamutyori chivimbiso chenyu.”

195. Saka Tenzi vavo vakava vanotambira zvikumbiro zvavo (vakavapindura vachiti): “Zvirokwazvo, handiiti kuti mabasa aani nani pakati penyu ave anorasika (anotambiswa), angave murume kana mukadzi. Muri vanhu vamwechete, saka avo vakave vanotama uye vakave vanoburitswa mudzimba dzavo, uye vakave vanowana marwadzo munzira yangu, uye vakave vanorwa, uye vakave vanourawa munzira yangu, zvirokwazvo, ndichava ndinobvisa zvitadzo zvavo kubva mavari, uye tichava tinovapinza Paradhiso iro rine nzizi dzinoerera pasi paro; unova mubairo kubva kuna Allah. Uye Allah ndivo vane makomborero akanaka.”

196. Zvirokwazvo, usave unoita kuti rusununguko (pazviito) rweavo vasingatendi pano pasi rova runokunyengedza.

197. Mafaro enguva diki; uye nzvimbo yavo yekugara ichave Gehena; uye inzvimbo yakaipa kugara.

198. Asi kune avo vanotya Tenzi vavo, vachapinda Paradhiso rine nzizi dzinoerera pasi paro; umo vachagara nekusingaperi, anova mafaro kubva kuna Allah; uye izvo zvina Allah zvanakira zvikuru avo vanoita mabasa akanaka.

199. Uye zvirokwazvo, varipo pakati peavo vakapihwa Magwaro (maJudha nemaKristu) vanotenda muna Allah uye mune izvo zvakadzikiswa kwauri (Qur’aan), uye mune izvo zvakatumirwa kwavari, vachizvininipisa pamberi paAllah. Havatengesi mashoko aAllah kunyangwe nemutengo mudiki, vachawana mubairo kubva kuna Tenzi vavo. Zvirokwazvo, Allah vanopa mutongo nekukurumidza.

200. Imi vanhu vanotenda! Ivai munotsungirira uye munowedzera kutsungirira (kudarika vavengi venyu), uye mova munochengetedza nzvimbo yenyu nekuisa mauto panzvimbo idzo vavengi venyu vanokwanisa kukusvikirai nadzo, uye mova munotya Allah kuti muve vanhu vakabudirira.

# CHITSAUKO AN-NISAA

# (VAKADZI) 4

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Imi vanhu! Ivai munotya Tenzi venyu (Allah), avo vakakusikai kubva kune munhu mumwe chete (Adam), uye vakava vanosika kubva kwaari (Adam) mukadzi wake (Hawwa – Evha), uye vakave vanosika varume nevakadzi vazhinji kubva kwavari (Adam na Evha). Uye ivai munotya Allah avo vamunokumbira navo (kodzero dzenyu dzakafanira), uye musava munocheka hukama wemimba (weropa). Zvirokwazvo, Allah ndivo vanokuonai nguva dzese.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

2. Uye ivai munopa nherera hupfumi hwadzo, uye musave munochinjanisa zvakaipa (zvenyu) pane zvakanaka (zvavo); uye musave munoparadza zvinhu zvavo (nekuwedzera) pane zvinhu zvenyu. Zvirokwazvo, chivi chikuru.

3. Kana muchitya kuti hamukwanise kuita ruenzaniso pakati penherera-sikana, roorai vakadzi vamunoda, vaviri, kana vatatu, kana vana; asi kana muchitya kuti hamukwanise ruenzaniso pakati pavo, roorai mumwechete kana (varandakadzi) avo vamunochengetedza. Izvi zvinokwanisa kukuchengetedzai kubva muudzvanyiriri.

4. Uye ivai munopa vanhukadzi mari yavo yeroora (Mahr – mari inokomekedzwa munhurume kuti ape mukadzi wake panguva yekuroorana) nemoyo wakanaka; asi vakava (vakadzi venyu) vanokupai chimwe chidimbu (chemari) nokuda kwavo, itorei uye moishandisa pasina kutya chakaipa (sezvo Allah vaita kuti ive yakachena).

5. Uye musave munopa avo vasina pfungwa dzakajeka hupfumi wenyu uhwo Allah vakaita kuti uve rubatsiro kwamuri, asi vapei zvekudya nezvipfeko kubva kwauri, uye motaura navo mashoko akanaka.

6. Uye ivai munoedza nherera (pfungwa dzavo) (Ivai munoramba muchiedza nherera pfungwa dzavo) kusvika vasvika pazera rekuroora. Kana muchinge magutsikana (nepfungwa dzavo), vapei mari dzavo (hupfumi hwavo). Asi musava munoudya muchitambisa uye nekuchimbidza, muchitya kuti vangakura. Uye uyo anenge akapfuma (vareri venherera), ngaave anorega kutora hupfumi (mari yenherera), asi kana ari murombo (mureri wenherera), musiyei atore zvakafanira uye zvine hungwaru (zvinoenderana nezvaari). Uye kana muchivapa hupfumi hwavo (nherera), tsvagai zvapupu idzo dziripo (nherera) (izvo zvichatsinhira kuti makavapa mari yavo), uye Allah ndivo vega vanotonga zvose.

7. Varume vane chidimbu (cheupfumi) hwakasiiwa nevabereki kana nehama dzepedyo, uye vakadzi vane chidimbu (cheupfumi) hwakasiiwa nevabereki kana nehama dzepedyo, ungave (upfumi) hwakawanda kana ushoma, chidimbu chakatarwa (naAllah).

8. Uye kana hama nenherera uye avo vanotambura varipo panguva dzekugova (nhaka), ivai munovapa chokudya (kana zvinhu) kubva paupfumi (ihwohwo hwenhaka), uye mova munotaura navo mashoko akanaka uye ane muenzaniso (ruremekedzo).

9. Uye avo (vanogova nhaka uye vanorera nherera) ngavave vanotya udzvanyiriri hwenherera kutya kwavanoita (kudzvanyirirwa kwevana vavo) kana vachinge vafa vosiya vavo vana vadiki. Saka ngavatye Allah uye vave vanotaura mashoko akanaka.

10. Zvirokwazvo, avo vanodya upfumi hwenherera neudzvanyiriri, zvirokwazvo, vari kudya moto vachiisa mumatumbu avo. Uye vachave vanopiswa mumoto (weGehena)!

11. Allah vanova vanokukomekedzai maererano nevana venyu (upfumi hwenhaka yavo), murume (mwanakomana) anowana mugove wakafanana newevanasikana vaviri; kana paine vanasikana chete, vaviri kana vakawanda, vanowana zvidimbu zviri kubva muzvitatu ($^{2}/_{3}$) zveupfumi hwenhaka. Asi kana (musikana) ari mumwe chete, mugove wake chidimbu chepakati ($^{1}/_{2}$)



الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

(chenhaka). Vabereki (vemufi) vanowana chidimbu kubva kuzvitanhatu ($^{1}/_{6}$) cheupfumi hwenhaka umwe neumwe wavo kana mufi achinge asiya vana; asi kana asina kusiya vana, uye vabereki ndivo vega vagari venhaka (vakakodzera nemutemo), amai vanowana chidimbu kubva kuzvitatu (1/3) (cheupfumi wenhaka). Asi kana mufi aine vakoma kana hanzvadzi, amai vanowana chidimbu kubva kuzvitanhatu ($^{1}/_{6}$). Nhaka yese inopihwa mushure mekubhadhara Wiri yaanenge aiita (mufi) nezvikwereti. Hamuzivi (imi vanhu) ndiani ane rubatsiro (rukuru) pakati pavabereki venyu kana vana; (zvidimbu zvenhaka izvi) zvakava zvinokomekedzwa naAllah. Zvirokwazvo, Allah ndivo vane ruzivo rwese, uye ndivo vane hungwaru hwese.

12. Uye kune izvo zvinenge zvasiiwa nemadzimai enyu, munowana chidimbu chepakati ($^{1}/_{2}$) chenhaka kana vanga vasina mwana; asi vakasiya mwana, munowana (varume) chidimbu kubva kuzvina (¼) kune izvo zvavanenge vasiya mushure mekubhadhara Wiri yavanenge vaita kana zvikwereti. Uye kune izvo zvamunenge masiya, chidimbu chavo (vakadzi venyu) chidimbu kubva kuzvina (¼) kana musina mwana; asi mukasiya mwana, vanowana chidimbu kubva kuzvisere ($^{1}/_{8}$) yeizvo zvamunenge masiya mushure mekubhadhara Wiri yamunenge maita kana zvikwereti. Uye kana murume kana mukadzi nhaka yake irikugohwa asina vabereki kana vana, asi ane mukoma kana hanzvadzi, mumwe nemumwe wavo anowana chidimbu kubva kuzvitanhatu ($^{1}/_{6}$); asi kana vachidarika vaviri vanogovana chidimbu kubva kuzvitatu ($^{1}/_{3}$) mushure mekubhadhara Wiri yaanenge aita kana zvikwereti, kuitira kuti pasave nekurasikirwa kana kusanzwisisana (pakati penyu). Uyu ndiwo murairo kubva kuna Allah, uye Allah ndivo vane ruzivo rwese, vane moyo murefu.

13. Iyi ndiyo mitemo yakaiswa naAllah, uye uyo achateerera Allah nemutumwa wavo (Muhammad (SAW)) vachamupinza mumapindu ane nzizi dzinoerera pasi pawo (Paradhiso), umo vachagara zvachose, uye uku ndiko kubudirira kukuru.

14. Uye uyo acharegera kuteerera Allah nemutumwa wavo (Muhammad (SAW)), uye opfurikidza miganhu yavo, vachamupinza muGehena remoto, umo maachagara zvachose, uye achawana marwadzo anodzikisira.

15. Zvekare avo vanhukadzi venyu vanoita hupombwe, ivai munotora pamusoro pavo humboo kubva kuzvapupuri zvina (4) kubva kwamuri; uye vakave vanopa uchapupu, vatorei (vakadzi) vagare (vavharirei) mudzimba dzavo kusvikira rufu rwavashanyira kana kuti Allah vavavhurira (imwe) nzira.

16. Uye vanhu vaviri (mukadzi nemurume) pakati penyu vanoita hupombwe, varwadzisei vose. Asi vakave vanokumbira ruregerero (vakavimbisa Allah kuti havafi vakadzokorora hupombwe nezvimwe zvitadzo), uye zvakare vova vanoita mabasa akanaka, vasiyei. Zvirokwazvo, Allah vanoregerera zvose (ndivo muregereri uye ndivo vanotambira ruregerero), zvakare ndivo vane nyasha zvikuru.

17. Zvirokwazvo, Allah vanotambira rugerero rweavo vanoita zvakaipa vasingazivi uye vasina njere, uye vokumbira ruregerero nekukurumidza. Ndivo vanhu vanoregererwa naAllah zvakare, uye Allah ndivo vane ruzivo rwese, vane hungwaru hwose.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

18. Zvakare hakuna ruregerero kune avo vanoita mabasa akaipa kana rufu ruchinge rwashanyira mumwe wavo pakati pavo ndipo anoti: “Ikozvino ndinoreurura;” zvimwechete neavo vanofa vasingatendi. Ava takavagadzirira marwadzo makuru.

19. Imi vanhu vanotenda! Hamubvumirwi kugara nhaka vanhukadzi kana zvichipokana nezvido zvavo; uye musave munovaitira hukasha kuti mugotora chidimbu cheMahr (Chipo chinobviswa nemurume achipa mudzimai wake pavanochata) yamakavapa kunze kwekuti vaita chitadzo chiri pachena (hupombwe kana kusateerera varume vavo); uye garai navo mune zvakanaka. Kana musinga vade, munogona kusada chinhu uye Allah voisa machiri zvakanaka zvakawanda.

20. Asi kana mada kutora umwe mukadzi pachinzvimbo chemumwe mukadzi, uye makapa umwe wavo (mukadzi wekutanga) Qintaar (goridhe rakawanda sechipo cheroora - Mahr), musava munovatorera (vakadzi vamasiya) chingave chidimbu cheroora (yamakavapa). Mungatore here (mari yeroora kubva kuvakadzi vamaramba) musina mvumo uye muine chitadzo chiri pachena?

21. Uye mungavatorera sei (mari yamakavapa) imi makamborarara navo (makaita bonde navo), uye vakava vanotora kubva kwamuri chitsidzo chakasimba?

22. Uye musava munoroora vakadzi avo vakamboroorwa nemadzibaba enyu kusara kwezvakaitika kare. Zvirokwazvo, zvinonyadzisa uye zvinovengwa (hazviite), uye inzira yakaipa.

23. Munorambidzwa kuroora: vanaamai venyu, vanasikana venyu, hanzvadzi dzenyu, madzitete enyu, vanin’ina nemadzikoma vanaamai venyu, vanasikana emadzikoma enyu, vanasikana vehanzvadzi dzenyu, madzimai vakakuyamwisai vasiri vanaamai venyu (vakakuchengetai), hanzvadzi dzenyu dzakayamwa kubva kumadzimai vakakuyamwisai, vanaamai vevakadzi venyu, vanasikana vevakadzi venyu avo vamuri kuchengeta kubva kumadzimai avo makaita bonde navo, asi hamuna chitadzo (kana mukaroora vanasikana ava) kana musina kumboita bonde navo (vanaamai vavo), madzimai evanakomana venyu avo vamakabereka kubva mumbeu dzenyu, uye kuroora mukoma nemunin’ina panguva imwe chete kusara kwezvakaitika kare (zvisati zvarambidzwa). Zvirokwazvo, Allah vanoregerera zvikuru, vane tsitsi zhinji.

24. Uye zvakare (zvinorambidzwa kwamuri kuroora) vakadzi vakaroorwa, kusara kweavo varanda vari mumaoko enyu erudyi (vamunochengeta). Izvi Allah vakakutarirai (pasi). Vamwe vose vanobvumidzwa kwamuri (kuti muroore) hunge mavapa Mahr (Mari inopiwa mukadzi nemurume wake panguva yaanoroorwa) kubva kuupfumi hwenyu, muine chishuwo chekuita navo hunhu (kuzvichenesa kubva kumabasa erima), musingaite choupombwe. Saka avo pakati pavo vamunogarisana navo (vamunoita bonde navo), vapei mari yavo (Mahr) yakatarwa; asi kana Mahr yatarwa, mobvumirana pachenyu (kuwedzera), hamuna chitadzo (mukadaro). Zvirokwazvo, Allah vane ruzivo rwose, vane hungwaru hwose.

25. Uye uyo asingakwanise kuroora pakati penyu (uyo asina nzira dzekuroora nadzo dzakafaranuka) vakadzi vanotenda (vasiri varanda), anokwanisa kuroora vasikana vanotenda kubva kune avo vari mumaoko enyu erudyi (varanda vamunochengeta), uye Allah vanoziva zvikuru kutenda kwenyu (mavari); muri vamwe chete (vanhu vamwe chete). Saka varoorei muine mvumo yevabereki vavo (vachengeti vavo) uye movapa Mahr yavo munezvakanaka (yakafanira, inoshanda uye inotenga



الجديد و الحصري NEW & EXCLUSIVE

kana kushandisika zvinogutsa); varandasikana vanofanirwa kuva nehunhu, vasingaite cheupombwe, uye vasina vakomana vavanodanana navo. Uye kana vachinge varoorwa, vakaita cheupombwe, murango wavo chidimbu chemurango weavo vasina kuroorwa (vasiri varanda). Izvi ndezve uyo pakati penyu anotya kukuvadzwa muchitendero chake kana pamuviri wake; asi zvakakunakirai kana mukatsungirira, uye Allah vanoregerera zvikuru, vane tsitsi dzese.

26. Allah vane chishuwo chekukuburitsirai pachena (zvinodiwa nezvinorambidzwa), nekukuratidzai nzira dzeavo vaivepo musati mavapo, uye kuti vave vanotambira ruregerero rwenyu, uye Allah vanoziva zvese, vane hungwaru hwose.

27. Allah vane chishuwo chekukuregererai (kutambira ruregerero rwenyu), asi avo vanotevera zvinoda miviri yavo, vane chishuwo chekukubvisai zvikuru munzira yakatwasuka.

28. Allah vane chishuwo chekukurerutsirai zvinhu, uye munhu akasikwa asina simba (asingakwanisi kutsungirira kubva kubonde nemukadzi).

29. Imi vanotenda! Musave vanhu vanodya upfumi hwenyu pakati penyu neudzvanyiriri, kusara kwekuti muri kutenga nekutengeserana pakati penyu muchibvumirana pachenyu. Uye musave munozviuraya (kana kuurayana). Zvirokwazvo, Allah vane tsitsi zhinji kwamuri.

30. Asi uyo anozviita (kudya upfumi hwevamwe neudzvanyiriri, kuzviuraya uye kuuraya vamwe) nekuda kwechitadzo uye kudzvanyirira, tichamukanda mumoto, uye izvo zviri nyore kuna Allah.

31. Mukave munosiya zvitadzo zvikuru zvamunorambidzwa kuti muite, tichakuregererai zvitadzo zvenyu (zvidiki), uye tokupinzai nenzira yakanaka (kuParadhiso).

32. Uye musave munoshuwira zvinhu Allah vakaita nazvo vamwe venyu vave pamusoro pevamwe. Varume vane mubairo pane izvo zvavanowana, uye (zvimwechetewo) vakadzi vane mubairo pane izvo zvavanowana, uye kumbirai Allah makomborero avo. Zvirokwazvo, Allah ndivo muzivi wezvose.

33. Uye kune vose, takave tinosarudza vagari venhaka yakasiiwa nevabereki uye nehama. Uye kune avo vamakapikira (hukama), vapei chidimbu chavo (nekuda kweWiri). Chokwadi, Allah ndivo chapupu chezvose.

34. Varume ndivo vachengetedzi nevashongedzi vemadzimai nekuti Allah vakaita kuti umwe ave pamusoro peumwe, nechikonzero chekuti vanopa kubva muhupfumi hwavo. Naizvozvo vakadzi vakanaka vanoteerera (Allah uye nevarume vavo), vanochengetedza kana varume vavo vasipo izvo Allah vakavakomekedza kuti vazvichengetedze (hunhu hwavo, nemidziyo yevarume vavo). Uye avo vakadzi vasingateereri (vanozvibata zvakaipa), vayambirei (pokutanga), uye (mushure mezvo) moramba kurara navo pamibhedha, uye (kwekupedzisira) varovei (zvishoma kana muchifunga kuti zvinogona kubatsira); asi vakave vanokuteererai musave munovatsvagira nzira (yekupokana navo). Zvirokwazvo, Allah ndivo vari pamusoro-soro, ndivo mukuru.

35. Uye kana muchitya kuparadzana (kusawirirana) pakati pavo vaviri (murume nemukadzi), tsvagai vanoyananisa, umwe anobva kumhuri yemurume uye umwe anobva kumhuri yemukadzi. Kana

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

vose vakave vanoshuwira runyararo, Allah vanoita kuti wirirano ivepo. Zvirokwazvo, Allah ndivo muzivi mukuru wezvose.

36. Uye namatai Allah uye musave munovasanganisa nevamwe vanamwari (mukunamata), uye mova munoita zvakanaka kuvabereki, vehukama, nherera, vanotambura, muvakidzani ane hukama, muvakidzani wekure (asina hukama), shamwari yepedyo, mupfuuri wenzira, uye neidzo (nhapwa) dziri mumaoko enyu erudyi (dzamunochengeta). Zvirokwazvo, Allah havadi vanodada nekuzvitutumadza.

37. Avo vanoomera uye vanokomekedza vamwe vanhu kuti vave vanoomera uye vanovanza izvo zvakanaka zvavakapihwa naAllah kubva mumakomborero avo. Uye takave tinovagadzirira vanhu vasingatende marwadzo anodzikisira.

38. Uye avo vanopa hupfumi hwavo nekuda kuonererwa nevanhu, uye havatende muna Allah nezuva rekupedzisira (ishamwari dzaSatani). Uye uyo anotora Satani semufambidzani wake, saka ane mufambidzani akaipa!

39. Uye vanoshaiwei vakave vanotenda munaAllah nezuva rekupedzisira, uye vopa kubva kune izvo zvavakapiwa naAllah? Uye Allah vanovaziva zvikuru.

40. Zvirokwazvo, Allah havaiti chakaipa nyangwe chine huremu hwekanhu kadiki diki (kana hwekasvosve kadiki diki), asi kana paine chinhu chakanaka (chaitwa), vanochipeta kaviri (Allah), uye vanopa kubva kwavari mubairo mukuru.

41. Saka zvichange zvakadini, patichaunza chapupu kubva kuboka revanhu rega rega, uye tounza iwe (Muhammad (SAW)) sechapupu pamusoro pevanhu ava?

42. Musi iwoyo vanhu vange vasingatendi uye vasingateere mutumwa (Muhammad (SAW)), vachashuwira kuti dai varamba vakavigwa pasi penyika, asi havazombokwanisi kuvanza kana shoko rimwe chete kubva kuna Allah.

43. Imi vanotenda! Musave munouya kumunamato (Swalaah) makadhakwa kusvikira mavakuziva zvamuri kutaura, uye kana musina kuchena (muine Janaabah – kuita bonde nemadzimai enyu), kunze kwekuti muri parwendo (muchipfuura nemuMasjid), kusvikira mageza muviri wose (Ghusl). Zvekare kana muchirwara, kana kuti muri parwendo, kana kuti mumwe wenyu arikubva kunoshandisa chimbuzi (Ghaait), kana kuti marara nemadzimai enyu (maita bonde navo), uye mobva mashaiwa mvura, itai Tayammum nevhu rakachena mopukuta zviso zvenyu nemaoko enyu neivhu. Zvirokwazvo, Allah ndivo vanokanganwira, muregereri mukuru.

44. Hauna kuona here avo vakapihwa chidimbu cheGwaro (maJudha) vakatenga nzira yakarasika, uye vanoshuwira kuti murasike nzira yakatwasuka?

45. Uye Allah vane ruzivo rwose rwevavengi venyu, uye Allah ndivo vanokwana semuchengetedzi, uye Allah ndivo vanokwana semubatsiri.

46. Mukati memaJudha, mune avo vanosandurudza mazwi kubva munzvimbo dzavo (mazwi) uye vanoti: “Tinonzwa mashoko ako (Muhammad (SAW)) asi hatitevedzeri.” Uye “Inzwa, asi iwe



NEW & EXCLUSIVE

(Muhammad SAW)) usanzwe chinhu." Uye "*Raaina* (izwi rekutuka muchiJudha)" vachishandura ndimi dzavo uye vachishora chitendero (cheIslaam). Asi dai vakangoti: "Tinonzwa nekuteerera, asi usave unoita kuti tinzwisise," zvaiva nani kwavari uye zvakanakisisa; asi Allah vakavarengera nekusatenda kwavo, saka havatendi kunze kwevashoma

47. Imi makapihwa Gwaro (maJudha nemaKristu)! Tendai mune izvo zvatakatumira (Muhammad (SAW)) zvinotsinhira izvo zvamunazvo, tisati tasandura zviso zvenyu (zvofanana nehuro dzenyu dzisina maziso nemiromo) uye tozvidzosera kumashure, kana kuti tovarengera sekurengera kwatakaita vanhu vakatyora Sabata. Uye murairo hwaAllah unoitwa.

48. Zvirokwazvo, Allah havaregerere kusanganiswa nezvimwe zvinhu mukuvanamata, asi vanoregerera zvimwe zvose kune uyo wavanoda; uye uyo achasanganisa Allah nezvimwe zvinhu (mukuvanamata), zvirokwazvo anenge avamba chitadzo chikuru.

49. Hauna kuona avo (maJudha nemaKristu) vanozviita vanhu vanokosha? Asi Allah vanokoshesa uyo munhu wavanoda, uye havazombo dzvanyirirwe nepadiki pose, sehudiki hwemhodzi yetsanga.

50. Tarisa, kugadzira kwavanoita manyepo pamusoro paAllah, uye chakakwana icho sechitadzo chiri pachena.

51. Hauna kuona here avo (vanhu) vakapihwa chidimbu cheGwaro? Vanotenda mu Jibt uye Taaghut (zvivanamwari zvisiri Allah zvinosanganisira zvidhori, matombo, ngirozi, zuva, nemoto), uye vanoudza avo vasingatendi kuti vakatungamirirwa kudarika avo vanotenda (maMuslim).

52. Avo vanhu vakatukwa naAllah, uye uyo munhu anotukwa naAllah, haumbomuwaniri mubatsiri.

53. Kana kuti vane chidimbu here cheumambo? Saka, havambopi vanhu chingave chii zvacho kana moyo wemhodzi ye tsombori.

54. Kana kuti vanoitira vanhu godo here (Muhammad (SAW) nevateveri vake) pane izvo Allah vakavapa kubva kumakomborero avo? Saka zvirokwazvo takava tinopa mhuri yaAbrahamu, Gwaro uye hungwaru, uye tikavapa humambo hukuru.

55. Pakati pavo pane vanotenda maari (Muhammad (SAW)), uye pakati pavo pane vanozvidzivirira (kumupira makotsi nekusatenda maari) kubva kwaari (Muhammad (SAW)); uye moto unokwana kuvapisa (vose).

56. Zvirokwazvo! Avo vasingatendi mune humboo wedu (magwaro atakatumira), tichavapisa mumoto (weGehena). Kana matehwe (makanda) avo achinge atsva ese, tichavapa mamwe matehwe kuti vave vanoravira marwadzo (emoto). Zvirokwazvo, Allah vane simba rose, vane hungwaru hwose.

57. Asi avo vanotenda (muhumwechete hwaAllah) uye vachiita mabasa akanaka, tichava tinovaisa mumapindu umo muine nzizi dzinoerera pasi pawo, umo vachagara nekusingaperi. Varimo, vachawana vakadzi vakachenurwa (nevarume vakachenurwa), uye tichavaisa mumvuri hombe usingaperi (unotonhorera).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

58. Zvirokwazvo, Allah vanokukomekedzai kuti muve munopa (munodzorera) kodzero kune avo vakakodzera (varidzi); uye kuti kana muchitonga pakati pevanhu mova munotonga zvine ruenzaniso. Zvirokwazvo, izvo Allah vanokudzidzisai zvakanaka! Zvirokwazvo, Allah vanonzwa zvese, vanoona zvese.

59. Imi vanotenda! Teererai Allah uye teererai mutumwa (Muhammad (SAW)), uye avo vemutemo pakati penyu. Uye kana mapikisana (Pane zvimwe zvinhu) pakati penyu, ivai munozvidzorera kuna Allah nemutumwa wavo (Muhammad (SAW). Ivai munotsvaga mutongo kubva muQur'aan neSunnah) kana muchitenda muna Allah uye muzuva rekupedzisira. Izvi zviri nani uye zvakakodzera pakupa mutongo wekupedzisira.

60. Hauna kuona here avo (maMunaafiq (hwenyakwese)) vanoti vanotenda mune izvo zvakatumirwa kwauri (Qur'aan), uye izvo zvakatumirwa usati wavepo? Vane chishuwo chekutsvaga hutongi (mukunetsana kwavo) muzvinamwari zvavo, asi vakakomekedzwa kusatenda mazviri. Asi Satani anoshuwira kuti vave vanorasika zvikuru.

61. Uye kana zvanzi kwavari: "Huyai kune izvo zvakatumirwa naAllah uye kune mutumwa wavo (Muhammad (SAW))," unoona vanhu (vanonyepera) hwenyakwese vachikufuratira vasingadi.

62. Saka sei kana matambudziko avawana nokuda kwezvavakaita nemaoko avo vachiuya kwauri vachipika naAllah: "Hatidi zvimwe zvinhu kunze kwezvakanaka newirirano!"

63. Ndivo (hwenyakwese) vanhu avo Allah vanoziva zviri mumoyo yavo; saka vasiye (usave unovarwadzisa) asi vayambire, uye vovaudza mashoko ane hudzamu (kutenda muna Allah, kuvanamata, kuvateerera (Allah), uye kuvatya) kusvikira mukati memoyo yavo.

64. Hatina kutumira mutumwa, asi kuti ateererwe nekuda kwaAllah. Asi dai vakave (vanonyepera), apo pavakazvidzvinyirira pachezvavo, vanouya kwauri (Muhammad (SAW)) vachikumbira ruregerero kubva kuna Allah, uyezve mutumwa akavakumbirira ruregerero, zvirokwazvo dai vakawana Allah vari vanoregerera zvikuru, vane tsitsi zhinji.

65. Asi kwete, naTenzi vako, havambotendi kusvikira vakuita mutongi (Muhammad (SAW)) mune izvo zvavanopokana pakati pavo, uye voshaiwa dambudziko mumoyo yavo nezvaunenge waronga, uye vozvitambira nekuzvipira kwakazara.

66. Asi dai takavakomekedza (tichiti): "Zviurayei pachezvenyu (vasina mhosva vauraye vane mhosva) kana kuti mosiya dzimba dzenyu," vashoma pakati pavo ndivo vaizviita; asi dai vakaita zvavakaudzwa, zvaiva nani kwavari, uye zvaisimbisa kutenda kwavo.

67. Uye zvirokwazvo dai takavapa makomborero makuru kubva kwatiri.

68. Uye zvirokwazvo dai takavachengetedza munzira yakatwasuka.

69. Uye uyo anoteerera Allah nemutumwa wavo (Muhammad (SAW)), nekudaro vanenge vari muboka reavo vakapiwa tsitsi naAllah, maporofita, vatevedzeri vemaporofita (avo vakatanga-tanga kutenda mavari, vakaita saHazrat Abu Bakr (RA)), vakafira muhondo, neavo vanoita mabasa akanaka. Uye ava vakanaka sei kuva pamwechete navo!

70. Aya ndiwo mamwe makomborero kubva kuna Allah, uye Allah ndivo vega vakakwana semuzivi wezvose.

71. Imi vanotenda! Zvidzivirirei, uye moenda mberi (pahondo) muri mapato, kana kuti moenda pamwechete.

72. Uye zvirokwazvo pakati penyu pane uyo anosara kumashure (mukurwa munzira yaAllah). Kana zvakaipa zvakuwanai anoti: "Zvirokwazvo, Allah vave vanondikomborera nekuti ndanga ndisiri pakati pavo."

73. Asi kana makomborero (makunda kana mhimbiri) auya kwamuri kubva kuna Allah, zvirokwazvo anotaura achiti, sezvinonzi hapana hukama pakati pako (Muhammad (SAW)) naiye: "Ini zvangu! Ndinoshuvira kuti dai ndange ndirinawo, dai ndabudirira zvikuru (kubva mumhimbiri yemuhondo)."

74. Siyai avo (vanotenda) vanotengesa hupenyu wepasi rino kuti vagowana hupenyu hwemangwana varwe munzira yaAllah, uye uyo acharwa munzira yaAllah, uye ofira munzira iyoyo kana kuti owana kukunda, tichamupa mubairo mukuru.

75. Uye dambudziko renyu nderei rinokutadzisai kurwa munzira yaAllah, uye avo vasina simba, vanobatwa nekuseri kweruoko neavo vanodzvanyirirwa pakati pevarume, vakadzi, nevana, vanochema vachiti: "Imi Tenzi vedu! Ivai munotinunura kubva munzvimbo yevanhu vanodzvanyirira, uye mova munotitumidzirawo kubva kwamuri (Allah) uyo anotichengetedza (kubva muhudzvanyiriri), uye mova munotitumirawo kubva kwamuri (Allah) mubatsiri."

76. Avo vanotenda, vanorwa munzira yaAllah, uye avo vasingatendi vanorwa munzira yaTaaghoot (Dhiyabhorosi (Satani)). Saka imi rwisai shamwari dzaSatani. Zvirokwazvo, hurongwa waSatani hwagara hauna simba.

77. Hauna here kuona vanhu avo vakaudzwa kuti musave munotambanudza maoko enyu (kuva munorwa hondo), asi itai Swalaah, nekuva munopa Zakaah (Zvipo kuvarombo); asi hondo payakava inokomekedzwa kwavari, tarisai! chimwe chikwata pakati pavo chinotya vamwe varume sekutya kwavanoita Allah kana kutya kwakakura. Vanoti: "Tenzi vedu! Seiko mave munotikomekedza kurwa hondo? Madini mambotipawo kanguva kadiki-diki?" Iti: "Mafaro epasi pano madiki. Hupenyu hwemangwana huri nani kune uyo anotya Allah, uye hamuzombo dzvanyirirwe kana napadiki pose pakafanana netambo yemhodzi yemadheti."

78. "Kose kwamuri, rufu rwunokuwanai kunyangwe mukave mudzimba kana midhuri mirefu yakasimba!" Uye kana chakanaka chikavasvikira vanoti: "Izvi zvabva kuna Allah," asi zvakashata zvikavawira vanoti: "Izvi zvabva kunewe (Muhammad (SAW))." Iti: "Zvinhu zvose zvinobva kuna Allah," saka dambudziko revanhu ava nderei rekuti vanotadza kunzwisisa shoko rimwe chete?

79. Chinhu chakanaka chinouya kwauri chinobva kuna Allah, asi chose chakaipa chinoitika kwauri, chinobva kwauri pachezvako. Uye takave tinokutumira (Muhammad (SAW)) semutumwa kuvanhu vose, uye Allah vakakwana semupupuri.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

80. Uyo anoteerera mutumwa (Muhammad (SAW)), zvirokwazvo anenge ateerera Allah. Asi uyo anofuratira kure, hatina kukutumira iwe (Muhammad (SAW)) semuchengetedzi wavo.

81. Vanotaura (kuti): "Tinoteerera," asi kana vachinge vakusiya (maparadzana) (Muhammad (SAW)), chikwata chevamwe pakati pavo vanopedza husiku hwese (vachifunga) vachironga izvo zvausina kutaura. Asi Allah vanonyora hurongwa hwavo hweusiku. Saka (usavapa marwadzo) siyana navo (Muhammad (SAW)), uye woisa vimbo muna Allah. Uye Allah ndivo vakakwana zvikuru pakufambisa nyaya dzese.

82. Havafungi here (zvakadzama) zvakanaka pamusoro peQur'aan? Dai rakanga (Qur'aan) risiri raAllah, zvirokwazvo vaiwana mukati maro pikiso yakawandisa (rine ndima dzinopikisana).

83. Uye kana kukauya nyaya dzesununguko kana dzinotyisa kwavari, vanoita kuti dzizivikamwe nevanhu. Asi dai vakaipira kuna mutumwa (Muhammad (SAW)) kana kune avo vakapihwa simba rehutongi (vanhu vemutemo) pakati pavo, vanhu vanotsvaga (vanoongorora) nyaya dai vakainzwisisa kubva kwavari. Dai dzisiri tsitsi nengoni dzaAllah pamuri imi, zvirokwazvo dai makatevera Shaytaan (Satani), kusara kwevashoma pakati penyu.

84. Saka irwa (Muhammad (SAW)) munzira yaAllah, hautongerwi (mhosva dzevamwe) kusara kwezvako, uye iva unokurudzira vatendi (kurwa pamwechete newe) pamwe Allah vanobvisa zvakaipa zveavo vasingatendi. Uye Allah vane simba rekutonga uye simba rekupa marwadzo.

85. Uyo anomirira (munhu) mune zvakanaka anowana makomborero, asi uyo anomirira (munhu) mune zvakaipa anowana chidimbu chemarwadzo acho (miririro yakaipa). Uye Allah vane simba rekuita zvose (kana kupupura zvese).

86. uye kana mukakwaziswa nekwaziso, ivai munopindura nekwaziso yakadarika iyoyo (yavakwazisa) kana yakafanana (neiyoyo yamapihwa). Zvirokwazvo, Allah ndivo vanonyora zvinhu zvese (vachabvunza pamusoro pezvinhu zvese).

87. Allah! Laa ilaaha illaa Huwa (Hakuna umwe mwari anekodzero yekunamatwa kunze kwavo). Zvirokwazvo, vachakuunganidzai (mese) pazuva rekumutswa iro risina pokano (kuti richaveko here). Uye ndiani ane shoko rechokwadi kudarika Allah?

88. Nemhaka yei makapatsanurana mumapato maviri maererano nemaMunaafiq (Vanyengedzi)? Allah vakavadzosera shure (kuenda mukusatenda zvakare) neizvo zvavakakawana. Munoda (here) kutungamira uyo abviswa pagwara naAllah? Zvirokwazvo, uyo Allah vanomubvisa pagwara haukwanisi kumuwanira imwe nzira (yakatwasuka).

89. Vanoda kuti murambe Imaan (kutenda muna Allah) sekamurambiro kavakaita Imaan, kuti muenzane (muzviito). Saka musashamwaridzane navo kusvika vatama munzira yaAllah (kuenda kunaMuhammad (SAW)). Asi kana vakapanduka kubva (kuIslaam), vabatei uye movauraya kwese kwamunenge mavawana. Uye musatora seshamwari ani nani pakati pavo kana kutsvaga mubatsiri (pakati pavo).

90. Kunze kweavo vanobatana nebato rine pakati penyu naivo chibvumirano cherunyararo, kana avo vanouya nemoyo yavo isingadi kurwisana nemi uye kuda kurwisana nevanhu vavo. Uye dai Allah vaida, zvirokwazvo vaivapa simba pamusoro penyu, uye vaikurwisai. Asi kana vakasiyana nemi, vorega kukurwisai, uye vokupai runyararo (sununguko), zvino Allah havana kukuvhurirai nzira pamusoro pavo.

91. Muchawana vamwe vanoshuwira kuwana kuchengetedzwa kubva kwamuri, uye kuchengetedzwa kubva kuvanhu vavo. Nguva dzose vanotumirwa kumiedzo vanowira mairi. Saka kana vasina kukusiyai, kana kukupai runyararo, kana kudzora maoko avo, vatorei uye vaurayei pamunenge mavaona. Uye vakadaro, tave tinokupai pamusoro pavo masimba ari pachena.

92. Uye hazvikodzeri kuti mutendi ave anouraya mumwe mutendi kunze kwekukanganisa. Uye uyo anouraya mutendi nokuda kwekukanganisa, panomanikidzirwa kuti pave panonunurwa nhapwa inotenda uye nekuripa mari (Diyah) inopihwa hama dzemufi kunze kwekuti varegerera. Asi kana mufi achibva kuvavengi venyu uye ari mutendi panofanirwa kununurwa nhapwa inotenda (kunomanikidzirwa). Asi kana achibva kuvanhu vamune chibvumirano navo chemushandira pamwe, panoripwa mari (Diyah) inofanirwa kupihwa mhuri yake, uye mutendi ari nhapwa anofanirwa kununurwa. Uye uyo asingakwanise kuwana (mari nenhapwa), anofanirwa kutsanya kwemwedzi miviri yakatevedzerena achitsvaga ruregerero kubva kuna Allah. Uye Allah ndivo muzivi wezvose, vane hungwaru hwose.

93. Uye uyo anouraya mutendi nokuda, mubairo wake iGehena, umo maachagara zvachose, uye hasha nekurengerwa naAllah zvichamuwana, uye marwadzo makuru takamugadzirira.

94. Imi vanotenda! Mukaenda (kunorwa) munzira yaAllah, ivai munotarisisa, musave munotaura ani zvake uyo anokumhoresai (nokutambira Islaam): "Hausi mutendi;" muchitsvaga zvinhu zvinopfuura zvehupenyu hwenyika. Asi Allah ndivo vane mibairo nenhimbiri zhinji. Mange makadaro mushure sezvaari ikozvino, Allah vakakumborerai (i.e. vakakuratidzai gwara reIslaam), naizvozvo, ivai munongwarira marwadzo. Zvirokwazvo, Allah vanoziva zvose zvamunoita.

95. Havana kuenzana avo vanotenda vanogara (mudzimba) kusiya kweavo vasingakwanisi vakakuvara (mapofu nevakaremara), neavo vanhu vanotsungirira nekurwa munzira yaAllah nehupfumi hwavo nehupenyu hwavo. Allah vakave vanosimudzira muzvidanho avo vanhu vanotsungirira kurwa nehupfumi hwavo nehupenyu hwavo kune avo vanhu vanogara (kumba). Pane umwe, Allah vakamuvimbisa zvakanaka (Paradhiso), asi Allah vakasarudza avo vanotsungirira nekurwa kune avo vanogara (kumba) nemubairo mukuru.

96. Zvidanho zviri pamusoro kubva kwavari, nekuregererwa netsitsi. Uye Allah ndivo vanoregerera zvikuru, vane tsitsi zhinji.

97. Zvirokwazvo, avo ngirozi dzinotora moyo yavo vari pakati pekutadza pachezvavo (sekugara kwavanoita nevasingatendi nyangwe zvazvo kutama kwakave kunomanikidzirwa kwavari), (Ngirozi) dzinoti (kwavari): "Maive muri pachidanho chipi?" Vanopindura vachiti: "Tangatiri vanhu vakaneta uye taidzvanyirirwa panyika." (Ngirozi) dzinoti: "Nyika yaAllah yange isina

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

kufara here kwamuri kuti muve munotama mairi?" Vanhu vakadaro vachagara kuGehena. Uye inzvimbo yakashata kugara!

98. Kusiya kwevanhu vasina simba pakati pavo, varume, vakadzi nevana vasingakwanise kuronga, uye vasingakwanise kutsvaga imwe nzira.

99. Ava ndivo vanhu vacharegererwa naAllah, uye Allah ndivo vanokanganwira zvikuru, vanoregerera zvikuru.

100. Uye uyo anotama (kubva kumba kwake) munzira yaAllah, achawana nzvimbo dzakawanda dzekugara neraramo. Uye uyo anosiya imba yake achitama achienda kuna Allah nemutumwa wavo (Muhammad (SAW)), uye rufu romuwana, mubairo wake una Allah. Uye Allah ndivo vanoregerera zvikuru, vane tsitsi zhinji.

101. Uye pamunenge muri parwendo (maMuslim) munyika, hamuna chitadzo mukave munodimbura Swalaah (Munamato) kana muchitya kuti vanhu vasingatendi vangangokuisai pamiedzo (kukurwisai kana kukuitai zvimwe zvakaipa). Zvirokwazvo, vanhu vasingatendi imhandu dzenyu dziri pachena.

102. Uye kana iwe (Muhammad (SAW)) uripo pakati pavo, vatungamire Swalaah (Munamato). Iva unoita kuti chimwe chikwata chive chinomira newe (mumunamato) vaine zvombo zvavo; uye vakapedza kugwadama, ngavaende kunzvimbo dzavo vomira kumashure kuti chimwe chikwata chisati chaita Swalaah (Munamato) chiuye vanamate newe, asi vangwarire uye vatakure zvombo zvavo. Avo vasingatendi vanoshuwira, kuti dai mangoshaya hanya nezvombo zvenyu nezvose zvinokubatsira mukurwa, kuti vagokurwisai makarivara nekukuvhumburai. Asi hamuna chitadzo mukava munosiya zvombo zvenyu nekuda kwezvuzvunga remvura kana kuti muri kurwara. Asi ivai munoedza nepamunogona kuzvichengetedza zvakanyanya. Zvirokwazvo, Allah vakagadzirira kunyadzisa avo vasingatendi nemarwadzo makuru.

103. Kana mapedza minamato yenyu (Swalaah makawanda), rangarirai Allah makamira, makagara, uye makarara nemativi enyu. Asi kana muchinge mabuda mumatambudziko, itai Swalaah (Munamato). Zvirokwazvo, Swalaah (Munamato) yakave inotarirwa vatendi nenguva dzayo.

104. Uye musave munoita nungo mukurwisa muvengi. Kana muchinge mawirwa nematambudziko, zvirokwazvo, naivo zvakare varikuonawo (nhamo) matambudziko, asi imi mune tarisiro kubva kuna Allah (yemubairo weParadhiso) izvo zvavasingambotarisire; uye Allah ndivo muzivi wezvose, vane hungwaru hwose.

105. Zvirokwazvo, takave tinodzikisa kwauri (Muhammad (SAW)) Gwaro rechokwadi (Qur'aan) kuti uve unoyananisa pakati pevanhu neizvo zvawakaratidzwa naAllah. Uye usave pakati peavo vanonyengedzwa kana mupikisi (mumiririri).

106. Uye kumbirai ruregerero rwaAllah. Zvirokwazvo, Allah ndivo muregereri mukuru, vane tsitsi zhinji.

107. Uye usave unoita nharo uchimiririra avo vanozvinyengedza pechezvavo. Zvirokwazvo, Allah havadi uyo ane tsika yekunyengedza nekuita zvakaipa.

108. Vanoviga (zvakashata zvavanoita nezvinangwa zvavo) kune kuvanhu, asi havakwanise kuvigira Allah; nekuti Allah vanavo (neruzivo rwavo) pavanopedza husiku hwese mune izvo zvavasingatambiri (Allah) kune zvavanotaura. Uye Allah vanokomberedza (vanoziva) zvose zvavanoita.

109. Tarisai! Ndimi munoita nharo muchivamirira muhupenyu hwepasi, asi ndiani achavaitira nharo kuna Allah pazuva rekumutswa, kana kuti ndiani achavamirira (achavachengetedza)?

110. Uye uyo anoita chitadzo kana kuzvidzvanyirira pachake uye obva akumbira ruregerero kuna Allah, achawana Allah vari muregereri mukuru, vane tsitsi zhinji.

111. Uye uyo anoita chitadzo, anozviitira pachezvake. Uye Allah vanoziva zvese, vane hungwaru hwese.

112. Uye uyo anokanganisa kana anoita chitadzo, uye obva apomera umwe munhu asina mhosva, zvirokwazvo arikuzviremedza mutoro pachezvake nokuda kwemanyepo uye nechitadzo chiri pachena.

113. Dai nyasha dzaAllah netsitsi dzavo dzisina kuva pauri (Muhammad (SAW)), zvirokwazvo chikamu pakati pavo dai vakaronga kuti vave vanokurasisa, asi havave vanokurasisa kunze kwekuti pachezvavo, uye hapana chakaipa chavanokwanisa kuita kwauri nyangwe chidiki. Uye Allah vakave vanokutumira Gwaro (Qur'aan), nehungwaru (mitemo yeIslaam), uye vakave vanokudzidzisa izvo zvaukange usingazivi. Uye nyasha dzaAllah kwauri (Muhammad (SAW)) dzakakura.

114. Hapana zvakanaka mune izvo zvakawanda zvavanotaura muchihwande kusara kweuyo anokurudzira Swadaqah (Zvipo munzira yaAllah), kana zvakanaka (mabasa ese akanaka akakomekedzwa naAllah), kana kuyanana pakati pevanhu; uye uyo anoita izvi achitsvaga mufaro hwaAllah, tichave tinomupa mubairo mukuru.

115. Uye uyo anoramba uye anopokana namutumwa (Muhammad (SAW)) mushure mekunge aratidzwa pachena nzira yakanaka, uye oteverawo nzira isiri yevatendi, tichave tinomuchengetedza munzira yaasarudza, uye tichava tinomupisa kumoto weGehena. Uye inova nzvimbo yakashata kugara!

116. Zvirokwazvo, Allah havaregerere Shirk (chitadzo chekuvasanganisa nevamwe vanamwari pakuvanamata), asi vanoregerera uyo wavanoda zvitadzo zvimwe zvisiri ichi (cheShirk). Uye uyo anosanganisa vamwe vanamwari pakunamata naAllah, zvirokwazvo anenge arasika zvachose.

117. Kune avo vose (vanonamata zvimwe zvinhu zvisiri Allah) hakuna chimwe chavanokumbira (chavanosheedza) kunze kwevanamwarikadzi vachisiya ivo (Allah), uye hakuna chavanokumbira (chavanosheedza) kunze kwaSatani, mupanduki mukuru!

118. Allah vakamutuka, uye (Satani) akati: “Ndichatora chikamu chakatarwa chevaranda venyu.”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

119. “Uye zvirokwazvo, ndichaita kuti varasike, uye ndichasimudza zvido zvemanyepo pakati pavo, uye ndichavakomekedza kuti vacheke (vaboore) nzeve dzemombe, uye zvirokwazvo ndichavaita kuti vashandure izvo zvakasikwa naAllah.” Uye uyo anotora Satani semubatsiri wake kunze kwaAllah, zvirokwazvo anenge akarasikirwa kurasikirwa kuri pachena.

120. Iye (Satani) anovavimbisa, uye achivasimudzira zvido zvenhema, uye Satani hapana chaanovimbisa kunze kwemanyepo (nyengedzo).

121. Vanhu ava vachanogara kuGehena, uye havambowani nzira yokutiza nayo kubva kwariri.

122. Asi avo vanotenda (muhumwechete hwaAllah) uye vachiita mabasa akanaka, tichavapinza mumapindu ane nzizi dzinoerera pasi pawo (Paradhiso), umo vachagara nekusingaperi. Vimbiso yaAllah ndeye chokwadi. Uye ndiani angaita mashoko echokwadi kudarika aAllah? (Zvirokwazvo, hapana).

123. Hakusi kuda kwenyu (maMuslim) kana kweavo vanhu veGwaro (maJudha nemaKristu). Uyo anoita mabasa akaipa, achawana mubairo wavo (mabasa akaipa), uye haambowani achamudzivirira (kubva kumoto) kana mubatsiri kunze kwaAllah.

124. Uye uyo anoita mabasa akanaka, angava murume kana mukadzi, uye achitenda zvechokwadi (muhumwechete hwaAllah), vanhu vakadai (vanotenda) vachapinda Paradhiso uye havambodzvinyirirwe kunyangwe nepadiki pose pakafanana nezera rekanhu kadiki kari pamhodzi yemadheti.

125. Uye ndiani ane chitendero chakanaka kudarika uyo anozvipira chiso chake (hupenyu hwake) kuna Allah (anotevera chitendero chaAllah), uye anoita mabasa akanaka. Uye anotevera chitendero chaAbrahamu, Haneef (cheIslaam, kunamata Allah vega). Uye Allah vakaita Abrahamu shamwari yavo yepedyo!

126. Uye Allah ndivo muridzi wezvose zviri mumatenga nepanyika. Uye Allah ndivo vane ruzivo rwezvose.

127. Uye vanokubvunza izvo zvinobvumidzwa pavakadzi. Taura kuti: “Allah vanokurairai maererano navo, uye maererano neizvo zvamunoverengerwa muGwaro maererano nenherera sikana avo vamusingapi chidimbu chakatarwa (cheMahr, Chipo chinobviswa nemurume achipa mudzimai wake pakuroorana, nenhaka) asi muchida kuvaroora, uye maererano nevana vadiki vasina simba rekuzvidzivirira uye vanodzvinyirirwa, uye kuti muve nesimba kuva munoenzanisa kunherera. Uye chose chakanaka chamunoita, Allah vanochiziva.

128. Uye kana mukadzi achitya hutsinye kana kutizwa kubva kudivi remurume wake, havana chitadzo kana vakada kuwirirana pakati pavo; uye kuwirirana kuri nani. Uye moyo yevanhu yakazadzwa nekukara. Asi kana mukaita mabasa akanaka uye mogara kure nezvakaipa, zvirokwazvo, Allah vanoziva zvose zvamunoita.

129. Uye hamumbofi makagona kuenzanisa pakati pevakadzi kunyangwe chiri chishuwo chenyu. Saka musava munoda mumwe wavo (vakadzi venyu kana muine barika) muchisiya mumwe

(vevakadzi) asingazivi paari (kuti akarooorwa here kana kuti akarambwa). Uye kana mukaenzanisa, uye moita mabasa akanaka, uye motya Allah nekugara kure neizvo zvakaipa, zvirokwazvo, Allah vanoregerera zvikuru, vane tsitsi zhinji.

130. Asi kana vakasiyana (nekurambana), Allah vachapa makomborero avo kune wese pakati pavo kubva kumakomborero avo. Uye Allah vanokwanisa kutora chichemo chezvishuwo zvezvisikwa zvavo zvese, vane hungwaru hwose.

131. Uye Allah ndivo muridzi wezvose kudenga nezvose zviri pasi rino. Uye zvirokwazvo takave tinoraira avo vatakapa Gwaro iwe usati wavapo nemi (maMuslim) kuti (mese) ityai Allah. Asi kana mukasatenda, Allah ndivo muridzi wezvose zviri kudenga nezvose zviri pasi rose. Uye Allah vakapfuma zvikuru (hapana chavanoda), murumbidzwi pazvose.

132. Uye Allah ndivo muridzi wezvose zviri mumatenga nezvose zviri pasi rino. Uye Allah ndivo vakakwana pakufambisa zvinhu zvose.

133. Kana (Allah) vakada, vanogona kungokuparadzai mose, imi vanhu munzvimbo dzenyu, uye vounza vamwe. Uye Allah vane simba rezvose pamusoro peizvozvo.

134. Uyo anoda makomborero ehupenyu hwepano pasi, Allah vane makomborero epasi pano nemakomborero ehupenyu hwemangwana. Uye Allah ndivo munzwi, muoni wezvose.

135. Imi vatendi! Ivai munomira makatsungirira mukuenzanisa, sezvapupu zvaAllah, kunyangwe pamusoro penyu (zvakakuipirai), kana vabereki venyu, kana hama dzenyu. Kana angave mupfumi kana murombo, Allah varinani pakuvachengetedza (kupfuura imi). Saka musave munotevera zvamunoda, pamwe mungatadze kuenzanisa. Uye kana mukachinja (huchapupu hwenyu) kana kuramba nahwo, zvirokwazvo, Allah vanoziva zvose zvamunoita.

136. Imi vatendi! Tendai muna Allah nemutumwa wavo (Muhammad (SAW)), uye neGwaro (Qur'aan) ravakatumira kune mutumwa wavo, uye maGwaro avakatumira mushure pakutanga. Uye uyo asingatendi muna Allah, ngirozi dzavo, mabhuku avo, vatumwa vavo, uye nezuva rekupedzisira, zvirokwazvo ari munhu akarasika nekure.

137. Zvirokwazvo, avo vanotenda, uye vosiya kutenda; uyezve votenda, uye vosiya kutenda zvakare; uye voramba vachiwedzera mukusatenda, Allah havazombovaregerera, kana kuvaratidza nzira tsvene.

138. Ipa mashoko aya kune avo vanyengedzi kuti vane marwadzo makuru.

139. Avo vanotora vanhu vasingatendi seshamwari dzavo kunze kwevatendi, vanoda ruremekedzo here kubva mavari (kuburikidza nesimba ravo)? Asi zvirokwazvo, ruremekedzo rwese nderwa Allah.

140. Zvirokwazvo, zvakave zvinodzikiswa kwauri muGwaro (rako raunaro, Qur'aan) kuti kana mukanzwa ndima dzaAllah (dzichiverengwa) dzichirambwa kana kushoropodzwa, musave munogara navo kusvikira vashandura nyaya dzavo; (asi mukagara navo) zvirokwazvo naizvozvo

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

munenge makafanana navo. Zvirokwazvo, Allah vachavaunganidza vanyengedzi vose neavo vasingatendi muGehena.

141. Avo (vanonyengedza) vanomirira uye vachitarisa nezvako; ukava unopiwa kukunda kubva kuna Allah, vanoti: "Tanga tisiri pamwechete nemi here?" Asi vanhu vasingatendi vakava vanobudirira vanoti (kwavari): "Hatina here kuva tinowana masimba pamusoro penyu uye hatina here kuva tinokuchengetedzai kubva kuvatendi?" Allah vachatonga pakati penyu (mese) musi wekumutswa. Uye Allah havapi vanhu vasingatendi nzira (yekukunda) pamusoro pevatendi.

142. Zvirokwazvo, vanhu vanonyengedza vanotsvaga kunzvenga Allah, asi ivo Allah ndivo vanovanyengedza. Uye apo pavanomira paminamato yavo (Swalaah), vanomira nehunyope uye nekuda kuonererwa nevanhu, asi havamborangarire Allah asi zvishoma.

143. (Ndeavo) vanotenderera pakati peizvi neizvo, vasiri pakati peava kana avo; uye uyo Allah vanoita kuti arasike, haumbomuwaniri nzira (yechokwadi, Islaam).

144. Imi vanhu vanotenda! Musave munotora sema Auliya (vachengetedzi kana shamwari kana vabatsiri) vanhu vasingatendi kunze kwevatendi. Munoshuwira here kupa Allah humboo huri pachena pamusoro penyu?

145. Zvirokwazvo, vanyengedzi vanenge vari pasi pasi pemoto; uye haumbofi wakavawanira mubatsiri.

146. Kunze kweavo vanotendeuka (kubva muhunyengedzi), uye voita mabasa akanaka, uye votsungirira pana Allah, uye vochenesa chitendero chavo nekuda kufadza Allah (uye vanoita zvakanaka nechinangwa chekufadza Allah, vasingadi kuonekwa), nekudaro vanenge vari pakati pevatendi. Uye Allah vachapa mubairo mukuru kune avo vanotenda.

147. Ko! Allah vanokurwadzisai sei imi muchiemura uye muchitenda mavari (Allah). Uye Allah muyemuri (wezvose zvakanaka), muzivi wezvose.

148. Allah havadi kuti zvinhu zvakashata zvive zvinotaurwa pachena kunze kweuyo anenge atadzirwa. Uye Allah ndivo munzwi wezvese, muzivi wezvose.

149. Mukave munoburitsa pachena zvakanaka (nemashoko akanaka ari ekutenda zvaitwa kwamuri nemumwe semakomborero) kana kuviga, kana kuregerera chitadzo; zvirokwazvo, Allah ndivo vanoregerera zvikuru, vane simba rose.

150. Zvirokwazvo, avo vasingatendi muna Allah uye muvatumwa vavo uye vachishuwira kusiyanisa pakati paAllah nevatumwa vavo (kuburikidza nekutenda muna Allah nekusatenda mune vatumwa vavo) vachiti: "Tinotenda mune vamwe uye tinoramba vamwe," uye vachishuwira kuwana nzira pakati pazvo.

151. Ndivo vari muchokwadi vanhu vasingatendi. Uye takava tinogadzirira vanhu vasingatendi marwadzo anodzikisira.

152. Uye avo vanotenda muna Allah uye nevatumwa vavo uye havasiyanisi umwe neumwe pakati pavo (vatumwa), tichava tinovapa mibairo yavo; uye Allah ndivo vanoregerera zvikuru, vane tsitsi zhinji.

153. Vanhu (maJudha) vakapihwa Gwaro vanokukumbira kuti uite gwaro riuye kubva kudenga. Zvirokwazvo, vakabvunza Musa zvakapfuura izvozvo, apo pavakati: "Iva unotiratidza Allah pachena," asi vakava vanorohwa nemabhanan'ana uye nemheni nekuda kwezvivi zvavo. Uye vakava vanonamata mhuru (yakagadzirwa nendarama uye zvuma) kunyange humboo nezviratidzo zviri pachena zvakauya kwavari. Asi takavaregerera. Uye takapa Musa humboo uri pachena wehutongi.

154. Uye pavakadambura chitsidzo, takava tinosimudza gomo pamusoro pavo uye (imwe nguva) takati kwavari: "Ivai munopinda gonhi makapfugama uye muchizvininipisa;" uye takavakomekedza kuti: "Musatyore zuva reSabata (musashande)." Uye takava tinotora kubva kwavari chitsidzo chakasimba.

155. Nokuti vakatyora chitsidzo, uye vakaramba humboo hwaAllah, uye kuuraya kwavaiita vatumwa vasina mvumo, uye nemashoko avo (ekuti): "Moyo yedu yakaputirwa (hatinzwisisi mashoko evatumwa)." Kwete, Allah vakaisa chivharo pamoyo yavo nekuda kwekusatenda kwavo, saka havatendi kusara kwekadimbu.

156. Uye nokuda kwekusatenda kwavo (maJudha) uye nokutaura mashoko akaipa pamusoro paMariya, vachimupomera mhosva hombe yenhema (yekuti akaita choupombwe).

157. Uye nokuda kwekutaura kwavo (kwekuzvitutumadza) kuti: "Takauraya Messiah, Jesu mwanakomana waMariya, mutumwa waAllah." Asi havana kumuuraya kana kumurovera (pamuchinjikwa), asi zvakaita sokudaro kwavari (chiso chaJesu chakaiswa pane umwe murume uye vakauraya murume iyeye), uye avo vanopikisa mazviri havagutsikani zvikuru. Havana ruzivo, kusara kwekungotevera fungidziro. Zvirokwazvo, havana kumuuraya (Jesu (AS)).

158. Asi Allah vakamusimudza (Jesu nemweya nemuviri wake) kwavari (kumatenga). Uye Allah vane simba rose, vane hungwaru hwose.

159. Hapana munhu pavanhu vakapihwa Gwaro (maJudha nemaKristu), asi kuti vachatenda maari (Jesu) asati afa (Jesu, kana kuti muJudha wega-wega, kana muKristu wega-wega panguva inouya ngirozi yerufu). Uye pazuva rekumutswa, (Jesu) achava mupupuri achipikisana navo.

160. Nokuda kwekutadza kwemaJudha, takava tinovarambidza zvimwe zvezvikafu zvakanaka izvo zvaiva zvakabvumidzwa kwavari, uye nokuda kwekudzivirira kwavo vakawanda kubva munzira yaAllah.

161. Uye nekutora kwavanoita chimbadzo (Riba) apo vakave vanorambidzwa kuchitora (chimbadzo), uye kudya kwavanoita hupfumi hwevanhu nenzira yakashata (nehutsotsi). Uye takave tinogadzirira avo vasingatendi marwadzo makuru.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

162. Asi pakati pavo vanamazvikokota veruzivo nevatendi, vanotenda mune izvo zvakave zvinotumirwa (zvinodzikiswa) kwauri (Muhammad (SAW)) uye mune izvo zvakadzikiswa usati wavepo; uye avo vanoita Swalaah (Iqaamat-as-Swalaah), uye vanopa Zakaah (Zvipo zvinomanikidzirwa) uye vanotenda muna Allah, nemuzuva rekupedzisira, ndivo vanhu vatichapa mubairo mukuru.

163. Zvirokwazvo, takave tinodzikisa mashoko kwauri (Muhammad (SAW)) sekudzikisa kwatakaita mashoko kuna Nowa nevamwe vatumwa mushure make; uye takave (zvakare) tinodzikisa mashoko kuna Abrahamu, Ismail (Ishumaeri), Ishaaq (Isaka), Ya'qub (Jakobho), uye Al-Asbaat (mhuri dzevanakomana vaYa'qub (Jakobho)), Isa (Jesu), Ayyub (Jobho), Yunus (Jonah), Haaroon (Aroni), naSulaiman (Soromoni); uye Dawood (Dhavhidha) takamupa Zaboor (Mapisarema).

164. Uye vatumwa vatakuudza mushure, uye vatumwa vatisina kukuudza, uye zvirokwazvo Allah vakataura naMusa.

165. Vatumwa ndivo vatakuri vemashoko akanaka uye vayambiri kuvanhu kuti vasava nemashoko ekupokana naAllah mushure mekuuya kwevatumwa. Uye Allah ndivo vane simba rose, nehuchenjeri hwese.

166. Asi Allah ndivo vane huchapupu pane izvo zvavakatumira kwauri (Muhammad (SAW)), vakazvitumira kuburikidza neruzivo rwavo (Allah), uye ngirozi dzinopupura. Uye Allah vakakwana semupupuri.

167. Zvirokwazvo, avo vasingatendi (nekuviga chokwadi pamusoro pamutumwa Muhammad (SAW) nemashoko ake echokwadi echitendero cheIslaam sezvakanyorwa muTorah (Taurah) uye muInjeel (Vhangeri)) uye vakadzivirira vanhu kubva munzira yaAllah (Islaam); nokudaro zvirokwazvo vanhu vakarasika zvikuru.

168. Zvirokwazvo, avo vasingatendi uye vachiita zvakaipa (nekuviga chokwadi pamusoro peIslaam), Allah havambo varegerera, kana kuvachengetedza munzira yakatwasuka.

169. Kunze kwenzira yekumoto, uko vachagara zvachose; uye izvi zvirinyore kuna Allah.

170. Imi vanhu! Zvirokwazvo, kwauya kwamuri mutumwa (Muhammad (SAW)) nechokwadi kubva kuna Tenzi venyu. Saka tendai maari, zviri nani kwamuri. Asi mukasatenda, zvirokwazvo zvese zviri mumatenga nepasi ndezva Allah. Uye Allah vanoziva zvose, vane hungwaru hwese.

171. Imi vanhu vakapihwa Gwaro (maKristu)! Musava munopfurikidza mwero muchitendero chenyu, uye musava munotaura pamusoro paAllah kunze kwechokwadi. Zvirokwazvo, Messiah Isa (Jesu), mwanakomana waMariya (Maryam) aive mutumwa waAllah uye shoko ravo (Allah pavakati: "Ivapo!" uye akabva avapo) iro ravakadzikisa kuna Mariya uye mweya mutsvene (Rooh) wakasikwa naivo Allah. Saka tendai muna Allah nevatumwa vavo. Musava munotaura kuti: "Vatatu (Kureva kuti kuna vanamwari vatatu kuti: Zita rababa nemwanakomana neremweya mutsvene)!" Ivai munosiya izvi, (nekuti) zviri nani kwamuri. Nekuti zvirokwazvo Allah Mwari

mumwechete, rumbidzo yose ndeyavo uye havana mwana. Ndivo varidzi vezvose zviri mumatenga nezvose zviri pasi. Uye Allah vakakwana semumiriri wezvose.

172. Messiah Isa (Jesu) haambodadi uye haarambi kuti muranda waAllah, kana ngirozi idzo dziri pedyo (naAllah). Uye uyo anoramba kunamata (Allah) uye odada, nekudaro (Allah) vachavaunganidza vose kwavari.

173. Naizvozvo avo vaitenda (muhumwechete hwaAllah) uye vachiita mabasa akanaka, (Allah) vachavapa mibairo yavo uye vovawedzera zvakanaka kubva kumakomborero avo. Asi avo vakaramba kuvanamata uye vachizvitutumadza, (Allah) vachavaranga nemarwadzo akaipisisa. Uye havazombowani mumwe kunze kwaAllah angavachengetedze kana kuvabatsira.

174. Imi vanhu! Zvirokwazvo, humboo huri pachena hwauya kwamuri (mutumwa Muhammad (SAW)) kubva kuna Tenzi venyu; uye tave tinokudzikisirai mwenje wakazara (Qur’aan iri).

175. Saka avo vakatenda muna Allah uye vakava vanobatirira nesimba mavari (Allah), vachavapinza (Allah) mutsitsi uye nyasha dzavo (Paradhiso), uye vachavatungamirira kwavari (Allah) nenzira yakatwasuka.

176. Vanokubvunza pamusoro pepfukwa yakabvumirwa (yenhaka). Taura (Muhammad (SAW)) kuti: “Allah vanotsanangudza (vanotungamira) maererano neAl-Kalaalah (avo vanofa vasina vagari venhaka, vana kana vabereki). Kana ari murume afa asina mwana, asi ane hanzvadzi (musikana kana mukadzi), (hanzvadzi iyi) inowana chidimbu chepakati (1/2) senhaka. Uye kana (mufi) ari mukadzi, asina mwana waasiya, hanzvadzi yake (mukomana kana murume) inotora nhaka yake. Kana pane hanzvadzi mbiri (vanasisi vaviri), vanowana zvidimbu zviviri kubva muzvitatu (2/3) senhaka. Asi kana pane hanzvadzi nehanzvadzi (vanasisi nanabhudhi), munhurume anowana chidimbu chinopinda kaviri kune chemukadzi. Saizvozvo, Allah vanokubuditsirai pachena mutemo wavo kuti musave munorasika. Uye Allah ndivo vanoziva zvinhu zvose.”

# CHITSAUKO AL-MAA’IDAH

# TAFURA IZERE NECHIKAFU 5

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Imi vanotenda! Zadzisai zvirevo (zvenyu). Dzakave dzinobvumidzwa kwamuri mhuka dzose dzekupfuya (sechikafu) kusara kwedzichitaurwa (pano), (uye) mhuka dzemusango hadzibvumidzwe kana mava muIhraam (maita Niyyah nekupfeka mbasha dzacho) yeHajj kana Umrah (Kushanyira imba yaAllah kuMakkah kunonamata). Zvirokwazvo, Allah vanokomekedza izvo zvavanoda.

2. Imi vanotenda! Musave munokanganisa micherechedzo yaAllah, kana mwedzi unoera, kana mhuka dzemupiro, kana vanhu vane zvipika kana mhuka dzine zvipika zvichiratidza kuti

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

ndedzemupiro, kana vanhu vanoshanya kuimba inoera (Makkah), vachitsvaga makomborero nerufaro rwaAllah. Asi kana mapedza Ihraam (yeHajj kana Umrah) munokwanisa kuvhima, uye musarege ruvengo rwevamwe vanhu nekukudzivirirai kushanyira Al-Masjid Al-Haraam (muMakkah) ruchikuitai kuti muve munopfuudzira mwero. Uye batsiranai mukuita zvakanaka nekutya Allah; asi musave munobatsirana kuita mabasa akaipa nekupfuudzira mwero. Uyezve ityai Allah. Zvirokwazvo, Allah vakaoma pamutongo.

3. Zvinorambidzwa kwamuri (kudya) ndezvinoti: Mhuka dzafa dzoga, ropa, nyama yenguruve, neidzo dzakaurawa musiri muzita raAllah, (kana dzinouraiwa semipiro kuzvidhori), neidzo dzinouraiwa dzichidzipwa, kana kupondwa, kana dzinodonha kubva pakakwirira, kana kutungana kwenyanga, uye dzinenge dzadyiwa (chidimbu) nezvikara zvesango, kusara kwekuti munoiuraya (isati yafa), neidzo dzinouraiwa pazvinzvimbo zvemipiro kuzvivezwa. Uye (zvinorambidzwa) kushandisa miseve kutsvagisa rombo rakanaka kana kutsvaga mafungiro; (zvose) izvi kusateerera Allah uye chitadzo. Zuva ranhasi, avo vasingatendi vave vanosiya tarisiro muchitendero chenyu; nokudaro musave munovatya, asi ityai ini (Allah). Zuva ranhasi, ndave ndinozadzikisa chitendero chenyu kwamuri, uye ndave ndinokusarudzirai Islaam sechitendero chenyu. Asi kune uyo anenge aziya nenzara, asina chirongwa chokutadza (anokwanisa kudya nyama dzemhuka dzataurwa), zvirokwazvo, Allah vanoregerera zvikuru, vane tsitsi zhinji.

4. Vanokubvunza (Muhammad (SAW)) zvinobvumidzwa kwavari (sezvekudya). Iti: “Zvinobvumidzwa kwamuri ndeizvo zvakachena (nyama yemhuka dzinouraiwa nenzira inodiwa, mukaka, mafuta, miriwo nemichero). Uye mhuka neshiri dzinodya nyama idzo dzamunodzidzisa (kuvhima) nenzira iyo yamakarairwa naAllah, saka idyai zvadzinokubatirai, asi ivai munotaura zita raAllah pairi, uye ityai Allah. Zvirokwazvo, Allah vanokurumidza mukutonga (mukubvunzurudza).”

5. Zvakare zvinobvumidzwa kwamuri muzuva ranhasi chikafu chose chakachena (nyama yemhuka dzinouraiwa nenzira inodiwa, mukaka, mafuta, miriwo nemichero). Uye chikafu (mhuka dzinouraiwa nenzira inodiwa) chevanhu veGwaro (maJudha nemaKristu) chinobvumidzwa kwamuri uye chenyu chinobvumidzwa kwavari. Uye (munobvumidzwa kuroora) vakadzi vakatsiga kubva kuvatendi uye neavo vakatsiga kubva kune vanhu vakapihwa Gwaro (maJudha nemaKristu) musati mavapo, kana mukavapa Mahr (Mari yeroora inopihwa nemurume kumukadzi kana vachiwanana), kuri kutsvaga rutsigo (muchiroorana zviri pamutemo), musingaiti chehupombwe, kana kuvatora seshamwari kadzi. Uye uyo asingatendi (muIslaam), mabasa ake anenge asina chiyamuro, uye muhupenyu huchatevera achange ari pakati peavo vakarasikirwa.

6. Imi vanotenda! Kana mavakuda kuita Swalaah (Munamato), gezai zviso zvenyu, maoko enyu kusvika mumagokora, pukutai (muchifambisa maoko akanyorova) mumisoro yenyu, uye (gezai) tsoka dzenyu kusvika muzviziso. Uye kana muri muJanaabah (mushure mebonde kana kuzvirotera), zvichenesei (kugeza muviri wese). Asi kana muchirwara kana kuti muri parwendo kana kuti umwe wenyu abva kunoshanyira chimbudzi, kana kuti masangana nevakadzi (pabonde), uye moshaya mvura, itai Tayammum neivhu rakachena, mopukuta kumeso kwenyu nemaoko enyu. Allah havadi kukuitai kuti muve mumatambudziko, asi vanoda kukuchenurai, uye kuzadzisa chipo chavo kwamuri kuti muve vanhu vanotenda.

7. Uye rangarirai chipo nechitsidzo zvaAllah zvavakave vanokutsidzirai nazvo imi pamakati: “Tanzwa uye tichatevedzera.” Uye Ityai Allah. Zvirokwazvo, Allah vanoziva izvo (zvakavanzika) zviri mumoyo.

8. Imi vanotenda! Ivai munomira zvakadzama sezvapupu zvaAllah vari pachokwadi. Uye musave munorega ruvengo rwevamwe vanhu rukudzivirirei kuenzanisa (kuchokwadi). Ivai munoenzanisa (pachokwadi), nekuti zviri pedyo nekutya Allah; uye ivai munotya Allah. Zvirokwazvo, Allah vanoziva zvose zvamunoita.

9. Allah vakave vanopa chitsidzo kune avo vanotenda (muhumwechete hwavo) uye vanoita mabasa akanaka, kuti vachave vanoregererwa uye vachapiwa mubairo mukuru (Paradhiso).

10. Uye avo vasingatendi uye vachiramba micherechedzo yedu ndeavo vachave vagari vekumoto (Gehena).

11. Imi vanotenda! Rangarirai chipo chaAllah kwamuri apo vamwe vanhu vaishuvira (vakaronga) kutambanudza maoko avo vachida kukurwisai, asi (Allah) vakave vanovadzora maoko avo kubva kwamuri. Saka ityai Allah. Uye muna Allah regai vatendi vaise chivimbo chavo.

12. Zvirokwazvo, Allah vakatora chibvumirano kubva kuvana veIzirairi (maJudha), tikave tinosarudza vatungamiriri gumi nevaviri kubva mavari. Uye Allah vakati: “Zvirokwazvo, ndinemi kana muchiita Swalaah (Munamato), kupa zvipo (Zakaah), uye kutenda muvatumwa vangu; kuvakudza uye kuvabatsira. Uye ipai chikwereti chakanaka kuna Allah, zvirokwazvo, ndichave ndinopfuudza zvitadzo zvenyu uye ndichakuisai mumapindu ane nzizi dzinoerera (Paradhiso). Asi kune uyo pakati penyu anoramba kutenda mushure meizvozvo, zvirokwazvo, anenge arasika kubva munzira yakatwasuka.”

13. Nokuda kwekuputsa kwavo chibvumirano chavo, takave tinovarengera uye tikave tinoomesa moyo yavo. Vanosandura mazwi kubva munzvimbo dzawo uye vakave vanosiya chidimbu chemashoko akanaka vakanga varangaridzwa nawo. Uye hauzorore kuona nhema (hunyengedzi) kubva kwavari kusara kwevashoma vavo. Asi varegerere nekuvakanganwira (zvivi zvavo). Zvirokwazvo, Allah vanoda vanhu vanoita mabasa akanaka.

14. Uye kubva mune avo vanozviti maKristu, takave tinotora chibvumirano chavo, asi vakasiya chidimbu chemashoko chakatumirwa kwavari. Saka takave tinodyara ruvengo pakati pavo kusvikira pazuva rokumutswa. Uye Allah vachave vanovaudza zvose zvavaiita.

15. Imi vanhu veGwaro (maJudha nemaKristu)! Ikozvino mutumwa wedu (Muhammad (SAW)) auya kwamuri achikutsanangurirai zvizhinji kubva kune zvamaiviga kubva muGwaro, uye achisiya zvizhinji (zvisina tsanangudzo). Zvirokwazvo, kwamuri kwakauya mwenje kubva kuna Allah uye neGwaro riri pachena (Qur’aan iri).

16. Naro Allah vanotungamira avo vanotsvaga rufaro rwavo kunzira dzerunyararo, uye (Allah) vanovabvisa murima nekuda kwavo vovaisa muchaedza, uye vanovatungamirira kugwara rakatwasuka (Islaam).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

17. Zvirokwazvo, mukusatenda mune avo vanoti: "Zvirokwazvo, Allah ndivo Messiah mwana waMariya." Iti (Muhammad (SAW)): "Pane here ane simba shoma kukunda Allah, kana (Allah) vakaparadza Messiah mwana waMariya, amai vake, neavo vose vari pano pasi?" Uye Allah ndivo vane humambo hwematenga nepano pasi, uye nezviri pakati pawo. Ivo vanosika zvavanoda. Uye Allah vanokwanisa kuita zvinhu zvose.

18. Uye (vose) maJudha nemaKristu vanoti: "Isu tiri vana vaAllah uye ndisu vadiwa vavo." Iti: "Sei (Allah) vachikurangarai nezvitadzo zvenyu?" Asi muri vanhu kubva muzvisikwa zvavakasika. Vanoregerera wavanoda uye vanoranga wavanoda. Uye Allah ndivo vane humambo hwematenga nepasi rino, uye nezviri pakati pawo. Uye kwavari ndiko kuchadzokerwa (nezvese).

19. Imi vanhu veGwaro (maJudha nemaKristu)! Ikozvino mutumwa wedu (Muhammad (SAW)) auya kwamuri achikuisirai zvinhu pachena, mushure mezororo rekuuya kwevatumwa, pamwe maigona kuzoti: "Hakuna kuuya kwatiri nhumwa yezvinhu zvakanaka kana muyambiri." Asi iyezvino auya kwamuri muunzi wenhaurwa dzakanaka uye muyambiri. Uye Allah vanokwanisa kuita zvose.

20. Uye (rangarirai) apo Musa akati kuvanhu vake: "Imi vanhu vangu! Rangarirai chipo chaAllah chakauya kwamuri pavakave vanoita vamwe venyu maporofita, vakakuitai madzimambo, uye vakave vanokupai izvo zvavasina kupa vamwe vanhu pasi pano (vanhu nemaJinn venguva yakapfuura)."

21. "Imi vanhu vangu! Pindai munzvimbo inoera (Palestine) iyo Allah vakupayi, uye musave munodzokera shure (muchitiza); saka munozodzoserwa sevanhu vakarasikirwa."

22. Vakati: "Iwe Musa! Imomo (munyika inoera) mune vanhu vane simba chaizvo, uye hatifi takapindamo kusvika vabudamo; saka kana vakabuda, ndipo zvirokwazvo patichapinda."

23. Varume vaviri (Joshuwa naKalab) kubva kune avo vaitya (Allah uye) avo Allah vakavaropafadza netsitsi dzavo vakati: "Vapindirei nepamusuwo (gedhi), uye kana mapinda, kukunda kunobva kwava kwenyu. Uye ivai munovimba naAllah kana muri vatendi vechokwadi."

24. Vakati: "Iwe Musa! Hatisi kuzopinda kana ivo varimo. Saka enda iwe naTenzi vako, uye morwisa muri vaviri. Zvirokwazvo, isu tiri kugara ipo pano."

25. Iye (Musa) akati: "Tenzi vangu! Ndinongove nesimba kwandiri nemunin'ina wangu. Saka tibvisei kubva muvanhu vasingateereri (vanopokana nemitemo yaAllah)."

26. (Allah) vakati: "Naizvozvo nyika inoera yave inorambidzwa kwavari kwemakore makumi mana vachitekaira nenyika. Saka usave unoshungurudzikana nevanhu vasingateereri (vanopokana nemitemo yaAllah)."

27. Zvekare (Muhammad (SAW)) vaverengere (maJudha) nyaya yevana vaviri vaAdam (Haabeel naQaabeel – Abel naCain) muzvokwadi. Apo mumwe nemumwe akapira mupiro wake (kuna Allah), asi wakatambirwa kubva kune mumwe kwete kune mumwe. Wechipiri akati kune

wekutanga: “Ndichakuuraya.” Wekutanga akati: “Zvirokwazvo Allah vanotambira chete kubva kune avo vatsvene (vanoita mabasa akanaka).”

28. “Zvirokwazvo, kana ukatambanudza ruoko rwako kwandiri uchida kundiuraya, ini handisi kuzotambanudza rwangu (ruoko) kwauri kuti ndikuraye. Chokwadi, ndinotya Allah, Tenzi vepasi rino (vanhu, maJinn nezvisikwa zvose).”

29. “Zvirokwazvo, ndinoda kuti utore chitadzo changu pamwe nechako, uye wozove mumwe wevagari vekumoto. Uye uyu ndiwo mubairo wevatadzi.”

30. Nokudaro mweya wemunhu (wechipiri) wakamukurudzira kuuraya mukoma wake. Akamuuraya, uye akava mumwe wevakarasikirwa.

31. Naizvozvo Allah vakave vanotumira gunguwo rikachera (richikodobora) pasi kuti rimuratidze mavigiro emutumbi wemukoma wake. Iye (muurayi) akati: “Matambudziko kwandiri! Ndatadza here kuita segunguwo iri kuviga mutumbi wemukoma wangu?” Naizvozvo akave mumwe weavo vakademba.

32. Nokuda kwaizvozvo, takave tinotsindikidzira vana vaIzirairi kuti kana pane anenge auraya munhu kunze kwokuti murango wehumhondi, kana kukonzeresa zvakaipa munyika, zvinoita sokunge auraya vanhu vese, uye kana pane abatsira munhu (apa hupenyu), zvinoita sokunge abatsira (apa hupenyu) vanhu vose. Uye zvirokwazvo kwakakuya vatumwa vedu kwavari nemicherechedzo yakajeka. Asi zvirokwazvo vazhinji vavo mushure mezvo vakaenderera mberi nekupfuudzira mwero munyika!

33. Zvirokwazvo, mubairo weavo vanoronga hondo kupokana naAllah nemutumwa wavo (Muhammad (SAW)) nekuita zvakaipa munyika ndewekuti vauraiwe, kana kukomererwa pamichinjikwa, kana kuti maoko avo netsoka dzavo zvigurwe kubva kumativi akasiyana, kana kuti vadzingwe munyika. Ndiko kunyadziswa kwavo munyika ino, uye marwadzo makuru achange ari avo muhupenyu hwemangwana.

34. Kusara kweavo vanodzoka (sevatendi) vachikumbira ruregerero vasati vave pasi pemasimba enyu (musati mavabata); pakadaro, zivai kuti Allah ndivo muregereri, vane tsitsi zhinji.

35. Imi vanotenda! Ityai Allah, uye motsvaga nzira yekusvika kwavari, ivai munoshanda nesimba munzira yavo, kuti muve makabudirira.

36. Zvirokwazo avo vasingatendi, kudai vainge vane zvose zviri panyika, uye nezvakawanda zvakafanana nazvo kuti vave vanozvinunura nazvo kubva kumarwadzo ezuva rekutongwa, hazvifi zvakagamuchirwa kubva kwavari, uye kwavari kuchave nemurango unorwadza.

37. Vachave vanoshuvira kubuda mumoto, asi havafe vakabudamo, uye marwadzo avo achange asingaperi.

38. Uye mbavharume nembavhakadzi, vagurei maoko avo (ekurudyi kubvira muzvanza) setsivo (semubairo) yezvavanenge vaita, mutongo semuenzaniso kubva kuna Allah. Uye Allah vane masimba ose, vane hungwaru hwose.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

39. Asi uyo anokumbira ruregerero mushure mechitadzo chake, uye oita mabasa akanaka, zvirokwazvo Allah vanomuregerera. Zvirokwazvo, Allah vanoregerera zvikuru, vane tsitsi zhinji.

40. Asi hauzivi here kuti Allah ndivo muridzi wematenga nepasi rose! Vanoranga wavanoda uye vanoregerera wavanoda. Uye Allah vanokwanisa kuita zvose zvavanoda.

41. Iwe mutumwa (Muhammad (SAW))! Usashushikane neavo vanomhanyira kusatenda, kubva kune avo vanoti: "Tinotenda" nemiromo yavo asi moyo yavo isingatendi. Uye pakati pemaJudha kune avo vanoteerera zvakanyanya manyepo, vanoteerera zvikuru avo vanhu vasati vauya kwauri. Vanosandura mavara kubva munzvimbo dzawo; vachiti: "Kana mapihwa izvi zvitorei, asi kana musina kupihwa izvi chenjerai!" Uye uyo Allah wavanenge vada kumuedza, hapana chaunokwanisa kumuitira uchipokana naAllah. Avo ndivo vane moyo iyo Allah yavasingadi kuchenura (kubva mukusatenda nehunyengedzi); kwavari kuchava nekunyadziswa pasi pano, uye muhupenyu hunotevera vachange vari mumarwadzo makuru.

42. (Vanofarira) kuteerera zvikuru manyepo, kudya zvakarambidzwa. Kana vauya kwauri (Muhammad (SAW)) unokwanisa kuvatonga pakati avo, kana kuvafuratira. Kana ukavafuratira hapana chero chinhu chavanokwanisa kukuita. Uye kana wotonga, tonga zvakafanira pakati pavo. Zvirokwazvo, Allah vanoda avo vanoita zvakanaka.

43. Asi vanouya sei kwauri kunotonga ivo vane Torah, umo muri imo mune mitemo yaAllah, asi mushure maizvozvo vanopira makotsi. Naizvozvo havasi vatendi.

44. Zvirokwazvo, takave tinodzikisa Torah (kuna Musa (AS)) iro mariri mune gwara nechaedza, izvo maporofita vakazvipira kuna Allah vaitonga nazvo maJudha. Uye vadzidzi vechiJudha nevadzidzi veBhaibheri (vaitongazwe maJudha) neizvo zvavakange vachengetedzwa kubva muGwaro raAllah (Torah), uye vaive vapupuri kwariri. Naizvozvo musatye vanhu, asi ityai ini (maJudha), uye musave munotengesa micherechedzo yangu nemubairo unosiririsa. Uye uyo asingatongi nezvakadzikiswa naAllah, vakadaro ndivo vasingatendi.

45. Takave tinodzikinura mariri kwavari: "Hupenyu kuhupenyu, ziso kuziso, mhuno kumhuno, nzeve kunzeve, zino kuzino, uye zvironda zvakafanirana." Asi uyo anoregerera semupiro, zvichave kwaari ruregerero rwezvitadzo zvake. Uye uyo asingatongi kuburikidza nezvakadzikinurwa naAllah, vakadaro ndivo vanhu vanoita mabasa akaipa.

46. Uye mutsoka dzavo, takave tinotuma Jesu mwanakomana waMariya, achizadzikisa Torah iro rakauya mushure make, uye tikave tinomupa Vhangeri, umo maiva negwara nechaedza, uye richizadzikisa Torah iro rakauya mushure maro, gwara uye nerairo kune avo vatsvene.

47. Regai avo vanhu veVhangeri vatonge neizvo Allah vakadzikisa mariri. Uye uyo asingatongi kuburikidza nezvakadzikinurwa naAllah, vakadaro ndivo (vanhu) vasingateereri.

48. Uye takave tinodzikisa kwauri (Muhammad (SAW)) Gwaro (Qur'aan iri) muhuchokwadi, richipfindikidza magwaro akauya mushure maro, uye sehuchapupu pamusoro pawo (magwaro ekare). Saka tonga pakati pavo kuburikidza nezvakadzikiswa naAllah, uye usatevedzere zvido zvavo uchisiya chokwadi chakauya kwauri. Kune umwe nemumwe wenyu takave tinomunyorera



NEW & EXCLUSIVE

mutemo uye nenzira yakanaka. Dai Allah vaida, vaikuitai vanhu vamwe, asi kuti vakuedzei mune izvo zvavakakupai. Saka mhanyidzanai mumabasa akanaka. Kuna Allah ndiko kwamuchadzokera mose; uye vachave vanokuudzai izvo pamusoro pazvo maipokana.

49. Uye tonga (Muhammad (SAW)) pakati pavo neizvo Allah vakave vanodzikisa, uye usatevedzere zvido zvavo, asi vachenjerere nekuti vangakuita kuti urasike zvakanyanya (Muhammad (SAW)) kubva kune zvezvimwe zvakadzikiswa kwauri naAllah. Uye vakangorasika, ziva kuti Allah vanoda kuvapa marwadzo akakomba nekuda kwezvimwe zvezvitadzo zvavo. Uye zvirokwazvo, vanhu vakawanda havateereri (mirairo yaAllah).

50. Saka vanotsvaga here hutongi hwe (mazuva e) nguva yevanhu vainge vakarasika? Uye ndeupi ari nani muhutongi kunze kwaAllah kuvanhu vanotenda muzvokwadi?

51. Imi vanotenda! Musave munotora maJudha nemaKristu sevabatsiri, asi vabatsirani pachavo. Uye uyo anovatora sevabatsiri pakati penyu, zvirokwazvo anenge ari mumwe wavo. Zvirokwazvo, Allah havatungamiriri vanhu vanoita zvakaipa.

52. Uye unoona avo mumwoyo yavo mune chirwere (chehunyengeri), vanomhanyidzana kuhushamwari hwavo vachiti: “Tinotya kuti zvimwe tingawirwe nematambudziko.” Kuda zvimwe Allah vangaunze kukunda kana hurongwa zvichienderana nekuda kwavo. Vopedzisira vave kudemba mune izvo zvavaichengeta mavari.

53. Uye vatendi vachataura vachiti: “Ava ndivo here vanhu (vanyengedzi) vaipika naAllah kuti vainge vanemi (maMuslim)?” Zvose zvavaiita hazvibatsiri (nekuda kwehunyengeri hwavo), uye vave vanhu vakarasikirwa.

54. Imi vanotenda! Uyo kubva kwamuri achadzokera (achabuda) kubva kuchitendero chake (Islaam), Allah vachave vanounza vanhu vavanoda uye vachivadawo; vanozvininipisa kuvatendi, vanoomesa kune avo vasingatendi, vanorwa munzira yaAllah, uye vasingatyi kunenedzerwa nevanenedzeri. Ichi ndicho chipo chaAllah icho chavanopa kune uyo wavanoda. Uye Allah vanogutsa zvisikwa zvavo, muzivi wezvose.

55. Zvirokwazvo, hakuna mumwe mubatsiri wenyu kunze kwaAllah, mutumwa wavo (Muhammad (SAW)) nevatendi, avo vanoita Swalaah (Munamato), uye vanopa Zakaah (Zvipiro), uye ndeavo vanozvipira kuna Allah mukunamata.

56. Uye uyo anotora Allah, mutumwa wavo (Muhammad (SAW)), uye neavo vanotenda sevabatsiri, zvirokwazvo bato raAllah richava rinokunda.

57. Imi vanotenda! Musava munotora sevabatsiri avo vanhu vanotora chitendero chenyu sechekutsvinyira nekutamba nacho kubva kune avo vakapihwa Gwaro (maJudha nemaKristu) mushure menyu, kana avo vasingatendi; uye ityai Allah kana muri vatendi vechokwadi.

58. Uye pamunoshevedzera kuSwalaah (Munamato), vanoitora setsvinyo nedambe nemhaka yekuti vanhu vasinganzwisise.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

59. Iti: "Imi vanhu veGwaro (maJudha nemaKristu)! Munopokana nesu here pasina chikonzero kunze kwekuti tinotenda muna Allah, uye mune izvo zvakatumirwa kwatiri uye zvakatumirwa mumashure (medu), uye kuti vakawanda venyu havateereri (Allah)?"

60. Iti (Muhammad (SAW) kuvanhu veGwaro): "Ndingakuudzei here pamusoro pechimwe chinhu chakaipa kudarika ichochi pamubairo kubva kuna Allah? Avo (maJudha) vakave vanorengerwa naAllah uye nekutsamwirwa, uye neavo (vamwe) vakasandurwa kuita tsoko nenguruve, uye neavo vainamata Twaaghoot (zvidhori kana kuti vanamwari venhema); vakadaro vachave munzvimbo yakashata (pazuva rekumutswa mumoto), uye vakanyanyorasika kubva munzira tsvene (muhupenyu hwepano pasi)."

61. Uye kana vauya kwamuri vanoti: "Tinotenda." Asi vanove vanopinda (nechinangwa che) kusatenda uye vanobuda vakadaro. Uye Allah vanoziva izvo zvavaivanza.

62. Uye unoona vazhinji vavo (maJudha) vachimhanyira mukuita chitadzo uye nekuraudzira, vachidya zvinhu zvisiri pamutemo. Zvirokwazvo, zvakaipa izvo zvavanoita.

63. Sei vadzidzi neavo vakadzidza chitendero vasingavarambidze kutaura mashoko akaipa uye kudya zvinhu zvisiri pamutemo? Zvirokwazvo, zvakaipa izvo zvavanoita.

64. Uye maJudha vanoti: "Ruoko rwaAllah rwakasungwa (Allah havape)." Maoko avo ndiwo akasungwa uye ngavave vanorengerwa mune izvo zvavanotaura. Asi maoko avo maviri (Allah) akatambanudzwa. Vanopa sekuda kwavo. Zvirokwazvo, mashoko akadzikiswa kwauri kubva kuna Tenzi vako anowedzera kurasika nekusatenda mune vakawanda kubva mavari. Takave tinogadzika kusawirirana uye ruvengo pakati pavo kusvika zuva rekumutswa. Pose pavanoda kuronga hondo, Allah vanorongonora pfungwa idzi; uye vanoramba vachida kuva honzeri munyika. Uye Allah havadi honzeri.

65. Uye dai vanhu veGwaro (maJudha nemaKristu) vakatenda (muna Muhammad (SAW)), uye vakasiya kuita zvakaipa uye vakaita vanhu vatsvene, zvirokwazvo taivaregerera zvitadzo zvavo uye tovapinza mumapindu erugare (muParadhiso).

66. Uye dai vakatevedzera zvinoenderana neTorah (Taurah), Injeel (Vhangeri), neizvo zvave zvinotumirwa kwavari kubva kuna Tenzi vavo (Qur'aan), zvirokwazvo vaiwana kudya kubva kumusoro kwavo uye nepasi pemakumbo avo. Kubva mavari mune vamwe vanhu vari munzira yechokwadi (vanotevedzera zvakadzikiswa uye vanotenda muna Muhammad (SAW) sa Abdullah ibn Salaam), asi vazhinji vavo vanoita mabasa akashata.

67. Iwe mutumwa (Muhammad (SAW))! Svitsa shoko ratumirwa kwauri kubva kuna Tenzi vako. Uye kana ukasadaro, unenge usina kusvitsa shoko ravo (Allah). Uye Allah vachakuchengetedza kubva kuvanhu vese. Zvirokwazvo, Allah havatungamiri vanhu vasingatendi.

68. Iti (Muhammad (SAW)): "Imi vanhu veGwaro (maJudha nemaKristu)! Hapana chamuinacho (pakutungamirwa mugwara) kusvika matevedzera zviri muTorah neInjeel (Vhangeri), neizvo zvave zvinodzikiswa pasi kwamuri kubva kuna Tenzi venyu (Qur'aan)." Zvirokwazvo, izvo

zvave zvinodzikiswa kwauri (Muhammad (SAW)) kubva kuna Tenzi vako zvinowedzera mavari kupanduka nekusatenda. Saka usave unonzwira tsitsi vanhu vasingatendi.

69. Zvirokwazvo, avo vanotenda (muhumwechete hwaAllah, mumutumwa wavo Muhammad (SAW) nezvose zvakave zvinodzikiswa kwaari kubva kuna Allah), neavo maJudha, maSabian nemaKristu, uyo anotenda muna Allah nezuva rekupedzisira, uye oshanda muhuchokwadi, kwavari kuchave kusina kutya kana kusuwa.

70. Zvirokwazvo, takatora chibvumirano chevana vaIzirairi uye tikatumira vatumwa kwavari. Pose paiuya mutumwa kwavari neizvo vaisada, chikwata kubva kwavari chaivashevedza kuti vanyepi, uye vamwe vaiuraya.

71. Uye vaifunga kuti kuchave kusina muedzo, saka vakabva vaita mapofu nematsi; mushure mezvo Allah vakavaregerera; asi zvekare vazhinji vavo vakava mapofu uye matsi. Uye Allah vanoona zvose zvavanoita.

72. Zvirokwazvo, havatendi avo vanoti: “Allah ndiMessiah (Jesu) mwana waMariya.” Asi Messiah (Jesu) akati: “Imi vana vaIzirairi! Namatai Allah, Tenzi vangu uye Tenzi venyu.” Zvirokwazvo, uyo anobatanidza Allah nezvimwe zvinhu mukuvanamata, zvirokwazvo Allah vanomurambidza Paradhiso, uye moto uchave nzvimbo yake yokugara. Uye vanoita zvakaipa vachave vasina vabatsiri.

73. Zvirokwazvo, avo vasingatendi ndeavo vanoti: “Allah ndeumwe wevatatu (mwari baba, mwari mwanakomana, uye mwari mweya mutsvene).” Asi hakuna mumwe mwari (anekodzero yokunamatwa) kunze kwaMwari mumwechete (Allah). Uye vakasasiya izvo zvavanotaura, zvirokwazvo, marwadzo makuru achavawana avo vasingatendi mukati mavo.

74. Hazvigoni here kuti vatendeuke kuna Allah vachikumbira ruregerero rwavo? Uye Allah vanoregerera zvikuru, vane tsitsi zhinji.

75. Messiah (Jesu) mwana waMariya, akange asiri chimwe chinhu kunze kwemutumwa; uye vatumwa vazhinji vakadarika mushure make. Mai vake (Mariya) vainge vari munhu hwechokwadi (vaitenda mumashoko aAllah nemumaGwaro avo). Vose vaidya chikafu (semadyiro anoita vamwe vanhu, asi Allah havadyi chikafu). Tarisai nzira yatinovatsanangurira nayo mirairo yedu; asi tarisai kuti vanorasika sei kubva muchokwadi.

76. Iti (Muhammad (SAW) kuvanhu): “Munonamata sei izvo zvisiri Allah izvo zvisina simba rekukuvadzai kana kukubetserai? Asi Allah ndivo munzwi wezvose, muzivi wezvose.”

77. Iti (Muhammad (SAW)): “Imi vanhu veGwaro (maJudha nemaKristu)! Musave munoraudzira mwero yechitendero chenyu (muchitenda mune zvimwe) kunze kwechokwadi, uye musave munotevedzera zvido zveavo vakarasika mushure, uye vakaita kuti vakawanda vave vanorasika, uye vakarasika (pachavo) kubva munzira yakanaka.”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

78. Avo kubva muvana vaIzirairi vakanga vasingatendi, vakave vanorengerwa kuburikidza nerurimi rwaDawood (Dhavhidha) pamwe naJesu mwana waMariya. Nekuda kwekuti vakaramba kuteerera (Allah nevatumwa) uye vaive vachipfuurikidza mwero.

79. Vakanga vasingarambidzani zvakaipa zvavaiita. Zvirokwazvo, zvavaiita zvakaipa.

80. Unoona vakawanda vavo vachitora vasingatendi sevabatsiri. Zvirokwazvo, uipi ndihwo hwavakatumidza pachavo kumberi kwavo; naizvozvo kutsamwa kwaAllah kwakavawira, uye mumarwadzo vachagara.

81. Uye vangadai vakatenda muna Allah nemuporofita (Muhammad (SAW)) uye nezvakadzikiswa kwaari, vakanga vasingambotori vanhu vasingatendi sevabatsiri; asi vazhinji vavo havateereri.

82. Zvirokwazvo, muchawana vanhu vanovenga vanotenda (maMuslim) zvakasimba vari maJudha neavo vanosanganisa zvimwe zvinamatwa naAllah; uye zvirokwazvo muchawana vanhu vari pedyo muushamwari nevanotenda (maMuslim) vari avo vanoti: “Tiri maKristu.” Nekuda kwekuti pakati pavo pane vafundisi nevadzidzi, uye havazvitutumadzi.

83. Uye pavanoteerera (avo vanozviti maKristu) izvo zvatumirwa kumutumwa (Muhammad (SAW)), unoona maziso avo azere misodzi ichiyerera nemhaka yechokwadi chavanenge vaziva. Vanoti: “Tenzi vedu! Tinotenda; saka tinyorei pane avo vanopupura.”

84. “Ko nemhaka yei tisingatendi muna Allah uye neizvo zvauya kwatiri kubva muzvokwadi (chitendero cheIslaam)? Uye tinoshuvira kuti Tenzi vedu kuti vave vanotiendesawo (kuParadhiso pazuva rekumutswa) pamwe neavo vanoita mabasa akanaka (muporofita Muhammad (SAW) nevatevedzeri vake).”

85. Saka nekuda kwezvavakataura, Allah vakave vanovapa mubairo wemapindu (muParadhiso) ane nzizi dzinoyerera pasi pawo. Vachave vanogara imomo zvachose. Uye uhwu ndiwo mubairo weavo vanoita mabasa akanaka.

86. Asi avo vasingatendi uye vakaramba zviratidzo zvedu, vachazove vagari vemumoto weGehena (Jahannam).

87. Imi vatendi! Musarambidze izvo zvakachena zvose izvo Allah vakave vanobvumidza kwamuri, uye musapfuurikidze mwero. Zvirokwazvo, Allah havafarire avo vanopfuudzira mwero.

88. Uye idyai kubva pane izvo zvamapiwa naAllah, zvinobvumirwa uye zvakanaka. Uye ityai Allah avo vamunotenda mavari.

89. Allah havave vanokupai mutongo pane zvamusina kuronga mukupika kwenyu, asi vachakupai mutongo pakupika maune kwenyu. Muripo wacho (kupika maune) kupa zvokudya kuvarombo gumi, zviri pakati nepakati nezvinoenderana nezvinodyiwa mumhuri dzenyu, kana kuvapa zvipfeko kana kusunungura muranda. Asi uyo asingakwanise (izvozvo) ngaatsanye kwemazuva matatu. Uyo ndiwo muripo wekupika kwenyu kana mapika. Chengetedzai kupika kwenyu (musapike zvakanyanya). Naizvozvo Allah vanojekesa kwamuri zviratidzo zvavo kuti zvimwe mungatende.



الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

90. Imi vanotenda! Zvinodhaka, kubheja, Al-Ansaab uye Al-Azlaam (kukanda hakata mukutsvaga rombo rakanaka kana kugadzira hurongwa) mabasa aSatani. Saka zvidzivirirei (zvisiyei) kuti muve makabudirira.

91. Zvirokwazvo, Satani anoda kuisa umhandu nedaka pakati penyu kuburikidza nezvinodhaka nekubheja, uye kukudzorai mumashure kubva pakurangarira Allah uye As-Swalaah (munamato). Saka mucharega here nekuda kwenyu?

92. Zvekare teererai Allah nemutumwa (Muhammad (SAW)), uye chenjerai (zvinodhaka, kubheja neAnsaab neAzlaaam) uye mova nekutya Allah. Asi mukadzokera kumashure, zivai zvirokwazvo kuti basa remutumwa wedu kuparidza nenzira yakajeka.

93. Avo vanotenda nekuita mabasa akanaka, hapana chitadzo kwavari pane zvavakadya (zvakapfuura kumashure) kana vachitya Allah, uye vachitenda uye kuita mabasa akanaka nemazvo. Uye Allah vanoda avo vanoita mabasa akanaka.

94. Imi vanotenda! Zvirokwazvo, Allah vachakuedzai nechimwe chinhu kubva kumhuka idzo dzamunobata kana kuuraya nemaoko enyu nemapfumo enyu, kuti Allah vaedze kuti ndiani anovatya vasingaoneki. Zvadaro uyo anenge apfurikidza mwero pamberi pezvo, achawana murango unorwadza.

95. Imi vanotenda! Musava munouraya mhuka dzemusango muri muIhraam (yeHajj kana Umrah); uye uyo anenge aiuraya pakati penyu nemaune, muripo wacho mupiro unounzwa kuKa'bah uri wemhuka yakaenzana neya anenge auraya, semutongo unenge wapiwa nevarume vaviri vanovimbika pakati penyu; kana kuti semuripo, anofanirwa kupa chikafu kuvanhu varombo; kana muenzaniso wacho mukutsanya, kuitira kuti aravire hurume hwebasa rake. Allah varegerera zvakapfuura, asi uyo anozviitazve Allah vachatsiva kubva kwaari. Uye Allah ndivo mukuru-kuru, vanogona zvikuru kutsiva.

96. Zvinobvumirwa kwamuri zvipuka zvemumvura uye kuzvishandisa sechikafu, sebatsiro kwamuri nekune avo vanofamba. Asi mhuka dzemusango dzinorambidzwa kwamuri kana muri muIhraaam (yeHajj kana Umrah). Uye ityai Allah avo kwavari muchaunganidzwa.

97. Allah vakaita kuti Ka'bah, imba inoera, ive nzvimbo yerunyararo nebatsiro kuvanhu, uye vakaeresa mwedzi unoyera uye mhuka dzemipiro uye dzakaiswa michungiro (kana vanhu vakaisa michungiro pahuro dzavo kuti vazivikane senzira yekuzvichengetedza nayo), kuti muzive kuti Allah vane ruzivo rwezvose zviri kudenga nepasi. Uye kuti Allah ndivo muzivi wezvose.

98. Zivai kuti Allah vakakasharara mushamhu yavo uye kuti Allah vanokasika kuregerera, vane tsitsi dzakanyanya.

99. Basa remutumwa (Muhammad (SAW)) harisi chimwe chinhu asi kuparidza (mashoko edu). Uye Allah vanoziva zvese zvamunoburitsa nezvamunoviga.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

100. Iti (Muhammad (SAW)): “Hazvina kufanana zvakaipa nezvakachena chero zvazvo zvakaipa zvakawanda zvikakufadza.” Saka ityai Allah, imi vanhu vanonzwisisa kuti mugove munobudirira.

101. Imi vanotenda! Musave munobvunza maererano nezvinhu zvokuti zvikave zvinojekeswa kwamuri, zvinova zvinokukanganisai. Asi mukabvunza nezvazvo Qur’aan richidzikiswa, zvichave zvinojekeswa kwamuri. Allah vakazviregerera, uye Allah vanokasika kuregerera, vane ngoni zhinji.

102. Mumashure menyu, vamwe vanhu vakabvunza mibvunzo iyi, asi mune izvozvo vakapedzisira vasingatendi.

103. Allah havana kusika Baheerah, kana Saaibah, kana Waseelah, kana Haam (mhuka dzaive dzapirwa kuzvidhori zvaiitwa nemaArabhu munguva yekurasika). Asi avo vasingatendi vanounza manyepo pamusoro paAllah, uye vakawanda vacho havana kunzwisisa.

104. Uye pazvinonzi kwavari: “Huyai kune izvo Allah vakadzikisa uye kuna mutumwa (Muhammad (SAW) kuti vakupei mutemo hwezvamunorambidza).” Vanoti: “Zvakatikwanira isu izvo zvatakawana madzitateguru edu achitevedzera,” chero zvazvo madzitateguru avo aiva asina ruzivo uye gwara.

105. Imi vanotenda! Ivai munozvichengetedza. Mukatevedzera gwara (rakanaka), hapana chakaipa chinouya kwamuri kubva kune avo vakarasika. Kudzokera kwose kwenyu kuri kuna Allah, uye vachakuudzai maererano nezvose zvamaiita.

106. Imi vanotenda! Kana rufu rwasvikira mumwe wenyu, uye achinyora Wiri, (Saka) ngaatore umboo wevarume vaviri vanovimbika kubva kwamuri kana vaviri vekunze, kana muchifamba munyika uye rufu rova runokusvikirai. Movabata (uye movasimudza) vose mushure memunamato (Swalaah), (uye) kana mune rupokano (muchokwadi chavo), itai kuti vose vapike naAllah (vachiti): “Hatishuviri mubairo wepano panyika mune izvi, chero zvazvo iye (mubatsirikani) angave hama yedu. Hativigi huchapupu hwaAllah, nekuti tikadaro zvirokwazvo tinenge tiri vatadzi.”

107. Kana zvikazivikanwa kuti vaviri ava vainyepa, rega pave nevamwe vaviri vanopinda panzvimbo yavo, hama iri pedyo kubva kune avo vane kodzero. Ngavave vanopika naAllah (vachiti): “Tinotsinhira kuti huchapupu hwedu uzere kudarika vamwe vaviri ava, uye hatina kupfuurikidza (chokwadi). Zvirokwazvo kana tikadaro tinenge tiri vamwe vevatadzi.”

108. Izvo zvinounza pedyo kuti huchapupu hwavo huve muhuchokwadi, kana kuti vachatya kuti humboo hwavo hwaizotambirwa mushure mehwavo. Uye ityai Allah uye moteerera (mukutenda muna Allah). Uye Allah havatungamiri vanhu vasingateereri.

109. Pazuva iro Allah vachaunganidza vatumwa vose pamwe chete voti kwavari: “Ko mhinduro yamakawana (kubva kuvanhu) ndeipi?” Ivo vachataura kuti: “Isu hatina ruzivo, zvirokwazvo imi chete ndimi munoziva zvakavandika.”



الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

110. (Rangarirai) Apo Allah vachave vanoti (Pazuva rekumutswa): “Iwe Jesu, mwana waMariya! Rangarira chipo changu kwauri zvekare nekuna amai vako apo ndakave ndinokubatsira nemweya mutsvene (Jibreel – Gabriel (AS)) kuti uve unotaura nevanhu muhudiki wako uye muhukuru wako; uye apo takakudzidzisa kunyora, hungwaru (simba rekuti unzwisise), Torah neInjeel (Vhangeri); uye apo pawaigadzira kubva muvhu chisikwa chakafanana neshiri nekuda kwangu, uye ukave unochifuridzira mweya machiri, chikave shiri nekuda kwangu, uye ukarapa avo vakanga vasingaone, neavo vaiva nemaperembudzi nekuda kwangu, uye ukave unomutsa vafi nekuda kwangu; uye ndikave ndinokudzivirira kubva kuvana vaIzirairi apo vaida kukuuraya nekuda kwekuti wakanga wavaunzira umboo huri pachena, uye vasingatendi kubva mazviri vakati: “Hapana nezviripo kusara kwemapipi ari pachena.”

111. Uye apo ndakadzikinura (ini Allah) kuvadzidzi (vaJesu) kutenda mandiri uye nemutumwa wangu, vakati: “Tinotenda. Uye iva chapupu kuti tiri maMuslim (Vanozipira kuteerera Allah).”

112. (Rangarira) apo vadzidzi vakati: “Iwe Jesu mwana waMariya! Tenzi vako vanokwanisa here kutidzikisira tafura izere nechikafu kubva kumatenga?” (Jesu) akapindura akati: “Ityai Allah, kana zvirokwazvo muri vatendi vechokwadi.”

113. Vakati: “Tinoshuvira kudya kubva kwairi zvekare nekugutsa moyo yedu (kuti ive yakasimba pakutenda). Uye tibve taziva kuti watiudza chokwadi, uye tinobva tave pamusoro pavo vapupuri pachedu.”

114. Jesu, mwana waMariya akabva ati: “Imi Allah, Tenzi vedu! Tumirai kubva kumatenga tafura izere nechikafu, kuti ive memberero kune wekutanga newekupedzisira kwatiri uye mucherechedzo kubva kwamuri. Uye tipeiwo zvekudya, uye ndimi mupi (wezvekudya) mukuru.”

115. Allah vakati: “Ndichave ndinoitumira (tafura) kwamuri, asi kune uyo acharamba kutenda mushure mezvo, ndichave ndinomuranga nemutongo uyo usina kana ani zvake wandakambotongera kubva kuvanhu namaJinn.”

116. Uye (rangarirai) apo Allah vachati (pazuva rekumutswa): “Iwe Jesu, mwana waMariya! Ndiwe here wakati kuvanhu: “Namatai ini naamai vangu savana mwari vaviri kusiya Allah?” Achave anopindura achiti: “Rukudzo rwose ngaruve kwamuri! Handina kutaura izvo zvandisina kodzero (yekuzvitaura). Dai ndakataura zvakadaro, zvechokwadi mungadai makazviziva. Munoziva zviri mandiri kunyangwe ndisingazivi zviri mamuri. Muzvokwadi, ndimi chete munoziva zvose zvakavandika.”

117. “Handina kuve ndinovaudza kusara kweizvo imi (Allah) makave munondikomekedza kuti ndive ndiovaudza kuti: ‘Namatai Allah, Tenzi vangu uye Tenzi venyu.’ Uye ndakanga ndiri mupupuri kwavari apo pandange ndiri mavari. Asi pamakandisumudza, ndimi chete maiona zvose kubva mavari. Uye munoona zvose (muri mupupuri wezvose).” (Iyi iyambiro huru kumaKristu ese epasi rose).

118. “Kana mukavatongera marwadzo, zvirokwazvo varanda venyu; uye mukavaregerera, zvirokwazvo, ndimi chete mune masimba ose uye nehungwaru hwose.”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

119. Allah vachati: "Iri ndiro zuva rekuti vari muchokwadi vachave nekubatsirikana kubva muchokwadi chavo. Uye vachawana mapindu ane nzizi dzinoerera pasi pawo (Paradhiso). Vachave vanopindamo zvachose. Allah vachifadzwa navo, uye ivo vachifadzwa navo (Allah). Uku ndiko kubudirira kukuru (Paradhiso).

120. Allah ndivo muridzi hwematenga uye pasi rino, uye zvese zviri pakati pawo, uye vanokwanisa kuita zvinhu zvose.

# CHITSAUKO AL-AN'AAM

# (MHUKA) 6

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Kurumbidzwa nokutenda kwose ngakuve kuna Allah, avo vakasika matenga nenyika, uye vakasika rima nechaedza; kunyangwe zvazvo avo vasingatendi vachienzanisa Tenzi vavo nezvimwe zvisikwa.

2. Ndivo vakakusikai kubva muvhu, zvakare vakave vanokutarirai nguva (yekuzofa kwenyu). Zvekare kune imwe nguva yakatarwa (kuti muzomutswa mushure mekufa), asi munopokana (mune kusagutsikana) (nezuva rekumutswa).

3. Uye ndiAllah (voga vanofanirwa kunamatwa) kumatenga nepano pasi. Vanoziva izvo zvamunovanza uye izvo zvamunoburitsa, uye vanoziva izvo zvamunowana (zvakanaka kana zvakaipa).

4. Uye hapana kana ndima inouya kwavari kubva pandima dzaTenzi vavo, kusara kwekuti vanodzifuratira.

5. Zvirokwazvo, vakaramba chokwadi (Qur'aan naMuhammad (SAW)) apo pachakauya kwavari. Asi nhaurwa yemarwadzo ichauya kwavari iyo vaive vachiitsvinyira.

6. Havana here kuona kuti zvikwata zvingani zvatakave tinoparadza mushure mavo mushure mekunge tavagadzika panyika zvatisina kumbokugadzikai imi? Takave tinonaisa mvura kwavari kubva kudenga yakawanda, uye tikaita nzizi dziyerere kumucheto kwavo. Asi takavaparadza nekuda kwezvitadzo zvavo. Uye mushure mavo takave tinosika zvimwe zvikwata.

7. Uye tingadai takakutumira (iwe Muhammad (SAW)) neshoko rakanyorwa pabepa kuti vakwanise kuribata nemaoko avo, avo vasingatendi vaizoti: "Hapana nezviripo kusara kwemapipi ari pachena!"

8. Uye vanoti: "Nemhaka yei ngirozi isina kutumirwa kwaari?" Tingadai takatumira ngirozi, nyaya yacho yangadai yakatotongwa kamwe chekare, uye hapana kana nguva yavaipihwa.

الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

9. Uye tingadai takasarudza ngirozi, zvirokwazvo taimuita munhurume, uye zvirokwazvo taivadzungaidza neizvo zviri kuvadzungaidza nechakare (shoko raMuhammad (SAW)).

10. Uye zvirokwazvo vatumwa (vazhinji) mushure mako vakatsvinyirwa, asi avo vaitsvinya zvakavatenderedza izvo zvavaitsvinyira.

11. Iti (Muhammad (SAW)): “Fambai nenyika muone kuti magumo eavo vakaramba chokwadi akanga akaita sei.”

12 Iti (Muhammad (SAW)): “Ndezvaani zvose zviri mumatenga nepasi?” Iti: “Ndezva Allah. Vakazvinyorera tsitsi pachavo. Zvirokwazvo, vachakuunganidzai pazuva rekumutswa, iro pasina kupokana mariri. Avo vakazvirasisa, havafi vakatenda (muhumwechete hwaAllah, huporofita hwaMuhammad (SAW), nezuva rekumutswa).”

13. “Uye ndivo muridzi wezvose zvinorarama manheru uye masikati, uye ndivo munzwi wezvose, muzivi wezvose.”

14. Iti (Muhammad (SAW)): “Kusara kwaAllah pane here wandingatore semubatsiri, musiki wematenga nenyika? Uye ndivo vanopa chokudya asi havapihwe chekudya.” Iti: “Zvirokwazvo, ndakava ndinorairwa kuti ndive wokutanga wevanozvipira kuna Allah (semaMuslim).” Uye zvirokwazvo usava (Muhammad (SAW)) pane avo vanosanganisa Allah nezvimwe zvisikwa mukuvanamata.

15. Iti: “Zvirokwazvo ndinotya, kana ndikasateerera Tenzi vangu, marwadzo ezuva guru.”

16. Uyo anenge abviswa kwaari (marwadzo iwayo) pazuva iroro, (Allah) zvirokwazvo vanenge vamuratidza tsitsi. Uye uko ndiko kubudirira kuri pachena.

17. Uye kana Allah vakakubata nemarwadzo, hapana anogona kumabvisa kusara kwavo. Uye kana vakakubata nezvakanaka, saka ndivo vane simba rekuita zvose.

18. Uye ndivo samasimba vari pamusoro pevaranda vavo, uye ndivo vane hungwaru hwose, vane ruzivo rwezvose.

19. Iti: “Chii chinhu chikuru mukupa ufakazi?” Iti: “Allah ndivo mufakazi pakati pangu nemi. Uye Qur’aan iri rakava rinodzikiswa kwandiri kuti ndive ndinokurairai naro imi pamwe neavo kwarinosvika kwavari. Zvirokwazvo, munopa uchapupu here kuti pane vamwe vanamwari kunze kwaAllah?” Iti: “Handipe uchapupu (hwakadaro)!” Iti: “Muzvokwadi (Allah) ndiMwari mumwechete. Uye zvirokwazvo, ini handina chekuita nezvamunosanganisa navo mukumunamata.”

20. Avo vatakapa Gwaro (maJudha nemaKristu) vanomuziva (Muhammad (SAW) semutumwa hwaAllah, uye vanoziva kuti hakuna mumwe mwari kunze kwaAllah, uye kuti Islaam chitendero chaAllah), sekuziva kwavanoita vana vavo. Avo vakarasisa mweya yavo havafi vakatenda.

21. Uye ndeupi mutadzi mukuru anodarika uyo anonyepera Allah kana kuramba zviratidzo zvavo? Zvirokwazvo, avo vanoita mabasa akashata havabudirire.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

22. Uye pazuva iro ratichavaunganidza vose, uye tichati kune avo vaisanganisa (mukunamata Isu): "Varipi vamwe venyu (vamainamata) avo vamaitora (muchivasanganisa naAllah mukunamata)?"

23. Uye pachange pasina zvichemo kune avo kunze kwekuti vachati: "Tinopika naAllah, Tenzi vedu, taive tisiri avo vanhu vaisanganisa Allah nezvimwe zvinhu mukunamata."

24. Tarisa! Manyepero avanozviita pachezvavo! Asi (manyepo) achanyangarika kubva kwavari.

25. Uye pakati pavo kune avo vanokuteerera, asi takave tinoisa renda mumoyo yavo, saka havafi vakanzwisisa, uye nekusanzwa nenzeve dzavo. Uye kunyangwe vakaona zvimwe zviratidzo, havafi vakatenda mazviri; kusvika apo pavanouya kwauri vachipokana newe, vasingatendi vanoti: "Izvi hapana zviripo kunze kwekuti ingano dzevanhu vekare."

26. Uye vanorambidza vamwe vanhu kuenda kwaari (kumutevera Muhammad (SAW)), uye ivo pachezvavo vanoenda kure naye. Uye nekudaro hapana chavari kuparadza kunze kwekuzviparadza, asi havazvione.

27. Kana ukakwanisa kuona apo pavachamiswa pamberi pemoto, vachati: "Dai tikadzoserwa (panyika)! Naizvozvo hatizorambi zviratidzo zvaTenzi vedu, uye tinove vevamwe vanotenda!"

28. Asi zvavapachena kwavari izvo vaiviga mumashure. Asi kana vakadzoserwa (kunyika), muzvokwadi, vanodzokera kune izvo zvavakarambidzwa. Uye zvirokwazvo vanyepi.

29. Uye vakati: "Hakuna (umwe hupenyu) asi (watiinawo) hupenyu hwepano pasi, uye hatizofi takamutswa (pazuva rekumutswa)."

30. Dai waiona apo pavachaunzwa nekumiswa pamberi paTenzi vavo! Vachati (Allah): "Harisi here (zuva rekumutswa nekupihwa mibairo) chokwadi?" Vachati: "Zvokwadi, tinopika naTenzi vedu!" Vachati: "Saka ravidzai marwadzo nokuti maiva musingatendi."

31. Zvirokwazvo, ndivo vakarasikirwa avo vakaramba kusangana kwavo naAllah, kusvika vasingafungiri awa (yerufu) yava pavari, uye voti: "Marwadzo kwatiri! Taive tisingafungi nezvazvo", apo vanenge vakatakura mabasa avo kumisana yavo; uye mabasa avo akaipa ndiwo avanenge vakatakura!

32. Uye upenyu hwepano pasi hapana chiripo kunze kwedambe nekuzvifadza. Asi chakanyanya kunaka imba yehupenyu huchatevera kune avo vaiita zvakanaka. Asi munonzwisisa here?

33. Zvirokwazvo, tinozviziva kuti chokwadi mazwi avanotaura anokusuwisa (Muhammad (SAW)). Zvirokwazvo, havarambi iwewe, asi mirairo yaAllah avo vanoita mabasa akaipa yavanoramba.

34. Zvirokwazvo, vatumwa (vakawanda) vakarambwa mushure mako (Muhammad (SAW)), asi nekutsungirira vakagamuchira kurambwa, uye vakave vanokuvadzwa kusvika rubatsiro rwedu rwakavasvikira, uye hapana anopfuudza mashoko aAllah. Uye zvirokwazvo nyaya dzevatumwa (mushure mako) dzauya kwauri.

35. Kana kufuratira kwavo (kwauri Muhammad (SAW)) kwakakuomera (uye haukwanisi kutsungirira), saka kana uchikwanisa kutsvaga gomba rokupinda pano pasi kana manera ekuenda kudenga, kuti uve unovaunzira mucherechedzo (tsvaga, asi hauzvikwanisi, saka iva unotsungirira). Uye Allah dai vaida, vaivaunganidzira vose kunhungamiro, saka usave wevamwe vasingazivi.

36. Zvirokwazvo, ndeavo chete vanoteerera (nhaurwa yamutumwa Muhammad (SAW)) vachapindura (vachabatsirikana kubva kwadziri), asi kune avo vakafa (vasingatendi), Allah vachave vanovamutsa, uye kwavari vachave vanodzoserwa (kunopihwa mibairo yavo).

37. Uye vakati: “Sei mucherechedzo usina kudzikiswa kwaari kubva kuna Tenzi vake?” Iti: “Zvirokwazvo, Allah vanokwanisa kutumira mucherechedzo, asi vakawanda vavo havazive.”

38. Hapana chisikwa chinofamba (kurarama) pasi, kana shiri inobhururuka nemapapiro ayo maviri, asi mapoka akangofanana nemi. Hapana chatakasiya muGwaro, uye kuna Tenzi vavo vachave vanounganidzwa (vose).

39. Avo vanoramba micherechedzo yedu havanzwe uye zvimumumu murima. Allah vanoita wavanoda kuti arasike, uye vanotungamira uyo wavanoda kunzira yakatwasuka.

40. Iti (Muhammad (SAW)): “Ndiudzei kuti kana marwadzo aAllah auya kwamuri, kana awa ikauya kwamuri, muchadana mumwe here kunze kwaAllah? (Pindurai) kana muri pachokwadi!”

41. Asi kwavari vega munodaidzira, uye kana vachida vanobvisa izvo (matambudziko) zvamunodaidzira kwavari, uye panguva imweyo munobva makanganwa zvose zvamunovasanganisa nazvo (pakuvanamata)!

42. Zvirokwazo, takave tinotumira (vatumwa) kuzvikwata zvakawanda mushure mako (Muhammad (SAW)). Uye takave tinovarwadzisa nenzara (kana kushomeka kwehupfumi) uye kushaikwa kwehutano (nemarwadzo), kuti pamwe vangave vanozvininipisa.

43. Marwadzo edu paakauya kwavari, nemhaka yeyi vasina kuzvininipisa (votenda)? Asi moyo yavo yakave inoomarara, uye satani akabva anatsurudza izvo vaiita.

44. Saka pavakakanganwa (yambiro) yavakanga vayambirwa nayo, takave tinovavhurira mikova yezvose (zvinofadza), kusvikira vari pakati pemafaro avakapihwa anosuruvadza, vasingafungiri, takavatora (nemurango), uye vakabva vakandwa mumatambudziko vachidemba nekuchema chema.

45. Saka midzi yeavo vaiita mabasa akaipa yakave inodimburwa. Uye kutendwa nekurumbidzwa ngakuve kwaAllah, Tenzi venyika dzose (vanhu, maJinn uye nezvisikwa zvose).

46. Iti (kune avo vasingatendi): “Ndiudzei, kana Allah vakatora nzeve dzenyu nemeso enyu, uye zvekare vakaputira moyo yenyu, ndiani mumwe mwari kusara kwaAllah achave anozvidzorera kwamuri?” Chiona tsananguriro yatinoita zviratidzo, asi vanozvitendeukira.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

47. Iti: "Ndiudzei, kana murango hwaAllah ukave unouya kwamuri musingafungiri (husiku), kana zviri pachena (masikati), pane here vachaparadzwa kusara kweavo vanoita mabasa akaipa?"

48. Uye hatitumiri vatumwa kusara kwekuti vave vapi venhaurwa tsvene uye veyambiro. Saka uyo anotenda nekuita mabasa akanaka, pavanhu vakadaro pachange pasina kutya kana dambudziko.

49. Asi avo vanoramba zviratidzo zvedu, marwadzo achavawana nekuda kwekusatenda kwavo.

50. Iti (Muhammad (SAW)): "Handikutaurirei kuti ini ndine hupfumi hwaAllah, kana kuti ndinoziva zvakavanzika, kana kukuudzai kuti ndiri ngirozi. Asi ndinotevedzera izvo zvakave zvinodzikiswa kwandiri." Iti: "Vakafanana here uyo anoona neuyo asingaooni? Ko hamufungi here?"

51. Uye yambira naro (Qur'aan) avo vanotya kuti vachave vanounganidzwa pamberi paTenzi vavo, apo pachange pasina mubatsiri kana mumiriri wavo kusara kwavo, kuti pamwe vangave vanotya Allah uye vozadzisa zvirevo zvavo (kusiya zvitadzo uye kuita mabasa akanaka).

52. Uye usave unodzinga avo vanodaidza Tenzi vavo, mangwanani nemasikati vachitsvaga huso hwavo. Hapana chaunotongerwa pamusoro pavo, uye hapana chavanotongerwa pamusoro pako, kuti iwe uvadzinge, uye vobva wava umwe weavo vanoita mabasa akaipa.

53. Naizvozvo, takave tinoedza vamwe vavo nevamwe, kuti zvimwe vangataure kuti: "Ava ndivo (varombo vanotenda) here Allah vavakomborera kubva matiri?" Asi Allah havazivi zvakanaka here avo vanotenda?

54. Uye kana avo vanotenda muzviratidzo zvedu vauya kwauri, iti: "Salaamun Alaykum (Runyararo ngaruve kwamuri)"; Tenzi venyu vakazvinyorera tsitsi pachavo, kuti uyo pakati penyu anoita mabasa akaipa asingazivi, uye obva akumbira ruregerero nekuita mabasa akanaka (kuteerera mirairo yaAllah), uye zvirokwazvo, ndivo vanoregerera zvikuru, vane tsitsi dzakanyanya.

55. Naizvozvo takave tinotsanangura zviratidzo zvizere, kuti nzira yeavo vanoita mabasa akaipa ive inobuda pachena.

56. Iti (Muhammad (SAW)): "Zvirokwazvo, ndakave ndinorambidzwa kunamata izvo zvamunodaidza (mukunamata) kusara kwaAllah." Iti: "Handisi kuzotevedzera zvido zvenyu. Ndikave ndinotevedzera, ndinorasika, uye handizombova pane avo vakatungamirirwa."

57. Iti (Muhammad (SAW)): "Zvirokwazvo, ndine humboo uri pachena kubva kuna Tenzi vangu, asi muri kuuramba. Ini handina izvo zvamunomhanyira. Hurongwa hwese ndewaAllah, vanoburitsa chokwadi, uye ndivo vakanakisisa pavatongi vose."

58. Iti: "Ingadai ndaive neizvo zvamunomhanyira, muzvokwadi nyaya dzose dai dzakave dzinogadziriswa pakati pangu nemi, asi Allah ndivo vanoziva zvakanaka avo vanoita mabasa akaipa."

59. Uye kwavari ndiko kune svumbunuro dzezvose zvakavandika. Hapana kana ani anoziva nezvadzo kusara kwavo. Uye vanoziva zviri panyika uye nezviri mumvura. Uye hapana kana shizha rinodonha kusara kwekuti vanenge vachizviziva. Uye hapana kana mhodzi inenge iri



الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

murima rwenyika kana zvimwe zvidyarwa zvinyoro kana zvakaoma, asi kusara kwekuti zvakanyorwa mubhuku riri pachena.

60. Uye ndivo chete vanotora mweya yenyu usiku (makarara), uye vanoziva izvo zvamunenge maita panguva dzemasikati, uye vanokumutsai zvekare kuti muzadzise nguva yenyu (yekurarama) yamakatarirwa, uye (mhedzisiro yacho) kwavari ndiko kwamuchadzokera. Uye vachave vanokuudzai izvo zvamaiita.

61. Ndivo samasimba vari pamusoro pevaranda vavo, uye vanotumira vachengetedzi (ngirozi dzinochengetedza nekunyora mabasa emunhu akanaka neakaipa) kwamuri, kusvikira rufu rwasvika pane umwe wenyu, nhumwa dzedu (ngirozi yerufu nevabetseri vayo) dzinotora mweya wake, uye hadzirambe kuita basa radzo.

62. Vanobva vadzoserwa kuna Allah, Tenzi vavo vechokwadi (kuti vavape mubairo). Zvirokwazvo, hutongi ndewavo, uye ndivo muchimbidzi pakutonga.

63. Iti (Muhammad (SAW)): "Ndiani anokununurai kubva murima rwepanyika uye nemumakungwa, apo pamunoshevedzera kwavari (pachena) muchizvininipisa uye muchivande (muchiti): "Zvirokwazvo, vakave vanotinunura kubva pane matambudziko aya, zvirokwazvo, tichange tiri pane avo vanopa kutenda."

64. Iti (Muhammad (SAW)): "Allah vanokununurai kubva kuizvi uye kubva mune matambudziko ose, asi imi munovasanganisa nezvimwe (zvinamatwa) pakuvanamata."

65. Iti (Muhammad (SAW)): "Vane masimba ekukutumirai marwadzo kubva pamusoro penyu, kana pasi pemakumbo enyu, kana kukuitai kuti muparadzane muve zvikwata-zvikwata, uye voita kuti vamwe venyu varavire marwadzo kubva kune vamwe." Tarisa matsananguriro atinoita zviratidzo, kuti pamwe vangave vanonzwisisa.

66. Asi vanhu vako (Muhammad (SAW)) vanoriramba (Qur'aan), asi iro riri chokwadi. Iti: "Handisi muchengetedzi wenyu."

67. Munhaurwa dzose mune nguva yakatarwa. Naizvozvo muchazviziva.

68. Uye ukaona (Muhammad (SAW)) avo vanotaura zvekunyeperana pamusoro pezviratidzo zvedu (zvemu Qur'aan) vachizvitsvinyira, ibva padyo navo kusvikira vasandura nyaya. Asi kana satani akaita kuti ukanganwe, saka mushure mekurangarira usave unogara neavo vanhu vanoita mabasa akaipa.

69. Avo vanotya Allah, vachiita mabasa akanaka uye vachisiya akaipa, havana chinhu chekuita navo (vasingatendi), asi chavo kuvarangaridza, kuti pamwe vangatya Allah (uye vosiya kutsvinyira Qur'aan). (Murairo hwendima iyi hwakabviswa nendima 4: 140).

70. Uye siyana neavo vanotora chitendero chavo sedambe kana kunakidzwa, uye neavo vanonyengedzwa nehupenyu hwepasi pano. Asi vayeuchidze naro (Qur'aan), kuti munhu ave anoparadzwa nekuda kwezvakawana, apo achange asina kana muchengeti kana mumiriri kusara kwaAllah. Kunyangwe akaedza kupa chero mubairo (kuti asapinzwe kuGehena),

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

haumbotambirwi kubva kwaari. Ava ndivo vachaparadzwa nekuda kwezvavaiita. Vachave vanopihwa sezvinwiwa mvura inopisa zvakanyanya uye nemutongo unorwadza nekuda kwekuti vaisatenda.

71. Iti (Muhammad (SAW)): "Todaidza here zvimwe zvisiri Allah, izvo zvingatibatsire kana kuti kuvadza, kana kuti todzokera kumashure mushure mekunge Allah vatitungamirira here? Seuyo vanaDhiyabhorosi vakave vanomutungamira kunzira yakaipa munyika ari muchidzimaidzwa. Shamwari dzake dzichimudaidzira kunhungamiro (vachiti): 'Huya kwatiri.'" Iti: "Zvirokwazvo, nhungamiro yaAllah ndiyo nhungamiro yega, uye takave tinokomekedzwa kuzvipira kuna Tenzi venyika dzese (vanhu, maJinn nezvisikwa zvese);"

72. "Uye kuita Swalaah (Munamato), kuteerera Allah uye nekuvatya. Uye kwavari ndiko kwamuchaunganidzwa."

73. Muzvokwadi ndivo vakasika matenga nepasi, uye pazuva iro (rekumutswa kubva mukufa) vachati: "Ivapo!", uye robva ravapo! Shoko ravo ndere chokwadi. Ndivo muridzi wezuva iro richaridzwa hwamanda. Muzivi wazvose zvakavandika nezviri pachena. Uye vane hungwaru hwose, vanoziva zvose.

74. Uye (rangarirai) apo Abrahamu akati kuna baba vake Aazar: "Muri kutora here zvidhori sevanamwari? Zvirokwazvo, ndiri kuona imi nevanhu venyu makarasika zviri pachena."

75. Saizvozvo takave tinoratidza Abrahamu humambo wematenga nepasi rino kuti azove pakati peavo vanotenda zvikuru.

76. Paakafukidzwa nerima reusiku akaona nyeredzi, akabva ati: "Uyu ndiye Tenzi wangu." Asi payakanyura akabva ati: "Handidi izvo zvinonyura."

77. Paakazoona mwedzi wobuda akabva ati: "Uyu ndiye Tenzi wangu." Asi pawakanyura akabva ati: "Kusara kwekuti Tenzi vangu vanditungamira, zvirokwazvo ndichave pakati peavo vanhu vakarasika."

78. Paakazoona zuva robuda akabva ati: "Uyu ndiye Tenzi wangu. Uyu mukurusa." Asi parakanyura akabva ati: "Imi vanhu vangu! Zvirokwazvo, ndakasununguka kubva pane zvose zvamunosanganisa (naAllah pakumunamata)."

79. "Zvirokwazvo, ndave ndinotendeudza huso hwangu kwavari, avo vakasika matenga uye nepasi, ndichivanamata vari voga, uye handisi pakati peavo vanovasanganisa nezvimwe zvinhu (pakuvanamata)."

80. Uye vanhu vake vakapokana naye, ndokubva ati: "Mungapokane neni maererano naAllah avo vave vanonditungamira, uye hapana kana chandinotya pane izvo zvamunovasanganisa nazvo (Allah pakunamata), kusara kwekuti kana Tenzi vangu vachida chimwe chinhu. Tenzi vangu ndivo vane ruzivo rwezvose. Ko hamurangarire here?"

81. "Ko ndingave ndinotya sei izvo zvamunosanganisa naAllah pakuvanamata (kunyange zvisingabatsiri kana kukuvadza), asi imi hamuchityi kuti muri kusanganisa naAllah

pakuvanamata izvo zvavasina kutumira bvumo kwamuri. Saka nderipi bato pamapato maviri rine kodzero yechengetedzo kana muchiziva?"

82. Avo vanotenda (muhumwechete hwaAllah), uye vasingakanganisi kutendeseka kwavo nemabasa akaipa (kunamata zvimwe zvisiri Allah), kwavari (chete) kuchave nekuchengetedzwa uye ndivo vakatungamirirwa.

83. Uye uhwo ndiwo wakange uri humboo wedu watakapa Abrahamu kuvanhu vake. Tinosimudzira uyo watinoda muzvinhando. Zvirokwazvo, Tenzi vako ndivo vane hungwaru hwose, vanoziva zvose.

84. Uye takave tinomupa Isaka naJakobho, umwe neumwe wavo tikave tinomutungamira; uye mushure make Nowa takamutungamirira; uye kubva pavana vake Dhavhidha, Soromoni, Jobho, Josefa, Musa uye naAroni (takavatungamirira). Uye saizvozvo tinopa mubairo kune avo vanoita mabasa akanaka.

85. Uye Zakariya (Zakero), Yahya (Johwani), Jesu uye Eriya, umwe neumwe wavo ainge weavo vakanaka.

86. Uye Ismail (Ishumaeri), Al-Yasa (Elaisha), Yunus (Johwana), uye Loti, umwe neumwe wavo takave tinomusarudza pamusoro pezvinhu zvose (vanhu nemaJinn enguva yavo).

87. Uye nevamwe vevanababa vavo uye vana vavo uye nemadzikoma avo (hama dzavo), takavasarudza, uye tikavatungamira kunzira yakatwasuka.

88. Iyi ndiyo nhungamiro yaAllah iyo yavanotungamira nayo uyo wavanoda kubva kuvaranda vavo. Asi kana vakasanganisa vamwe mukunamata Allah, zvose zvavaiita hazvaive nebatsiro kwavari.

89. Ndeavo vatakapa Bhuku, njere (kuti vanzwisise mitemo yechitendero), uye huporofita. Asi kana ava (vasingatendi) voregа kutenda mazviri (Bhuku, Njere, neHuporofita), saka, zvirokwazvo takave tinozvipa kune vanhu (sevabatsiri vamuporofita Muhammad (SAW)) avo vasiri vanhu vasingatendi mazviri.

90. Ndeavo vanhu Allah vavakatungamira. Saka tevedzerai gwara ravo. Iti: "Hapana mubairo wandinokukumbirai pamusoro paro (Qur'aan). Rinongove chete yeuchidzo kuvanhu nemaJinn."

91. Ivo (maJudha nemaQuraish vasingatendi vanamati vezvidhori) havana kuedza Allah nemuedzo wesimba raAllah (Havana kupa Allah chinzvimbo chavo chechokwadi) apo vakati: "Hapana chinhu chakatumirwa naAllah kumunhu (nenhaurwa)." Iti (Muhammad (SAW)): "Saka ndiani akatumira Bhuku iro Musa akaunza, sechiedza nenhungamiro kuvanhu iro imi (maJudha) makapatsanura kuisa pamapepa, muchiburitsa (mamwe acho) uye muchivanza akawanda? Uye imi (vatendi muna Allah uye nemutumwa wavo) makadzidziswa (kuburikidza neQur'aan) izvo imi maisaziva kana vanababa venyu." Iti: "Allah (ndivo vakaritumira)." Saka vasiye vatambe mukutaura kwavo.

92. Uye iri (Qur'aan) iBhuku rakaropafadzwa iro ratakadzikisa, richitsinhira (nhaurwa) dzakauya mushure maro, kuti muve munopa yambiro kuna Mai vemaguta (Makkah) uye neavo

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

vakarikomberedza. Avo vanotenda muhupenyu hwemangwana, vanotenda mariri (Qur'aan), uye vanochengetedza minamato (Swalaah) yavo.

93. Uye ndiani anodzvinyirira kudarika uyo anogadzirira Allah manyepo, kana kuti anoti: "Nhaurwa yauya kwandiri", apo pasina kana chinhu chauya kwaari; kana uyo anoti: "Ndichave ndinodzikisa nhaurwa yakafanana neyakadzikiswa naAllah." Asi dai waikwanisa kuona avo vanoita mabasa akashata vari mumatambudziko emarwadzo erufu, uye ngirozi dzakatambanudza maoko adzo (dzichiti): "Hunzai mweya yenyu! Zuva ranhasi muchave munopihwa murango wekudzikisirwa nekuda kwezvamaitaura zvakaipa pamusoro paAllah kusiya chokwadi. Uye mairamba mirairo yaAllah zvisina rukudzo."

94. Uye zvirokwazvo mauya kwatiri muri moga (musina hupfumi, vaperekedzi kana chimwe chinhu) semasikiro atakakuitai pakutanga. Uye masiya zvose zvataive takupai. Uye hatisi kukuonai nevamiriri venyu avo vamaiti ndevamwe vaAllah. Zvirokwazvo, izvozvi hukama huri pakati penyu navo hwagurwa, uye zvose zvamaitaura zvanyangarika kubva kwamuri.

95. Zvirokwazvo, ndiAllah vanoita kuti mhonzi yezvirimwa neyemichero ivhurike nekukura. Vanounza vapenyu kubva kuvafi, uye ndivo vanounza vafi kubva kuvapenyu. Ava ndivo Allah, saka sei muchibva kuchokwadi?

96. (Ndivo) Muunzi wemangwanani. Uye vakave vanoita kuti husiku huve wekuzorora, uye zuva nemwedzi sezvekuverengera (mazuva, miedzi, nemakore). Uku ndiko kuera kwaSamasimba, muzivi wezvose.

97. Uye ndivo vakakugadzikirai nyeredzi, kuti muve munozvitungamira nadzo murima repasi nemumvura. Zvirokwazvo, takave ndinotsanangura micherechedzo yedu kune vanhu vanoziva.

98. Uye ndivo vakasika imimi kubva kune munhu mumwe (Adam), uye vakakupai nzvimbo yekugara (pasi pano kana mudumbu maamai) uye nzvimbo yekuchengeterwa (muvhu (mumakuva enyu) kana kumisana yanababa venyu). Zvirokwazvo, tave tinotsanangura zvizere mirairo yedu (Qur'aan iri) kune vanhu vanonzwisisa.

99. Ndivo vanotumira mvura kubva kudenga, uye nayo tinounza zvirimwa zvendudzi dzose, uye kubva mazviri tinounza huswa hwakasvibira nekuunza zvirimwa zvakasvika zvakabatana. Uye kubva kumiti yemaDheti kumapazi ayo panobuda michero yemaDheti yakaungana yakabatira pazasi uye pedyo, uye nemapindu emagirepisi, maOrivhi nechibage chechirungu, chimwe chakafanana (mundudzi) asi zvakasiyana (muhukuru uye mukutapira). Tarisai michero yacho kana yokura uye nekuibva kwayo. Zvirokwazvo, muzvinhu izvi ndimo mune micherechedzo kune avo vanhu vanotenda.

100. Asi vanobatanidza maJinn sevabatsiri mukunamata Allah, asi ivo vakaasika (maJinn), uye vanotumidza mukuburikidza manyepo vasina ruzivo vanakomana nevanasikana kwavari. Rukudzo kwavari uye ndivo mukuru pane izvo (zvakaipa) zvavanomutumidza.

101. Ndivo musiki wematenga uye nenyika. Saka vangave nevana chirudzii ivo vasina mukadzi? Vakasika zvinhu zvose uye ndivo muzivi wezvose.

102. Ava ndivo Allah, Tenzi venyu! Laa ilaaha illaa Huwa (Hakuna mumwe anekodzero yekunamatwa kunze kwavo), Musiki wezvose. Saka vanamatei (ivo chete), uye ndivo muchengeti wezvose.

103. Maziso hakwanisi kuvaona, asi ivo vanoona zvose. Ndivo vane ruremekedzo rwose, vanoziva zvose.

104. Zvirokwazvo, humboo hwauya kwamuri kubva kuna Tenzi venyu, saka kune uyo anenge aona achaita izvozvo (zvakanakira) iye pachezvake, uye uyo anove anozvipofomadza, achazvikuvadza pachezvake, uye inini (Muhammad (SAW)) handisi muchengeti wenyu.

105. Saizvozvo tinotsanangura ndima kuti ivo (vasingatendi) vazoti: "Wakave unodzidza (maGwaro evanhu veGwaro uye ukaunza Qur'aan kubva maari)", uye kuti tive tinoita nyaya yacho ive pachena kune vanhu vane ruzivo.

106. Tevedzera izvo zvadzikiswa kwauri (Muhammad (SAW)) kubva kuna Tenzi vako. Laa ilaaha illaa Huwa (Hakuna ane kodzero yekunamwatwa kunze kwavo), uye ibva kune vanamati vezviumbwa.

107. Uye dai Allah vaida, havaitora vamwe kunze kwavo mukunamata. Uye hatina kuti uve mutarisi wavo kana muchengeti wavo.

108. Uye usave unotsvinyira izvo zvavanonamata (vasingatendi) kunze kwaAllah, nekuti vanogona kutsvinyira Allah mune zvakaipa vasina ruzivo. Saizvozvo takave tinonatsurudzira rwudzi rwega-rwega izvo zvavanoita; uye mushure kuna Tenzi vavo vachadzokera, uye vachave vanovaudza zvose zvavaiita.

109. Uye vanopika muzvirokwazvo naAllah, kuti dai mucherechedzo ukauya kwavari, muzvokwadi vanotenda mauri. Iti: "Zvirokwazvo micherechedzo ina Allah, uye chii chinokuitai imi (maMuslim) muve nechivimbo (kunyangwe) kana (mucherechedzo) wauya, havatendi?"

110. Uye tichave tinofuratirisa moyo nemeso avo (kubva kugwara) nemhaka yekuramba kutenda mavari (Allah) pakutanga, uye tichavasiya vachiraudzira kuti vave vanodzungaira muhubofu.

111. Uye kunyangwe dai takavatumira ngirozi, kana kuti vakafa vakataura navo, uye tikaunganidza (zvatakasika) zvose pamberi pavo, havaizotenda kunze kwekuti Allah vada, asi vazhinji vavo havazivi.

112. Uye saizvozvo takava tinoisa kumutumwa wese vavengi, mweya yakaipa kubva muvanhu nemumaJinn, vachikurudzirana nemashoko akashongedzwa senzira yokunyengedzana. Dai Tenzi vako vakada, dai vasina kuzviita. Naizvozvo vasiye vakadaro nemanyepo avo.

113. Uye kuitira kuti moyo yeavo vasingatendi muhupenyu hunotevera irerekere kwaari (manyepo), uye kuti igutsikane navo, uye kuti varambe vachiita zvavarikuita (mabasa ose akaipa).

114. (Iti Muhammad (SAW)): "Pane mumwe mutongi here wandingatsvage kunze kwaAllah, asi vari ivo vakatumira kwamuri Gwaro (Qur'aan) rakatsanangurwa zvizere?" Uye avo vatakapa Gwaro

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

(Torah neVhangeri) vanoziva kuti rakava rinodzikiswa muchokwadi kubva kuna Tenzi vako. Naizvozvo usave muboka reavo vanogunun'una.

115. Uye shoko raTenzi vako rakava rinodzikiswa muchokwadi nekuenzaniswa. Hapana angakwanise kushandura mashoko avo. Uye ndivo munzwi nemuzivi wezvose.

116. Uye ukava unotevedzera vazhinji veavo vari panyika, vanokubvisa munzira yaAllah. Hapana chavanotevedzera kunze kwefungidziro, uye hapana chimwe chavanoita kunze kwekunyepa.

117. Zvirokwazvo, Tenzi vako ndivo vanozivisisa uyo akarasika kubva munzira yavo, uye ndivo vanozivisisa avo vakatungamiririrwa (mugwara rakatwasuka).

118. Saka idyai (nyama) iyo zita raAllah rakataurwa pamusoro payo (pakuuraiwa), kana muri vatendi muzviratidzo zvavo.

119. Uye chii chinokutadzisai kudya (nyama) iyo zita raAllah rakataurwa pamusoro payo (pakuuraiwa), asi vari ivo vakakutsananguriral zvizere zvavakakurambidzai, kusara kwekunge vamanikidzirwa kwazviri (nemamiriro ezvinhu)? Uye zvirokwazvo vazhinji vanorasisa (vanhu) nezvido zvavo vasina ruzivo. Zvirokwazvo, Tenzi vako ndivo vanozivisisa avo vanoita zvivi.

120. Uye (vanhu) siyai zvivi, zviri pachena kana zvakavandika. Zvirokwazvo, avo vanoita zvivi, vachawana mugove unoenderana nezvavaiita.

121. Uye musadye (imi vanotenda) (nyama) isina kutaurwa zita raAllah pamusoro payo (pakuuraiwa), uye zvirokwazvo chitadzo chikuru. Uye zvirokwazvo vanadhiyabhorosi (vana Satani) vanokurudzira shamwari dzavo (kubva muvanhu) kuti vapokane nemi, uye mukave munovateerera (nekudya nyama isina kuuraiwa muzita raAllah), munozova maMushrikoon (Vanonamata Allah nezvimwe zvisikwa. Sezvo kuteerera vanaDhiyabhorosi neshamwari dzavo kuvanamata).

122. Uye uyo akanga akafa (asina kutenda maari), uye tikava tinomupa hupenyu (ruzivo nekutenda), uye tikava tinomugadzirira chiedza kuti akwanise kufamba pakati pevanhu, akafanana here neuyo ari murima (rekusatenda) maasingazofa akabuda? Saizvozvo avo vasingatendi vanonatsurudzirwa izvo zvavaiita.

123. Zvakadaro takava tinoisa mudhorobha rimwe nerimwe vaipi vakuru kuti vave vanoronga (zvakaipa) mariri. Asi hapana chavanoronga (chakaipa), kusara kwezvavanozvirongera pachavo, asi havazvicherechedze.

124. Uye panouya chiratidzo kwavari (kubva kuna Allah) vanoti: "Hatisi kuzotenda kusvika tagamuchira zvakafanana neizvo zvakagamuchirwa nevatumwa vaAllah." Allah vanozivisisa akakodzera kutakura shoko ravo. Kudzikisirwa nekushorwa kubva kuna Allah pamwechete nemutongo wakaomesesa zvichave zvinowira vatadzi nekuda kweizvo zvavaironga (zvakaipa).

125. Uye uyo Allah wavada kutungamirira, vanozarurira moyo wake kuIslaam; uye uyo wavada kuti arasike vanovhara nekutinya moyo wake, sekunge ari kukwira achienda kudenga. Saizvozvo Allah vanoisa kutsamwa kune avo vasingatendi.



NEW & EXCLUSIVE

126. Uye iyi ndiyo nzira yaTenzi vako (Islaam) yakatwasuka. Zvirokwazvo, tava tinotsanangudza zvizere zviratidzo zvedu kune avo vane hanya (vanorangarira).

127. Vachazove neimba yerunyararo (Paradhiso) kuna Tenzi vavo. Uye vachazova Wali vavo (muchengetedzi uye mubatsiri) nokuda kwezvavaiita.

128. Uye pazuva iro ravachavaunganidza vese (vachati): "Imi gungano remaJinn! Zvirokwazvo, vakawanda vamakabvisa kubva mugwara (rakatwasuka) kubva muvanhu." Vabatsiri neshamwari dzavo kubva muvanhu vachati: "Tenzi vedu! Vamwe vedu vakave vanobatsirikana kubva kuvamwe, asi iyezvino tasvika panguva iyo yamakatitarira." Vachati (Allah): "Moto ndiyo nzvimbo yenyu yekugara, muchagara imomo zvachose, kunze kwekuti Allah vada. Zvirokwazvo, Tenzi vako ndivo vane hungwaru neruzivo rwese."

129. Uye saizvozvo tinoita vamwe veavo vanoita zvakaipa vabatsiri vevamwe (vanoita zvakaipa) nokuda kweizvo zvavaiwana.

130. "Imi gungano remaJinn nevanhu! Hakuna kuuya vatumwa here kubva mamuri, vachikuverengerai ndima dzangu uye nekukuyambirai maererano nezvezuva rekuungana kwenyu iri (Qiyaamah)?" Vachati: "Tinopa huchapupu takazvinanga pachedu (nezvataiita)." Uye hwakanga huri hupenyu hwepano pasi hwakavanyengedza. Uye vachapa huchapupu vakazvinanga pachezvavo kuti vakanga vasingatendi.

131. Nokuti Tenzi vako havaizoparadza madhorobha nokuda kwezvivi zvavo (kusanganisa Allah nezvimwe zvisikwa mukunamata) vanhu vacho vasingazvizivi (saka vatumwa vakatumirwa).

132. Uye vose vachava nezvidanho zvinoenderana nezvavaiita. Uye Tenzi vako vanoziva zvavanoita.

133. Uye Tenzi vako mupfumi (vane zvose), vane nyasha zhinji. Kana vachida vanokwanisa kukuparadzai, uye voisa wavanoda pachinzvimbo chenyu sevatevedzeri venyu, sekukusikai kwavakaita kubva mumbeu yevamwe vanhu.

134. Zvirokwazvo, zvamurikuvimbiswa zvichava zvinoitika, uye hamumbokwanisi kupunyuka (kubva kumutongo hwaAllah).

135. Iti (Muhammad (SAW)): "Imi vanhu vangu! Shandai zvinoenderana nenzvimbo dzenyu, zvirokwazvo ini ndirikushanda (zvinoenderana nechinzvimbo changu), uye nenguva isipi muchaziva achava nemagumo (akanaka) muhupenyu huchatevera. Zvirokwazvo, vatadzi havazombofa vakabudirira."

136. Uye vanogovera Allah chidimbu chezvavanowana kubva muminda nemombe idzo dzavakasika, uye vanoti: "Izvi ndezva Allah zvichienderana nemafungiro avo, uye izvi ndezve shamwari dzedu (zvisikwa zvavanosanganisa naAllah). Asi chidimbu cheshamwari dzavo hachimbosviki kuna Allah; asi chidimbu chaAllah, chinosvika kune shamwari dzavo (vanamwari vavo)!" Nzira yavanotonga nayo ndiyo yakaipa!

137. Uye saizvozvo, shamwari dzavo (zvisikwa zvavanonamata) dzinovanatsurudzira vazhinji vemaMushrikoon (avo vanosanganisa Allah nezvimwe zvisikwa mukunamata) kuuraya vana

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

vavo, dzichivaita kuti vave vanozviparadza pachavo uye kuvadzungaidza muchitendero chavo. Uye dai Allah vaida, havaikwanisa kuzviita. Naizvozvo, vasiyei vakadaro nemanyepo avo.

138. Uye zvichienderana nemaonero avo, vanoti: "Mhuka idzi nezvirimwa izvi hazvibvumirwi, uye hakuna anodya kubva kwazviri kunze kweavo vatinobvumira." Uye (vanoti) pane mombe dzisingatenderwi kushandiswa, uye nemombe dzavasingatauri zita raAllah pamusoro padzo (pakudziuraya), vachinyepera Allah. Vachavapa mubairo wavo nokuda kweizvo zvavainyepa.

139. Uye vanoti: "Izvo zviri mumatumbu emombe dzakati nedzakati (mukaka nechimhuru) ndezvevarume chete, uye zvinorambidzwa kune vakadzi, asi chikazvarwa chakafa, vose vane kodzero machiri." Vachava vanovaranga nekuda kweunyengedzi hwavo (manyepo avanoitira Allah). Zvirokwazvo, ndivo vane hungwaru hwose, muzivi wazvose.

140. Zvirokwazvo, vakarasika avo vakauraya vana vavo nekusafunga kwavo zvakanaka nekushaya ruzivo, uye vakarambidza zvavakapihwa naAllah vachinenedzera manyepo kuna Allah. Zvirokwazvo, vakava vanorasika uye vakanga vasina kutungamiririrwa.

141. Uye ndivo vanogadzira mapindu akarereka kana asina, uye nemiti yemadheti, nezvirimwa zvakasiyana zvimiro nemanakiro, nemaOrivhi, nechibage chechirungu, zvakafanana zvimiro uye zvakasiyana manakiro. Idyai michero yayo (miti) kana ichinge yaibva, asi bvisai chipo (Zakaah zvichienderana nemitemo yaAllah, chikamu chimwe kubva muzvikamu gumi (1/10) kana chikamu chimwe kubva muzvikamu makumi maviri (1/20)) pazuva rekukohwa kwayo, uye musave munoshandisa zvakapfurikidza (kutambisa). Zvirokwazvo, (Allah) havadi avo vanoshandisa zvakapfurikidza.

142. Uye kubva kune zvipfuyo (kune izvo) zvinoshandiswa kutakura mutoro (sengamera) uye neizvo zvidiki (zvisingakwanise kutakura zvakaita sembudzi nehwai zvinoshandiswa sechikafu). Idyai kubva mune izvo zvamakapihwa naAllah, uye musave munotevera matsimba aDhiyabhorosi (Satani). Zvirokwazvo, muvengi ari pachena kwamuri.

143. Mapeya masere; ehwai mbiri (hono nehadzi), neembudzi mbiri (hono nehadzi). Iti: "Vakava vanorambidza hono mbiri here kana hadzi mbiri, kana kuti zvinotakurwa nehadzi mbiri (vana)? Ndizivisei neruzivo kana muri pachokwadi."

144. Uye kubva kungamera mbiri (hono nehadzi), uye kubva kumombe mbiri (hono nehadzi). Iti: "Vakarambidza here (Allah) hono mbiri kana kuti hadzi mbiri, kana izvo zvakavharirwa mumatumbu ehadzi mbiri? Kana kuti maivepo here Allah pavakukomekedzai izvi? Saka ndeupi anokanganisa kudarika uyo anogadzira manyepo akananga Allah, kuti ave anobuditsa vanhu munzira yaAllah asina ruzivo? Zvirokwazvo, Allah havatungamire vanhu vanotadza."

145. Iti (Muhammad (SAW)): "Handioni chakarambidzwa kudya kune uyo anoda kudya, kune izvo zvakadzikiswa kwandiri, kusara kwemhuka yafa yoga, kana musiya (ropa rakadeutswa), kana nyama yenguruve, zvirokwazvo zvakasviba uye haibvumidzwi nyama inouraiwa semupiro kune vamwe kusara kwaAllah (kana yaurairwa zvidhori kana kuti zita raAllah harina kutaurwa pakuuraiwa kwayo). Asi uyo anomanikidzwa nemamiriro ezvinhu asina chishuvo chekusateerera,

kana kutyora mutemo (wakatarwa), (kwaari) zvirokwazvo Tenzi vako ndivo vanoregerera zvikuru, vane nyasha zhinji."

146. Uye kune maJudha takava tinovarambidza mhuka yose ine mahwanda asina kuparadzana, uye takavarambidza mafuta emombe neehwai kusara kwemafuta anenge ari pamisana kana matumbu adzo, kana anenge akasangana nemapfupa. Izvo takavapa semugove wavo nekuda kwemabasa avo (sekuuraya maporofita nekudya mari yechimbadzo). Uye zvirokwazvo tiri pachokwadi.

147. Kana (MaJudha) vakakuramba (Muhammad (SAW)) iti: "Tenzi venyu ndivo muridzi wenyasha zhinji, uye tsamwa dzavo hadzizombobviswi kubva kune vanhu vanotadza."

148. Avo vanosanganisa Allah nezvisikwa (mukunamata) vachati: "Dai Allah vaida, tingadai tisina kuvasanganisa nezvimwe zvisikwa (mukuvanamata), kunyangwe madzibaba edu, uye hapana chatingadai takarambidza." Saizvozvo vakanga varipo ivo vasati vavepo vakaramba, kusvika varavira mutongo wedu. Iti: "Mune ruzivo here (humboo) rwamungakwanise kubuditsa pamberi pedu? Zvirokwazvo, hapana chamunotevedzera kusara kwefungidziro, uye hapana chamunoita kusara kwemanyepo."

149. Iti: "Allah ndivo vane humboo hwose hwakazara (humwechete hwaAllah, kutumirwa kwevatumwa vavo nemagwaro matsvene kuvanhu). Dai (Allah) vaida, zvirokwazvo vangadai vakakutungamirai mose."

150. Iti: "Ndipei vapupuri venyu, vangapupure kuti Allah vakava vanorambidza izvi." Kana vachinge vapupura, usava unopupura (Muhammad (SAW)) pamwechete navo. Uye usava unotevedzera zvido zvemoyo yeavo vanoramba zviratidzo zvedu, neavo vasingatendi muhupenyu huchatevera, uye vanoenzanisa Tenzi vavo nezvimwe zvisikwa mukunamata.

151. Iti (Muhammad (SAW)): "Huyai, ndichakuverengai zvamakarambidzwa naTenzi venyu; kuti musava munovasanganisa nechimwe chinhu mukunamata; mova munoitira vabereki venyu zvakanaka; musave munouraya vana venyu nekuda kwehurombo, Tisu tinokupai raramo imi pamwechete navo (vana); musave munoswedera pedyo neAl-Fawaahish (zvinonyadzisa, zvitadzo zvikuru kana cheupombwe) kunyangwe zvichiitwa pachena kana pakavanzika; uye musave munouraya uyo akarambidzwa naAllah kusara kwekunge pane chikonzero (chinoenderana nemutemo hweIslaam). Izvi vakakukomekedzai (Allah) kuti zvimwe munganzwisise."

152. "Uye musave munoswedera pedyo nehupfumi hwenherera, kusara kwekuti muchida kuhuwedzera mune zvakanaka, kusvika abva zera; uye zadzikisai chikero mova munoera mune zvakanaka. Hatipi munhu mutoro kusara kwewaanokwanisa kutakura. Uye kana muchitaura muchiyananisa, taurai chokwadi kunyangwe iri hama yepedyo; uye zadzikisai chibvumirano chaAllah. Izvi (Allah) vanokukomekedzai kuti zvimwe mungarangarire."

153. "Uye zvirokwazvo, iyi ndiyo nzira yangu yakatwasuka (yataurwa mundima 151 ne 152), naizvozvo iteverei, uye musave munotevera dzimwe nzira, nokuti dzichakubvisai kubva munzira yavo (Allah). Izvi (Allah) vakakukomekedzai kuti zvimwe mungave munotya."

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

154. Zvakare, takava tinopa Musa, Gwaro (Torah) kuti rive rinozadzikisa (zvipo zvedu) pane avo vachaita zvakanaka, uye richitsanangura zvinhu zvose zvizere, uye segwara nenyasha kuti zvimwe vangava vanotenda mukusangana naTenzi vavo.

155. Uye iri ndiro Gwaro Dzvene (Qur'aan) ratakadzikisa, naizvozvo ritevedzerei uye ityai Allah (musave munotyora mitemo yavo), kuti zvimwe mungagamuchire nyasha (kununurwa kubva kumarwadzo eGehena).

156. Pamwe mungati (maArabhu akanga asingatendi muchitendero): "Bhuku rakave rinotumirwa chete kumapato maviri (MaJudha nemaKristu) mushure medu, uye hatina zvataiziva maererano nezvavaifunda."

157. Kana pamwe mungati (maArabhu akanga asingatendi muchitendero): "Dai Bhuku rakatumirwa kwatiri, zvirokwazvo dai takatungamiririrwa kudarika ivo (maJudha nemaKristu)." Saka zvakadaro, chiratidzo chiri pachena (Qur'aan) chave chinouya kwamuri kubva kuna Tenzi venyu, pamwe nekutungamirirwa netsitsi. Saka ndeupi anotadza kupfuura uyo anoramba zviratidzo zvaAllah obva azvifuratira? Tichave tinobhadhara avo vanofuratira zviratidzo zvedu nemutongo wakaomarara, nokuda kwekufuratira kwavo (zviratidzo zvedu).

158. Vane here chavangamirire kusara kwekuti ngirozi dziuye kwavari, kana kuti Tenzi vako vauye, kana kuti zvimwe zvezviratidzo zvaTenzi vako zviuye? Zuva iro zvimwe zvezviratidzo zvaTenzi vako zvichauya, hapana zvakanaka zvazvichaita kuti munhu atende ipapo, kana asina kutenda kumashure, kana kuita zvakanaka nokuda kwekutenda kwake. Iti: "Mirirai, zvirokwazvo isu takamirirawo."

159. Zvirokwazvo, avo vanopatsanura chitendero chavo voita mapoka akasiyana, hauna (Muhammad (SAW)) chero chinhu chekuita navo. Zvirokwazvo, hwurongwa hwavo hwuna Allah, avo vachavaudza maererano neizvo zvavaiita.

160. Uyo anouya nebasa rimwe chete rakanaka, achava negumi akafanana naro (basa rimwe chete rakanaka), uye kune uyo anouya nebasa rimwe chete rakaipa, haapihwi mubairo kunze kwewakafanana naro (basa rakaipa), uye havasi kuzodzvanyiririrwa.

161. Iti (Muhammad (SAW)): "Zvirokwazvo, Tenzi vangu vakanditungamirira mugwara rakatwasuka, muchitendero chechokwadi, chitendero chaAbrahamu chakatwasuka (kutenda muhumwechete hwaAllah nekuvanamata vari voga), uye akanga asiri umwe wemaMushrikoon (avo vanosanganisa Allah nezvimwe zvinhu pakuvanamata)."

162. Iti (Muhammad (SAW)): "Zvirokwazvo, munamato wangu, kupira kwangu, kurarama kwangu, uye nekufa kwangu ndezvaAllah, Tenzi vepasi rose."

163. "(Allah) havana mufambidzani. Uye kudaro ndakakomekedzwa, uye ndini wokutanga kune avo vakazvipira (maMuslim)."

164. Iti: "Pane here wandingatsvage saTenzi kunze kwaAllah, vari ivo Tenzi wezvose? Hapana munhu anowana (chivi) kusara kwekuti chakanangana naiye. Uye hapana mutakuri wemutoro achatakura



الجديد و الحصري NEW & EXCLUSIVE

mutoro wemumwe. Zvakare kuna Tenzi venyu ndiko kwamuchadzokera, uye vokuudzai izvo zvamaipikisana.”

165. Uye ndivo (Allah) vakakuitai vatevedzeri panyika (vamwe vachitsiva vamwe), uye vakakwidziridza vamwe venyu pazvidanho, vamwe pamusoro pevamwe, kuti vave vanokuedzai pane izvo zvavakakupai. Zvirokwazvo, Tenzi vako vanoranga nekuchimbidza, uye zvirokwazvo ndivo vanoregerera zvikuru, vane tsitsi zhinji.

# CHITSAUKO AL-A’RAAF

# (MUDHURI MUREFU) 7

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Alif – Laam – Meem – Swaad**. (Mavara aya ndemamwe ezvishamiso zviri muQur’aan, uye hapana anoziva zvaanoreva kunze kwaAllah).

2. Iri Gwaro (Qur’aan) rakadzikiswa kwauri (Muhammad (SAW)), naizvozvo usava nekushushikana mukati memoyo wako kubva mariri, kuti uve unoyambira (vanhu) naro, uye iyeuchidzo kune vanotenda.

3. (Iti Muhammad (SAW) kuvanamati vezvidhori): “Teverai zvakadzikiswa kwamuri kubva kuna Tenzi venyu (Qur’aan ne Sunnah), uye musave munotevera maAwliya (avo vanokukurudzirai kuti muve munosanganisa Allah nezvimwe zvinhu pakunamata) kusara kwavo (Allah). Zvishoma ndizvo zvamunorangarira!”

4. Uye madhorobha mangani atakaparadza (nekuda kwezvivi zvavo)? Mutongo wedu wakauya kwavari usiku kana kuti varere nguva dzemasikati.

5. Hapana zvavakataura mushure mekunge mutongo wedu wauya kwavari kusara kwekuti: “Zvirokwazvo, takanga tiri vatadzi.”

6. Zvirokwazvo, tichava tinobvunza avo (vanhu) vakaritumirwa (Bhuku), uye zvirokwazvo, tichava tinobvunza vatumwa.

7. Zvirokwazvo, tichavaudza (nyaya yavo yose) neruzivo, uye zvirokwazvo, hatina kunge tisipo (taivapo nguva dzose).

8. Uye kuyera kwezuva iroro (zuva rekutongwa) kuchange kuri (kuyera) kwechokwadi. Naizvozvo kune avo vachange vaine chikero (chemabasa akanaka) chichange chichirema, vachava vanobudirira (nekupinda Paradhiso).

9. Uye kune avo vachange vaine chikero chichange chisingaremi, avo ndivo vachave nekusabudirira pachezvavo (nekupinda kuGehena) nokuda kwekuramba kwavo zviratidzo zvedu.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

10. Uye zvirokwazvo, takava tinokuisai panyika tikava tinokugadzirirai raramo mairi. Asi kutenda kwamunopa kushoma.

11. Uye zvirokwazvo, takava tinokusikai (baba venyu Adam) uye tikakupai chimiro (chimiro chakanaka chokuva munhu); tikabva taudza ngirozi: "Pfugamirai Adam", uye dzikava dzinopfugama, kusara kwaIblees (Satani), akaramba kuva pane avo vakapfugama.

12. (Allah) Vakati: "Chii chakukanganisa kuti usave unopfugama mushure mekunge ndakukomekedza?" Iblees akati: "Ini ndiri nani pane iye (Adam), makava munondisika kubva kumoto, uye iye mukava munomusika kubva kuvhu."

13. (Allah) Vakati: "(Iwe Iblees (Dhiyabhorosi)) Dzika pasi kubva mariri (Paradhiso), haisi kodzero yako kuti uve unozvitutumadza mariri. Chibuda, zvirokwazvo uri muboka reavo vakadzikisirwa."

14. (Iblees) Akati: "Ndipei nguva kusvika zuva iro ravachamutswa (zuva rokutongwa)."

15. (Allah) Vakati: "Uri mumwe weavo vachave vanopihwa nguva (yekurarama)."

16. (Iblees (Dhiyabhorosi)) Akati: "Nokuda kwekuti maita kuti ndive akarasika, zvirokwazvo, ndichavagarira (vanhu) munzira yenyu yakatwasuka."

17. "Nokudaro ndichava ndinouya kwavari kubva mberi kwavo uye mumashure mavo, kubva kurudyi kwavo uye nokuruboshwe kwavo, uye hamusi kuzowana vakawanda vavo vari avo vanotenda (havasi kuzoita basa renyu)."

18. (Allah) Vakati (kuna Iblees): "Buda mariri (Paradhiso) uchidzikisirwa nekudzingwa. Kune uyo kubva mavari (vanhu) achakutevedzera, zvomene ndichazadza Gehena nemi mose."

19. "Uye iwe Adam! Gara iwe nomukadzi wako muParadhiso, uye modya zvamunoda mariri, asi musave munosvika pedyo nomuti uyu munozova vamwe vevatadzi."

20. Iblees (Satani) akabva azevezera mavari kuti avabuditsire pachena zvakavanzwa kwavari kubva kunhengo dzavo dzakavandika; (Satani) akati: "Tenzi venyu havana kukurambidzai muti uyu kusara kwekuti munozoita ngirozi kana kuti hamuzofi zvachose."

21. Uye (Satani) akapika naAllah kwavari (achiti): "Zvirokwazvo, ndiri mumwe weavo vanokushuvirai rombo rakanaka."

22. Nokudaro akavabvisa mugwara (raAllah) nenyengedzo. Pavakangoravira muti uyu, izvo zvakanga zvakavandika pamuviri yavo (nhengo dzakavandika) zvakabva zvabuda pachena kwavari, vachibva vatanga kuzvivanza nemashizha emuParadhiso. Uye Tenzi vavo vakava vanodeedzera kwavari (vachiti): "Handina here kukurambidzai muti uyu ndikakuudzai kuti: 'Zvirokwazvo Satani muvengi ari pachena kwamuri?'"

23. Vakati (Adam naHawwa (Evha)): "Tenzi vedu! Tava tinozvikanganisira pachezvedu. Mukasatiregerera mova munoisa tsitsi dzenyu patiri, zvirokwazvo, tichave vamwe veavo vakarasikirwa."

24. (Allah) Vakati: “Dzikai pasi, mumwe ari muvengi wemumwe (Adam, Hawwa (Evha), naSatani). Pasi ndipo pachava nzvimbo yenyu yekugara uye yemafaro kwenguva diki.”

25. (Allah) Vakati: “Muchagara imomo (pasi rino), uye mariri ndimo mamuchafira, uye mariri ndimo mamuchamutsirwa (zuva rekutongwa).”

26. Imi vana vaAdam! Takava tinodzikisa mbatya kwamuri kuti muve munovanza nhengo dzenyu uye seshongedzo, uye mbatya dzine huremu (kutya Allah), idzo ndidzo dzakanaka. Izvi zviratidzo zvaAllah kuti vangangorangarira (vosiya mabasa akaipa uye votevedzera chokwadi).

27. Imi vana vaAdam! Musave munoita kuti Shaitwaan (Satani) akunyengedzei, sekubuditsa kwaakaita vabereki venyu (Adam naHawwa (Evha)) muParadhiso, achivabvisa mbatya dzavo, kuti avaratidze nhengo dzavo dzakavandika. Zvirokwazvo, iye nedzinza rake vanokuonai vari kwamusingakwanise kuvaona. Zvirokwazvo, takaita kuti vanaDhiyabhorosi vave shamwari dzeavo vasingatendi.

28. Uye kana vachinge vaita Al-Faahishah (zvinonyadzisa, kutenderera Ka’bah vasina kupfeka, uye hupombwe) vanoti: “Takaona madzibaba edu achizviita, uye Allah vakazvikomekedza kwatiri.” Iti: “Zvirokwazvo, (Allah) havambokomekedzi Faahishah (zvinonyadzisa). Munotaura here pamusoro paAllah zvamusingazive?”

29. Iti (Muhammad (SAW)): “Tenzi vangu vakava vanokomekedza ruenzaniso uye (vakati) munofanira kutarisa ivo chete munzvimbo yose yekunamatira muminamato, uye mova munovakumbira (Allah) muchiita chitendero chavo chete. Sekukusikai kwavakaita pakutanga, muchava munodzoka kuupenyu (Pazuva Rekutongwa).”

30. Vakatungamira boka, uye rimwe boka raikodzera kurasika; (nokuda kwekuti) zvirokwazvo vakatora vanaDhiyabhorosi sevabatsiri kunze kwaAllah, uye vanofunga kuti vakatungamirirwa.

31. Imi vana vaAdam! Zvishongedzei (nekupfeka mbatya dzakachena) panzvimbo yose yokunamatira, uye idyai nekunwa uye musave munoshandisa (hupfumi) zvakapfurikidza (kutambisa), zvirokwazvo (Allah) havadi avo vanoshandisa (hupfumi) zvakapfurikidza.

32. Iti (Muhammad (SAW)): “Ndiani akarambidza kuzvishongedza nembatya dzakapihwa naAllah, dzavakagadzirira varanda vavo, uye zvakachena kubva kuchikafu?” Iti: “Ndezve avo vanotenda muupenyu hwepano pasi, uye zvichange zviri zvavo chete (vanotenda) pazuva rokumutswa.” Saizvozvo tinotsanangura maAyaat (mitemo yeIslaam) zvizere kune avo vane ruzivo.

33. Iti (Muhammad (SAW)): “Zvirokwazvo, Tenzi vangu vakarambidza Al-Fawaahish (Zvinonyadzisa) kunyangwe zvichiitwa pachena kana pakavandika, zvivi (zvemhando dzose), udzvanyiriri usina kodzero, kusanganisa Allah (mukunamata) nezvimwe zvisikwa zvavasina kupa mvumo, uye kutaura pamusoro paAllah zvamusina ruzivo nazvo.”

34. Uye boka rose rine nguva yaro yakatarwa; uye kana nguva yaro ichinge yasvika, (Allah) havamboinonotsa kana kuiwedzera neawa (kana kanguva kadiki).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

35. Imi vana vaAdam! Kana vatumwa vachinge vauya kwamuri kubva mamuri, vachikuverengerai ndima dzangu, uye kune uyo anotya (Allah) uye oita mabasa akanaka, kwavari kuchange kusina kutya kana kusuruvara.

36. Asi avo vanoramba zviratidzo zvedu uye vozvitutumadza mazviri, ivavo ndivo vagari vekumoto, vachagara imomo zvachose.

37. Ndeupi anonyanyodzvinyirira pane uyo anogadzira manyepo pamusoro paAllah kana anoramba zviratidzo zvavo? Ivavo vachawana chidimbu chavo chakatarwa (zvakanaka zvehupenyu hwepasi rino) kubva muBhuku, kusvikira vatumwa vedu (ngirozi yerufu nevabatsiri vayo) vauya kwavari kuzotora mweya yavo, dzichati (ngirozi): "Ko varipi avo vamaikumbira nekunamata kunze kwaAllah?" Vachapindura vachiti: "Vatsakatika kwatiri." Uye vachava vanozvipupurira pachezvavo, kuti zvirokwazvo vakanga vasiri vatendi.

38. (Allah) Vachati: "Pindai muzvikwata zvemapoka evakanga varipo musati mavepo evanhu neJinn mumoto." Pose panopinda boka idzva, richatuka rimwe raro rakapfuura, kusvika vaunganidzwa vose mumoto. Vekupedzisira vavo vachati kune vekutanga vavo: "Tenzi vedu! Ava ndivo vakatirasisa, naizvozvo vapei mutongo wakapetwa kaviri kubva kumoto." Vachati (Allah): "Umwe neumwe ane (mutongo) wakapetwa kaviri asi hamuzivi."

39. Vekutanga vavo vachati kune vekupedzisira vavo: "Makanga musiri nani panesu, naizvozvo ravirai mutongo nokuda kwezvamaiwana."

40. Zvirokwazvo, avo vanoramba zviratidzo zvedu uye vozvitutumadza mazviri, havazombozarurirwi misuwo yekudenga, uye havazombopindi Paradhiso kusvikira ngamera yapinda nepaburi retsono (izvo zvisingaitiki). Saizvozvo tinobhadhara vatadzi.

41. Vachave nemubhedha wemoto, uye pamusoro pavo pachave nezvifukidzo zvemoto. Saizvozvo tinobhadhara vanoita mabasa akaipa.

42. Asi avo vanotenda (muhumwechete hwaAllah), uye voita mabasa akanaka, hatipi munhu mutoro kusara kwewaanokwanisa kutakura, ivavo vachava vagari vekuParadhiso. Vachagara imomo zvachose.

43. Uye tichabvisa ruvengo mumoyo yavo (rwavakanga vainaro muhupenyu hwepano pasi); nzizi dzichiyerera pasi pavo, uye vachati: "Kurumbidzwa nekutenda kwose ngakuve kuna Allah, avo vakatitungamirira kune izvi, tingadai tisina kuwana nhungamiro, dai Allah vasina kutitungamirira! Zvirokwazvo, vatumwa vaTenzi vedu vakava vanouya nechokwadi." Uye zvichave zvinoshevedzerwa kwavari: "Iri ndiro Paradhiso ramuchagara senhaka nokuda kweizvo zvamaiita."

44. Uye vagari vemuParadhiso vachashevedzera kune vagari vemumoto (vachiti): "Tave tinowana zviri chokwadi izvo Tenzi vedu zvavakativimbisa; mave munowana zviri chokwadi here izvo Tenzi venyu zvavakakuvimbisai?" Vachati (vagari vemumoto): "Hongu." Nokudaro mushevedzeri pakati pavo achashevedzera: "Kurengera kwaAllah kuri pane vatadzi."

الجديد و الحصري NEW & EXCLUSIVE

45. Avo vaidzivirira (vanhu) kubva munzira yaAllah, uye vachitsvaga nzira dzokuiipisa, uye vakanga vasingatendi muhupenyu hunotevera.

46. Uye pakati pavo pachava nemupingo (Hijaab) uye paAl-A'raaf (pamudhuri murefu refu) pachange pane vanhu (mabasa avo akanaka neakaipa achange akaenzana pachikero), vachange vachiziva vose (vagari vemuParadhiso uye vemumoto) nenharidzo dzavo (vagari vekuParadhiso nezviso zvavo zvakachena, uye vagari vekumoto nezviso zvavo zvakasviba). Uye vachashevedzera kuvagari vekuParadhsio vachiti: "Salaamun Alaykum (Rugare ngaruve kwamuri)", uye panguva iyoyo ivo (vanhu vepamudhuri murefu) vanenge vasati varipinda (Paradhiso), asi vaine tarisiro yokuripinda.

47. Uye maziso avo paacharatidzwa kuvagari vekumoto, vachati: "Tenzi vedu! Musave munotiisa pamwechete nevatadzi."

48. Uye vanhu vepaAl-A'raaf (mudhuri murefu) vachashevedzera kune vanhu vavachaziva nokuda kwenharidzo dzavo vachiti: "Chii chamawana nohuwandu hwenyu (uye nehupfumi wakawanda), uye nokuzvitutumadza kwenyu?"

49. Ndivo here, avo veavo vamaipikira kuti Allah havasi kuzovaratidza tsitsi? (Tarisai! Zvakanzi kwavari): "Pindai muParadhiso, hapana kutya kuchave kwamuri, kana kubatikana."

50. Uye vagari vekumoto vachashevedzera kuvagari vekuParadhsio: "Dirai mvura matiri kana chii zvacho chamakapihwa naAllah." Vachati (vagari vemuParadhiso): "Zvirokwazvo, Allah vakave vanozvirambidza kune avo vasingatendi."

51. "Avo vaitora zvitendero zvavo semuvaraidzo uye sechinhu chekutamba nacho, uye hupenyu hwepano pasi hwakavanyengedza." Naizvozvo zuva rino tichavakanganwa sekukanganwa kwavakaita kusangana kwezuva rino, uye nekuramba kwavaiita zviratidzo zvedu.

52. Zvirokwazvo, takava tinovaunzira Gwaro (Qur'aan) ratakatsanangura zvizere neruzivo, nhungamiri uye setsitsi kune vanhu vanotenda.

53. Pane chavangamirire here kunze kwemagumo azvo? Zuva richauya kuzadzikiswa kwemagumo, avo vaimborifuratira mushure vachati: "Zvirokwazvo, vatumwa vaTenzi vedu vakauya nechokwadi, iyezvino pane vamiriri vedu here kuti vave vanotimirira? Kana kuti tingadzorerwe here (panyika) kuti tinoita mabasa (akanaka) kwete ayo (akaipa) ataimboita?" Zvirokwazvo, vakave vanorasikirwa (vakazviparadza) pachezvavo, uye neizvo zvavaiwedzeredza (kunamata zvimwe zvinhu kunze kwaAllah) zvave zvinoshaika kwavari.

54. Zvirokwazvo, Tenzi venyu ndiAllah, avo vakave vanosika matenga nenyika mumazuva matanhatu, uye vakabva vazvigadza pachigaro chehumambo (nenzira inoenderana nehumambo hwavo). Vanounza usiku kuti uve unofugidza masikati, uchiwatsvaga nekukurumidza, uye (vakasika) zuva, mwedzi, nyenyedzi dzichitevedzera mirairo yavo. Zvirokwazvo, ndivo muridzi wekusika nemirairo. Vakakomborerwa ndiAllah, Tenzi vepasi rose!

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

55. Deedzai (namatai) Tenzi venyu zvine kuzvininipisa uye chinyararire. Havadi avo vanodarikidza mwero.

56. Musava munoita huori panyika, mushure mekunge pagadziridzwa, uye vadaidzei (Allah) mune kutya netarisiro. Zvirokwazvo, tsitsi dzaAllah dziri pedyo peavo vanoita zvakanaka.

57. Zvirokwazvo, ndivo vanotumira mhepo ichiratidza rombo ranaka pamberi petsitsi dzavo (mvura). Kusvikira yatakura makore akaremerwa (nemvura), tinowatumira kune nzvimbo iyo yakaoma, uye tinokonzera mvura kuti ive inodzika ikoko. Uye tinoburitsa nayo (mvura) mhando yese yemichero. Saizvozvo tichave tinomutsa avo vakafa, kuti mungava munorangarira.

58. Uye ivhu rakanaka zvirimwa zvaro zvinobuda nemvumo yaTenzi wazvo; uye iro rakashata hazvibudi kusara (kwezvishoma) zvichinetseka. Kudaro tinotsanangura zviratidzo zvedu zvakawanda kune vanhu vanotenda.

59. Zvirokwazvo, takava tinotumira Nowa kuvanhu vake, uye akati: “Imi vanhu vangu! Namatai Allah! Hamuna mumwe mwari kunze kwavo. Zvechokwadi ndinokutyirai mutongo wezuva guru (Qiyaamah)!”

60. Vatungamiriri vevanhu vake vakati: “Zvirokwazvo, tinoona kuti wakarasika zviri pachena.”

61. (Nowa) Akati: “Imi vanhu vanhu! Hapana kurasika mandiri, asi ndiri mutumwa kubva kuna Tenzi vepasi rose!”

62. “Ndirikusvitsa kwamuri mashoko aTenzi vangu, uye ndichikupai yambiro yakanaka. Uye ndinoziva kubva kuna Allah izvo zvamusingazivi.”

63. “Munoshamiswa here kuti kwauya yeuchidzo kubva kuna Tenzi venyu kuburikidza nemurume pakati penyu, kuti akuyambirei kuti mungave munotya Allah, uye kuti zvimwe mungagamuchire nyasha dzavo?”

64. Asi vakamuramba, saka takamununura pamwechete neavo vaiva naye mungarava, uye takanyudza (mumvura) avo vakaramba zviratidzo zvedu. Zvirokwazvo, vakanga vari mapofu.

65. Uye kumaAad takatumira mukoma wavo Hud. Akati (Hud): “Imi vanhu vangu! Namatai Allah! Hamuna mumwe mwari kunze kwavo (Allah). Ko hamutyi (Allah) here?”

66. Vatungamiriri veavo vaisatenda kubva kuvanhu vake vakati: “Zvirokwazvo, tinokuona uri muurema (ubenzi), uye zvirokwazvo, tinofunga kuti uri mumwe wevanyepi.”

67. (Hud) Akati: “Imi vanhu vanhu! Hamuna urema mandiri, asi ndiri mutumwa kubva kuna Tenzi vepasi rose.”

68. “Ndirikusvitsa kwamuri mashoko aTenzi vangu, uye ndiri muyambiri akavimbika kwamuri.”

69. “Munoshamiswa here kuti kwauya yeuchidzo kwamuri kubva kuna Tenzi venyu kuburikidza nemurume pakati penyu kuti akuyambirei? Uye yeukai kuti (Allah) vakakuitai vatevedzeri

mushure mevanhu vaNowa, uye vakakuwedzerai muzvimiro. Naizvozvo rangarirai nyasha dzaAllah kuti muve munobudirira."

70. Vakati: "Wauya kwatiri kuti tive tinonamata Allah voga uye tosiya izvo zvainamatwa nemadzibaba edu here? Saka tiunzire izvo zvauri kutivimbisa kana uri mumwe wevanotaura chokwadi."

71. (Hud) Akati: "Marwadzo uye kutsamwa kwave kunokuwirai kubva kuna Tenzi venyu. Munopokana neni here pamusoro pemazita amakadoma, imi nemadzibaba enyu, zvisina mvumo kubva kuna Allah? Naizvozvo mirirai, ndinemi pane avo vanomirira."

72. Naizvozvo takamununura pamwechete neavo vaiva naye nokuda kwetsitsi kubva kwatiri, uye takadambura midzi yeavo vairamba zviratidzo zvedu, uye vakanga vasiri vatendi.

73. Uye kumaThamood, takava tinotumira mukoma wavo Swaalih. Akati: "Imi vanhu vangu! Namatai Allah! Hamuna mumwe mwari kunze kwavo (Allah). Zvirokwazvo, kwave kunouya kwamuri chiratidzo chiri pachena (kubuda kwengamera hombe kubva mugomo) kubva kuna Tenzi venyu. Ngamera hadzi iyi yaAllah chiratidzo kwamuri. Nokudaro iregei ichifura munyika yaAllah, uye hamufaniri kuikanganisa, kana kuti mungangowanikwa nomutongo mukuru."

74. "Uye rangarirai pavakakuitai vatevedzeri mushure memaAad (vanhu verudzi rwemaAad) uye vakakupai pekugara munyika, mukava munovaka dzimba mumabani, uye mukagadzira dzimba mumakomo. Naizvozvo rangarirai nyasha dzaAllah (makomborero aAllah), uye musave munotenderera muchikonzera huori panyika."

75. Vatungamiriri veavo vakanga vachizvitutumadza kubva muvanhu vake vakati kune avo vainge vasina simba, kune avo vaitenda: "Munozviziva here kuti Swaalih ave anotumwa naTenzi vake?" Vakati: "Zvirokwazvo, tinotenda muneizvo zvaakatumwa nazvo."

76. Avo vaizvitutumadza vakati: "Zvirokwazvo, hatitendi mune izvo zvamuri kutenda mazviri."

77. Naizvozvo vakave vanouraya ngamera hadzi iya, uye (nokuda kwekushaya hunhu) vakatyora mirairo yaTenzi vavo, uye vakati: "Iwe Swaalih! Chiunza izvo zvawaitivimbisa kana uri muzvirokwazvo mutumwa (hwaAllah)."

78. Naizvozvo kundengendeka kwenyika kwakavabata, vakasiiwa vakatambarara vakapfugama mudzimba dzavo (misoro yavo yakatarisa pasi).

79. Nokudaro (Swaalih) akavafuratira, uye akati: "Imi vanhu vangu! Ndakave ndinosvitsa mashoko aTenzi vangu kwamuri, uye ndikakupai yambiro yakanaka asi hamudi vanoyambira zvakanaka."

80. Uye (rangarirai) Loti, paakati kuvanhu vake: "Munoita here chitadzo chakaipisisa chisina kumboitwa mushure menyu nani zvake pasi rose?"

81. "Zvirokwazvo, munopedzera shungu dzenyu kuvarume (pabonde) muchisiya vakadzi. Saka muri vanhu vanodarikidza mwero."

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

82. Uye havana mhinduro yavakapa kusara kwekuti: "Vaburitsei muguta renyu, zvirokwazvo, ava vanhu vanoda kuzvichenura (kubva muzvitadzo)!"

83. Naizvozvo, takamuchengetedza iye nemhuri yake, kusara kwemukadzi wake, akanga ari mumwe weavo vakasara (vachipihwa mutongo).

84. Uye takava tinonaisa kwavari mvura (yematombo). Naizvozvo cherechedzai kuti akange akaita sei magumo evapari vemhosva (vatadzi).

85. Uye ku (vanhu veku) Madyan, takava tinotumira mukoma wavo Shuaib. Akati kwavari: "Imi vanhu vangu! Namatai Allah! Hamuna mumwe mwari kunze kwavo (Allah). Zvirokwazvo, humboo huri pachena hwave hunouya kwamuri kubva kuna Tenzi venyu. Naizvozvo ipai chiero chakakwana uye neuremu hwakakwana, uye musave munokanganisira vanhu muzvinhu zvavo, uye musave munokonzeresa zvakaipa munyika mushure mekunge yagadziriswa, izvi zvinova zvakanaka kwamuri kana muri vatendi."

86. "Uye musava munogara munzira dzose, mutyityidzira uye muchidzivirira kubva munzira yaAllah avo vanotenda mavari, uye muchitsvaga nzira dzokuiipisa. Uye rangarirai pamakanga muri vashoma, uye vakakuitai kuti muwande. Uye cherechedzai kuti akange akaita sei magumo eavo vaiita huori (zvakaipa, mhirizhonga)."

87. "Uye kana paine boka pakati penyu rinotenda mune izvo zvandakatumwa uye neiro risingatendi, naizvozvo ivai munotsungirira kusvika Allah vave vanotonga pakati pedu, uye ndivo mutongi wepamusoro-soro."

88. Madzimambo eavo vaizvitutumadza kubva muvanhu vake vakati: "Zvirokwazvo, tichakudzinga, iwe Shuaib, pamwechete neavo vakatenda newe kubva mudhorobha redu, kana kuti zvirokwazvo muchava munodzokera kuchitendero chedu." Akati: "Kunyange tichizvivenga?"

89. "Zvirokwazvo tinenge tagadzira manyepo pamusoro paAllah kana tikadzokera kuchitendero chenyu, mushure mekunge Allah vatinunura kubva machiri (chitendero). Uye hazvisi zvedu kuti tive tinodzokera kwachiri kunze kwekuti Allah, Tenzi vedu, vachida. Tenzi vedu vane ruzivo rwezvose (ruzivo rwavo rwunokunda zvose). Kuna Allah tinoisa vimbo yedu. Tenzi vedu! Tongai pakati pedu nevanhu vedu muchokwadi, uye muri pamusoro peavo vanopa mutongo."

90. Madzimambo eavo vaisatenda kubva muvanhu vake vakati (kuvanhu vavo): "Mukatevera Shuaib, zvirokwazvo, muchava vanhu vakarasikirwa!"

91. Naizvozvo kundengendeka kwenyika kwakavabata vakasiiwa vakatambarara vakapfugama mudzimba dzavo (misoro yavo yakatarisa pasi).

92. Avo vakaramba Shuaib, vakaita sekunge havana kunge vagara imomo (mudzimba dzavo). Avo vakaramba Shuaib vakave vanhu vakarasikirwa.

93. Zvakare (Shuaib) akavafuratira, uye akati: "Imi vanhu vangu! Ndakave zvirokwazvo ndinosvitsa mashoko aTenzi vangu kwamuri uye ndakave ndinokuyambirai. Naizvozvo ndingashushikane sei neavo vanhu vasingatendi."

94. Uye hatina kutumira muporofita kudhorobha ripi zvaro (vakave vanomuramba), kusara kwekuti takavaranga vanhu varo kuburikidza nenhamo yakanyanyisa uye kurasikirwa neutano, kuti zvimwe vangazvininipise pachezvavo (uye vokumbira ruregerero kuna Allah).

95. Mushure maizvozvo, takashandura zvakaipa kuve zvakanaka, kusvikira vawedzera muhuwandu uye neupfumi, uye vakati: "Madzibaba edu akawirwa nezvakaipa pamwechete nezvakanaka." Naizvozvo takavaparadza vasingafungiri.

96. Uye dai vanhu vemumadhorobha vakatenda uye nekutya (Allah), zvirokwazvo, dai takavazarurira makomborero kubva kudenga uye nepanyika, asi vakaramba (vatumwa). Nokudaro takavaranga pamusana peizvo zvavaiwana (kusatenda nezvitadzo).

97. Saka vanhu vemumadhorobha vanonzwa kusununguka here kubva mukuuya kwemutongo wedu panguva dzemanheru apo pavanenge vakarara?

98. Kana kuti vanhu vemumadhorobha vanonzwa kusununguka here kubva mukuuya kwemutongo wedu panguva dzemasikati apo pavanenge vachitamba?

99. Vanonzwa kusununguka here kubva muhurongwa hwaAllah? Hapana anonzwa kusununguka kubva muhurongwa hwaAllah, kusara kweavo vanhu vakarasikirwa.

100. Hazvina kujeka here kune avo vakagara nyika nhaka mushure mevanhu vayo (vaivapo ivo vasati vavapo), kuti dai taida, tingadai takavaparadza nokuda kwezvivi zvavo. Uye tikava tinovhara moyo yavo kuti vasave vanonzwa?

101. Ayo aiva madhorobha nyaya yavo tirikukuudza (Muhammad (SAW)). Uye zvirokwazvo, vatumwa vavo vakauya kwavari nehumboo uri pachena, asi havana kuve vanotenda mune zvavakaramba pakutanga. Saizvozvo, Allah vanovhara moyo yeavo vasingatendi.

102. Uye vazhinji vavo, hatina kuwana chokwadi muzvitsidzo zvavo, asi vazhinji vavo takavaona zvirokwazvo vari vatadzi.

103. Nokudaro, mushure mavo takatumira Musa nezviratidzo zvedu kuna Farawo nemadzishe ake, asi vakazviramba. Naizvozvo chionai kuti akange ari sei magumo evakonzeri venyonga-nyonga.

104. Uye Musa akati: "Iwe Farawo! Zvirokwazvo, ndiri mutumwa kubva kuna Tenzi vepasi rose."

105. "Zvakakodzera kwandiri kuti hapana chandinotaura pamusoro paAllah kusara kwechokwadi. Zvirokwazvo, ndauya kwamuri kubva kuna Tenzi venyu nehumboo uri pachena. Naizvozvo itai kuti vana veIzirairi vaende pamwechete neni."

106. (Farawo) Akati: "Kana wauya nechiratidzo, tiratidze, kana uri umwe weavo vanotaura chokwadi."

107. Nokudaro Musa akakanda tsvimbo yake, uye tarirai, yakasanduka kuva nyoka iri pachena!

108. Akaburitsa ruoko rwake, uye tarirai, rwakava ruchena (nemwenje) kune vaiona.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

109. Madzimambo kubva kuvanhu vaFarawo vakati: “Zvirokwazvo, iyi ihambura inoziva chaizvo.”

110. “Ari kuda kukuburitsai munyika yenyu, saka mune yambiro ipi?”

111. Vakati: “Munonotse, iye namukoma wake, uye wotumira vashevedzeri kumaguta kunounganidza.”

112. “Wouya kwauri nehambura dzinoziva chaizvo.”

113. Uye, naizvozo hambura dzakauya kuna Farawo dzikati: “Zvirokwazvo, pane muripo kwatiri kana tave tinokunda?”

114. (Farawo) Akati: “Hongu, muchave muri vanhu vepedyo (kwandiri).”

115. Vakati: “Iwe Musa! Unokanda (pekutanga), kana isu tive tinokanda pekutanga?”

116. (Musa) Akati: “Tangai kukanda imi.” Uye pavakakanda vakashinhira maziso evanhu vachizadza garudzo (kutya) mavari, uye vakaratidza chitsinga chikuru.

117. Uye takave tinoti kuna Musa: “Kanda tsvimbo yako,” uye tarirai, yakamedza manyepo ose akanga aratidzwa (kuvanhu).

118. Ipapo chokwadi chakabva chabuda pachena, uye zvose zvavakaita zvakabva zvashaya basa.

119. Nokudaro vakabva vakundwa ipapo uye vakabva vanyadziswa.

120. Uye vatsinga vose vakabva vagwadama.

121. Vakati: “Tinotenda muna Tenzi vepasi rose.”

122. “Tenzi vaMusa naAroni.”

123. Farawo akati: “Matenda maari (Musa) ndisati ndakupai mvumo. Zvechokwadi, iri ndiro bangano ramaronga muguta kuti mubuditse vanhu vari maririri, asi muchazoziva zvenyu.”

124. “Zvirokwazvo, ndichakudamburai maoko nemakumbo enyu kubva kumativi akasiyana (gumbo rekuruboshwe neruoko rekurudyi, kana kuti gumbo rekurudyi neruoko rwekuruboshwe) nekukurovererai mose (pamichinjikwa).”

125. Vakati: “Zvirokwazvo, tinenge tichidzokera kuna Tenzi vedu.”

126 “Uye unotora chitsividzo kwatiri nekuda kwekuti tatenda muzviratidzo zvaTenzi vedu mushure mekunge zvasvika kwatiri! Tenzi vedu! Ivai munoisa kutsungirira matiri, uye moita kuti tife tiri maMuslim (Vanozvipira kutevedzera mitemo yaAllah).”

127. Madzimambo kubva kuvanhu vaFarawo vakati: “Uchasiya here Musa nevanhu vake vachikonzera nyonga-nyonga panyika, uye vachisiya iwe nanamwari vako?” Akati: “Tichava tinouraya vanakomana vavo, uye tosiya vanasikana vavo, uye tine masimba asingatsiviki pamusoro pavo.”

128. Musa akati kuvanhu vake: “Tsvagai rubatsiro kuna Allah uye mova munotsungirira. Zvirokwazvo, nyika ndeya Allah. Vanoipa senhaka kune uyo wavanoda kubva kuvaranda vavo, uye magumo akanaka ndee avo vanotya Allah.”

129. Vakati: “Isu (vana veIzirairi) takawirwa (takasangana) nematambudziko usati wauya kwatiri, uye kubva pawakauya kwatiri.” Akati: “Zvimwe Tenzi venyu vangangoparadza vavengi venyu, uye vokuitai vagari venhaka panyika, kuti vaone kuti munoshanda sei.”

130. Uye zvirokwazvo takava tinorwadzisa vanhu vaFarawo nemakore enzara, nekushomeka kwemichero (zvirimwa), kuti zvimwe vangarangarira.

131. Asi pose paiuya chakanaka kwavari vaiti: “Izvi ndezvedu.” Uye vakawirwa nechakaipa vaichipomera kuminyama vakanangana naMusa neavo vanaye. Tarisai! Zvirokwazvo, minyama yavo ina Allah asi vazhinji vavo havazivi.

132. Uye vakati (kuna Musa): “Chero chiratidzo chaunouya nacho kwatiri kuti uchishandise semapipi ako kwatiri, hatizombofa takatenda mauri.”

133. Naizvozvo takatumira kwavari mafashamu, hwiza, inda, matatya neropa, sezviratidzo zviri pachena, asi vakaramba vakazvitutumadza, uye vaive vamwe veavo vaitadza.

134. Uye pavakawirwa nemarwadzo vakati: “Iwe Musa! Tikumburire kuna Tenzi vako nokuda kwevimbiso yavo kwauri. Kana ukabvisa marwadzo patiri, zvirokwazvo, tichava tinotenda mauri, uye ticharega vana vaIzirairi vaende newe.”

135. Asi patakabvisa marwadzo pavari kwenguva yakatarwa, iyo yavaifanira kusvitsa, uye tarirai, vakaputsa shoko.

136. Naizvozvo takatora mubhadharo kwavari. Takavanyudza mugungwa, nokuda kwekuti vakaramba zviratidzo zvedu uye vakanga vasina hanya nazvo.

137. Uye takaita kuti vanhu vaitorwa sendonda kuti vave vanogara nhaka zvidimbu zvenzvimbo yekumabvazuva nezvekumadokero zvatakava tinokomborera. Uye shoko raTenzi vako rakajeka rakazadzikiswa kuvana vaIzirairi, nokuda kwekutsungirira kwavo. Uye takaparadza zvachose mabasa makuru ose nezvivakwa zvakanga zvamiswa naFarawo nevanhu vake.

138. Uye takava tinoyambutsa vana vaIzirairi gungwa (mune zvakanaka), uye vakauya pane vanhu vakanga vakazvipira kuzvimwe zvidhori zvavo (mukunamata). Vakati: “Iwe Musa! Tigadzirire chimwari sezvimwari zvavanazvo.” (Musa) Akati: “Zvirokwazvo, muri vanhu vasingazivi (Hukuru hwaAllah nezvakamanikidzirwa kwamuri).”

139. (Musa akapamhidzira): “Zvirokwazvo, vanhu ava vachaparadzwa nokuda kwezvavarikuita. Uye zvose zvavarikuita hazvina maturo.”

140 Akati: “Ndingakutsvagirei umwe mwari here kunze kwaAllah, vari ivo vakakukomborerai pamusoro pevanhu vose (venguva yenyu).”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

141. Uye (rangarirai) patakakununurai kubva kune vanhu vaFarawo, avo vaikushungurudzai nemutongo wakaipisisa, vachiuraya vanakomana venyu uye vachisiya vanasikana venyu vari vapenyu. Uye mazviri maive nemuedzo mukuru kubva kuna Tenzi venyu.

142. Uye takava tinotarira (kutemera) Musa makumi matatu ehusiku, uye takapamhidzira gumi (pamusoro), uye akazadzikisa nguva yakatarwa naTenzi vake yemakumi mana ehusiku. Uye Musa akati kuna mukoma vake Aroni: “Nditsive pavanhu vangu, uye shanda nenzira yakanaka (nekukurudzira vanhu kuteerera Allah nekuvanamata vari voga), uye usave unotevedzera nzira yeavo vanokonzera nyonga-nyonga.”

143. Uye Musa paakauya panguva nenzvimbo yakatarwa, uye Tenzi vake vakataura naye, akati: “Imi Tenzi vangu! Zviratidzei kwandiri kuti ndive ndinokuonai.” Allah vakati: “Haukwanisi kundiona asi tarisa pagomo, rikaramba rimire panzvimbo yaro uchandiona.” Naizvozvo Tenzi vake pavakazviratidza pagomo, vakariita kuti rive rinoparara kuita huruva, uye Musa akawira pasi akakomoka (asisazivi zvaaiita). Uye paakanga ava kuziva zvaaiita akati: “Kurumbidzwa ngakuve kwamuri (Allah), ndinotendeuka kwamuri mururegerero, uye ndiri wekutanga wevatendi.”

144. (Allah) vakati: “Iwe Musa! Ndakusarudza pamusoro pevanhu nemirairo yangu, uye nekutaura kwangu (kwauri). Naizvozvo batisisa pane izvo zvandakupa uye iva mumwe wevanotenda.”

145. Takava tinomunyorera pamagwaro chidzidzo chinotorwa kubva kuzvinhu zvose uye netsanangudzo izere yezvinhu zvose (uye vakati): “Batisisa izvi zvine simba, uye wova unokurudzira vanhu vako kuti vatore zvakanaka kubva mazviri. Ndichazokuratidzai musha wevanotadza.”

146. Ndichava ndinofuratidza zviratidzo zvangu avo vanozvitutumadza panyika, zvisina kodzero, uye kunyange vachiona zviratidzo zvedu zvose havave vanotenda mazviri. Uye kunyange vakaona nzira yakanaka havaitori senzira. Asi vakaona nzira yakarasika vanoitora senzira, nokuda kwekuti vakaramba zviratidzo uye vakanga vasina hanya mazviri.

147. Uye avo vanoramba zviratidzo zvedu uye kusangana pahupenyu uchatevera (zuva rekutongwa), mabasa avo ndiwo asina maturo. Havasi kuzobhadharwa nechimwe chinhu, kusara kwezvavaiita.

148. Uye vanhu vaMusa paakanga asipo, vakagadzira kubva muzvishongedzo zvavo chimufananidzo chemhuru (chekunamata). Chaiva nemuririro (kunge chaikuma). Vaisaona here kuti chaisataura navo kana kuvatungamirira kunzira (yakatwasuka)? Vakachitora (kuti vachinamate) uye vaiva vatadzi.

149. Uye pavakademba nekuona kuti vakanga varasika, (vakakumbira ruregerero) vakati: “Kana Tenzi vedu vakasatinzwira tsitsi nekutiregerera, zvirokwazvo, tichava vanhu vakarasikirwa.”

150. Uye Musa paakadzokera kuvanhu vake, akatsamwa uye akasuwa, akati: “Chinhu chakaipa ndeicho chamaita ndisipo (kunamata chimhuru). Makurumidzira mutemo waTenzi venyu here?” Uye (Musa) akakanda magwaro pasi uye akabata mukoma wake nemusoro wake uye akamudhonzera kwaari. Aroni akati: “Iwe mwana waamai vangu! Zvirokwazvo, vanhu

الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

vakandiona sendisina simba uye vaida kutondiuraya, naizvozvo usaita kuti vavengi vafare pamusoro pangu, kana kundiisa pakati pevanhu vanoita mabasa akaipa."

151. Musa (akati): Imi Tenzi vangu! Ivai munondiregerera nemukoma wangu, uye mova munotiisa mutsitsi dzenyu, nokuti ndimi mune tsitsi dzakanyanya pane avo vanoratidza tsitsi."

152. Zvirokwazvo, avo vakava vanotora mhuru (saMwari), kutsamwa kubva kuna Tenzi vavo uye nokudzikisirwa kuchauya kwavari muhupenyu hwepano pasi. Nokudaro tinopa mubairo kune avo vanogadzira manyepo.

153. Asi kune avo vakaita mabasa akaipa, mushure mazvo vakazokumbira ruregerero, uye vakatenda, muzvirokwazvo, Tenzi venyu mushure mazvo (zvose) vanoregerera, uye vane tsitsi dzose.

154. Uye hasha dzaMusa padzakadzikira akava anotora magwaro, uye mukunyorwa kwavo makanga muine kutungamiririrwa netsitsi kune avo vanotya Tenzi vavo.

155. Uye Musa akasarudza varume makumi manomwe kubva muvanhu vake, panguva yedu uye nenzvimbo yokusanganirana. Uye pavakava vanovingwa nokundengendeka kwenyika akati: "Imi Tenzi vangu! Dai manga muchida, mungadai makavaparadza kumashure ivo neni wacho. Mungatiparadze here nokuda kwemabasa evakaipa pakati pedu? Kuedza kwenyu chete kunoita kuti vamunoda varasike, uye kutungamiririra avo vamunoda. Muri muchengei wedu, naizvozvo tiregererei uye mova netsitsi kwatiri, nokuti ndimi muregereri akanakisisa pane avo vanoregerera."

156. "Uye motinyorerawo zvakanaka pano panyika, uye nemuhupenyu hwunotevera. Zvirokwazvo, tave tinotarisa kwamuri." Vakati (Allah): "Mutongo wangu ndichauunza kune uyo wandinoda uye tsitsi dzangu dzinobvumbatira zvinhu zvose. Ndichava ndinodzinyorera (nyasha) kune avo vanotya (Allah), uye vachipa Zakaah (Zvipo kuvarombo); uye avo vanotenda muzviratidzo zvedu;"

157. "Avo vanotevedzera mutumwa, muporofita asingakwanise kuverenga kana kunyora (Muhammad (SAW)) uyo wavanoona akanyorwa nezvake muTorah uye nemuInjeel (Muvhangeri) mavo, anovakomekedza zvakanaka uye achivarambidza izvo zvakaipa; uye anobvumidza izvo zvinhu zvakachena, uye anorambidza izvo zvakaipa setsvina, anovabvisa mitoro yavo inorema, uye ngetani dzakanga dziri pavari. Naizvozvo avo vanotenda maari (Muhammad (SAW)), vachimukudza, nekumubatsira, uye vachitevera mwenje (Qur'aan) waakatumwa nawo, ndivo vachava vanobudirira."

158. Iti (Muhammad (SAW)): "Imi vanhu! Zvirokwazvo, ndave ndinotumwa kwamuri mose semutumwa waAllah, avo vanova muridzi wehumambo hwekudenga nepasi. Laa ilaaha illaa Huwa (Hakuna mumwe anofanirwa kunamatwa kunze kwavo). Ndivo vanopa hupenyu uye vanokonzera rufu. Naizvozvo tendai muna Allah nemutumwa wavo, muporofita asingakwanisi kuverenga kana kunyora (Muhammad (SAW)), anotenda munaAllah nemashoko avo (Qur'aan). Naizvozvo muteverei kuti mugova avo vakatungamiririrwa."

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

159. Uye kubva muvanhu vaMusa, mune boka rinotungamirira (vanhu) muchokwadi uye richikurudzira ruenzaniso imomo.

160. Uye takava tinovapatsanura kuva ndudzi gumi nezviviri semapoka (akasiyana). Takava tinoudza Musa apo vanhu vake pavakamubvunza mvura (tichiti): "Rova dombo netsvimbo yako", nokudaro mvura yakava inobuda kubva muzvitubu gumi nezviviri, boka rimwe nerimwe rakaziva nzvimbo yaro yemvura. Takava tinovafukidza nemumvuri wemakore uye tikatumira kwavari Manna (chikafu chinotapira) neSalwa (Zvihuta) (tichiti): "Idyai kubva mune zvakanaka zvatakupai." Havana kutikanganisira, asi vakazvinganisira pachavo.

161. Uye (yeukai) pazvakanzi kwavari: "Garai muguta rino (reJerusarema) uye mova munodya mariri kwese kwamunoda, uye mova munoti: '(Imi Allah!) Tiregererei zvitadzo zvedu', uye mova munopinda mumikova makapfugama. Tichakuregererai zvitadzo zvenyu. Tichava tinowedzera (mubairo) kune avo vanoita mabasa akanaka."

162. Asi avo vaitadza pakati pavo vakasandura shoko ravakanga vaudzwa. Naizvozvo takavatumira marwadzo kubva kudenga nekutadza kwavakaita.

163. Uye iva unovabvunza (Muhammad (SAW)) pamusoro pedhorobha iro rakanga riri pedyo negungwa, pavakapfurikidza mwero maererano neSabata (Mugovera), apo hove dzavo padzaiuya pachena musi weMugovera (Sabata), uye dzainge dzisingauyi kwavari musi wavakanga vasina Sabata. Naizvozvo takava tinoisa miedzo kwavari nokuda kwekusateerera kwavakaita murairo hwaAllah.

164. Uye (yeukai) boka pakati pavo parakati: "Munoparidzirei kuvanhu varikuda kuparadzwa naAllah kana kuti vavari kuda kurwadzisa nomutongo wakaomarara?" (Vaparidzi) vakati: "Kuti tive tinozvichenura pamberi paTenzi venyu, uye kuti zvimwe vangave vanotya Allah."

165. Naizvozvo pavakakanganwa yeuchidzo yakanga yapihwa kwavari, takava tinonunura avo vairambidza zvakaipa, asi takaparadza avo vaiita zvakaipa nomutongo wakaomarara nokuda kwekusateerera mirairo yaAllah.

166. Naizvozvo pavakapfurikidza mwero weizvo zvatakavarambidza, takati kwavari: "Ivai tsoko, uye makashoreka nekurambwa."

167. Uye (rangarira) Tenzi vako pavakataura kuti vacharamba vachituma kwavari (maJudha), kusvikira zuva rokumutswa, avo vachavatambudza nemarwadzo akaomarara. Zvirokwazvo, Tenzi vako vanopa mutongo nokuchimbidza, uye zvirokwazvo, ndivo vanoregerera zvikuru, vane nyasha zhinji.

168. Uye takava tinovapatsanura (maJudha) tichivaisa mumapato akasiyana panyika, vamwe vavo vanoita mabasa akanaka uye vamwe vari kure nazvo. Uye takava tinovaedza nezvakanaka nezvakaipa kuti vave vanodzokera (kuna Allah).

169 Mushure mavo vakateverwa nezvizvarwa (zvakaipa), zvakava zvinotora magwaro, asi zvakava zvinozvisarudzira hupenyu hwepano pasi zvichiti: "Zvinhu (zvose zvatinoita) zvichava



NEW & EXCLUSIVE

zvinoregererwa kwatiri." Uye vakapihwa mukana (zvakare) wakafanana neuyu (wekuita zvinhu zvakaipa) vaiutora. Chitsidzo cheGwaro (Torah) hachina kutorwa kwavari kuti hapana chavachataura pamusoro paAllah kusara kwechokwadi? Uye vadzidza zvazviri mariri (Gwaro). Uye musha wehupenyu huchatevera uri nani kune avo vanotya (Allah).

170. Uye kune avo vanobatisisa Gwaro uye voita munamato (Swalaah), zvirokwazvo, hatizomborasi mubairo weavo vanoita zvakanaka.

171. Uye (rangarirai) patakavasimudzira gomo sekunge raive gore dema pamusoro pavo sekunge chipfugidzo, uye vakafungidzira kuti pamwe rinovawira. (Takati): "Batisisai pane izvo zvatakupai (Torah), uye morangarira zviri mariri, kuti muve munotya Allah nekuvateerera."

172. Uye (yeuka) apo Tenzi vako (Allah) vakaburitsa kubva muvana vaAdam, kubva kumisana yavo, vana vavo (kana kuti kubva kumusana waAdam vana vake), uye vakavaita kuti vave vanopa huchapupu pachavo (Allah vachiti): "Handisi ini here Tenzi venyu?" Vakati: "Hongu! Tinopa huchapupu", pamwe nezuva rekumutswa (Qiyaamah) mungazoti: "Zvirokwazvo izvi takanga tisingazvizivi."

173. Kana kuti mungazoti: "Madzitateguru edu ndivo vaisanganisa Allah nezvimwe zvisikwa (muhumwe hwavo) mushure, uye isu takanga tingori vana mushure mavo. Mungatiparadza here nokuda kwezvakaitwa neavo vaitadza?"

174. Saka naizvozvo tinopenengura maAayaat (humboo) zvizere kuti pamwe vangadzoka (kuchokwadi).

175. Uye verenga kwavari (Muhammad (SAW)) nyaya yeuyo watakapa humboo hwedu, asi akaurasa kure; naizvozvo Dhiyabhorosi akamutevera, uye akazove uyo weavo vakarasika.

176. Uye dai taida, taimukwidziridza nahwo (humboo), asi iye akada mafaro enyika uye akatevera zvido zvake. Naizvozvo mucherechedzo wake wakafanana nemucherechedzo weimbwa, ukaitandira kure inoburitsa rurimi panze, kana ukaisiya yakadaro inongoburitsa rurimi panze. Uyu ndiwo mucherechedzo weavo vanoramba humboo hwedu. Naizvozvo vaudze nyaya pamwe vangayeuka.

177. Wakaipa muenzaniso weavo vanoramba humboo hwedu, uye pachavo vaive vanhu vanozvikanganisa (vanozvitadzira).

178. Uyo (munhu) Allah vanotungamirira, zvirokwazvo ndiye ari mugwara rakatwasuka, uye uyo wavanosiya achirasika, vakadaro ndivo vakarasikirwa.

179. Uye zvirokwazvo, takasikira Gehena maJinn nevanhu vakawanda. Ivo vane moyo asi havanzwisisi nayo, uye vane maziso asi havakwanisi kuona nawo, uye vane nzeve asi havanzwi nadzo (chokwadi). Vanhu vakadaro vakafanana nemombe, asi ivo vakatonyanya kurasika. Vanhu vakadaro ndivo vasingafungi (vasina hanya).

180. Uye Allah ndivo vane mazita akanaka, naizvozvo vadaidzei nawo, uye mosiyana neavo vanoramba mazita avo. Vachapiwa mubairo wezvavaiita.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

181. Uye kune avo vatakasika, pane vanhu vanotungamira muchokwadi, uye nacho vanotonga zvakafanira.

182. Uye avo vanoramba humbooo hwedu, tichavaparadza (tichavaranga) zvishoma nezvishoma nemutongo wavasingafungiri.

183. Uye ndichavasiya kwekanguva; zvirokwazvo hurongwa hwangu hwakasimba.

184. Havarangariri here? Hapana kuumwe wavo (Muhammad (SAW)) kupenga. Haasi kunze kwemuyambiri ari pachena.

185. Havatarisi here muhumambo hwekudenga nepanyika uye zvinhu zvese Allah zvavakasika; uye pamwe zvingava kuti kuguma kwehupenyu hwavo kwava pedyo. Saka ndeapi mashoko avachatenda mushure meaya?

186. Uyo munhu Allah wavanorasisa, hakuna anogona kumutungamira; uye anovasiya mukutererekа kwavo vasingaoni.

187. Vanokubvunza nezvenguva (zuva rekumutswa) (vachiti): “Nguva yacho yakatarwa iriko rinhi?” Iti: “Ruzivo rwacho rwuna Tenzi vangu (Allah). Hakuna anoburitsa pachena nguva yacho kusara kwaivo (Allah). (Nguva yacho) Mutoro wayo unorema kumatenga nekunyika. (Nguva yacho) haizombouyi kwamuri asi kunze kokuti makavarairwa.” Vanokubvunza sokunge iwe une ruzivo nezvayo. Iti: “Ruzivo rwayo runa Allah (voga), asi vanhu vazhinji havazvizivi.”

188. Iti (Muhammad (SAW)): “Handina kana simba rekubetsera kana kurwadzisa pachangu, asi kunze kwekuti kana Allah vachida. Dai ndaiva noruzivo rwezvisingaoneki ndaiunganidza hupfumi hwakawanda, uye hapana chakaipa chaindiwana. Ndinongori muyambiri chete, uye muunzi wezvakanaka kune avo vanotenda.”

189. (Allah) Ndivo vakakusikai kubva kumunhu mumwechete (Adam), uye vakasika kubva kwaari mudzimai wake (Hawwa (Evha)) kuti ave anofara nekugara naye. Paakasangana (murume asingatendi kubva kuvana vaAdam) naye (mukadzi wake asingatendi) pabonde akatakura pamuviri zvisina matambudziko. Uye pakakura pamuviri, vakakumbira Allah, Tenzi vavo (vachiti): “Kana mukatipa akanaka (mwana), zvirokwazvo, tichava avo vevanotenda.”

190. Zvino (Allah) pavakavapa (murume nemukadzi wake vasingatendi) mwana akanaka, vakavapa (Allah) vabatsiri mune izvo zvavakanaga vavapa. Asi Allah vari pamusoro peizvo zvavanovasanganisa nazvo sevabatsiri.

191. Varikusanganisa here naAllah avo vasingakwanisi kusika chimwe chinhu asi ivo vakatosikwawo?

192. Hapana rubatsiro rwavanokwanisa kuvapa, kana pachavo kuzvibetsera.

193. Uye kana mukavasheedzera kuchokwadi, havakuteverei. Zvakafanana kwamuri kuvasheedza kana kunyarara.



NEW & EXCLUSIVE

194. Zvirokwazvo, avo vamunosheedza kunze kwaAllah varanda vakafanana nemi. Naizvozvo vasheedzei vagokudairai kana muri pachokwadi.

195. Vane makumbo here avanofamba nawo? Kana kuti vane maoko here avanobata nawo? Kana kuti vane maziso here avanoona nawo? Kana kuti vane nzeve here dzavanonzwa nadzo? Iti (Muhammad (SAW)): "Daidzai shamwari dzenyu dzamunosanganisa naAllah uye mondirongera (zvakaipa), uye musandipa nguva!"

196. "Zvirokwazvo, muchengeti wangu ndiAllah avo vakadzikisa Bhuku (Qur'aan), uye ndivo vanochengeta avo vanoita mabasa akanaka."

197. "Uye avo vamunodaidza kunze kwaAllah havakwanisi kukubatsirai kana kuzvibatsira pachavo."

198. "Uye kana mukavadaidzira kuchokwadi havanzwi, uye unovaona vakakutarisa asi havaoni."

199. Iva unoratidza ruregerero, uye kurudzira zvakanaka, uye furatira avo vasingazivi (usavaranga).

200. Uye kana kuzevezera kwakashata kwauya kwauri kubva kuna Dhiyabhorosi, tsvaga chengetedzo kubva kuna Allah. Zvirokwazvo, ndivo vanonzwa zvese, vanoziva zvose.

201. Zvirokwazvo, avo vanotya Allah, kana zvakaipa zvikauya kwavari kubva kuna Dhiyabhorosi, vanorangarira (Allah), uye vanobva vaona (chokwadi).

202. Uye madzikoma avo (vanaDhiyabhorosi) vanovawedzera kutadza, zvakare havaregeri.

203. Uye ukasavaunzira chishamiso vanoti: "Sei usina kutiunzira chishamiso?" Iti: "Zvirokwazvo, ndinongotevera chete izvo zvakadzikiswa kwandiri kubva kunaTenzi vangu. Iri (Qur'aan) ndihwo humboo kubva kuna Tenzi venyu, nekutungamirwa uye tsitsi kuvanhu vanotenda."

204. Uye kana Qur'aan richiverengwa ivai munoriteerera, uye monyarara kuti pamwe mungaratidzwe tsitsi (naAllah).

205. Uye rangarira Tenzi vako pachezvako uchizvininipisa nekutya, uye neizwi riripasi mangwanani nemanheru, uye usave umwe veavo vasina hanya.

206. Zvirokwazvo, avo vana Tenzi vako (ngirozi) havazvitutumadze mukuvanamata, asi vanovarumbidza uye vanovapfugamira.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

# CHITSAUKO AL-ANFAAL

# (MHIMBIRI) 8

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Vanokubvunza (Muhammad (SAW)) maererano nemhimbiri. Iti: "Mhimbiri ndeyaAllah nemutumwa wavo (SAW)." Naizvozvo ityai Allah uye mugadzirise musiyano pakati penyu, uye ivai munoteerera Allah nemutumwa wavo (Muhammad (SAW)), kana muri vatendi vechokwadi.

2. Zvirokwazvo, vatendi ndeavo vanoti vakanzwa zita raAllah richitaurwa, moyo yavo inozadzwa nokutya, uye kana ndima dzavo dzikaverengwa kwavari dzinovawedzera mukutenda kwavo, uye vanovimba naTenzi vavo.

3. Avo vanoita Swalaah (Munamato) uye vanopa kubva mune izvo zvatakavapa.

4. Ava ndivo vanotenda muchokwadi. Vachawana zvidanho zveukuru kubva kuna Tenzi vavo, uye ruregerero uye raramo yakanaka (Paradhiso).

5. Sokuita kwakaita Tenzi vako (Muhammad (SAW)) kuti uve unobuda mumba mako muchokwadi; kunyangwe zvazvo chidimbu cheavo vanotenda chisina kuzvifarira.

6. Vanopokana newe maererano nechokwadi mushure mekunge chabuda pachena, sokunge varikuendeswa kunofa vachizviona.

7. Uye (rangarirai) apo Allah vakakuvimbisai chimwechete chezviviri pamapoka maviri (emhandu dzenyu, mauto kana ngoro yezvitengeswa, kukunda kana kuwana mhimbiri) kuti zvive zvenyu; uye makashuvira kuti boka risina simba (ngoro yezvitengeswa) rive renyu, asi Allah vakada kuburitsa chokwadi pachena nemashoko avo uye kugura midzi yevasingatendi (paHondo yeBadr).

8. Kuti ivo vaburitse chokwadi uye kuti manyepo ashaye basa, kunyangwe zvazvo vasingatendi vakazvivenga.

9. (Rangarirai) apo pamakakumbira rubatsiro kuna Tenzi venyu, uye vakakupindurai vachiti: "Ndichakubatsirai nechiuru chengirozi dzichiteverana."

10. Allah vakaita kuti rive rombo rakanaka, uye kuti moyo yenyu ive inozorora naro. Uye hakuna kukunda kunze kwekuti kuchibva kuna Allah. Zvirokwazvo, Allah ndivo samasimba, vane hungwaru hwese.

11. (Rangarirai) apo vakaita kuti murare (kubatwa nehope) sechengetedzo kubva kwavari, uye vakakutumirai mvura kubva kudenga kuti ikuchenurei, uye igobvisa hutsvina hwaDhiyabhorosi mukati menyu, uye kusimbisa moyo yenyu, uye kusimbisa makumbo enyu.

12. (Rangarira) apo Tenzi vako vakaudza ngirozi (kuti): "Zvirokwazvo ndinemi, nokudaro simbisai vatendi. Ndichaisa kutya mumoyo yevasingatendi, nokudaro damburai huro pamwe nezvigunwe zvavo."

13. Izvi ndizvo nokuda kwekuti vaipikisa Allah nemutumwa wavo (SAW). Uye uyo anopikisa Allah nemutumwa wavo (SAW), zvirokwazvo, Allah vane mutongo unorwadza.

14. Uyu ndiwo (mutongo), nokudaro uravirei; uye nekuti zvirokwazvo vasingatendi vachawana mutongo weGehena.

15. Imi vatendi! Pamunosangana neavo vasingatendi, muhondo, musafuratire (kutiza).

16. Uye uyo anofuratira kubva kwavari muzuva iri, kunze kwekuti uri hurongwa hwehondo, kana kudzoka kune vamwe vake (mauto), zvirokwazvo anenge azviunzira kutsamwa kwaAllah. Uye musha wake iGehena, uye zvirokwazvo ndiwo magumo akaipa!

17. Hamuna kuvauraya, asi Allah ndivo vakavauraya. Uye (iwe Muhammad (SAW)) hauna kukanda paya pawakakanda, asi Allah ndivo vakakanda, kuitira kuti vagoedza vatendi nemuedzo wakafanira kubva kwavari (Allah). Zvirokwazvo, Allah ndivo vanonzwa zvese, ndivo vanoziva zvose.

18. Ichi (ndicho chokwadi), uye zvirokwazvo, Allah vano gombedza chizengezano chevasingatendi.

19. (Imi vasingatendi) kana mukakumbira mutongo, zvirokwazvo zvino mutongo wazouya kwamuri; naizvozvo kana mukasiya (zvakaipa), zvakanaka kwamuri, asi kana mukadzokera (kunorwa), saka isu tichadzoka, uye mauto enyu haambokudzivirirai, zvisinei nehuhwandu hwavo; uye zvirokwazvo, Allah vane vatendi.

20. Imi vanotenda! Teererai Allah nemutumwa wavo (SAW), uye musamufuratira (Muhammad (SAW) asi imi muchinzwa.

21. Uye musafananе neavo vanoti: "Tanzwa," asi ivo vasinganzwi.

22. Zvirokwazvo, dinhidza (rakaipa) pazvisikwa zvinorarama kuna Allah ndeavo vasinganzwi nevasingataure, avo vasinganzwisise (zvireva, vasingatendi).

23. Dai Allah vakaziva (chero) chakanaka mavari, zvirokwazvo, vangadai vakavaita kuti vateerere; uye kunyangwe dai vakavaita kuti vateerere vaizongofuratira vachipokana (nechokwadi).

24. Imi vanotenda! Pindurai Allah (kuburikidza nekuvateerera) uye nemutumwa (SAW) kana akakudaidzai kune izvo zvinokupai hupenyu, uye moziva kuti Allah vanouya pakati pemunhu nemoyo wake (vanodzivisa munhu akaipa mukuita zvaanoda). Uye zvirokwazvo, kwavari ndiko kwamuchaunganidzwa mose.

25. Uye ityai muedzo usingazobati avo vanotadza chete (asi unokwanisa kubata vese vakanaka nevakaipa), uye zivai kuti Allah vanotonga zvinorwadza.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

26. Uye rangarirai apo pamakange muri vashoma uye makagomberedzwa panyika, uye muchitya kuti pamwe vanhu vangakutapai, asi (Allah) vakakugadzirirai nzvimbo yakachengetedzeka, vakakusimbisai nerubetsero rwavo, uye vakakupai zvinhu zvakanaka kuitira kuti pamwe mungatenda.

27. Imi vanotenda! Musanyengedza Allah nemutumwa wavo, uye musanyengedze zvivimbo zvenyu (Zvinhu zvese zvamunochengetedzwa, uye mabasa ese Allah vakakukomekedzai).

28. Uye zivai kuti hupfumi hwenyu nevana venyu zvingori asi miedzo, uye muzvokwadi kuti kuna Allah kune mubairo mukuru.

29. Imi vanotenda! Kana mukateerera uye kutya Allah, vachakupai chiedza (kuona chakanaka nechakaipa), uye vachakukunganwirai zvitadzo zvenyu, uye vachakuregererai; uye Allah ndivo muridzi wemubairo mukuru.

30. Uye (rangarirai) apo vasingatendi vakakuitira hurongwa (Muhammad (SAW)) kuti vakusunge, kana kukuuraya, kana kukudzinga (pamba pako – Makkah); vaikurongera uye Allah vaivarongerawo. Uye Allah ndivo nyanzvi yeavo vanoronga.

31. Uye kana ndima dzedu (dzemuQur'aan) dzikaverengwa kwavari, vanoti: "Tazvinzwa; kana tichida tinogona kutaura zvakangofanana naizvozvo. Hapana zviripo apa asi inyaya dzekare."

32. Uye (rangarirai) apo vakati: "Imi Allah! Kana iri (Qur'aan) riri chokwadi kubva kwamuri, tumirai matombo pasi kwatiri kubva kudenga kana kuti tiunzirei mutongo unorwadza."

33. Uye Allah havavarangi kana iwe (Muhammad (SAW)) uri mukati mavo, kana kuvaranga ivo vachikumbira ruregerero (rwaAllah).

34. Uye zvingagona sei kuti Allah vasavarange ivo vachirambidza (vanhu) kuAl-Masjid Al-Haraam, uye havazi vachengeti vayo? Hakuna anokwanisa kuve muchengeti wayo kunze kweavo vanotya (Allah), asi vazhinji vavo havazvizivi.

35. Uye munamato wavo (Swalaah) muimba (yaAllah, Ka'bah) pakanga pasina zviripo asi mheterwa nekuombera maoko. Naizvozvo ravirai murango nokuda kwekuti makanga musingatendi.

36. Zvirokwazvo, avo vasingatendi vanoshandisa hupfumi hwavo kudzivirira (vanhu) kufamba munzira yaAllah, uye vacharamba vachiushandisa, asi mhedzisiro yacho huchava musengwa kwavari. Uye vachakurirwa, uye avo vasingatendi kuGehena ndiko kwavachaunganidzwa.

37. Kuitira kuti Allah vagosiyanisa vakaipa (vasingatendi uye vanoita zvakaipa) kubva mune vakanaka (vanotenda muIslaam uye vanoita zvakanaka), uye vagoisa vaipi, umwe pamusoro peumwe, vovaunganidza pamwechete, uye vovakanda muGehena. Ivavo, ndivo vanhu vakarasikirwa.

38. Iti kune avo vasingatendi: "Kana vakasiya (Kusatenda), zvitadzo zvavo zvekare zvinoregererwa. Asi kana vakadzokera (muKusatenda) zvino muenzaniso weavo (vakarangwa) mushure mavo wakatodarika (seyambiro)."

39. Uye varwisei kusvikira pasisina Fitnah (Kusatenda) uye chitendero chava chaAllah chete (pasi rese). Asi kana vakasiya (Kusatenda), zvino, muzvokwadi Allah ndivo vanoona zvizere zvavanoita.

40. Uye kana vakafuratira, zvino chiziva kuti Allah ndivo muchengeti wako. Muchengeti akanaka uye mubetseri ane hunyanzvi!

41. Uye zivai kuti chingava chii chamunowana pahondo (mhimbiri), zvirokwazvo, chidimbu chimwe kubva kuzvishanu (1/5) zvacho ndecha Allah, uye mutumwa (Muhammad (SAW)), uye kune hama dzepedyo (dzaMuhammad (SAW)), uye nherera, uye vanotambura, uye vari parwendo, kana muchitenda muna Allah uye neizvo zvatakatumira kune muranda wedu (Muhammad (SAW)) pazuva rekusiyanisa (zvakaipa nezvakanaka), zuva iro zvikwata zviviri (zvemauto) zvakasangana (muhondo yeBadr); uye Allah vanokwanisa kuita zvose.

42. (Rangarirai) apo imi (mauto evatendi) pamakanga muri parutivi rwepedyo rwebani, uye ivo vari mechokurutivi rwokure, uye ngorovhani yakanga iri pasi penyu. Kunyangwe dai makaita chitsividzo chokusangana, mungadai makakundikana muchitsividzo, asi (makasangana) kuitira kuti Allah vagopedzisa hurongwa hwakanga hwatotarwa (muruzivo rwavo), kuitira kuti avo vaida kuparadzwa (nekuramba kutenda kwavo) voparadzwa mushure mehumboo huri pachena, uye avo vaizorarama (vatendi) vorarama mushure mehumboo huri pachena. Uye zvirokwazvo, Allah vanonzwa zvose, vanoziva zvose.

43. (Rangarira) apo Allah vakakuratidza (Muhammad (SAW)) kuhope dzako vari vashoma; uye dai vakakuratidza vakawanda, zvirokwazvo mungadai makashaya shungu, uye mungadai makapikisana pakuronga. Asi Allah vakakudzivirirai. Zvirokwazvo, ndivo vanoziva zvose zviri mumoyo.

44. Uye (rangarirai) apo pamakasangana (muhondo yeBadr) Allah vakavaratidza kwamuri vari vashoma mumaziso enyu, uye vakaita kuti imi muite sevashomawo mumaziso avo, kuitira kuti Allah vagopedzisa chirongwa chakanga chatotarwa (muruzivo rwavo), uye kuna Allah ndiko kunodzokera zvirongwa zvese.

45. Imi vanotenda! Mukasangana nemauto (mhandu), mirai uye morwisa zvakasimba uye rangarirai zita raAllah zvakanyanya (nerurimi uye nemoyo), kuitira kuti mugobudirira.

46. Uye teererai Allah nemutumwa wavo (Muhammad (SAW)), uye musapikisane (pachenyu) mungazoshaya shungu uye simba renyu roenda, uye ivai munotsungirira. Chokwadi, Allah vane avo vanotsungirira.

47. Uye musaite seavo vanobuda mudzimba dzavo vachizvitutumadza uye kuti vaonekwe nevanhu, uye vachidzivirira vanhu kunzira yaAllah. Uye Allah vanoziva zvizere zvose zvavanoita.

48. Uye (rangarirai) apo Dhiyabhorosi akaita kuti zvakaipa zvavo zviite sezvakanaka, achiti: “Hakuna munhu anokwanisa kukukundai zuva ranhasi (rehondo yeBadr) uye chokwadi ndini muvakidzani wenyu (parubetsero).” Asi mauto maviri pavakaonana, akatiza ndokuti:

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

"Zvirokwazvo, handina chokuita nemi. Chokwadi ndinoona zvamusingaoni. Chokwadi, ndinotya Allah nokuti Allah vanorwadzisa pakuranga."

49. Apo vanyengedzi neavo vane chirwere (chekusatenda) mumoyo yavo vakati: "Vanhu ava (maMuslim) chitendero chavo chavanyengedza." Asi uyo anovimba naAllah, zvirokwazo, Allah ndivo vakuru, vane hungwaru hwese.

50. Uye dai maiona apo ngirozi padzinotora mweya yeavo vasingatendi (pakufa); dzinorova zviso zvavo nemisana (dzichiti): "Ravirai murango werimi remoto."

51. "Izvi nokuda kwezvakatungamidzwa nemaoko enyu. Uye chokwadi, Allah havadzvinyiriri varanda vavo."

52. Kufanana nehunhu hwevanhu vaFarawo, uye hweavo mushure mavo. Vakaramba humboo hwaAllah. Naizvozvo Allah vakavaranga nokuda kwezvitadzo zvavo. Zvirokwazvo, Allah vakasimbisa, uye vanoranga zvinorwadza.

53. Nokuda kwekuti Allah havashanduri chipo chavakapa vanhu kusvikira vashandura zviri mavari. Uye zvirokwazvo, Allah vanonzwa zvose, vanoziva zvose.

54. Kufanana nehunhu hwevanhu vaFarawo, uye hweavo mushure mavo. Vakaramba humboo hwaTenzi vavo. Naizvozvo takavaparadza nokuda kwezvitadzo zvavo. Uye takanyudza vanhu vaFarawo nokuti vose vaive vatadzi.

55. Zvirokwazvo, zvisikwa (zvinorarama) zvakashata pamberi paAllah ndeavo vasingatendi; nokudaro havazombotendi.

56. Ndeavo vawakapana chitsidzirano navo, asi vanoputsa chitsidzirano nguva nenguva, uye havatyi Allah.

57. Naizvozvo kana mavakurira muhondo, vapei mutongo wakaoma kuti mudzinganise avo vanovatevera, (uye) kuti vatore chidzidzo.

58. Kana uchitya (Muhammad (SAW)) kubiridzirwa (kunyengedzwa) kubva kune vanhu vapi zvavo, vadzosere (chitsidzo chavo) pane kuenzana pakati penyu (kuti pasave nechimwe chitsidzo pakati pako navo). Zvirokwazvo, Allah havadi avo vanobiridzira (vanonyengedza).

59. Uye zvirokwazvo, avo vasingatendi vasafunge kuti vanokwanisa kutiza (mutongo hwaAllah). Chokwadi, havambokwanisi kuzvidzivirira (kubva kumutongo hwaAllah).

60. Uye vagadzirirei hondo yakasimba kusanganisira mabhiza ehondo (zvombo zvehondo, pfuti, ndege, motokari nezvimwe zvakadaro) kuti mutyise nazvo vavengi vaAllah uye nemi, uye neavo vamusingazivi vasiri pakati pavo, asi vachizivikanwa naAllah. Uye chingava chipi chamunoshandisa munzira yaAllah chichabhadharwa kwamuri, uye hamuzombodzvanyiririrwi.

61. Asi kana vachida runyararo munofanirwa kuita saizvozvo, uye movimba naAllah. Zvirokwazvo, (Allah) ndivo vanonzwa zvese, uye vanoziva zvese.



الجديد و الحصري NEW & EXCLUSIVE

62. Uye kana vakada kukubiridzirai (kukunyengedzai), Allah ndivo vakakukwanirai. Ndivo vakakubatsira nerubetsero rwavo uye nevatendi.

63. Uye vakabatanidza moyo yavo (vatendi). Kunyangwe dai hwakashandisa zvose zviri munyika, ungadai usina kuvabatanidza moyo yavo, asi Allah vakavabatanidza. Zvirokwazvo, (Allah) ndivo samasimba, uye muchenjeri mukuru.

64. Iwe Muporofita (Muhammad (SAW))! Allah ndivo vakafanira (vakakwana) kwauri uye nekuvatendi avo vanokutevera.

65. Iwe Muporofita (Muhammad (SAW))! Kurudzira vatendi kuti varwise (vavengi). Kana paine vanhu makumi maviri vakashinga pakati penyu, vachakurira mazana maviri, uye kana paine zana revanhu vakashinga pakati penyu, vachakurira churu cheavo vasingatendi, nokuti vari (vasingatendi) vanhu vasinganzwisisi.

66. Iyezvino Allah varerutsa mutoro wenyu, uye vanoziva kuti mune hurema mukati menyu. Nokudaro kana paine zana revanhu vakashinga pakati penyu, vachakurira mazana maviri, uye kana paine churu pakati penyu, vachakurira zviuri zviviri nemvumo yaAllah. Uye Allah vane avo vanotsungirira.

67. Hazvigoni kuti muporofita (waAllah) atore vatapwa muhondo (uye ovasunungura nemuripo) kusvikira arwa navo ovakurira panyika. Munoda zvenyika ino (mari yemuripo), asi Allah vanokushuvirai Paradhiso. Uye Allah ndivo samasimba, vane huchenjeri hwese.

68. Dai chisiri chitsidzo chakauya kare kubva kuna Allah, mutongo wakaomarara ungadai wakakubatai nokuda kweizvo zvamakatora.

69. Nokudaro idyai zvamakatora semhimbiri zviri pamutemo uye zvakanaka, uye ityai Allah. Zvirokwazvo, Allah ndivo vanoregerera zvikuru, vane tsitsi dzakanyanya.

70. Iwe Muporofita (Muhammad (SAW))! Taura kune vatapwa avo vari mumaoko enyu kuti: “Kana Allah vachiziva zvakanaka zviri mumoyo yenyu, vachakupai zvimwe zvakanaka kupinda zvamatorerwa, uye vachakuregererai, uye Allah ndivo vanoregerera zvikuru, vane tsitsi dzakanyanya.”

71. Asi kana vachida kukubiridzira (kukunyengedza Muhammad (SAW)), zvirokwazvo, vakatobiridzira Allah nechekare. Naizvozvo vakakupai simba pamusoro pavo. Uye Allah ndivo vanoziva zvikuru, vane huchenjeri hwese.

72. Zvirokwazvo, avo vakatenda, uye vakatama (Hijrah), uye vakashinga zvakasimba uye vakarwa nehupfumi hwavo uye nehupenyu hwavo munzira yaAllah kusanganisira neavo vakavapa pokugara nerubetsero, ava vose ishamwari pakati pavo. Uye kune avo vakatenda asi vasina kusiya misha yavo (Hijrah) (vachiuya kwauri Muhammad (SAW)), hakuna basa kwamuri rokuvachengeta kusvikira vasiya misha yavo. Asi kana vakatsvaga rubetsero rwenyu muchitendero, mofanira kuvabetsera kunze kune avo (vasingatendi) vamune chibvumirano chekushanda mose; uye Allah vanoona zvose zvamunoita.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

73. Uye avo vasingatendi ishamwari dzeavo vasingatendi, (uye) kana imi (vatendi) mukasadaro pachenyu (kubatana muri pasi pehutongi hwemutungamiri mumwechete), pachava nemiedzo (hondo nekusatenda) uye neudzvanyiriri panyika, uye humambara hukuru pamwe nehuori.

74. Uye avo vakatenda, uye vakatama uye vakarwa zvakaoma munzira yaAllah, pamwechete neavo vakavapa pokugara nerubetsero, ava ndivo vatendi muchokwadi, kwavari kuchave nokuregererwa uye vachawana raramo yakanaka (Paradhiso).

75. Uye avo vakazotenda mushure, uye vakasiya misha yavo uye vakashingirira zvakaoma pamwe chete nemi (munzira yaAllah), ava ndevamwe venyu. Asi avo vane hukama hweropa ndivo vari padyo nepedyo kunyanya (Panhaka) mune izvo zvakatarwa naAllah. Zvirokwazvo, Allah vanoziva zvose.

# CHITSAUKO AT-TAUBAH

# (RUREGERERO) 9

1. Rusununguko kubva kuna Allah nemutumwa wavo kune avo maMushrikoon (vasingatendi muhumwe hwaAllah) vamakaita chibvumirano navo.

2. Naizvozvo fambai makasununguka (maMushrikoon) kwemwedzi mina munyika, asi zivai kuti hamugoni kutiza (murango wa) Allah; uye Allah vachanyadzisa vasingatendi.

3. Uye chiziviso kubva kuna Allah nemutumwa wavo kuvanhu nezvezuva guru (10th Dhul-Hijjah) kuti Allah vakasununguka kubva kumaMushrikoon (vasingatendi muhumwe hwaAllah) zvimwechetewo nemutumwa wavo. Nokudaro kana mukakumbira ruregerero zvakakunakirai, asi kana mukafuratira, zvino chizivai kuti hamukwanisi kutiza (murango wa) Allah. Uye zivisa (iwe Muhammad (SAW)) nezvemurango unorwadza kune avo vasingatendi.

4. Kunze kweavo maMushrikoon vamuine chibvumirano navo, uye havana kukurasisai muchimwe chinhu, kana kumbobetsera chero munhu kukurwisai. Naizvozvo zadzikisai chibvumirano kwavari kusvika kumagumo kwenguva yavo. Zvirokwazvo, Allah vanoda Al-Muttaqoon (avo vatsvene).

5. Zvino kana mwedzi inoera (1st, 7th, 11th uye mwedzi wechi 12) yapfuura, zvino chiurayai maMushrikoon (avo vasingatendi muhumwe hwaAllah) kupi zvako kwamunovawana, uye vatapei uye movakomberedza, uye movarindirira panzira dzose. Asi kana vakakumbira ruregerero uye voita Swalaah, uye vopa zvipo (Zakaah), zvino chisiyai nzira yavo yakafaranuka. Chokwadi, Allah vanoregerera zvikuru, uye vane tsitsi zhinji.

6. Uye kana mumwe wemaMushrikoon akatsvaga kuchengetedzwa nemi, zvino chimuchengetedzai kuti pamwe anganzwa shoko raAllah (Qur’aan), uye mushure mezvo muendesei kwanogara zvakanaka. Izvi nokuda kwekuti vanhu vasingazivi.



NEW & EXCLUSIVE

7. Ko pangava nechitsidzirano sei naAllah nemutumwa wavo (SAW) kuma Mushrikoon (avo vasingatendi muhumwe hwaAllah), kunze kweavo vamakaita chitsidzirano navo padyo neAl-Masjid al-Haraam (kuMakkah)? Kana vari pachokwadi kwamuri, chivaiwo pachokwadi kwavari. Zvirokwazvo, Allah vanoda Al-Muttaqoon (avo vanovatya, vatsvene).

8. Ko (pangave nechitsidzirano sei navo) kuti kana imi makurirwa navo, havakoshesi zvisungo zvingava zveukama kana chibvumirano chamakaita navo? Ne (mashoko akanaka avanotaura) vanokufadzai, asi moyo yavo iri kure nemi, uye vazhinji vavo vapanduki (vatadzi).

9. Vakatenga nehumboo hwaAllah porofiti shoma, uye vanorambidza (vanhu) kunzira yaAllah; zvirokwazvo chitadzo ndeizvo zvavaiita.

10. Maererano nemutendi, havaremekedzi zvisungo, kunyange zveukama kana chitsidzirano! Ndivo vanopfurikidza mwero (vatadzi).

11. Asi kana vakakumbira ruregerero, voita Swalaah, uye vopa zvipo (Zakaah), zvino madzikoma enyu muchitendero. (Nenzira iyi) tinotsanangura humboo zvizere kune vanhu vanoziva.

12. Asi kana vakatyora kupika kwavo mushure mechitsidzo chavo, uye vorwisa chitendero chenyu nekushoropodza nekutsvinyira, zvino chirwisai vatungamiriri vekusatenda (vekuMakkah), nokuti chokwadi kupika kwavo hakuna zviripo kwavari, kuitira kuti vagosiya (zvakaipa).

13. Mungaregere here kurwisa vanhu vakatyora kupika kwavo (vekuMakkah), uye vaida kudzinga mutumwa (SAW) apo vakakurwisai pakutanga? Munovatya here? Allah ndivo vane kodzero dzakanyanya kuti muvatye kana muri vatendi.

14. Varwisei kuitira kuti Allah vagovaranga kuburikidza nemaoko enyu, uye kuvanyadzisa, uye kukukundisai kwavari, uye kurapa moyo yevanhu vanotenda.

15. Uye kubvisa ruvengo pamoyo yavo (vatendi). Allah vanotambira kukumbira ruregerero kweuyo wavanoda. Allah vanoziva zvose, vane huchenjeri hwose.

16. Munofunga kuti muchasiiwa makadaro Allah vasina kuedza avo vakashanda nesimba uye kurwa pakati penyu, uye vakaregera kutora vabetseri kunze kwaAlla, nemutumwa wavo (SAW), uye nevatendi. Allah ndivo vanonyatsoziva zvamunoita.

17. Hazvina kukodzera kune vasingatendi kuti vagare mumaMasjid aAllah (kunamata maari, kuwachenesa pamwe nekuvaka), ivo vachipa huchapupu hwekusatenda munaAllah pachavo. Mabasa avo haambovabetseri uye vachagara kumoto zvachose.

18. Zvirokwazvo, maMasjid aAllah anofanirwa kugadzirwa neavo vanotenda muna Allah uye muzuva rekupedzisira; vanoita Swalaah (Munamato), vanopa Zakaah (Zvipo kuvarombo), uye vanotya Allah chete. Ava ndivo vari mugwara rechokwadi.

19. Nemhaka yei muchitora kupa mvura kuavo vanouya kuHajj neavo vanogadzira paAl-Masjid Al-Haraam (kuMakkah) sevakafanana neuyo anotenda kuna Allah uye muzuva rokupedzisira, uye

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

anoshanda nesimba nekurwa munzira yaAllah? Havana kufanana pamberi paAllah. Uye Allah havaratidzi gwara avo vanotadza.

20. Avo vakatenda (muhumwe hwaAllah), uye vakasiya misha yavo, uye vakashanda nesimba nekurwa munzira yaAllah nehupfumi hwavo nehupenyu hwavo, vane chigaro chepamusoro kuna Allah. Ava ndivo vakabudirira.

21. Tenzi vavo vanovapa mashoko akanaka etsitsi kubva kwavari, uye kufara kwavo (navo), uye Paradhiso umo vachawana mafaro asina magumo.

22. Vachagaramo nokusingaperi. Zvirokwazvo, kuna Allah kune mubairo mukuru.

23. Imi vanotenda! Musatora madzibaba enyu nemadzikoma enyu sevabetseri kana vasarudza kusatenda pamusoro pekutenda (kuna Allah). Uye uyo anodaro pakati penyu, nokudaro ndeumwe weavo vanotadza.

24. Taura kuti: Kana madzibaba enyu, vana venyu, madzikoma enyu, vakadzi venyu, hama dzenyu, hupfumi hwamakawana, mabhizimusi amunotyira kuti angangodzikira, uye dzimba dzamunofarira, kana muchinyanya kuzvida kupfuura Allah nemutumwa wavo (SAW), uye kushanda nesimba pamwe nekurwa munzira yaAllah, zvino chimirirai kusvikira Allah vaunza mutongo wavo. Uye Allah havatungamiriri avo vasingateereri.

25. Zvirokwazvo, Allah vakakupai budiriro muhondo zhinji, uye pazuva reHunain (Hondo) apo kuwanda kwenyu kwakaita kuti muzvitutumadze, asi hazvina kukubatsirai uye nyika nekukura kwayo yakaita idiki kwamuri, naizvozvo makadzokera shure makundikana (muchitiza).

26. Nokudaro Allah vakadzikisa runyararo (kugadzikana) kune mutumwa wavo (Muhammad (SAW)), uye nekuvatendi, uye vakatumira pasi mauto (ngirozi) amusina kuona, uye vakaranga vasingatendi. Uye uhu ndiwo mugove wevasingatendi.

27. Zvino mushure mezvo Allah vachatambira kukumbira ruregerero kweuyo wavanoda. Uye Allah ndivo vanoregerera zvikuru, vane tsitsi zhinji.

28. Imi vanotenda (vanotenda muhumwe hwaAllah)! Zvirokwazvo, maMushrikoon (avo vasingatendi muhumwe hwaAllah) vakasviba. Naizvozvo vasauya padyo neAl-Masjid Al-Haraam (kuMakkah) kana gore iri rapera; uye kana muchitya urombo, Allah vachakuitai vapfumi kana vachida, kuburikidza nehupfumi hwavo. Zvirokwazvo, Allah vanoziva zvose, vane huchenjeri hwese.

29. Rwisai avo vasingatendi kuna Allah nezuva rekupedzisira, uye vasingarambidzi izvo zvakarambidzwa naAllah nemutumwa wavo (Muhammad (SAW)), neavo vasingatambiri chitendero chechokwadi (Islaam) pakati peavo vakapihwa Gwaro (maJudha nemaKristu) kusvikira vabhadhara Jizyah (mari inobviswa nemaJudha nemaKristu ari pasi pechengetedzo yehurumende yemaMuslim) vachida nemwoyo yavo, uye vachizvininipisa pachavo.

30. Uye maJudha vanoti: “Ezira mwanakomana waAllah,” uye maKristu vanoti: “Jesu mwanakomana waAllah.” Uku ndiko kutaura kwavo nemiromo yavo, vachitevedzera kutaura

kweavo vakanga vasingatendi mushure. Kushorwa naAllah ngakuve kwavari, (nokuda) kwekurasika kwavanoita nzira yakanaka.

31. Vanotora (maJudha nemaKristu) vafundisi uye vadzidzi (vanogara muchechi vachinamata) vavo sevanamwari vachisiya Allah (kuburikidza nekuvateerera pavanobvumidza kana kurambidza zvinhu zvichienderana nezvido zvavo vasina mvumo kubva kuna Allah), uye (vanotora samwari wavo) Jesu Kristu, mwanakomana waMariya, asi ivo (maJudha nemaKristu) vakange vakomekedzwa (muTorah neVhangeri) kunamata Mwari mumwechete (Allah), Laa ilaaha illaa Huwa (Hakuna anekodzero yokunamatwa kunze kwavo). (Allah) Ngavakudzwe pamusoro peizvo zvavanovasanganisa nazvo.

32. Vanoda (vasingatendi) kudzimura mwenje waAllah (Islaam) nemiromo yavo, asi Allah havambozvitenderi kunze kwekuti mwenje wavo unatsurudzwe kunyangwe vasingatendi (maKuffaar) vachizvivenga.

33. (Allah) ndivo vakatuma mutumwa wavo (Muhammad (SAW)) negwara kwaro uye chitendero chechokwadi (Islaam), kuti chive chepamusoro pezvitendero zvose kunyangwe zvazvo maMushrikoon (vasingatendi muhumwe hwaAllah) vachizvivenga.

34. Imi vanotenda! Zvirokwazvo, pane vadzidzi vazhinji vechi Judha nevechi Kristu vanodya hupfumi hwevanhu nemanyepo, uye vanovadzivirira kupinda munzira yaAllah (Islaam). Uye avo vanounganidza goridhe nesirivha vobva vaishandisa munzira isiri yaAllah, vazivise nezvemurango unorwadza.

35. Pazuva iro (goridhe nesirivha) pazvichapiswa mumoto weGehena vagopiswa misoro yavo nazvo, uye mativi avo uye kumashure kwavo. (Zvichanzi kwavari): “Uhwu ndihwo hupfumi hwamakazviunganidzira imi. Zvino chiravirai zvamakaunganidza.”

36. Zvirokwazvo, kuverengwa kwemwedzi kuna Allah igumi nemiviri (paGore), ndizvo zvakatarwa naAllah pazuva ravakasika matenga nenyika; kubva mairi mina inoera (1st, 7th, 11th, nemwedzi wechi 12). Ichi ndicho chitendero chakatwasuka, naizvozvo musazvitadzire mairi (mwedzi mina), uye rwisai mese maMushrikoon (avo vasingatendi muhumwe hwaAllah) sekukurwisai kwavanoita vose. Asi zivai kuti Allah vane Al-Muttaqoon (avo vanovatya, vatsvene).

37. Zvirokwazvo, kunonotsa (mwedzi unoera) kupamhidzira mukusatenda; mukudaro vasigatendi vanotungamirwa mukurasika, nokuti vanoubvumidza rimwe gore vobva vourambidza rimwe gore kuitira kuti vawedzere mwedzi yakarambidzwa naAllah, uye vobvumidza izvo zvakarambidzwa naAllah. Kushata kwezviito zvavo kunoitwa sokunge kwakanaka kwavari. Uye Allah havatungamiriri vanhu vasingatendi.

38. Imi vanotenda! Chii chinonetsa kwamuri, kuti kana mukanzi fambai munzira yaAllah (Jihaad) munoramba mogadzikika munyika? Munofadzwa here nehupenyu hwenyika ino kupfuura hupenyu hwemangwana? Asi kunakirwa kwehupenyu hwenyika ino inguva diki kufananidza nehupenyu hwamangwana.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

39. Kana mukasafamba (munzira yaAllah), vachakurangai nemutongo unorwadza uye vachakutsivai nevamwe vanhu; uye hamukwanisi kuvarwadzisa zvachose, uye Allah vanokwanisa kuita zvose.

40. Kana (Muhammad (SAW)) mukasamubetsera (hazvina mhaka), nokuti zvirokwazvo Allah vakamubetsera apo vasingatendi vakamutandanisa, ari umwe wevaviri; apo paive vose (Muhammad (SAW) na Abu Bakr (RA)) mubako, akati kune umwe wake (Abu Bakr (RA)): “Usatye! Zvirokwazvo, Allah vanesu.” Zvino Allah vakatumira runyararo (kugadzikana) kwaari, uye vakamusimbisa nemauto (ngirozi) vamusina kuvaona, uye vakabva vadzikisira mashoko evasingatendi, apo shoko raAllah rakave pamusoro; uye Allah ndivo mukuru-kuru, vane hungwaru hwose.

41. Fambai (munzira yaAllah), mungave musingaremi (mune hutano, vechidiki, uye vapfumi) kana muchirema (kuchembera kana kutambura), uye shingirirai zvakasimba neupfumi hwenyu neupenyu hwenyu munzira yaAllah. Izvi zvakanaka kwamuri kana muchiziva.

42. Dai yaiva mhimbiri iri padyo nerwendo rwepedyo, vangadai vakakutevera, asi mufambo (weku Tabook) wakanga uri murefu kwavari; uye vachapika naAllah vachiti: “Dai taikwanisa, taifamba nemi.” Vanozviparadza pachavo, uye Allah vanoziva zvirokwazvo kuti vanonyepa.

43. Allah ngavakuregerere (iwe Muhammad (SAW)). Sei wakavapa mvumo (yekuti vasare; wairamba uchivakurudzira kuenda kuJihaad), kusvikira avo vaireva chokwadi vaonekwa newe pachena, uye ukabva waziva vanyepi.

44. Avo vanotenda kuna Allah nezuva rokupedzisira havakumbiri mvumo yako kuti vasiiwe kunorwa nehupfumi hwavo nehupenyu hwavo; uye Allah vanoziva zvikuru Al-Muttaqoon (vose vanovatya, vatsvene).

45. Vanokumbira mvumo yako ndeavo chete vasingatendi kuna Allah uye nezuva rekupedzisira, uye vane moyo isina chokwadi. Naizvozvo mukusagutsikana kwavo vanoenderera mberi.

46. Uye dai vakada kufamba, chokwadi vangadai vakaita gadziriro yacho; asi Allah havana kufarira kutumirwa kwavo, naizvozvo vakavaita kuti vasare, uye zvikanzi (kwavari): “Garai imi neavo vanogara (mudzimba).”

47. Dai vakafamba newe, vangadai vasina kana chavakawedzera kwauri kunze kwekusarongeka, uye vangadai vakamhanyira pakati penyu (vachikonzera nyonganyonga) uye miedzo kwamuri, uye pane vamwe mukati menyu vaizovateerera. Uye Allah vanoziva zvikuru vose vatadzi.

48. Zvirokwazvo, vakamboronga miedzo (nyonganyonga) kare, uye vakanga vatokanganisa hurongwa hwako, kusvikira chokwadi chauya uye hurongwa hwaAllah (Islaam) hwazadzikiswa kunyangwe vaizvivenga.

49. Uye mukati mavo mune uyo anoti: “Ndipewo mvumo (kuti ndisaende kunorwa) uye usandipinza pamuedzo.” Chokwadi, vatowira mumiedzo. Uye chokwadi, Gehena rakakomboredza vasingatendi.



الجديد و الحصري NEW & EXCLUSIVE

50. Kana zvakanaka zvikakuwira (iwe Muhammad (SAW)) zvinovarwadza, asi kana matambudziko akauya kwauri, vanoti: "Takaita zvido zvedu kare (takazvichengetedza kare)," uye vanofuratira vachifara.

51. Iti: "Hapana chichaitika kwatiri kunze kweizvo zvakanzi naAllah zvichaitika kwatiri. Ndivo muchengetedzi wedu." Uye vatendi ngavaise vimbo yavo kuna Allah.

52. Iti: "Munotarisira here kwatiri (chimwe chinhu) kunze kwechimwe chezviviri zvakanaka (kufa kana kukunda)? Isu tichimirira kuti pamwe Allah vangakurangai nemurango kubva kwavari, kana kuburikidza nemaoko edu. Naizvovo mirirai, isuwo takamirirawo pamwe nemi."

53. Iti: "Ipai (munzira yaAllah) muchida kana musingadi, hazvimbotambirwi kubva kwamuri. Chokwadi, muri vanhu vasingateereri (Allah)."

54. Hapana chinokonzera kuti zvipo zvavo zvisatambirwe kunze kwekuti havana kutenda muna Allah uye nemutumwa wavo (Muhammad (SAW)), uye nekuti havauyi kuSwalaah (Munamato) kunze kwekuti vaine usimbe, uye vanopa rubetsero vasingadi.

55. Naizvozvo hupfumi hwavo husakushamisa (Muhammad (SAW)) kana vana vavo. Muzvikwazvo, hurongwa hwaAllah kuvaranga neizvi muhupenyu hwepanyika ino, uye kuti mweya yavo iyende (kufa) ivo vasiri vatendi.

56. Vanopika naAllah kuti vanewe muchokwadi asi ivo vasiri newe, asi vanhu (vanyengedzi) vanotya (kuti ungavauraya).

57. Kana dai vaikwanisa kuwana kwekutizira, kana mapako, kana nzvimbo yekupinda zvayo (yekuwanda), vaizopindamo vachimhanya (nekukasika).

58. Uye pakati pavo pane vamwe vanokupomera (iwe Muhammad (SAW)) maererano nezvipo (Swadaqah). Kana vakapiwa chidimbu kubva mazviri, ivo vanofadzwa, asi kana vakasapiwa kubva mazviri vanotsamwa!

59. Dai vakagutsikana nezvavakapiwa naAllah nemutumwa wavo (SAW) uye voti: "Allah vanotikwanira, Allah vachatipa makomborero avo, uye mutumwa wavo (SAW) zvakare (kubva muZvipo (Swadaqah)). Zvirokwazvo, tinokumbira Allah kuti vatipfumise."

60. "As-Swadaqaat (Zakaah - Zvipo) nde evanotambura, uye vanoshaya, uye avo vakapiwa basa rokuunganidza (Zakaah), uye kukwezva moyo yeavo varikuswedera padyo (neIslaam), uye kusunungura nhapwa, uye neavo vane zvikwereti, uye nemunzira yaAllah, uye neuyo ari parwendo (anorasikirwa nemari kana kubirwa kana kupera), ibasa rakatarwa naAllah. Uye Allah vanoziva zvose, vane hungwaru hwose.

61. Uye pakati pavo pane avo vanotsvinyira muporofita (Muhammad (SAW)) uye vachiti: "Arikuteya nzeve dzake kuti anzwe zvose." Iti: "Anoteerera chete izvo zvakanaka kwamuri; anotenda muna Allah; anovimba nevatendi; uye inyasha kune vamwe venyu vanotenda. Asi avo vanotsvinyira mutumwa waAllah (Muhammad (SAW)), vachawana murango unorwadza.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

62. Vanopika naAllah kwamuri (maMuslim) vachida kukufadzai, asi zvakafanira kuti vafadze Allah nemutumwa wavo (Muhammad (SAW)) kana vari vatendi.

63. Havazivi here kuti uyo anopokana pamwe nekuratidza ruvengo kuna Allah nemutumwa wavo (SAW), zvirokwazvo kwaari kuchave nemoto weGehena, maachagara nokusingaperi. Uku ndiko kudzikisirwa kwepamusoro.

64. Vanyengedzi vanotya kuti pamwe chitsauko (cheQur'aan) chingadzikiswa maererano nezvavo, chichivaratidza zviri mumoyo yavo. Iti: "Endai mberi nekutsvinyira! Asi chokwadi Allah vachaburitsa pachena zvose zvamunotya."

65. Kana ukavabvunza (pamusoro peizvi), vanoti: "Takanga tichingotaura tichitamba." Iti: "Mange muchitsvinyira here Allah, nehumboo hwavo uye nemutumwa wavo (SAW)?"

66. Musape boterere; hamuna kutenda mushure mokunge mambotenda. Kana tikaregerera vamwe venyu, ticharanga vamwe venyu nokuti vakanga vasiri vatendi.

67. Vanyengedzi, vakadzi nevarume, vanhu vamwe chete; vanokurudzira (vanhu) zvakaipa, uye vanorambidza (vanhu) kuita zvakanaka, uye vanovhara maoko avo (vasingadi kupa Zvipo (Zakaah)). Vakanganwa Allah, nokudaro (Allah) vavakanganwawo. Zvirokwazvo, vanyengedzi vatadzi.

68. Allah vakavimbisa vanyengedzi, varume nevakadzi, uye nevasingatendi, moto weGehena, umo vachagara. (Gehena) richavakwanira. Allah vakavashora uye kwavari kune murango usingaperi.

69. Seavo vakange varipo musati mavepo. Vakanga vaine simba rakakunda renyu, uye vakanga vaine hupfumi hwakawanda pamwe nevana. Vakanakidzwa nechidimbu chavo, naizvozvo nakidzwai nechidimbu chenyu sokunakidzwa kwakaitwa avo vakange varipo imi musati mavepo nechidimbu chavo; uye makatamba nekuvaraidza nguva (muchinyepa pamusoro paAllah uye nemutumwa wavo Muhammad (SAW)) sokutamba kwavakaita nokuvaraidza nguva. Vanhu vakadaro ndivo mabasa avo asina basa panyika nokudenga. Uye ava ndivo vanhu vakarasikirwa.

70. Ko nyaya yeavo vakange varipo ivo vasati vavepo haina kuvasvikira here? Vanhu vaNowa, maAad, uye maThamood, uye vanhu vaAbrahamu, uye vagari vekuMadyan (Midian), uye nemaguta akaparadzwa (vanhu vaLoti); kwavari kwakauya vatumwa nehumboo huri pachena. Naizvozvo havasi Allah vakavatadzira, asi kuti vakazvitadzira pachavo.

71. Uye vatendi, varume nevakadzi, vanobetserana; vanokurudzira (vanhu) kuita mabasa akanaka, uye vanorambidza (vanhu) kuita mabasa akashata; vanoita Swalaah (Munamato), uye vanopa Zakaah (Zvipo), uye vanoteerera Allah nemutumwa wavo. Allah vachavaitira nyasha. Zvirokwazvo, Allah ndivo samasimba, vane huchenjeri hwese.

72. Allah vakavimbisa vatendi, varume nevakadzi, Paradhiso rine nzizi dzinoerera kuti vachagara imomo nokusingaperi, uye mudzimba dzakanaka mumapindu eEden (Paradhiso). Asi makomborero makuru kufadzwa kwakanaka kwaAllah. Ndiko kubudirira kwemhando yepamusoro.

73. Iwe Muporofita (Muhammad (SAW))! Shingirira zvakasimba kurwa nevasingatendi uye vanyengedzi, uye uite ukasha kwavari, uye nzvimbo yavo yokugara iGehena, uye zvirokwazvo magumo akadaro ndiwo akashata (anorwadza).

74. Vanopika naAllah kuti hapana chavakataura (chakashata), asi muzvokwadzi vakataura mashoko ekusatenda, uye havana kutenda mushure mokunge vatambira Islaam, uye vakaramba vaine hurongwa (wekuuraya Muhammad (SAW)), uhwo vasina kukwanisa kuuita, uye havana kukwanisa kuwana chikonzero chekuzviita kunze kwekuti Allah nemutumwa wavo (SAW) vakanga vavaita vapfumi nemakomborero avo. Asi kana vakakumbira ruregerero, zvakanaka kwavari; asi kana vakafuratira, Allah vachavaranga nemurango unorwadza muhupenyu hwepanyika uye hwemangwana (kudenga). Uye hakuna umwe kwavari somuchengeti kana mubetseri pano panyika.

75. Uye pakati pavo pane vamwe vakaita chitsidzirano naAllah vachiti: “Kana vakatipa kubva muhupfumi hwavo, zvirokwazvo tichapa Swadaqah (Zakaah nezvimwe zvipo zvisingamanikidzirwi munzira yaAllah), uye chokwadi tinozove pamwechete neavo vakanaka.”

76. Zvino pavakavapa kubva muhupfumi hwavo, vakaomera uye vakabva vafuratira vasingadi.

77. Naizvozvo vakavaranga kuburikidza nehunyengedzi mumoyo yavo kusvikira zuva iro vachasangana navo (Allah), nokuti vakaputsa chirangano icho vakange vavimbisa kwavari uye nokuti vaigaro taura manyepo.

78. Havazivi here kuti Allah vanoziva zvakavanzika zvavo, uye nemisangano yavo yakavanzika, uye kuti Allah ndivo vanoziva zvose zvisingaoneki.

79. Avo vanotaura zvakaipa pamusoro pevatendi avo vanopa zvipo vachida (munzira yaAllah), uye avo vasingakwanise kuwana nzira yokupa zvipo (munzira yaAllah) kusara kwezvavainazvo, nokudaro vanovatsvinyira (vatendi); Allah vachavadzosera kutsvinya kwavo kwavari, uye vachave vanowana mutongo unorwadza.

80. Kunyangwe iwe (Muhammad (SAW)) ukavakumbirira ruregerero kana kusavakumbirira ruregerero, uye kunyangwe ukavakumbirira ruregerero kanokwana kuita makumi manomwe, Allah havambovaregereri nokuda kwekuti havana kutenda kuna Allah uye mutumwa wavo (SAW). Uye Allah havatungamiriri vanhu vanokanganisa.

81. Avo vakasara (pahondo yeTabook), vakafara nekusara kwavo mumashure memutumwa (SAW); uye vakavenga kushanda pamwe nekurwa nehupfumi hwavo nehupenyu hwavo munzira yaAllah, uye vakati: “Regai kufamba (kuenda) kuchipisa.” Iti: “Moto weGehena unonyanya kupisa,” kana vachinzwisisa!

82. Nokudaro vasiye vaseke zvishoma uye vachachema zvakanyanya semubairo wezvavaiwana (mukutadza).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

83. Kana Allah vakakudzorera shure kune vamwe vavo (vanyengedzi), uye vakakumbira mvumo yako kuti vaende (kunorwa), iti: “Hamuchafi makaenda neni kana kurwisa muvengi neni. Zvirokwazvo, makafadzwa nekugara pachiitiko chokutanga, naizvozvo garai neavo vanosara.”

84. Uye (iwe Muhammad (SAW)) usafa wakanamata (munamato wenyariro) kune umwechete wavo zvake kana afa, kana kumira paguva rake. Zvirokwazvo, havana kutenda kuna Allah nemutumwa wavo (SAW), uye vakafa vari vatadzi.

85. Uye usashamiswa nehupfumi hwavo nevana vavo. Zvirokwazvo, hurongwa hwaAllah ndehwe kuvaranga nezvinhu izvozvi panyika, uye kuti mweya yavo iyende (ife) ivo vasiri vatendi.

86. Uye kana Chitsauko (cheQur’aan) chikadzikiswa, chichivakurudzira kutenda kuna Allah nekushinga zvakasimba uye kurwa pamwechete nemutumwa wavo (SAW), vapfumi mukati mavo vanokukumbira mvumo yako (kuti iwe uvasiye pakunorwa), uye vanoti: “Tisiye (tisare), tichange tiine avo vanogara (mudzimba).”

87. Vanonzwa zvakanaka kuve neavo (vakadzi) vanosara (mudzimba). Moyo yavo yakavharwa (kubva mune zvakanaka), naizvozvo havanzwisisi.

88. Asi mutumwa (Muhammad (SAW)) uye neavo vanotenda pamwechete naye (muchitendero cheIslaam) vakashinga zvakasimba uye vakarwa nehupfumi hwavo nehupenyu hwavo (munzira yaAllah). Vanhu vakadaro ndivo vachawana zvakanaka, uye ndivo vanhu vachange vakabudirira.

89. Kwavari (vanhu ava) Allah vakavagadzirira mapindu (Paradhiso) ane nzizi dzinoerera pasi pawo, kuti vagare imomo zvachose. Uku ndiko kubudirira kwepamusoro.

90. Uye avo vanogara kumaruwa vakauya vachipa zvikonzero (kwauri, Muhammad (SAW)) vachikumbira mvumo yako kuti uvasiye (kuhondo), uye avo vakanga vanyepa kuna Allah nemutumwa wavo (SAW) vakagara pamba (zvisina mvumo); murango unorwadza uchavaparadza avo pakati pavo vasingatendi.

91. Hapana mhosva kune avo vasina simba uye vanorwara kana vasingakwanisi kuwana zvekushandisa (muhondo), kana vakavimbika uye muchokwadi kuna Allah nemutumwa wavo. Hapana kuchema-chema maererano neavo vanoita zvakanaka. Allah vanoregerera zvikuru, uye vane tsitsi zhinji.

92. Kana kuti (hapana mhosva) kune avo vakauya kwauri kuti uvape zvekufambisa, apo iwe pawakati: “Handikwanisi kukuwanirai zvekufambisa zvenyu.” Vakadzokera apo maziso avo achierera misodzi nekuda kweshungu kuti havasi kukwanisa kuwana kana chii zvacho chokuti vashandise (muhondo/Jihaad).

93. Zvirokwazvo, mhosva ingori kune avo vapfumi, asi vanokumbira kusiiwa. Vanonzwa zvakanaka kuve ne (vakadzi) vanosara mushure (mudzimba), uye Allah vakavhara moyo yavo (kubva kune zvose zvakanaka nekutungamirwa kwakanaka) kuitira kuti vasazive (zvavari kurasikirwa nazvo).

94. (Vanyengedzi) vachave vanokukumbirai ruregerero (imi maMuslim) apo pamunenge madzokera kwavari. (Iwe Muhammad (SAW)) vataurire (kuti): “Musakumbire (henyu) ruregerero (isu



الجديد و الحصري NEW & EXCLUSIVE

maMuslim), hatimbozofi takatenda mamuri. Zvirokwazvo, Allah vakatotiudza kare maererano nenyaya dzenyu. Allah nemutumwa wavo (SAW) vachave vanotarisa mabasa enyu. Pedzezvo muchave munodzoserwa kune muzivi wezvose zvisingaoneki nezvinooneka, uye (Allah) vachave vanokuzivisai izvo zvamaiita."

95. Vachapika naAllah kwamuri imi (maMuslim) kana muchinge madzokera kwavari, nechinangwa chekuti muvaregerere. Naizvozvo ivai munovafuratira. Muzvirokwazvo, (vanhu) vakasviba (nekuda kwemabasa avo asina kururama), uye Gehena (Moto) ndiyo nzvimbo yavo yavachagara, uri mubairo wezvavaiwana.

96. (Vanyengedzi) Vanopika kwamuri (maMuslim) nechinangwa chekuti muve munofadzwa navo, naizvozvo kana mafadzwa navo, muzvirokwazvo Allah havafadzwi nevanhu vanoita mabasa akaipa.

97. MaA'raab (maArabhu aigara kumamisha, vachirarama nekuchengeta zvipfuyo munyika yeSaudi Arabia) ndivo vakanyanya kusatenda (muna Allah) nehunyengedzi, uye varipedo nekusaziva miganhu (mitemo yaAllah yose) iyo Allah vakave vanotumira mutumwa wavo (Muhammad (SAW). Uye Allah muzivi wezvose, vane hungwaru hwose.

98. Uye pakati pemaA'raab (maArabhu ekumamisha) pane vamwe vanoona zvavanoburitsa vachipa (munzira yaAllah) semuripo uye vanotomirira (kuona) nhamo (ichikuvinga). Nhamo ngaive kwavari. Uye Allah ndivo munzwi wezvose, muzivi wezvose.

99. Uye pakati pemaA'raab (vagari vekumaruwa) pane vamwe vanotenda muna Allah uye muzuva rokutongwa, uye vanotarisa izvo zvavanoshandisa munzira yaAllah senzira yokuve pedyo-pedyo naAllah, uye senzira yokuwana minamato yamutumwa. Zvirokwazvo, izvi (zvavanopa munzira yaAllah) inzira yokuve pedyo-pedyo kwavari. Allah vachavapinza mutsitsi dzavo. Zvirokwazvo, Allah ndivo vane ruregerero rwose, vane tsitsi dzakanyanya.

100. Uye vakatanga kupinda muchitendero cheIslaam kubva mumaMuhajiroon (avo vakatama kubva kuMakkah vachienda kuMadinah) uye nemaAnsaar (vagari vemuMadinah avo vakabetsera maMuhajiroon) uye avo vakavatevera muzvokwadi (mukutenda), Allah vakava vanofadzwa navo sekufadzwa kwavanoita navo. Vakavagadzirira mapindu ane pasi panoerera nzizi (Paradhiso), kuti vagare imomo zvachose. Iyi ndiyo budiriro hombe.

101. Uye pakati pemaA'raab (vagari vekumaruwa) vakakukomberedzai, vamwe vanyengedzi, uye ndizvo zvakaita vamwe vevanhu vemuMadinah vanoshingirira muhunyengedzi. Iwe (Muhammad (SAW)) hauvazivi, isu tinovaziva. Tichavaranga kaviri, uye mushure mezvo vachadzoswa kumarwadzo makuru.

102. Uye kune vamwe vanobvuma zvitadzo zvavo, vanosanganisa basa raive rakanaka nerimwe raive rakaipa. Nedzimwe nguva Allah vachavaregerera. Zvirokwazvo, Allah ndivo vane ruregerero rwose, vane tsitsi dzakanyanya.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

103. Torai Swadaqah (Zvipo) kubva muhupfumi hwavo kuti uvachenese uye kuti uvaite vatsvene nawo, uye vaitire munamato kuna Allah. Zvirokwazvo, munamato wako inzira yokuchengetedzwa kwavo; uye Allah ndivo munzwi wezvose, muzivi wezvose.

104. Havazivi kuti Allah vanotambira rushanduko kubva kuvaranda vavo uye kutora Swadaqah (Zvipo), uye kuti Allah vega ndivo vanoregerera uye vanotambira rushanduko, vane tsitsi dzose?

105. Uye iti (Muhammad (SAW)): "Itai mabasa! Allah vanoona mabasa enyu uye mutumwa wavo (SAW) uye nevatendi. Uye muchazodzoserwa kuna muzivi wezvose zvakavanzika nezviri pachena. Nokudaro muchava munoudzwa zvamaigara muchiita."

106. Uye vamwe vakaitwa kuti vamirire marongero aAllah, pamwe vachavaranga kana kuvaregerera. Uye Allah ndivo vane ruzivo rwese, vane huchenjeri hwose.

107. Uye avo vakavaka Masjid (imba yokunamatira) nenzira yakaipa uye kusatenda uye kupatsanura vatendi uye senzvimbo yeavo vairwisa Allah nemutumwa wavo (Muhammad (SAW)) kubva munguva yadarika, zvirokwazvo vachava vanopika kuti zvinangwa zvavo ndezvokuita mabasa akanaka. Allah vanopa huchapupu kuti zvirokwazvo vanonyepa.

108. Usava unomira (uchinamata) imomo zvachose. Zvirokwazvo, Masjid (nzvimbo yekunamatira) iyo mudhuri wayo wakavakwa kubva musi wekutanga pahutsvene zvakanyanya kukosha kuti umire imomo (uchinamata). Mukati mayo mune varume vanoda kuzvichenesa pachezvavo. Uye Allah vanoda avo vanozvichenesa (avo vanochenura nhengo dzavo dzakavanzika nevhu nemvura kubva kuweti netsvina hombe).

109. Ndizvo here kuti uyo anosimudza mudhuri wemba yake pahutsvene kuna Allah uye nemufaro wavo ari nani here, kana kuti uyo anosimudza mudhuri wemba yake pamatetu ari padyo nekuputsikira pasi, kuti ive inoputsika-putsika naye mumoto weGehena? Uye Allah havatungamiriri maZaalimoon (vanhu vanoita mabasa akaipa).

110. Mudhuri wavakavaka haumbofi wakamira kuve nzira younyengedzi uye kusagutsikana mumoyo yavo kunze kwekuti moyo yavo ikadamburwa-damburwa (kusvikira vafa). Uye Allah ndivo muzivi wezvose, vane huchenjeri hwese.

111. Zvirokwazvo, Allah vakatenga kubva kuvatendi hupenyu hwavo uye midziyo yavo kuti chavo chichave Paradhiso. Vanorwa munzira yaAllah, nokudaro vanouraya (vamwe) uye vanourawa. Chivimbiso chechokwadi chakakomekedzwa kwavari (Allah) muTorah uye muInjeel (Vhangeri) uye muQur'aan. Uye ndiani ari pachokwadi pawirirano yake kudarika Allah? Nokudaro farai mukutengesa kwenyu kwamakapedza. Iyi ndiyo budiriro hombe.

112. Avo vanokumbira ruregerero kuna Allah (kubva muhunyengedzi nekunamata vanamwari vakawanda), vanovanamata (Allah), vachivarumbidza, vachitsanya (kana kuti vanobuda) munzira yaAllah, vanokotamisa huso hwavo (vachinamata), vanopfugama, vanokurudzira (vanhu) mabasa akanaka uye vachirambidza akaipa, uye vachichengetedza mitemo yaAllah. Uye ipa shuviro yakanaka kuvatendi.

113. Hazvina kunaka kuna mutumwa uye neavo vanotenda kuti vakumbire Allah ruregerero rwemaMushrikoon (avo vasingatendi muna Mwari mumwechete) kunyange dziri hama dzavo, mushure mokunge zvave pachena kwavari kuti vagari vekumoto (nekuti vakafa vasiri vatendi).

114. Uye Abrahamu kuda kukumbirira baba vake ruregerero rwaAllah kwakange kuri nokuda kwevimbiso yaAbrahamu yaakange aita kwavari (baba vake). Asi pazvakave pachena kwaari (Abrahamu) kuti (baba vake) vakanga vari muvengi waAllah, akabva azvibvisa kwavari. Zvirokwazvo, Abrahamu aiva Awwaah (uyo anokumbira Allah achizvininipisa, achivarumbidza nekuvarangarira zvikuru) uye akanga ane moyo murefu.

115. Uye Allah havatungamiriri vanhu kugwara rakaipa mushure mokuvapa gwara kudzamara vabuditsa pachena kwavari izvo zvavanofanira kudzivirira. Zvirokwazvo, Allah ndivo muzivi wezvose.

116. Zvirokwazvo Allah! Kwavari ndiko kune humambo wekumatenga uye nepanyika. Ndivo vanopa hupenyu uye ndivo vanokonzera rufu. Uye kusara kwaAllah hamuna umwe Wali (mudziviriri kana muchengeti) kana mubatsiri.

117. Zvirokwazvo, Allah vakaregerera Muporofita (SAW), maMuhaajiroon (maMuslim vakatama vachibva kuMakkah vachienda kuMadinah), uye maAnsaar (maMuslim emuMadinah), vakamutevera (Muhammad (SAW)) munguva dzakaoma (kuhondo yeTabook) mushure mokunge moyo yevamwe vavo yakange iri pedyo nokurasika (kubva pagwara rakanaka), asi vakabvuma shanduko yavo. Zvirokwazvo, Allah vane ngoni zhinji, netsitsi dzakanyanya.

118. Uyezve (vakaregerera) vatatu vasina kubatana nevamwe (pahondo yeku Tabook) kusvika nyika nemakuriro ayo yakava diki uye vakava vanobatikana pachavo, uye vakava nechokwadi kuti hakuna kutiza kuna Allah, uye kwekuhwanda asi kwavari (Allah). Nokudaro vakavaregerera kuti vave vanokumbira (rushanduko kwavari). Zvirokwazvo, Allah ndivo vega vanoregerera, uye kugamuchira rushanduko, vane tsitsi dzakanyanya.

119. Imi vanotenda! Ityai Allah, uye ivai neavo vari pachokwadi (mumashoko nemabasa).

120. Zvakanga zvisina kunaka kuti vanhu vemuMadinah uye maA'raab (vagari vekumaruwa) vemunharaunda kuti vasare kumashure kwamutumwa waAllah (Muhammad (SAW) pakurwa munzira yaAllah), uye kushuvira hupenyu hwavo kuhupenyu hwake. Nokuti havana kushupika nenyota kana kuneta kana nzara munzira yaAllah, kana kutora chinhanho chokusumudza hasha dzevasingatendi, kana kuisa marwadzo kuvavengi asi zvaitonyorwa kwavari sebasa rakanaka. Zvirokwazvo, Allah havatambisi mibairo yevatsvene.

121. Uye hapana chavanopa chingava chii zvacho (munzira yaAllah), chidiki kana chihombe, kana kuyambuka mupata, asi zvinonyorwa pamabasa avo, kuti Allah vanovaripa nemabasa avo akanaka avaigaro ita.

122. Uye hazviiti kuvatendi kuti vabude vaende kunorwa vose pamwechete (Jihaad). Asi chikwata chega-chega chavo, chidimbu ndicho chinofanira kuenda, kuitira kuti (avo vanosara mumashure)

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

vagowana mirairo yechitendero (cheIslaam), uye kuti vozopa chenjedzo kuvanhu vavo kana vadzoka kwavari, kuitira kuti vangwarire (zvakaipa).

123. Imi vanotenda! Rwisai avo vasingatendi vari pedyo nemi, uye itai kuti vawane hasha mamuri, uye zivai kuti Allah vane avo vari vatsvene.

124. Uye pose panodzikiswa Chitsauko cheQur'aan (Surah), vamwe vavo (vanyengedzi) vanoti: "Ndiani wenyu awedzerwa kutenda nacho?" Asi kune avo vanotenda, chinovawedzera kutenda kwavo, uye vofara.

125. Asi kune avo vane chirwere mumoyo yavo (chokusagutsikana, kusatenda nohunyengedzi), chinowedzera fungidziro uye kusagutsikana nefungidziro dzavo, kusatenda uye kusagutsikana; uye vanofa vari mukusatenda.

126. Havazvioni kuti vanopinzwa mumiedzo kamwechete kana kaviri gore roga-roga (yemhando dzakasiyana dzematambudziko, zvirwere, nzara)? Asi havatendeuki kurushanduko, kana kudzidza chidzidzo (kubva mazviri).

127. Uye pose panodzikiswa Chitsauko (cheQur'aan) vanotarisana (vachiti): "Kune ari kukuonai here?" Vanobva vatendeuka. Allah vakatendeudza moyo yavo (kubva kuchiedza) nokuti vanhu vasinganzwisisi.

128. Zvirokwazvo, mutumwa (Muhammad (SAW)) auya kwamuri kubva pakati penyu (wamunoziva zvakanaka). Zvinomurwadza kuwana kwenyu marwadzo kana matambudziko. Iye (Muhammad (SAW)) ane shungu nemi (kuti mutungamirirwe kugwara rakanaka kuti munopinda Paradhiso); kuvatendi ane (SAW) tsitsi, ngoni, uye moyo munyoro.

129. Asi kana vakatendeuka (vakafuratira), iti (Muhammad (SAW)): "Allah vakandikwanira. Laa Ilaaha Illaa Huwa (Hakuna anekodzero dzokunamatwa asi ivo). Mavari ndinoisa vimbo yangu, uye ndivo Tenzi veChigaro cheHumambo Chikuru."

# CHITSAUKO YUNUS

# (MUPOROFITA JONAH) 10

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Alif – Laam – Raa**. (Aya mavara ndemamwe ezvishamiso zviri muQur'aan, uye hakuna anoziva zvaanoreva kunze kwaAllah (voga)). Idzi ndidzo ndima dzemuBhuku (Qur'aan) rehungwaru.

2. Zvishamiso here kuvanhu kuti takava tinotumira mashoko edu kumurume anobva pakati pavo (Muhammad (SAW) tichiti): "Yambira vanhu (nekuuya kwemarwadzo emoto (Gehena)), uye ipa mashoko akanaka kune vanotenda (muIslaam) kuti vachawana mubairo hwemabasa avo akanaka kuna Tenzi vavo?" (Asi) vasingatendi vanoti: "Zvirokwazvo, uyu muiiti wemapipi ari pachena."

3. Zvirokwazvo, Tenzi venyu ndivo vakasika matenga nenyika mumazuva matanhatu uye vakabva vakwira pamusoro pechigaro chehumambo (nenzira inoenderana nehukuru wavo), vachifambisa hurongwa hwezvinhu zvose. Hakuna humiriri kunze nekuda kwavo. Ava ndivo Allah, Tenzi venyu, nokudaro vanamatei (ivo voga). Nokudaro hamurangariri here?

4. Kwavari ivo ndiko kwamuchadzokera mese. Vimbiso yaAllah ndeye chokwadi. Zvirokwazvo, ndivo (Allah) vakatanga kusika zvisikwa uye vachadzokororazve, kuti vave vanopa mugove zvakaringana avo vaitenda (muhumwe chete hwaAllah) uye kuita mabasa ehutsvene. Asi avo vasingatendi, vachamwa zvinwiwa zvemvura dzinopisa, uye vachawana marwadzo akaomarara nokuti vakanga vasingatendi.

5. Ndivo vakasika zuva sechinhu chinobwinya uye nemwedzi semwenje uye vakava vanoupimira madanho kuti muve munoziva kuverenga makore uye mipimo. Allah havana kusika izvi asi pachokwadi. Vanotsanangura humboo zvizere kuvanhu vane ruzivo.

6. Zvirokwazvo, mukuchinjana kwehusiku nemasikati, uye mune zvisikwa zvose zvaAllah zviri mumatenga uye pasi munyika, mune humboo kune avo vanhu vanochengetedza basa ravo kuna Allah, uye vanovatya zvakanyanya.

7. Zvirokwazvo, avo vanoshuvira kusasangana nesu, asi vanofadzwa uye kugutsigakana nehupenyu hwenyika ino, uye neavo vasina hanya nendima dzedu (humboo hwedu),

8. Ava mhedzisiro yavo ichava moto nekuda kwezvavaibata (zvavaiwana).

9. Zvirokwazvo, avo vanotenda uye voita mabasa ehutsvene, Tenzi vavo vachavapa gwara kuburikidza nekutenda kwavo; pasi pavo pachange pane nzizi dzinoerera mumapindu anoevedza (Paradhiso).

10. Nzira yavo yokukumbira imomo, ichava Sub-haanaka Allaahumma (Kurumbidzwa kwamuri, Imi Allah!) uye Salaam (Runyararo, chengetedzo kubva kune zvakaipa) kuchava kumhorosana kwavo imomo (muParadhiso)! Uye mhedzisiro yekukumbira kwavo kuchava Al-hamdu lillaahi Rabbil-Aalameen (Rumbidzo nekutendwa ngazvive kuna Allah, Tenzi weAl-Aalameen (vanhu, maJinn nezvose zviripo).

11. Uye dai Allah vaimhanyidza zvakaipa zvevanhu (zvavanozvikumbirira pachavo uye vana vavo vakatsamwa) sokumhanyidza kwavanoita zvakanaka kwavari (zvavanokumbira), nokudaro dai vakaparadzwa kare. Nokudaro tinosiya avo vasingashuvira kusangana nesu mukupfuura mirairo kwavo, vachidzungaira semapofu vasingazivi zvavarikuita.

12. Uye kana chakaipa chabata munhu, anokumbira isu, akarara nedivi, kana kugara kana kumira. Asi kana tabvisa zvakaipa zvake kubva kwaari, anoenderera mberi sokunonzi haana kumbovhira atikumbira nemarwadzo aiva amubata! Zvakaitwa kuti zvienzane kuma Musrifoon (vasingatendi uye vapfuurkidzi vemirairo yaAllah) zvavaigara vachiita.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

13. Uye zvirokwazvo, takaparadza marudzi akapfuura imi musati mavepo pavakaita zvakaipa, mushure mokunge vatume vauya kwavari nemicherechedzo iri pachena, asi havana kutenda! Sokudaro tinoparadza Al-Mujrimoon (vatadzi, mhondi).

14. Nokudaro taita imi vatori vechinzvimbo mushure mavo, marudzi mushure memamwe marudzi munyika, kuti tione kuti munoshanda sei.

15. Uye pose panoverengwa kwavari humboo hwedu huri pachena, avo vasingashuviri kusangana nesu vanoti: "Hunza Qur'aan risiri iri kana kuti richinje." Iti (Muhammad (SAW)): "Hazvisi kwandiri kuri chinja pamadiro angu, ndinongotevedzera chete izvo zvinounzwa kwandiri. Zvirokwazvo, ndinotya marwadzo ezuva hombe (zuva rokumutswa) kana ndikasateerera Tenzi vangu."

16. Iti (Muhammad (SAW)): "Dai iri shuviro yaAllah, ndaisariverenga kwamuri, kana kuti vaisariita kuti rizivikanwe kwamuri. Zvirokwazvo, ndagara pakati penyu kwekanguva mushure meizvi. Hamuna here njere?"

17. Saka ndiani anoita zvakaipa kudarika uyo anogadzira manyepo kuna Allah kana kuramba humboo hwavo? Zvirokwazvo, maMujrimoon (vatadzi, mhondi, nevamwe vanoita zvakaipa) havafi vakabudirira.

18. Uye vanonamata vachisiya Allah zvinhu zvisingavape marwadzo kana kuvabatsira, uye vanoti: "Ava ndivo vamiriri vedu kuna Allah." Iti: "Murikuudza Allah izvo zvavasingazivi here mumatenga nemunyika?" Rumbidzo nehukuru ndezvavo vari pamusoro pezvose zvavanovasanganisa nazvo!

19. Vanhu vakange vari boka rimwe (vari pachitendero chimwe chete, Islaam) uye vakazosiyana (mushure); uye dai rakanga risiri shoko rakauya kwavari mushure kubva kuna Tenzi vako, dai zvakagadziriswa pakati pavo maererano nezvavaisiyana.

20. Uye vanoti: "Sei humboo husina kutumirwa kwaari kubva kuna Tenzi vake?" Iti: "Izvo zvisingaoneke ndezva Allah voga, nokudaro mirirai, zvirokwazvo ndinemi pamwechete pakati peavo vakamirira (zuva rekutongwa)."

21. Uye kana tikaravidza vanhu tsitsi mushure mokunge matambudziko avawira, ngwarirai! vanova vanoronga kupikisa humboo hwedu! Iti: "Allah vanokasika mukuronga!" Zvirokwazvo, vatumwa vedu (ngirozi) vanonyora zvose zvamunoronga.

22. Ndivo vanoita kuti mukwanise kufamba pasi nemumvura (nyanza), kusvika pamunenge muri mungarava, uye dzofamba navo nemhepo dzakanaka, uye vanofara imomo, uye kobva kwauya kuvhuvhuta kwakanyanya uye masai-sai ovavinga kubva kumativi ose, uye vofunga kuti vaunganirwa imomo. Nokudaro vanodana Allah vachiita kuti kutenda kwavo kuchenere Allah voga (vachiti): "Kana Allah mukatibuditsa muizvi, zvirokwazvo, tichava pakati pevanotenda."

23. Asi pavanovanunura, tarisai, vanopanduka munyika vachitadza. Imi vanhu! Kupanduka kwenyu kwakaipira imi pachenyu – kufadzwa kushoma kwehupenyu hwepano pasi, nokudaro (mhedzisiro yacho) kwatiri ndokwamuchadzokera, uye tichava tinokuzivisai izvo maigara muchiita.

24. Zvirokwazvo, kufanana kwehupenyu hwepano panyika kwakafanana nemvura (yokunaya) iyo yatinotumira pasi kubva kudenga, nokudaro nayo munosimuka (inoburitsa) zvirimwa (nemichero) zvakasangana zvepasi izvo vanhu nemhuka dzinodya, kusvika nyika yatora shongedzo yayo uye yobva yanaka, uye vanhu vayo vobva vafunga kuti vane masimba pamusoro payo, murairo wedu oisvikira husiku kana masikati, uye toiita segoho rakohwewa, sokunge yakange isina kunaka nezuro! Kudaro tinotsanangudzira zvizere zviratidzo (humboo) avo vanhu vanofunga.

25. Allah vanodanira kuimba yerunyararo (Paradhiso), uye vanotungamirira wavanoda mugwara rakatwasuka.

26. Kune avo vakaita zvakanaka (kune mubairo weParadhiso) kana wakapfuura ipapo (Kuona Allah pachavo). Uye hapana kunyange rima kana guruva kana chinhu chinonyadzisa, chichavhara zviso zvavo. Vachange vari vagari vekuParadhiso, uye vachagara imomo zvachose.

27. Uye kune avo vakaita mabasa akaipa, muripo wezvakaipa wakafanana naizvo, uye nyadzi dzichavavhara (zviso zvavo). Hapana mudziviriri wavachawana kubva kuna Allah. Zviso zvavo zvichavharwa sekunge zvidimbu kubva murima rehusiku. Vachange vari vagari vemumoto, uye vachagara imomo zvachose.

28. Uye zuva ratichavaunganidza vose, nokudaro tichati kune avo vanosanganisa zvimwe zvinhu nesu mukunamata: "Mirai panzvimbo yenyu, imi nevabetseri venyu (vamainamata panyika)!" Nokudaro tichavapatsanura, uye vabatsiri vavo vachati: "Hatisi isu vamaiwanzo kunamata."

29. "Nokudaro Allah vanokwana semufakazi pakati pedu nemi, kuti zvirokwazvo hapana chataiziva mukutinamata kwenyu kwamaiita."

30. Ipapo munhu wese achaziva zvaakawana kumashure uye vachadzorerwa kuna Allah, Tenzi vavo vechokwadi, uye zvavaiwedzera zvenhema mukunamata zvichatsakatika kubva kwavari.

31. Iti (iwe Muhammad (SAW)): "Ndiani anokupai kubva kudenga uye nepasi? Kana kuti ndiani muridzi wekunzwa nekuona? Uye ndiani anoburitsa vapenyu kuvafi uye kubuditsa vafi kubva kuvapenyu? Kana anoronga nekufambisa nyaya dzese?" Vachati: "Allah." Iti: "Saka hamutyi here mutongo waAllah (nekuvasanganisa nezvimwe zvinhu mukuvanamata)?"

32. Ava ndiAllah, Tenzi venyu muchokwadi. Nokudaro mushure mechokwadi, chii chimwe chingavepo, kunze kwekurasika? Saka sei muchifuratidzwa (muchirasiswa)?

33. Nokudaro iri izwi raTenzi vako rakaenera richipokana nevapanduki (vasingateereri Allah) kuti havasi kuzotenda (muhumwe chete hwaAllah uye kuti Muhammad (SAW) mutumwa hwaAllah).

34. Iti: "Aripo here mumwechete pakati pevabatsiri venyu (vamunosanganisa naAllah) anotanga kusika zvisikwa obva azvidzokorora?" Iti: "Allah vanotanga kusika zvisikwa vobva vazvidzokorora. Saka muri kubuditswa sei (muchokwadi)?"

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

35. Iti: "Aripo here mumwechete pakati pevabatsiri venyu (vamunosanganisa naAllah) anokutungamirirai kuchokwadi?" Iti: "Allah ndivo vega vanotungamirira kuchokwadi. Saka uyo anotungamirira kuchokwadi haana kodzero yakanyanya kuti ave anotevedzerwa, kana uyo asina kuwana gwara (pachake) kunze kwekuti atungamirirwa? Saka chii chiri kunetsa kwamuri? Munotonga sei?"

36. Uye vazhinji vavo havana chavanotevera kunze kwepfungidziro. Zvirokwazvo, pfungidziro haibatsiri chinhu pamberi pechokwadi. Zvechokwadi, Allah vanoziva zvose zvamunoita.

37. Uye iri Qur'aan harisi rokuti ringagadzirwa nani kunze kwaAllah (Tenzi vematenga nepasi), asi rinozadzisa izvo zvakauya mushure maro (Torah, neInjeel (Vhangeri)), uye tsanangudzo yakazara yeBhuku (mitemo yakatarirwa vanhu), iro mariri hamuna kusagutsikana, kubva kuna Tenzi veAalameen (vanhu, maJinn nezvese zviripo).

38. Kana kuti vanoti: "Iye (Muhammad (SAW)) akarigadzira?" Iti: "Hunzai chitsauko (Surah) chakafanana naichocho, uye modaidza wese wamunokwanisa kunze kwaAllah kana muri pachokwadi!"

39. Asi (kutoti) vakaramba (izvo) zvakanga zvisina kukomberedzwa neruzivo rwavo (zvavakanga vasingazive) uye tsanangudzo dzacho dzisati dzauya kwavari. Naizvozvo, avo vakanga varipo ivo vasati vavepo vakarambawo. Pedzezvo chitarisai magumo eavo vaiita mabasa akaipa!

40. Uye mavari mune vamwe vanotenda mariri; uye mavari mune vamwe vasingatendi mariri, uye Tenzi vako ndivo muzivi mukuru wevatadzi.

41. Asi kana vakuramba, iti: "Kwandiri mabasa angu uye kwamuri mabasa enyu! Hamuna mhosva kune zvandinoita, uye handina mhosva kune zvamunoita!"

42. Uye mavari mune vamwe vanokuteerera, asi ungaite kuti vanamatsi vanzwe here kunyange vasinganzwisise?

43. Uye mavari mune vamwe vanokutarisa, asi ungatungamira here mapofu kunyange vasingaoni?

44. Zvechokwadi, Allah havatadziri vanhu chipi zvacho, asi vanhu vanozvitadzira pachavo.

45. Uye pazuva iro ravachavaunganidza vose pamwechete, (zvichaita sokunge) havana kumbogara (hupenyu hwepano pasi nemuguva) asi kanguva kadiki kezuva (awa). Vachazivana. Nyonganidzo zvirokwazvo ichava kune avo vairamba kusangana naAllah uye vange vasina kutungamirirwa.

46. Kunyange tikakuratidza (iwe Muhammad (SAW)) zvimwe zvezvinhu zvatakavavimbisa (marwadzo), kana tikakuita kuti ufe, kunyange zvakadaro kwatiri ndokwavanodzoka. Uye Allah mufakazi wezvavanoita.

47. Uye kurudzi roga-roga kune mutumwa; apo pachauya mutumwa wavo, nyaya dzichatongwa pakati pavo zvakafanira, uye havambotadzirwi.



الجديد و الحصري NEW & EXCLUSIVE

48. Uye vanoti: “Ndirinhiko pachava nevimbiso iyi (marwadzo kana zuva rokumutswa) kana muchitaura chokwadi?”

49. Iti (iwe Muhammad (SAW)): “Handina simba rekuzvikuvadza pachangu kana kuzvibetsera kunze kwekuti Allah vatoda. Rudzi rwega-rwega rwune nguva yakatarwa; kana nguva yavo yasvika, havakwanisi kuinonotsa kana kuiwedzera kunyange nekanguva kadiki.”

50. Iti: “Ndiudzei, kana mutongo wavo ukauya kwamuri manheru kana masikati, ndechipi chidimbu chawo vatadzi vachakumbira kuti chikurumidze?”

51. “Ndizvo here kuti kana yakuwirai munobva matenda mairi? Chii! (Chamunotenda) iye zvino? Uye maiwanzo kukumbira (mushure) kuti ikurumidze!”

52. Nokudaro zvichanzi kwavari avo vakazvitadzira pachavo: “Ravirai imi mutongo usina magumo! Hamusi kuwana mubairo kusara kwezvamaiwana.”

53. Uye vanokubvunza (iwe Muhammad (SAW)) kuti uvazivise (vachiti): “Ichokwadi here (marwadzo ezuva rekumutswa)?” Iti: “Hongu! Ndinopika naTenzi vangu! Ichokwadi chemazvokwadi! Uye hamugoni kuwatiza!”

54. Uye kana munhu wega-wega akatadza (nekusatenda muna Allah uye kunamata vamwe vanamwari) aine zvose zvepanyika uye ozoda kuzvishandisa kutenga chidzikinuro chake (hachisi kuzogamuchirwa), uye vachave mumoyo yavo nekugunun’una pavachaona mutongo, uye vachatongwa zvine ruenzaniso, uye hapana chakaipa chichaitwa kwavari.

55. Tarisai! Zvirokwazvo, zvese zviri kumatenga nemunyika ndezvaAllah. Tarisai! Zvirokwazvo, vimbiso yaAllah ndeye chokwadi. Asi vazhinji vavo hapana chavanoziva.

56. Ndivo vanopa hupenyu nekukonzera rufu, uye kwavari ndiko kwamuchadzoserwa.

57. Imi vanhu! Zvirokwazvo, zano rakanaka rauya kwamuri kubva kuna Tenzi venyu (Qur’aan), uye chiponeso pane izvo zviri mumoyo yenyu (kushaiwa ruzivo, hunyengedzi, kugunun’una nekupesana), gwara uye tsitsi kuvatendi (richitsanangudza zvinobvumidzwa uye zvinorambidzwa).

58. Iti: “Mumakomborero aAllah, uye mutsitsi dzavo (Islaam neQur’aan), mazviri ngavafare.” Ndizvo zviri nani pane (hupfumi) hwavanounganidza.

59. Iti (iwe Muhammad (SAW)): “Ndiudzei, ndeipi raramo yamatumirwa naAllah! Uye mukaiita kuti ive inobvumidzwa kana kurambidzwa.” Iti (iwe Muhammad (SAW)): “Asi Allah vakubvumidzai imi (kuita izvozvo), kana kuti muri kupomera Allah manyepo?”

60. Uye vanofungei avo vanovambira Allah manyepo nezuva rokumutswa? (Vanofunga kuti vacharegererwa! Kwete! Vachawana marwadzo asingaperi kumoto). Zvirokwazvo, Allah vane makomborero akawanda kuvanhu, asi vazhinji vavo havatendi.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

61. Kunyange iwe (Muhammad (SAW)) ukaita basa kana kuverenga chero ndima yemuQur'aan, kana imi (vanhu) mukaita chero basa (rakanaka kana rakaipa), asi isu tiri vafakazi mazviri pamunozviita. Uye hapana chakavanzika kubva kuna Tenzi vako (kunyange) huremu hwekanhu kadiki-diki panyika kana kudenga. Kunyange kari kadiki pane ikako kana kahombe kupfuura ikako, asi kari (kakanyorwa) mugwaro riri pachena.

62. Pasina kupokana! Zvirokwazvo, shamwari dzaAllah dzichave dzisina kutya kana kushushikana.

63. Avo vaitenda (muIslaam), uye vaigara vachitya Allah zvakanyanya (vachiita mabasa akanaka vachisiya akaipa).

64. Kwavari kune mashoko akanaka, muhupenyu hwepano pasi (munhu pachake kurota zvakanaka kana vamwe vanhu kuratidzwa), uye muhupenyu hwamangwana. Hapana kuchinja pamashoko aAllah. Zvirokwazvo, uku ndiko kubudirira kukuru.

65. Uye usarege mashoko avo achikushungurudza (iwe Muhammad (SAW)), nekuti zvirokwazvo simba neruremekedzo ndezvaAllah. Ndivo munzwi wezvose, muzivi wezvose.

66. Pasina kusagutsikana! Zvirokwazvo, Allah ndivo muridzi wevose vari mumatenga uye nevose vari pasi. Uye avo vanonamata nekukumbira zvimwe zvinhu vachisiya Allah, pachokwadi hapana chavanotevera kusara kwefungidziro, asi vanovamba manyepo chete.

67. Ndivo vakakugadzirirai usiku kuti muve munozorora mauri, uye masikati kuti zvinhu zvive pachena (kamuri). Zvirokwazvo, mazviri mune zviratidzo kune vanhu vanoteerera.

68. Vanoti (maJudha nemaKristu): "Allah vakazvara mwana (vana)." Kurumbidzwa ngakuve kwavari! Ndivo mupfumi (hapana chavanoda). Zvavo ndozviri kudenga nezvose zviri pasi. Hamuna bvumo yeizvi. Munotaura here pamusoro paAllah izvo zvamusina ruzivo nazvo?

69. Iti: "Zvirokwazvo, avo vanovamba manyepo pamusoro paAllah havambofi vakabudirira."

70. Mafaro epano pasi (madiki)! Uye kwatiri ndiko kwavachadzoka, uye tichaita kuti vave vanoravira marwadzo akanyanya nemhaka yokuti vakange vasingatendi (muna Allah, vatumwa vavo, uye vairamba zviratidzo zvavo).

71. Uye verenga kwavari nhau dzaNowa (Nuh). Apo paakati kuvanhu vake: "Imi vanhu vangu! Kana kugara kwangu (nemi), uye yeuchidzo yangu (kwamuri) yezviratidzo zvaAllah yakakuomerai, nokudaro ndinoisa vimbo yangu muna Allah. Nokudaro pananai hurongwa hwenyu imimi nevabatsiri venyu, uye musaita kuti hurongwa hwenyu huve nekusagutsikana kwamuri. Nokudaro ndipei mutongo wenyu uye musave munondipa zororo."

72. "Asi kana mukafuratira (mukasagamuchira Islaam), nokudaro hapana mugove wandinokumbira kwamuri; mugove wangu unaAllah voga, uye ndakava ndinokomekedzwa kuti ndive mumwe wemaMuslim (avo vanozvipira kuteerera mirairo yaAllah)."



NEW & EXCLUSIVE

73. Nokudaro vakamuramba, asi takamubatsira uye neavo vaainge ainavo mungarava, uye tikavaita madzinza achitsiva mamwe mushure memamwe, apo patakanyudza avo vakaramba zviratidzo zvedu. Nokudaro tarisai mhedzisiro yeavo vakayambirwa.

74. Uye mumashure make takatumira vatumwa kuvanhu vavo. Vakavavigira zviratidzo zviri pachena, asi havana kutenda mune izvo zvavakange varamba mushure. Nokudaro tinovhara moyo yevaiti vezvakaipa (avo vasingatendi muhumwechete hwaAllah uye vasingavateereri).

75. Uye mumashure mavo takatumira Musa naAroni kuna Farawo nemadzimambo ake nezviratidzo zvedu. Asi vakazvitutumadza uye vakange vari vatadzi.

76. Saka pakauya chokwadi kwavari kubva kwatiri, vakati: "Zvirokwazvo, aya mapipi ari pachena."

77. Musa akati: "Mungataura here izvi pamusoro pechokwadi chauya kwamuri? Aya mapipi here? Asi vaiti vemapipi havambofi vakabudirira."

78. Vakati: "Wauya kwatiri kuzotisiisa izvo zvatakawana vana baba vedu vachitevera, uye kuti imi vaviri muve nechinzvimbo chepamusoro-soro munzvimbo? Hatifi takatenda mamuri vaviri!"

79. Uye Farawo akati: "Ndiunzirei nyanzvi yese yemapipi."

80. Uye apo pakauya nyanzvi dzemapipi, Musa akati kwavari: "Kandai pasi zvamunoda kukanda!"

81. Asi apo pavakanda pasi, Musa akati: "Izvi zvamauya nazvo mapipi. Zvirokwazvo, Allah vachaita kuti zvishaye simba. Zvirokwazvo, Allah havanatse mabasa evakaipa."

82. "Uye Allah vachadzika chokwadi nemashoko avo, kunyange zvazvo vasingatendi vachizvivenga."

83. Hapana akatenda muna Musa kunze kwevamwe vevana vevanhu vake, nokuda kwekuti vaitya Farawo nemadzimambo ake, pamwe aizovashungurudza; uye zvirokwazvo, Farawo aizvitutumadza panyika, uye zvirokwazvo aive mumwe wevatadzi.

84. Uye Musa akati: "Imi vanhu vangu! Kana muchitenda muna Allah, nokudaro isai vimbo yenyu mavari kana muri maMuslim (avo vanotambira zvido zvaAllah)."

85. Vakati: "Tinovimba naAllah, Tenzi vedu! Musava munotiisa mumiedzo yeavo vanoita mabasa akaipa (musavaita kuti vave vanotikurira)."

86. "Uye tinunurei netsitsi dzenyu kubva kune vanhu vasingatendi."

87. Uye takava tinoburutsa kuna Musa uye nemukoma wake (tichiti): "Ipai vanhu venyu pokugara muEgypt, uye moita dzimba dzenyu dzokugara senzvimbo dzenyu dzokunamatira, uye itai Swalaah (Munamato), uye mopa mashoko akanaka kuvatendi."

88. Uye Musa akati: "Tenzi vedu! Zvirokwazvo, makapa Farawo nemadzimambo ake zvinoyevedza nehupfumi muhupenyu hwepano pasi, imi Tenzi vedu, kuti vave vanobuditsa vanhu munzira

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

yenyu. Imi Tenzi vedu! Paradzai hupfumi hwavo, nekuomesa moyo yavo, kuti vasave vanotenda kusara kwekuti vaona marwadzo akaomarara."

89. Allah vakati: "Zvirokwazvo, munamato wenyu muri vaviri watambirwa. Nokudaro rambai muri mugwara rakatwasuka, uye musava munotevedzera gwara reavo vasingazivi (chokwadi, Islaam)."

90. Uye takava tinoita vana veIzrairi kuti vave vanodarika gungwa, uye Farawo nehondo yake akatevera ane kudzvinyirira neruvengo, kusvika apo paainyudzwa, akati: "Ndinotenda kuti hakuna umwe mwari kunze kweuyo anotendwa nevana veIzrairi, uye ndiri umwe wemaMuslim (avo vanozvipira kuna Allah)."

91. Izvozvi (wakutenda) iwe wakaramba kutenda mushure uye wakanga uri umwe wemaMufsidoon (vatadzi).

92. Nokudaro zuva ranhasi tichava tinobuditsa mutumbi wako (kubva mugungwa) kuti ugova chiratidzo cheavo (vachauya) mumashure mako! Uye zvirokwazvo, vanhu vazhinji havana hanya nezviratidzo zvedu.

93. Uye zvirokwazvo, takagadza vana vaIzirairi munzvimbo tsvene (Palestine neEgypt), uye tikavapa zvinhu zvakanaka, uye havana kupesana kusvika ruzivo rwauya kwavari. Zvirokwazvo, Tenzi vako (Allah) vachatonga pakati pavo musi wekumutswa, mune zvavaigara vachipesana.

94. Kana iwe (Muhammad (SAW)) usingagutsikani nezvatakaburutsa kwauri (kuti zita rako rakanyorwa muTorah) ne Injeel (Vhangeri)), nokudaro bvunza avo vairiverenga mushure mako. Zvirokwazvo, chokwadi chauya kwauri kubva kuna Tenzi vako. Nokudaro usava umwe weavo vasingagutsikani.

95. Uye usave umwe weavo vanoramba zviratidzo (ndima, humboo) hwaAllah, nokudaro ungazove umwe wevakarasikirwa.

96. Zvirokwazvo, avo shoko raTenzi wako rakavaenera (rakatarwa pamusoro pavo), havatendi.

97. Kunyange zviratidzo zvese zvikauya kwavari, kusvika vaona marwadzo akaomarara.

98. Kune here guta rakatenda (mushure mokuona marwadzo), uye kutenda kwaro (munguva iyoyo) kukaribatsira (kubva mumarwadzo)? (Mhinduro hapana), kunze kwevanhu vaJonah pavakatenda, takavabvisira marwadzo anonyadzisa muhupenyu wepanyika, uye tikavabvumidza kuti vafare kwenguva diki.

99. Uye dai Tenzi vako vaida, avo vari munyika dai vakatenda vose pamwechete. Saka (iwe Muhammad (SAW)) uchamanikidza here vanhu, kusvika vave vatendi?

100. Hazvisi kumunhu kutenda, kunze nekuda kwaAllah, uye vachaisa hasha dzavo kune avo vasina hanya.

101. Iti: "Tarisai zvese zviri mumatenga nemunyika," asi hapana zviratidzo kana vayambiri vanobetsera avo vasingatendi."

102. Nokudaro vakamirira here (chimwe chinhu) kunze (kwekuparadzwa) kwemazuva evarume vakapfuura mushure mavo? Iti: "Nokudaro mirirai, ndiripowo pane avo vakamirira."

103. Nokudaro (mushure) takanunura vatumwa vedu neavo vanotenda! Ndozvazvziri zvinomanikidzirwa kwatiri kununura vatendi.

104. Iti (Muhammad (SAW)): "Imi vanhu! Kana musingagutsikane nechitendero changu (Islaam), nokudaro (zivai kuti) handifi ndakanamata izvo zvamunonamata kunze kwaAllah. Asi ndinonamata Allah vanoita kuti mufe, uye ndakakomekedzwa kuti ndive umwe wevatendi."

105. "Uye (zvadzikiswa kwandiri): 'Tendeudza huso hwako (Muhammad (SAW)) kuchitendero cheHaneef (Islaam, kunamatwa kwaMwari mumwechete), uye zvirokwazvo usava umwe wemaMushrikoon (avo vanosanganisa Mwari nezvimwe zvinhu mukunamata).'

106. 'Uye usava unodana chimwe chinhu kunze kwaAllah icho chisingakubatsiri kana kukukuvadza, asi kana ukadaro, zvirokwazvo uchava umwe wemaDhaalimoon (vanosanganisa Allah nezvimwe zvinhu mukunamata uye vatadzi).'"

107. Uye kana Allah vakakubata nemarwadzo hakuna anokwanisa kuwabvisa kunze kwavo, uye kana vakakushuvira zvakanaka, hakuna anokwanisa kudzivirira chido chavo icho chavanenge vaita kuti chisvike kuna ani nani wevaranda vavo vavanenge vashuvira. Uye ndivo vane ruregerero rwose, nengoni dzose.

108. Iti: "Imi vanhu! Iyezvino chokwadi (Qur'aan namutumwa Muhammad (SAW)) chauya kwamuri kubva kuna Tenzi venyu. Nokudaro ani nani anogamuchira gwara, anodaro kuzvinatsurudza iye pachake; uye ani nani anorasika, anodaro mukurasikirwa kwake ega; uye handisi kwamuri muchengetedzi (anokumanikidzirai kutevera gwara)."

109. Uye (iwe Muhammad (SAW)), tevedza zvaburutswa kwauri, uye iva nemoyo murefu kusvika Allah vapa mutongo. Uye ndivo vanogonesesa pavatongi (mutongi mukuru).

# CHITSAUKO HUD

# (MUPOROFITA HUD) 11

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Alif – Laam – Raa**. (Aya mashoko ndiwo mamwe ezvishamiso zviri muQur'aan, uye hakuna anoziva zvaanoreva kunze kwaAllah (voga)). Iri iGwaro ndima dzaro dzakanatsurudzwa, uye dzikatsanangudzwa zvizere neavo vazere nehungwaru (Allah), vanoziva zvese.

2. (Vachiti): "Musave munonamata kunze kwaAllah voga. Zvirokwazvo, ndiri muyambiri kwamuri kubva kwavari uye mupi wemashoko akanaka."

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

3. Uye kuti: “Kumbirai ruregerero rwaTenzi venyu, uye motendeukira kwavari muchikumbira ruregerero, kuti vave vanokupai mufaro wakanaka wenguva yakatarwa, uye kupa muridzi wemakomborero (uyo anobatsira vanotambura pachake, uye nehupfume wake kana mashoko akanaka) makomborero ake. Asi mukava munofuratira, nokudaro zvirokwazvo ndinokutyirai marwadzo ezuva hombe (Zuva Rokutongwa).”

4. “Kuna Allah ndiko kwamuchadzokera, uye vanokwanisa kuita zvose.”

5. Pasina kusagutsikana! Vakavhara zvipfuva zvavo kuti vave vanohwanda kubva kwavari (Allah). Zvirokwazvo, kunyange vakazvivhara pachezvavo nenhumbi dzavo, (Allah) vanoziva zvavanoviga nezvavanobudisa pachena. Zvirokwazvo, ndivo vanoziva zvikuru zviri mumoyo.

6. Uye hapana chisikwa chinofamba pasi, asi zvokudya zvacho zvinobva kuna Allah. Uye vanoziva pazvinogara uye nzvimbo yakanaka yazvinogara (mudumbu kana muguva). Zvose zviri mubhuku riri pachena.

7. Uye ndivo vakasika matenga nenyika mumazuva matanhatu uye Chigaro chavo chehumambo chakanga chiri pamusoro pemvura, kuti vave vanokuedzai kuti ndiani pakati penyu anoita mabasa akanaka. Asi dai ukati kwavari: “Zvirokwazvo, muchava munomutswa mushure mokufa,” zvirokwazvo avo vasingatendi vanoti: “Izvi hapana zvazvirí kusara kwemapipi ari pachena.”

8. Uye zvirokwazvo tikanonotsa marwadzo kwavari kusvika panguva yakatarwa, zvirokwazvo vanoti: “Chii chiri kuwanonotsa?” Zvirokwazvo, pazuva paachasvika kwavari, hapana chichaaita kuti avafuratire, uye vachave vanokomboredzwa neizvo zvavaiwanzotora sedambe!

9. Uye tikave tinopa munhu kuti aravire tsitsi kubva kwatiri, uye tobva tadzibvisa kubva kwaari, zvirokwazvo, anoshaiwa tarisiro, oratidza kusatenda.

10. Asi tikaita kuti ave anoravira zvakanaka (makomborero) mushure mekunge zvakaipa (nzara nemarwadzo) zvamubata, muzvirokwazvo anoti: “Zvakaipa zvabva kwandiri.” Zvirokwazvo, anofarisa, uye kuzvitutumadza.

11. Kunze kweavo vanoratidza moyo murefu uye voita mabasa akanaka, ava vachawana ruregero uye mubairo muhombe (Paradhiso).

12. Saka pamwe iwe (Muhammad (SAW)) unosiya chidimbu chezvawakazarurirwa, uye chipfuva chako chinomanikana nazvo nokuda kwekuti vanoti: “Nei hupfumi husina kutumirwa kwaari, kana ngirozi kuuya naye?” Asi uri muyambiri chete. Uye Allah ndiWakil (Mumiriri kana Muchengetedzi) wezvinhu zvose.

13. Kana kuti vanoti: “Iye (Muporofita Muhammad (SAW)) akaribirira (iri Qur’aan).” Iti: “Hunzai imi ndima gumi dzakabiririrwa saizvozvo, uye danai ani nani wamunokwanisa kusiya kwaAllah (kuti akubetserei), kana muchitaura chokwadi!”

14. Asi kana vakasakupindura, ziva kuti (Qur’aan) rakadzikiswa neruzivo rwaAllah, uye kuti Laa ilaaha illaa Huwa (Hakuna anekodzero yokunamatwa asi ivo)! Saka muchava here maMuslim (avo vanozvipira kuchitendero cheIslaam)?



الجديد و الحصري NEW & EXCLUSIVE

15. Ani nani anoshuvira hupenyu hwepano pasi uye zvinopenya zvavo, tichavapa mubairo wakazara wemabasa avo imomo, uye havamboderedzerwa (mubairo wavo) imomo.

16. Ndivo avo vasina chavanacho muhupenyu hwamangwana kunze kwemoto, uye mabasa avaiita imomo achange asina mature. Uye zvavaiiata zvichange zvisina basa.

17. Saka vakafanana here avo (maMuslim) vanovimba nehumboo huri pachena (Qur'aan) wakabva kuna Tenzi vavo, uyezve rine mufakazi (Jibreel (Gabriel)) akabva kwavari (Allah) anoriverenga (nevanhu vasingatendi)? Uye mushure maro makauya Bhuku raMusa, segwara uye tsitsi, ava ndivo vanotenda mariri, asi avo kubva muzvikwata (zvemaJudha, maKristu nemamwe marudzi) vanoriramba (Qur'aan), moto uchava nzvimbo yavo yakavimbiswa yokusanganira. Nokudaro usava nekugunun'una pamusoro pazvo (kuti avo vanoramba Islaam, vachapinda kuGehena). Zvirokwazvo, ichokwadi kubva kuna Tenzi vako, asi vanhu vakawanda havatendi.

18. Uye ndiani anotadza zvakanyanya kudarika uyo anovamba manyepo pamusoro paAllah? Avo ndivo vachaunzwa pamberi paTenzi vavo, uye vafakazi vachati: "Ava ndivo vainyepa pamusoro paTenzi vavo!" Pasina kugunun'una! Kurengera (kutukwa) kwaAllah kuri kumaDhaalimoon (vatadzi).

19. Avo vanodzivisa (vanhu) munzira yaAllah (Islaam), uye kutsvaga gonyongodzo mairi, uye ivo vari vasingatendi muhupenyu hwamangwana.

20. Avo hapana nzira yavachatiza nayo (murango hwaAllah) pano pasi kana kuve nevabetseri kunze kwaAllah! Mutongo wavo uchapetwa kaviri! Havana kumboita hanya nekunzwa (vaparidzi vechokwadi), uye vaigara vasingaoni (chokwadi, kunyangwe vange vane nzeve nemaziso).

21. Ndivo avo vakazvirasa ivo pachavo, uye zvinamatwa zvenhema zvavakavamba zvichanyangarika kubva kwavari.

22. Zvirokwazvo, ava ndivo varasikirwi vahombe muhupenyu hwamangwana.

23. Zvirokwazvo, avo vanotenda (muhumwechete hwaAllah) uye vachiita mabasa akanaka, uye vachizvininipisa pamberi paTenzi vavo, vachave vagari vekuParadhiso, umo vachagara zvachose.

24. Fanano yezvikwata zviviri yakafanana neye bofu nematsi, neanoona neanonzwa. Vakaenzana here kana vakafananidzwa? Saka hamutori here chidzidzo?

25. Zvirokwazvo, takatumira Nowa kuvanhu vake (uye akati): "Ndauya kwamuri semuyambiri ari pachena."

26. "Kuti musanamate chimwe chinhu kunze kwaAllah; zvirokwazvo, ndokutyirai imi chirango chezuva remarwadzo."

27. Madzishe aisatenda pakati pevanhu vake akati: "Tinokuona asi semunhu akangofanana nesu, uye hationi vanokutevera vari kunze kweavo vasina maturo pakati pedu uye vasina kufunga. Uye hationi mauri muine chiremekedzo chinopfuura isu, asi pachokwadi tinokuona semunyepi."

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

28. Iye akati: "Imi vanhu vangu! Ndiudzei, ko kana ndine humboo huri pachena kubva kuna Tenzi vangu, uye vandipa tsitsi (chiporofita) kubva kwavari, asi (tsitsi) idzodzo dzakavanzwa mumaziso enyu. Tokumanikidzirai here kuchigamuchira (chitendero cheIslaam) imi muchichivenga?"

29. "Uye imi vanhu vangu! Handina kukubvunzai hupfumi pamusoro pacho. Mubairo wangu hauna anawo kunze kwaAllah. Handisi kuzombofa ndakadzinga avo vanotenda. Zvirokwazvo, vachasangana naTenzi vavo, asi ndinokuonai muri vanhu vasina ruzivo."

30. "Uye imi vanhu vangu! Ndiani achandibetsera kuna Allah kana ndikavadzinga? Hamurangarirewo here?"

31. "Uye handisi kuti kwamuri ndine hupfumi hwaAllah, kana kuti ndinoziva zvakavanzika, kana kuti ndiri kuti ini ndiri ngirozi, uye handisi kuti kune avo maziso enyu anovatarisira pasi kuti Allah havazovapi chakanaka. Allah vanoziva zviri mumoyo yavo. Zvirokwazvo, kana ndikadaro ndichave umwe wemaDhaalimoon (vatadzi)."

32. Vakati: "Iwe Nowa! Wapikidzana nesu uye warebesa kupikidzana kwako nesu. Nokudaro tiunzire zvaunoti tyityidzira nazvo kana uri pachokwadi."

33. Iye akati: "Zvirokwazvo, Allah chete ndivo vachawaunza (marwadzo) kwamuri kana vachida, uye hamumbofi makapukunyuka."

34. "Uye yambiro yangu haikubetserei kunyange kana ndikashuvira kukupai zano rakanaka, kana kuda kwaAllah kuri kwekuti musave pagwara. Ndi Tenzi venyu uye kwavari muchadzokera."

35. Kana kuti avo (vasingatendi vemuMakkah) vanoti: "Uyu (Muhammad (SAW)) akarigadzira iri (Qur'aan)." Iti: "Kana ndakarigadzira, kwandiri ngakuve nemhosva yangu, asi handina mhosva pamhosva dzose dzamunoita."

36. Uye zvakazarurirwa Nowa: "Hapana pakati pevanhu vako vachatenda kunze kweavo vakatenda kare. Nokudaro usashungurudzike nezvavanoita."

37. "Uye vaka ngarava takakutarisa nemaziso edu uye nemashoko edu (nekuzarurirwa kwedu), uye usandidane uchimiririra avo vakaita zvakaipa; zvirokwazvo vachanyudzwa."

38. Uye paaivaka ngarava, pose-pose pavaimupfuura madzishe evanhu vake, vaimutsvinyira. Iye akati: "Kana mukatitsvinyira, saizvozvo tichakutsvinyiraiwo sematsvinyiro amuri kuita."

39. "Uye muchaziva kuti kuna ani kuchauya murango uyo uchamufukidza nenyadzi, uye kuna ani kuchawira murango usingaperi."

40. (Zvakava sokudaro) kusvika apo murairo wedu wakauya, uye hovhoni yakapfachuka (mvura ichibva pasi nesimba). Tikati: "Pinza mairi (ngarava) parudzi rwega rwega zviviri (hadzi nerume), uye nemhuri yako, kusara kweuyo shoko rakapfuura paari (kuti achaparadzwa), neavo vanotenda." Uye hapana akatenda kwaari kunze kwevashoma.



الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

41. Uye Nowa akati: “Pindai mairi: muzita raAllah ichafamba munzira mayo uye kumira kwayo. Zvirokwazvo, Tenzi vangu vanoregerera zvikuru, vane tsitsi dzakanyanya.”

42. Nokudaro (ngarava) yakafamba navo pakati pemasai-sai akafanana nemakomo, uye Nowa akasheedza mwana wake, uyo akanga aparadzana naye: “Iwe mwanangu! Kwira nesu uye usave neavo vasingatendi.”

43. (Mwana) akapindura: “Ndichatsvaga rubatsiro kubva kune mamwe makomo achava anondibatsira kubva kumvura.” Nowa akati: “Zuva ranhasi hakuna mununuri kubva kumurairo waAllah kusiya kweuyo wavanzwira tsitsi.” Uye masai-sai akauya pakati pavo, nokudaro akava mumwe wevakanyudzwa.

44. Uye zvakava zvinonzi: “Iwe nyika! Nyudza mvura yako, uye Iwe denga! Misa (kunaya).” Uye mvura yakaitwa kuti iserere uye murairo (waAllah) wakazadziswa. Uye ngarava yakamira mugomo reJudi, uye zvikanzi: “Ngavave kure vanhu avo vanotadza!”

45. Uye Nowa akadana Tenzi vake uye akati: “Imi Tenzi vangu! Zvirokwazvo, mwana wangu mumwe wemhuri yangu! Uye zvirokwazvo vimbiso yenyu ndeye chokwadi, uye ndimi muenzanisi mukuru wevatongi.”

46. (Allah) Vakati: “Iwe Nowa! Zvirokwazvo, haasi mumwe wemhuri yako; zvirokwazvo, mabasa ake akaipa, nokudaro usandibvunza zvausina ruzivo nazvo! Ndiri kukuyambira pamwe ungazova umwe wevasingazivi.”

47. Nowa akati: “Imi Tenzi vangu! Ndinotsvaga kupotera kwamuri kubva mukukubvunzai zvandisina ruzivo nazvo. Uye mukasava munondiregerera kana kundinzwira tsitsi, ndichave zvirokwazvo mumwe wevakarasika.”

48. Zvakava zvinonzi: “Iwe Nowa! Dzika pasi kubva mungarava neruyamuro (nerunyararo) kubva kwatiri uye makomborero kwauri uye nevanhu vauri navo, asi (kuchava nevamwe) vanhu vatichapa mafaro (kwekanguvana), asi pakupedzisira marwadzo akaomarara achavasvikira kubva kwatiri.”

49. Iyi inyaya yezvakavanzika yatiri kukuzarurira (Muhammad (SAW)), kunyange iwe nevanhu vako makanga musingaizivi mushure meizvi. Saka iva nemoyo murefu. Zvirokwazvo, magumo (akanaka) ndee Al-Muttaqoon (Vatsvene).

50. Uye kumaAad (takatumira) mukoma wavo Hud. Iye akati: “Imi vanhu vangu! Namatai Allah! Hamuna mumwe mwari kunze kwavo. Zvirokwazvo, hapana zvamunoita kunze kwekuvamba manyepo.”

51. “Imi vanhu vangu! Handikubvunzei imi mubairo waro (Shoko). Mubairo wangu unobva kwavari ivo vakandisika. Hamunzwisise here?”

52. “Uye Imi vanhu! Kumbirai ruregerero rwaTenzi venyu uye mobva madzoka kwavari, vachakutumirai kubva kudenga mvura yakawanda, uye kukuwedzerai simba pamusoro pesimba

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

renyu, saka musava munofuratira semaMujrimoon (vasingatendi muhumwechete hwaAllah uye vatadzi).”

53. Vakati: “Iwe Hud! Hapana huchapupu hwawatiunzira, uye hatizi kuzosiya vanamwari vedu nokutaura kwako! Uye hatisi vatendi kwauri.”

54. “Tinongoti (zvese zvaunotaura) ndezve kuti vamwe vevanamwari vedu vakubata nezvakaipa (kupenga).” Iye akati: “Ndinodana Allah kuti vaite mufakazi uye ndoita imi vafakazi kuti handina chokuita nazvo izvo zvamunosanganisa nazvo Allah mukuvanamata,”

55. “Kusiya ivo (Allah). Nokudaro rongai kupokana neni, mose zvenyu, uye musandipe zororo.”

56. “Ndinovimba naAllah, Tenzi vangu uye Tenzi venyu! Hakuna chero chinhu zvacho chinorarama asi chiri mumaoko avo (vane simba pamusoro pacho). Zvirokwazvo, Tenzi vangu vari pagwara rakatwasuka.”

57. “Asi kana mukava munofuratira, zvirokwazvo shoko ndasvitsa randakatumwa naro kwamuri. Tenzi vangu vachakutsivai imi nevamwe vanhu, uye hamukwanisi kuvakuvadza kunyange padiki-diki. Zvirokwazvo, Tenzi vangu muchengeti wezvinhu zvose.”

58. Uye apo pakauya murairo wedu, takachengetedza Hud neavo vaitenda pamwe chete naye netsitsi dzinobva kwatiri, uye takavabuditsa kubva mumarwadzo akaomarara.

59. Ava vaive vanhu vaAad. Vakaramba humboo hwaTenzi vavo uye vakaramba kuteerera vatumwa vavo, uye vakatevera murairo hwewese aizvitutumadza.

60. Uye vakabatwa nekurengerwa muno munyika uye (vachave kudaro) pazuva rokumutswa. Pasina kusagutsikana! Zvirokwazvo, maAad vakaramba kutenda muna Tenzi vavo. Saka kure nemaAad vanhu vaHud.

61. Uye kumaThamood takatumira mukoma wavo Swaalih. Akati: “Imi vanhu vangu! Namatai Allah: hamuna umwe mwari kunze kwavo. Vakakusikai kubva munyika uye vakakugarisai mairi, nokudaro kumbirai ruregerero kwavari uye modzoka kwavari. Zvirokwazvo, Tenzi vangu vari pedyo (neruzivo rwavo), vanopindura.”

62. Vakati: “Iwe Swaalih! Waive pakati pedu semunhu akanaka (uye taikushuvira kuti uve mutungamiri wedu) mushure meizvi (zvekuti tinamate Allah voga)! Uri kutirambidza kunamata izvo zvainamatwa nemadzibaba edu? Asi tine kusagutsikana kwakanyanya maererano nezvaunotidanira.”

63. Iye akati: “Imi vanhu vangu! Ndiudzei, ko kana ndiine humbooo huri pachena kubva kuna Tenzi vangu, uye kwauya kwandiri tsitsi (chiporofita) kubva kwavari, saka ndiani achandibetsera pamberi paAllah, kana ndikasavateerera? Nokudaro hamundiwedzeri kusara kwekurasikirwa.”

64. “Uye Imi vanhu! Iyi ngamera yechikadzi yaAllah chiratidzo kwamuri, nokudaro isiyei ifure munyika yaAllah, uye musava munoibata nezvakaipa, nokuti pamwe murango uri pedyo ungakuwirai.”

65. Asi vakaiuraya. Saka akati: “Farai mudzimba dzenyu kwemazuva matatu. Iyi ivimbiso isingakoni (isiri yekunyepa).”

66. Saka pakauya murairo wedu, takanunura Swaalih neavo vaitenda pamwe chete naye netsitsi dzakabva kwatiri, uye kubva mukunyadziswa kwezuva iri. Zvirokwazvo, Tenzi venyu ndivo vane masimba ose, mukuru wezvose.

67. Uye marwadzo akabata vaiti vezvakaipa, nokudaro vakarara vakapfugama (vakafa) mudzimba dzavo.

68. Sezvinonzi havana kumbobvira vagara ipapo. Pasina kusagutsikana! Zvirokwazvo, maThamood havana kutenda muna Tenzi vavo. Nokudaro ngavave kure vanhu vaThamood!

69. Uye zvirokwazvo, vatumwa vedu vakauya kuna Abrahamu nemashoko akanaka. Vakati: “Salaam (Runyararo kana Mhoroi)!” Akapindura: “Salaam (Runyararo kana Mhoroi)!” Uye akamhanyira kuvafadza nemhuru yakagochwa.

70. Asi paakaona maoko avo asingaendi pairi (nyama yakagochwa), haana kuvimba navo, uye akave nekuvatya. Vakati: “Usatye, zvirokwazvo tatumwa kuvanhu vaLoti.”

71. Uye mukadzi wake akanga akamira, uye akaseka (nekusadya kwevatumwa chikafu kana kuti nekufarira kuparadzwa kwevanhu vaLoti). Asi takamupa (mukadzi waAbrahamu) mashoko akanaka aIshaaq (Isaka), uye mushure maIshaaq (Isaka) aYa’qoob (Jakobho).

72. Akati (achishamisika): “Matambudziko kwandiri! Ndingazvare here mwana ini ndiri mukadzi achembera, uye uyu murume wangu achembera? Zvirokwazvo ichi chinhu chinoshamisa!”

73. Vakati: “Munoshamiswa here nemurairo waAllah? Tsitsi dzaAllah uye makomborero avo ngaave kwamuri, imi mhuri (yaAbrahamu). Zvirokwazvo, ivo (Allah) ndivo vane rumbidzo dzose, vane rukudzo rwese.”

74. Nokudaro kutya pakwakabuda muna Abrahamu, uye mashoko akanaka asvika kwaari, akatanga kutikumbira (vatumwa vedu) pamusoro pevanhu vaLoti.

75. Zvirokwazvo Abrahamu, pasina kusagutsikana, akanga ari munhu anotsungirira, aiwanzo kukumbira Allah zvine kuzvininipisa, uye aiva munhu anodzoka (kuna Allah nguva nenguva achikumbira ruregerero).

76. “Iwe Abraham! Siyana nazvo. Zvirokwazvo, murairo hwaTenzi vako wava unouya. Zvirokwazvo, kuchauya marwadzo kwavari asingadzorereke kumashure.”

77. Uye pakauya vatumwa vedu kuna Loti, akava anobatwa nekutya pamusoro pavo, uye akazviona asina simba kwavari (pamwe vanhu vemuguta vangauye vachida kuita chingochani navo). Akabva ati: “Iri izuva rekushungurudzwa.”

78. Uye vanhu vake vakauya vachimhanyidzana kwaari, sezvo mumashure vaigaro ita zvisakarurama (hungochani), iye akati: “Imi vanhu vangu! Ava vanasikana vangu (vakadzi vemunzvimbo),

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

vakakuchenerai (kana mukavaroora zvakanaka). Nokudaro ityai Allah uye musava munondinyadzisa maererano nevaenzi vangu! Hapana here murume akakwana pakati penyu?"

79. Ivo vakati: "Zvirokwazvo, unozviziva kuti hatina kana shuviro kana kuda vanasikana vako, uye zvirokwazvo unonyatsoziva zvatinoda!"

80. Iye akati: "Dai ndakanga ndiine simba rekukundai, kana kuti kuwana rumwe rubatsiro rwakasimba (rokukudzivisai)."

81. (Vatumwa) vakati: "Iwe Loti! Zvirokwazvo, tiri vatumwa kubva kuna Tenzi vako! Havasi kuzosvika pauri! Saka famba nemhuri yako muchidimbu chehusiku, uye musaite kuti ani nani pakati penyu atarise kumashure; kusara kwemukadzi wako. Pachokwadi marwadzo achavawana, achamuwanawo (mukadzi wako). Zvirokwazvo, mangwanani ndiyo nguva yavo yakatarwa. Ko mangwanani haasi pedyo here?"

82. Nokudaro pakauya murairo wedu, takapindikura (dhorobha reSodom), uye tikanaisa matombo anopisa, zvakarongeka rimwe mushure merimwe.

83. Akatarwa kuna Tenzi vako, uye ange asiri kure nevatadzi.

84. Uye kuvanhu veMadyan (Midian, takatumira) mukoma wavo Shuaib. Akati: "Imi vanhu vangu! Namatai Allah, hamuna umwe mwari kunze kwavo, uye musava munobirira pakuera kana huremu. Ndinokuonai makabudirira, uye ndinokutyirai mutongo wezuva rinokomberedza (rekutongwa)."

85. "Uye Imi vanhu vangu! Ipai muero kana mupimo wakakwana uye musava munodzikisa zvinhu zvakakodzera kuvanhu, uye musava munoita zvisakarurama panyika, kukonzeresa huhori."

86. "Izvo zvamunosiirwa naAllah (mushure mekupa vanhu kodzero dzavo), zvakakunakirai kana muri vatendi. Uye handisi mumiriri kwamuri (muchengetedzi wenyu)."

87. Vakati: "Iwe Shuaib! Ko munamato wako unokukurudzira here kuti tisiye izvo zvainamatwa nemadzibaba edu, kana kuti tisiye kuita zvatinoda nehupfumi hwedu? Zvirokwazvo, uri munhu ane moyo murefu ane pfungwa dzakatwasuka!"

88. Iye akati: "Imi vanhu vangu! Ndiudzei kana ndiine humboo huri pachena kubva kuna Tenzi vangu, uye vakandipa raramo yakanaka kubva kwavari (ndoikanganisa here nekuisanganisa nemari yeuhori)? Uye handishuvire kupesana nemi ndichiita izvo zvandinokurambidzai. Asi ndinoshuvira chete shanduko yakanaka yandinokwanisa. Uye gwara rangu haribve kuna ani asi kuna Allah, kwavari ndinovimba uye kwavari ndinokumbira ruregerero."

89. "Uye imi vanhu vangu! Musave munoita kuti kupokana kwangu (kupikisana kwangu nemi panyaya dzekusatenda) kuve kunokonzera rushambwa urwo rwakafanana nerwakavinga vanhu vaNowa kana kuti vaHud kana kuti vaSwaalih rwukuvingeiwo (rwukurwadziseiwo), uye vanhu vaLoti havasi kure nemi zvakanyanya!"

90. “Uye kumbirai ruregero kuna Tenzi venyu uye tendeukirai kwavari. Zvirokwazvo, Tenzi vangu ndivo vane tsitsi dzose, nerudo rwose.”

91. Vakati: “Iwe Shuaib! Hatisi kunzwisisa pane zvizhinji zvaunotaura, uye tinokuona usina simba (zvinonzi aiva bofu) pakati pedu. Dai kusiri kuti mhuri yako, ingadai zvirokwazvo takakutema nematombo, uye hauna simba kupinda isu.”

92. Iye akati: “Imi vanhu! Saka munoti mhuri yangu yakakosha kwamuri kupfuura Allah here? Uye munovakandira kumashure kwenyu. Zvirokwazvo, Tenzi vangu vanoziva (vanokomberedza) zvose zvamunoita.”

93. “Uye imi vanhu vangu! Itai zvamunokwanisa nenzira yenyu, uye zvirokwazvo ndichaitawo (nenzira yangu). Muchaziva kuti kuna ani kuchasvikira marwadzo achamunyadzisa, uye ndiani munyepi! Uye Tarirai imi! Zvirokwazvo, neni ndakatarisawo nemi.”

94. Asi pakauya murairo wedu, takanunura (takachengetedza) Shuaib uye neavo vaitenda pamwechete naye netsitsi dzedu. Uye marwadzo akasvikira vaiti vezvakaipa, uye vakarara (vakafa), vakapfugama mudzimba dzavo.

95. Sekunge vasina kumbogaramo! Nokudaro ngaive kure Madyan (Midian) kufana nekure kweThamood! (Nzvimbo dzose idzi dzakaparadzwa).

96. Uye zvirokwazvo, takatumira Musa nezviratidzo zvedu nesimba riri pachena.

97. Kuna Farawo nemadzimambo ake, asi vakatevera murairo hwaFarawo, uye murairo hwaFarawo hwakanga usiri pagwara rechokwadi.

98. Achaenda (Achafamba) pamberi pevanhu vake pazuva rekumutswa, uye achavatungamirira kupinda mumoto, uye zvirokwazvo yakaipa inzvimbo yavachatungamirirwa.

99. Vakanga vachiteverwa nokurengerwa muuhu (hupenyu hwepasi pano) uye (vachateverwa nokurengerwa) pazuva rokumutswa. Chakaipa zvikuru chipo chavakapihwa (kurengerwa pasi rino kuchiteverwa nokurengerwa muhupenyu hwemangwana).

100. Idzi ndidzo dzimwe dzenhau dzemaguta dzatiri kukuudza (Muhammad (SAW)), mamwe acho achiri akamira, uye mamwe akakohwewa (akaparadzwa).

101. Hatina kuvakanganisira asi vakazvikanganisira pachavo. Nokudaro vanamwari vavo vavaidaidza vachisiya Allah, havana kuvabatsira kunyange nechii zvacho apo pakauya murairo waTenzi vako, uye havana kuvawedzera kusara kwekuparadzwa.

102. Aya ndiwo maparadziro aTenzi vako kana vachinge vachiparadza maguta kana vachiita zvakaipa. Zvirokwazvo, kuranga kwavo kunorwadza, (uye) kwakaomarara.

103. Zvirokwazvo, mazviri mune chiratidzo kune avo vanotya marwadzo ehupenyu hunotevera. Iri ndiro zuva richaunganidzwa vanhu vose pamwechete, uye iri ndiro zuva rokuti vose vachange varipo (vagari vekudenga nevepasi rino).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

104. Uye tinorinonotsa chete kwenguva yakatarwa.

105. Pachauya zuva iri, hakuna munhu achataura kunze nekuda kwavo (Allah). Vamwe pakati pavo vachange vakaipa (vakatsamwa) uye vamwe vakakomborerwa.

106. Uye avo vachange vakaipa (vakatsamwa), vachange vari mumoto, vachifemera pamusoro nepazasi.

107. Vachagara imomo zvachose kwenguva matenga nenyika zvicharamba zviripo, kunze kwekuda kwaTenzi vako. Zvirokwazvo, Tenzi venyu ndivo muiti wezvose zvavanoda.

108. Uye avo vakakomborerwa vachava muParadhiso, umo vachagara zvachose kwenguva matenga nenyika zvicharamba zviripo, kunze kwekuda kwaTenzi vako. Chipo chisina magumo.

109. Usava nekusagutsikana (iwe Muhammad (SAW)) pane zvinonamata vanhu ava. Hapana chavanonamata kusara kwezvainamatwa nemadzibaba avo mumashure. Uye zvirokwazvo, tichavabhadhara muripo wavo wakakwana pasina kutapudzwa.

110. Uye zvirokwazvo, takapa Musa gwaro, asi mariri ndomakatanga kupikisana, kuti dai kwakanga kusiri kweshoko rakauya kare kubva kuna Tenzi vako, dai mhosva yakatongwa pakati pavo, uye zvirokwazvo vari mukusagutsikana kwakanyanya maererano naro (Qur'aan).

111. Uye zvirokwazvo, kune umwe neumwe wavo Tenzi vako vachavabhadhara mabasa avo zvakazara. Zvirokwazvo, (Allah) vanoziva zvizere zvavanoita.

112. Nokudaro mira iwe (Muhammad (SAW)) nesimba wakatwasuka (pachitendero cheIslaam) sezvawakarairwa uye nevaya (vadzidzi vako) avo vanotendeuka mukureurura pamwe newe, uye musaita zvakaipa. Zvirokwazvo, (Allah) vanoona zvose zvamunoita.

113. Musava munorerekera kune avo vanoita zvakaipa, uye moto wokubatai, uye hamuna vabatsiri (vachengetedzi) kunze kwaAllah, uye hamuzobetserwi.

114. Uye ita Swalaah (Munamato) mumativi maviri ezuva uye munguva dzimwe dzousiku (Minamato mishanu yepazuva). Zvirokwazvo, mabasa akanaka anobvisa mabasa akaipa (zvitadzo zvidiki). Iyi iyeuchidzo kune avo vanoyeuka (avo vanotambira yeuchidzo).

115. Uye iva nemoyo murefu, zvirokwazvo, Allah havatambisi mubairo wevanhu vanoita mabasa akanaka.

116. Dai paiva nevanhu vane uchenjeri muvamwe vemarudzi akapfuura, vachirambidza (vamwe) mabasa akaipa munyika, (asi pakanga pasina) kunze kwevashoma veavo vakaponeswa pakati pavo! Uye vaiti vezvakaipa vaitevera zvinhu zvakanaka zvinofadzwa zvehupenyu (hwepasi pano), uye vaive vatadzi.

117. Uye Tenzi vako, havaparadzi maguta pasina mhaka, uye vagari vemo vari vaiti vemabasa akanaka.

118. Uye dai Tenzi vako vaida, vaiita vanhu vose boka rimwe (vari vechitendero chimwe, Islaam), asi (vanhu) havambosiyi kusawirirana.

119. Kunze kweuyo akapuhwa tsitsi naTenzi vako, uye izvozvo ndizvo zvavakavasikira (kupa tsitsi kavaiiti vezvakanaka, uye kuranga vaiiti vezvakaipa). Uye shoko raTenzi vako rakazadziswa (nekuti): "Zvirokwazvo ndichazadza Gehena nemaJinn (mashavi) nevanhu pamwechete."

120. Uye zvose zvatinokuudza iwe (Muhammad (SAW)) kubva kunhau dzevatumwa ndezvekuti tive tinosimbisa moyo wako nadzo. Uye muichi (chikamu cheQur'aan) chokwadi chauya kwauri, uye yambiro neyeuchidzo kuvatendi.

121. Iti kune avo vasingatendi: "Itai muitiro wenyu, isu tirikuita (muitiro wedu)."

122. "Uye mirirai! Zvirokwazvo nesu takamirira."

123. Uye Allah ndivo muridzi wezvakavanzika zvekumatenga nepanyika, uye kwavari ndiko kunodzokera hurongwa hwese. Nokudaro vanamate (iwe Muhammad (SAW)) uye vimba navo. Uye Tenzi vako vanoziva zvose zvamunoita.

# CHITSAUKO YUSUF

# (MUPOROFITA JOSEFA) 12

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Alif – Laam – Raa**. (Mashoko aya ndiwo mamwe ezvishamiso zviri muQur'aan, uye hapana anoziva zvaanoreva kunze kwaAllah (voga)). Idzi indima dzeGwaro riri pachena (rinoburitsa pachena zvinobvumidzwa nezvinorambidzwa, mitemo, nhungamiri uye makomborero).

2. Zvirokwazvo, takaburutsa iri Qur'aan muchirudzi chechiArabhu kuti muve munorinzwisisa.

3. Tinokutsanangurira iwe (Muhammad (SAW)) nhaurwa dzakanaka kuburikidza muzvizvarurwa zvedu kwauri muQur'aan iri. Uye mushure meizvi (kwekuuya Qur'aan kwauri) waive umwe weavo vasina chavanoziva.

4. (Rangarira) Josefa paakati kuna baba vake: "Imi baba vangu! Zvirokwazvo, ndaona (muhope dzangu) nyeredzi gumi neimwe uye zuva uye mwedzi, ndazviona zvichindipfugamira."

5. Ivo (baba) vakati: "Iwe mwana wangu! Usava unoudza zvawaona madzikoma ako, pamwe vangakurongera zvakaipa. Zvirokwazvo, Satani kuvanhu muvengi ari pachena!"

6. "Saizvozvo Tenzi vako vachakusarudza uye vokudzidzisa tsanangudzo dzehope (nezvimwe zvinhu), uye vozadzisa makomborero kwauri uye kuvana vaJakobho, sekunatsurudza kwavakaita

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

kumadzibaba ako, Abrahamu, naIsaka kare! Zvirokwazvo, Tenzi vako ndivo muzivi wezvose, vane uchenjeri hwese."

7. Zvirokwazvo, muna Josefa nemadzikoma ake makange mune zviratidzo kune avo vanobvunza.

8. Pavakati: "Zvechokwadi, Josefa nemukoma wake (Benjamini) vanofarirwa nababa vedu kupfuura isu, asi isu tiri chikwata chakasimba. Zvirokwazvo, baba vedu vakarasika (vari kutadza) zviri pachena."

9. "Urayai Josefa kana kuti murasirei kuimwe nzvimbo (iri kure), kuitira kuti makomborero ababa venyu apihwe imi moga, uye mushure mezvo muchava vanhu vakanaka (nekuva nepfungwa dzekukumbira ruregerero musati matadza)."

10. Umwe pakati pavo akati: "Musauraya Josefa, asi mukandei pasi pasi petsime, achazonhongwa nevapfuuri venzira."

11. Ivo vakati: "Imi baba vedu! Nemhaka yei musingativimbe naJosefa kunyangwe zvirokwazvo isu tiri kwaari vashuviri vezvakanaka?"

12. "Mutumirei nesu mangwana kuti ave anofara nekutamba, uye zvirokwazvo, tichamuchengetedza."

13. Iye (Jakobho) akati: "Zvirokwazvo, kuenda kwenyu naye kunondishaisa mufaro, uye ndinotya kuti anodyiwa nemhumhi imi makarivara nezvake."

14. Vakati: "Zvirokwazvo, kana mhumhi ikamudya, isu tiri chikwata chakasimba (chekumuchengetedza), nokudaro zvirokwazvo, tiri avo vakarasikirwa."

15. Nokudaro pavakaenda naye, uye vose vakawirirana kumukandira pazasi petsime (vakadaro), uye takava tinomuzarurira (Josefa) kuti: "Zvirokwazvo, uchava (rimwe zuva) unovaudza hurongwa hwavo uhu ivo vasingazivi."

16. Uye vakauya kuna baba vavo manheru vachichema.

17. Vakati: "Imi baba vedu! Tanga tichimhanya tichikwikwidzana, uye tikasiya Josefa nezvinhu zvedu, uye mhumhi ikamudya; asi hamufi makatitenda kunyange tikataura chokwadi."

18. Uye vakauya nehembe yake ine ropa renhema. Iye akati: "Asi nyaya iyi maironga pachenyu. Nokudaro kutsungirira kwakandinakira. Uye Allah voga ndivo vanokumbirwa rubatsiro pamusoro pezvamatsanangudza."

19. Uye pakauya vapfuuri venzira (vafambi), uye vakatuma mucheri wemvura wavo, uye akadzikisa mugomo wake (mutsime). Akati: "Mashoko akanaka! Pano pane mukomana." Nokudaro vakamuviga sechitengeswa (muranda). Uye Allah ndivo vaiziva zvose zvavaiita.

20. Uye vakamutengesa nemutengo wakadzikira hwemadhirihamu (masirivha) mashoma shoma. Uye vakange vari avo vaimuona sechinhu chisina basa.

21. Uye iye (murume) akamutenga kuEgypt akati kumukadzi wake: “Ita kuti agare zvakanaka, dzimwe nguva angatibatsira kana kuti tichamutora semwana.” Uye ndiwo magadziro atakaita Josefa munzvimbo kuti tive tinomudzidzisa zvirevo zvezviitiko. Uye Allah vane masimba ose pahurongwa hwavo, asi vanhu vazhinji havazivi.

22. Uye (Josefa) paakasvika pahurume hwake, takamupa huchenjeri neruzivo (huporofita), uye aya ndiwo mapiro mubairo atinoita vanoita mabasa akanaka.

23. Uye iye (mukadzi), mumba make maakange ari (Josefa), akada kuita zvakaipa naye, uye akavhara misuwo uye akati: “Huya pano, iwe.” Iye akati: “Ndinokumbira rudziviriro kubva kuna Allah! Zvirokwazvo, iye (murume wako) ndimambo vangu! Vakaita kuti kugara kwangu kuve kwakanaka! (Nokudaro handimbofi ndakamurasisa). Zvirokwazvo, vaiti vezvakaipa havafi vakabudirira.”

24. Uye zvirokwazvo (mukadzi) akange ave anomuda, uye (Josefa) akange ave kuda kurerekera kumadirwo ake, dai asina kuona humboo hwaTenzi vake. Sokudaro zvakaitika, kuti tive tinomubvisa kubva mune zvakaipa uye choupombwe. Zvirokwazvo, akange ari mumwe wevaranda vedu vatakasarudza.

25. Uye vakamhanyidzana kumusuwo, uye (mukadzi) akamubvarurira hembe yake (Josefa) kumashure. Vose vakava vanoona mambo vake (murume wake) pamusuwo. (Mukadzi) akati: “Ndeupiko mugove (murango) kune uyo anga achida kuita zvakaipa kumukadzi wako, kusara kwekuti ave anopinda mujere kana murango unorwadza?”

26 Iye (Josefa) akati: “Ndiye anga achida kundinyengedza;” uye chapupu chemumba make chakava chinopupura (chichiti): “Kana hembe yake yakabvaruka mberi nyaya yake (mukadzi) ndeye chokwadi, uye uyu munyepi (Josefa)!”

27. “Asi kana kuri kuti hembe yake yakabvaruka kumashure, nokudaro ari kunyepa (mukadzi), uye iye (Josefa) ari kutaura chokwadi!”

28. Saka paakaona (murume wake) hembe yake (Josefa) yakabvaruka kumashure akabva ati: “Zvirokwazvo, hurongwa hwenyu imi vakadzi! Zvirokwazvo, hurongwa hwenyu hwakakuru!”

29. “Iwe Josefa! Furatira izvi! (Iwe mukadzi!) Kumbira ruregerero kuchitadzo chako. Zvirokwazvo, wanga uri umwe wevatadzi.”

30. Uye vakadzi vemuguta vakati: “Mukadzi waAziz ari kuda kunyengedza kamukomana kake kechidiki (muranda wake). Zvirokwazvo, anomuda zvakanyanya. Zvirokwazvo, tinomuona akarasika zviri pachena.”

31. Nokudaro paakanzwa chipomherwa chavo, akavakoka kumabiko akavagadzirira kudya kwavo, uye akapa mumwe nemumwe pakati pavo banga (kuti ave anocheka chokudya), uye akati (kuna Josefa): “Buda pachena pamberi pavo.” Pavakamuona, vakashamisika naye (nerunako rwake), uye (mukushamisika kwavo) vakazvicheka maoko avo. Vakati: “Hunyanzvi hwaAllah here uhu! Haasi munhu uyu! Asi ingirozi inoremekedzwa!”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

32. Iye (mukadzi waAziz) akati: "Uyu ndiye (mukomana) wamandipomera naye, uye zvirokwazvo, ndaida kumunyengedza, asi akaramba. Uye akaramba iyezvino kuteerera murairo wangu, zvirokwazvo achapinda mujere, uye zvirokwazvo achava umwe wevakadzikisirwa."

33. Iye (Josefa) akati: "Tenzi vangu! Jere rakandinakira kudarika izvo zvavari kundidaidzira kwazviri. Uye kana mukasandidzivirira kubva muhurongwa hwavo, ndichava ndinorerekera kwavari, uye ndova uyo weavo vasina ruzivo (vatadzi)."

34. Naizvozvo Tenzi vake vakapindura chikumbiro chake, vakamunzvengesa kubva muhurongwa hwavo. Zvirokwazvo, ndivo vanonzwa zvese, vanoziva zvese.

35. Nokudaro vakaona mushure mekunge vaona humboo (wekushaya kwake mhosva), kuti zvirokwazvo vamuise mujere kwekanguva.

36. Uye akapinda mujere nevarume vechidiki vaviri. Mumwechete wavo akati: "Zvirokwazvo, ndaona (muhope) ndichisvina waini." Uye umwe akati: "Zvirokwazvo, ndaona (muhope) ndakasenga chingwa nemusoro, asi shiri dzanga dzichidya kubva kwachiri." (Vakati): "Tiudzewo zvinoreva izvi. Zvirokwazvo, tinopfunga kuti uri umwe wevanoita zvakanaka."

37. Iye (Josefa) akati: "Hakuna chokudya chichauya kwamuri muchipihwa sekudya kwenyu, asi ndichakuudzai zvadzinoreva (hope) chisati chauya (chokudya). Izvi ndizvo Tenzi vangu zvavandidzidzisa. Zvirokwazvo, ndakasiya chitendero chevanhu vasingatendi muna Allah uye havatendi muhupenyu hwamangwana (vanhu vekuKenani vaive kuEgypt avo vainamata zuva nevamwe vanamwari venhema)."

38. "Uye ndikatevera chitendero chemadzibaba angu, Abrahamu, Isaka, naJakobho, uye hatifi takasanganisa zvimwe zvinhu naAllah. Izvi zvinobva kunyasha dzaAllah kwatiri uye kuvanhu vose, asi vanhu vazhinji havatendi (havatendi muna Allah kana kuvanamata)."

39. "Imi shamwari mbiri dzemujere! Vanamwari vakawanda vari nani here kupfuura Allah, vamwechete, vasingakundiki?"

40. "Zvamunonamata zvisiri ivo (Allah) anongova mazita chete amakatumidza imi nemadzibaba enyu, izvo pamusoro pazvo Allah havana kudzikisa murairo (masimba). Kuraira hakuzi komumwe kunze kwaAllah. Vakakomekedza kuti musava mununamata zvimwe zvinhu kunze kwavo (voga). Ichi ndicho chitendero chakatwasuka (chechokwadi), asi vanhu vazhinji havazivi."

41. "Imi shamwari mbiri dzemujere! Umwe pakati penyu achadirira waini mambo vake kuti vamwe; asi umwe acharoverwa (pamuchinjikwa) uye shiri dzichadya kubva mumusoro make. Uhu ndiwo hurongwa hwatongwa maererano nezvamanga muchibvunza."

42. Uye akati kune uyo waaiziva kuti aizonunurwa pakati pavo: "Undirangarirewo pamberi pamambo vako (kuti ndive ndinobuda mujere)." Asi Satani akaita kuti ave anokanganwa kumurangarira pamberi pamambo vake. Nokudaro (Josefa) akagara mujere kwemakore (mamwe) mashoma.

43. Uye mambo (wekuEgypt) vakati: "Zvirokwazvo, ndaona (muhope) mombe nomwe dzakasimba dzichidya dzimwe nomwe dzakawonda, uye nemiguri minomwe yechibage inyoro uye neimwe



الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

minomwe yakaoma. Imi vanoremekedzwa! Nditsanangurireiwo hope dzangu, kana muchikwanisa kutsanangura hope.”

44. Ivo vakati: “Hope dzenhema dzakasanganiswa, uye hatina hunyanzvi wekutsanangura hope.”

45. Nokudaro murume weavo vaiva vabudiswa (kubva mujere pavaviri vaya) akarangarira mushure menguva refu uye akati: “Ndichakuudzai zvadzinoreva, nokudaro nditumei (kuna Josefa).”

46. (Uye akati): “Iwe Josefa, murume wechokwadi! Titsanangurirewo (hope) dzemombe nomwe dzakasimba dzichidya dzimwe nomwe dzakawonda, uye miguri minomwe inyoro yechibage neimwe minomwe yakaoma, kuti ndive ndinodzokera kuvanhu, uye kuti vave vanoziva.”

47. (Josefa) akati: “Kwemakore manomwe akatevedzana muchakohwa senguva dzose, uye goho iroro risiyei mumashizha aro (risina kufururwa), kunze kwezvishoma zvazvo zvamuchadya.”

48. “Mushure mazvo kuchauya makore manomwe akaoma, ayo achadya zvamakaachengetedzera, kunze kwezvishoma zvamakachengetedza.”

49. “Uye mushure mezvo kuchauya gore mariri vanhu vachawana mvura yakawanda, uye mariri vachasvina (doro nemafuta).”

50. Uye mambo akati: “Muunzei kwandiri!” Asi paakauya mutumwa kwaari, (Josefa) akati: “Dzokera kuna mambo vako uye unovabvunza kuti: ‘Chii chakaitika kuvakadzi vekuzvicheka maoko avo? Zvirokwazvo, Tenzi vangu (Allah) vanoziva zvikuru hurongwa wavo (vakadzi ivavo).’”

51. (Mambo) vakati (kuvakadzi): “Nyaya yenyu yanga iri yei pamaida kunyengedza Josefa?” Vakadzi vakati: “Allah ngavatidzivirire! Hatina chakaipa chatinoziva pamusoro pake!” Mukadzi waAziz akati: “Iyezvino chokwadi chabuda pachena; ndini ndaida kumunyengedza, uye zvirokwazvo ari pachokwadi.”

52. (Josefa akati: “Ndakumbira ongorora iyi) Kuti (Aziz) ave anoziva kuti zvirokwazvo ini ndaisamunyengedza asipo. Uye zvirokwazvo, Allah havatungamiriri hurongwa hwevanyengedzi.”

53. “Uye handisi kuzvisunungura pachangu (kubva kumhosva). Zvirokwazvo, moyo (munhu) unorerekera kuzvitadzo, kunze kwekuti Tenzi vangu vadzikisa tsitsi dzavo (kune wavanoda). Zvirokwazvo, Tenzi vangu ndivo vane ruregerero rwose, vane nyasha zhinji.”

54. Uye mambo vakati: “Muunzei kwandiri kuti ndimuite hwepedyo neni.” Nokudaro pavakataura naye, vakati: “Zvirokwazvo, zuva ranhasi uri nesu pachinzvimbo chepamusoro uye tinovimba (newe) zvikuru.”

55. Josefa akati: “Ndiisei panochengeterwa zviwanikwa zvenyika, zvirokwazvo, ndichazvichengetedza neruzivo rwepamusoro (segurukota rezvemari reku Egypt).”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

56. Aya ndiwo mapiro atakaita Josefa hukuru (chinzvimbo) munyika, kutora chinzvimbo mairi, paanoda kana kwaanoda. Tinodzikisa nyasha dzedu kune watinoda, uye tinoita kuti mubairo wevakanaka usarasike.

57. Uye zvirokwazvo, mubairo hweupenyu hunotevera huri nani kune avo vanotenda uye vachitya Allah (vosiya zvese zvakaipa uye voiita zvese zvakanaka).

58. Uye madzikoma aJosefa akauya uye vakapinda maakanga ari, uye akavaziva, asi ivo havana kumuziva.

59. Uye paakavagadzirira chikafu chavo (chavaida), iye akati: "Ndiunzirei mukoma wenyu kubva kuna baba venyu (Benjamini). Hamuzvioni here kuti ini ndinopa mupimo wakakwana, uye ndiri nyanzvi pakubata zvakanaka vaenzi?"

60. "Asi kana mukasamuunza, pachange pasina chipimo chenyu kubva kwandiri, uye musauya padyo neni."

61. Vakati: "Tichaedza kukumbira mvumo kuna baba vake, uye zvirokwazvo tichazviita."

62. Uye (Josefa) akaudza varanda vake kuti vaise mari yavo (yavanga vashandisa kutenga nayo) mumasaga avo, kuti vagozviziva kana vadzokera kuvanhu vavo, zvimwe vangadzoka zvakare.

63. Pavakadzokera kuna baba vavo, vakati: "Imi baba vedu! Hakuna chipimo chechokudya chatichakwanisa kuwana (kunze kokuti tikaenda naBenjamini). Nokudaro titumirei pamwechete nemukoma wedu, uye tichawana chipimo chedu uye tichamuchengetedza."

64. Iye (Jakobho) akati: "Ndingakuvimbai here naye (Benjamini) sekukuvimbai kwandakaita nemukoma wake (Josefa) nguva yapfuura? Asi Allah ndivo muchengetedzi mukuru, uye vane tsitsi dzose kune avo vanoratidza tsitsi."

65. Uye pavakavhura masaga avo, vakawana mari yavo yadzoserwa kwavari. Vakati: "Imi baba vedu! Chii chatinoda? Iyi imari yedu yadzoswa kwatiri, nokudaro tichawana (zvakawanda) zvokudya zvemhuri yedu, uye tichachengetedza mukoma wedu uye kuwedzera chipimo chokutakurwa nengamera imwechete. Huwandu uhu hauna kuoma (kuna mambo kuti atipe)."

66. (Jakobho) akati: "Handimbomutumire pamwechete nemi kusvika mapika zvakasimba pamberi pangu nezita raAllah, kuti muri kudzoka naye kwandiri kunze kwekuti maunganirwa (nevavengi)." Uye pavakapika zvakasimba, iye (Jakobho) akati: "Allah ndivo mufakazi wezvatataura."

67. Uye akati: "Imi vana vangu! Musava munopinda nemusuwo mumwechete, asi mopinda nemisuwo yakasiyana, uye handikwanisi kukudzivirirai kuna Allah nechimwe chinhu. Zvirokwazvo, mutongo tinousiira kuna Allah. Kwavari ndinovimba, uye regai vose vanovimba vavimbe navo."

68. Uye pavakapinda sekurairwa kwavakange vaitwa nababa vavo, hazvina kuvavharidzira chimwe chinhu kuna Allah, asi chaive chido chemukati-kati chemumoyo waJakobho chaakabuditsa. Uye zvirokwazvo, akanga ane ruzivo nokuti takamudzidzisa, asi vanhu vakawanda havazive.

69. Uye pavakapinda maiva naJosefa, akatora mukoma wake (Benjamini) uye akati: "Zvirokwazvo, ndiri mukoma wako, saka usashushikane nezvavaigaro ita."

70. Nokudaro paakavapa chikafu chavo, akaisa ndiro (yerudzi rwendarama) musaga remukoma wake (Benjamini). Nokudaro musheedzi akasheedza: "Imi muri mungoro! Zvirokwazvo, muri mbavha!"

71. Vakacheukira kwavari, vakati: "Ndechipiko chamashaya?"

72. Ivo vakati: "Tashaya ndiro (yerudzi rwendarama) yamambo, uye kune uyo anoiwana (kune mubairo) wechikafu chinotakurwa nengamera; uye ndichachengetedza vimbiso iyi."

73. Ivo vakati: "Tinopika naAllah! Zvirokwazvo, munoziva kuti hatina kuuya kuzokonzera musikanzwa munzvimbo, uye hatizi mbavha!"

74. Ivo (vakomana vaJosefa) vakati: "Saka mubairo wake (uyo anowanika nendiro) uchange wakaita sei, kana muri vanyepi?"

75. Ivo (madzikoma aJosefa) vakati: "Murango wake ndeuyu, uyo musaga rake muchawanika (ndiro), anofanira kusarira mutongo (wake). Ndiwo marangiro atinoita vaiti vezvakaipa!"

76. Nokudaro (Josefa) akatanga (kutsvaga) mumasaga avo asati musaga remukoma wake. Nokudaro akaibuditsa musaga remukoma wake. Aya ndiwo marongero atakaitira Josefa. Akanga asingakwanisi kutora mukoma wake nemutemo wamambo (semuranda) kunze kwekuti Allah vazvida. Tinokwidziridza zvinhanho watinoda, asi pamusoro pevose vane ruzivo pane muzivi wezvose (Allah).

77. Ivo (madzikoma aJosefa) vakati: "Kana aba, zvirokwazvo mukoma wake (Josefa) akamboba kare." Asi Josefa akazviviga maari, uye haana kuzvibuditsa kwavari. Akati: "(Maari) Muri panhaurwa yakaipa, uye Allah ndivo muzivi wezvose zvamatsanangura!"

78. Vakati: "Imi Aziz (mutongi wenzvimbo)! Zvirokwazvo, ana baba vachembera, nokudaro torai mumwe wedu pachinzvimbo chake. Zvirokwazvo, tinofunga kuti muri umwe wevaiti vezvakanaka."

79. Iye (Josefa) akati: "Allah ngavarambidze kuti tive tinotora umwe, asi kutora watawana nechinhu chedu. Zvirokwazvo (kana tikadaro), tingave vaiti vezvakaipa."

80. Nokudaro, pavakarambirwa naye (Josefa), vakasangana pachihwande. Mukoma wavo mukuru akati: "Hamuzivi here kuti baba venyu vakatora kupika kwenyu nemuzita raAllah, uye mushure makatadza mubasa renyu naJosefa? Nokudaro handisikubuda munyika ino kusvika baba vangu vanditendera, kana kuti Allah vatonga panyaya yangu (nekuregedza Benjamini), uye ndivo mutongi wakanaka."

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

81. “Dzokerai kuna baba venyu uye moti: ‘Imi baba vedu! Zvirokwazvo, mwana wenyu (Benjamini) akaba, uye tinopa huchapupu chete maererano nezvatinoziva, uye hatina kukwanisa kuona zvakavanzika!’

82. ‘Uye bvunzai (vanhu) veguta ratanga tiri, uye ngoro yatadzoka nayo, uye zvirokwazvo tiri kutaura chokwadi.’”

83. Iye (Jakobho) akati: “Asi hunhu hwenyu hwakupinzai mune zvimwe. Nokudaro moyo murefu ndowakanaka. Pamwe Allah vachavadzosa (vose) kwandiri. Zvirokwazvo, ivo ndivo voga muzivi wezvose, vane huchenjeri hwese.”

84. Akatendeuka kubva kwavari uye akati: “Aah, marwadzo angu aJosefa!” Uye akarasikirwa nekuona nokuda kwekushushikana kwaakange achikudzora.

85. Vakati: “Tinopika naAllah! Hamufi makaguma kufunga Josefa kusvika musisina simba nekuchembera, kana kuti mave umwe wevafi.”

86. Iye akati: “Ndinogunun’una marwadzo nekushushikana kwangu kuna Allah, uye ndinoziva kubva kuna Allah zvamusingazivi.”

87. “Imi vana vangu! Endai munotsvaga nezvaJosefa namukoma wake, uye musafe marasa tariro dzetsitsi dzaAllah. Zvirokwazvo, hakuna anorasa tariro dzetsitsi dzaAllah, kunze kwevanhu vasingatendi.”

88. Nokudaro pavakapinda maiva naJosefa vakati: “Imi mutongi wenyika! Nguva yakaoma yatisvikira uye mhuri yedu, uye taunza mubhadharo wenhando, nokudaro tipei chipimo chakazara uye ivai mupi kwatiri. Zvirokwazvo, Allah vanopa mubairo vapi vezvipo.”

89. Iye akati: “Munoziva here zvamakaita naJosefa nemukoma wake pamakange musingazivi?”

90. Ivo vakati: “Zvirokwazvo, ndiwe here Josefa?” Iye akati: “Ndini Josefa, uye uyu mukoma wangu (Benjamini). Zvirokwazvo, Allah vane tsitsi nesu. Zvirokwazvo, uyo anotya Allah uye aine moyo murefu, nokudaro, zvirokwazvo Allah havaiti mugove wevaiti vezvakanaka kuti urasike.”

91. Vakati: “Tinopika naAllah! Zvirokwazvo, Allah vakusarudza iwe kwatiri, uye zvirokwazvo taive tiri vatadzi.”

92. Iye (Josefa) akati: “Hakuna raidzo kwamuri zuva ranhasi; Allah ngavakuregererei, uye ndivo (Allah) vane tsitsi dzose pakati peavo vanoratidza tsitsi!”

93. “Endai nehembe yangu iyi, uye moikanda pamberi pechiso chababa vangu, vachatanga kuona, uye ndiunzirei mhuri yenyu yose.”

94. Uye pakasvika ngoro, baba vavo vakati: “Ndirikunzwa zvirokwazvo munhuwi waJosefa, ndokunge musingafunge kuti ndachembera.”

95. Vakati: “Topika naAllah! Zvirokwazvo, muri mukurasika kwenyu kwekare.”



الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

96. Nokudaro, apo pakauya musengi wemashoko akanaka, akaikanda pamberi pechiso chavo, uye vakatanga kuona zvakanaka. Iye (Jakobho) akati: “Handina here kuti kwamuri ndinoziva kubva kuna Allah izvo zvamusingazivi.”

97. Vakati: “Imi baba vedu! Tikumbirireiwo ruregerero (kuna Allah) pazvitadzo zvedu. Zvirokwazvo, tanga tiri vatadzi.”

98. Iye akati: “Ndichakukumbirirai ruregerero kuna Tenzi vangu, zvirokwazvo, ivo chete ndivo vane ruregerero rwose, vane tsitsi dzakanyanya.”

99. Nokudaro pavakapinda kwaiva naJosefa, akatora vabereki vake akati: “Pindai Egypt, kana Allah vachida, nechengetedzo.”

100. Uye akasimudzira vabereki vake pachigaro chehutongi uye vakava vanomupfugamira. Iye akati: “Imi baba vangu! Iyi ndiyo tsanangudzo yehope dzangu dzekare! Tenzi vangu vadziita dzechokwadi! Uye vanga vakandinakira apo pavakandibuditsa mujere, uye vakakuunzai (imi mose) kubva muhupenyu hwekumusha, mushure mekunge Satani akanda ruvengo pakati pangu nemadzikoma angu. Zvirokwazvo, Tenzi vangu vane tsitsi kuna ani-nani wavanoda. Zvirokwazvo, ivo ndivo chete muzivi wezvose, vane njere dzose.”

101. “Tenzi vangu! Zvirokwazvo, makandipa masimba ehutongi, uye kundidzidzisa zvimwe kubva kukududzira hope. Musiki wedenga nenyika! Muri muchengeti wangu pano pasi nehupenyu hwamangwana. Itai kuti ndife ndiri muMuslim (uyo anozvipira kutevedzera mirairo yenyu), uye ndibatanidzei nevatsvene.”

102. Idzi ndidzo nhaurwa dzakavanzika dzatinokuzarurira iwe (Muhammad (SAW)). Wakanga usinavo pavakaronga hurongwa hwavo pamwechete, uye pavakanga vachironga.

103. Uye vanhu vazhinji havasi kuzotenda kunyange uchizvishuvira zvakanyanya.

104. Uye hapana mubairo wauri kuvabvunza (Muhammad (SAW)) avo vari kuramba huporofita hwako) kubva pariri (Qur’aan), asi ringori yeuchidzo neyambiro kuvanhu vose.

105. Uye zvingani kubva muzviratidzo zvedenga nenyika zvavanopfuura nazvo, asi vachizvifuratira.

106. Uye vazhinji vavo havatendi muna Allah kunze kwekuti vachivasanganisa (Allah) (nezvimwe zvivanamwari).

107. Vanonzwa here vane chengetedzo kubva mukuputirwa nemarwadzo aAllah, kana kuti kuuya kwavari kwenguva yekupedzisira vakarivara, ivo vasingazivi?

108. Iti (Muhammad (SAW)): “Iyi ndiyo nzira yangu, ndinodana kuna Allah zvine ruzivo, ini naani-nani vanonditevera. Uye rumbidzo ngadzive kuna Allah, uye handisi umwe weavo vanosanganisa (Allah nezvimwe zvinhu mukunamata).

109. Uye hatina kutuma mumashure mako (sevatumwa) kunze kwevarume vataivazarurira (vataipa mashoko) kubva muvanhu vemudunhu. Havasati vambofamba here munyika uye vakaona kuti

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

ndeapi akava magumo evaiva mumashure mavo? Uye zvirokwazvo, imba yehupenyu hwamangwana yakanakira avo vanotya Allah (voita mabasa akanaka uye vosiya akaipa). Ko hamunawo njere here?

110. (Vakaregererwa) Kusvika apo vatumwa vakarasa tarisiro uye vakafunga kuti vakange varambwa (nevanhu vavo), nokudaro rubatsiro rwedu rwakauya kwavari, uye vakanunurwa avo vataida. Uye marwadzo edu haafi akadzivirirwa kubva kuvanhu vasingatendi (vanotadza).

111. Zvirokwazvo munyaya dzavo, mune chidzidzo kuvanhu vanonzwisisa. Iri (Qur'aan) harisi mashoko akakanganiswa, asi chisimbiso cheizvo zvakauya mushure maro (Torah, Vhangeri nemamwe mabhuku), uye tsanangudzo yakazara yezvinhu zvose, uye gwara, uye tsitsi kuvanhu vanotenda.

# CHITSAUKO AR-RA'D

# (MABHANAN'ANA) 13

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Alif – Laam – Meem – Raa**. (Aya mashoko ndemamwe ezvishamiso zviri muQur'aan, uye hapana anoziva zvaanoreva kunze kwaAllah). Idzi ndidzo ndima dzeGwaro (Qur'aan), uye izvo zvadzikiswa kwauri (Muhammad (SAW)) kubva kuna Tenzi vako muchokwadi, asi vanhu vazhinji havatendi.

2. Allah ndivo vakasimudza matenga pasina zvitsigiro zvamunoona. Vakabva vakwira pamusoro pechigaro chehumambo (nenzira inoenderana nehumambo hwavo). Vakaita kuti zuva nemwedzi chimwe nechimwe chazvo chive chino mhanya nenguva yakatarwa. Vanoongorora nekuronga nyaya dzose. Vanotsanangura zviratidzo zvizere, kuti muve nokutenda kwakazara nekuzosanga naTenzi venyu.

3. Uye ndivo vakawaridza nyika, uye vakava vanoisa imomo makomo uye nenzizi, uye vakaisa imomo mhando dzakasiyana-siyana dzemichero zviviri-zviviri (zvitema nezvichena, zvinotapira nezvinovava, zvihombe nezvidiki). Vanoita kuti usiku huve hunofukidza masikati. Zvirokwazvo, muzvinhu izvi, mune humboo kuvanhu vanoongorora.

4. Uye munyika mune tunzvimbo twakavakidzana, nemapindu emagirepi, uye zvirimwa zvinyoro, uye miti yemadheti, inokura iri miviri kana nhatu kubva pamudzi wemuti mumwechete, kana uri muti mumwechete kubva pamudzi umwe, inodiridzirwa nemvura imwe cheteyo, asi mamwe acho tinoita kuti ave akanaka kupfuura mamwe pakudya. Zvirokwazvo, muzvinhu izvi mune humboo kuvanhu vanonzwisisa.

5. Kana (iwe Muhammad (SAW)) uchishamiswa (nevasingatendi vanoramba Islaam), mashoko avo avanotaura anoshamisa zvekare: "Kana tave ivhu, tichamutswa here kuve muzvirokwazvo

chisikwa chitsva?" Ndivo avo vanoramba Tenzi vavo! Ndivo avo vachange vane ngetani dzesimbi dzakasungirira maoko avo muhuro dzavo. Vachava vanhu vekumoto umo vachagara zvachose.

6. Uye vanokubvunza kuti ukasikise zvakaipa, zvakanaka zvisati zvauya, kunyange zvirokwazvo mushure mavo mienzaniso (yakawanda) yemarwadzo yakaitika. Zvirokwazvo, Tenzi vako ndivo vazere neruregerero kuvanhu zvisinei nekutadza kwavo. Uye zvirokwazvo Tenzi vako vane murango wakaomarara.

7. Uye vasingatendi vanoti: "Sei chiratidzo chisingadzikiswi kwaari kubva kuna Tenzi vake?" Uri muyambiri chete, uye vanhu vose vane mutungamiriri.

8. Allah vanoziva zvinotakura mukadzi wega-wega mudumbu, uye kuti nhumbu dzine nguva yasara zvakadii kana kuti yapfuura zvakadii. Uye zvese zvavanazvo zvine muero.

9. Muzivi wezvakavanzika uye zvinooneka, mukuru-kuru, mukuru vekumusoro-soro.

10. Zvakafanana (kwavari) kuti umwe wenyu anoviga mashoko kana kuwabuditsa pachena, kana kuti anohwanda husiku kana kufamba akasununguka masikati.

11. Paari (munhu wega-wega), pane ngirozi dzinochinjana kumberi uye mumashure make. Dzinomuchengetedza nemurairo waAllah. Zvirokwazvo, Allah havachinje mararamiro (akanaka) evanhu kusvika vazvichinja pachavo (nekuita mabasa akaipa). Asi kana Allah vada marwadzo kuvanhu, hakuna kudzorerwa kumashure kwawo (marwadzo), uye havawani kunze kwavo (Allah) mudziviriri mumwe.

12. Ndivo vanokuratidzai imi kupenya (mheni) sechityiso (kuvafambi) uye tarisiro (kune avo vakamirira kunaya kwemvura). Uye ndivo vanounza makore anorema (nemvura).

13. Uye mabhanan'ana anorumbidza nekukudza ivo, uye ngirozi dzinodarowo nekuvatya. Uye vanotumira mheni kuti vave vanorova nayo ani nani wavanoda, asi ivo (vasingatendi) vanopikisa pamusoro paAllah. Uye vane simba rese uye vanoranga zvakaomarara.

14. Ndivo vane shoko rechokwadi (Hapana ane kodzero yekunamatwa kunze kwaAllah). Uye avo vanovadana kunze kwavo (Allah), havavapinduri chimwe chinhu, kufanana nemunhu anotambanudza ruoko rwake (mumucheto metsime rinonyudza) kuti mvura ive inosvika pamuromo wake, asi haisviki kwaari; uye chikumbiro chevasingatendi hapana zviripo asi chinhu chisina basa.

15. Uye kuna Allah (chete) ndokwavanopfugamira vese vari mumatenga uye munyika vachida kana vasingadi, uye mimvuri yavo ndozvainoita mangwanani uye masikati.

16. Iti (iwe Muhammad (SAW)): "Ndiani Tenzi vematenga nenyika?" Iti: "(Ndi) Allah." Iti: "Saka munotora here (pakunamata) vamwe vasiri Allah sevadziviriri, avo vasina simba rokuzvibetsera kana kuzvikuvadza pachavo?" Iti: "Bofu rakafanana here neuyo anoona? Kana rima (rakafanana here) nechiedza? Kana kuti vanosanganisa naAllah vamwe vanosika zvakafanana nezvakasikwa

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

naAllah, nokudaro zvisikiwa zvacho zvakafanana kwavari?" Iti: "Allah ndivo musiki wezvose zvinhu, uye vamwechete, vane masimba (vasingakundwi)."

17. Vanotumira kubva kudenga mvura, uye nzizi dzinoyerera nechipimo chadzo, asi mapfashamu anokukura mafuro (epamusoro pevhu), uye kubva pa (chicherwa) chavanopisa mumoto kuti vave vanogadzira hukoshwa kana midziyo, inosimudza furo rakafanana nayo. Aya ndiwo maitiro aAllah mukutiratidza chokwadi uye manyepo. Nokudaro furo rinoenda sezvarinoita kumucheto erwizi. Asi izvo zvakanakira ruzhinji zvinosara munyika. Aya ndiwo mapiro anoita Allah maparabhuro (mienzaniso).

18. Avo vanodavira kusheedza kwaTenzi vavo (vakatenda muIslaam), vachawana zvakanaka (Paradhiso). Uye avo vasingadavire kusheedza kwavo (Tenzi), kunyange vakava nezvese zviri munyika nezvakafanana neizvozvo, vaizvipa kuti vazvinunure (kubva kumarwadzo aAllah, asi zvaishaiwa basa). Vakadaro vachatongwa (bvunzurudzwa) zvakaomarara. Uye nzvimbo yavo yokugara ichave Gehena. Inzvimbo yakaipisisa yekuzororera.

19. Uye anoziva izvo zvakadzikiswa kwauri (iwe Muhammad (SAW)) kubva kuna Tenzi vako kuti ichokwadi, akafanana here nebofu? Zvirokwazvo, avo vane nzwisiso ndivo vanorangarira.

20. Avo vanozadzisa chibvumirano chaAllah uye vasingachiputse.

21. Uye avo vanobatanidza izvo zvakakomekedzwa kuti zvibatanidzwe naAllah (vanochengetedza hukama), uye vanotya Tenzi vavo, uye kubvunzurudzwa kwakaomarara (pazuva rokutongwa).

22. Uye avo vanoramba vakatsungirira vachitsvaga kufadza Tenzi vavo, vachiita munamato, uye vachishandisa izvo zvatakavapa muchihwande uye pachena, uye vachidzivirira zvakaipa kuburikidza nezvakanaka, vakadaro vachawana magumo akanaka.

23. Paradhiso ravachapinda uye (zvekare) avo vaiita mabasa akanaka pakati pemadzibaba avo, uye vakadzi vavo, uye vana vavo. Uye ngirozi dzichapinda kwavari nemisuwo yese (dzichiti):

24. "Salaamun Alaykum (Rugare ngaruve kwamuri) nekutsungirira kwenyu! Zvirokwazvo, imba yokupedzisira yakanaka zvikuru!"

25. Uye avo vanoputsa chibvumirano chaAllah mushure mokuwirirana kwacho, uye vachityora izvo zvakarairwa naAllah kuti zvibatanidzwe (Hukama), uye vachiita mabasa akaipa munyika, kwavari kune kurengerwa (kutukwa), uye vachawana imba isina mufaro (Gehena).

26. Allah vanowedzera raramo kuna ani wavanoda kana kudzora (kuderedza), uye vobva vafara muhupenyu hwepanyika, asi iwo hupenyu hwepanyika tichiufananidza nehupenyu hwamangwana kamufaro kadiki (kanopfuura).

27. Uye avo vasingatendi vanoti: "Sei chiratidzo chisingadzikiswi kwaari (Muhammad (SAW)) kubva kuna Tenzi vake?" Iti: "Zvirokwazvo, Allah vanotsaudzira ani nani wavanoda uye vanotungamirira avo vanodzokera kwavari (Allah) vachikumbira ruregerero."

28. Avo vanotenda (muIslaam), uye moyo yavo inogadzikana nekurangarira Allah. Zvirokwazvo, mukurangarira Allah ndimo munowana moyo zororo.

29. Avo vanotenda (muIslaam), uye voita mabasa akanaka, mufaro wese uchave kwavari nenzvimbo yakanaka yokudzokera (Paradhiso).

30. Saizvozvo takutumira iwe (Muhammad (SAW)) kuvanhu avo vamwe vanhu (marudzi) vakapfuura mushure mavo, kuti uve unovaverengera izvo zvatakuzarurira, asi ivo varimukusatenda muna muzvina tsitsi dzakanyanya (Allah). Iti: "Ndivo Tenzi vangu! Laa ilaaha illaa Huwa (Hapana chinokodzera kunamatwa kunze kwavo)! Kwavari ndinoisa vimbo yangu, uye kwavari ndiko kwandinodzokera ndichikumbira ruregerero."

31. Uye dai zvirokwazvo pane Qur'aan rinoita kuti makomo afambe, kana kuti nyika itsemuke, kana kuti vakafa vataure (pasina rimwe kunze kweQur'aan rino). Asi zvirokwazvo mirairo yezvinhu zvose ina Allah. Nokudaro avo vanotenda havazizivi here kuti dai Allah vachida, vaitungamirira vanhu vose? Uye kuparadzwa hakugumi kuvawira avo vasingatendi nokuda kwemabasa avo (akaipa), kana kuti (kuparadzwa) kunogara padyo nedzimba dzavo, kusvika chivimbiso chaAllah chaitika. Zvirokwazvo, Allah havaputsi chivimbiso chavo.

32. Uye zvirokwazvo vatumwa (vakawanda) vakashoropodzwa (vakasekwa) mushure mako (Muhammad (SAW)), asi ndakavapa nguva yokurarama avo vasingatendi, uye pakupedzisira ndakavaranga. Saka change chakaita sei chirango changu!

33. Saka (Allah) vanochengetedza munhu wese uye vanoziva zvaanowana (vakafanana here navanamwari vasingazivi chinhu)? Asi vanosanganisa Allah nezvimwe zvinhu. Iti: "Vataurei mazita avo! Ndizvo here kuti muchavaudza (Allah) zvavasingazivi munyika kana kuti kushamisira nemashoko enhema." Asi kune avo vasingatendi, zvirongwa zvavo zvakaitwa kuti zvioneke sezvakanaka, uye vakavharirwa kunzira yakatwasuka, uye uyo Allah vanomuita kuti arasike, hapana angamutungamirire.

34. Kwavari marwadzo muhupenyu hwepano pasi, uye zvirokwazvo, marwadzo ehupenyu hwamangwana akanyanya. Uye havana mudziviriri pamberi paAllah.

35. Mufananidzo weParadhiso iro rakavimbiswa vatsvene: Muzasi maro mune nzizi dzinoerera, chokudya chemo hachiperi uye mvuri wayo; aya ndiwo magumo evatsvene, uye magumo evasingatendi moto (Gehena).

36. Uye avo vatakapa Bhuku (vakafanana naAbdullah bin Salaam nemamwe maJudha vakagamuchira chitendero cheIslaam) vanofarira izvo zvatakadzikisa kwauri (Qur'aan), asi mune vamwe pakati pemubatanidzwa (wemaJudha nevasingatendi) avo vanoramba chidimbu charo. Iti (Muhammad (SAW)): "Zvirokwazvo, ndakakomekedzwa kunamata Allah chete, kwete kusanganisa zvimwe navo. Kwavari (chete) ndinodana uye kudzokera kwangu kuchange kuri kwavari."

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

37. Uye nokudaro takaritumira (Qur'aan) pasi kuti rive rinotonga mururimi rwechiArabhu. Uye zvirokwazvo, ukatevera (Muhammad (SAW)) zvido zvavo mushure mekunge ruzivo rwauya kwauri, hauzowani (kana ukadaro) muchengetedzi kana mudziviriri pamberi paAllah.

38. Uye zvirokwazvo, takatumira vatumwa mushure mako (Muhammad (SAW)), uye tikavapa madzimai uye nevana. Uye zvakanga zvisiri kumutumwa kuunza chiratidzo kunze nekuda kwaAllah. Pachinhu chose pane murairo (kubva kuna Allah).

39. Allah vanobvisa zvavanoda nekusiya zvakadaro (zvavanoda). Uye kwavari ndiko kuna Amai veBhuku (Al-Lauh al-Mahfoodh).

40. Kunyangwe (iwe Muhammad (SAW)) tikakuratidza chidimbu chezvatakavavimbisa kana kuita kuti ufe, basa rako chete ndere kusvitsa (Shoko), uye tisu tichabvunzurudza (tichatonga).

41. Havazvioni here kuti tirikutapudza nzvimbo (dzevatadzi tichidzipa vatendi kuburikidza mukukunda kwavo muhondo) kubva mumiganhu yadzo. Uye Allah ndivo mutongi, hakuna anodzora mumashure mutongo wavo, uye (Allah) vanokurumidza mukutonga.

42. Uye zvirokwazvo, avo vaiva mumashure mavo vakaronga, asi hurongwa hwese ndehwaAllah. Vanoziva zvinowanikwa nemunhu wese, uye vasingatendi vachaziva kuti ndiani achawana magumo akanaka.

43. Uye avo vasingatendi vanoti: "Iwe (Muhammad (SAW)) hausi mutumwa." Iti: "Allah vakakwana semufakazi pakati penyu neni, uye neavo vane ruzivo rweBhuku (saAbdullah bin Salaam nemamwe maJudha nemaKristu vakatambira chitendero cheIslaam)."

# CHITSAUKO IBRAHIM

# (MUPOROFITA ABRAHAMU) 14

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Alif – Laam – Raa**. (Aya mashoko ndemamwe ezvishamiso zviri muQur'aan, uye hapana anoziva zvaanoreva kunze kwaAllah). (Iri i) Bhuku ratadzikisa kwauri (iwe Muhammad (SAW)) kuti uve unobuditsa vanhu kubva murima (Kusatenda) uchivaisa muchiedza (Islaam) nekuda kwaTenzi vavo, munzira yemukuru wezvose, muridzi werumbidzo.

2. Allah ndivo muridzi wezvose zviri mumatenga nepano pasi! Uye matambudziko kune avo vasingatendi kubva kumutongo wakaomarara.

3. Avo vanosarudza hupenyu hwepano pasi pane hwemangwana, uye vanodzivirira (vanhu) nzira yaAllah (Islaam), uye vanoda kuti ive yakaipa (yakatsweyama). Vakadaro vakarasika zvikuru.

4. Uye hatina kutumira mutumwa kunze nemutauro wevanhu vake, kuti avajekesere (mashoko). Uye Allah vanorasisa ani nani wavanoda uye vanoratidza gwara ani nani wavanoda. Uye ndivo samasimba ose, vane huchenjeri hwese.

5. Uye zvirokwazvo, takatumira Musa nezviratidzo zvedu (tichiti): "Buritsa vanhu vako murima uchivapinza muchiedza, uye varangaridze makomborero aAllah. Zvirokwazvo, maari mune zviratidzo kune wese ane moyo murefu nekutenda."

6. Uye (rangarira) Musa paakati kuvanhu vake: "Rangarirai makomborero aAllah kwamuri, apo vakakubuditsai kubva kuvanhu vaFarawo avo vaikutambudzai nemarwadzo akaomarara, vachiuraya vanakomana venyu vachisiya vanasikana venyu; uye mazviri maive nemuedzo mukuru kubva kuna Tenzi venyu."

7. Uye (rangarira) apo Tenzi venyu vakati: "Kana mukatenda (nekunamata Allah chete), zvirokwazvo, ndichakuwedzerai (makomborero angu); asi kana mukasatenda, zvirokwazvo mutongo wangu wakaomarara."

8. Uye Musa akati: "Kana mukasatenda imi nevanhu vese vari munyika, zvirokwazvo, Allah havana chavanoda, muridzi werumbidzo dzose."

9 Nhau dzeavo vaivepo musati mavapo hadzina kukusvikirai here? Vanhu vaNowa, uye maAad uye maThamood? Uye neavo vakavatevera? Hapana anovaziva kunze kwaAllah. Vatumwa vavo vakauya kwavari nemirairo iri pachena, asi vakapinza maoko avo mumiromo (nokuda kwekutsamwa) uye vakati: "Zvirokwazvo, hatitendi kune izvo zvamatumwa nazvo, uye hatigutsikani zvikuru neizvo zvamunotikokera kwazviri (Islaam)."

10. Vatumwa vavo vakati: "Pangava sei nekusagutsikana naAllah, Musiki wematenga nenyika? Vanokudanai (kuIslaam) kuti vave vanokuregererai zvitadzo zvenyu uye kukupai nguva yekurarama kwenguva yakatarwa." Vakati: "Hausi umwe munhu mukuru wakangofanana nesu! Uri kushuvira kutitendeudza kubva kune izvo zvainamatwa nemadzibaba edu. Nokudaro tipei humboo huri pachena."

11. Vatumwa vavo vakati: "Zvirokwazvo, tiri vanhu vakafanana nemi, asi Allah vanopa nyasha dzavo kuna ani-nani wavanoda kuvaranda vavo. Hazvisi kwatiri kuti tikuunzirei humboo kunze nekuda kwaAllah. Uye regai vatendi vavimbe naAllah."

12. "Uye torega sei kuisa chivimbo chedu muna Allah mushure mekunge zvirokwazvo vatitungamirira munzira yedu? Uye zvirokwazvo ticharamba takatsungrira marwadzo ese amungaite kwatiri. Uye muna Allah regai vanovimba vavimbe."

13. Uye avo vasingatendi vakati kuvatumwa vavo: "Zvirokwazvo, tichakubuditsai munyika medu, kana kuti zvirokwazvo muchadzoka kuchitendero chedu." Nokudaro Tenzi vavo vakavazarurira (vakavaudza kuti): "Zvirokwazvo, tichaparadza vaiti vezvakaipa."

14. "Uye zvirokwazvo, tichakuitai vagari vemo mushure mavo. Izvi ndezvekune uyo anotya kumira pamberi pangu (pazuva rekutongwa) uye kutya kutyityidzira kwangu."

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

15. Uye (vatumwa) vakatsvaga rubatsiro (kubva kuna Tenzi vavo (Allah)); uye mudzvinyiriri wese anozvitutumadza nekusateerera akaparadzwa.

16. Kumberi kwake (mudzvinyiriri) kune Gehena, uye achaitwa kuti anwe mvura inofashaira (inopisa).

17. Achaidzvuta asingadi, uye zvichamuomera zvikuru kuti aimedze pahuro pake, uye rufu ruchauya kwaari nemativi ose, asi hazombofi uye pamberi pake pachange paine murango wakaomarara.

18. Muenzaniso (Parabhuro) yeavo vasingatendi muna Tenzi vavo, mabasa avo akafanana nemadota, zvokuti apo panovhuvhuta mhepo zvakasimba pazuva rokuvhuvhuta havazokwanisi kuwana chero chii zvacho pane zvavakaita. Uku ndiko kurasika kuri kure kure (nenzira yakatwasuka).

19. Hauoni here kuti zvirokwazvo Allah ndivo vakasika matenga nenyika zvechokwadi? Kana vakada vanokwanisa kukubvisai uye (pachinzvimbo chenyu) vounza chisikwa chitsva!

20. Uye kuna Allah izvi hazvivavomeri.

21. Uye vose vachamira pamberi paAllah (pazuva rokutongwa), nokudaro avo vasina simba vachati kune avo vaizvitutumadza (madzimambo): "Zvirokwazvo, taitevera imi, saka munokwanisa here kutidzivirirawo chero nechii zvacho kubva kumarwadzo aAllah?" Vachati: "Dai Allah vakatipa gwara, dai takakutungamirirai. Zvakangofanana nesu (iyezvino) kushaya tarisiro, kana kutsungirira, hatina nzvimbo yokutizira."

22. Uye Satani achati kana nyaya yatongwa: "Zvirokwazvo, Allah vakakuvimbisai vimbiso yechokwadi. Uye neniwo ndikakuvimbisai, asi ndakakurasisai. Ndakanga ndisina simba pamusoro penyu kunze kwekuti ndakakudanai mukandidavira. Nokudaro musandinenedzere, asi zvinenedzerei pachenyu. Handikwanisi kukubatsirai, kana imi kundibatsirawo. Ndinoramba muitiro wenyu wakare wokundisanganisa naAllah (nekunditeerera muhupenyu hwepasi). Zvirokwazvo, kune mutongo wakaomarara kuvaiti vezvakaipa."

23. Uye kune avo vaitenda (muIslaam) nokuita mabasa akanaka, vachapinzwa muParadhiso iro rinoyerera mvura pasi paro, umo vachagara zvachose kuburikidza nekuda kwaTenzi vavo. Kumhoresana kwavo imomo kuchange kuri: "Salaam (Runyararo)!"

24. Hauoni here kuti Allah vanopa sei muenzaniso? Shoko rakanaka rakafanana nemuti wakanaka, midzi yawo yakabatirira zvakanyanya, uye mapazi awo anobata denga.

25. Uchipa michero yawo nguva dzose nokuda kwaTenzi wawo, uye Allah vanopa mienzaniso kuvanhu kuti vave vanorangarira.

26. Uye muenzaniso weshoko rakashata wakafanana nemuti wakaipa wakadzurika kubva muivhu renyika, usina kutsigira.

27. Allah vanotsigira (vanosimbisa) avo vanotenda neshoko rine simba muhupenyu hwepasi pano, uye muhupenyu hwemangwana. Uye Allah vanoita kuti vasingatendi (vaiti vezvakaipa) varasike. Uye Allah vanoita zvavanoda.



الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

28. Hauna kuona here avo vakashandura makomborero aAllah kuva kusatenda (nekuramba Muporofita Muhammd (SAW)), uye vakaita kuti vanhu vavo vapinde muimba yokuparadzwa?

29. Gehena, kwavachatsvira, uye inzvimbo yakaipa yokugara!

30. Uye vakarongera Allah vapikisi kuti vave vanobuditsa (vanhu) munzira yavo (Allah)! Iti: "Farai (nekahupenyu kenyu kapfupi)! Asi zvirokwazvo, magumo enyu imoto (Gehena)!"

31. Iti (Muhammad (SAW)) kuvaranda vangu avo vakatenda, kuti vave vanoita munamato (Swalaah), uye kupa kubva kune izvo zvatakavapa muchihwande uye pachena, risati rasvika zuva iro risina kutengeserana kana ushamwari.

32. Allah ndivo vakasika matenga nenyika uye vanotumira mvura kubva kudenga, uye kubva mairi munobuda michero sechikafu chenyu; uye vakakugadzirirai ngarava idzo dzinofamba pamusoro pemvura nemurairo wavo; uye vakakugadzirirai nzizi.

33. Uye vakakugadzirirai zuva uye mwedzi, izvo zvinotevedza nzira yazvo, uye vakava vanokugadzirirai husiku nemasikati.

34. Uye vakava vanokupai zvese zvamunovakumbira, uye kana mukati muverenge makomborero aAllah, hamufi makakwanisa kumaverenga. Zvirokwazvo, munhu mukuru wekuita zvakaipa, nekusatenda.

35. Uye (rangarira) apo Ibrahim (Abrahamu) akati: "Imi Tenzi vangu! Itai kuti Guta iri (Makkah) rive rine runyararo uye kugadzikana, uye ndichengetedzei uye nevanakomana vangu mukunamata zvidhori."

36. "Imi Tenzi vangu! Zvirokwazvo, zvarasisa vanhu vakawanda munyika. Asi ani nani achanditevera, zvirokwazvo ndewangu. Uye ani nani asinganditeereri, magara muzvirokwazvo mune ruregerero rwese, netsitsi dzose."

37. "Imi Tenzi vedu! Ndaita kuti vamwe vevana vangu vagare mubani risingarimike padyo nemba yenyu tsvene (Ka'abah iri kuMakkah). Imi Tenzi vedu! Kuti vave vanoita munamato (Swalaah). Nokudaro zadzai moyo yevamwe vanhu nerudo kwavari, uye vapei michero kuti vave vanotenda."

38. "Imi Tenzi vedu! Zvirokwazvo, munoziva zvatinovanza nezvatinobuditsa. Hapana chiri munyika kana kumatenga chakavigika kubva kuna Allah."

39. "Rumbidzo dzose uye nekutenda ndezva Allah, avo vandipa ndachembera Ishumaeri naIsaka. Zvirokwazvo, Tenzi vangu ndivo zvirokwazvo munzwi mukuru wezvikumbiro."

40. "Imi Tenzi vangu! Ndiitei umwe weavo vanomira vachiita munamato (Swalaah), uye nekuvana vangu, Imi Tenzi vedu! Uye gamuchirai chikumbiro changu."

41. "Imi Tenzi vedu! Ndiregererei nevabereki vangu, uye nevatendi vose pazuva iro kubvunzurudzwa (kutongwa) kuchaitika."

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

42. Musafunga kuti Allah havazivi zvinoitwa nevaiti vezvakaipa, asi vanovapa nguva kusvika zuva iro maziso avo achange akadzvokora akatarisa zvinotyisa.

43. (Vachange) vachimhanya vakarebesa huro dzavo, misoro yavo yakasimudzwa, maziso avo asingadzoke kwavari uye moyo yavo isina chinhu (nekutya zvikuru).

44. Uye (Muhammad (SAW)) yambira vanhu nezve zuva richauya marwadzo kwavari; uye vaiti vezvakaipa vachati: "Tenzi vedu! Tipeiwo kanguva kadiki, tichadavira kudana kwenyu uye kutevera vatumwa!" (Zvichanzi): "Hamuna here mushure kupika kuti hamusi kuzobva (munyika muchienda kuhupenyu hwamangwana)?"

45. "Uye maigara mudzimba dzeavo vakazvitadzira pachavo, uye zvakanga zviri pachena kwamuri kuti takaita navo sei. Uye tikava tinokupai mienzaniso."

46. Zvirokwazvo, vakaronga hurongwa hwavo, uye hurongwa hwavo hwanga huna Allah, kunyange hurongwa hwavo hwanga usingakwanisi kubvisa makomo kubva panzvimbo yawo (makomo chaiwo kana mitemo yeIslaam).

47. Musafunge kuti Allah havakwanisi kuchengetedza vimbiso yavo kuvatumwa vavo. Zvirokwazvo, Allah ndivo samasimba ose, vanokwanisa kutsiva.

48. Pazuva richachinjwa nyika kuita imwe nyika kunyange matenga, uye (zvisikwa zvese) zvichamira pamberi paAllah, vamwechete, vasingakundike.

49. Uye uchaona vatadzi pazuva iri vakasungwa pamwechete nengetani.

50. Zvipfeko zvavo zviri zverudzi rwebhitumini, uye moto wakavhara zviso zvavo.

51. Allah vachapa mubairo munhu wega wega maererano nezvaakaita. Zvirokwazvo, Allah vanokurumidza mumatongero avo.

52. Iri (Qur'aan) ishoko revanhu vose kuti vave vanoyambirwa naro, uye kuti vave vanoziva kuti ndivo Mwari voga (hapana ane kodzero yekunamatwa kunze kwaAllah), uye kuti vanhu vanonzwisisa vave vanorangarira.

# CHITSAUKO AL-HIJR

# (NZVIMBO INE MATOMBO) 15

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Alif – Laam – Raa**. (Aya mavara ndemamwe ezvishamiso zviri muQur'aan, uye hapana anoziva zvaanoreva kunze kwaAllah chete). Idzi ndidzo ndima dzeGwaro uye neQur'aan riri pachena.

2. Pamwe avo vasingatendi vanoshuvira kuti dai vanga vari maMuslim (avo vanozvipira kutevedzera mirawo yaAllah, Islaam).

3. Vasiyei vadye pamwe nekufara, uye vasiyei vakazadzwa nechishuwo chenhema. Vachasvika pakuziva!

4. Hatina kuparadza musha asi wakanga une zvawakanyorerwa zvinozivikanwa.

5. Hapana dzinza rinokwanisa kuwedzera nguva yaro (yekurarama) kana kuinonotsa.

6. Uye vanoti: “Iwe (Muhammad (SAW)) wakapihwa Dhikr (Qur’aan)! Zvirokwazvo, uri murume anopenga!”

7. “Ko sei usingauyi nengirozi kwatiri kana uri pachokwadi?”

8. Hatitumire ngirozi pasi asi nechokwadi (murango), uye ipapo havambopihwi (vasingatendi) nguva yekurarama!

9. Zvirokwazvo, tisu takadzikisa Dhikr (Qur’aan), uye zvirokwazvo, tisu ticharichengetedza (kubva mukuchinjwa).

10. Zvirokwazvo, takatumira vatumwa iwe usati wavapo (Muhammad (SAW)) kumapoka ekutanga.

11. Uye muporofita haana kusvika kwavari asi vaiita zvedambe naye.

12. Saizvozvo tinoita (kusatenda nekusanganisa Allah nezvimwe zvinhu pakuvanamata) kuti zvipinde mumoyo yeavo vasingatendi.

13. Havambotendi mariri (Qur’aan), uye mucherechedzo wemadzitateguru (murango wavo) wakatopfuura.

14. Kunyangwe dai takavazarurira musuwo kudenga uye voramba vachikwira (zuva rese),

15. Zvirokwazvo vaizoti (manheru): “Meso edu aita kunge avhiringwa (hatina kumboona ngirozi kana denga). Pamwe tiri vanhu vakaroiwa.”

16. Zvirokwazvo, takava tinoisa nyenyedzi hombe mudenga uye tikarishongedza kune avo vanoritarisa.

17. Uye takava tinorichengetedza kubva kuna dhiyabhorosi wese akashorwa.

18. Kunze kweuyo (dhiyabhorosi) anoda kuba kuteerera mashoko, uye naizvozvo oteverwa nenyenyedzi inemoto iri pachena.

19. Uye nyika takaiwaridza, uye tikadzika makomo akasimba mairi, uye tikaita kuti zvirimwa zvimere mairi nemuero wazvo.

20. Uye takava tinokuisirai mairi nzira dzekurarama nadzo, pamwe neizvo zvamusingakwanisi kupa chikafu (zvipfuwo nemhuka dzesango).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

21. Uye hapana chinhu, asi kwatiri ndiko kune kwekuchengetera kwacho. Uye hatichitumiri pasi asi nechipimo chinozivikanwa chakafanira.

22. Uye tinotumira mhepo ichibatanidza makore, uye toita kuti mvura inaye kubva kudenga, uye tokupai kuti mumwe, uye hamusi varidzi vepainochengeterwa (kuti muchipa mvura wamunoda uye kunyima wamunoda).

23. Uye zvirokwazvo isusu! Tisu tinopa hupenyu nekukonzeresa rufu, uye tisu vagari venhaka.

24. Uye zvirokwazvo, tinoziva madzinza enyu ekutanga, uye tinoziva madzinza enyu aiyezvino, uye neavo vachauya mushure.

25. Uye zvirokwazvo, Tenzi vako vachavaunganidza pamwechete. Zvechokwadi, ndivo vazere nehungwaru, neruzivo.

26. Uye zvirokwazvo, takasika vanhu kubva kuivhu rakaoma rakasiyana-siyana.

27. Uye maJinn, takamasika kare kubva kumoto usina hutsi.

28. Uye (rangarira) apo Tenzi vako vakati kungirozi: “Zvirokwazvo, ndichasika munhu (Adam) kubva kuivhu rakaoma rakasiyana-siyana.”

29. “Saka naizvozvo, kana ndichinge ndapedza kumushongedza uye ndafemera maari mweya wandakamusikira, ivai munomupfugamira moisa zviso zvenyu pasi.”

30. Naizvozvo ngirozi dzakava dzinopfugama nekuisa zviso zvadzo pasi pamwe chete.

31. Kusara kwa Iblees (Satani) akaramba kuva pakati peavo vanopfugama.

32. Allah vakati: “Iwe Iblees (Satani)! Chikonzero chako ndecheyi kuti usave pakati peavo vakapfugama?”

33. (Satani) akati: “Hazviite kuti ndipfugamire munhu, uyo wamakasika kubva kuivhu rakaoma rakasiyana-siyana.”

34. (Allah) vakati: “Kana zvakadaro buda muno, zvirokwazvo, uri Rajeem (akashorwa).”

35. “Uye zvirokwazvo, kutsamwa (kwaAllah) kuchange kuri pauri kusvika zuva rekutongwa.”

36. (Satani) akati: “Tenzi vangu! Ndipeiwo nguva kusvikira zuva rekutongwa (zuva ravachamutswa kubva kuvafi).”

37. (Allah) vakati: “Zvirokwazvo, uri pakati peavo vakapihwa nguva.”

38. “Kusvika zuva renguva yakatarwa.”

39. (Satani) akati: “Tenzi vangu! Nechikonzero chekuti mandirasisa gwara, zvirokwazvo, ndichavashongedzera (vanhu) nzira dzezvakaipa panyika, uye ndichavatsaudza vose mugwara rakatwasuka.”

40. “Kusara kwevaranda venyu vamakasarudza pakati pavo.”

41. (Allah) vakati: “Iyi ndiyo nzira yakatwasuka inotungamira kwandiri.”

42. “Zvirokwazvo, hauna masimba kune varanda vangu, kusara kweavo vanokutevera vanoita zvakaipa uye vasingatendi.”

43. “Uye zvirokwazvo, Gehena ndiyo nzvimbo irikuvimbiswa kwavari vose (pamwe chete).”

44. “Rine (Gehena) misuwo minomwe, musuwo wese kubva kwavari une boka (revatadzi) rakatarwa.”

45. “Zvirokwazvo! Avo vanoita mabasa akanaka (Al-Muttaqqoon), vachange vari muminda uye nezvitubu zvemvura (Paradhiso).”

46. “(Zvichanzi kwavari): ‘Pindai mariri (Paradhiso) murugare uye mukudzivirirwa.’”

47. “Uye tichava tinobvisa kubva muhana dzavo shanje. Naizvozvo vachave vanotarisana semadzikoma vari pazvigaro.”

48. “Hapana marwadzo achavawira imomo kana kubuditswa imomo.”

49. Udza (Muhammad (SAW)) varanda vangu, kuti zvirokwazvo, inini ndiri muregereri zvikuru, ane nyasha zhinji.

50. Uye kuti zvirokwazvo marwadzo angu marwadzo akaomarara.

51. Uye vaudze nezve vaenzi (ngirozi) vaAbrahamu.

52. Pavakapinda maakanga ari, vakati: “Salaam (Rugare)!” (Abrahamu) akati: “Zvirokwazvo! Tirikukutyai.”

53. (Ngirozi) dzikati: “Usatye! Zvirokwazvo, tiri kukupa mashoko akanaka emwanakomana ane ruzivo nehungwaru.”

54. (Abrahamu) akati: “Muri kundipa mashoko akanaka (emwanakomana) ini ndachembera? Saka nhau yenyu ndeyeyi?”

55. (Ngirozi) dzikati: “Tinokupa mashoko akanaka muchokwadi. Saka usave weavo vasina tarisiro.”

56. (Abrahamu) akati: “Ndiani asina tarisiro yenyasha dzaTenzi vake kusara kweavo vakarasika?”

57. (Abrahamu) akatizve: “Saka nyaya yenyu ndeipi, imi vatumwa?”

58. (Ngirozi) dzikati: “Zvirokwazvo, tave tinotumwa kune vanhu vasingatendi (vanotadza).”

59. “Kusara kwemhuri yaLut (Loti). Zvirokwazvo tichave tinovadzivirira (tinovanunura) vese (kubva mukuparadzwa).”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

60. “Kusara kwemukadzi wake, uyo takava tinotara zvirokwazvo kuti achave weavo vanosara mumashure (vanoparadzwa).”

61. Naizvozvo vatumwa (ngirozi) pavakauya kune mhuri yaLut (Loti).

62. (Loti) Akati: “Zvirokwazvo, muri vanhu vasingazivikanwi kwandiri.”

63. (Ngirozi) Dzikati: “Asi tauya kwauri neizvo zvavaisatenda mazviri.”

64. “Uye taunza chokwadi kwauri (nyaya yekuparadzwa kwevanhu vako), uye zvirokwazvo, tinotaura chokwadi.”

65. “Saka chiva unofamba muchidimbu cheusiku nemhuri yako, uye iwe wotevera kumashure kwavo, uye pakati penyu ngapasave nemunhu anocheuka kumashure, asi endai kwamakakomekedzwa.”

66. Uye takaita basa iri kuti rizivikamwe kwaari, kuti midzi yeavo (vatadzi) ichave inodamburwa mangwanani ngwanani.

67. Uye vagari vemudhorobha vakauya vachifara (nenyaya yemajaya ange auya aya).

68. (Loti) Akati: “Zvirokwazvo, ava vaenzi vangu, saka musandinyadzisewo.”

69. “Uye ityai Allah uye musave munondinyadzisa.”

70. (Vagari vemudhorobha) vakati: “Hatina kukurambidza here kutambira (kana kudzivirira) vanhu?”

71. (Loti) akati: “Ava vanasikana vangu (kana muchida kuroora zviri pamutemo), kana muchikwanisa kudaro.”

72. Zvirokwazvo, ndinopika nehupenyu hwako (Muhammad (SAW)), zvirokwazvo varimukudhakwa vaingofamba.

73. Naizvozvo vakava vanoparadzwa neAs-Swaaihah (Ruzha) panguva dzemangwanani.

74. Uye takapindurudza (Sodom kuPalestine) tikaita kuti pamusoro paende pasi, uye tikave tinonaisa matombo akaumbwa nedhaka.

75. Zvirokwazvo, mukati meizvi mune micherechedzo kune avo vanoona.

76. Uye zvirokwazvo, maguta maviri aya akanga ari munzira hombe (kubva kuMakkah kuenda kuSyria, pane gungwa reDead Sea iyezvino).

77. Zvokwadi, zvirokwazvo mune izvi mune mucherechedzo kune avo vanotenda.

78. Uye vagari vemusango (vekuMadyan (Midian)) avo vakatumirwa Muporofita Shuaib (AS)) vakanga vari vanhu vaiita zvakaipa.



NEW & EXCLUSIVE

79. Naizvozvo takatsiva nemutongo wakaomarara kwavari. Ari maviri ari munzira hombe iri pachena.

80. Uye zvirokwazvo, vagari vemu Al-Hijr (Nzvimbo ine matombo) vakaramba vatumwa.

81. Uye takavapa zviratidzo zvedu, asi vakazviramba.

82. Uye vaigadzira dzimba mumakomo, vachifunga kuti vakachengetedzeka.

83. Asi vakave vanoparadzwa neruzha munguva dzemangwanani (pazuva rechina kubva kumazuva vange vavimbiswa murango).

84. Uye zvavaiwana hazvina kukwanisa kuvabatsira.

85. Hatina kusika matenga nenyika nezvese zviri pakati pazvo asi muzvokwadi, uye zvirokwazvo nguva ichakwana, saka naizvozvo iva (Muhammad (SAW)) unovaregerera mune zvakanaka. (Izvi zvange zvakadaro kurwa (munzira yaAllah) kusati kwakomekedzwa).

86. Zvirokwazvo, Tenzi vako ndivo musiki vanoziva zvese.

87. Uye zvirokwazvo, takupa Al-Mathaani (ndima nomwe dzinoramba dzichidzokorodzwa, Surah Al-Faatihah), pamwe neQur'aan hombe.

88. Usava zvirokwazvo unotarisa nemaziso ako aine ruchiva pane izvo zvatakapa mamwe mapoka avo (vasingatendi), uye usava unobatikana pamusoro pavo. Uye iva unodzikisa mapapiro ako kune avo vanotenda (kuvaremekedza).

89. Iti (Muhammad (SAW)): "Zvirokwazvo, inini ndiri muyambiri ari pachena."

90. Sekudzikisa kwatakaita kune avo vanopatsanura (maQuraish anonamata zvidhori, kana maJudha nemaKristu).

91. Avo vakapatsanura Qur'aan muzvidimbu zvidumbu (vakatenda muzvimwe uye vakaramba zvimwe).

92. Saka ndinopika naTenzi vako (Muhammad (SAW)), zvirokwazvo, tichava tinovabvunza vese.

93. Maererano neizvo zvavaiita.

94. Naizvozvo paridza pachena zvawakakomekedzwa (Islaam), ova unosiyana neavo vasingatendi.

95. Zvirokwazvo! Tichava tinokukwanira kune avo vanokushoropodza.

96. Avo vanosanganisa Allah neumwe mwari; asi vachasvika pakuziva.

97. Zvirokwazvo, tinoziva kuti zvavanotaura zvinokubata-bata muhana mako.

98. Naizvozvo rumbidza kurumbidzwa kwaTenzi vako uye ova pakati peavo vanopfugama.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

99. Uye namata Tenzi vako kusvikira rufu rwauya kwauri.

# CHITSAUKO AN-NAHL

# (NYUCHI) 16

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Murawo wakatarwa naAllah (Zuva Rekutongwa) uchasvika, saka musave munoda kuukurumidzisa. Kurumbidzwa ngakuve kwavari uye vari pamusoro pezvese zvavanovasanganisa nazvo.

2. Vanotumidzira ngirozi neRooh (Mashoko avo) nemurawo wavo kune wavada kubva kune varanda vavo (vachiti): "Yambirai (vanhu) kuti Laa ilaaha illaa Ana (Hapana anekodzero yekunamatwa kunze kwangu), saka ityai inini (nekusaita mabasa akaipa)."

3. Vakasika matenga nenyika muchokwadi. Vari pamusoro pezvese zvavanovasanganisa nazvo.

4. Vakasika munhu kubva kuNutfah (musanganiswa wemvura yababa naamai), asi tarisai, anobva aita mupikisi ari pachena.

5. Uye nemombe, vakakusikirai; munowana kubva madziri kudziirwa (mbasha dzinodziya) nezvakati wandei zvinobatsira, uye kubva madziri munodya.

6. Uye munowana kubva madziri runako pamunodzitora kubva kumafuro manheru, uye nepamunodziendesa kumafuro mangwanani.

7. Uye dzinotakura mikwende yenyu kusvika kunzvimbo yamusingakwanisi kusvika kunze kwekuti mashungurudzika zvakanyanya. Uye Tenzi venyu vazere nerudo, vane tsitsi zhinji.

8. Uye (vakakusikirai) mabhiza, nyurusi nembongoro kuti muzvitasve uye senzira yekuzvishongedza. Uye vanosika zvinhu zvamusina ruzivo nazvo.

9. Uye Allah ndivo vane kodzero yekutsanangudza nzira yakatwasuka. Asi pane nzira dzinotsauka (Kunamata zvidhori, chiJudha nechiKristu). Uye dai vaida, vangadai vakakutungamirirai mose.

10. Ndivo (Allah) vanonaisa mvura kubva kudenga; kubva mairi munomwa uye zvirimwa (zvinokura) zvamunozotumira zvipfuwo zvenyu kunofura.

11. Vanokumereserai nemvura iyoyo zvirimwa nemaOrivhi (Zaitoon), nemadheti, nemagirepi, uye nemichero yese. Zvirokwazvo, mune izvi mune chiratidzo kune vanhu vanofunga.

12. Uye vakakugadzikirai usiku nesikati, uye zuva nemwedzi, uye vakagadzika nyenyedzi nemurawo wavo. Zvirokwazvo, mune izvi mune chiratidzo kune vanhu vanonzwisisa.

13. Uye vakakusikirai zvese pano pasi zvine ndarama dzakasiyana-siyana. Zvirokwazvo, mune izvi mune chiratidzo kune vanhu vanorangarira.

14. Uye ndivo vakakugadzikirai gungwa, kuti muve munodya kubva mariri nyama nhete nyoro (hove), uye kuti muve munoburitsa kubva mariri zvinemo zvekupfeka. Uye unoona ngarava dzichifamba mariri, kuti muve munotsvaga makomborero avo, uye kuti muve munotenda.

15. Uye vakagadzika panyika makomo akamira zvakabata, kuti zvimwe ingabvunde nemi; uye nzizi nenzira, kuti muve munotungamirirwa.

16. Uye zviratidzo (masikati) uye nenyenyedzi (husiku) munozvitungamirira.

17. Vakafanana here vanosika neuyo asingasiki? Hamurangariri here?

18. Uye mukada kuverenga makomborero aAllah, hamukwanisi kumaverenga. Zvirokwazvo, Allah vanoregerera zvikuru, vane tsitsi zhinji.

19. Uye Allah vanoziva zvamunovanza nezvamunoburitsa.

20. Avo (vanosanganisa Allah nezvimwe zvinhu) vavanokumbira kunze kwaAllah, havana kana chavakasika, asi ivo zvisikwa (vakasikwa).

21. Zvitunha, havasi vapenyu, uye havazivi kuti vachamutswa rinhi.

22. Mwari wenyu ndiMwari vamwechete (Allah). Asi avo vasingatendi muhupenyu hwemangwana, moyo yavo inoramba (kutenda muhumwechete hwaAllah), uye vanozvikudza.

23. Zvirokwazvo, Allah vanoziva zvavanovanza nezvavanoburitsa. Zvirokwazvo, (Allah) havadi vanozvikudza.

24. Uye kana zvikanzi kwavari: “Chii chakadzikiswa naTenzi venyu (kuna Muhammad (SAW))?” Vanoti: “Ingano dzemadzitateguru!”

25. Vachatakura mutoro wavo zvizere pazuva rekumutswa, uye nemutoro weavo vavakarunzira (vavakarasisa) vasina ruzivo. Zvirokwazvo, uipi ndeizvo zvavachatakura!

26. Zvirokwazvo, avo vakanga varipo mushure mavo vakaronga, asi Allah vakaparadza migero yemidhadhadha (dzimba) yavo, uye denga (remba) rakadonha pasi pavari kubva pamusoro pavo, uye marwadzo akavabata kubva kune mativi avakanga vasina kutarisira.

27. Uye nezuva rekumutswa, vachavanyadzisa uye vachati: “Varipi vamwe vangu avo pamusoro pavo maipikisana nekukakavadzana (nevatendi musingateereri Allah)?” Avo vakapihwa ruzivo (rwemutongo waAllah kune vasingatendi) vachati: “Zvirokwazvo, kudzikisirwa nemarwadzo zvichave kune vasingatendi zuva iri.”

28. “Avo hupenyu hwavo unotorwa nengirozi vachizvitadzira (vasingatendi munaAllah uye vachiita mabasa akaipa).” Vachapa uchapupu hwekunyepa (vachiti): “Taisaita zvakaipa.” (Ngirozi dzichapindura dzichiti): “Hongu! Zvirokwazvo, Allah vanoziva zvikuru zvamaiita.”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

29. “Naizvozvo pindai mikova yekuGehena kunogaramo, uye zvirokwazvo, inzvimbo yakaipa chaizvo kune vanozvikudza.”

30. Uye zvikanzi kune avo vakarurama: “Ko chii chatumirwa naTenzi venyu?” Vanoti: “Zvakanaka.” Avo vanoita zvakanaka pano panyika vachawana zvakanaka, uye imba yehupenyu hwemangwana yakanaka. Uye imba (Paradhiso) yeavo vakarurama (Al-Muttaqqoon) ichange yakanaka chose.

31. Mapindu ehupenyu husingaperi avachapinda, nzizi dzichiyerera nechekuzasi kwavo, vachawana zvese zvavaishuvira ikoko. Saizvozvo, Allah vanopa muripo kune Al-Muttaqqoon (vakarurama).

32. Avo ngirozi dzinotora hupenyu hwavo vakanaka (vachinamata Allah chete uye vachiita zvakanaka) dzinoti kwavari: “Salaamun Alaykum (Rugare ngaruve kwamuri), pindai muParadhiso nekuda kwemabasa akanaka amaiita (panyika).”

33. Vanomirira (avo vasingatendi) here asi kuti ngirozi dziuye kwavari (kuzotora hupenyu hwavo), kana kuti murawo (marwadzo kana zuva rekumutswa) waTenzi vako uuye? Saizvozvo zvakaitwa neavo vaivepo ivo vasati vavepo. Uye Allah havana kuvatadzira asi vakazvitadzira pachavo.

34. Zvakaipa zvemabasa avaiita zvakavawira, uye izvo zvavaishora zvakavakomberedza.

35. Uye avo vaisanganisa Allah nevamwe vanamwari mukunamata vakati: “Dai Allah vaida, tingadai tisina kunamata chimwe chinhu kunze kwaivo (Allah) isusu kana madzitateguru edu, kana kurambidza chimwe chinhu pasina ivo (murawo kubva kwavari).” Saizvozvo zvakaitwa neavo vaivepo vasati vavepo. Naizvozvo vatumwa havana kutumwa asi kuzosvitsa shoko raAllah zviri pachena.

36. Zvirokwazo, takatumira kudzinza rega-rega mutumwa achiti: “Namatai Allah, mova munosiya Taaghoot (vanamwari venhema).” Uye pakati pavo pane vakatungamirirwa naAllah, uye pakati pavo pane avo kurasika kwange kwakakodzera zvachose. Naizvozvo fambai nenyika muone kuti magumo eavo vakaramba chokwadi akanga akaita sei.

37. Kunyange ukashuvira (Muhammad (SAW)) kutungamirwa kwavo, zvirokwazvo, Allah havatungamiriri avo vanoita kuti varasike (kana kuti hapana anokwanisa kutungamirira uyo Allah wavanoita kuti arasike). Uye vachange vasina vabatsiri.

38. Uye vanopika naAllah zvakasimba mukutenda kwavo kuti Allah havamutsi uyo munhu anenge afa. Hongu, (vachavamutsa), vimbiso yechokwadi kwavari, asi vanhu vazhinji havazivi.

39. Kuti vavaburitsire pachena pane izvo zvavanopikisana, uye kuti vazive avo vasingatendi (mukumutswa neIslaam) kuti zvirokwazvo vaive vanyepi.

40. Zvirokwazvo, shoko redu kune chinhu chatinenge tada, tinongoti kwachiri: “Ivapo!” Chinobva chavepo.

41. Uye avo vakatama munzira yaAllah, mushure mekunge vatadzirwa (vadzvinyirirwa), zvirokwazvo, tichavapa pekugara pakanaka pano pasi, asi muripo wehupenyu hunotevera wakakura chaizvo dai vachiziva!

42. Avo vakatsungirira (pasi pano) uye vakaisa vimbo yavo kuna Tenzi vavo.

43. Uye hatina kutumira (sevatumwa) kumashure kwako (Muhammad (SAW)) asi varume vataitumira mashoko. Bvunzai (imi vanonamata zvidhori) avo vanoziva Magwaro (Torah neVhangeri) kana musingazivi.

44. Nezviratidzo zviri pachena neMagwaro (Takatuma vatumwa). Uye takatumira kwauri (Muhammad (SAW)) yeuchidzo (Qur'aan), kuti utsanangurire vanhu zviri pachena zvatumirwa kwavari, uye kuti zvimwe vangafunge.

45. Avo vanopangana zvakaipa vanonzwa kuchengetedzeka here kuti Allah havavanyudzi pasi, kana kuti marwadzo haavabati kubva kune mativi avasingatarisiri?

46. Kana kuti achavabata pakati pekuenda nekudzoka (kumabasa avo), kuti pasave nekupukunyuka kwavari (kubva kune mutongo waAllah)?

47. Kana kuti achavabata (achavaparadza) zvishoma nezvishoma (muhupenyu nehupfumi hwavo)? Zvirokwazvo, Tenzi venyu vazere nenyasha netsitsi.

48. Havana kuona here izvo zvakasikwa naAllah kubva kune zvese, mimvuri yazvo inorerekera kurudyi nekuruboshwe zvichipfugamira Allah, uye ndevepasi?

49. Uye Allah vanopfugamirwa nezvinhu zvese zviri kudenga nepasi, kubva kumhuka nengirozi, uye havazvitutumadzi.

50. Vanotya Tenzi vavo vari pamusoro pavo, uye vanoita zvavanenge vakomekedzwa.

51. Uye Allah vakati: "(Imi vanhu!) Musava munotora vanamwari vaviri. Zvirokwazvo (Allah) ndiMwari mumwechete. Naizvozvo ityai inini (Allah) zvakanyanya (mosiya zvese zvakaipa uye moita mabasa ese akanaka)."

52. Ndivo muridzi wezviri kudenga nepasi, uye chitendero chechokwadi ndechavo (Allah). Naizvozvo mungatye chimwe chinhu kunze kwaAllah?

53. Uye zvese zvamunowana kubva mune zvakanaka, zvinobva kuna Allah. Naizvozvo kana muchinge mawirwa nematambudziko, kwavari munochema muchikumbira rubatsiro.

54. Naizvozvo kana vachinge vabvisa matambudziko pamuri, vamwe venyu vanosanganisa Tenzi vavo nevamwe vanamwari mukunamata.

55. Vanoramba zvatakavapa! Naizvozvo chimbofarai, asi muchasvika pakuziva (muchidemba).

56. Uye vanopa chidimbu chezvatakavapa kune izvo zvavasingazivi (vanamwari venhema). Ndinopika naAllah, zvirokwazvo, muchabvunzwa maererano nezvamainyepa.

57. Uye vanopa vanasikana kuna Allah! Kurumbidzwa kwese ngakuve kwavari vari pamusoro pezvose zvavanovasanganisa nazvo! Uye kwavari (vasingatendi) vanozvipa zvavanoshuvira.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

58. Uye kana nhau dzekuzvarwa kwemwanasikana dzikasvika kune umwe wavo, chiso chake chinosviba, uye wozara nekubatikana (nekushushikana)!

59. Anozvihwandisa kuvanhu nekuda kweuipi wechaanenge audzwa. Omuchengeta here nekushorwa kana kuti omuviga muivhu? Zvirokwazvo, zvakaipa ndezvavanoronga.

60. Kune avo vasingatendi muhupenyu hunotevera muenzaniso wakashata, uye Allah vane muenzaniso wakanaka wepamusoro, uye ndivo mukuru-kuru, vane hungwaru hwese.

61. Uye dai Allah vaida kuparadza vanhu nekuda kwezvitadzo zvavo, havaizombosiya kunyangwe mhuka zvayo. Asi vanovamirira kusvikira nguva yavakanyorerwa yakwana. Naizvozvo kana nguva yavo yakwana, (vanhu) havagoni kuinonotsa neawa kana kuikurumidzisa neawa.

62. Uye vanopa kuna Allah zvavasingadi, uye ndimi dzavo dzinonyepa kuti zvirokwazvo zvakanaka zvichange zviri zvavo. Pasina kugunun'una, zvirokwazvo vachawana moto, uye vachava vanoendeswa ikoko nekukasika, uye vosiiwa vakarasiririrwa.

63. Ndinopika naAllah, zvirokwazvo takatumira vatumwa kumarwudzi akawanda iwe (Muhammad (SAW)) usati wavapo, asi Shaitwaan (Satani) akavashongedzera mabasa avo. Naizvozvo (Satani) ndiye mubatsiri wavo zuva ranhasi (pasi pano), uye vachawana marwadzo akaomarara.

64. Uye hatina kutumira Gwaro (Qur'aan) kwauri (Muhammad (SAW)), asi kuti uvajekesere izvo zvavanopikisana, uye segwara uye setsitsi kune avo vanotenda.

65. Uye Allah vanodzikisa mvura kubva kudenga, uye vanomutsa nyika nemvura iyoyo mushure mekunge yafa. Zvirokwazvo, mune izvi mune chiratidzo kune avo vanhu vanonzwa (vanoteerera Allah).

66. Uye zvirokwazvo, kwamuri kubva kumombe mune chidzidzo. Tinoita kuti mumwe kubva mune zviri mumatumbu adzo, kubva pakati pendove neropa, mukaka wakachena, unotapira kune vanonwa.

67. Uye kubva kune michero yemadheti nemagirepu, munowana kumwa neraramo yakanaka. Zvirokwazvo, mune izvi mune chiratidzo kune vanhu vane njere.

68. Uye Tenzi vako vakaudza nyuchi vachiti: "Torai pekugara mumakomo, uye mumiti uye kubva kune zvavanodzimika (zvavanovaka)."

69. "Naizvozvo idyai kubva kune michero yese, uye teverai nzira dzaTenzi venyu dzakarerutswa." Mumatumbu adzo munobuda chinwiwa (huchi) chine mavara akasiyana-siyana, mukati macho (chinwiwa) mune zvinorapa vanhu. Zvirokwazvo, mukati meizvi mune chiratidzo kune vanhu vanofunga.

70. Uye Allah vakakusikai uye vachaita kuti mufe; uye pakati penyu pane avo vanosvitswa pakuchembera zvekusvika pakusaziva zvavaimboziva. Zvirokwazvo, Allah ndivo vanoziva zvese, vane simba rose.

71. Uye Allah vakasarudza vamwe venyu pamusoro pevamwe maererano neraramo. Naizvozvo avo vakasarudzwa neipi nzira zvayo, havazombofa vakapa mari yavo nehupfumi kune varanda vavo kuti vave vanoenzana navo. Saka vanoramba makomborero aAllah here?

72. Uye Allah vakakusikirai madzimai akafanana nemi, uye vakakusikirai kubva kune madzimai enyu vanakomana nevazukuru, uye vakakupai raramo kubva kune zvakanaka. Naizvozvo vanotenda here muna vanamwari venhema uye voramba makomborero aAllah?

73. Uye vanonamata vamwe kunze kwaAllah seizvo zvisingapi raramo ipi zvayo kwavari kubva kumatenga nepasi, uye hazvikwanisi.

74. Saka musava munoisa mberi mienzaniso naAllah. Zvirokwazvo, Allah vanoziva uye imi hamuzivi.

75. Allah vanoisa mberi muenzaniso wemuranda (asingatendi) ari pasi peumwe munhu, haana simba rezvese, uye nemurume (mutendi) uyo watakapa raramo yakanaka kubva kwatiri uye anoishandisa muchivande uye nepachena. Vakaenzana here? Kurumbidzwa kwese nekutenda ndekwa Allah. Asi vakawanda vavo havazivi.

76. Uye Allah vanopa muenzaniso wevarume vaviri, mumwe chete wavo chimumumu (asingatendi), haana simba pane zvese, uye mutoro kune mukuru wake; zvese zvaanomutuma, haauyi nezvakanaka. Akaenzana here neuyo (mutendi) anoraira zvakafanira, uye ari pagwara rakatwasuka?

77. Uye Allah ndivo muridzi wezvese zvisingaoneki zviri mumatenga nepasi. Uye nyaya yenguva (zuva rekutongwa) yakafanana nekubwaira kweziso, kana kuti iri pedyo. Zvirokwazvo, Allah vane simba pamusoro pezvese.

78. Uye Allah vakakuburitsai kubva munhumbu dzana amai venyu musingazivi kana chii zvacho, uye vakakupai nzeve, maziso nemoyo kuti zvimwe mungatende.

79. Havaoni here shiri dzichibhururuka mumhepo? Hapana anodzikata kunze kwaAllah. Zvirokwazvo, mune izvi mune zviratidzo kune avo vanotenda (muhumwechete hwaAllah).

80. Uye Allah vakakugadzirirai mudzimba dzenyu pekugara, uye vakakugadzirirai kubva kumatehwe emombe dzimba (matende), dzamunoona dzakareruka pamunofamba uye nepamunogara (munguva dzekufamba); uye kubva kumakushe adzo, mambava nemvere (hwai, ngamera nembudzi) midziyo nemufaro kwenguva diki.

81. Uye Allah vakakugadzirirai kubva kune izvo zvavakasika mimvuri, uye vakakugadzirirai nzvimbo kubva mumakomo, uye vakakugadzirirai zvipfeko zvinokudzivirirai kune kupisa (nekutonhora), uye nemabhachi anokudzivirirai kubva kune simba renyu (kurwisana kwenyu). Naizvozvo (Allah) vanozadzisa makomborero avo kwamuri kuti muve munozvipira (muIslaam).

82. Asi kana vakafuratira, chako (Muhammad (SAW)) kusvitsa shoko zviri pachena.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

83. Uye vanoziva makomborero aAllah, pamusoro pazvo vomaramba (nekunamata zvimwe kunze kwaAllah), uye vazhinji vavo havatendi (vanoramba Muhammad (SAW)).

84. Uye neiro zuva ratichamutsa kubva kune madzinza ose mupupuri (mutumwa wavo), naizvozvo avo vasingatendi havazombopihwi mukana (hwekupa zvikonzero), uye havazombopihwi mukana wekuti vadzokere panyika kunoreurura nekukumbira Allah ruregerero.

85. Uye avo vakaita zvakaipa (vasingatendi) vachaona mutongo, uye havazomborerutsirwi kana kupihwa kanguva kekuzorora.

86. Uye apo avo vaisanganisa Allah nevamwe vanamwari vachaona vamwe vavo vaivasanganisa naAllah vachati: “Tenzi vedu! Ava ndivo vamwe vedu vataisheedza kunze kwenyu.” Asi vachadzorera shoko kwavari (vachiti): “Zvirokwazvo! Muri vanyepi!”

87. Uye vachava vanozvipira kuna Allah musi uyu, uye vanamwari vavo vavaisheedza vachasakatika kubva kwavari (vachashaya basa kwavari).

88. Avo vasina kutenda uye vachidzivirira vanhu nzira yaAllah, tichavawedzera marwadzo pamusoro pemarwadzo nekuti vaikonzeresa zvisakarurama.

89. Uye iro zuva ratichasimudza kubva kumadzinza ese mupupuri kwavari kubva mavari. Uye tichakuunza (Muhammad (SAW)) semupupuri kwavari. Uye takatumidzira kwauri Gwaro (Qur’aan) setsanangudzo yezvose, gwara, tsitsi, uye mashoko akanaka kune avo vakazvipira pachavo (kuna Allah semaMuslim).

90. Zvirokwazvo, Allah vanokomekedza kuita zvakarurama nezvakanaka, uye nekubatsira hama dzepedyo, uye vanorambidza kuita mabasa akaipa nekusatenda uye neudzvanyiriri. Vanokurairai, zvimwe mungava munorangarira.

91. Uye zadzisai chibvumirano chaAllah kana maita chibvumirano ichocho, uye musava munoputsa mhiko mushure mekunge madzitora, uye zvirokwazvo mave munotora Allah semumiriri wenyu. Zvirokwazvo, Allah vanoziva zvamunoita.

92. Uye musava munoita semukadzi uyo anorudunura shinda yaanenge aruka mushure mekunge yasimba, nekutora mhiko senzira yekunyengedzana pakati penyu, zvimwe rimwe dzinza ringawande kupfuura rimwe dzinza. Zvirokwazvo, Allah vanokuedzai nazvo. Uye zvirokwazvo vachava pazuva rekumutswa vanokuburitsirai pachena izvo zvamaipesana (umwe achitenda muhumwechete hwaAllah uye umwe achiramba).

93. Uye dai Allah vaida, vaikuitai dzinza rimwe chete (muve vechitendero chimwe chete), asi vanoita kuti wavanoda arasike, uye vanotungamira wavanoda. Uye zvirokwazvo muchava munobvunzwa pane izvo zvamaiita.

94. Uye musatore mhiko dzenyu senzira yekunyengedzana pakati penyu, zvimwe tsoka ingatsvedze mushure mekunge yasimbiswa, uye kuti muravire zvakaipa (murango pasi pano) nekudzivirira kwamakaita vanhu nzira yaAllah, uye muchawana murango mukuru wakaomarara (Gehena).

95. Uye musava munotengesa chibvumirano chaAllah nemari shoma. Zvirokwazvo, zvina Allah zvakanakira imimi kana muchiziva.

96. Zvese zvamunazvo zvichapera, asi zvina Allah hazviperi. Uye avo vanotsungirira, zvirokwazvo, tichavapa muripo wavo weizvo zvakanaka zvavaiita.

97. Upi neupi anoita mabasa akanaka, angave murume kana mukadzi, ari mutendi wechokwadi, tinomupa hupenyu hwakanaka (pasi pano), uye zvirokwazvo tichavapa muripo wavo weizvo zvakanaka zvavaiita (Paradhiso).

98. Naizvozvo kana uchiverenga Qur'aan, kumbira kudzivirirwa kuna Allah kubva kuna Satani, akashorwa.

99. Zvirokwazvo, haana simba pamusoro peavo vanotenda uye vanoisa ruvimbo rwavo muna Tenzi vavo.

100. Simba rake (Satani) riri pane avo vanomuteerera nekumutevera, uye neavo vanosanganisa Allah nezvimwe zvinhu.

101. Uye tikachinja ndima (yemuQur'aan) panzvimbo peimwe ndima, uye Allah vanoziva zvakanyanya izvo zvavanodzikisa, (vasingatendi) vanoti: "Zvirokwazvo uri munyepi." Asi vazhinji vavo havazivi.

102. Iti (Muhammad (SAW)): "Roohul-Qudus (Mweya Mutsvene Gabriel) akariunza (Qur'aan) pasi kubva kuna Tenzi venyu muchokwadi, kuti rive rinosimbisa avo vanotenda, uye segwara uye mashoko akanaka kune avo vanozvipira (kuna Allah semaMuslim)."

103. Uye zvirokwazvo, tinoziva kuti (vasingatendi) vanoti: "Zvirokwazvo, ari kudzidziswa (Muhammad (SAW)) nendambasukuse." Rurimi rwemurume avarikutaura nderwemubvakure, asi iri (Qur'aan) rurimi rwuri pachena rwechiArabhu.

104. Zvirokwazvo, avo vasingatendi muzviratidzo (kana ndima) dzaAllah, Allah havavatungamiri uye vachawana marwadzo akaomarara.

105. Zvirokwazvo, ndeavo vasingatendi muzviratidzo (kana ndima) dzaAllah vanogadzira manyepo, uye ndivo vanyepi.

106. Upi zvake asingatendi muna Allah mushure mekutenda kwake, kunze kweuyo anomanikidzwa uye moyo wake wakazorora nekutenda, asi avo vanovhurira zvipfuva zvavo kusatenda, kwavari ihasha kubva kuna Allah, uye kwavari marwadzo makuru.

107. Nekuda kwekuti vakada uye vakakoshesa hupenyu hwepano pasi kudarika hwemangwana. Uye Allah havatungamiriri vanhu vasingatendi.

108. Ndeavo Allah vakavhara moyo yavo, kunzwa (nzeve) kwavo uye kuona (maziso) kwavo. Uye ndeavo vasina hanya!

109. Hapana kugunun'una kuti muhupenyu hwemangwana, vachange vari vakarasikirwa.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

110. Uye zvirokwazvo, Tenzi vako kune avo vakatama mushure mekunge vaiswa pamuedzo uye vakarwa zvakanyanya uye vakanga vakatsungirira, zvirokwazvo, Tenzi vako mushure mazvo vanoregerera zvikuru, vane tsitsi zhinji.

111. (Rangarira) zuva iro munhu wese achauya achikumbira (achizvidzivirira) pachezvake, uye munhu wese achapihwa zvakazara pane izvo zvaakaiita (zvakanaka kana zvakaipa), uye havambodzvanyiririrwi.

112. Uye Allah varikupa muenzaniso wedhorobha (Makkah), raigara rakachengetedzwa uye rakagadzikika, raramo yaro ichiuya muhuwandu kubva kune nzvimbo dzese, asi rakaramba makomborero aAllah. Naizvozvo Allah vakaita kuti varavire nzara yakaomarara nekutya, nekuda kweizvo zvavaiita.

113. Uye zvirokwazvo, mutumwa (Muhammad (SAW)) akauya kwavari kubva pakati pavo, asi vakamuramba, naizvozvo marwadzo akavawira vari vatadzi.

114. Saka idyai kubva kune zvamakapihwa naAllah zvakabvumidzwa uye zvakachena. Uye ivai munotenda makomborero aAllah kana vari ivo vamunonamata.

115. Zvirokwazvo, vakakurambidzai Al-Maitah (nyama yemhuka yafa yoga), ropa, nyama yenguruve, uye nemhuka inouraiwa sechibairo kune zvimwe kunze kwaAllah (kana inouraiwa zita raAllah risina kutaurwa). Asi kana umwe ari panguva yakaoma pasina kuzviitira une kana kupfurikidza mwero, zvirokwazvo Allah vanoregerera zvikuru, vane tsitsi zhinji.

116. Uye musataure maererano nezvamunotungamidza nendimi dzenyu zvemanyepo kuti: “Izvi zviri Halaal (zvinobvumidzwa) uye izvi zviri Haraam (zvinorambidzwa),” muchitaura manyepo kuna Allah. Avo vanotaura manyepo kuna Allah havabudiriri.

117. Kufara kushoma-shoma (vachakuwana), asi vachawana marwadzo akaomarara.

118. Uye maJudha takava tinovarambidza sezvatakakutaurira iwe (Muhammad (SAW)) kumashure (Qur’aan 6: 146). Uye hatina kuvadzvanyirira, asi vakazvidzvanyirira pachavo.

119. Uye zvirokwazvo, Tenzi vako kune avo vanoita mabasa akaipa vasingazivi uye vokumbira ruregerero mushure maizvozvo uye voita mabasa akanaka, zvirokwazvo, Tenzi vako mushure maizvozvo vanoregerera zvikuru, vane tsitsi zhinji.

120. Zvirokwazvo, Abrahamu akanga ari Ummah (mutungamiri kana dzinza) aiteerera Allah, Haneef (ainamata Allah chete), uye akanga asiri pakati peavo vanosanganisa Allah nevamwe vanamwari.

121. Aitenda makomborero avo (Allah). Vakamusarudza (Allah) (seshamwari yepedyo) uye vakamutungamirira munzira yakatwasuka (Islaam).

122. Uye takamupa zvakanaka munyika ino, uye muhupenyu hunotevera achange ari umwe wevatsvene.

123. Uye takakuudza (Muhammad (SAW)) kuti: “Tevera chitendero chaAbrahamu ange ari Haneef (ainamata Allah chete), uye akanga asiri pakati peavo vanosanganisa Allah nevamwe vanamwari.”

124. Zvirokwazvo, takava tinotara Sabata kune avo vaipokana maererano nayo, uye zvirokwazvo, Tenzi vako vachatonga pakati pavo pazuva rekumutswa pane izvo zvavaipokana mazviri.

125. Sheedzera (Muhammad (SAW)) kunzira yaTenzi vako (Islaam) nehungwaru uye nemharidzo yakanaka, uye pikisana navo nenzira yakanaka. Zvirokwazvo, Tenzi vako ndivo vanoziva uyo akarasika kubva munzira yavo, uye ndivo vanoziva avo vakatungamirirwa.

126. Uye kana muchiranga (muvengi, imi vatendi), naizvozvo rangai nenzira yakafanana neyamakarangwa nayo. Asi kana mukatsungirira, zvirokwazvo, zvakanakira vanotsungirira.

127. Uye tsungirira (Muhammad (SAW)), uye kutsungirira kwako kunobva kuna Allah. Uye usava unobatikana pamusoro pavo (vasingatendi), uye usava unoshushikana maererano nezvavanoronga.

128. Zvirokwazvo, Allah vane avo vanovatya, uye neavo vanoita mabasa akanaka.

# CHITSAUKO AL-ISRAA

# (RWENDO NEUSIKU) 17

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Kurumbidzwa ngakuve kuna Allah avo vakafamba nemuranda wavo (Muhammad (SAW)) neusiku kubva kuAl-Masjid Al-Haraam (kuMakkah) kuenda kuAl-Masjid Al-Aqsa (kuJerusarema), iyo yatakakomborera nzvimbo yayo, kuti tive tinomuratidza kubva muzviratidzo zvedu. Zvirokwazvo, ndivo vanonzwa zvese, vanoona zvikuru.

2. Uye takava tinopa Musa, Gwaro uye tikariita nhungamiro kuvana vaIzirairi (maJudha) (tichiti): “Musava munotora kunze kwangu muchengeti.”

3. “Imi vana veavo vatakatakura (mungarava) naNowa! Zvirokwazvo, akanga ari muranda aitenda.”

4. Uye takadzikisa kuvana vaIzirairi muGwaro: Zvirokwazvo, muchava munoita hunhubu panyika kaviri uye muchava vadzvanyiriri vakuru!

5. Naizvozvo, payakauya vimbiso yekutanga kubva kuvimbiso mbiri, takakutumidzirai varanda vedu vanogona kurwa zvinotyisa. Vakapinda mukati-kati medzimba dzenyu. Uye yakava vimbiso yakazadziswa.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

6. Uye takakupai kukunda pamusoro pavo. Uye takakubatsirai nehupfumi nevana uye takakuitai kuti muve makawanda muhuwandu.

7. (Uye takati): “Kana mukaita zvakanaka, munoita zvakanaka pachezvenyu; uye kana mukaita zvakashata, ndezvenyu.” Uye vimbiso yepiri payakauya, (takapa mvumo vavengi venyu) kuti vadzikisire zviso zvenyu uye kupinda muMasjid (yeJerusarema) sekupinda kwavakamboita mushure, uye kuti vaparadze zvese zvinowira mumaoko avo.

8. (Uye takataura muTorah): “Zvimwe Tenzi venyu vangakuratidzei tsitsi, asi mukadzokera (kuzvitadzo), tinodzoka (nemutongo wedu). Uye takagadzira Gehena sejere reavo vasingatendi.”

9. Zvirokwazvo, Qur’aan iri rinotungamira kune zvakatwasuka uye rinopa mashoko akanaka kune vanotenda (muIslaam), avo vanoita mabasa akanaka, kuti vachawana mubairo mukuru (Paradhiso).

10. Uye kuti avo vasingatendi muzuva remangwana, takavagadzirira marwadzo akaomarara (Gehena).

11. Uye munhu anokumbira (Allah) zvakaipa sekukumbira kwaanoita (Allah) zvakanaka, uye munhu ane dzungu (anokurumidza, kana akatsamwa, anoti: “Imi Allah! Rengerai nhingi,” asi kutsungirira ndiko kwakamunakira).

12. Uye takagadzira siku nesikati sezviratidzo zviviri. Uye takava tinobvisa chiratidzo cheusiku, uye takagadzira chiratidzo chesikati sechiwoneso (chiedza), kuti muve munotsvaga makomborero kubva kuna Tenzi venyu, uye kuti muve munoziva huwandu wemakore uye nekutongwa. Uye takava tinotsanangura zvese mune zvakazara.

13. Uye takava tinosunga mabasa emunhu wese pahuro yake, uye pazuva rekumutswa, tichava tinoburitsa kwaari gwaro raachaona rakavhurwa.

14. (Zvichanzi kwaari): “Verenga gwaro rako. Pachezvako wakakwana pakuzvibvunzurudza zuva ranhasi.”

15. Wese anozvitungamirira, zvirokwazvo anozvitungamirira kuti abatsirikane pachezvake. Uye wese anorasika, zvirokwazvo anorasika orasikirwa pachezvake. Hapana achatakura mutoro weumwe. Uye hatitongi kudzamara tatumira mutumwa.

16. Uye kana tichida kuparadza musha, tinokomekedza vapfumi vemumusha imomo (kuti vateere Allah nekuita mabasa akanaka), ivo vobva vatadza. Saizvozvo shoko rinova chokwadi pamusoro pavo. Naizvozvo (musha iwowo) tinouparadza zvachose.

17. Uye zvizvarwa zvingani zvatakaparadza mushure maNowa! Uye Tenzi vako vakazvikwanira pakuziva, uye nekuona zvitadzo zvevaranda vavo.

18. Uyo anoshuvira kukurumidza kwezvinhu (mufaro wepanyika), tinomupa nekukurumidza zvatinoda uyo watinoda. Uye takamugadzirira Gehena raachaenda, achidzikisirwa pamwe nekurambwa (ari kure netsitsi dzaAllah).



NEW & EXCLUSIVE

19. Uye uyo anoshuvira hupenyu hwemangwana ohushandira nesimba, nesimba rinoenderana naizvozvo ari mutendi (muIslaam), vakadaro ndivo vanhu kushanda kwavo kuchatendwa.

20. Vese, ava neavo, tinovapa kubva mumakomborero aTenzi vako. Uye makomborero aTenzi vako haarambidzwi.

21. Tarisa kuti tinosarudza sei vamwe pamusoro pevamwe (pasi rino), uye zvirokwazvo, hupenyu hwemangwana uchange une zvigaro zvepamusoro uye nemakomborero makuru.

22. Usasanganise Allah nevamwe vanamwari (iwe munhu), kana kuti uchagara pasi wakadzikisirwa pamwe nekurambwa (mumoto).

23. Uye Tenzi vako vakakomekedza kuti musanamate umwe mwari kunze kwavo. Uye moitira vabereki venyu zvakanaka. Kana mumwe chete wavo, kana kuti vose vachembera iwe uri mupenyu, usava unovataurira mashoko akaipa kana kuvatuka, asi iva unotaura navo mashoko ane ruremekedzo

24. Ova unovadzikisira bapiro rekuzvipira uye nekuzvininipisa uchivaitira tsitsi, uye wotaura kuti: “Tenzi vangu! Vanzwirei tsitsi nekundirera kwavakaita ndiri kasvava (mudiki).”

25. Tenzi venyu vanoziva zvakanaka zviri muhana dzenyu. Kana muri vanhu vanoita zvakanaka, naizvozvo zvirokwazvo (Allah) vanoregerera zvikuru avo vanovakumbira ruregerero.

26. Uye ipa vehukama kodzero dzavo, uye anotambura uye mufambi wenzira. Asi usava unotambisa upfumi hwako (kana kuhupa munzira isiri yaAllah).

27. Zvirokwazvo avo vanotambisa hupfumi (nekuhushandisa munzira isiri yaAllah) madzikoma anaSatani (Shayaatween), uye Shaitwaan haatendi Tenzi wake.

28. Kana ukavafuratira (iwe Muhammad (SAW) avo vatati vape kodzero dzavo nekuda kokushaya mari) uchimirira tsitsi kubva kuna Tenzi vako dzaurikutarisira, iva unovataurira mashoko manyoro ane ruwadzano.

29. Uye usava unoita kuti ruoko rwako rwusungirirwe pahuro pako (semunhu akaomera), kana kurutambanudza kusvika kwarinogumira (kushandisa hupfumi nenzira inopfurikidza), kuti ugozoshorwa pamwe nekuva nehurombo.

30. Zvirokwazvo, Tenzi vako vanowedzera raramo kune uyo wavanoda kana kudzikisa (kune uyo wavanoda). Zvirokwazvo, vanoziva zvikuru, uye vanoona varanda vavo.

31. Uye musava munouraya vana venyu muchitya nzara. Tichavapa raramo pamwe chete nemi. Zvirokwazvo, kuvauraya chitadzo chihombe.

32. Uye usava unoswedera pedyo necheupombwe. Zvirokwazvo, iFaahishah (chitadzo chihombe), uye inzira yakaipa.

33. Uye usava unouraya moyo wakaitwa Haraam (wakarambidzwa) naAllah, kunze kwekuti pane chikonzero chechokwadi. Uye wese anourayiwa zvisina kodzero, tinopa mugari wenhaka wake

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

simba (rekuti muurayi ngaauraiwe, kana kuregererwa, kana kupihwa muripo). Asi ngaasava anopfurikidza pakuuraya (ngaauraye muurayi chete kwete mumwe munhu kana vamwe vanhu). Zvirokwazvo, anobatsirwa (nemutemo weIslaam).

34. Uye musava munoswedera pedyo nehupfumi hwenherera, kunze kwekuuchengetedza mune zvakanaka kusvika abva zera. Uye zadzisai zvibvumirano. Zvirokwazvo, chibvumirano chichava chinobvunzwa.

35. Uye ipai muero wakazara pamunenge muchiera, uye pimai nemuero wakatwasuka. Zvinhu zvakanaka uye zviri nani kumagumo.

36. Uye usava unotevera izvo zvausina ruzivo nazvo. Zvirokwazvo, nzeve, maziso nemoyo, zvese zvichava zvinobvunzwa (naAllah).

37. Uye usava unofamba panyika uchizvikudza. Zvirokwazvo, haukwanisi kupinda munyika, kana kugadzira muturu unenge makomo.

38. Zvese izvi zvakaipa zvakavengwa naTenzi vako.

39. Uwu ndiwo hungwaru (tsika dzakanaka) hwakadzikiswa naTenzi vako kwauri (Muhammad (SAW)). Uye usava unosanganisa Allah nevamwe vanamwari, zvimwe ungangokandwe kumoto, uchishorwa nekurambwa.

40. Tenzi venyu (imi vanamati vezvidhori vekuMakkah) vakakusarudzirai here vanakomana, uye vakatora pachezvavo kubva kune ngirozi vanasikana? Zvirokwazvo, munotaura shoko rakaipa.

41. Uye zvirokwazvo, takatsanangura (vimbiso neyeuchidzo nezviratidzo zvedu) muQur’aan iri kuti vangarangarire, asi hazvivawedzeri kusara kwekuramba.

42. Iti (Muhammad (SAW)): “Dai panga pane vamwe vanamwari pamwe naivo (Allah) sezvavanotaura, vangadai vakatsvaga nzira kuna Tenzi vechigaro (vachida kufarirwa nekuva pedyo navo).”

43. Kurumbidzwa kwese ndekwavo! Uye vari pamusoro-soro pezvakaipa zvavanotaura! (Kuti kune vamwe vanamwari pamwechete naAllah).

44. Matenga manomwe nepasi nezvese zviri imomo zvinovarumbidza, uye hapana chinhu asi chinorumbidza kukudzwa kwavo. Asi hamunzwi kurumbidza kwazvo. Zvirokwazvo, vane tsitsi zhinji, vanoregerera zvikuru.

45. Uye paunoverenga Qur’aan (Muhammad (SAW)), tinoisa pakati pako nepakati peavo vasingatendi muzuva rekupedzisira, chidziviso chakavanzika (kuti vasanzwe kana kurinzwisisa).

46. Uye takava tinoputira moyo yavo kuti vasarinzwisise (Qur’aan), uye munzeve dzavo havanzwi. Uye kana ukataura Tenzi vako vega muQur’aan, vanofuratira kumashure kwavo nekusada.

47. Tinoziva zvakanyanya zvavanoteerera pavakunoteerera. Uye pavanotaurirana muchivande, vanoita zvakaipa vanoti: “Munotevera murume akaroiwa.”



الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

48. Tarisa mienzaniso yavanopa pamusoro pako. Naizvozvo vakarasika, uye havawani nzira.

49. Uye vanoti: “Kana tava mapfupa uye taparadzwa, tichava tinomutswa here sezvisikwa zvitsva?”

50. Iti (Muhammad (SAW)): “Ivai matombo kana simbi.”

51. “Kana chimwe chisikwa chakakura mumoyo yenyu (muchamutswa).” Naizvozvo vachati: “Ndiani achatidzorera (hupenyu)?” Iti: “Avo vakakusikai pakutanga!” Naizvozvo vachadzungudza misoro yavo kwauri vachiti: “Zvichaitika rinhi?” Iti: “Zvimwe manje manje!”

52. Pazuva iro ravachakusheedzai, uye muchadavira nekurumbidzwa kwavo, uye muchafunga kuti makagara (pano panyika) kwenguva diki!

53. Uye taura kune varanda vangu kuti vanofanirwa kutaura mashoko akanaka. Zvirokwazvo, Satani anoita kuti vapokane pakati pavo. Zvirokwazvo, Satani muvengi ari pachena wevanhu.

54. Tenzi venyu vanokuzivai zvakanaka; kana vada, vachakunzwirai tsitsi; uye kana vada, vachakutongai. Uyezve hatina kukutumira (Muhammad (SAW)) semuchengetedzi wavo.

55. Uye Tenzi vako vanoziva zvakanyanya vese vari mumatenga nepasi. Uye zvirokwazvo, takasarudza mamwe maporofita pane mamwe, uye takapa Davhida maPisarema (Zaboor).

56. Iti (Muhammad (SAW)): “Sheedzai avo vamunotora saanamwari kunze kwavo (Allah). Havana simba rekubvisa nhamo pamuri kuiisa pane umwe.”

57. Avo vavanosheedza (saJesu mwana waMariya, Ezira, Ngirozi) vachitsvaga nzira yekuna Tenzi vavo, kuti ndiani pakati pavo angave pedyo; uye (Jesu, Ezira, Ngirozi nevamwe) vanoshuvira tsitsi dzavo (Allah) uye vanotya mutongo wavo. Zvirokwazvo, mutongo waTenzi vako unotyisa (unofanira kutyiwa)!

58. Uye hapana guta asi tichariparadza zuva rekumutswa risati rasvika, kana kuritonga nemutongo wakaomarara. Izvi zvakanyorwa muGwaro (remirau yedu).

59. Uye hapana chinotimisa kutumira zviratidzo, asi kuti vanhu vekare vakaramba (zviratidzo). Uye takatumira ngamera hadzi kumaThamood sechiratidzo chiri pachena, asi vakaitadzira (vakaiuraya). Uye hatina kutumira zviratidzo kunze kwekurangaridza, nekuvachichidzira (kuti vachaparadzwa).

60. Uye (rangarira) apo patakakuudza: “Zvirokwazvo, Tenzi vako vakakomberedza vanhu (vari mumaoko avo).” Uye hatina kuita chiratidzo chatakakuratidza (Muhammad (SAW), Mi’raaj (Rwendo rwekudenga)) asi semuedzo kune vanhu, uye nemuti (weZaqqoom) wakashorwa muQur’aan. Uye tinovatsiura uye tovaita kuti vatye, asi zvinovawedzera kusatenda kukuru nekusateerera Allah.

61. Uye (rangarira) apo patakati kune ngirozi: “Pfugamirai pachenyu Adam.” Dzakapfugama kusara kwaIblees (Satani). Akati: “Ndingapfugamire uyo wamakasika kubva mudhaka?”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

62. (Satani) akati: “Tarisa uyu wamakudza kudarika ini, kana mukandipa nguva kusvika zuva rekumutswa, ndicharasisa vana vake kusara kwevashoma!”

63. (Allah) vakati: “Enda, uye wese achakutevera pakati pavo, zvirokwazvo, Gehena richave mubairo wenyu (mese), mubairo wakazara.”

64. “Uye vafurire avo vaunokwanisa pakati pavo neizwi rako (mimhanzi nezvimwe zvakadaro), uye varwise nemauto ako epamabhiza neetsoka, uye govana navo hupfumi nevana (nekuvanyengedza kuti vawane mari nenzira dzisina kunaka, kana kuita hupombwe), uye vavimbise.” Asi Satani haavavimbisi kusara kwekuvanyengedza.

65. “Zvirokwazvo, varanda vangu (vatendi vechokwadi), hauna simba kwavari. Uye vakakwana Tenzi vako semuchengetedzi.”

66. Tenzi venyu ndivo vanofambisa ngarava mugungwa, kuti muve munotsvaga makomborero avo. Zvirokwazvo, ndivo vane tsitsi zhinji kwamuri.

67. Uye kana zvinokuvadza zvakubatai mugungwa, avo vamunosheedza vanotsakatika kusara kwaivo (Allah). Asi kana vakuburitsai kuuya panyika zvakanaka, munofuratira. Uye munhu haatendi.

68. Munonzwa kuchengetedzeka here kuti havazokonzeri divi renyika kukumedzai, kana kuti kutumira kwamuri dutu rejecha? Naizvozvo, muchashaiwa mubetseri.

69. Kana kuti mononzwa kuchengetedzeka kuti havazokudzorerari kechipipiri mugungwa uye vokutumirai mhepo yakaomarara uye yokunyudzai nekuda kwekusatenda kwenyu? Naizvozvo, muchashaiwa mubetseri mariri pamusoro pedu.

70. Uye zvirokwazvo takaremekedza vana vaAdam, uye tinovatakura panyika nemugungwa, uye tinovapa At-Tayyibaat (zvinhu zvakanaka zvinobvumirwa), uye takavasarudza zvikuru pane vazhinji veavo vatakasika.

71. (Uye rangarira) zuva ratichasheedza vanhu vese nevatungamiriri vavo (maporofita avo, kana magwaro ezviito zvavo, kana Mabhuku avo seQur’aan, Torah neVhangeri, kana kuti vatungamiriri vavo panyika vavaitevera). Saka uyo achapihwa gwaro rake kuruoko rwake rwerudyi, vakadaro vachavarenga magwaro avo, uye havazombodzvanyiririrwi.

72. Uye wese asingaoni pano pasi (zviratidzo zvaAllah nekusatenda mavari), achange asingaoni muhupenyu hwemangwana, uye akarasika zvikuru kubva mugwara.

73. Zvirokwazvo, vakanga vave pedyo kukuedza kubva kune zvatakadzikisa kwauri (Muhammad (SAW)), kuti uve unogadzira uchipokana nesu zvimwe zvakasiyana nazvo, uye naizvozvo vangadai zvirokwazvo vakakutora seshamwari!

74. Uye dai tisina kukumisa zvakadzama, ungadai wakarerekera kwavari zvishoma.

75. Naizvozvo tingadai zvirokwazvo takakuravidza mugove wakapetwa (wemurango) muhupenyu uno uye mugove wakapetwa (wemurango) kumberi kwerufu. Uye waishaiwa mubetseri pakupokana nesu.

76. Uye zvirokwazvo, vakanga vave pedyo kukutyisa zvakanyanya kuti vakuburitse panyika. Naizvozvo vaisagara mushure mako kusara kwenguva shoma.

77. Nzira (Sunnah) yeavo vatakatumira usati wavepo (Muhammad (SAW)) kubva kuvatumwa vedu, uye hauzowani kusiyana mune Sunnah (Nzira) yedu.

78. Ita Swalaah (minamato) kubva masikatikati kusvika parima reusiku (minamato yeDhuhr, Asr, Maghrib neIsha), uye verenga Qur’aan mangwanani-ngwanani (munamato wemangwanani, Fajr). Zvirokwazvo, kuverenga Qur’aan mangwanani zvinopupurwa (nengirozi dzemasikati nedzeusiku dzinotarisa vanhu).

79. Uye kubva muusiku, ita munamato naro (verenga Qur’aan mumunamato) sekupamhidza munamato (Tahajjud) wako (Muhammad (SAW)). Zvimwe Tenzi vako vangakusimudzire paMaqaam Mahmood (nzvimbo yerukudzo nerumbidzo, yekumiririra vanhu pazuva rekumutswa).

80. Uye iti (Muhammad (SAW)): “Tenzi vangu! Ndipinzei mune zvakanaka (muguta reAl-Madinah), uye ndibuditsei mune zvakanaka (muguta reMakkah). Uye ndipeiwo simba kubva kwamuri rinondibetsera (kana kuti chiratidzo).”

81. Uye iti: “Chokwadi (Islaam) chauya uye manyepo (kusanganisa Allah nezvimwe zvinhu) aparara. Zvirokwazvo, manyepo anova anoparara.”

82. Uye tinodzikisa muQur’aan izvo zvinorapa uye tsitsi kuvatendi (muIslaam), uye hazviwedzeri vanoita zvakaipa kunze kwekurasikirwa.

83. Uye apo patinodzikisa nyasha dzedu kumunhu (asingatendi), anofuratira wozvikudza. Uye kana zvakaipa zvamubata, anodemba zvakanyanya.

84. Iti (Muhammd (SAW) kune vanhu): “Mumwe nemumwe anoita nekuda kwake (Shaakilatihi), uye Tenzi venyu vanoziva zvakanyanya uyo nzira yake yakatwasuka.”

85. Uye vanokubvunza (Muhammad (SAW)) maereano neRooh (Mweya). Iti: “Rooh (Mweya) chimwe chezvinhu, ruzivo rwayo rwuna Tenzi vangu. Uye hamuna kupihwa ruzivo kusara kwerwushoma.”

86. Uye dai takada, zvirokwazvo, dai takatora izvo zvatakadzikisa kwauri (Qur’aan). Naizvozvo waishaiwa muchengeti nazvo kubva kwatiri.

87. Kunze kwetsitsi kubva kuna Tenzi vako. Zvirokwazvo, nyasha dzavo kwauri (Muhammad (SAW)) izhinji.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

88. Iti: "Kunyangwe vanhu nemaJinn vakaungana kugadzira zvakafanana neQur'aan iri, havagadziri zvakafanana naro, kunyangwe vamwe vavo vakabetsera vamwe."

89. Uye zvirokwazvo, takatsanangurira vanhu muQur'aan iri mienzaniso yese, asi vanhu vazhinji vanoramba (Chokwadi) kusara kwekusatenda.

90. Uye vanoti: "Hatitendi mauri (Muhammad (SAW)) kusvika watiburitsira chitubu panyika."

91. "Kana kuti une bindu remadheti nemagirepu, uye unoita nzizi dziyerere pakati paro."

92. "Kana kudonhedza denga muzvidimbu sekutiudza (sekunyengedza) kwawakatiita, kana kuunza Allah nengirozi kwatiri."

93. "Kana kuti ova neimba yeZukhruf (Sirivha negoridhe), kana kuti okwira kudenga, uye hatimbotendi mukukwira kwako kusvika wadzikisa kwatiri gwaro kuti tiverenge." Iti (Muhammad (SAW)): "Kurumbidzwa ngakuve kuna Tenzi vangu! Ndingave chimwe chinhu here asi munhu akatumirwa semutumwa?"

94. Uye hapana chakamisa vanhu kutenda kana gwara rauya kwavari, kunze kwekuti vanoti: "Allah vakatumira munhu semutumwa here?"

95. Iti: "Dai panyika pane ngirozi dzichifamba murunyararo, zvirokwazvo tingadai takadzikisa kwavari kubva kudenga ngirozi semutumwa."

96. Iti: "Allah vanokwana semupupuri pakati pangu nemi. Zvirokwazvo, ndivo vanoziva zvakanyanya, vanoona varanda vavo."

97. Uye uyo anotungamirwa naAllah, ndiye akatungamirwa; asi uyo wavanorasisa, hauzombovawaniri vabetseri kunze kwavo, uye tichavaunganidza pazuva rekumutswa nezviso zvavo, vasingaoni, vasingatauri uye vasinganzwi. Gehena ichange iri nzvimbo yavo yokugara. Pese parinonyarara, tinovawedzerera ukasha hwemoto.

98. Uyu ndiwo mubairo wavo, nekuti vairamba zviratidzo zvedu uye vachiti: "Kana tava mapfupa uye taparadzwa, tichamutswa here sezvisikwa zvitsva?"

99. Havaoni here kuti Allah vakasika matenga nenyika, vanokwanisa kusika zvakafanana nazvo. Uye vakavapa nguva yakatarwa iyo isina kupokana. Asi vanoita zvakaipa vakaramba kunze kwekusatenda.

100. Iti (kune vasingatendi): "Dai makawana hupfumi hwetsitsi dzaTenzi vangu, naizvozvo zvirokwazvo, maisauburitsa muchitya kuperevedza, uye munhu anoomera!"

101. Uye zvirokwazvo, takapa Musa zviratidzo pfumbamwe (9) zviri pachena. Naizvozvo bvunza vana vaIzirairi. Apo paakauya kwavari, Farawo akati kwaari: "Iwe Musa! Zvirokwazvo, ndinofunga kuti wakaroiwa."

102. (Musa) akati: "Zvirokwazvo, unoziva kuti zviratidzo izvi hazvina kudzikiswa naani kunze kwaTenzi vematenga nenyika. Uye zvirokwazvo, ndinofunga kuti uchaparadzwa, iwe Farawo!"



الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

103. Naizvozvo akada kuvaburitsa kubva munyika (yeEgypt), asi takamunyudza uye nevese vakanga vainaye.

104. Uye takati kuvana vaIzirairi mumashure make: "Garai panyika, asi kana vimbiso yekupedzisira yauya pedyo (Zuva rekumutsva kana kudzoka kwaJesu panyika), tichakuunzai pamwe chete seboka rakasanganiswa (madzinza akasiyana-siyana akaunganidzwa).

105. Uye muchokwadi takaridzikisa (Qur'aan), uye nechokwadi rakadzika. Uye hatina kukutumira (Muhammad (SAW)) saani kunze kwemupi wemashoko akanaka (eParadhiso kune vanoita mabasa akanaka), uye semuyambiri (kubva kuGehena kune vanoramba Islaam).

106. Uye iQur'aan ratakapatsanura kuti uve unoriverenga kune vanhu muzvinhambwe. Uye takaridzikisa muzvidimbu (kwemakore makumi maviri nematatu).

107. Iti (Muhammad (SAW)) kwavari: "Tendai mariri (Qur'aan) kana kusatenda. Zvirokwazvo, avo vakapihwa ruzivo mushure maro (MaJudha nemaKristu saAbdullah bin Salaam naSalman Al-Farisi), kana richiverengwa kwavari, vanopfugama pasi nezviso zvavo vachizvininipisa."

108. Uye vanoti: "Kurumbidzwa ngakuve kuna Tenzi vedu! Zvirokwazvo, vimbiso yaTenzi vedu inofanirwa kuzadziswa."

109. Uye vanopfugama pasi nezviso zvavo vachichema uye zvinowedzera unyoro hwavo.

110. Iti (Muhammad (SAW)): "Sheedzai Allah kana sheedza vane tsitsi zhinji (Allah), nezita ripi zvaro ramunovasheedza, ndivo vane mazita akanaka. Uye usaita munamato wako nezwi repamusoro kana repasi, asi tevera nzira iri pakati."

111. Uye iti: "Kurumbidzwa nekutenda kwese ndekwa Allah, avo vasina kutora mwana, uye havana umwe pamasimba (avo), uye havasi vepasi kuti vangave nemubetseri. Uye vakudze nemukudzo mukuru, (Allaahu Akbar (Allah ndivo vakuru pamusoro pezvese))."

# CHITSAUKO AL-KAHF

# (BAKO) 18

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Kukudzwa nekutendwa kwese ndekwa Allah, avo vakadzikisa kune muranda wavo (Muhammad (SAW)) Gwaro (Qur'aan), uye havana kuisa mariri kusiyana (kutsveyama).

2. Rakatwasuka kupa chenjedzo (kune vasingatendi) yemarwadzo akaomarara kubva kwavari, uye kupa mashoko akanaka kuvatendi (muhumwechete hwaAllah), avo vanoita mabasa akanaka, kuti vachawana mubairo wakanaka (Paradhiso).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

3. Vachagara imomo zvachose.

4. Uye kuchenjedza (maJudha, maKristu, nevanamati vezvimwe zvinhu kunze kwaAllah) avo vanoti: “Allah vane mwanakomana (kana vana).”

5. Havana ruzivo rwacho kana vanababa vavo. Shoko rinobuda pamiromo yavo rihombe (kuti Allah vane vanakomana nevanasikana). Hapana chavanotaura kunze kwemanyepo.

6. Kuti zvimwe ungazviuraye (Muhammad (SAW)) nekusuruwara pane mitsindo yavo (nekukuramba kwavo), nekuti havatendi mune nhaurwa iyi (Qur’aan).

7. Zvirokwazvo, takagadzira izvo zviri panyika seshongedzo yepo, kuti tive tinovaedza kuti ndiani pakati pavo achaita mabasa akanaka. (Avo vanoita mabasa akanaka nenzira inodiwa, vachimaitira kufadza Allah chete uye vachimaita semaitiro aiita Muhammad (SAW)).

8. Uye zvirokwazvo, tichaita zvese zviripo panyika dhaka rakaoma (risina chinhu chinomera).

9. Unofunga here kuti vanhu vemubako uye nenhau dzavo vaive chishamiso pane zviratidzo zvedu?

10. (Rangarira) apo varume pavakatsvaka rubetsero kune bako (vachitiza vanhu vavo vasingatendi). Vakati: “Tenzi vedu! Tipei (tiitirei) tsitsi kubva kwamuri, uye tigadzirirei nyaya yedu munzira yakatwasuka.”

11. Naizvozvo takavhara nzeve dzavo mubako kwemakore akati kuti.

12. Pedzezvo tikava tinovamutsa (kubva mukurara kwavo), kuti tive tinoedza kuti nderipi pamaboka maviri raikwanisa kuverenga nguva yavakagara.

13. Tinokuudza (Muhammad (SAW)) nyaya yavo muchokwadi. Zvirokwazvo, vaive varume vechidiki vaitenda muna Tenzi vavo (Allah), uye takavawedzera mukutungamirirwa.

14. Uye takasimbisa moyo yavo (nekutenda nekutsungirira) pavakasimuka vakati: “Tenzi vedu ndivo Tenzi vematenga nenyika, hatimbosheedzi umwe mwari kunze kwavo. Kana tikaita, zvirokwazvo tinenge tataura zvakaipa.”

15. “Ava vanhu vedu vakatora vanamwari kunze kwavo (Allah). Sei vasina kuvaburitsira umboo uri pachena? Uye ndiani anotadza kudarika uyo anogadzira manyepo kuna Allah.”

16. (Varume vechidiki vakati): “Uye kana mukadeduka kubva kwavari, uye neizvo zvavanonamata kunze kwaAllah, monotsvaga botero mubako, Tenzi venyu vanokuvhurirai nzira kubva kutsitsi dzavo, uye vanoita nyore nyaya yenyu (vanokupai zvamunoda, chikafu nepekugara).”

17. Uye unoona zuva parinobuda richirereka kurudyi kwebako ravo, uye parinonyura, rinorereka kubva kwavari kuruboshwe, asi vakarara vari pakati pebako. Ichi chiiratidzo kubva kuzviratidzo zvaAllah. Uyo anotungamirwa naAllah, ndiye akatungamirwa; uye uyo wavanotsaudzira, kwaari hauwani shamwari yekumutungamira (kunzira yakatwasuka).

18. Uye waifunga kuti vakamuka, asi vakarara. Uye takavashozhonyora kurudyi rwavo uye nekuruboshwe rwavo, uye imbwa yavo yakatwasanudza makumbo ayo maviri pamusuwo (webako kana panzvimbo iri pedyo nawo). Dai wakavatarisa, ungadai wakafuratira kwavari uchitiza, uye ungadai wakazadzwa nekuvatya.

19. Naizvozvo, takavamutsa (kubva mukurara kwavo kwakareba) kuti vave vanobvunzana pachavo. Mutauri pakati pavo akati: "Magara nguva yakadii?" Vakati: "Tagara zuva rimwe chete kana kuti chidimbu chezuva." Vakati: "Tenzi venyu ndivo vanoziva zvakanaka kuti magara nguva yakadii. Naizvozvo tumirai mumwechete wenyu nemari yenyu yemasirivha kudhorobha, uye ngaanotsvaga chikafu chakanaka chinobvumidzwa, uye okuunzirai kubva mariri raramo. Uye ngaangwarire uye zvirokwazvo hasaite ani zvake ave neruzivo nezvenyu."

20. "Kana vakakuzivai, vanokutemai nematombo (kusvikira mafa kana kukuvadzai), kana kukudzorerai kune chitendero chavo; uye mukadaro hamuzobudiriri zvachose."

21. Naizvozvo takaita kuti nyaya yavo izivikanwe, kuti (vanhu) vave vanoziva kuti vimbiso yaAllah ndeye chokwadi, uye kuti hapana kugunun'una panyaya yenguva. (Rangarira) apo pavakapokana pakati pavo panyaya yavo. Vakati: "Chivakai chivakwa pamusoro pavo, Tenzi vavo vanovaziva zvese pamusoro pavo." Avo vakakunda panyaya yavo vakati: "Zvirokwazvo, tichavaka nzvimbo yekunamatira pamusoro pavo."

22. (Vamwe) vanoti vaive vatatu, imbwa yavo yaive yechina; uye vamwe vanoti vaive vashanu, imbwa yavo yaive yechitanhatu, vachiifungidzira zvakavandika; uye vamwe vanoti vaive vanomwe, imbwa yavo yaive yechisere. Iti (Muhammad (SAW)): "Tenzi vangu vanoziva zvakanyanya huwandu hwavo, hapana anovaziva kunze kwevashoma." Naizvozvo musava munoita hurukuro (pahuwandu wavo) kunze nehumboo huri pachena. Uye usava unovabvunza (maJudha nemaKristu) nezve vanhu vemubako.

23. Uye usava unoti pabasa rese: "Ndichaita izvi mangwana."

24. Kunze (kwekuti): "Kana Allah vada!" Uye rangarira Tenzi vako kana wakanganwa uye woti: "Zvimwe Tenzi vangu vanonditungamira panzira iri pedyo nechokwadi kudarika iyi."

25. Uye vakagara mubako kwemakore mazana matatu, vakawedzera mapfumbamwe.

26. Iti: "Allah vanoziva kuti vakagara nguva yakadii. Vane ruzivo rwezvakavanzika mumatenga nepasi. Vanoona zvakanakisa uye vanonzwa! Havana mubetseri kunze kwavo, uye hapana wavanoita mubetseri pakutonga kwavo."

27. Uye verenga zvakadzikiswa kwauri (Muhammad (SAW)) kubva muGwaro (Qur'aan) raTenzi vako. Hapana angasandure mashoko avo, uye hauwani mubatsiri (kwekunopotera) kunze kwavo.

28. Uye tsungirira (Muhammad (SAW)) pamwe neavo vanosheedza Tenzi vavo (vatevedzeri vako) mangwanani nemasikati, vachitsvaga chiso chavo; uye maziso ako ngaasavapfuure, uchida shongedzo yehupenyu hwepano pasi; uye usatevere uyo watakaita moyo wake kuti ukanganwe yeuchidzo yedu, uye anotevedzera zvido zvake, uye mabasa ake akarasika.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

29. Uye iti: “Chokwadi chinobva kuna Tenzi venyu.” Naizvozvo kune wese anoda, ngaatende; uye kune wese anoda ngaasatende. Zvirokwazvo, takagadzirira vanoita zvakaipa moto madziro acho achavakomberedza. Uye kana vakakumbira rubatsiro, vachapihwa mvura inenge mafundo emafuta, iyo ichavaunyanidza (ichapisa) zviso zvavo. Chimwiwa chinotyisa uye nzvimbo yokugara yakaipa!

30. Zvirokwazvo, avo vakatenda uye vakaita mabasa akanaka, chokwadi hatiite mubairo weuyo akaita mabasa akanaka kuti urasike.

31. Ava vachawana minda ye Eden (minda isingaperi), umo nzizi dzinoyerera nechemuzasi, imomo vachashongedzwa nefumba dzegoridhe (mabhenguru), uye vachapfeka hanzu nyoro yechiripo uye nesiriki gobvu. Vacharereka imomo pazvigaro zvepamusoro. Mubairo wakanaka sei uye nzvimbo yokugara yakanaka chaizvo!

32. Uye vape muenzaniso wevarume vaviri. Kune umwe chete wavo takamupa mapindu maviri emagirepi, uye takamakomberedza nemadheti, uye tikaisa pakati pawo mbesa dzakasvibira.

33. Rimwe nerimwe remapindu maviri raibuditsa zvidyiwa zvaro, uye raisatadza kana (kubereka), uyezve takaita kuti rwizi rwuerera imomo pakati pawo.

34. Uyezve aive nemichero uye akati kushamwari yake achitaura nayo: “Ndine hupfumi hwakawanda kudarika iwe uyezve ndine vana vakawanda.”

35. Uye akapinda bindu rake asina kururama pachezvake (achizvikudza uye asingatendi). Akati: “Handifungi kuti izvi zvinoparara zvachose.”

36. “Uye handifungi kuti nguva ichasvika, uye zvirokwazvo kana ndikadzorerwa kuna Tenzi vangu (pazuva rokutongwa), zvirokwazvo ndichawana zviri nani pane izvi kana ndadzokera kwavari.”

37. Shamwari yake ikati kwaari vachitaurirana: “Hautendi mavari vakakusika kubva muivhu, uye kubva muNutfah (mvura yakasangana yemurume nemukadzi), uyezve vakakugadzira kuva munhurume?”

38. “Asi kune divi rangu, (ndinotenda) kuti ndiAllah, Tenzi vangu, uye hakuna umwe wandichasanganisa naTenzi vangu.”

39. “Zvange zviri nani kwauri kutaura kuti, apo pawapinda mubindu rako: ‘Izvo zvinoda Allah (zvichaitika)! Hakuna ane simba kunze kwaAllah! Kana uchiona ini ndiri pasi pako muhupfumi nevana,”

40. “Zvimwe Tenzi vangu vachandipa zviri nani pane bindu rako, uye vachatumira kwariri marwadzo (mheni) kubva kudenga, uyezve ichava nzvimbo inotsvedza isingameri chinhu.”

41. “Kana kuti mvura mariri (bindu) ichave pasi zvekuti hauikwanisi kuitsvaga.”



NEW & EXCLUSIVE

42. Naizvozvo michero yake yakakomberedzwa (yakaparadzwa), uye akaramba achiuchira maoko ake (nekusuruvara) pane zvaakashandisa mariri, asi zvese zvakanga zvaparara, uye akangokwanisa kuti: “Dai ndisina kusanganisa vamwe naTenzi vangu!”

43. Uye pakange pasina chikwata chinomubetsera kubva kuna Allah, uyezve haana kukwanisa kuzvidzivirira.

44. Ikoko (pazuva rekumutswa) Al-Walaayah (Simba) richange riri raAllah, Mwari vechokwadi. Allah ndivo vane mubairo wakanaka uye nemagumo akanaka.

45. Uye vape muenzaniso wehupenyu hwepano pasi, semvura yatinotumidzira kubva kudenga, uye zvirimwa zvepanyika zvinosangana nayo (uye zvobva zvakura zvosvibirira). Asi inobva yaoma yova zvidimbu zvidimbu, izvo mhepo inozviparadzira. Uye Allah vanokwanisa kuita zvese.

46. Hupfumi nevana zviyevedzo zvehupenyu hwepanyika. Asi mabasa akanaka anogara ari nani kuna Tenzi vako mumubairo uye tarisiro yakanaka.

47. Uye (rangarira) zuva ratichaita makomo kuti aparare (semakore), uye uchaona nyika seyakasandarika, uye tichavaunganidza vese pamwe chete pasina kusiya ani zvake.

48. Uye vachaunganidzwa pamberi paTenzi vako mumitsara (uye Allah vachati): “Zvirokwazvo, mauya kwatiri semasikiro atakakukuitai pekutanga. Kwete, asi maifunga kuti hatina kusarudza nguva yekusangana kwenyu (nesu).”

49. Uye Gwaro richagadzikwa (muruoko rwerudyi rwemutendi muhumwechete hwaAllah, uye muruoko rweruboshwe kune asingatendi muhumwechete hwaAllah), uye muchaona vatadzi vachitya izvo zvakanyorwa mariri. Vachati: “Matambudziko kwatiri! Igwaro rwudzii iri risingasiyi chidiki kana chihombe, asi zvakanyorwa nemanhamba mariri!” Uye vachawana zvese zvavaiita zvagadzikwa pamberi pavo, uye Tenzi vako havabati upi zvake zvisina kufanira.

50. Uye (Rangarira) patakati kune ngirozi: “Pfugamirai Adam.” Dzakapfugama dzese kunze kwaSatani, uyo anga ari umwe wemaJinn (Zvisikwa zvakasikwa nemoto). Haana kuteerera murawo waTenzi vake. Saka munomutora iye (Satani) nevana vake sevadziviriri nevabatsiri pane ini (Allah) asi vari vavengi venyu? Kwakaipa kudii kuchinjana kwevatadzi!

51. Ini (Allah) ndakaita (Satani nevana vake) kuti vasapupure (uye handina kutora rubatsiro rwavo) pakusika matenga nenyika uye pakusikwa kwavo (maJinn). Uye zvange zvisina kukodzera kuti ini (Allah) nditore vanotsaudzira sevabetseri.

52. Uye (rangarira) zuva ravachati: “Sheedzai vabetseri vangu avo vamaitaura.” Naizvozvo vachachema kwavari (vachavasheedza), asi havavadaviri, uye tichaisa mupingo pakati pavo.

53. Uye vatadzi vachaona moto uye vachaziva kuti ndimo mavachagara. Uyezve hapana nzira yavachabuda nayo imomo.

54. Uye zvirokwazvo taisira vanhu muenzaniso wezvese muQur’aan iri, asi vanhu vanopokana zvikuru kupfuura zvinhu zvese.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

55. Uye hapana chinotadzisa vanhu kutenda, apo kutungamirirwa (Qur'aan) kwauya kwavari, uye nekukumbira ruregerero kuna Tenzi vavo, kunze kwekuti nzira yemadzitateguru idzokorodzwe kwavari (kuparadzwa naAllah), kana kuti marwadzo aunzwe pamberi pavo zviripachena.

56. Uye hatitumiri vatumwa kunze kwekuti sevapi vemashoko akanaka uye vaeuchidzi. Asi avo vasingatendi vanopokana nemanyepo kuti vaparadze nawo chokwadi. Uye vanotora ndima dzangu neyambiro sedambe.

57. Uye ndiani anoita zvakaipa pane uyo anoeuchidzwa zviratidzo zvaTenzi vake, asi anofuratira kubva kwazviri, achikanganwa zvakatumirwa mberi nemaoko ake? Chokwadi, takaisa mambure pamwoyo yavo, kuti vasarinzwisise (Qur'aan), uye munzeve dzavo umatsi. Uye kana ukavasheedzera (Muhammad (SAW)) kunzira yakatwasuka, nyangwe zvazvo havambotungamirwi.

58. Uye Tenzi vako vane ruregerero zhinji, muridzi wetsitsi dzose. Dai vakavasheedza kuvabvunza zvavakaita, zvirokwazvo, vangadai vakavakurumidzira mutongo wavo. Asi vane nguva yavo yakatarwa, iyo havambokwanisi kutiza kubva kwairi.

59. Uye madhorobha aya (emaAad neThamood) takamaparadza pavakatadza. Uye takatara nguva yavo yekuvaparadza.

60. Uye (rangarira) apo Musa paakati kune murandakomana wake: "Handiregeri (kufamba) kusvika ndasvika pakati pemakungwa maviri, kana ndichaita makore nemakore ndichifamba.

61. Asi pavakasvika pakati pemakungwa maviri, vakakanganwa hove yavo, uye yakatora nzira yayo mugungwa semumugero.

62. Naizvozvo pavakapfurira, Musa akati kune murandakomana wake: "Huya nechikafu chedu chemangwanani, zvirokwazvo, taneta zvakanyanya kubva murwendo rwedu urwu."

63. Akati: "Unoyeuka here patazorora padombo? Zvirokwazvo, ndakanganwa hove, hapana umwe asi Satani andiita kuti ndikanganwe kuzvirangarira. Uye yakatora nzira yayo mugungwa nenzira inoshamisa!"

64. Musa akati: "Ndipo patiri kutsvaga." Naizvozvo vakadzokera shure vachironda mitsindo yavo.

65. Naizvozvo vakawana muranda kubva kuvaranda vedu, uyo atakamupa tsitsi kubva kwatiri, uye tikamudzidzisa ruzivo kubva kwatiri.

66. Musa akati kwaari (Al-Khidr): "Ndikutevere here kuti undidzidzise zvimwe zveruzivo rwawakadzidziswa (naAllah)?"

67. Akati (Al-Khidr): "Zvirokwazvo, haukwanisi kutsungirira neni!"

68. "Uye unokwanisa kutsungirira sei pane chinhu chausingazivi?"

69. Musa akati: "Kana Allah vada, uchandiwana ndakatsungirira, uye handikutadziri kana chii zvacho."



الجديد و الحصري NEW & EXCLUSIVE

70. (Al-Khidr) akati: “Kana ukanditevera, usandibvunze chipi zvacho kusvika ndakutaurira.”

71. Naizvozvo vakaenderera mberi kusvika vakakwira ngarava, (Al-Khidr) akaiboora. Musa akati: “Waiboora kuti unyudze vanhu vayo? Zvirokwazvo, waita chinhu chakaipa!”

72. Akati (Al-Khidr): “Handina kukuudza here kuti haukwanisi kutsungirira neni?”

73, (Musa) akati: “Ndiregererewo pane zvandakanganwa, uye usava unondiomesera nenyaya yangu.”

74. Naizvozvo vakaenderera mberi kusvika vasangana nemukomana, uye (Al-Khidr) akamuuraya. Musa akati: “Wauraya munhu akanaka asina kuuraya munhu? Zvirokwazvo, waita chinhu chakaipa!”

75. (Al-Khidr) akati: “Handina kukuudza here kuti haukwanisi kutsungirira neni?”

76. (Musa) akati: “Kana ndikakubvunza chimwe chinhu mushure meichi usafambe neni (ndisiye), zvirokwazvo, unenge une chikonzero kubva kwandiri.”

77. Naizvozvo vakafamba vari vaviri, kusvika vasvika pavanhu vemumusha, vakavakumbira chikafu, naizvozvo vakaramba kuvatambira sevaenzi. Naizvozvo vakaona mudhuri waida kudonha, uye (Al-Khidr) akautwasanudza. Musa akati: “Dai wanga uchida, zvirokwazvo, waivabhadharisa mari pamusoro pavo (mudhuri)!”

78. (Al-Khidr) akati: “Uku ndiko kupesana kwangu newe, ndichakuudza dudziro yezvinhu zvawatadza kutsungirira.”

79. “Maererano nengarava, yange iri yevanhu vanotambura vanoshanda mugungwa. Naizvozvo ndaida kuyikanganisa nekuti kumashure kwavo kwanga kuna mambo aipamba ngarava yese yakanaka nechisimba.”

80. “Uye maererano nechikomana, vabereki vake vanga vari vatendi, naizvozvo tatya kuti angazovadzvanyirira nekupanduka pamwe nekusatenda.”

81. “Naizvozvo tada kuti Tenzi vavo avachinjire neumwe ari nani pakuita mabasa akanaka uye ari pedyo netsitsi.”

82. “Uye maererano nemudhuri, wanga uri wenherera komana mbiri muguta, uye pasi pawo (mudhuri) panga pane hupfumi hwavo, uye baba vavo vakanga vari munhu akanaka (anotya Allah), uye Tenzi vako vada kuti vakure vozotora hupfumi hwavo setsitsi kubva kuna Tenzi vako. Uye handina kuzviita nekuda kwangu. Iyi ndiyo dudziro yeizvo zvausina kutsungirira.”

83. Uye vachakubvunza maererano naDhul-Qarnain. Iti: “Ndichakuudzai nyaya yake.”

84. Zvirokwazvo, takamudzika panyika uye tikamupa zvinhu zvese.

85. Naizvozvo akatevera nzira.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

86. Kusvikira asvika kwainyura zuva (kumadokero), akariwana richinyura muchitubu chenhope nhema yaipisa, uye akawana pedyo pacho (chitubu) pane vanhu. Tikati (Allah): "Iwe Dhul-Qarnain! Unokwanisa kuvaranga kana kuvabata zvakanaka."

87. Akati (Dhul-Qarnain): "Uyo anoita mabasa akaipa, tichamuranga, uye achadzoswa kuna Tenzi vake avo vachamuranga nemurango wakaomarara (Gehena)."

88. "Uye uyo achatenda (muhumwechete hwaAllah), uye oita mabasa akanaka, achawana mubairo wakanaka (Paradhiso), uye achataura naye (Dhul-Qarnain) mashoko akanaka."

89. Naizvozvo akatevera (imwe) nzira.

90. Kusvika asvika kunzvimbo yaibudira zuva (kumabvazuva), akariwana richibudira kune vanhu vatisina kupa bvute kuzuva.

91. Zvakaitika kudaro! Zvirokwazvo, taiziva zvese maererano naye (Dhul-Qarnain).

92. Naizvozvo akatevera (imwe) nzira.

93. Kusvika asvika pakati pemakomo maviri, akawana pedyo nawo (makomo) vanhu vakanga vari pedyo kusanzwa kana shoko.

94. Vakati: "Iwe Dhul-Qarnain! Zvirokwazvo, vana Ya'jooj naMa'jooj (Gog naMagog) vari kukonzeresa panyika. Naizvozvo tingakupe matano here kuti uvake mudhuri pakati pedu navo?"

95. Akati: "Zvandakatsigigiswa naTenzi vangu zvirinani. Naizvozvo ndibetserei nesimba (varume) kuti ndimise mudhuri pakati penyu navo."

96. "Ndipei zvidimbu zvesimbi." Naizvozvo paakazadza mpata pakati pemakomo maviri, akati: "Furidzai." Naizvozvo paakazviita kunge moto akati: "Ndipei mhangura yakanyunguduka ndidire pamusoro pazvo."

97. Naizvozvo (vana Gog naMagog) vakatadza kuukwira (mudhuri) nepamusoro kana kuuchera kusvika kuseri.

98. (Dhul-Qarnain) akati: "Idzi itsitsi kubva kuna Tenzi vangu, asi kana vimbiso yaTenzi vangu yauya, vachaudonhedzera pasi. Uye vimbiso yaTenzi vangu ndeye chokwadi."

99. Uye pazuva iroro (pachabuda vana Gog naMagog), tichasiya vamwe vavo vachiita kunge masaisai pane vamwe vavo, uye hwamanda icharidzwa, uye tichavaunganidza pamwe chete.

100. Uye pazuva iroro ticharatidza Gehena kune avo vasingatendi zviri pachena.

101. Avo maziso avo akanga akavharwa kurangaridzo yangu, uye vakanga vasingakwanisi kunzwa (chokwadi).

102. Avo vasingatendi vanofunga here kuti vangatore varanda vangu (ngirozi, vatumwa) sevabetseri kunze kwangu? Zvirokwazvo, takagadzira Gehena semafaro evasingatendi (muhumwechete hwaAllah).

103. Iti (Muhammad (SAW)): "Tikuudzei here vakarasikirwa zvikuru mumabasa?"

104. "Avo mabasa avo akatambisika muhupenyu hwepano pasi, asi vachifunga kuti varikuwana zvakanaka nemabasa avo."

105. "Ndeavo vanoramba zviratidzo zvaTenzi vavo uye nekusangana navo (muzuva rekumutswa). Naizvozvo mabasa avo achashaya basa, uye muzuva rekumutswa hatimbovapi huremu."

106. "Uyo mubairo wavo, iGehena, nekuti vairamba kutenda, uye vaitora zviratidzo zvangu nevatumwa vangu sedambe."

107. "Zvirokwazvo avo vanotenda (muIslaam) uye voita mabasa akanaka, vachawana minda ye Al-Firdaus (Paradhiso) yemafaro.

108. Vachagara imomo zvachose. Havamboshuviri kubuda imomo.

109. Iti (Muhammad (SAW) kune vanhu): "Dai gungwa raiva ingi yekunyora mazwi aTenzi vangu, zvirokwazvo, gungwa ringadai rakapwa mazwi aTenzi vangu asati apera, kunyangwe tikaunza (rimwe gungwa) rakafanana kunowedzera."

110. Iti (Muhammad (SAW)): "Zvirokwazvo, ndiri munhu semi. Zvakadzikiswa kwandiri kuti Mwari wenyu ndiMwari mumwechete. Naizvozvo uyo anoshuvira kusangana naTenzi vake, ngaaite mabasa akanaka, uye ngaasasanganise umwe mukunamata Tenzi vake."

# CHITSAUKO MARYAM

# (MARIYA) 19

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Kaaf – Haa – Yaa – Ain – Swaad**. (Aya mashoko ndemamwe ezvishamiso zviri muQur'aan, uye hakuna kana ani zvake anoziva zvaanoreva kunze kwaAllah).

2. (Iyi ndiyo) bufuro (ziviso) yetsitsi dzaTenzi vako kune muranda wavo Zakariyya (Zakero).

3. Apo paakadaidzira kuna Tenzi vake (Allah) daidziro yakavanda.

4. Akataura achiti: "Tenzi vangu (Allah)! Zvirokwazvo, mapfupa angu ava anoregwedeka (apera simba), uye pfupfu yave inopararira musoro (imvi dzapararira musoro), uye handina kumbobvira ndaomera kukukumbirai (muminamato yangu), Tenzi vangu (Allah)!"

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

5. “Uye zvirokwazvo, ndinotya hama dzangu mushure mangu, uye mukadzi wangu ingomwa (haana mbereko). Naizvozvo (ndinokumbirawo) mundipewo mugari wenhaka (yangu) kubva kwamuri.”

6. “(Uyo) achandigara nhaka, uye achazogara nhaka (Ruzivo nehuporofita kwete mari) kubva mumhuri yaYa’qoob (Jakobho). Uye ivai munoita kuti (mwana uyu wandiri kukukumbirai) ave anokufadzai, (imi) Tenzi vangu!”

7. (Allah vakati): “Iwe Zakariyya (Zakero)! Zvirokwazvo, tirikukupa mashoko anofadza emwanakomana, zita rake ndiYahya (Johwani). Hatisati tambopa zita iri kunani-nani zvake kubvira makare.”

8. (Zakero) akati: “Tenzi vangu! Zvirokwazvo, ndingaite mwanakomana seiko apo mudzimai wangu ingomwa (haana mbereko), uye ndave mukweguri (akurisa)?”

9. (Allah) ndokuti: “Nokudaro (zvichaitika). Tenzi vako (Allah) vanoti: Zvirinyore kwandiri. Uye (iwe Zakero) ndakave ndinokusika mushure apo pawakanga usiri chinhu!”

10. Zakariyya (Zakero) akave anoti: “Tenzi vangu! Nditaridzeiwo chiratidzo.” Ndokubva (Allah) vati: “Chiratidzo chako ndechekuti uchave unoregedza kutaura nevanhu kwehusiku hutatu, nyangwe hazvo pasina chinokanganisa muviri.”

11. Pedzezvo (Zakariyya) akabuda munzvimbo yokunamatira (Al-Mihraab) akava anovaudza (kuburikidza) nezviratidzo kuti vave vanorumbidza Allah mangwanani pamwe nemasikati.

12. (Zvakanzi kumwana wake): “Iwe Yahya (Johwani)! Iva unobatisisa (unotora) Gwaro (Torah) zvine simba (zvakasimba).” Uye takava tinomupa njere dzakarurama achiri mwana.

13. Uye takava tinomuita kuti ave munhu anerudo nevamwe (anonzwisisa) setsitsi kubva kwatiri, uye takava tinomuchenura kubva muzvivi (iye Johwani), uye aive munhu akarurama (anotya Allah).

14. Uye akanga ari munhu anopa vabereki vake kodzero dzavo, zvekare akanga asiri munhu anozvitutumadza pamwe nekusateerera (ivo Allah nevabereki vake).

15. Uye runyararo ngaruve kwaari (kubva) zuva raakaberekwa, uye zuva iro raachashaya, pamwe nezuva iro raachamutswa kubva kuvafi!

16. Uye taura (Muhammad (SAW)) zviri muBhuku (Qur’aan maererano nenyaya ya) Maryam (Mariya), apo paakaenda ari oga achisiya mhuri yake kunzvimbo yakatarisana nekumabvazuva.

17. Naizvozvo akazvivharidzira kubva kwavari (kuti asaonekwa), ndokubva tamutumira Rooh yedu (Ngirozi Jibreel (Gabriel)) kwaari (Mariya), naizvozvo (Ngirozi Gabriel) yakatora mufananidzo wemunhu chaiye sezvaari.

18. (Mariya) akati: “Zvirokwazvo, ndinokumbira kudzivirirwa neane ngoni (naAllah) kubva kwauri, ndokunge kana uchitya Allah.”

19 (Ngirozi) yakati: “Zvirokwazvo, ndiri mutumwa waTenzi vako, (ndirikuda kukuudza nezvefundaidzo) ndichifundaidza chipo pauri chemwanakomana akarurama.”



الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

20. (Maryam) ndokuti: “Ndingagoita mwanakomana seiko, apo hapana kana munhurume akambondibata, uye handisi pfambi?”

21. (Ngirozi) yakati: “Nokudaro (zvichaitika). Tenzi vako vati: ‘Zvirinyore kwandiri (ini Allah). Uye tichamuita kuti ave chiratidzo kuvanhu uye setsitsi kubva kwatiri (Allah) zvekare, uye chiitiko chine chisungo kubva kuna Allah.’”

22. Naizvozvo (Mariya) akave anozvitakura naye, pedzezvo ndokubva aenda naye kunzvimbo iri kure (kumupata weBethlehem uri mamaera 4 – 6 kubva muJerusarema).

23. Naizvozvo marwadzo ekuzvara (pfumbo) akamutsveta pahunde yemuti wemadheti (michero inoita kunge nyii asi ikuru uye ichitapira zvikuru). (Mariya) ndokuti: “Ndakungura hangu ini, ndingadai ndakafa hangu ndisati ndawana izvi, uye ndakatokanganikwa ndisingaonekwi hangu!”

24. Pedzezvo (mwanakomana Isa (Jesu) kana kuti Ngirozi Gabriel) akave anodaidzira (akachema) kuzasi kwaMariya achiti: “Usasuruvare hako. Tenzi vako vave vanokuisira rwizi pasi pako.”

25. “Uye zunguza hunde yemuti wemadheti (michero yakafanana nenyii asi ikuru uye ichitapira zvikuru), uchaita kuti madheti akaibva adonhere kwauri.”

26. “Nekudaro, idya wonwa uye wofara. Kana uchinge waona munhu upi zvake, iti (kwaari): ‘Zvirokwazvo, ndapa chivimbiso chekutsanya kune ane nyasha zhinji (Allah). Naizvozvo, handisi kutozotaura nani zvake zuva rino.’”

27. Saka (Mariya) akauya naye (mwana wake) kuvanhu vake akamutakura. Vakabva vati: “Iwe Mariya! Zvechokwadi wauya nechinhu chikuru kwazvo.”

28. “Iwe hanzvadzi yaHaaroon (Aroni)! Baba vako vakanga vasingaite hupombwe, uye amai vako (chaivo) vakanga vasiri pfambi.”

29. (Mariya) akabva anongedzera kwaari (kacheche Isa (AS)). (Vanhu) vakati: “Tingataure sei nemwana achiri mumbereko (achiri kacheche)?”

30. (Iko kacheche Isa (AS) kakataura) kakati: “Zvirokwazvo, ndiri muranda waAllah. (Allah) vandipa Gwaro (Vhangeri) uye vakandiita muporofita (wavo).”

31. “Uye (Allah) vandiita kuti ndive ndakakomborerwa pose pandiri, zvakare vandikurudzira kuita Swalaah (Munamato), nekupa Zakaah (Zvipo kuvarombo) kana ndichingori mupenyu.”

32. “Uye (Allah) vandiita kuti ndive ndinoteerera amai vangu, uye ndisave mutadzi anozvitutumadza.”

33. “Zvekare runyararo ngaruve pandiri (kubva) zuva randakazvarwa, uye zuva randichafa, uye nezuva randichamutswa kubva kuvafi ndova mupenyu!”

34. Uyu ndiIsa (Jesu) mwanakomana waMariya. Iri ishoko rechokwadi pane izvo zvavasina kutendeseka mazviri.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

35. Hazviite muhumambo hwaAllah kuti vave nemwanakomana (Iri iguhwa remaKristu ravanopomera Allah, vachireva kuti Jesu mwanakomana waAllah. (Allah) ngavarumbidzwe (nokusingaperi) nekukudzwa (pamusoro peizvo zvavanomusaganidza nazvo). Kana vachinge vapa chisungo pachinhu, vanongoti: "Ngachivepo!" Chinobva chavepo.

36. (Jesu akati): "Uye zvirokwazvo, Allah ndivo Tenzi vangu uye Tenzi venyu (imi vanhu vose). Saka vanamatei (vari voga). Iyi ndiyo nzira yakatwasuka (Islaam yavakakomekedza kuvatumwa vese).

37. Zvino mapato akawanda akapatsanurana (maKristu nenyaya yaJesu), nekudaro matambudziko ngaave kune avo vasingatendi (avo vanopa huchapupu hwekunyepa vachiti Jesu mwana waAllah) kubva mukusangana pazuva guru (musi wekumutswa apo pavachakandwa mumarimi emoto unopisa kwazvo).

38. (Avo vasingatendi mandiri ini Allah) vachanzwa nekuona sei pazuva iro ravachauya kwatiri (paQiyaamah)! Asi avo vanoita mabasa akashata muzuva ranhasi vari mukurasika kuri pachena.

39. Uye vayambire (iwe Muhammad (SAW)) maererano nezvezuva rekusuruvara nekudemba, apo chisungo kana chichinge charongwa, apo vanenge vakatovarairwa (zvavo), apo vasingatombotendi.

40. Zvirokwazvo, tichave tinogara nhaka nyika nechose chiri (panyika) pamusoro payo. Uye kwatiri vose vachava vanodzorerwa.

41. Uye dura muBhuku (Qur'aan) nezvaIbrahim (Abrahamu). Zvirokwazvo, aive murume wechokwadi ari muporofita.

42. Paakati kuna baba vake: "Imi baba vangu! Munonamatirei izvo (zvimudhori) zvisinganzwi, uye zvisingaoni, neizvo zvisingakwanisi kukubatsirai nenzira ipi?"

43. "Imi baba vangu! Zvirokwazvo, pane ruzivo rwauya kwandiri urwo rwusina kuuya kwamuri. Naizvozvo nditeverei, ndichakutungamirirai kugwara rakatwasuka."

44. "Imi baba vangu! Musanamate Satani. Zvirokwazvo, Shaitwaan (Satani) kuna (Allah) avo vane nyasha zhinji, akanga ari honzakureva (akawungumara) akaramba kuteerera."

45. "Imi baba vangu! Zvirokwazvo, ndinotya kuti zvimwe murango kubva kune vane nyasha zhinji (Allah) ungangokubatai (kukuchapurai), izvo zvinozoita kuti muve shamwari yaShaitwaan (Satani) (mumoto weGehena)."

46. (Baba vaAbrahamu Azaru) vakabva vati: "Uri kuramba anamwari vangu here, nhai (iwe) Ibrahim (Abrahamu)? (Iwe Ibrahim) ukasamira kuita izvi (ukaramba uchindiparidzira uchiramba anamwari vangu), zvirokwazvo ndichakutema (nematombo). Uye chibva pandiri (izvezvi) uchindisiya ndiri murunyararo (ndisati ndakuranga)."

47. (Iye Abrahamu) ndokuti: "Runyararo ngaruve kwamuri (baba vangu)! Ndichakukumbirirai ruregerero kuna Tenzi vangu (Allah). Zvirokwazvo, (Allah) vane ngoni zhinji kwandiri."



الجديد و الحصري NEW & EXCLUSIVE

48. (Abrahamu akaenderera mberi akati): “Ndichashozhonoka (kutarisa rimwe divi kusiri kwamuri baba vangu) kubva kwamuri uye kubva kune izvo zvamunoteketera kunze kwaAllah. Uye (ndichashevedzera) ndichateketera kuna Tenzi vangu (Allah) zvimwe ndingasave mutadzi mukuteketera Tenzi vangu.”

49. Apo (Abrahamu) paakazoshozhonoka (kutarisa rimwe divi achivasiya) kubva kwavari pamwe neizvo zvavainamata kunze kwaAllah, takamupa Ishaaq (Isaka) naYa’qoob (Jakobho), uye mumwe nemumwe (pakati pavo) takamuita muporofita.

50. Takavapa kubva mutsitsi dzedu (isu Allah – kuratidza hukuru nemasimba avo Allah), (zvinhu zvakanaka), uye takaita kuti (vave) nendimi dzine chokwadi nekuemurika (zvinoreva kuti vanhu vazhinji vanovaremekedza nekuvarumbidza pose panoshevedzerwa mazita avo).

51. Uye taura muBhuku (Qur’aan rino) nezvaMusa. Zvirokwazvo, akange akasarudzwa, uye ari mutumwa ari muporofita.

52. Zvekare takamushevedza kubva kudivi rerudyi rwegomo, uye takamuswededza pedyo nesu kuti tigoita hurukuro naye (Musa).

53. Uye takamupa munin’ina wake Haaroon (Aroni semutsigiri) (zvakare) ainge ari muporofita, kuburikidza nenyasha dzedu.

54. Taurazve muBhuku (Qur’aan rino) nezva Ismail (Ishumaeri). Zvirokwazvo, akange ane chokwadi mune (zvose) zvaaivimbisa, uye akanga ari mutumwa (uye) ari muporofita.

55. Uye aikurudzira mhuri yake (nevanhu vose) (vake) kuita Swalaah (Munamato), uye kupa Zakaah (Zvipo kuvarombo), uye Tenzi vake vakafadzwa naye.

56. Uye taura muBhuku (Qur’aan rino) nezvaIdrees (Inoki). Zvirokwazvo, aiva munhu (aifarira nokuita zvinhu) zvechokwadi (uye) ari muporofita.

57. Takamukwidziridzazve (kusvika) pachinzvimbo chakakwirira.

58 Kubva pavaporofita (vaAllah) vari pakati pevana vaAdam (AS) ndivavo vakapihwa mutsa naAllah, zvekare kubva pakati pavo ndopane vatakatakura (mungarava) naNooh (Nowa), uye kubva pavana vaAbrahamu naIzirairi, uye kubva pane avo vatakatungamirira nekusarudza (kubva pakati pavo). Apo ndima dzavane nyasha zhinji (Allah) padzaiverengwa kwavari, vaipunzikira pasi vogwadaira vachichema (kuna Allah).

59. Pedzezvo, mushure mavo makauya vatsivi vakanga vachisiya Swalaah (Munamato) uye vaitevedzera zvido zvemoyo. Naizvozvo vachakandwa muGehena.

60. Kusara kweavo vanokumbira ruregerero (kuna Allah) uye vanotenda (muna Allah), voita izvo zvakanaka. Naizvozvo ivavo vachapinda Paradhiso zvekare havambodzvanyiririrwi kana nechii zvacho.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

61. (Vachapinda mu) mapindu eEden (Paradhiso) ayo akatsiidzwa nevane nyasha zhinji (Allah) kune varanda vavo muzvisingaonekwi. Zvirokwazvo, chitsiidzo chavo (Allah) chichauya (muzvokwadi).

62. Hapana chavachanzwamo (muJannah) chingave Laghw (tsvina, mashoko akaipa, makuhwa, manyepo) kunze kwerunyararo (Kwaziso yerunyararo). Zvekare vachave nekudya makuseni nemasikati.

63. Ndiroro Paradhsio ratichapa kubva kuvaranda vedu senhaka uyo aititya (isu Allah – kuratidza hukuru nemasimba avo Allah).

64. Uye isu (ngirozi) hatiburuke (kubva kumatenga tichiuya pasi) tisina chisungo chaTenzi vako (iwe Muhammad (SAW)). Zvose zviri pamberi pedu, shure kwedu nezviri pakati peizvozvo (pezviviri – mberi neshure) ndezva Allah (nyika yose nekumatenga kose ndekwaAllah); zvekare Tenzi vako (Allah) havana hanganwa (havakanganwi).

65. Tenzi vematenga nenyika nezvose zviri pakati pazvo (penyika nematenga). Naizvozvo vanamate (Allah) (iwe Muhammad (SAW)) uye wova unotsungirira mukuvanamata. Pane waunoziva here akafana navo (Allah)? (Zvirokwazvo hakuna akatombofanana navo, ndivo vega Allah vane chimiro chavo voga, vane masimba pamusoro pezvose).

66. Uyezve munhu (asingatendi) anoti: “Kana ndikafa ndichazove ndinomutswa kuhupenyu zvekare here ini?”

67. Munhu haarangarirewo here kuti takamusika muzvirokwazvo mushure apo akanga asiri chinhu.

68. Naizvozvo ndinopika naTenzi vako, zvirokwazvo, tichave tinovaunganidza pamwe nemaShayaatween (vanasatani), pedzezvo tichavaunza vakakomberedza Jahannam (Gehena) vakagwadama nemabvi.

69. Pedzezvo, zvirokwazvo, tichazvuzvurudza avo vainyanya kupikisa (Allah) vane ngoni kubva mubato roga roga.

70. Pedzezvo, zvirokwazvo, tinonyatsovazivisisa avo vanonyatsokodzera kupiswamo (nemoto muGehena).

71. Uye hakuna kana ani zvake pakati penyu, asi kutoti achadarika pamusoro paro (Gehena). Ichi ndicho chisungo chakatorongwa naTenzi vako (Allah) (chinofanira kuitika).

72. Pedzezvo, tichave tinodzivirira avo vaitya (Allah). Uye tichasiyamo avo vanoita mabasa asakarurama vakagwadama nemabvi avo.

73. Uye kana ndima dzedu dziri pachena (maAayaat) dzikaverengwa kwavari avo vasingatendi (vapfumi vakarasika pamaQuraish), vanoti kune vanotenda (varombo pavateedzeri vamutumwa Muhammad (SAW)): “Nderipi pamapato maviri aya (revatendi nevasingatendi) ririnani pachinzvimbo uye rakanakisisa pachiteshi (nzvimbo yekupana mazano)?”



الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

74. Uye zvizvarwa zvingani zvatakaparadza ivo vasati vavepo, avo vaive nani pahupfumi uye vachitaridzika zvakanaka?

75. Iti (iwe Muhammad (SAW)): "Uyo akarasika, (Allah) vane ngoni zhinji vachamusvitsira (tambo – gwara rakatwasuka) kwaari kusvikira vaona izvo zvavakavimbiswa, murango kana nguva (yezuva rekumutswa), naizvozvo vachazoziva havo kuti ndiani akaipa pachinzvimbo, uye ndiani akarebwedeka (asina kusimba) kupinda mumwe panyaya dzemauto." (Iyi ndiyo mhinduro kumubvunzo uri muQur'aan 19:73)

76. Allah vachave vanowedzera nhungamiro kune avo vakatungamirirwa. Uye mabasa akanaka anogara (kwenguva refu) ari nani kuna Tenzi vako pamakomborero uye ari nani kutozambira nawo (kuramba uinawo uchimaita).

77. Naizvozvo wakambomuonawo here uyo akaramba kutenda mundima dzedu (Qur'aan rino) uye ndokuti: "Zvirokwazvo, ndichagachidzwa hupfumi nevana (kana ndikapihwa hupenyu zvekare)?"

78. Asi anoziva zvakavandika here kana kuti akatora chitenderano kubva kune vane ngoni zhinji (Allah)?

79. Kwete! Tichanyora (pasi zvose) izvo zvaanotaura, uye tichawedzera murango wake chaizvo (mumoto weGehena).

80. Tichagara nhaka (zvose) zvaanotaura (panguva yake yokufa vangave vana kana hupfumi hwatakamupa), uye achauya kwatiri ari oga (nemabasa ake chete).

81. Uye vanotora vanamwari kunze kwaAllah (sezvinamatwa), kuti vavape rukudzo, nyembe nehukuru (uye vovadzivirira kubva kumurango waAllah).

82. Kwete! (Asi izvo zvanamwari zvimudhori zvacho) zvicharamba kunamatwa kwazvona navo, uye zvichave zvinovapikisa (kureva kuti vanhu vanonamata zvimwe zvinhu zvisiri Allah, zvinhu izvozvo zvichavaramba pazuva rokutongwa).

83. Hauna kuona here kuti takatuma maShayaatween (vanadhiyabhorosi) kune avo vasingatendi (muna Allah) kuti vavasundire mukuita zvakaipa.

84. Naizvozvo usave unovakurumidzira, zvirokwazvo, tiri kuvaverengera verengo (yamazuva eraramo yepasi pano uye tononotsa nguva yavo yokurarama yatakavatarira yokurarama kuti vawedzere kutadza kwavo).

85. Zuva (iro) ratichaunganidza avo vanotya Allah (Al-Muttaqqoon) kune (avo) vane ngoni zhinji (Allah) seWafd (vatumwa kubva pane vamwe).

86. Zvekare tichaendessa maMujrimoon (vaiti vemabasa akaipa, horomori) kuGehena, apo vanenge vaine nyota (semombe dzine nyota dzichienda kunonwa mvura).

87. Hakuna achazove nesimba rekureverera kunze kweuyo akatora (ane) chibvumirano nevane ngoni zhinji (Allah).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

88. Uye vanoti: "(Allah) vane Ngoni Zhinji vane mwanakomana (sezvinotaura maJudha kuti Uzair (Ezra) mwana waAllah, uye maKristu vanoti Jesu (Isa) mwana waAllah, uyezve vasingatendi kubva kumaArab vanoti Allah vane vana vasikana (ngirozi nevamwe))."

89. Zvirokwazvo, mave munounza chinhu chakaipisisa (zvikuru).

90. Apo matenga atova pedo pedo nekubvaruka nenyika yavakutobaduka (kutsemuka), uye makomo avakuda kutowondomoka kuti ave shopa (anoparara).

91. Nekuti vanonemera mwana kuna Ar-Rahmaan (vane Ngoni Zhinji).

92. Uye hazvikodzeri kuti (Allah) vane Ngoni Zhinji vave (vanotora) vanoita mwanakomana (kana vana).

93. Hakuna kana chii zvacho chiri mumatenga nemunyika asi kutoti chinouya kunaAr-Rahmaan (Vane Ngoni Zhinji) semuranda.

94. Zvirokwazvo, (Allah) vanoziva mumwe nemumwe pakati pavo, zvakare (Allah) vave vanonyatsovaverenga verengo (yakazara).

95. Uye mumwe nemumwe wavo achauya pazuva rokumutswa kwavari (Allah) ari oga. (Asina kana mudziviriri kana mubatsiri).

96. Zvirokwazvo, avo vanotenda (muhumwechete hwaAllah) pamwe nemutumwa wavo (Muhammad (SAW)) uye vanoita mabasa akanaka, (Allah) vane Nyasha Zhinji vachave vanovapa rudo (vachaisa rudo mumoyo yeavo vanotenda).

97. Naizvozvo, zvirokwazvo tave tinoita kuti (Qur'aan) rive nyore parurimi rwako (iwe Muhammad (SAW)), uye kuti (uve) unofambisa mashoko anofadza kune avo vanotya Allah (Al-Muttaqoon kuburikidza naro (Qur'aan), uye uve unoyambira kuburikidza naro (Qur'aan) kune vanhu maLudd (vanoita mabasa erima, vasingatombotendi muna Allah, avo vanopikisa mirairo nenhaurwa dzamutumwa Muhammad (SAW)).

98. Zvekare zvizvarwa zvingani zvatakaparadza ivo vasati vavepo? Unokwanisa kuwana (munhu) mumwechete kubva pakati pavo here kana kunzwa kazeve-zeve kubva kwavari (kana kunzwa kazevezeve pamusoro pavo)?

# CHITSAUKO TWAA-HAA 20

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Twaa – Haa.** (Aya mavara ndemamwe ezvishamiso zveQur'aan, uye hakuna kana ani zvake anoziva zvaanoreva kunze kwaAllah).

2. Hatina kuburutsa Qur’aan (iri) kwauri (Muhammad (SAW)) kuti tikupe matambudziko (tikushungurudze).

3. Asi kuti seyeuchidzo kune avo vanotya (Allah).

4. Iburutso kubva kune vakasika nyika nematenga kumusoro-soro.

5. (Allah) vane Ngoni vakakwira pamusoro peArsh (Chigaro Choumambo chinoenderana noukuru hwavo usingaperi, uye vakakwira nenzira inoenderana neumambo wavo).

6. Zvose zviri mumatenga nemunyika, nezviri pakati pazvo nezviri pasi pevhu ndezvavo (Allah).

7. Uye (iwe Muhammad (SAW)) ukave unotaura zvinonzwika, zvirokwazvo, (Allah) vanoziva zvakavanda nezvakanyanya kuvanda.

8. Allah! Laa ilaaha illaa Huwa (Hakuna umwe anofanirwa kunamatwa kunze kwavo (Allah))! Mazita ose akanaka ndeavo (Allah).

9. Uye nyaya yaMusa yati yambouya here kwauri?

10. Apo paakaona moto ndokuti kune mhuri yake: “Mirai! Zvirokwazvo, ndaona moto, dzimweni dzenguva ndingangokuvigirai rasha (rine moto) kubva kwauri (moto iwowo), kana kuti ndowana nhungamiririro kune moto (iwowo).”

11. Uye paakasvika kwauri (moto uya) akave anoshevedzwa (nezita kuti): “Iwe Musa!”

12. “Zvirokwazvo, ndini Tenzi vako (Allah)! Naizvozvo kurura shangu dzako, zvirokwazvo, uri mumupata unoyera weTuwa.”

13. “Uye ndave ndinokusarudza. Naizvozvo chinzwa zvichaburutswa (kwauri).”

14. “Zvirokwazvo, ndini Allah! Laa ilaaha illaa Ana (Hakuna mumwe mwari anofanirwa kunamatwa kunze kwangu), naizvozvo iva unondinamata, uye uve unoita Swalaah (Munamato) senzira yekundiyeuka.”

15. “Zvirokwazvo, Nguva (Zuva rekutongwa) irikuuya, uye ndiri pedo pedo nekuiviga, nokuda kwekuti munhu wese ave anotuswa (anopuhwa mubairo wake) mune izvo zvaakashingirira kuita.”

16. “Naizvozvo uyo asingatendi mairi (Nguva) asi achitevedzera zvido zvemoyo wake, ngaasave anokutadzisa (kutenda mairi nguva iyi) kuda ungangoparara.”

17. “Uyezve chiicho chiri muruoko rwako rwerudyi, nhai Musa?”

18. (Musa) akati: “Iyi itsvimbo yangu, ndinoizendamira, uye ndinoikoshomoresa mashizha anozodyiwa nehwai dzangu, uye ndinowanawo zvimwe zvishando mairi.”

19. (Allah) ndokuti: “Naizvozvo ikande pasi, iwe Musa!”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

20. Naizvozvo akaikanda pasi, chiriporipotyo yakanga yava nyoka, yaizvonyongoka nekukurumidza.

21. (Allah) ndokuti: "Itore hako uyezve usatye, tichave tinoidzosera kuchimiro chayo chokutanga."

22. "Uyezve dzvanyidzira ruoko rwako (rworudyi) murutivi rwako (rweruboshwe), rwuchabuda rwuchipenya rwusina kana chirwere sechimwe chiratidzo."

23. "Nokuda kwekuti tikuratidze (zvimwe) zvezviratidzo zvedu zvikuru."

24. "Chienda kuna Fir'aun (Farawo)! Zvirokwazvo, ava anozvitutumadza (anoita mabasa asakarurama)."

25. (Musa) ndokuti: "Tenzi vangu! Ndivhurireiwo chipfuva changu (Ndipeiwo chivimbisiko – chokwadi, chekaniso nekugutsikana kuti ndichave ndinokunda)."

26. "Uyezve ivai munondirerutsira chisungo changu (basa rangu)."

27. "Uyezve sunungurai chifundo kubva parurimi rwangu (bvisai kutadza nekukanganisa kwangu mukutaura)." (Izvi zvokutadza kutaura zvakanaka – kukama kwaMusa kwakauya nokuda kwerasha raiva nemoto raakaisa mukanwa achiri mwana mudiki).

28. "Kuti vanzwisise mashoko angu."

29. "Uyezve muve munondisarudzirawo mubatsiri wangu kubva mumhuri yangu."

30. "Haaroon (Aroni), mukoma wangu."

31. "Ivai munowedzera simba rangu kuburikidza naye."

32. "Uyezve mubatanidzei neni pamushando wangu (wekusvitsa mashoko aAllah uye neuporofita)."

33. "Kuti tive tinokurumbidzai kazhinji."

34. "Uye kuti tive tinokurangarirai kazhinji."

35. "Zvirokwazvo, imi ndimi munenge makangotirinda."

36. (Allah) vakati: "Wave unopihwa zvawakumbira, iwe Musa!"

37. "Uye zvirokwazvo tave tinoita mutsa kwauri zvekare."

38. "Apo patakaburutsa kuna amai vako izvo zvatakaburutsa."

39. "(Patakati): 'Mugadzikei (mwana wenyu) muTaboot (Bhokisi kana kuti Mukwembe kana kuti Chityu), uye mogadzika (bhokisi racho) murwizi (rweNile), pedzezvo rwizi rwuchakanda (bhokisi iroro) kumahombekombe (kwerwizi). Muvengi wangu nemuvengi wake (Farawo) achave anomutora (kubvapo). Uyezve ndakave ndinogadzika (kanda) rudo rwangu (ini Allah) pauri, kuti ukure uri pasi peziso rangu (ndichikuchengeta).'"

40. “Apo hanzvadzi yako payaifamba ndokubva yati: ‘Ndingakutungamirirei here kune anokwanisa kumuriritira?’ Naizvozvo takakudzosera kuna amai vako, kuti maziso avo ave anotonhorerwa uye kuti (amai vako) vasashushikane. Uyezve wakauraya munhu, asi takakubatsira kubva mumatambudziko, uye zvekare tikave tinokuedza (ne)miedzo (mikuru). Naizvozvo, wakave unogara kwemakore akati kuti nevagari vekuMadyan (Midian). Pedzezvo wauya kuno nenguva yandakakutarira, iwe Musa!”

41. “Zvekare ndave ndinozvisarudzira iwe kuti uve wangu.”

42. “Chienda iwewe nemukoma wako nezviratidzo zvedu, zvekare musave munotemberenuka mukundirangarira.”

43. “Chiendai (muri vaviri) kuna Farawo, zvirokwazvo, (Farawo) ave anopfurikidza mwero.”

44. “Uye motaura naye zvinyoro-nyoro, dzimweni dzenguva achatambira yeuchidzo kana kuti achatya.”

45. Vakataura (Musa naHaaroon (Aroni)) vakati: “Tenzi vedu! Zvirokwazvo, tinotya kuti (Farawo) anganokurumidza kuti ranga kana kuti angangoita zvisakarurama kwatiri.”

46. (Allah) vakabva vati: “Musave munotya. Zvirokwazvo, ndinenge ndinemi (muruzivo rwangu) ndichinzwa nekuona (zvese).”

47. “Saka chiendai kwaari muri vaviri mobva mati: ‘Zvirokwazvo, tiri vatumwa vaTenzi vako (iwewe Farawo). Saka titume (tiende) nevana veIzirairi uyezve usave unovaranga. Zvirokwazvo, tauya nehumboo kubva kuna Tenzi vako (Allah). Uye runyararo ruchave pane uyo achatevedzera gwara rakaswatuka (kutenda muna Allah)!’”

48. “Zvirokwazvo zvave zvinoburutswa kwatiri kuti chokwadi mutongo uchave pane uyo acharamba (kutenda muhumwechete hwaAllah nemuvatumwa vake), uye (uchave uri pane uyo) achashozhonoka (achafutarita chokwadi).”

49. (Farawo) ndokuti: “Saka ndianiko Tenzi venyu muri vaviri, nhai iwe Musa?”

50. (Musa akapindura) akati: “Tenzi vedu ndeavo vakapa chinhu chose chimiro chachona, pedzezvo ndokuchitungamira.”

51. (Farawo) ndokuti: “Naizvozvo munotiiko nezvezvizvarwa zvokutanga (zvakare)?”

52. (Musa) ndokupindura achiti: “Ruzivo (irworwo) pamusoro pavo rwuna Tenzi vangu mubhuku. Tenzi vangu havakanganise kana kukanganwa.”

53. (Tenzi vangu) ndeavo vakaita kuti nyika kwamuri ive semubhedha (wakangowaridzwa), zvekare (ndiTenzi vangu) vakakuvhurirai nzira mairi, uye vakaburutsa mvura kubva kumatenga. Uye (isu Allah) takaburitsa mhando dzakasiyana siyana (ndudzi) dzezvirimwa kuburikidza nayo (mvura).

54. Idyai uye muve munofudza zvipfuyo zvenyu! Zvirokwazvo, imomo mune maAayaat (zviratidzo) kune vanhu vanonzwisisa.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

55. Kubva mairi (nyika) takakusikai, uyezve imomo (mudumbu menyika/ivhu) tichakudzoserai, uye zvekare kubvamo (mudumbu menyika/muvhu) tichakuburitsai neimwe nguva.

56. Zvirokwazvo, (Farawo) takamuratidza maAayaat edu (zviratidzo zvedu), asi akaramba uye akapokana nazvo.

57. (Iye Farawo) akati: "Asi wauya kuzotiburitsa munyika medu (kuti pamba) kuburikidza nehuroyi hwako (mapipi ako), nhai iwe Musa?"

58. "Uye zvirokwazvo tinokwanisa kukuvigira mapipi akafanana neaya. Naizvozvo gadzira chibvumirano (chokusangana) pakati pedu newe, icho hatizombochityori isu kana iwe zvekare, panzvimbo iri pachena iyo yatichakwanisa kuita zvakaenzana (uye vaoni vachinyatsoona makwikwi nekupupura)."

59. (Musa) ndokuti: "Nguva yekusangana pachibvumirano chenyu izuva remabiko, uye vanhu ngavaunganidzwe mangwanani (zuva rabuda)."

60. Naizvozvo (Farawo) akashozhonoka (akatendeuka), ndokuunganidza zvipandwa zvake (mapangano ake), pedzezvo ndokuuya (ndokudzoka).

61. Musa akati kwavari: "Marwadzo kwamuri (Chenjerai)! Musave munovambira Allah manyepo, vangangokuparadzai nemurango. Uye muvambi wemanyepo (pamusoro paAllah), achave anokundikana zvikuru."

62. Naizvozvo vakave vanoita mapisha-pisha (mapokano) pachisungo chavo pakati pavo, zvekare vakachengetedza chivere-vere (chavo).

63. Vakati: "Zvirokwazvo, vaviri ava ndivo varoyi. Varikuda kukuburitsai (kukupambai) kubva munyika yenyu kuburikidza nemashiripiti avo, pamwe nokuenda nenzira yenyu yepamusoro-soro (kukutorerai vokanda kure nzira yenyu)."

64. "Naizvozvo unganidzai zvipandwa zvenyu (mapangano enyu), pedzezvo mouya moita mutsetse. Zvekare uyo achakunda muzuva ranhasi achabudirira."

65. Vakati: "Iwe Musa! (Zviri paviri) wotanga kukanda kana kuti isu tova vokutanga kukanda?"

66. (Musa) ndokuti: "Asi kandai zvenyu (kwekutanga)!" Chiriporipotyo, tambo dzavo netsvimbo dzavo nemapipi avo dzakasutsa kwaari sokunge dzaizvongonyoka nekukurumidza.

67. Saka Musa akave nekutya muhana make.

68. Isu (Allah) takabva tati: "Usave unotya! Zvirokwazvo, iwewe uchave pamusoro (uchakunda)."

69. "Uye kanda pasi chiri muruoko rwako rwekurudyi! Chichamedza (zvose) zvavagadzira. Zvirokwazvo, vagadzira pangano (chipandwa) rehuroyi, zvekare munhu wemashiripiti haabudirire kose kwaanouya nako (nehunyanzvi wake)."



NEW & EXCLUSIVE

70. Naizvozvo vaiti vemapipi vose vakadonhera pasi vakagwadaira ndokuti: “Tinotenda munaTenzi vaHaaroon (Aroni) naMusa.”

71. (Farawo) ndokuti: “Matenda maari ndisati ndakubvumidzai? Zvirokwazvo, mukuru wenyu akakudzidzisai mashiripiti (kuita mapipi). Naizvozvo, ndichacheka-cheka maoko enyu zvekare nemakumbo enyu kubva kumativi akapesana (gumbo rerudyi neruoko rwekuruboshwe kana kuti mamwe mativi), zvekare ndichakukomererai pamahunde emadheti (Nakheel – michero yakada kungofanana neshumha asi kuti ihuru uye inotapira zvikuru), uye muchanyatsoziva kuti ndiani pakati pedu akaoma pamurango uye aneraramo isingaperi (pakati pangu ini Farawo naTenzi vaMusa - Allah).”

72. Vakabva vati: “Hatimbokude kupinda (pane) zvauya kwatiri kubva muzviratidzo (zviri pachena) uyezve naAllah avo vakatisika. Naizvozvo, ipa chisungo chaunoda. Zvirokwazvo, iwewe unotonga zvehupenyu uno hwepanyika.”

73. “Zvirokwazvo, tave tinotenda muna Tenzi vedu nekuda kokuti vatiregerere zvitadzo zvedu, zvekare (vatiregerere) kubva mune mashiripiti hwakatimanikidzira isu. Uyezve Allah vakanaka (kupinda Farawo mumibairo) uye vane raramo isingaperi.”

74. Zvirokwazvo, uyo anouya kuna Tenzi vake ari Mujrim (mutadzi, asingatendi muhumwechete hwaAllah achiita mabasa erima), naizvozvo zvirokwazvo, Gehena ndorake umo maasingambofi kana kurarama.

75. Asi uyo anouya kwavari (Tenzi vake) ari mutendi (muhumwechete hwaAllah) apo anenge akaita mabasa akasvonaka, naizvozvo ndivavo vanenge vaine ukuru hwekumusoro-soro.

76. Mapindu eAdn (Paradhiso), umo nzizi dzinoerera pasi pawo (mapindu), uye vachagaramo zvamuchose. Uye uyu ndiwo mubairo weuyo anozvichenesa (anosiya kuita zvose zvakarambwa naAllah uye oita zvavakabvumidza).

77. Zvirokwazvo, takaburutsa kuna Musa (kuti): “Famba rwendo nevaranda vangu usiku, uyezve ovarovera nzira yakaoma mugungwa, usingatombotye kukurirwa (naFarawo) kana kutya (kunyura mugungwa).”

78. Naizvozvo Farawo akavatevedza (akavasona) nemauto ake, ndokubva vafugidzwa (nemvura yemugungwa) ndokunyatsofugidzwa.

79. Uye Farawo akarasisa vanhu vake, uye haana kuvatungamirira (kunzira yakatwasuka).

80. Imi vana vaIzirairi! Takave tinokubatsirai kubva kumhandu yenyu (Farawo), uyezve tikaita chitsidzo nemi padivi pekurudyi kwegomo, zvekare tikaburutsirai Al-Manna (chikafu chinozipa) neAs-Salwaa (Zvihuta).

81. (Tikati): “Idyai mune At-Tayyibaat (zvakanaka) zvatakupai, uye musaita zvisakarurama nazvo (At-Tayyibaat). Hasha dzangu dzingangokuwirai (kukumharai). Uye uyo anenge awirwa (amharwa) nehasha dzangu, anenge aparadzwa.”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

82. Uye zvirokwazvo, ini ndiri muregereri kune uyo anokumbira ruregerero, uye anotenda (muhumwechete hwangu, asingandisanganise nezvimwe zvinhu mukundinamata), uye achiita mabasa akasvonaka, pedzezvo anoramba ari munzira yakatwasuka (kusvikira afuga rake oga – ashaya).

83. “Uye chii chakukurumidzisa kubva kuvanhu vako, nhai Musa?”

84. (Musa) ndokuti: “Vari pedyo panhanho (panhano) dzangu, uye ndakurumidza kuuya kwamuri, Tenzi vangu (Allah), kuti muve munofara.”

85. (Allah) ndokubva vati: “Naizvozvo zvirokwazvo, tave tinoedza vanhu vako mushure mako (usipo), uye As-Saamiriyy (Saamiri) ave anovarasisa (kuvabuditsa mugwara rakaswatuka).”

86. Naizvozvo Musa akadzokera kuvanhu vake aine hasha nekusuruvara ndokuti: “Imi vanhu vangu! Tenzi venyu havana kukuvimbisai chivimbiso chakanaka here? Asi chivimbiso (ichi) chave nenguva yakareba here kwamuri? Kana kuti maida kuti hasha kubva kuna Tenzi venyu dzidzike pamuri nekutyora mhiko dzenyu kwandiri (nekusatenda muna Allah nekunamata kamhuru)?”

87. Vakati: “Hatina kutyora chitsidzo chako kwauri nekuda kwedu, asi kuti takatakuriswa mitoro kubva muzvinemo zvevanhu (vaFarawo), naizvozvo, takazvikanda (mumoto), izvo ndizvo zvakaitwa naSaamiri.”

88. Ndokubva (Samiri) avaburitsira (kubva mumoto) (chipamaso) chemhuru (chakanga) chine muviri waiburitsa murikitira wokukuma. Ndokubva vati: “Ichi ndicho (ilaah) mwari wenyu pamwe na (ilaah) mwari waMusa, asi kungoti (Musa) akanganwa (mwari wake).”

89. Havana kuona kuti (mhuru iya) yakanga isingadzoseri (kana) nezwi kwavari, uye yakanga isina simba rokuvakuvadza kana kuvaitira zvakanaka?

90. Zvirokwazvo, Haaroon (Aroni) ange ataura kwavari kubva kare (akati): “Imi vanhu vangu! Zvirokwazvo, murikutoedzwa kuburikidza nayo (mhuru), uye zvirokwazvo, Tenzi venyu (ndeavo) vane nyasha zhinji, naizvozvo, nditeverei moteerera murau wangu.”

91. Vakati: “Hatizi kuzombomira kuinamata (mhuru iyi) kusvikira Musa adzoka kwatiri.”

92. (Musa) ndokuti: “Iwe Haaroon (Aroni)! Chii chakakutadzisa apo pawakavaona vachirasika,

93. Kunditevera? Asi wakaramba kuteerera murairo wangu?”

94. (Iye Haaroon (Aroni)) ndokuti: “Iwe mwana waamai vangu! Usave unondidhonza nendebvu dzangu kana nemusoro wangu? Zvirokwazvo, ndakatya kuti uchazoti: ‘Wakaparadzanisa pakati pevana vaIzrairi, uye hauna kuremekedza (izwi) shoko rangu.’”

95. (Musa) ndokuti: “Ko chiiko chakunetsa, nhai iwe Samiri (wakazviitirei zvawakaita)?”

96. (Samiri) ndokuti: “Ndakaona zvavasina kuona, naizvozvo ndakanokora ruoko rumwe (rwevhu) kubva pajakanya yemutumwa (pakanga patsika bhiza remutumwa Gabriel hwanda dzaro),

ndokubva ndaakanda (mumoto umo makaiswa zvinokosha zvevanhu vaFarawo). Uye saizvozvo, ndizvo zvakarongwa nemoyo (nemuviri) wangu."

97. (Musa) ndokuti: "Naizvozvo chienda (ibva pano)! Uye zvirokwazvo, muhupenyu hwako, (mutongo wako) ndewekuti unenge uchiti (kune vanhu): 'Musandibate (uchagara wega uye hapana anenge achida kuva newe); uye zvirokwazvo, (muhupenyu hwako) uchava nechitsidzo chisingatyorwi. Uye chitarisa kuna Ilaah (mwari) wako uyo wawanga uchinamata (pose apa). Zvirokwazvo, tichachipisa, pedzezvo tichachimwararira mugungwa zviri zvimadota-dota tsengwerengwe semhande.'"

98. Zvirokwazvo, Mwari vako ndiAllah, avo Laa ilaaha illa Huwa (Hakuna chimwe chinhu chinofanirwa kunamatwa kunze kwavo (Allah)). Ruzivo (rwaAllah) rwakatambanuka pazvose (Allah vanoziva zvose).

99. Saizvozvo, tinokurondedzera (iwe Muhammad (SAW)) nyaya dzakaitika usati wavepo. Uye zvirokwazvo, tave tinokupa yeuchidzo (Qur'aan irori) kubva kwatiri mbune.

100. Uyo achave anoshozhonoka kubva kwariri (Qur'aan irori) – (uyo achave anoramba kutevedzera zvarinotaura), zvirokwazvo, achasenga mutoro unorema) wezvitadzo pazuva rekumutswa kwevafi.

101. Vachagara (vacharamba) vakadaro. Kwavari kushata ndekweizvo zvavanenge vakasenga pazuva rokumutswa.

102. Zuva (iro) hwamanda paicharidzwa (kechipiri), pazuva iroro tichaunganidza maMujrimoon (vabati vemabasa akaipa) vakapofomara nenyota.

103. Vachazevezerana nezwi riri pasi (vachiti): "Hamuna kurarama (kugara) kunze kwemazuva gumi."

104. Isu tinonyatsozivisisa izvo zvavachataura, apo uyo anoziva kudarika vose (uye ane hungwaru kudarika vose) (achati): "Hamuna kurarama kunze kwezuva (rimwechete)!"

105. Uye vanokubvunza maererano nemakomo. Naizvozvo iti: "Tenzi vangu vachave vanowaparadza paradzo yechokwadi kusara angova huruva."

106. "Pedzezvo, (Allah) vachamasiya (makomo) akati chechetere (ware-ware) akanyatsodzauka (akasandarika)."

107. "Hamumboonemo kutsveyama kana kuminama."

108. Zuva iroro (vanhu) vachanyatsotevedzera (izwi) romushauri mushevedzeri (waAllah) nerumano (zvisina kutamba mukati) zvisina kutsveyama (mukati). Mazwi (ose) achazvininipisa kune vane ngoni zhinji (Allah), naizvozvo haumbonzwe (kana chii zvacho) kunze kwemitsindo yavo.

109. Pazuva iroro reverero haizobatsira, kunze kwe uyo anenge abvumidzwa neavo vane ngoni zhinji (Allah) uye wavanenge vafadzwa neshoko rake.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

110. (Allah) vanoziva izvo zvinoitika kwavari (zvisikwa zvavo Allah) panyika pano, uye zvichazoitika kwavari (muhupenyu hwamangwana), asi ivo havatombokwanisa kutenderedza (kana chii zvacho) cheruzivo rwavo (Allah).

111. Uyezve zviso (zvose) zvichazvininipisa pamberi (paAllah) Al-Hayyul Qayyoom (Vane hupenyu husingaperi, avo vanopa raramo kuzvisikwa uyezve vanodzivirira). Uye uyo akasenga mabasa akaipa ehudzvanyiriri, achave anokundikana zvirokwazvo (pazuva iroro).

112. Zvekare uyo anoita mabasa akanaka, apo ari mutendi (muMuslim anonamata Allah mumwe chete), naizvozvo, haazombotya hudzvanyiriri kana kumiswa (kwemubairo wake).

113. Uye saizvozvo, takariburutsa Qur'aan muchiArabhu, zvekare tikatsananguramo yambiro muhurefu kuti dzimweni dzenguva vangatye (Allah), kana kuti (Qur'aan rino rive) rinovaita kuti vayeuke.

114. Naizvozvo, pamusoro-soro pezvose pana Allah, Mambo vechokwadi. Uye usave unokurumidza neQur'aan (iwe Muhammad (SAW)) burutso yaro isati yapedzwa kwauri, zvekare iva unoti: "Tenzi vangu (Allah)! Ndiwedzereiwo ruzivo."

115. Uye zvirokwazvo takave tinotsiidzirana naAdam makare, asi akakanganwa, zvekare hatina kuwana simba rokuda maari.

116. Zvekare (rangarira) apo patakati kungirozi: "Gwadamirai Adam!" Naizvozvo (ngirozi) dzakagwadama (dzese) kunze kwaIblees (Satani) akaramba.

117. Naizvozvo takati: "Iwe Adam! Zvirokwazvo, uyu (Satani) muvengi wako uyezve kumudzimai wako. Naizvozvo ngaasave anokubuditsai muri vaviri (Adam naHawwa (Evha)) kubva muParadhiso, kuti uve unoshushikana."

118. "Zvirokwazvo, (chitsiidzo chaTenzi venyu Allah kuti) hamuziye nenzara imomo (muParadhiso) kana kuve muhwi."

119. "Zvekare hamumbonzwa nyota imomo (muParadhiso) kana (kutambudzika kubva) mukupisa kwezuva."

120. Pedzezvo Shaytaan (Satani) akazevezera kwaari achiti: "Iwe Adam! Ndingakutungamira here kune muti unopa raramo isingaperi uye kune humambo husingaperi?"

121. Pedzezvo vakadya vari vaviri (Adam naHawwa (Evha)) kubvamo (mumuti), naizvozvo nhengo dzavo (dzemuviri) dzakatanga kuoneka kwavari, uye (vaviri ava) vakatanga kuzvifugidza nemashizha emuParadhiso. Saizvozvo Adam haana kuteerera Tenzi vake (Allah), ndokurasika.

122. Pedzezvo Tenzi vake (Allah) vakamusarudza, uye vakatambira (chikumbiro) (che) ruregerero, ndokumutungamira.

123. (Allah) vakati: “Burukai (zvenyu) muri vaviri (kubva muParadhiso muchienda panyika) mose, vamwe venyu vari mhandu kune vamwe. Naizvozvo kana nhungamiriro yauya kwamuri kubva kwandiri, nokudaro uyo achatevera nhungamiriro yangu haarasike kana kushushikana.”

124. “Uyezve uyo anenge ashozhonoko (afuratira) yeuchidzo yangu (acharamba kutenda kana kutevedzera Qur’aan), zvirokwazvo, achave neraramo yakaoma, uye tichamumutsa (kubva kuvafi) pazuva rokumutswa ari bofu.”

125. Achati: “Tenzi vangu (Allah)! Nemhaka yei mandimutsa (kubva kuvafi) ndiri bofu, apo ndaiwona (ndiri panyika)?”

126. (Allah) vachati: “Saizvozvo, ndima (zviratidzo zvedu) dzedu dzakauya kwauri, asi ukadzikanganwa, uye saizvozvo zvirokwazvo muzuva ranhasi uchave unokanganwikwawo.”

127. Uye saizvozvo tinotusa (tinopa mubairo) uyo anopfurikidza (miganhu, mirau yaAllah), zvekare (uyo) asingatendi mumaAayaat (zviratidzo, zvidzidziso, ndima, umboo) aTenzi vake, uye murango wekuAakhirah (hupenyu hwamangwana) hwakaoma uyezve hwurefu.

128. Aisi tungamiriro (yakatwasuka) kwavari here kukwanisa kuziva kuti zvizvarwa zvingani zvatakaparadza ivo vasati vavepo, izvo mudzimba dzazvo varikufamba? Zvirokwazvo, mune maAayaat (zviratidzo, zvidzidzo, uchapupu, umboo) kune vanhu vanonzwisisa.

129. Uyezve ingadai risiri izwi rakatanga kubva kuna Tenzi vako (Allah) nenguva yakatarwa, (murango wavo) ungadai wakatouya (kuzovaranga panyika pano).

130. Naizvozvo iva unotsungirira (Iwe Muhammad (SAW)) pane zvose zvavanotaura, uyezve iva unorumbidza rumbidzo yaTenzi vako zuva risati rabuda uyezve risati ranyura, uyezve kubva munguva dzeusiku rumbidza, uyezve panoperera zuva (zvichireva minamato mishanu pazuva), dzimweni dzenguva ungangofadzwa (nemubairo waTenzi vako, Allah).

131. Uyezve usave unonetsekana nekuvhurisa maziso ako nekuda kuti uone izvo zvinonakidza zvatakapa mapoka akasiyana, maruva enyika, kuti tigovayedza kuburikidza nazvo. Uye raramo yaTenzi vako (mubairo wakanaka muhupenyu hwemangwana) yakanakisisa uye haipere.

132. Uyezve iva unokomekedza Swalaah (Munamato) kumhuri yako, uye wova unotsungirira pairi. Hatikukumbire Rizq (Raramo), asi isu tisu tinotokupa (Rizq). Uye magumo akanaka ndeeavo vanotya Allah.

133. Uye vanoti: “Ko nemhaka yei asingatiunzire Aayah (Umboo, Chiratidzo) kubva kuna Tenzi vake?” Hauna kuuya here kwavari humboo uyo uri mumashizha ekutanga (Mabhuku eTorah neInjeel (Vhangeri), maererano nekuuya kwaMuhammad (SAW))?

134. Uye ingadai takavaparadza makare uyu haasati auya (Muhammad (SAW)) nemurango, zvirokwazvo vaizoti: “Tenzi vedu (Allah)! Ingadai makatitumira mutumwa, chokwadi tingadai takatevedzera maAayaat (ndima, zvidzidzo, umboo) enyu (Allah) kubva kare kare tisati tadzikisirwa nekunyadziswa.”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

135. Iti (iwe Muhammad (SAW)): "(Mutendi neasingatendi) mumwe nemumwe akamirira, naizvozvo miriraiwo, uye muchazoziva henyu kuti ndivanaani vari munzira yakaswatuka (Islaam) uye ndivanaani vakatungamirwa (kunzira yakatwasuka yeIslaam)."

# CHITSAUKO AL-ANBIYAA

# (MAPOROFITA) 21

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Mutongo wavanhu waswedera padyo apo ivo vanoramba nokushaya hanya.

2. Hapana yeuchidzo itsva (chitsauko chemuQur'aan) inouya kwavari kubva kuna Tenzi vavo, asi vanoiteerera vachiita zvekutamba (vachiita zvedambe).

3. Moyo yavo yakaputirwa (nezvivi). Avo vanoita mabasa akashata, vanoviga izvo zvavanotaura muchivande (vachiti): "Uyu mutumwa (Muhammad (SAW)) haasi here munhu wenyama semi? Zvirokwazvo, mungatevere here mapipi aya makatarisa?"

4. (Muhammad (SAW)) akati: "Tenzi vangu vanoziva shoko rese rinotaurwa mumatenga nepanyika. Uye vanonzwa (zvese zvinotaurwa, kuimbwa), uye vanoziva zvese.

5. Asi avo (vasingatendi vanoramba shoko raAllah) vanotaura kuti: "Izvi zvaanotaura (Muhammad (SAW) kuti iQur'aan raAllah) maroto akasangana nemanyepo! Azvifunga ega izvi! Uye ndinyanduri wenhetembo (mudetembi)! (Kana achida kuti timutende mune zvaari kutaura) ngaauye nehumboo sewakatumirwa nawo maporofita akauya asati auya!"

6. Maguta (madzinza) ose atakaparadza hapana rimwe chete rakanga ratenda (mushoko raAllah) mushure mavo. Saka ava vangatende here?

7. Hapana chatakatumira usati wavapo (Muhammad (SAW)), kunze kwevarume vatakapa mashoko (kana magwaro). Saka vhunza vanhu vakapihwa yeuchidzo (Magwaro – Torah, Vhangeri) kana usingazivi.

8. Hatina kusika vatumwa vaine miviri isingadyi chikafu, kana vari avo vanhu vasingafi.

9. Uye takazadzisa chivimbiso chedu kwavari, tikavanunura neavo vataida, uye tikava tinoparadza avo vanotadza (nokusatenda nokuita mabasa akaipa).

10. Zvirokwazvo, takudzikisirai Bhuku (Qur'aan) rine yeuchidzo dzenyu mariri. Saka sei musinganzwisisi?

11. Maguta (madzinza) mangani aiita mabasa akaipa atakaparadza, uye tikava tinosika vamwe vanhu mushure mavo!



الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

12. Uye pavakaona mutongo (marwadzo) edu (uchiuya kwavari), vakaedza kutiza kubva kwauri.

13. Musatize, asi dzokerai uko kwamaigara muri pamutambarakede, uye kudzimba dzenyu, kuti muve munobvunzwa.

14. Vakachema (vachitaura kuti): "Nhasi zvedu (Marwadzo kwatiri)! Zvirokwazvo, taive vatadzi vakuru (vaisanganisa Allah nezvimwe zvinhu)."

15. Uye kuchema kwavo hakuna kupera, kusvika tavaita semapindu akakohwewa zvinhu, vakafa.

16. Hatina kusika denga nenyika neizvo zviri pakati pazvo (denga nenyika zvakaita semakore, nezvimwe) tichiita zvekutamba (zvedambe).

17. Dai takada (Allah) kutora zvinhu zvinotivaraidza (mukadzi kana mwana), zvirokwazvo taingozvitora kubva kwatiri, dai taida kuzviita.

18. Asi, tinotumira chokwadi (Qur'aan) chichipikisa manyepo, chowaparada (manyepo), uye nenguva shoma manyepo opera. Uye kwamuri kuchave nemarwadzo pamusoro peizvo zvamunotaura (zvekunyepa kuti Allah vane mukadzi nemwana).

19. Uye ndivo Ishe (Muridzi) wevose vari mudenga nepasi. Uye avo vari padyo navo (ngirozi) havazvitutumadzi pakuvanamata, uye havaneti (kuvanamata).

20. Vanovarumbidza (Allah) siku nesikati, uye havasiyi (havaneti) kuzviita.

21. Pamwe vakatora here vamwe vanamwari (kuti vanamate) panyika avo vanomutsa vakafa?

22. Dai makanga muna vamwe vanamwari (mumatenga nepasi) kusara kwaAllah, zvirokwazvo, zvose zviri zviviri (Matenga nenyika) dai zvakaparara. Kurumbidzwa ngakuve kuna Allah, Tenzi vechigaro cheumambo (Arsh), vari pamusoro peizvo zvavanovatsanangudza nazvo (zvidhori, moto, vanhu, mhuka)!

23. Havabvunzwi izvo zvavanoita, asi ivo (vanhu) vachabvunzwa.

24. Pamwe vakatora vamwe vanamwari (vekunamata) vachisiya ivo? Taura kuti: "Huyai nehumboo hwenyu." Iri (Qur'aan) iyeuchidzo kune avo vandinavo uye iyeuchidzo yeavo vari mushure mangu. Asi vazhinji vavo havazivi chokwadi, saka vanhu vanofuratira.

25. Hapana mutumwa atakatumira usati wavapo (Muhammad (SAW)) kusara kwekuti takamuudza kuti: Laa ilaaha illaa Ana (Hapana ane kodzero yekunamatwa kusara kwangu (Allah)), saka ndinamatei (ndoga).

26. Uye vanotaura kuti: "Muridzi wetsitsi dzose (Allah) vakaita mwanakomana (kana vana)." Rumbidzo ngadzive kwavari! Asi avo (vavanoti vana vavo, ngirozi, Jesu, Ezira) varanda vakaremekedzwa (vavo).

27. Havatauri kusvika ivo (Allah) vataura, uye vanoita mabasa semaudzirwo avanenge vaitwa navo (Allah).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

28. Vanoziva zviri mberi kwavo, uye zviri kumashure kwavo, uye havamiririri (munhu) kunze kweuyo wavafadzwa (Allah) naye. Uye vanozvininipisa nekuvatya (Allah).

29. Uyo anotaura pakati pavo (kuti): “Zvirokwazvo, ndiri mwari kwete ivo (Allah),” akadaro tinomupa (Allah vari kutaura) mutongo weJahannam (Gehena). Aya ndiwo matongero atinoita vatadzi.

30. Avo vasingatendi havaoni here kuti denga nepasi zvakange zvakabatana kuva chinhu chimwechete, uye tikazvipatsanura? Uye takagadzira kubva kumvura chinhu chese chinorarama. Havangatendi zvino here?

31. Uye takava tinoisa panyika makomo akasimba kuti isave inozunguzika nawo, uye takagadzira mairi (nyika) nzira dzakafaranuka kuti vadarike, pamwe vangaratidzwa gwara rakatwasuka.

32. Uye takava (Allah) tinoita denga sehwikwiyo iro rakanyatsochengetedzwa. Asi vanoramba humboo hwaro (zuva, nyenyedzi, mwedzi, mhepo, makore, nezvimwe zvinhu).

33. Uye ndivo (Allah) vakasika usiku nemasikati, uye zuva nemwedzi, chese chichifamba munzira yacho.

34. Uye hapana munhu (wenyama) watakaita kuti ararame nokusingaperi (haafi) iwe (Muhammad (SAW)) usati wavapo. Asi kana ukafa, vachagara zvachose here?

35. Chinhu chese (chinorarama) chicharavira rufu, uye tichava (Allah) tinokuedzai nezvakaipa pamwe nezvakanaka. Uye muchava munodzoswa kwatiri.

36. Uye avo vasingatendi (muIslaam) vakakuona (Muhammad (SAW)), vanokuita zvedambe (vanokunyomba) vachitaura vachiti: “Ndiye here uyu anotaura zvakaipa pamusoro panamwari venyu (zvidhori, midzimu)?” Havatendi mune yeuchidzo yemupi wengoni dzake (Allah).

37. Munhu akava anosikwa aine hana nhete (asingazvibate). Ndichava (Allah) ndinokuratidzai maAayah angu (umboo, mutongo, marwadzo). Saka ndikumbirei kuti ndisava ndinomatumira nekuchimbidza.

38. Vanotaura (vasingatendi) kuti: “Vimbiso yacho ichauya rinhiko kana uchitaura chokwadi?”

39. Dai avo vasingatendi vaiziva (mamiriro enguva) apo vachange vasingagoni kupumha (kudzima, kubvisa) moto kubva kuzviso zvavo, kana kubva kumashure kwavo, uye havambova vakabatsirwa.

40. Asi moto (wezuva rekutongwa) uchangouya kwavari vasingafungiri (vakavarairwa), uye uchavavhiringidza, uye havazowani simba rekuudzivirira, uye havambozorodzwi.

41. Zvirokwazvo, vatumwa vakauya usati wauya (Muhammad (SAW)) vakatukwa (nekusekwa), asi avo vaivatuka (vaiseka) vakakomberedzwa nazvo, izvo zvavaituka (nekuseka).

42. Taura kuti: “Ndiani angakudzivirirei usiku nesikati kubva kumupi ane nyasha (Allah)?” Asi vanopira makotsi kune rangaridzo (yeuchidzo) yaTenzi vavo.



الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

43. Kana kuti vane vamwe vanamwari (vekunyepera) vanovadzivirira kubva kwatiri? Havana simba rekuzvibatsira, kana kuti vave vanodzivirirwa kubva kwatiri (kubva kumurango wedu).

44. Asi takavapa ava nemadzibaba avo kugarika kweupenyu uhwu kusvika pakuti nguva (yekurarama) yakavarebera. Havaoni here kuti nyika iri kutapudzwa (hutongi hwavo huri kutapudzwa) kubva kumiganhu yavo? Nokudaro ndivo here vachakunda (muhondo)?

45. Taura (Muhammad (SAW)) kuti: "Zvirokwazvo, ini ndinokuyambirai neizvo zvandakatumirwa (Qur'aan)." Asi avo vasinganzwi (vane nharo vanongotevera zvitendero vasingazivi zvirimo) havanzwi sheedzo apo vanenge vachiyambirwa (kuti munhu anofanira kutevedzera Qur'aan ne Sunnah (Nzira) yaMuhammad (SAW)).

46. Uye kana kachidimbu kemarwadzo aTenzi vako kavawira, zvirokwazvo, vanotaura kuti: "Maiwe (Marwadzo kwatiri)! Zvirokwazo, taiva vatadzi vakuru."

47. Tichava tinogadzika zvikero zvinoenzanisa (zvisingabiridziri) pazuva rekutongwa, zvokuti hapana munhu achadzvanyirirwa kunyange nepadiki pose (pakaita sei). Uye kana pane chicharema zvishoma kurema kwekamhodzi kadiki, tichachiburitsa pachena. Tisu tinokwanisa kutonga.

48. Uye takava tinopa Musa naHaaroon (Aroni) chipatsanuro (chezvakanaka nezvakaipa), uye chiedza chinopenya (Torah), uye neyeuchidzo kune avo vanotya Allah.

49. Avo vanotya Tenzi vavo kunyange vasingavaoni, uye vanotya Nguva (zuva rekutongwa).

50. Uye iyi iyeuchidzo yakakomborerwa yatakadzikisa. Saka munoiramba here?

51. Zvirokwazvo, makare-kare takava tinopa Ibrahim (Abrahamu) nhungamiro yake (kunzira yakatwasuka), uye taiziva nezvake (kutenda kwake).

52. Apo paakataura kuna baba vake nevanhu vake kuti: "Zviumbwa izvi, zviyi izvo munoperera pakuzvinamata?"

53. (Vanhu vake) vakataura kuti: "(Izvi) takawana zvichinamatwa namadzitateguru edu."

54. (Abrahamu) akataura kuti: "Zvirokwazvo, imi nemadzibaba enyu makarasika zviri pachena."

55. (Vanhu) vakapindura vachiti: "Wauya nechokwadi here kwatiri kana kuti uri kuita zvekutamba?"

56. (Abrahamu) akataura kuti: "(Zivai kuti) Tenzi venyu ndiTenzi (mumwechete Allah) vedenga nenyika, avo vakazvisika, uye ini kwazviri (pakusikwa kwazvo naAllah) ndinopa uchapupu."

57. "Uye ndinopika naAllah, zvirokwazvo ndichatsvaga zano rekuputsa zvidhori zvenyu mushure mekunge imi mambofamba-famba."

58. Nokudaro, akazviputsa kuita zvidimbu-zvidimbu, zvese kusara kwechihombe pakati pazvo, kuitira kuti vachibvunze (aputsa zvidhori).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

59. (Vanhu vadzoka) vakataura kuti: "Ndiani aita izvi kunanamwari vedu? Zvirokwazvo, mutadzi mukuru."

60. (Vamwe) vanhu vakati: "Takanzwa kamwe kamukomana kanonzi Abrahamu kachingotaura nezvazvo (zvidhori kuti kachazviputsa)."

61. (Vamwe) vakati: "Huyai naye pamberi pevanhu kuti vave vanomuona (vave neuchapupu nezvake (Abrahamu))."

62. (Vanhu) vakati: "Ndiwe here waita izvi kuvanamwari vedu, iwe Abrahamu?"

63. (Abrahamu) akati: "Asi ichi chihombe chazvo (zvidhori) ndicho chaita izvi. Zvibvunzei kana zvichigona kutaura!"

64. Saka vakataura pachavo kuti: "Zvirokwazvo, muri vatadzi vakuru."

65. Uye vakazova vanopindura (pfungwa yavo) vakati: "Zvirokwazvo, iwe (Abrahamu) unoziva kuti (zvidhori) hazvitauri!"

66. (Abrahamu) akati: "Saka munonamatirei izvo zvisingakubatsirei, kana kukukuvadzai muchisiya Allah?"

67. "Mashoko akaipa kwamuri, imi neizvo zvamunonamata muchisiya Allah! Hamupfungi here?"

68. (Vanhu) vakati: "Mupisei (Abrahamu) mubatsire vanamwari venyu, hunge muchizviita (muchizvikwanisa)."

69. Takataura (Allah) kuti: "Iwe Moto! Iva unotonhora wopa ruchengetedzo kuna Abrahamu!"

70. Uye vaida kumukuvadza, asi takavaita vanhu vakarasikirwa zvikuru.

71. Uye takamuponesa iye naLoti (Lut) kunyika yakakomborerwa kuvanhu nezvinhu zvose.

72. Uye takamupa (vana) Ishaaq (Isaka) uye (muzukuru) Ya'qoob (Jakobho). Vose takavaita vana vakatwasuka.

73. Uye takavaita vatungamiriri vaitungamira vanhu nokuda kwedu, uye tikavakomekedza kuita mabasa akanaka, kuita Swalaah (Minamato), uye kupa Zakaah (kupa Swadaqah kwevapfumi kuvarombo mushure kwegore), uye vainamata Isu (Allah) chete.

74. Uye Loti takamupa ungwaru neruzivo, uye tikamuponesa kubva muguta iro raiitwa zvakashata. Zvirokwazvo, vaiva vanhu vakashata vaiita zvivi.

75. Uye takamupinza mutsitsi dzedu. Zvirokwazvo, aiita mabasa akanaka.

76. Uye (rangarirai) apo Nowa akachema kwatiri makare. Takamupindura uye tikamuponesa iye nemhuri yake kubva kumarwadzo makuru.



الجديد و الحصري NEW & EXCLUSIVE

77. Takamubatsira kubva kune vanhu avo vairamba mashoko edu. Zvirokwazvo, vaiva vanhu vaiita mabasa akashata. Saka vese takavanyudza.

78. Uye (rangarirai) Dawood (Dhavhidha) naSulaimaan (Soromoni) pavaitonga maererano nebindu iro rakanga radyiwa namakwai avanhu usiku, uye takanzwa kutonga kwavo.

79. Uye takaita kuti Sulaimaan (Soromoni) anzwisise (nyaya yacho), uye vose takavapa hungwaru neruzivo. Uye takaita kuti makomo neshiri zvitirumbidze pamwechete naDhavhidha. Uye ndisu takazviita (zvese).

80. Uye takamudzidzisa kugadzira nguwo dzehondo dzesimbi, kuti dzikudzivirirei mukurwa kwenyu. Muchava munotenda here?

81. Uye Soromoni takaita kuti mhepo ive inovhuvhuta zvakasimba nekuda kwake ichienda kunzvimbo iyo yatakakomborera. Uye tinoziva zvese.

82. Uyezve kune mamwe maJinn (zvisikwa zvakasikwa nemoto) ayo haimunyurira (Soromoni mumvura achitsvaga matombo akakosha nezvimwe zvinhu), uye zvakare achiita rimwe basa rakasiyana neirori, uye takanga tirisu taivachengetedza.

83. Uye (rangarirai) Ayyoob (Jobho) apo paakachema kuna Tenzi vake (achiti): “Zvirokwazvo, marwadzo ava pandiri, uye imi ndimi mune tsitsi kudarika vose vanopa tsitsi.”

84. Takava tinopindura kuchema kwake, tikabvisa marwadzo aiva paari. Uye tikamudzorera mhuri yake pamwechete nevamwe vakafanana navo setsitsi kubva kwatiri, uye seyeuchidzo kune avo vanotinamata.

85. Uye Ismail (Ishumaeri) naIdrees (Inoki) naDhul-Kifl (Isaiah), vose vaiva vakatsungirira.

86. Uye takavapinza mutsitsi dzedu. Zvirokwazvo, vaiva varanda vakatwasuka.

87. Uye (rangarirai) Dhun-Noon (Yunus (Jonah)) apo paakabva achienda akatsamwa (munzvimbo iyo yaaiva atumirwa), uye akafunga kuti hatimubati! Akava anochema ari murima hombe (achiti): “Laa ilaaha illaa Anta (Hakuna umwe mwari anokodzera kunamatwa kunze kwenyu (Allah))! Kukudzwa ngakuve kwamuri! Zvirokwazvo ndini mutadzi.”

88. Takava tinopindura kuchema kwake, tikamuponesa kubva kumarwadzo. Uye saizvozvo ndiwo maponesero atinoita vatendi (muIslaam).

89. Uye (rangarirai) Zakariyya apo paakachema kuna Tenzi vake achiti: “Tenzi vangu! Musandiite ndingova ndega (ndisina mwana). Kunyangwe ndimi vanonyatsogona kugara nhaka.”

90. Takamupindura munamato wake, uye tikamupa Yahya (Johwani), uye tikamurapira mukadzi wake (ange achembera kuti aite mwana). Zvirokwazvo, vaimhanyidzana mukuita mabasa akanaka, uye vaitisheedza vaine zvishuwo (zvekupindurwa) uye nokutya, uye vaizvininipisa kwatiri.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

91. Uye uyo akazvichengetedza humhandara hwake (Mariam (Mariya)), takava tinofuridza mweya wedu kwaari (munguwo dzake kuburikidza neNgirozi, Gabriel, kuti ave nemwana), uye takaita kuti iye (Mariam) nemwana wake (Jesu) vave chiratidzo kumunhu wose (nemaJinn).

92. Zvirokwazvo, vanhu vako ava vamwe chete (chitendero chavo chimwe chete, Islaam), saka ndini Tenzi venyu, saka ndinamatei (ndega).

93. Asi vakava vanopatsanurana pakati pavo maererano nechitendero chavo. Asi vese vachadzoka kwatiri.

94. Asi uyo anoita mabasa akanaka ari mutendi (muhumwechete hwaAllah), mabasa ake haamborambwi. Zvirokwazvo, takamanyora pasi (mubhuku rake remabasa).

95. Takarambidza guta rese (vanhu varo) ratakaparadza kuti havambodzoki (panyika ino kuti vanamate).

96. Kusvikira Ya'jooj naMa'jooj (rudzi rweGogu naMagogu) vavhurirwa umo mavakavharirwa, uye vodzika vakawanda kubva kunzvimbo dzese dzakakwirira.

97. Uye vimbiso yechokwadi (zuva rekutongwa) ichava padyo. Uye (kana vanhu vamutswa kubva mumakuva), muchaona maziso eavo vasingatendi atuzura panzvimbo imwechete nokutya. Vachataura kuti: "Nhasi zvedu (Maiwee)! Taiva tisina hanya neizvi (tisingazviisi mupfungwa), asi taiva vatadzi vakuru."

98. Zvirokwazvo, imi vasingatendi neizvo zvamunonamata muchisiya Allah, muchava huni dzekuGehena! Zvirokwazvo, mucharipinda.

99. Dai zvidhori izvi zvaiva vanamwari, vaisaripinda (Gehena), asi zvose navose vachagaramo chete.

100. Varimo vachange vachifemera padenga nekudzvova kukuru, uye imomo vachange vasinganzwi.

101. Zvirokwazvo, avo zvakanaka zvakatungamirirwa kwavari kubva kwatiri, vachaiswa kure naro (Gehena).

102. Havambonzwi kutinhira kwaro (kungave kushoma), vachigara umo maidiwa nemoyo yavo (Paradhiso).

103. Kushungurudzika kukuru (kwezuva rekutongwa) hakumbovabati, uye ngirozi dzichasangana navo (dzichitaura kuti): "Iri ndiro zuva renyu iro maigarovimbiswa."

104. Uye (rangarirai) zuva iro tichapeta denga semapetero anoitwa mabhuku. Sematangiro atakaita chisikwa chekutanga, tichazvidzokorodza (Allah vari kutaura). Ichi chivimbiso chechokwadi kwatiri. Zvirokwazvo, tichazviita.

105. Uye zvirokwazvo takanyora muZaboor (Mabhuku ese akadzikiswa, Torah, Vhangeri, Mapisarema, Qur'aan) mushure mekunge tanyora muyeuchidzo (Al-Lauh Al-Mahfoodh, Bhuku rina Allah kumatenga), kuti varanda vangu vakanaka vachagara nyika iyi nhaka (Paradhiso).

106. Zvirokwazvo, umu (muQur'aan) mune mashoko ari pachena eavo vanonamata Allah (maMuslim).

107. Uye takava tinokutumira (Muhammad (SAW)) uri nyasha kune vanhu vose (nemaJinn nezvose zviripo pasi).

108. Taura kuti (Muhammad (SAW)): "Zvirokwazvo, zvakatumirwa kwandiri kuti Mwari wenyu mumwe chete. Saka muchazvipira here muzvido zvavo (mova maMuslim)?"

109. Asi vakaramba (Islaam) taura (kwavari) kuti: "Ndinokuyambirai (hondo) iyo yakafanana neiyo yatinoziva. Asi handizivi kuti zvamakavimbiswa (Zuva reQiyaamah) zviri padyo here kana kuti zviri kure."

110. "Zvirokwazvo, vanoziva (Allah) izvo zvamunotaura zviri pachena (neizwi riri pamusoro), uye vanoziva izvo zvamunotaura muchiwande."

111. "Uye handizivi kuti pamwe muedzo kwamuri, kana kuti kamufaro kekanguva kadiki."

112. Akataura (Muhammad (SAW)) kuti: "Tenzi vangu! Tongai nechokwadi! Tenzi vedu ndevengoni, vanokumbirwa pakurwisa izvo zvamunotaura (pamusoro paAllah kuti vane mwanakomana kana kuti vana, kana kuti Muhammad (SAW) ndewemapipi, kana kuti Qur'aan inhetembo)!"

# CHITSAUKO AL-HAJJ

# (KUSHANYIRA KA'BAH KUNONAMATA) 22

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Imi vanhu! Ityai Tenzi venyu! (Nokuti) zvirokwazvo, kundengendeka kwenyika pazuva rekupedzisira chinhu chinotyisa zvikuru.

2. Zuva iro muchazviona, amai vose vanoyamwisa vachakanganwa rusvava rwavo, uye (amai) avo vakazvitakura (vane mimba) vachadonhedza icho chavakasenga (mwana ari mudumbu), uye muchaona vanhu vachinge sevakadhakwa, asi vanenge vasina kudhakwa, asi kuti marwadzo aAllah achange ari makuru.

3. (Uye) pakati pavanhu pane uyo anopikisa maererano nezvaAllah asina ruzivo, uye anotevera shaitwaan (dhiyabhorosi) wese akapanduka (asingateereri Allah).

4. Zvakava zvinokomekedzwa paari (Shaitwaan) kuti uyo achamutevera, achamurasisa, uye achamuendesa kumarwadzo emoto.

5. Imi vanhu! Kana musingabvumi zvokuti muchamutswa (Pazuva rekutongwa), zvirokwazvo, takakusikai kubva kuivhu (Adam), uye kubva kuNutfah (mbeu yemunhurume nemukadzi), uye

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

kubva kuchigodo cheropa, uye kubva kuchidimbu chenyama, chimwe chakaumbika uye chimwe chisina kuumbika, kuti tizvijekese kwamuri (Kukuratidzai masimba nekugona kwedu kuita zvatinoda). Uye tinoita uyo watinoda kuti arambe ari mudumbu (maamai vake) kwenguva yakatarwa (mwedzi mipfumbamwe), uye tinokuburitsai (munhumbu) sevana (vacheche), uye tokukudzai kuti muve majaya. Uye pakati penyu pane uyo anofa achiri mwana, uye pakati penyu pane uyo anodzoserwa kuzera rakashata (anochembera kudzokera muhucheche zvakare), kusvikira pakuti anokanganwa zvose zvaaiziva. Uye unoona nyika (ivhu) yakaoma, asi tikaita kuti mvura inaye pairi (nyika/ivhu) inodzoswa kuhupenyu, uye yokura uye yobuditsa mbeu yese yakanaka.

6. Nokuti Allah, ndivo vechokwadi, uye ndivo vanopa hupenyu nerufu, uye ndivo vanokwanisa kuita zvinhu zvose.

7. Uye zvirokwazvo, nguva (zuva rekutongwa) iri kuuya (ichasvika), uye hapana kusagutsikana (kupokana) mairi; uye zvirokwazvo, Allah vachamutsa vose vari mumakuva.

8. Uye pakati pavanhu kune uyo anopikisa maererano nezvaAllah, asina ruzivo kana nhungamiro, kana Gwaro rinopa chiedza.

9. Anokotamisa huro yake nokuzvitutumadza, uye achirasisa (vamwe) kubva munzira yaAllah. (Munhu iyeye) achava anonyadziswa paupenyu hwepanyika, uye pazuva rekutongwa tichaita kuti ave anoravidza marwadzo emoto.

10. (Izvi zvichaitika) nokuda kwemaoko ako zvaakatumira mberi (zvakaipa), uye zvirokwazvo, Allah havadzvanyiriri varanda vavo.

11. Uye pakati pavanhu pane uyo anonamata Allah nekusagutsikana (asingazvitendi kuti kuna Allah); asi chinhu chakanaka chikamuwira (chikaitika kwaari) anogutsikana nacho; asi chinhu chakaipa chikamuwira anofuratira nechiso chake (anodzokera mukusatenda sekuenda kun’anga). Munhu uyu anorasikirwa nezvose panyika nekudenga. Uku ndiko kurasikirwa kuri pachena.

12. Anonamata achisiya Allah izvo zvisingamukuvadzi kana kumubatsira. Uku ndiko kurasika kuri kure.

13. Anonamata (achisiya Allah) uyo wokuti marwadzo ake ari padyo kudarika rubatsiro rwake. Zvirokwazvo, uyu (munamatwa) mubatsiri akashata, uye zvirokwazvo ishamwari yakaipa!

14. Zvirokwazvo, Allah vachapinza avo vanotenda (muhumwechete hwaAllah) nekuita mabasa akanaka muParadhiso iro rine nzizi dzinoerera pasi paro. Zvirokwazvo, Allah vanoita zvavanoda.

15. Uyo zvake anofunga kuti Allah havambomubatsiri (Muhammad (SAW)), ngaazvisungirire netambo padenga azviuraye. Uye oona kuti hurongwa wake uchaita kuti izvo zvaasingadi zvibve!

16. Naizvozvo takaridzikisa (Qur’aan iri kuna Muhammad (SAW)) sezviratidzo zviripachena, uye zvirokwazvo, Allah vanotungamira uyo wavanoda.

17. Zvirokwazvo, avo vanotenda (kuna Allah nemutumwa wavo (SAW)), neavo vanova maJudha, uye maSwaabi'uoon, uye maKristu, uye maMajoos, uye avo vanonamata zvimwe zvinhu vachisiya Allah, zvirokwazvo, Allah vachatonga (vachajekesa) pakati pavo pazuva rekutongwa. Zvirokwazvo, Allah vanoona zvose (zvinoitika panyika).

18. Hauoni here kuti uyo wese ari mumatenga neuyo ari pasi, uye zuva, nemwedzi nenyenyedzi, uye makomo, nemiti, nezvipuka zvose zvinofamba, uye vazhinji vevanhu vanopfugamira Allah. Asi vazhinji vevanhu marwadzo (aAllah) akatokomekedzwa pavari. Uye uyo munhu anodzikisirwa naAllah, hapana anogona kumukwidziridza. Zvirokwazvo, Allah vanoita izvo zvavanoda.

19. Ava vavengi vaviri (vatendi neavo vasingatendi) vanopikisana maererano naTenzi vavo, asi avo vasingatendi vachagadzirirwa nguwo dzemoto, uye mvura iri kufashaira (inopisa) ichadirwa mumisoro yavo.

20. Zvose zviri mumatumbu mavo zvichaitwa kuti zvinyungudike nemvura iyi, uye makanda avo (aperewo zvakare).

21. Uye vachawana haka dzesimbi dzakasungirirwa (kuti vave vanorwadziwa semutongo wavo).

22. Pose pavachada kubuda imomo (kubva kumoto) nekuda kwemarwadzo, vachadzorerwa zvakare mauri, uye (vachataurirwa kuti): "Ravirai marwadzo ekutsva!"

23. Zvirokwazvo, Allah vachapinza avo vanotenda (muhumwechete hwaAllah) nekuita mabasa akanaka mumapindu ane nzizi dzinoerera pasi pawo, umo vachashongedzwa nefumba dzegoridhe (mabhenguru) nemapera, uye nguwo dzavo dzichave dziri dzesiriki.

24. Uye (pano panyika) vakatungamiririrwa mukutaura mashoko akanaka (Laa ilaaha illaallaahu – Hakuna chimwe chinhu chine kodzero yekunamatwa kusara kwaAllah, nekuverenga Qur'aan), uye vakatungamiririrwa kunzira yeavo vanorumbidzwa (Allah).

25. Zvirokwazvo, avo vasingatendi (muna Allah) uye vanodzivirira vamwe kubva kunzira yaAllah, uye kuenda kuAl-Masjid Al-Haraam (kuMakkah) iyo yatakaita kuti isununguke kune munhu wese, anogaramo uye vashanyi kubva kune dzimwe nyika vanova vakaenzana (vakafanana) maererano nemutemo yemo. Uye uyo anoita mabasa akaipa arimo (muAl-Masjid Al-Haraam), tichaita kuti aravire marwadzo akaomarara.

26. Uye (rangarirai) patakaratidza Ibrahim (Abrahamu) nzvimbo yekuvaka imba (Ka'bah kuMakkah) yekunamatira tichiti (Allah vari kutaura): "Musasanganise zvimwe zvinhu neni mukunamata, uye chenurai imba yangu (Ka'bah) kune avo vanoitenderera (Tawaaf), uye kune avo vanonamatiramo (Swalaah), uye avo vanokotama (Ruku), uye avo vanopfugama (Sajdah) (kunamata nekurumbidza Allah)."

27. "Uye taurira vanhu maererano nezveHajj (Kushanyira Ka'bah kuMakkah kunonamata). Vachauya kwauri vachifamba netsoka uye nengamera yese isina kusimba, vachibva nenzira dzese dzemumakomo dziri kure (kuti vaite Hajj)."

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

28. (Vanouya) kuti vaone zvinhu izvo zvinovabatsira (makomborero eHajj neUmrah, uye nemakomborero epanyika kuburikidza nekutengeserana), uye kuti varangarire Zita raAllah mumazuva akatarwa (10, 11, 12 na 13 Dhul-Hijjah) vachitenda mhuka dzavakavapa (kuti vauraye seQurbaan (Mupiro) vachiti: Bismillaahi Wallaahu Akbar, Allaahumma minka wa ilaika (Muzita raAllah, uye Allah ndivo Mukuru! Imi Allah! Izvi zvabva kwamuri uye zvirikudzokera kwamuri)). Idyai (nyama) kubva kwadziri uye mopa avo vanotambura vari munguva yakaoma.

29. Saka ngavapedzise izvo zvavakatarirwa (muHajj) uye vopedzisa ivo zvavakapikira, uye votenderera imba yakavakwa kare (Ka'bah kuMakkah).

30. Naizvozvo, uyo anoremekedza izvo zvakakosha zvaAllah, zvakamunakira kuna Tenzi vake. Mombe dzakabvumidzwa kwamuri, kunze kweidzo dzamunoudzwa (kuti dzakarambidzwa). Saka, siyai chitadzo chekunamata zvidhori uye mashoko emanyepo.

31. Hunafaa' Lillaah (Vanonamata Allah chete), vasingavasanganise nezvimwe zvinhu; uye uyo anosanganisa Allah nezvimwe zvinhu, anoita kunge uyo adonha kubva kudenga, uye shiri dzomujombora (dzomubata) kana kuti mhepo yamukanda nzvimbo iri kure.

32. Saizvozvo (zvataurwa mundima 27, 28, 29, 30 ne 31 ndivo mabasa vanhu vanofanira kuitira Allah), uye uyo anoremekedza zviratidzwa zvaAllah, zvirokwazvo, ane moyo wakachenurwa zvakanaka (unotya Allah).

33. Mune zvinokubatsirai madziri (mombe/mhuka) kwemazuva akatarwa, uye mushure maizvozvo dzinounzwa kuimba yekare yakakomborerwa (Ka'bah kuMakkah) kuti dziuraiwe semupiro.

34. Uye kune vanhu vose vakauya (Panyika), takavapa nzira dzavo dzekunamata kuti vave vanorangarira zita raAllah maererano nemhuka idzo dzavakavapa kuti vadziite chikafu. Saka Mwari venyu Mwari mumwe chete. Zvipirei kwavari mukunamata. Ova (Muhammad (SAW)) unoudza avo vanoteerera Allah mashoko akanaka (kuti vachapinda Jannah).

35. (Vanhu vacho) avo vanoti Allah vakarangarirwa, moyo yavo inozadzwa nekutya, uye avo vanotsungirira pane izvo zvose zvinovawira, uye avo vanoita Swalaah (Munamato), uye avo vanoshandisa (munzira yaAllah) kubva kuizvo zvatakavapa.

36. Uye mhuka (mombe, ngamera, mbudzi, hwai) takadziita kuti dzive zviratidzwa zvaAllah kwamuri, umo munowana zvakanaka zvakawanda. Saka ivai munorangarira (munotaura) zita raAllah pamusoro padzo kana dzaiswa mumitsetse (kuti dziurawe). Kana dzichinge dzarara nemativi adzo dzafa, idyai kubva kwadziri (nyama yadzo), mova munopa uyo anotambura (nyama) uyo asingakumbiri vanhu uye uyo anokumbira. Saizvozvo takadziisa (mhuka) pasi penyu kuti muve munotenda (Allah).

37. Nyama yadzo kana ropa radzo harisvika kuna Allah, asi kuti kutya kwenyu ndiko kunosvika kuna Allah. Nokudaro takadziisa (mhuka) pasi penyu kuti muve munorumbidza Allah nekukutungamirai kwavanoita. Uye Ipa (Muhammad (SAW)) mashoko akanaka kune avo vanoita mabasa akanaka.

38. Zvirokwazvo, Allah vanodzivirira avo vanotenda. Zvirokwazvo, Allah havadi avo vasingatendi vasingavimbiki (avo vasingateereri Allah vachiteerera satani).

39. Kurwisa (vasingatendi) kwabvumidzwa kune avo (vatendi) varikuriswa, nokuti ndivo vatadzirwa; uye zvirokwazvo, Allah vanokwanisa kuti vatendi vakunde (mukurwisa vasingatendi).

40. Avo vakadzingwa mudzimba dzavo pasina chinangwa (chikonzero) nekuti vanotaura kuti: "Tenzi vedu ndiAllah." Dai kusiri kuti Allah vanodzivirira vanhu kuburikidza nevamwe (vanhu), nzvimbo dzavo dzekunamatira (MaKristu, maJudha, maMuslim), umo mavanorangarira zita raAllah kazhinji, dai dzakadonhedzwa pasi (dzakaparadzwa). Zvirokwazvo, Allah vanobatsira avo vanobatsira nzira yavo. Zvirokwazvo, Allah ndivo samasimba, mukuru-kuru.

41. Avo (vatungamiriri vemaMuslim) vanoti kana tikavapa simba (rekutonga) panyika, vanokurudzira kuitwa kweSwalaah (Minamato mishanu pazuva), uye kupa Zakaah (Zvipo kuvarombo), uye vokurudzira kuitwa kwezvinhu zvakanaka uye vorambidza kuitwa kwezvinhu zvakaipa. Uye kuna Allah ndiko kunoperera nyaya dzese (dzezvisikwa zvavo).

42. Uye kana vakakuramba (Muhammad (SAW)), zvirokwazvo, vanhu vaNowa, maAad nemaThamud vakarambawo (vatumwa vavo) ivo (maArabhu ekuSaudi Arabia) vasati vavapo.

43. Uye vanhu vaIbrahim (Abrahamu) uye vanhu vaLut (Loti).

44. Uye vagari vemuMadyan (Midian); uye Musa akarambwa. Asi avo vasingatendi ndakambovarega kwekanguva kadiki, asi ndakazovatumira marwadzo, uye marwadzo angu aiva akaoma (kune avo vanotadza)!

45 Maguta mazhinji takamaparadza aiita mabasa akashata, tikamaita kuti ave marara (kusvika nhasi), uye matsime (akawanda) haasi kushandiswa uye dzimba (dzavo) guru!

46. Havana kumbofamba here panyika, kana kuti havana moyo here yavanonzwisisa nayo kana kuti nzeve dzekunzwa nadzo? Zvirokwazvo, haasi maziso anopofumara, asi kuti moyo iri mukati mezvipfuva ndiyo inopofumara.

47. Uye vanokumanikidza kuti uite marwadzo auye nekuchimbidza! Asi Allah havakundikani muvimbiso yavo. Uye zvirokwazvo zuva rimwe chete kuna Tenzi vako chiuru chemakore (1000) kana imi mava kuverenga.

48. Uye maguta mazhinji ndakambowarega zvishoma asi achiita mabasa akaipa. Uye (pakupedzisira) ndakamatumira marwadzo. Uye kwandiri muchava munodzoka (mafa uye mushure merufu).

49. Taura kuti (Muhammad (SAW)): "Imi vanhu! Zvirokwazvo, ndiri muyambiri ari pachena kwamuri."

50. Avo vanotenda (muIslaam) nekuita mabasa akanaka, vachawana ruregerero uye vachawana raramo yakanaka (Paradhiso).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

51. Asi avo vanoshingirira mukurwisa zviratidzo zvedu (Aayaat) kuti vazvikanganise, zvirokwazvo, vachava vagari vemumoto.

52. Hatina kumbotumira mutumwa kana muporofita iwe usati wavapo (Muhammad (SAW)), asi paakaverenga zvatumirwa (bhuku) kana kutsanangura kana kutaura (nezvebhuku), Satani akakanda manyepo mariri. Asi Allah vanobvisa (vanodzivirira) izvo zvinouya naSatani, uye Allah vanogadza (nekusimbisa) ndima dzavo. Uye Allah ndivo vane ruzivo rwese, uye vane hungwaru hwese.

53. Izvi kuitira kuti (zviri paAayah 52) Allah vaite izvo zvinokandwa naSatani miedzo kune avo vane moyo ine chirwere (cheunyengedzi), uye vane moyo yakaomarara. Uye zvirokwazvo, avo vanotadza vanopikisa zvikuru (Chokwadi).

54. Uyezve kuitira kuti avo vakapihwa ruzivo vazive kuti (iri Qur'aan) ichokwadi kubva kuna Tenzi vako, kuti vatende mariri, uye kuti moyo yavo izvipire kwavari (Allah) ichizvininipisa. Uye zvirokwazvo, Allah ndivo vanotungamira avo vanotenda kunzira yakatwasuka.

55. Uye avo vasingatendi vacharamba vaine kusagutsikana maererano naro (Qur'aan iri) kusvikira Nguva yasvika kwavari (Zuva reQiyaamah) vasingafungiri, kana kuti zuva remarwadzo ravasvikira iro mushure maro kuchange kusina husiku.

56. Zuva iro utongi huchava huri hwaAllah. Vachatonga pakati pavo. Saka avo vakatenda (muIslaam) nekuita mabasa akanaka, vachapinda mumapindu emufaro (Paradhiso).

57. Asi avo vakaramba kutenda, uye vakaramba ndima dzedu (dziri muQur'aan), ndivo vachave nemarwadzo anodzikisira (muGehena).

58. Uye avo vakatama munzira yaAllah ndokubva vaurawa kana kufa (vega), zvirokwazvo, Allah vachavapa raramo yakanaka (Paradhiso). Uye zvirokwazvo, Allah ndivo vanopa raramo yakanaka kukunda vapi vese.

59. Zvirokwazvo, vachaita kuti vapinde nenzira inovafadza, uye zvirokwazvo, Allah vane ruzivo rwese, vane tsitsi zhinji.

60. Saizvozvo zvinoitwa. Uye uyo anodzorera (marwadzo) zvinoenderana nemarwadzisirwo aaitwa, uye otadzirwa zvekare, zvirokwazvo Allah vachamubatsira. Zvirokwazvo, Allah vanoregerera zvikuru.

61. Nokuti Allah vanopinza usiku mumasikati, uye vanopinza masikati muhusiku. Uye zvirokwazo, Allah ndivo vanonzwa zvese, vanoona zvose.

62. Nokuti Allah ndivo Chokwadi (Mwari mumwechete vane kodzero yokunamatwa), uye izvo zvinonamatwa (zvidhori, moto, nezvimwe zvakadaro) kunze kwavo, ndezvenhema. Uye zvirokwazvo, Allah ndivo vari pamusoro pezvese, uye ndivo mukuru wezvose.

63. Hauoni here kuti Allah vanotumira mvura kubva kudenga (inonaya), nyika yobva yaevedza (zvirimwa zvopukira)? Zvirokwazvo, Allah ndivo vane tsitsi dzose, uye vane ruzivo rwezvose.

64. Ndivo muridzi hwezvese zviri mumatenga uye zvose zviri panyika. Uye zvirokwazvo, vane upfumi (havana chavanoda kubva kuvanhu), vanofanirwa kurumbidzwa.

65. Hauoni here kuti Allah vakakupai zvose zviri panyika, uye ngarava dzinofamba mumakungwa nokuda kwavo? Ndivo vakabata denga kuti risadonhere pasi kusara nekuda kwavo. Zvirokwazvo, Allah vane tsitsi kuvanhu, nenyasha zhinji.

66. Ndivo (Allah) vanokupai upenyu, uye vanoita kuti mufe, uye vachakupaizve upenyu (pazuva rokutongwa). Asi zvirokwazvo, munhu haatendi (zvose zvaanoitirwa naAllah).

67. Kune vanhu vose (vari panyika neavo vakadarika) takavapawo nzira dzekunamata idzo dzavanofanira kutevera. Saka, ngavasapokane newe (vasingatendi) mune nyaya dzacho (kudya nyama dzakachekwa uye kusiya idzo dzafa dzega). Asi daidzira kuna Tenzi vako. Zvirokwazvo, (Muhammad (SAW)) uri panhungamiro yakatwasuka (Islaam).

68. Uye kana vakakupikisa (maererano nekucheka mhuka), vaudze kuti: "Allah vanoziva zvakanaka izvo zvamunoita."

69. "Allah vachatonga pakati penyu pazuva rekumutswa maererano neizvo zvamaisiyana (pakunamata)."

70. Hauzivi here kuti Allah vanoziva zviri mumatenga uye zviri panyika? Zvirokwazvo, zvese zviri muGwaro (rina Allah, Al-Lauh Al-Mahfoodh). Zvirokwazvo, zviri nyore kuna Allah (kuita zvose).

71. Uye vanonamata zvimwe zvinhu vachisiya ivo (Allah) izvo zvavasina kudzikisa mvumo yacho kuti vaite, uye zvavasina ruzivo nazvo. Uye avo vanoita zvitadzo havawani mubatsiri.

72. Uye kana ndima dzedu dziri pachena vakadziverengerwa, unoona zviratidzo zvekuramba pameso peavo vasingatendi! Vakatogadzirira kurwisa nehondo avo vanoverenga ndima dzedu kwavari. Iti (Muhammad (SAW)): "Ndingakuudzai here izvo zvakashata kudarika izvozvo? Moto weGehena uyo wakavimbiswa naAllah avo vasingatendi, uye (Gehena) inova iri nzvimbo yakashata kusvika!"

73. Imi vanhu! Enzaniso yakava inopuhwa, saka iteererei (zvakadzama). Zvirokwazvo, avo vamunonamata muchisiya Allah, havakwanisi kana kusika nhunzi, kunyangwe vakaungana kuti vazviite. Uye kana nhunzi ikatora chimwe chinhu kubva kwavari, havana simba rekuchibvisa (rekuchitora) kubva kwairi (nhunzi). Vanotsvaga uye vanotsvagwa vese havana simba.

74. Havana kumbofungidzira Allah semafungidzirwo avanofanirwa kuitwa. Zvirokwazvo, Allah vane masimba ese, nehukuru.

75. Allah vanosarudza vatumwa kubva kungirozi uye kubva kuvanhu. Zvirokwazvo, Allah vanonzwa zvese, uye vanoona zvese.

76. Vanoziva (Allah) zviri mberi kwavo uye mumashure mavo. Saka kuna Allah ivai munopira nyaya dzose.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

77. Imi vanotenda! Kotamai, uye pfugamai, uye namatai Tenzi venyu, uye itai mabasa akanaka kuti muve munobudirira.

78. Uye shingirirai munzira yaAllah kushingirira kwechokwadi (nemoyo yose). Vakakusarudzai (kuti muparidze shoko ravo reIslaam), uye havana kumbokuomeserai muchitendero. Chitendero chababa venyu Ibrahim (Abrahamu). Ndivo (Allah) vakakupai zita rekuti maMuslim mose musati mavapo uye mariri (Qur'aan), kuti mutumwa (Muhammad (SAW)) vape humboo pamusoro penyu uye imi muve vanopa humboo pamusoro pevanhu! Saka itai Swalaah (Minamato), mopa Zakaah (Zvipo kuvarombo), uye mobatisisa kuna Allah (movimba navo munyaya dzenyu dzese). Ndivo mutungamiriri (muchengeti) wenyu. Muchengeti akanaka zvikuru (anokwanisa kudzivirira zvose) uye mubatsiri akanaka zvikuru (anokwanisa kukubatsirai muzvose zvinoitika)!

# CHITSAUKO AL-MU'MINOON

# (VATENDI) 23

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Zvirokwazvo vatendi ndivo vakabudirira.

2. Avo vanoita minamato yavo yose vachitya uye kuzvipira.

3. Uye avo vanofuratira manyepo (nehutsvina neizvo zvose zvakarambidzwa naAllah).

4. Uye avo vanopa Zakaah (zvipo kune vanhu vanotambura).

5. Uye avo vanochengetedza nhengo dzavo dzakavandika (kubva mune chehupombwe).

6. Kunze kune vakadzi vavo kana varanda kadzi avo vavanochengeta vari mumaoko avo, nokudaro vari kure nekushoropodzwa.

7. Asi uyo anoda zvakadarika izvi, nokudaro avo vatadzi chose (vanopfurikidza mirairo).

8. Uye avo vanochengetedza zvivimbiso zvavo (zvese zvakakomekedzwa naAllah) uyezve nezvibvumirano zvavo.

9. Uye avo vanochengetedza minamato yavo mishanu (5) nenguva dzakatarwa.

10. Avo ndivo vagari venhaka yemangwana.

11. Vachava vanogara nhaka yeParadhiso (Firdaus). Umo vachagara zvachose.

12. Uye zvirokwazvo takave tinosika munhu (Adam) kubva muvhu remutapo (mvura nevhu).



الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

13. Pedzezvo takave tinomuita kuti (vana vaAdam) ave Nutfah (musanganiswa wemvura dzechirume nedzechikadzi uye tikave tinougadzika) panzvimbo yakachengetedzeka (munhumbu yemukadzi).

14. Pedzezvo takave tinoita Nutfah (musanganiswa wemvura yababa naamai) kuti ive godo reropa, tikave tinoita godo reropa kuti rive chidimbu chenyama, tikave tinogadzira mapfupa kubva muchidimbu chenyama, tikave tinoshongedza mapfupa nenyama, uye tikave tinochiunza sechimwe chisikwa. Naizvozvo makomborero nde aAllah musiki akanaka.

15. Uye mushure maizvozvo, zvirokwazvo, muchave munofa.

16. Uye zvirokwazvo, pazuva reQiyaamah (Kumutswa) muchave munomutswa.

17. Uye zvirokwazvo, takave tinosika pamusoro penyu matenga manomwe (rimwe pamusoro perimwe), uyezve hatimborivari zvisikwa zvedu.

18. Uye tinodzikisa mvura kubva kudenga nesimba (redu), toiita kuti ive nenzvimbo yekugara pano pasi, uye zvirokwazvo, tine simba rekuitora (mvura).

19. Uye tinokukudzirai nayo mapindu emadheti nemagirepu, muine michero mizhinji yenyu, iyo yamunodya.

20 Uye muti (weOrivhi) unomera mugomo reSinai, unoburitsa mafuta, uye muriwo kune avo vanodya.

21. Uye zvirokwazvo kubva mumhuka (mombe) mune chidzidzo kwamuri. Tinokupai kuti munwe izvo zviri mumatumbu adzo (mukaka). Uye madziri mune zvizhinji zvinokubatsirai, uye kubva kwadziri munodya.

22. Uye pamusoro padzo (mhuka) uye ngarava munova munotakurwa (munzendo dzamunofamba).

23. Uye zvirokwazvo takave tinotuma Nowa kuvanhu vake, akave anotaura kuti: “Imi vanhu vangu! Namatai Allah! Hamuna vamwe mwari kusara kwavo. Saka hamuve munovatya here?”

24. Asi madzimambo asingatendi pakati pevanhu vake vakataura kuti: “Uyu murume (munhu) akafananawo nemi, uye ari kuda kuva pamusoro penyu. Uye dai Allah vaida (kutumira mutumwa), zvirokwazvo vaitumira ngirozi. Hatisati tambonzwa zvakadai kubva kumadzibaba edu (madzitateguru edu).”

25. “Uyu murume ari kupenga, saka chimbomirai maererano nezvake kwekanguva kadiki.”

26. Nowa akati: “Tenzi vangu! Ivai mununditsigira nekuti vave vanondiramba.”

27. Saka takave tinotaura (tinotumira) kwaari (kuti): “Vaka ngarava uri pasi pemeso edu uye nemashoko edu. Uye kana mutsigo wedu wauya, uye mvura yatanga kubuda kubva muchitofu, isa mungarava kubva kuchisikwa chimwe nechimwe zviviri zviviri (chirume nechikadzi), uye nemhuri yako, kusara kweavo kubva kwavari vakave vanotarwa kuti vachave vanoparadzwa. Uye usave unotaura neni maererano neavo vakave vanotadza. Zvirokwazvo, vari kuva vanonyudzwa.”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

28. “Uye kana mapinda mungarava, iwe neavo vanewe, taura kuti: ‘Rumbidzo ngaive kuna Allah, avo vatidzivirira kubva kune vanhu vanotadza.’”

29. “Uye taura kuti: ‘Tenzi vangu! Itai kuti tive tinomira panzvimbo yakakomborerwa, uye ndimi munokwanisa kutiburutsa zvakanaka.’”

30. Zvirokwazvo, mazviri (zvatakaita vanhu vaNowa) mune zviratidzo, uye zvirokwazvo, tinogara tichiedza varanda vedu.

31. Uye takave tinosika vamwe vanhu mushure mavo.

32. Uye takatuma mutumwa kubva kwavari achitaura kuti: “Namatai Allah! Hamuna umwe mwari kusara kwavo. Saka hamuvi munotya here (kuti vachakurangai kana mukanamata zvimwe zvinhu)?”

33. Uye avo vakakwirira (vapfumi, vatongi) pakati pevanhu vake avo vasina kutenda, uye vakaramba kuti kuchasanganwa mushure mekufa, uye takavapa kugarika kwehupenyu hwepasi, vakataura kuti: “Uyu haasi (chimwe chinhu) asi kuti murume akafananawo nemi. Anodya izvo zvamunodyawo, uye anonwa izvo zvamunonwa.”

34. “Uye kana mukateerera munhu (murume) akaitawo semi, zvirokwazvo, muchava munorasikirwa.”

35. “Anokuvimbisai here kuti kana mafa mova munoita ivhu nemapfupa, kuti muchave munomutswa (zvakare)?”

36. “Zviri kure, zviri kure, izvo zvamunovimbiswa!”

37. “Hapana chiripo kusara kwehupenyu hwedu hwepasi rino, tichafa uye tinorarama! Asi hative tinomutswa zvakare (mushure mekufa)!”

38. “Haasi umwe munhu asi kuti murume aronga manyepo pamusoro paAllah, uye hatimbofi takatenda maari.”

39. Akataura kuti: “Tenzi vangu! Nditsigirei nokuti vave vanondiramba.”

40. (Allah) vakataura kuti: “Munguva shoma, zvirokwazvo vachave vanodemba.”

41. Nokudaro murango wakavaparadza muchokwadi, uye takaita kuti vave marara sezvidyarwa zvakafa. Nokudaro ngavave kure avo vanhu vanotadza.

42. Uye takasika mamwe marudzi mushure mavo.

43. Hakuna rudzi (vanhu) rungaita kuti nguva yavo ikasire, kana kuve inonoka.

44. Uye takave tinotumira vatumwa vedu vachiteverana (umwe mushure memumwe). Nguva dzose paiuya mutumwa wavo kune boka revanhu, vaimuramba; nokudaro takave tinoita kuti vave

vanoteverana mukuparadzwa, uye takave tinoita kuti vave nyaya (pakati pevanhu sechidzidzo). Saka ngavave kure avo vanhu vsingatendi!

45. Uye takave tinotuma Musa nemukoma wake Haaroon (Aroni) nezviratidzo zvedu uye nemasimba ari pachena.

46. Kuna Farawo nemakurukota ake, asi vakave vanozvitutumadza, uye vakave vanhu vanozvikudza.

47. Uye vakataura kuti (Farawo nemakurukota ake): “Tingatenda here mune varume vaviri vakaita sesu, avo vekuti rudzi rwavo varanda vedu?”

48. Vakave vanovaramba vose (vari vaviri), uye vakave veavo vakaparadzwa.

49. Zvirokwazvo, takave tinopa Musa, Gwaro, kuti zvimwe vangave vanotungamirwa.

50. Uye takave tinoita mwanakomana waMariya uye naamai vake chiratidzo, uye takavachengetedza panzvimbo yakakwirira, nzvimbo yekuzorora, ine chengetedzo uye mvura inoerera.

51. (Allah vakataura kuti): “Imi vatumwa! Idyai zvakachena, mova munoita mabasa akanaka. Zvirokwazvo, ndinoziva zvikuru zvose zvamunoita.”

52. “Uye zvirokwazvo, ichi chitendero chenyu (Islaam) chimwe chete, uye ndini Tenzi venyu. Nokudaro, ivai munonditya.”

53. Asi (vanhu) vakave vanopatsanura chitendero chavo pakati pavo mumapoka-poka, boka rimwe nerimwe (boka rose) richifara nezvarinazvo.

54. Saka vasiyei mukurasika kwavo kwekanguva.

55. Vanofunga here kuti kuvawedzera muhupfumi nevana,

56. Kuti tirikuvapa zvakanaka nekukurumidza? Kwete! (Asi muedzo pasi pano kuti vasave nemugove muhupenyu hwemangwana) asi havazvifungi.

57. Zvirokwazvo, avo vanotya Tenzi vavo vakangwarira;

58. Uye avo vanotenda muzviratidzo zvaTenzi vavo;

59. Uye avo vasingasanganisi Tenzi vavo nechimwe chinhu (mukunamata);

60. Uye avo vanopa (Swadaqah) zvavanopa moyo yavo izere nokutya (kuti zvatambirwa here kana kuti kwete), nokuti vachave zvirokwazvo vanodzokera kuna Tenzi vavo,

61. Ndeavo vanomhanyira kumabasa akanaka, uye ndivo vekutanga maari.

62. Uye hatikomekedzi munhu kusara kweizvo zvaanogona, uye tine gwaro rinotaura chokwadi, uye havave vachatadzirwa.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

63. Asi moyo yavo yakaputirwa kubva kwariri (Qur'aan, kurinzwisisa), uye vane mabasa mamwe (akaipa) kusara kweayo avari kuita.

64. Kusvika taparadza vapfumi pakati pavo nemurango (vasingatarisiri); tarisai, vanova vanochema neizwi riripamusoro (kuna Allah) vachida rubatsiro.

65. Musacheme neizwi riripamusoro nhasi! Zvirokwazvo, hamuve munobatsirwa nesu.

66. Zvirokwazvo, ndima dzangu dzakave dzinoverengwa kwamuri, asi imi maifuratira nezvitsitsinho zvenyu (muchidziramba).

67. Muchizvitutumadza, muchitaura usiku zvakashata pamusoro paro (Qur'aan).

68. Uye havave here vanodzamisa pfungwa dzavo pamusoro peshoko (raAllah, Qur'aan), kana kuti kwakauya kwavari izvo zvisina kuuya kune madzitateguru avo?

69. Kana kuti havazivi mutumwa wavo (Muhammad (SAW)), saka vachimuramba?

70. Kana kuti vanotaura (kuti): "Ane kupenga maari?" Asi akavawunzira chokwadi (Islaam), asi vazhinji vavo (vasingatendi) vanoramba chokwadi.

71. Asi dai chokwadi chakatevera izvo zvavanoshuvira, zvirokwazvo, matenga uye nepasi uye avo vari mazviri zvaidai zvisina kumira zvakanaka (zvaishata)! Asi tavaunzira yeuchidzo yavo, asi ivo vanofuratira yeuchidzo yavo.

72. Kana kuti iwe (Muhammad (SAW)) unovabvunza mubairo? Asi mubairo waTenzi vako ndiwo wakanaka, uye ndivo (Tenzi vako) nyanzvi pakupa raramo.

73. Uye zvirokwazvo, unovakoka (Muhammad (SAW)) kunzira yakatwasuka (Islaam).

74. Asi zvirokwazvo, avo vasingatendi muhupenyu huri mushure mekufa, vari zvirokwazvo kubva munzira yakatwasuka (Islaam).

75. Uye nyangwe tikavapa tsitsi uye tobvisa matambudziko ari pavari, vanoramba vachingoita zvitadzo zvavo, vachidzungaira vasingadi (chokwadi, vachiita nokusaziva).

76. Uye takave tinovabata nemarwadzo (tinovatumira seyambiro), asi havana kuva vanozvininipisa kuna Tenzi vavo, uye havana kusheedza (Allah) vachizvipira kwavari.

77. Kusvikira tavavhurira gonhi remarwadzo makuru, nenguva diki vachange varimo vachishungurudzika.

78. Uye ndivo (Allah) vakakugadzirirai kunzwa (nzeve), nokuona (maziso), uye moyo (kufunga kwakakwana). Asi kashoma pamunopa kutenda.

79. Uye ndivo (Allah) vanokusikai panyika, uye kwavarizve muchaunganidzwa.

80. Uye ndivo (Allah) vanopa upenyu uye vokonzera kufa, uye kupindana (kupesana) kweusiku nemasikai ndekwavo (Allah). Saka hamunzwisisiwo here?

81. Asi vanotaura sematauriro evanhu vokutanga ivo vasati vavapo.

82. Vakataura kuti: "Kana tafa tova ivhu nemapfupa, tichamutswa here zvechokwadi?"

83. "Zvirokwazvo, takavimbiswa izvi isu nemadzibaba edu kumashure! Izvi hazvisi chimwe chinhu kusara kwengano dzeavo vaivapo kare!"

84. Taura kuti (Muhammad (SAW)): "Ndiani muridzi wenyika uye wese arimo, kana muchiziva?"

85. Vachataura kuti: "NdiAllah!" Taura kuti: "Saka hamurangarire here?"

86. Taura kuti: "Ndiani Tenzi vematenga manomwe, uye Tenzi vechigaro chikuru?"

87. Vachataura kuti: "Allah." Taura kuti: "Saka hamuvatyi here?"

88. Taura kuti: "Mumaoko ani mune ushe wezvinhu zvose? Uye vanodzivirira asi ivo hapana anovadzivirira kana muchiziva?"

89. Vachataura kuti: "(Zvese) ndezva Allah." Taura kuti: "Saka sei muchinyengedzwa muchitendeukira chokwadi?"

90. Asi tavaunzira chokwadi (Islaam), asi ivo (vasingatendi) zvirokwazvo vanyepi.

91. Allah havana mwanakomana (kana sikana), kana kuti kune umwe mwari navo. (Dai varipo vanamwari vakawanda), umwe neumwe mwari aizotora izvo zvaakasika, uye vamwe vavo vaizoedza kukunda vamwe. Mukuru ndiAllah vari pamusoro peizvo zvavanovatsanangudza nazvo!

92. (Ndivo) vanoziva izvo zvisingaoneki uye izvo zvinooneka! Saka mukuru ndivo pamusoro peizvo zvavanomusanganisa nazvo!

93. Taura (Muhammad (SAW)) kuti: "Tenzi vangu! Dai mandiratidza izvo zvavakavimbiswa (murango)."

94. "Tenzi vangu! Saka (ndinunurei kubva kumurango wenyu), musandiise pakati peavo vanhu vanotadza."

95. Uye zvirokwazvo tinokwanisa kukuratidza (Muhammad (SAW)) izvo zvatinovavimbisa.

96. Dzivirira zvivi neicho chiri nani. Isu tisu tinoziva izvo zvavanovasanangudza nazvo.

97. Uye taura kuti: "Tenzi vangu! Ndokumbirawo ruponeso kwamuri kubva kune ruzeve-zeve rwemaShayaatween (vanadhiyabhorosi)."

98. "Uye ndinokumbira ruponeso maMuri, Tenzi vangu, nyangwe vakavapo pedyo neni."

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

99. Kusvikira rufu rwauya kune umwe wavo (weavo vasingatendi), anotaura kuti: "Tenzi vangu! Ndidzorereizve (panyika)."

100. "Kuti ndinoita mabasa akanaka awo andisina kuita kumashure!" Kwete! Mashoko chete aari kutaura; uye kumberi kwavo kune Barzakh (Chidziviso) kusvikira zuva ravachamutswa (kubva kuvafi).

101. Uye kana hwamanda yaridzwa, hapana hukama uchange huripo pakati pavo pazuva iroro, uye hapana achabvunza umwe pamusoro peumwe.

102. Uye avo miyero yavo icharema (nezvakanaka), ndivo avo vachabudirira.

103. Asi avo miyero yavo ichareruka, ndivo vanhu vakazvirasisa pachavo, uye vachava vagari vemuGehena nekusingaperi.

104. Moto uchapisa zviso zvavo, uye varimo vachasara vakanyenama (miromo yavo yatsva).

105. (Kuchataurwa) kuti: "Ndima dzangu hadzina kuverengwa kwamuri here, uye maidziramba?"

106. Vachataura kuti: "Tenzi vedu! Kushata kwedu kwave kunotikurira, uye taive vanhu vakarasika."

107. "Tenzi vedu! Tiburitsei mazviri. Uye tikava tinodzekera (kumabasa akaipa), zvirokwazvo, tinenge tiri vanhu vanotadza."

108. Vachataura (Allah) kuti: "Rambai murimo makadzikisirwa, uye musave munotaura neni!"

109. Zvirokwazvo, paiva neboka revaranda vangu vaitaura kuti: "Tenzi vedu! Tinotenda, saka tiregererei, uye mova munotinzwira tsitsi, uye ndimi nyanzvi kukunda vese pakunzwira tsitsi!"

110. "Asi makavatora sechisekwa, kusvikira vakuitai kuti mukanganwe rangariro yangu muchivaseka!"

111. "Zvirokwazvo, ndavapa makomborero muzuva ranhasi nekuda kwekutsungirira kwavo, kuti zvirokwazvo ndivo vanhu vakabudirira."

112. (Allah) vachataura kuti: "Makagara makore mangani panyika?"

113. Vachataura kuti: "Takagara zuva rimwe chete kana chidimbu chezuva. Bvunzai avo vanoverenga."

114. (Allah) vachataura kuti: "Hamuna kugara kusara kwekanguva kadiki kana muchiziva!"

115. "Maifunga kuti takakusikai sedambe (pasina chinangwa), uye kuti hamusi kuzodzoswa kwatiri (Allah)."

116. Saka mukuru ndiAllah, Mambo vechokwadi! Laa ilaaha illaa Huwa (Hakuna umwe mwari anekodzero yekunamatwa kusara kwavo), Tenzi wechigaro chitsvene!

117. Uye uyo anonamata umwe mwari kusara kwaAllah asina humboo (nazvo), zvino zvirokwazvo mutongo wake huna Tenzi vake. Zvirokwazvo, avo vasingatendi havabudiriri.

118. Uye (iwe Muhammad (SAW)) taura kuti: "Tenzi vangu! Regererai uye ivai netsitsi, uye ndimi nyanzvi inokunda vese pakunzwira tsitsi!"

# CHITSAUKO AN-NOOR

# (CHIEDZA) 24

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Ichi Chitsauko chatadzikisa, uye tikachikomekedza (izvo zviri machiri), uye tikadzikisa machiri ndima dziri pachena, kuti muve munorangarira.

2. Mukadzi asina kuroorwa uye murume asina kuroora abatwa nemhosva yehupombwe, varovei umwe neumwe wavo shamhu zana (100). Uye musava munoita kuti tsitsi dzikubatei panyaya yavo muchitendero (mutemo) chaAllah, kana muchitenda muna Allah nezuva rekupedzisira. Uye ivai munoita kuti boka revanotenda rive rinoona mutongo wavo. (Asi kana vanhu vakaroora kana vakamboroora, murume kana mukadzi, vakaita hupombwe, mutongo wavo kutemwa nematombo kusvikira vafa).

3. Mhombwe yechirume hairoori umwe kusarawo kwemhombwe yechikadzi kana uyo asingatendi (anosanganisa Allah nezvimwe mukuvanamata). Uye mhombwe yechikadzi hairoorwi kusara kwekuti yaroorwa nemhombwe yechirume kana uyo asingatendi. Uye izvi (kuroora mhombwe) zvinorambidzwa kune avo vanotenda (muIslaam).

4. Uye avo vanopomera vakadzi vakatsiga (vakazvibata) hupombwe, uye vorega kuunza vapupuri vana (4) (wezvavari kutaura), varovei shamhu dzinokwana makumi masere (80), uye musave munotambira huchapupu zvakare kubva kwavari. Uye, ava ndivo vanhu vasingateereri (vanotadza).

5. Kusara kweavo vanokumbira ruregerero kuna Allah mushure mezvo uye voita mabasa akanaka. Zvirokwazvo, Allah vanoregerera zvikuru, uye vane tsitsi dzose.

6. Uye avo vanopomera vakadzi vavo (kuti vaita hupombwe), uye havana humboo kusara kwavo (pachavo ivo), saka humboo hweumwe neumwe wavo (varume vacho) ngakuve kupika kana (4) naAllah kuti zvirokwazvo, ari kutaura chokwadi.

7. Uye kechishanu (5) (kupika naAllah ) ngakuve kutaura kuti hasha dzaAllah ngadzive paari (murume) kana ari munhu wekunyepa.

8. Asi zvinodzivirira murango (kutemwa nematombo) kubva kwaari (mukadzi) kana akapikawo kana (4) naAllah, kuti zvirokwazvo (murume) ari kunyepa (kuti mukadzi aita hupombwe).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

9. Uye kechishanu (5) (kupika naAllah) kutaura kuti hasha dzaAllah ngadzive paari (mukadzi) kana (murume) achitaura chokwadi (kuti aita hupombwe).

10. Uye dai dzisiri nyasha dzaAllah uye tsitsi dzavo (vaikupai murango nekukurumidza)! Uye nokuti zvirokwazvo Allah vanotambira kukumbira ruregerero, uye vane ungwaru hwese.

11. Zvirokwazvo, avo vakauya nemanyepo (vachipomera Aishah (RA) mukadzi wamutumwa Muhammad (SAW)) iboka riri pakati penyu. Musafunge kuti zvakakuipirai, asi zvakakunakirai. Munhu wese pakati pavo ane zvaachawana kubva kuchivi. Uye uyo pakati pavo akaita chidimbu chikuru (mumanyepo Abdullah ibn Ubayy), achawana mutongo mukuru (marwadzo makuru).

12. Sei, pamakazvinzwa, vatendi varume nevakadzi vasina kufunga zvakanaka pamusoro pavo pachavo (pakati pavo), uye vakati: "Aya ndiwo manyepo ari pachena?"

13. Sei avo (vakanyepa) vasina kuuya nevapupuri vana (4)? Uye nokuti havana kuuya nevapupuri, zvino ndivo mumeso aAllah vanyepi.

14. Uye dai dzisiri nyasha dzaAllah kwamuri uye tsitsi dzavo munyika uye muhupenyu hwekudenga (mushure mekufa), maizobatwa nemarwadzo makuru nekuda kweizvo zvamakataura (manyepo).

15. Makazvitambira (nekuzviparadzira) nerurimi rwenyu, uye mukazvitaura nemiromo yenyu izvo zvamange musina ruzivo nazvo, uye mukafunga kuti hazvina basa (hazvina kukosha), izvo zviri mumeso aAllah zvikuru.

16. Uye sei pamakazvinzwa musina kutaura kuti: "Hazvina kukodzera kwatiri kutaura nezvazvo. Mukuru ndimi (Allah)! Aya manyepo makuru."

17. Allah vanokuyambirai kuti musadzokera kune zvakafanana naizvo zvachose, kana muri vatendi.

18. Uye Allah vanokujekeserai mitemo (humboo, zviratidzo), uye Allah vanoziva zvese, uye vane ungwaru hwese.

19. Zvirokwazvo, avo vanoda (chivi che) hupombwe chive chinoteurwa pakati peavo vanotenda, vachave nemarwadzo makuru munyika muno uye muhupenyu hwekudenga (mushure mekufa). Uye Allah vanoziva, asi imi (vanhu) hamuzivi.

20. Uye dai dzisiri nyasha dzaAllah kwamuri (vanhu) uye tsitsi dzavo (Allah vaikurangai nekukurumidza). Uye nokuti Allah vane ngoni zhinji, uye tsitsi dzakawanda.

21. Imi vanotenda! Musatevera matsimba aSatani. Uye uyo anotevera matsimba aSatani, zvirokwazvo, anokurudzira mabasa akashata (hupombwe) uye zvitadzo (kusatenda nemamwe mabasa akaipa). Uye dai dzisiri nyasha dzaAllah kwamuri uye tsitsi dzavo, hapana kana mumwe chete wenyu aidai akachena zvachose (asina zvivi). Asi Allah vanochenura uyo wavanoda, uye Allah vanonzwa zvese, uye vanoziva zvose.

22. Uye musaregera avo vakakomborerwa pakati penyu uye vapfumi vachipika kuti havabatsiri hama dzavo, uye avo vanotambura, uye avo vakatama misha yavo munzira yaAllah. Uye varegei

varegerere uye vakangamwire. Hamudi here kuti Allah vakuregererei? Uye Allah vanoregerera zvikuru, uye vane tsitsi dzose.

23. Zvirokwazvo, avo vanopomera (zvekunyepa) vakadzi vakatsiga vakazvibata, vasingazivi, uye vanotenda, vanotukwa (vanorengerwa naAllah) munyika muno uye muhupenyu hwekudenga, uye vachave nemarwadzo makuru.

24. Pazuva iro rurimi rwavo, uye maoko avo, nemakumbo avo achapupura pamusoro pavo maererano neizvo zvavaiita (mabasa avo).

25. Zuva iri Allah vachavapa mubairo wavo wakazara wakakodzera, uye vachaziva kuti Allah ndivo chokwadi chiri pachena.

26. Mashoko akashata ndeevanhu vakashata (kana kuti vakadzi vakaipa ndevevarume vakaipa), uye vanhu vakashata vakatarirwa mashoko akashata (kana kuti varume vakaipa ndevevakadzi vakaipa). Uye mashoko akanaka ndeevanhu vakanaka (kana kuti vakadzi vakanaka ndevevarume vakanaka), uye vanhu vakanaka vakatarirwa mashoko akanaka (kana kuti varume vakanaka ndevevakadzi vakanaka). Vanhu ava (vakanaka) vakachena kubva kune izvo zvavanotaura (zvakaipa). Vachawana ruregerero, uye neraramo yakanaka (Paradhiso).

27. Imi vanotenda! Musapinda dzimba (dzisiri dzenyu) kusara kwedzenyu, kusvikira makumbira mvumo uye makwazisa (mamhoresa) vagari vemo. Izvi zvinova zvakakunakirai, zvimwe mungave munorangarira.

28. Kana mukasawana munhu (mudzimba idzodzo) imomo, musava munopinda kusvikira mapihwa mvumo. Uye kana zvikanzi (zvikataurwa) kwamuri: "Dzokerai," ivai munodzokera, uye zvakakunakirai. Uye Allah vanoziva zvikuru izvo zvamunoita.

29. Hapana mhosva kwamuri kana mukapinda (musina mvumo) dzimba dzisina anogaramo, umo mune zvinhu zvenyu. Uye Allah vanoziva zvamunobuditsa pachena uye zvamunovanza.

30. Udza varume vanotenda kuti vave vanodzora meso avo (vasatarise zvinhu zvakarambidzwa), uye kuti vave vanochengetedza nhengo dzavo dzakavanzika (kubva kuhupombwe). Zvinova zvakavanakira. Zvirokwazvo, Allah vane ruzivo rezvese zvavanoita.

31. Uye udza vakadzi vanotenda kuti vave vanodzora meso avo (vasatarise zvinhu zvakaipa), uye kuti vave vanochengetedza nhengo dzavo dzakavandika (kubva kuhupombwe), uye vasave vanoburitsa runako rwavo kusara kweizvo zvisingavanziki (maoko nezviso), uye vave vanovhara nezviri mumisoro mavo (madhuku) zvipfuva zvavo, uye vasava vanoburitsa runako rwavo kusara kuvarume vavo, madzibaba avo, madzitezvara avo (baba vemurume), vanakomana vavo, vanakomana vevarume vavo, madzikoma avo (hanzvadzi), vanakomana vemadzikoma avo, vanakomana vana sisi vavo, vakadzi vamwe vavo (vanotenda muIslaam), varandakadzi avo vari mumaoko avo, kana vashandi vechirume vechikuru vasinganzwi shungu kuvanhukadzi, kana vana avo vasati vaziva izvo zvakavandika muvakadzi. Uye vasave vanofamba vachirova pasi nemakumbo avo kuti runako rwavo rwavanovanda ruzivikanwe. Uye kumbirai ruregerero kuna Allah mose, imi vatendi, kuti muve munobudirira.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

32. Uye ivai munoroodza avo vasina kuroora pakati penyu, uye avo vakatwasuka (mumabasa avo aAllah) pavaranda venyu vechirume nevechikadzi. Kana vachinge vari varombo, Allah vachavapfumisa kubva kunyasha dzavo. Uye Allah ndivo vanopa (zvisikwa zvose), uye vane ruzivo rwese.

33. Uye itai avo vasina mukana (zvinhu) wekuroora vazvidzivirire (kubva kubonde), kusvikira Allah vavapfumisa kubva kunyasha dzavo. Uye avo vanotsvaga rusununguko (vachizokubhadharai) kubva kuvaranda venyu vari mumaoko enyu, vapei rusununguko hunge muchiziva kuti mune zvakanaka mavari. Uye vapei hupfumi kubva muhupfumi hwaAllah uyo hwavakakupai. Uye musamanikidzira varandasikana venyu kuti vaite chipfambi kana vachida kuzvibata, kuti muve munowana mubairo (kubva muhupfambi hwavo) muhupenyu hwepasi rino. Uye uyo anovakomekedza (chipfambi), zvino zvirokwazvo, Allah mushure kwekuvakomekedza kwavo vanoregerera zvikuru, uye vane tsitsi dzose.

34. Uye zvirokwazvo, tadzikisa kwamuri ndima dziri pachena, uye mifananidzo kubva kune avo vakavapo imi musati mavapo, uye yambiro (dzidziso) kune avo vanotya Allah.

35. Allah ndivo chiedza chedenga uye chenyika. Mufananidzo hwechiedza chavo hwakafanana nekamba umo makagadzwa rambi. Rambi riri mugirazi, Girazi rakafanana nenyenyedzi inopenya zvikuru, richibvira kubva mumuti wakakomborerwa, weOrivhi, hausi wekumabudazuva kana kumavirira (asi unowana zuva nguva dzese). Mafuta acho anopfuta nyange asina kubatwa nemoto. Mwenje pamusoro pemwenje (chiedza pamusoro pechiedza)! Allah vanotungamira kuchiedza chavo uyo wavanoda. Uye Allah vanopa mifananidzo yavo kuvanhu, uye Allah vanoziva zvikuru zvinhu zvese.

36. Mudzimba (idzodzo dzine chiedza) Allah vakakomekedza kuti dzive dzinoremekedzwa, uye kuti zita ravo rive rinorangarirwamo. Vanovarumbidzamo (Allah) mangwanani uye masikati kana manheru,

37. Varume vekuti mabhizimusi kana kutengeserana hakuvabvisi mukurangarira Allah (nemoyo nerurimi), uye kuita Swalaah (Munamato), uye kupa Zakaah (Zvipo kuvarombo). Vanotya zuva iro rekuti moyo nemaziso (nekuda kwekutya) zvichapinduruka.

38. Kuti Allah vavape mubairo zvichienderana neizvo zvavaiita, uye vovawedzera (makomborero) kubva kunyasha dzavo. Uye Allah vanopa raramo kune uyo wavanoda zvisina muero.

39. Asi avo vasingatendi, mabasa avo akafanana nemadzimudzangara ari mugwenga, ekuti uyo ane nyota anofunga kuti imvura, asi akaenda kwaari, hawani chinhu, asi anowana Allah pamberi pake, uye vomupa mubairo wake wakazara (Gehena). Uye Allah vanokasira pakupa mutongo.

40. Kana kuti zvakafanana nerima riri mugungwa, iro rakaputirwa nemasaisai, pamusoro pavo pane masaisai, pamusoro pavo pane makore, rima pamusoro perimwe rima. Kana munhu akatwasanura ruoko rwake (arimo), anotambura kuti aruone! Uye uyo Allah vasina kupa chiedza, haawani chiedza zvakare.

41. Hauoni here (Muhammad (SAW)) kuti Allah vanokudzwa newese ari mudenga uye ari panyika, uye neshiri dzakavhura mapapiro adzo (dzichibhururuka)? Chimwe nechimwe chacho (Allah) zvirokwazvo vanoziva manamatiro acho uye marumbidziro acho (Allah), uye Allah vanoziva zvikuru zvose zvavanoita.

42. Uye Allah ndivo vane humambo hwekudenga uye hwepanyika, uye kuna Allah ndiko kune magumo.

43. Hauoni here kuti Allah vanofambisa makore zvishoma nezvishoma? Uye vanova vanomasanganisa zvakare, uye vanova vanomaturikidzanisa (vanoita kuti aite zvikomo), uye oona mvura (inonaya) ichibuda kubva maari (makore). Uye vanotumira kubva kudenga mumakomo ari mariri zvimvura mabwe, uye vanorova nazvo uyo wavanoda, uye vanozvidzivirira uyo wavanoda. Kupenya kwemheni yayo (yavo) kunopotso tora kuona (meso anodzima).

44. Allah vanopindura siku nesikati (kupindanisa). Zvirokwazvo, muizvi mune chidzidzo kune avo vanoona.

45. Allah vakasika chisikwa chose kubva kumvura. Uye pazviri (zvisikwa) kune izvo zvinofamba nedumbu (senyoka), uye izvo zvinofamba nemakumbo maviri (2), uye izvo zvinofamba nemakumbo mana (4). Allah vanosika izvo zvavanoda. Zvirokwazvo, Allah vane masimba pamusoro pezvinhu zvose (vanoita zvose).

46. Zvirokwazvo, takava tinodzikisa (muQur'aan iri) humboo huri pachena. Uye Allah vanotungamira uyo wavanoda kunzira yakatwasuka.

47. Asi ivo (vanyengedzi) vanotaura kuti: "Tinotenda muna Allah uye mune mutumwa wavo (Muhammad (SAW)), uye tinoteerera." Uye boka revamwe pakati pavo rinotsauka (rinotendeuka) mushure mezvo. Uye ava havasi vatendi.

48. Uye kana vakadanwa kuna Allah (mashoko avo) uye kune mutumwa wavo (SAW), kuti vatonge pakati pavo, ipapo ipapo, boka pakati pavo rinotopira makotsi nokuramba.

49. Asi kana chokwadi chiri kudivi kwavo, vanouya kwaari vachizvininipisa nekuteerera.

50. Mune chirwere here mumoyo yavo kana kuti havana kuva nechokwadi? Kana kuti vanotya kuti Allah vachavadzvinyirira nemutumwa wavo? Asi, ivo ndivo vatadzi (vanhu vanodzvanyirira).

51. Shoko rimwe chete revatendi kana vachinge vadanwa kuna Allah (mashoko avo) uye mutumwa wavo (SAW) kuti vave vanotonga pakati pavo, kutaura kuti: "Tinonzwa uye tinoteerera." Uye ava ndivo vakabudirira (vachagara zvachose kuParadhiso).

52. Uye uyo anoteerera Allah nemutumwa wavo (SAW), uye otya Allah, uye ochengetedza mirairo yavo, ava ndivo vakabudirira.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

53. Uye vanopika naAllah kupika kwavo kwakasimba (kwechokwadi), kuti zvirokwazvo kana ukavaudza zvokuita, vanobuda vari pamberi (munzira yaAllah). Taura kuti: “Musapika, kuteerera uku kunozivikanwa (ndekwe manyepo). Zvirokwazvo, Allah vanoziva zvose zvamunoita.”

54. Taura kuti: “Teererai Allah uye teererai mutumwa (SAW). Asi, kana mukafuratira (kubva kunzira yaAllah), zvino zvirokwazvo paari ndeizvo chete zvaakatongerwa (kusvitsa shoko) uye kwamuri ndeizvo zvamakatongerwa (zvamakatakudzwa). Uye kana mukamuteerera, muchange makatungamirirwa. Uye hapana (rimwe basa) pana mutumwa kusara kwekusvitsa shoko zviri pachena.”

55. Allah vanovimbisa avo vanotenda pakati penyu uye vanoita mabasa akanaka, kuti vachavapa nhaka yamasimba panyika, sekupa kwavakaita avo vaivepo ivo vasati vavapo, uye kuti zvirokwazvo vachavasimbisira (munyika imomo) chitendero chavo icho chavakavasarudzira (Islaam), uye kuti zvirokwazvo vachavasandurira mushure mekutya kwavo nerusununguko, (kana) vakandinamata ini (Allah) vasingandisanganisi nezvimwe zvinhu. Asi uyo asingatendi mushure mazvo, zvino ava ndivo vanhu vasingateereri zvachose.

56. Uye, ivai munoita Swalaah (munamato), uye mopawo Zakaah (Zvipo kune vanotambura), uye moteerea mutumwa (Muhammad (SAW)) kuti muve munotambira tsitsi (kubva kuna Allah) (kuti muve mononzwirwa tsitsi naAllah).

57. Zvirokwazvo, musafunge kuti avo vasingatendi vanokwanisa kutiza munyika. Uye vachagara kumoto (weGehena), uye zvirokwazvo magumo akaipa.

58. Imi vanotenda! Itai kuti avo vari mumaoko enyu (varandarume nevarandakadzi), uye vasati vakura pakati penyu kuti vakumbirei mvumo (vasati vapinda) panguva nhatu (3): Munamato wemangwanani (Fajr) usati waitwa, uye apo pamunenge mabvisa nguwo dzenyu (muchida kuzorora) masikati, uye mushure memunamato wemanheru (Isha). Idzi ndidzo nguva nhatu (3) dzamunenge makasununguka (makabvisa nguwo muri pachenyu). Hapana chipomerwa pamuri kana pavari mushure menguva idzi kufamba-famba (mumba), vamwe venyu vachifambira vamwe (mumakamuri avo). Kudaro Allah vanokujekeserai ndima (dzemuQur’aan). Uye Allah vanoziva zvikuru, uye vane ungwaru hwese.

59. Uye kana vana pakati penyu vakura (vabva zera), ngavave vanokumbira mvumo (pakupinda) sekukumbira kweavo vakuru kwavari (muzera). Kudaro Allah vanokujekeserai ndima dzavo. Uye Allah vanoziva zvikuru, uye vane ungwaru hwese.

60. Uye vakadzi vakaguma kubereka avo vasisina shungu dzekuroorwa, hapana chipomerwa pavari kana vakabvisa nguwo dzavo dzekunze asi vasingaise runako rwavo pachena. Asi kungozvidzivirira (nekusabvisa nguwo) zvakavanakira. Uye Allah vanonzwa zvese, uye vanoziva zvose.

61. Hapana chipomerwa kune avo vasingaoni (mapofu), uye avo vakaremara, uye avo vanorwara, uye kana imi pachenyu, kana mukadya mudzimba dzenyu, kana kudzimba dzemadzibaba enyu, kana kudzimba dzaanamai venyu, kana kudzimba dzevakoma venyu, kana kudzimba dzehanzvadzi dzenyu, kana kudzimba dzevakoma vamadzibaba enyu, kana kudzimba

kwehanzvadzi dzemadzibaba enyu (vanatete venyu), kana kudzimba dzemadzikoma anaamai venyu (vanamaiguru), kana kudzimba idzo dzamuine svumbunuro yadzo, kana kudzimba dzeshamwari dzenyu. Hapana chipomerwa pamuri kana mukadya pamwe chete kana pakasiyana. Asi kana mukapinda dzimba, ivai munokwazisana nemusununguko pakati penyu, nekwaziso yakabva kuna Allah (Assalaamu Alaykum – Rugare ngaruve kwamuri), yakakomborerwa yakanaka. Saizvozvo Allah vanokujekeserai ndima (dzemuQur'aan) kuti zvimwe munganzwisise.

62. Vatendi ndeavo vanotenda muna Allah uye mutumwa wavo (Muhammad (SAW)), uye kana vanavo vachitaura (kana vachiita) zvinhu zvinobata wese, havaendi kusvikira vakumbira mvumo yake. Zvirokwazvo, avo vanokumbira mvumo yake (Muhammad (SAW)), avo ndivo vanotenda muna Allah nemutumwa wavo. Saka kana vakakukumbira mvumo yako pazvinhu zveupenyu hwavo, ipa mvumo kune uyo waunoda pakati pavo, uye wovakumbirira ruregerero kuna Allah. Zvirokwazvo, Allah vanoregerera zvikuru, uye vane tsitsi dzose.

63. Musaite kudana kwamunoita mutumwa (Muhammad (SAW)) kuve sekudana kwamunoitana pakati penyu. Allah vanotoziva avo vanoenda pakati penyu vachiwanda (nechikonzero vasina mvumo). Saka itai avo vanotseuka kubva kunzira yake (mutumwa (SAW)) vave vanongwarira, zvimwe muedzo (kusatenda, kuuraiwa, nezvimwe zvakaipa) ungavawane kana murango unorwadza wovawana.

64. Hazvibvunzwi, Allah ndivo vane humambo hwekudenga nepasi. Zvirokwazvo, vanotoziva apo pamumire, uye zuva iro ravachadzoserwa kwavari, uye vachavaudza izvo zvavaiita. Uye Allah vanoziva zvikuru zvinhu zvose.

# CHITSAUKO AL-FURQAAN

# (CHIPATSANURO) 25

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Vakakomborerwa (vakakura) ndivo vakatumira chipatsanuro (chezvivi uye zvakanaka) (Qur'aan) kumuranda wavo (Muhammad (SAW)) kuti ave muyambiri kune nyika yose (vanhu nemaJinn).

2. Avo vane utongi hwematenga nenyika, uye havana (Allah) kutora mwanakomana (vana), uye havana mubatsiri muhutongi hwavo. Uye vakasika chinhu chose, uye vakachiera chiero chacho chakafanira.

3. Asi vakatora vamwe vanamwari vachisiya ivo, avo (vavanotora vachisiya Allah) hapana chavakasika, asi ivo vakasikwa, uye havakwanisi kuzvikuvadza pachezvavo uye kuzvibatsira (pachezvavo), uye havana simba rerufu (rekukonzera), kana (kupa) upenyu, kana kumutsa vafi.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

4. Uye avo vasingatendi vanotaura kuti: "Iri (Qur'aan) harisi kusara kwemanyepo akawagadzira (Muhammad (SAW)), uye vamwe vakamubatsira paizvozvo. Asi zvirokwazvo vaita udzvanyiriri (zvitadzo) uye manyepo."

5. Uye vanotaura kuti: "Ingano dzavanhu vakare idzo dzaakanyora pasi, uye dzinodaidzirwa (dzinotaurwa) kwaari mangwanani nemasikati."

6. Taura (Muhammad (SAW)) kuti: "Rakadzikiswa (Qur'aan) neavo vanoziva zvakavandika mudenga (kudenga) uye panyika. Uye zvirokwazvo, vanoregerera zvikuru, uye vane tsitsi dzose."

7. Uye vanotaura kuti: "Mutumwa rudzii uyu (Muhammad (SAW)) anodya chikafu, uye anofamba mumisika? Sei pasina (kusina) kutumwa ngirozi kuti ive naye semuyambiri?"

8. "Kana (kuti) sei hupfumi husina kupihwa kwaari? Kana sei haana bindu iro raanodya (chikafu) kubva kwariri?" Uye vatadzi vanotaura kuti: "Muri kungotevera murume uyo akaroiwa."

9. Tarira (Ona) mapiro avanokupa mifananidzo (mienzaniso), asi vakarasika, uye havawani nzira (yakatwasuka).

10. Vakakomborerwa (vakakura) ndivo avo, kana vachida, vachakugadzirira (chinhu) chakanaka kudarika icho, mapindu awo ane nzizi dzinoerera pasi pawo (Paradhiso) uye vachakugadzirira dzimba dzakanaka (muParadhiso).

11. Asi vanoramba nguva (zuva rekutongwa), uye takavagadzirira moto (Gehena) avo vanoramba nguva (zuva rekutongwa).

12. Kana iro (Gehena) richinge ravaona kubva kuchinhambwe chiri kure, vachanzwa kutsamwa kwaro uye kukuma kwaro.

13. Uye kana vachinge vakandwa panzvimbo yakamanikana mukati maro (Gehena) vakasungwa nengetani, vachechema ipapo ipapo kuti vaparare.

14. (Vachaudzwa kuti): "Musachemera kuparara kamwe muzuva ranhasi, asi chemerai kuparara kazhinji."

15. Taura (Muhammad (SAW)) kuti: "Zvakanaka here izvi kana kuti bindu rekugara zvachose (Paradhiso) iro rakavimbiswa avo vatsvene?" Richave (Paradhiso) kwavari mubairo uye magumo.

16. Vachawana mariri zvose zvavanoda, uye vachagaramo zvachose. Ichi chivimbiso chechokwadi kubva kuna Tenzi vako chichaiitika.

17. Uye zuva iro ravachavaunganidza pamwe neizvo zvavanonamata vachisiya Allah, uye vachataura kuti: "Makaita kuti varanda vangu ava varasike here, kana kuti ivo vakarasika pachawo kubva munzira (yakatwasuka)?"

18. Vachataura kuti: "Kurumbidzwa kwese ndekwenyu! Zvaive zvisina kukodzera kwatiri kuti titore vabatsiri kusara kwenyu. Asi makavapa rugare ivo namadzibaba avo kusvikira vakanganwa yambiro, uye vakava vanhu vakarasika."

19. Saka zvirokwazvo vachakurambai (vanamwari venhema) mune izvo zvamunotaura (kuti ndaanamwari), uye hamuzvokwanisi kuzvidzivirira (kubva kumutongo), kana kuwana rubatsiro. Uye uyo anoita udzvanyiriri pakati penyu, tichamuita kuti aravire murango wakakura (wakaomarara).

20. Uye hatina kutumira iwe usati wavapo (Muhammad (SAW)) vatumwa, kusara kwekuti zvirokwazvo vaidya chikafu uye vaifamba mumisika. Uye takaita kuti vamwe venyu vave miedzo kune vamwe. Muchatsungirira here? Uye Tenzi vako vanoona zvese.

21. Uye avo vasina tarisiro yekusangana nesu (avo vanoramba zuva rekutongwa) vakati: "Seiko ngirozi dzisingatumirwewo kwatiri? Kana seiko tisingaone Tenzi vedu?" Zvirokwazvo, vanofunga kuti ndivo vanhu vepamusoro, uye vanhu vakazadzwa nekuzvitutumadza.

22. Zuva iro vachaona ngirozi, hakuna mashoko akanaka pazuva iroro kune avo maMajrimoon (vatadzi). Uye (ngirozi) dzichati: "Mashoko ese akanaka arambidzwa kwamuri." (Hakuna achabvumidzwa kupinda Paradhiso kunze kweuyo akati: Laa ilaaha illaa illaah (Hakuna chimwe chinhu chine kodzero yekunamatwa kusara kwaAllah) uye akatevedzera mitemo yose).

23. Tichaenda kumabasa ose avakaita (vasingatendi, vatadzi), uye tichave tinoita kuti ave kunge guruva rakaparadzirwa.

24. Vagari vemuParadhiso musi uyo vachange vari munzvimbo yakanaka yekugara, uye nzvimbo yakanaka yekuzorora.

25. Uye (rangarirai) zuva iro apo denga richapatsanurwa nemakore, uye ngirozi dzichave dzinoburutswa dzakawanda, kuburutswa kwakanaka.

26. Humambo hwose hwechokwadi pazuva iri huchange huri wenyanzvi yetsitsi (Allah), uye richave zuva rakaoma kune avo vasingatendi (muIslaam).

27. Uye (rangarirai) zuva iro mudzvanyiriri (mutadzi) paacharuma maoko ake, achataura kuti: "Aaa! Dai ndakatora nzira namutumwa (Muhammad (SAW))."

28. "Aaa! Matambudziko kwandiri! Dai ndisina kutora nhingi nanhingi seshamwari yangu yepedyo!"

29. "Zvirokwazvo akave anondishevedzera kure kubva kurangaridzo (Qur'aan) mushure mekunge yauya kwandiri. Uye Shaytwaan (Satani) munyengedzi wevanhu anotiza panguva iyo yekuda rubatsiro."

30. Uye mutumwa (Muhammad (SAW)) achati: "Tenzi vangu! Zvirokwazvo, vanhu vangu vari kusiya Qur'aan (havasi kuteerera Qur'aan)."

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

31. Nekudaro takave tinoita mutumwa wese ave nemuvengi kune avo vanotadza. Asi Tenzi vako vanokwana semutungamiri uye mubatsiri.

32. Uye avo vasingatendi vanotaura kuti: "Seiko Qur'aan risingadzikiswi kwaari kamwe chete?" Nokudaro (rinodzikiswa muzvidimbu) kuti tive tinosimbisa hana yako. Uye tinoridzikisa kwauri zvishoma-zvishoma, nguva nenguva. (Rakadzikiswa kuna Muhammad (SAW) mumakore makumi maviri nematatu).

33. Havambokwanise kukupa muenzaniso (wekupikisa kana kutsvaga zvimhingamupini kwauri kana kubva muQur'aan), asi tinokudzikisira chokwadi uye tsanangudzo yakazara.

34. Avo vachaunganidzwa muGehena nezviso zvavo, ichi chichave chidanho chakashata, uye kurasika kwakanyanya kubva munzira (yakatwasuka).

35. Zvirokwazvo, takave tinopa Musa, Gwaro (Torah), uye takamupa mukoma wake Haaroon (Aroni) semubatsiri wake.

36. Uye takataura kuti: "Endai imi vaviri kune vanhu avo vakaramba zviratidzo zvedu." Uye takave tinovaparadza zvachose.

37. Uye vanhu vaNowa pavakaramba vatumwa, takavanyudza (nemafashamu), uye takavaita muenzaniso kuvanhu vose. Uye takave tinogadzirira avo vanoita mabasa akashata marwadzo akaoma.

38. Uye vanhu veAad neveThamood, uye avo vaigara munzvimbo inonzi Ar-Rass, uye mapoka mazhinji evanhu aive pakati pavo.

39. Uye mumwe nemumwe (pakati pavo) takamuisira mienzaniso (sehumboo), uye umwe neumwe (pakati pavo) takave tinovaparadza zvachose.

40. Uye zvirokwazvo, vanopfuura muguta (revanhu vaLoti) rakanaya mvura yemarwadzo. Avo vasingatendi havana kuriona here? Kwete! Asi vange vasina vimbo kuti vachamutswa.

41. Uye vakakuona (Muhammad (SAW)) vanongokubata zviya zvekudzikisira (zvekunyomba) (vachitaura kuti): "Uyu ndiye munhu akatumwa naAllah semutumwa here?"

42. "Zvirokwazvo, ange aripedyo kutirasisa kubva muvanamwari vedu, dai kusiri kuti takaramba takatsungirira uye takashinga mukuvanamata!" Asi pavachaona marwadzo, vachaziva kuti ndeupi akanyanya kurasika kubva munzira (yakatwasuka)!

43. Hauna kuona here (Muhammad (SAW)) uyo munhu akatora zvido zvake samwari wake? Saka ungave mumiriri wake here (Ungave mutariri wake here)?

44. Kana unofunga here kuti vazhinji vavo vanonzwa kana kunzwisisa? Vakangofanana nemombe, asi vakatonyanya kurasika kubva munzira tsvene (vakatonyanya kurasika kupinda mombe).

45. Hauna kuona here kuwarirwa kunoitwa mumvuri naTenzi vako? Dai vaida, vaingourega wakamira kudaro, asi vakaita kuti zuva rive mutungamiri wavo (mumvuri unofamba nezuva).



الجديد و الحصري NEW & EXCLUSIVE

46. Uye tinoudzora kwatiri zvakavanzika pashoma nepashoma.

47. Uye ndivo (Allah) vanoita kuti usiku huve chiputiro chenyu, uye kurara kuti muve munozorora, uye vanoita zuva kuti muve munomuka (muzvishandire).

48. Uye ndivo vanotumira mhepo sechiratidzo chezvinhu zvakanaka pamberi petsitsi dzavo (mvura). Uye tinodzikisa mvura yakanaka (yakachena) kubva kudenga.

49. Kuti tive tinopa upenyu kuvhu rinenge rakafa (raoma), uye tinopa (mvura) yokunwa kune mombe nevanhu avo vatakasika.

50. Uye zvirokwazvo tinova tinogova (mvura) kwavari kuti vagove vanorangarira (nyasha dzaAllah), asi vanhu vazhinji havatambiri kunze kwekusatenda.

51. Uye dai taida, taiisa muyambiri muguta roga-roga.

52. Saka usateerere avo vasingatendi, asi simbirira mavari (nekuparidza shoko raAllah) nekupikirira kukuru naro (Qur'aan).

53. Uye ndivo vanoita kuti nyanza mbiri (dzine mvura yakasiyana-siyana) kuti iyi yakachena uye inotapira, uye iyi ine munyu uye inovava. Uye vakave vanoisa muganhu uye nechivharo chizere pakati padzo (zvekuti hadzisanganisani).

54. Uye ndivo vakave vanosika munhu kubva kumvura, vakave vanomusarudzira hukama hweropa, uye hukama hwekuroorerana. Uye Tenzi vako vane masimba ose.

55. Uye vanonamata zvimwe zvinhu zvisiri Allah izvo zvisingavabatsiri kana kuvakuvadza, uye munhu asingatendi mubatsiri (wasatani) pana Tenzi vake.

56. Uye takakutuma (Muhammad (SAW)) kuti uve mupi wemashoko akanaka uye muyambiri chete.

57. Taura kuti: "Handisi kuda mubhadharo kubva kwamuri weizvi, kusara kwekuti uyo anoda atore nzira yekuna Tenzi vake."

58. Uye iva (Muhammad (SAW)) unovimba neavo vanorarama hupenyu usingaperi vasingafi, uye varumbidze rumbidzo yavo, uye ndivo voga vakakwana (hapadi umwe semubatsiri), vanoziva zvitadzo zvevaranda vavo.

59. Uyo vakasika denga nenyika nezvose zviri pakati pazvose mumazuva matanhatu. Uye vakakwidza vakave pachigaro chehumambo (nenzira iyo inoenderana nehushe hwavo (Allah)). Mupi wetsitsi. Saka vabvunze (Allah), sezvo vachiziva zvose.

60. Uye pazvinonzi kwavari: "Pfugamai (nehuso hwenyu) kune mupi wetsitsi!" vanotaura kuti: "Chii ichocho mupi wetsitisi? Tingapfugama (Muhammad (SAW)) kune izvo zvaunotiudza?" Uye izvi (kuzvitutumadza kwavo) kunovawedzera kurasika chete.

61. Vakakomborerwa ndeavo (Allah) vakaisa nyenyedzi mudenga, uye vakaisa mwenje mukuru (zuva) mariri, uye mwedzi unopa chiedza.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

62. Uye ndivo vanoita kuti usiku uye masikati zvive zvinoteverana, kune uyo anoda kurangarira (Tenzi vake), uye uyo anoda kuratidza kutenda kwake.

63. Uye varanda vemupi wengoni (Allah) ndeavo vanoti pavanofamba munyika vanofamba vakazvininipisa, uye vanhu vakarasika vakavataudza (nemashoko akaipa) vanoti: "Rugare! (Vanopindura nemashoko akanaka)."

64. Uye neavo vanopedza usiku hwose vachinamata Tenzi vavo, vachipfugama, uye vakamira.

65. Uye avo vanotaura kuti: "Tenzi vedu! Ivai munotidzivirira kumarwadzo ekuGehena. Zvirokwazvo, marwadzo arwo (Gehena) marwadzo asingaperi."

66. Chokwadi iyi ndiyo nzvimbo yakashata kugara nekuzororera.

67. Uye avo vanoti kana vachishandisa hupfumi hwavo, havatambisi uye havaomere, asi vanoshandisa nenzira iri pakati nepakati panzira mbiri (Kutambisa nekuomera).

68. Uye avo vasingadani vamwe vanamwari pamwechete naAllah, uye havauraye munhu uyo Allah wavakarambidza kusara pane chinangwa chakakodzera, uye havaite chehupombwe. Uye uyo anoita izvi achawana murango (unorwadza).

69. Marwadzo achapamidzwa kaviri paari pazuva rekutongwa, uye achagaramo akadzikisirwa (achinyadziswa).

70. Kusara kweuyo anokumbira ruregerero (anoita Taubah) uye otenda (muhumwechete hwaAllah), uye oita mabasa akanaka. Ava Allah vachachinja zvitadzo zvavo zvova mabasa akanaka, uye Allah vanoregerera zvikuru, uye vane tsitsi dzose.

71. Uye uyo anokumbira ruregerero uye oita mabasa akanaka, zvirokwazvo, anokumbira ruregerero rwaAllah nekumbiro yechokwadi.

72. Uye avo vasingapi uchapupu hwemanyepo, uye vakadarika nepari kutaurwa zvakashata kana pari kutambwa zvakashata, vanodarikapo vane rukudzo.

73. Uye avo vokuti kana vakarangaridzwa mashoko aTenzi vavo, havaite sekunge vasinganzwi (vanamatsi) kana mapofu kwaari.

74. Uye avo vanotaura kuti: "Tenzi vedu! Isai matiri runyevenuko rwemeso edu pavakadzi vedu uye vana vedu, uye tiitei vatungamiriri veavo vanotya Allah."

75. Avo vachapiwa mugove wenzvimbo yepamusoro-soro muParadhiso nokuda kwekutsungirira kwavo. Varimo vachasanganikwa navo nekwaziso uye mashoko erugare uye rukudzo.

76. Vachagaramo (zvisingaperi). Inzvimbo yakanaka yokugara uye nzvimbo yokuzororera.

77. Taura kuti (Muhammad (SAW) kune vasingatendi): "Tenzi wangu vanotarira kwamuri nokuda kwekuita kwenyu maDua (Minamato) kwavari. Asi zvino mavaramba. Saka murango uchava wenyu zvachose."

# CHITSAUKO ASH-SHU'ARAA'

# (VADETEMBI) 26

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Twaa – Seen – Meem.** (Mavara aya ndemamwe ezvishamiso zviri muQur'aan, uye hapana anoziva zvaanoreva kunze kwaAllah).

2. Idzi ndidzo ndima dzeGwaro riri pachena (Qur'aan iri, iro rakavimbiswa naAllah muTorah neVhangeri).

3. Zvimwe (Muhammad (SAW)) ungazviuraye nokuchema nokuti havazi vatendi (muIslaam).

4. Kana tichida, tinovatumira kubva kudenga chiratidzo icho chokuti huro dzavo dzinoramba dzakakotama (vachizvininipisa).

5. Uye yambiro haiuyi kwavari semashoko matsva kubva kumupi wenyasha, kusara kwekuti vanowafuratira.

6. Asi zvirokwazvo vanoramba (chokwadi chemuGwaro reQur'aan), uye mashoko eizvo zvavaidzikisira (zvavaiseka) achauya kwavari.

7. Havatarisi kune nyika here – zvingani zvatinoburitsa kubva mairi kubva kuchinhu chose chakanaka (chakakomborerwa)?

8. Zvirokwazvo, mazviri mune chiratidzo, asi vazhinji vavo havatendi (muna Allah).

9. Uye zvirokwazvo, Tenzi vako, chokwadi ndivo vari pamusoro-soro, uye vane tsitsi zhinji (kupinda zvose).

10. Uye (rangarira) apo Tenzi vako vakadana Musa (vachiti): "Enda kune vanhu vanoita mabasa akashata."

11. "Vanhu vaFarawo. Havatyi (Allah) here uye vova vanhu vakanaka?"

12. (Musa) akati: "Tenzi vangu! Zvirokwazvo, ndinotya kuti vangandiramba."

13. "Uye hana yangu inhete (haina kusimba), uye rurimi rwangu runokakama. Saka tumirai kuna Haaroon (Aroni, kuti ave anoenda neni)."

14. "Uye vane mutongo wemhosva yangu, saka ndinotya kuti vangandiuraye."

15. (Allah) vakati: "Kwete! Endai muri vaviri nezviratidzo zvedu. Zvirokwazvo, tichave tinemi tichiteerera."

16. "Uye endai mose muri vaviri kuna Farawo monoti (kwaari): 'Tiri vatumwa vaTenzi vepasi rose.'"

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

17. (Tatumwa kuti tikuudze kuti): "Titumire vana vaIzirairi tiende navo."

18. (Farawo) akati: "Hatina kukuchengeta here pakati pedu uri kamwana? Ukagara nesu kwemakore mazhinji ehupenyu hwako."

19. "Uye wakaita zvawakaita (zvekuuraya munhu), uye uri veavo vasingatendi."

20. (Musa) akati: "Ndakazviita izvi ndichiri weavo vanhu vakarasika."

21. "Saka ndakatiza kubva kwamuri nekuda kwekukutyai. Asi Tenzi vangu vakandipa mutongo (ungwaru uye nehuporofita), uye vakandiita umwe wevatumwa."

22. "Urwu ndirwo rubatsiro rwavakandiitira kare rwaunondirangaridza, asi iwe uchiita varanda (nekudzvanyirira) vana vaIzirairi."

23. Farawo akati: "Uye chii Tenzi vepasi rose (vanhu, nemaJinn nezvose zviripo)?"

24. (Musa) akati: "Tenzi vepasi nekudenga, nezvose zviri pakati pazvo, kana uchida kunyatsotenda."

25. (Farawo) akati kune avo vakamutenderedza (makurukota ake anenge akagara navo samambo): "Muri kunzwa here zvaari kutaura?"

26. (Musa akataura) akati: "Tenzi venyu uye Tenzi vemadzitateguru enyu!"

27. (Farawo) akati: "Zvirokwazvo, mutumwa wenyu uyo atumirwa kwamuri anopenga (anorwara nepfungwa)!"

28. (Musa) akati: "Tenzi vekumabvazuva uye kumavirira (Madokero), uye zvose zviri pakati pavo, ndokunge kana muchinzwisisa!"

29. (Farawo) akati: "Kana mukatora umwe mwari muchisiya ini, zvirokwazvo, ndinokuita umwe wevasungwa."

30. (Musa) akati: "Nyangwe ndakuvigira chinhu chiri pachena?"

31. (Farawo) akati: "Uya nacho, kana uri umwe weavo vanotaura chokwadi!"

32. Saka (Musa) akakanda tsvimbo yake pasi, uye nechinguva chisipi yakava nyoka mhenyu iri pachena.

33. Uye akaburitsa ruoko rwake (kubva muhapwa), uye rwaivaima kune avo vose vaiona!

34. (Farawo) akati kune makurukota akanga aripo akamutenderedza: "Zvirokwazvo, uyu munhu anoziva mapipi zvikuru."

35. "Ari kuda kukubvisai munyika menyu nekuda kwemapipi ake, saka munoraira chii?"

36. Vakati: "Chimbomudzorera zvishoma nemukoma wake, uye wotumira vadaidzi kumaguta ese vachidaidza."



الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

37. “Kuti vakuvigire muzivi zvakanyanya wese wemapipi.”

38. Nokudaro vazivi vemapipi vakaunganidzwa nenguva yakatarwa pazuva rakatarwa.

39. Uye zvakanzi kuvanhu: “Muchava munounganawo here?”

40. “Kuti tive tinotevera n’anga (vaiti vemapipi) kana vave vanokunda.”

41. Saka n’anga padzakasvika dzakataura kuna Farawo kuti: “Zvirokwazvo, tichave nomubairo here kana tave tinokunda?”

42. (Farawo) akati: “Hongu, uye muchave zvirokwazvo avo vanogara pedyo neni.”

43. Musa akati kwavari: “Kandai (tione) izvo zvamurikuda kukanda!”

44. Nokudaro vakakanda tambo dzavo uye zvitanda (tsvimbo) dazvo, uye vakati: “Nesimba raFarawo, zvirokwazvo tisu tichave tinokunda!”

45. Uye Musa akakanda tsvimbo yake (pasi), uye yakamedza zvose zvamanyepo zvavairatidza!

46. Uye vaiti vemapipi vose vakabva vapfugama pasi.

47. Vachiti: “Tinotenda muna Tenzi vepasi rose (vanhu, maJinn nezvose zviripo).”

48. “Tenzi vaMusa naHaaroon (Aroni).”

49. Farawo akati: “Munotenda maari ndisati ndakupai mvumo. Zvirokwazvo, uyu ndiye mukuru wenyu akakudzidzisai mapipi? Nekudaro zvirokwazvo, muchazvia zvenyu. Zvirokwazvo, ndichadambura maoko enyu uye makumbo enyu kumativi akapesana (ruoko rwerudyi negumbo rekuruboshwe kana kupindura), uye ndichakurovererai mose pamuchinjikwa.”

50. Vakati: “Hapana chakaipa! Zvirokwazvo, kuna Tenzi vedu tichava tinodzokera.”

51. “Zvirokwazvo, tinovimba kuti Tenzi vedu vachatiregerera zvitadzo zvedu sezvo tiri vekutanga kutenda (muIslaam uye muna Musa naHaaroon (Aroni)).”

52. Uye takave tinodzikisa kuna Musa kuti: “Famba husiku nevaranda vangu (kubva kuna Farawo), asi zvirokwazvo muchateverwa.”

53. Farawo akatumira vadani mumaguta ose.

54. (Achiti): “Zvirokwazvo, vanhu ava kaboka kadiki.”

55. “Uye zvirokwazvo, vaita zvinhu zvatigumbura.”

56. “Asi zvirokwazvo, tisu tose takaungana nekuyambirwa.”

57. Saka takavadzinga kubva mumapindu uye zvitubu.

58. Hupfumi, uye nzvimbo dzose dzakarurama.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

59. Nokudaro takaita kuti vana vaIzirairi vave vanogara nhaka yavo.

60. Saka vakavatevera panguva yekubuda kwezuva.

61. Mapoka maviri aya paakaonana, vanhu vaMusa vakati: “Zvirokwazvo, tava kuzobatwa zvino.”

62. (Musa) akati: “Hazviiti. Zvirokwazvo, Tenzi vangu vaneni. Vachava vanonditungamira.”

63. Takava tinodzikisa kuna Musa (kuti): “Rova nyanza netsvimbo yako.” Uye yakapatsanuka, uye mafasho (emvura) akasiyana-siyana akaita kunge mazikomo mahombe.

64. Takave tinounza vamwe (vanhu vaFarawo) padyo nenzvimbo iyoyo.

65. Uye takanunura Musa neavo vaiva naye.

66. Uye takave tinonyudza vamwe (Farawo nevanhu vake).

67. Zvirokwazvo, umu (munyaya yaFarawo naMusa) mune chiratidzo, asi vazhinji vavo havatendi.

68. Uye chokwadi, Tenzi vako (Muhammad (SAW)), zvirokwazvo ndivo vakurusa, uye vane tsitsi zhinji.

69. Uye vaverengere nyaya yaIbrahim (Abrahamu).

70. Apo paakati kuna baba vake uye vanhu vake: “Munonamatei?”

71. Vakati: “Tinonamata zvidhori, uye takazvipira kwazviri.”

72. (Ibrahim (Abrahamu)) akati: “Zvinokunzwai here kana manamata kwazviri?”

73. “Kana (kuti) zvinokubatsirai here kana kukukuvadzai?”

74. Vakati: “Asi takawana madzibaba edu achiita zvakadai.”

75 (Ibrahim (Abrahamu)) akati: “Munoona here izvo zvamunonamata.”

76. “Imi nemadzibaba enyu?”

77. “Zvirokwazvo vavengi vangu kusara kwaTenzi vepasi rose (vanhu, maJinn nezvese zviripo).”

78. “Vanova vakandisika, uye ndivo vanonditungamira.”

79. “Uye ndivo vanondipa kudya, uye vanondipa zvekunwa.”

80. “Uye kana ndichirwara, ndivo vanondiporesa.”

81. “Uye vachandiita kuti ndife, uye vachandiita kuti ndive mupenyu zvakare.”

82. “Uye avo vandovimba kuti vachandiregerera zvivi zvangu pazuva rekutongwa.”

83. “Tenzi vangu! Ndipeiwo ungwaru, uye ndiisei pavaranda avo vakanaka.”



الجديد و الحصري NEW & EXCLUSIVE

84. “Uye ndiitei nditaurwe zvakanaka pamusoro pangu pamapoka evanhu achatevera.”

85. “Uye ndiitei umwe wevagari venhaka yeParadhiso yemufaro.”

86. “Uye regererai baba vangu, zvirokwazvo, vanova vakarasika.”

87. “Uye musava munondinyadzisa pazuva iro (zvipuka zvose) zvichamutswa.”

88. “Zuva iro rokuti upfumi kana vana havabatsiri (hazvishandi kuti wakapfuma here kana kuti une vana vakawanda).”

89. “Kusara kweuyo achauya kuna Allah nemoyo wakachena (kubva mukusatenda nehunyengedzi).”

90. Uye paradhiso ichaiswa pedyo peavo vanotya (Allah) vachiita mabasa akanaka (Tarisai Qur’aan 2: 2).

91. Uye Gehena richaburitswa pachena pamberi pevanhu vaiita mabasa akashata.

92. Uye zvichanzi kwavari: “Varipiko avo (vanamwari venhema vamaifananidza naAllah) vamainamata.”

93. “Kunze kwaAllah? Vanokwanisa here kukubatsirai kana kuzvibatsira pachavo?”

94. Vachakandwa mumoto vachitanga nezviso zvavo, ivo nemaGhaawoon (vanaSatani, uye vanhu vakarasika).

95. Vachange vari vose nemauto aIblees (Satani).

96. Vachati vavemo vachipokana:

97. “Tinopika naAllah, chokwadi taive takarasika zviri pachena.”

98. “Apo pataikufananidzai (pakunamata) naTenzi vepasi rose.”

99. “Uye hapana munhu akatirasisa kunze kwemaMujrimoon (vanaSatani uye vanhu vaitadza).”

100. “Iye zvino hatina vamiririri.”

101. “Kana shamwari yepedyo.”

102. “Kana tikawana mukana wekudzokera (Panyika), tichava zvirokwazvo pakati peavo vanotenda!”

103. Zvirokwazvo, mune zvose izvi mune chiratidzo, asi vazhinji vavo havatendi.

104. Uye zvirokwazvo, Tenzi vako ndivo vane simba rakawanda, vane tsitsi zhinji.

105. Vanhu vaNowa vakaramba vatumwa (Kuramba mutumwa mumwechete kuramba vese).

106. Apo mukoma wavo Nowa paakati kwavari: “Hamutye Allah nekuvateerera?”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

107. “Ndiri mutumwa wechokwadi anovimbika kwamuri.”

108. “Saka ityai Allah, mova munochengetedza mirairo, uye mova munoteerera ini.”

109. “Handina mubairo wandinoda kubva kwamuri weizvi (Islaam); mubairo wangu haubvi kuna ani kunze kwaTenzi vepasi rose.”

110. “Saka chengetedzai mirairo yaAllah, movatya, uye mova munonditeerera.”

111. Vakati: “Tingatenda mauri ivo varombo (vanhu vari pasi pasi) vachikutevera?”

112. Akati: “Uye ndorwupi ruzivo rwandinarwo rezvavaiita?”

113. “Kutongwa kwavo kuna Tenzi vangu, kana muchiziva.”

114. “Uye handingadzingi vatendi.”

115. “Ini ndiri muyambiri chete ari pachena.”

116. Vakati (kuna Nowa): “Iwe Nowa! Ukaramba uchiita izvozvo, zvirokwazvo, uchava veavo vachatemwa nemabwe (kusvikira rufu).”

117. (Nowa) akati: “Tenzi vangu! Zvirokwazvo, vanhu vangu vave vanondiramba.”

118. “Nekudaro ivai mutongi pakati pangu navo, uye ivai munondinunura uye nevatendi vaneni.”

119. Uye takave tinomununura nevose vaakanga ainavo mungarava yakatakura.

120. Takabva tanyudza vose vakanga vasara (vasina kupinda mungarava).

121. Zvirokwazvo! Umu mune chiratidzo, asi vazhinji vavo havatendi.

122. Uye zvirokwazvo, Tenzi vako ndivo chokwadi vakurusa, uye vane tsitsi zhinji.

123. MaAad (vanhu vaHud) vakaramba vatumwa (Kuramba mutumwa mumwechete kuramba vese).

124. Apo mukoma wavo Hud akataura kwavari kuti: “Hamutyewo Allah here?”

125. “Zvirokwazvo ndini mutumwa akavimbika kwamuri.”

126. “Saka ityai Allah uye moteerera ini.”

127. “Handina mubairo wandinobvunza kubva kwamuri weizvi. Mubairo wangu haubvi kuna ani kunze kwaTenzi vepasi rose.”

128. “Munovaka dzimba panzvimbo yese yakakwirira asi musingadzigari?”

129. “Uyezve mungatore (mungavake) dzimba (dzikuru dzakanaka) sezvinonzi muchagaramo zvachose?”

130. “Uye kana muchibata (mumwe munhu), munobata zveutsinye?”

131. “Saka ityai Allah, uye mova munonditeerera.”

132. “Uye ityai avo vakakupai zvose izvo zvamunoziva.”

133. “Vakakupai zvipfuwo nevana.”

134. “Uye mapindu nezvitubu.”

135. “Zvirokwazvo, ndinokutyirai marwadzo ezuva guru (zuva rekutongwa).”

136. Vakati: “Zvakafanana kwatiri kutiudza kana kusatiudza.”

137. “Idzi ndidzo nyaya dzevanhu vekutanga (vekare).”

138. “Uye isu hatisi kuzombotongwa (kuzomborangwa).”

139. Saka vakamuramba, uye tikavaparadza. Zvirokwazvo, mune izvi mune chidzidzo, asi vazhinji vavo havatendi.

140. Uye zvirokwazvo, Tenzi vako ndivo chokwadi vakuru, uye vane tsitsi zhinji.

141. Uye maThamood vakaramba vatumwa (Kuramba mutumwa mumwechete kuramba vese).

142. Rangarirai mukoma wavo Swaalih paakati kwavari: “Hamutyi Allah here?”

143. “Ndini mutumwa anovimbika kwamuri.”

144. “Saka ityai Allah, uye monditeerera.”

145. “Uye handidi mubairo kwamuri weizvi; mubairo wangu hausi kuna ani kunze kwaTenzi venyika yose.”

146. “Muchasiiwa here makasununguka (makachengetedzeka) nezvamuinazvo pano?”

147. “Mumapindu nezvitubu.”

148. “Uye zvirimwa zvakasvika uye madheti akapfava.”

149. “Uye munoveza mumakomo dzimba nehunyanzvi hukuru.”

150. “Saka ityai Allah, chengetedzai basa renyu kwavari, uye monditeerera.”

151. “Uye musava munoteerera mirairo yemaMusrifoon (vatadzi, mhondi, vatungamiriri vezvose zvakaipa).”

152. “Avo vanoita huori munyika, uye havaiiti zvakanaka.”

153. Vakati: “Iwe uri weavo vakaroiwa!”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

154. “Iwe uri munhu akafanana nesu. Tipe chiratidzo kana uri munhu anotaura chokwadi.”

155. Akabva ati: “Heyo ngamera hadzi iyo. Ine kodzero yekunwa mvura, uye imi mune kodzero yekunwa mvura pazuva rinozivikanwa (zvijana zvekunwa mvura).”

156. “Uye musava munoibata (ngamera hadzi) zvakaipa muchiikuvadza, nekuti marwadzo ezuva guru achava anokubatai (anokuwirai).”

157. Asi vakaiuraya, asi vakazova vadembi.

158. Saka vakava vanosangana nemarwadzo. Zvirokwazvo, uyu ndiwo muenzaniso, asi vazhinji vavo havatendi.

159. Uye zvirokwazvo, Tenzi vako, ndivo chokwadi vane masimba ose, netsitsi dzose.

160. Vanhu vaLoti vakaramba vatumwa (Kuramba mutumwa mumwechete kuramba vese).

161. Apo mukoma wavo Loti akati: “Hamutyi Allah nekuvateerera here?”

162. “Zvirokwazvo, ndiri mutumwa akavimbika kwamuri.”

163. “Saka ityai Allah, chengetedzai mirairo yavo, uye nditeererei.”

164. “Handina mubairo wandinobvunza kwamuri weizvi, asi mubairo wangu hausi kuna ani kunze kwaTenzi vepasi rose.”

165. “Munoenda kuvarume vose.”

166. “Uye muchisiya avo vamakasikirwa naAllah sevakadzi venyu? Zvirokwazvo, muri vanhu vanopfurikidza mirairo!”

167. Vakabva vati (kuna Loti): “Iwe Loti! Chokwadi, ukaramba uchidaro, zvirokwazvo, uchava umwe wevanhu vatichadzinga (mudunhu redu)!”

168. Akabva ati: “Ndiri mumwe wevanhu avo vanopokana nemi nekugumbuka zvakanyanya nezvamunoita zvakashata (Chingochani).”

169. “Tenzi vangu! Ndichengetedzei ini nemhuri yangu kubva kune zvavanoita.”

170. Saka takamununura nemhuri yake yese.

171. Kusara kwechembere (mukadzi wake) akava weavo vakasara (muguta).

172. Mushure mezvo takaparadza vamwe vose.

173. Uye takava tinovatumira marwadzo ainaya. Uye kunaya kwacho kwaiva kwakashata kune avo vakayambirwa!

174. Zvirokwazvo, umu mune chiratidzo, asi vazhinji vavo havatendi.

175. Uye zvirokwazvo, Tenzi vako, vane chokwadi masimba ose, uye vane tsitsi dzose.

176. Vagari veAl-Aikah (Nzvimbo iri pedyo neMadyan) vakaramba vatumwa (Kuramba mutumwa mumwechete kuramba vese).

177. Apo Shuaib akati kwavari: “Hamutyi Allah here?”

178. “Ndiri mutumwa akavimbika kwamuri.”

179. “Saka ityai Allah, chengetedzai basa renyu kwavari, uye nditeererei.”

180. “Handina mubairo wandinobvunza kwamuri weizvi, asi mubairo wangu hausi kuna ani kunze kwaTenzi vepasi rose.”

181. “Ipai (vanhu) zvierwa zvakazara, uye musava munoderedza.”

182. “Uye ivai munopima zviri pachokwadi uye zvakaenzana.”

183. “Uye musava munobira vanhu nekudzikisa zvinhu zvavo, kana kuita zvakashata, kuita huori nehuumambara munyika.”

184. “Uye ivai munotya avo vakakusikai (Allah) nemadzitateguru.”

185. Vakabva vati: “Uri mumwe weavo vakaroiwa!”

186. “Uye uri munhu akafanana nesu, uye zvirokwazvo, tinofunga kuti uri mumwe wevanyepi!”

187. “Saka ita kuti zvidimbu zvidimbu zvedenga zvitidonhere, kana uri mumwe weavo vanotaura chokwadi!”

188. Akabva ati: “Tenzi vangu ndivo muzivi mukuru wezvamunoita.”

189. Asi vakaramba kutenda maari, saka marwadzo ezuva remvuri (gore rakasviba) akavabata. Zvirokwazvo, aiva marwadzo ezuva guru.

190. Zvirokwazvo, mune zvose izvi mune chiratidzo, asi vazhinji vavo havatendi.

191. Uye zvirokwazvo Tenzi vako, ndivo chokwadi vane masimba ose, netsitsi dzose.

192. Uye zvirokwazvo, aya mashoko (Qur’aan) akadzikiswa naTenzi vepasi rose.

193. Ayo akauya nemweya (Rooh) unovimbika (Jibreel – Gabriel (AS)).

194. Mumoyo mako (Muhammad (SAW)) kuti ugova muyambiri.

195. Mururimi rwechiArabhu rwuri pachena.

196. Uye zvirokwazvo, rakataurwa (Qur’aan) muMagwaro (Torah neVhangeri) evanhu vekutanga.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

197. Hachisi chiratidzo kwavari here kuti vakadzidza vevana vaIzirairi (saAbdullah Ibn Salaam) vanoriziva (kuti ichokwadi)?

198. Uye dai takaridzikisa (Qur'aan) kune asiri wechiArabhu.

199. Uye ori verenga kwavari, vaisatenda mariri.

200. Saka takaita kuti zvipinde (zvigare) mumoyo yevatadzi (kuramba Qur'aan).

201. Havatendi mariri kusvikira vaona marwadzo.

202. Achauya kwavari nekuchimbidza, vasingatarisiri.

203. Apo vachataura kuti: "Hatingambomisirwi here (kuparadzwa)?"

204. Vanoda here kuti marwadzo edu akurumbidze?

205. Funga! Nyangwe tikaita kuti vafare kwemakore.

206. Uye mushure mezvo kouya kwavari izvo zvavakavimbiswa.

207. Zvose izvo zvaivafadza hazvizovadziviriri.

208. Uye hatina kuparadza dunhu kusara kwekuti range rine vayambiri.

209. Sekurangaridza, uye hatina kumbova vadzvanyiriri.

210. Uye haasi maShayaatween (vanasatani) akaridzikisa (Qur'aan) pasi.

211. Uye hazvienderani navo uye havazvikwanisi.

212. Zvirokwazvo, vakaendeswa kure kuti vasarinzwe.

213. Saka musava munodaidza vanamwari vamwe naAllah, nokuti mungava veavo vanowana marwadzo.

214. Uye yambira rudzi rwako (Muhammad (SAW)) kubva kuhama dzepadyo.

215. Uye iva netsitsi uye kuzvininipisa kune vatendi vanokutevera.

216. Uye kana vakasakuteerera, taura kuti: "Ndakachena kubva kune izvo zvamunoita."

217. Uye isa chivimbo kuna samasimba, vane tsitsi dzose.

218. Avo vanokuona (Muhammad (SAW)) paunosimuka (kuti unamate usiku Tahajjud).

219. Uye zvaunoita uri pakati peavo vanopfugama (kunaAllah muminamato mishanu yepazuva).

220. Zvirokwazvo, ivo ndivo vanonzwa zvikuru, vanoziva zvese.

221. Ndingakuudzei here (imi vanhu) maererano neavo maShayaatween (anasatani) anoenda kwavari?

222. Vanoenda (maShayaatween) kune wese munyepi anotadza.

223. Vanoteerera (maShayaatween, uye vanovapa zvavanenge vanzwa zvakavanzika kubva kungirozi), uye vazhinji vavo vanyepi.

224. Uye vadetembi, vanhu vakarasika vanovatevera.

225. Hauoni here kuti vanotaura pamusoro penyaya dzese (vachirumbidza vanhu, vakanaka here kana kuti vakaipa) munhetembo dzavo?

226. Uye vanotaura izvo zvavasingaiti.

227. Kusara kweavo vanotenda (muIslaam) nokuita mabasa akanaka, uye vanorangarira Allah zvakanyanya, uye nekuzvidzivirira mushure mekunge vatadzirwa (vachipindura nenhetembo avo vadetembi vanotaura zvakaipa pamusoro peIslaam). Uye avo vanoita mabasa akashata vachaziva kuti vachapindurwa sei pavachapindurwa (magumo avo achange akaita sei).

# CHITSAUKO AN-NAML

# (MASVOSVE) 27

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Twaa – Seen.** (Mavara aya ndemamwe ezvishamiso zveQur’aan, uye hapana anoziva zvaanoreva kunze kwaAllah). Idzi ndidzo ndima dzeQur’aan, uye Gwaro riri pachena.

2. Rinotungamira (kunzira yakatwasuka) uye mashoko akanaka kune vatendi (muIslaam).

3. Avo vanoita Swalaah (Munamato), uye vanopa Zakaah (Zvipo kuvarombo), uye vane chokwadi maererano nehupenyu hwemangwana.

4. Zvirokwazvo, avo vasingatendi muhupenyu hwemangwana, takava tinonatsa mabasa avo kuti vangodzungaira (kutenderera panyika) vasingaoni.

5. Ndivo avo vachawana marwadzo akashata (Panyika). Uye muhupenyu hwemangwana vachava vanhu vakarasikirwa zvikuru.

6. Uye iwe (Muhammad (SAW)) uri kudzidziswa Qur’aan kubva kune uyo ane hungwaru hwose, ane ruzivo zvikuru.

7. Rangarira apo Musa akati kumhuri yake: “Zvirokwazvo, ndaona moto, ndichakuvigirai kubvako nyaya, kana ndichakuvigirai kubvako chitsiga chiri kubvira kuti muve munodziisa miviri yenyu.”

8. Asi paakasvika pauri, akashevedzwa: “Akomborerwa ndeuyo ari mumoto, uye uyo ari padyo nawo! Uye akarumbidzwa ndiAllah, Tenzi venyika yose (vanhu, maJinn nezvose zviripo).”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

9. “Iwe Musa! Zvirokwazvo, ndini Allah, mukuru, ane ungwaru hwose.”

10. “Uye kanda tsvimbo yako!” Asi paakaiona ichifamba sekunge yaiva nyoka akatendeuka achitiza, uye haana kucheuka. (Zvikanzi): “Iwe Musa! Usatya, zvirokwazvo, vatumwa havatyi pamberi pangu.”

11. “Kusara kweuyo akatadza uye mushure mezvo akasandura zvakashata nezvakanaka, uye zvirokwazvo, ndinoregerera zvikuru, uye ndine tsitsi zhinji.”

12. “Uye isa ruoko rwako muhapwa dzako, richabuda richipenya pasina chinorikanganisa. (Zvimwe zvezviratidzo) kubva kuzviratidzo zvipfumbamwe kuna Farawo uye nevanhu vake. Zvirokwazvo, vari vanhu vanotadza.”

13. Asi zviratidzo zvedu pazvakauya kwavari zviri pachena kuti vaone, vakati: “Aya ndiwo mapipi ari pachena.”

14. Uye vakazviramba nekutadza uye nekuzvitutumadza, kunyangwe moyo yavo yaiva nechokwadi nazvo (kuti zvabva kuna Allah). Saka tarisa ndeapi aiva magumo eavo vaitadza.

15. Zvirokwazvo, takapa ruzivo kuna Dawood (Davhidha) uye Sulaimaan (Soromoni), uye vese (vari vaviri) vakati: “Rumbidzo dzose uye kutendwa ndekwaAllah, avo vatisarudza pamusoro pevaranda vavo vose vanotenda!”

16. Uye Sulaimaan (Soromoni) akagara nhaka Dawood (Davhidha) (muruzivo). Akati: “Imi vanhu! Takava tinodzidziswa rurimi rweshiri, uye takava tinopiwa zvinhu zvose. Izvi, zvirokwazvo, inyasha dziri pachena (kubva kunaAllah).”

17. Uye pamberi paSulaimaan (Soromoni) mauto ake akaunganidzwa emaJinn, vanhu, uye shiri, uye vose vakagara vakarongeka zvekuhondo (vachienda mberi).

18. Kusvika vasvika munzvimbo yemasvosve, rimwe remasvosve rikati: “Imi masvosve! Pindai munzvimbo dzenyu, nekuti Sulaimaan (Soromoni) nemauto ake vangakutsikai, apo pavanenge vasingazivi.”

19. Iye Sulaimaan (Soromoni) akanyemwerera achifadzwa nemutauro waro uye akati: “Tenzi vangu! Ndipei simba uye mukana wekuti ndive ndinotenda makomborero enyu ayo amakandipa uye nevabereki vangu, uye kuti ndiite mabasa akanaka ayo anokufadzai, uye ndiisei netsitsi dzenyu pakati pevaranda venyu vakanaka.”

20. Akatarisa shiri, akati: “Chii chiri kuitika nekuti handisi kuona Hud-hud (Chigogodza)? Kana kuti ari pakati peavo vasipo?”

21. “Zvirokwazvo, ndichamutonga nemutongo wakaomarara, kana kuti ndichamuuraya, kunze kwekuti ondiunzira chinangwa chiri pachena.”

22. Asi Chigogodza hachina kugarisa, (chakadzoka) chikati: “Ndawana ruzivo urwo rwausati waruziva, uye ndauya kubva kuSaba’ (Sheba) nenyaya yechokwadi.”



الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

23. “Ndawana mukadzi achivatonga, uye akapihwa zvinhu zvose zvinokwanisa kuitwa nemutongi (mambo) wose panyika, uye ane chigaro cheumambo chihombe.”

24. “Ndamuwana iye nevanhu vake vachinamata zuva pachinhambwe chaAllah, uye Satani avanatsira mabasa avo kwavari, uye avatendeutsa kubva kunzira yakatwasuka, saka havana kutungamirwa.”

25. “Havapfugamiri Allah avo vanoburitsa pachena izvo zvakavandika mumatenga uye nepanyika, uye vanoziva izvo zvamunovanza uye izvo zvamunoburitsa pachena.”

26. “Allah, Laa ilaaha illaa Huwa (Hakuna vamwe mwari vane kodzero yekunamatwa kunze kwavo), Tenzi vechigaro chikuru!”

27. (Sulaimaan (Soromoni)) akati: “Tichaona kuti uri kutaura chokwadi here kana kuti uri weavo vanonyepa.”

28. “Enda netsamba yangu iyi, uye wovapa, uye wobva kwavari, uye woona kuti vanoti kudini.”

29. (Mambokadzi weSaba’ (Sheba)) akati: “Imi makurukota! Zvirokwazvo, ndaunzirwa tsamba inoremekedzeka.”

30. “Zvirokwazvo, yabva kuna Sulaimaan (Soromoni), uye zvirokwazvo iri kuti: ‘Muzita raAllah, vane nyasha, vane tsitsi.’

31. ‘Musava munozvitutumadza kwandiri, asi huyai kwandiri muchizvipira kuna Allah (semaMuslim).’”

32. Akati: “Imi makurukota! Ndipei pfungwa dzenyu panyaya yangu iyi. Handitongi nyaya kusvikira imi mavapo pandiri (mandipa pfungwa dzenyu).”

33. Vakati: “Tine simba rakawanda, uye tinogona hondo zvakanyanya, asi zviri kwamuri kupa mutongo. Saka fungai ndeupi mutongo wamuchapa.”

34. Akati: “Zvirokwazvo madzimambo, kana vapinda muguta (munyika) vanoiparadza, uye voita vanhu vanoremekedzwa pakati pavo vanhu vepasi pasi. Saizvozvo vanoita.”

35. “Asi zvirokwazvo, ndichavatumira chipo, uye ndoona kuti vatumwa vanodzoka nei.”

36. Saka vatumwa pavakasvika kuna Sulaimaan (Soromoni), akati: “Munondibatsira nehupfumi? Izvo Allah zvavakandipa zvikuru (zviri nani) kune izvo zvavakakupai! Asi imi munofadzwa nechipo chenyu!”

37. (Sulaimaan (Soromoni) akati kumukuru wevatumwa vake): “Dzokera kwavari! Isu zvirokwazvo, tichauya kwavari nehondo (mauto) ayo avasingakwanisi kurwisa, uye tichavaburitsa kubva kwairi vachidzikisirwa, uye vachinyadziswa.”

38. Akati (Sulaimaan): “Imi makurukota! Ndiyani pakati penyu angauya nechigaro chake vasati vauya kwandiri vachizvipira nekuteerera?”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

39. Ifreet (Jinn rakasimba) kubva kumaJinn rakati: “Ndinouya nacho kwamuri imi musati masumuka panzvimbo yenyu. Uye zvirokwazvo, ndine simba uye ndinovimbika pabasa rakadai.”

40. Umwe aiva neruzivo rweGwaro akati: “Ndinouya nacho kwamuri musati mabhwaira meso enyu!” Saka (Sulaimaan (Soromoni)) paakaona chava mberi kwake, akati: “Izvi kuda kwenyasha dzaTenzi vangu, kuti vaone kuti ndinotenda (zvakanaka) kana kuti handitendi! Uye uyo anotenda, zvirokwazvo, kutenda kwake kwakamunakira iye pachezvake; uye uyo asingatendi (kusatenda kwake kurasikirwa iye pachezvake). Zvirokwazvo, Tenzi vangu vakapfuma, uye vanopa zvizhinji.”

41. Akati: “Chisandurei (chigaro) zvimwe zvinhu kuti tione kuti achatungamirirwa (achachiziva) here, kana kuti achava weavo vasina kutungamirirwa.”

42. Saka paakauya (mambokadzi), zvakanzi (kwaari): “Chigaro chako chakadai here?” Akati: “Zvinenge zvakafanana.” Uye (Sulaimaan (Soromoni) akati): “Ruzivo rwakaunzwa kwatiri iye asati apihwa, uye taiva vanozvipira kuna Allah (semaMuslim).”

43. Uye icho chaainamata achisiya Allah chakamudzivirira (kutenda muIslaam), uye aiva weavo vasingatendi.

44. Zvakanzi kwaari: “Pinda muAs-Sarh (imba yemagirazi ane mvura inoerera pasi pawo).” Asi paakaiona akafunga kuti chaiva chitubu, uye (akasimudza hembe) akavhura makumbo ake. (Sulaimaan (Soromoni) akati): “Zvirokwazvo, iSarh (Imba yemagirazi ane mvura inoerera pasi pawo).” Akati (Mambokadzi): “Tenzi vangu! Zvirokwazvo, ndazvitadzira, uye ndinozvipira muIslaam, pamwechete naSulaimaan (Soromoni) kuna Allah, Tenzi venyika yose (vanhu, maJinn nezvese zviripo).”

45. Uye zvirokwazvo kumaThamood takatumira mukoma wavo Swaalih achiti: “Namatai Allah (voga).” Uye tarisai! Vakava mapoka maviri achikakavadzana pakati pavo.

46. Akati: “Imi vanhu vangu! Sei muchimhanyira kutsvaga zvakaipa zvakanaka musati mazvitsvaga? Sei musingatsvagi ruregerero rwaAllah, kuti muve munowana tsitsi?”

47. Vakati: “Tinoona kuti une munyama neavo vanewe.” Akati: “Zvakaipa zvenyu zvina Allah, asi muri vanhu varikuedzwa.”

48. Uye muguta maiva nevarume vapfumbamwe (kubva kuvana vemadzimambo avo) vaiita zvakashata munzvimbo, uye havana kumbozvishandura.

49. Vakati: “Pikai naAllah umwe kune umwe kuti tichauraya muchivande usiku iye (Swaalih) uye nemhuri yake, uye mushure mezvo tichati kune hama dzake: ‘Hatina kumboona kufa kwake iye nemhuri yake, uye zvirokwazvo, tirikutaura chokwadi.’”

50. Saka vakaronga urongwa, uye isu takaronga urongwa, ivo vasingazivi.

51. Uye ona kuti magumo eavo vakaronga aiva akaita sei! Zvirokwazvo, takavaparadza ivo nevanhu vavo pamwechete.



الجديد و الحصري NEW & EXCLUSIVE

52. Idzi ndidzo dzimba dzavo dzakaparadzwa zvachose nekuda kwekutadza kwavo. Zvirokwazvo, umu mune chidzidzo kuvanhu vanoziva.

53. Uye takadzivirira avo vanotenda uye vaitya Allah, uye vachiita mabasa vachifadza ivo.

54. Uye (rangarirai) Loti paakati kuvanhu vake: “Munoita here zvivi (chingochani) muchiona (zviri pachena)?”

55. “Munoita here chidaka chenyu (chevakadzi) kuvarume muchisiya vakadzi? Zvirokwazvo, muri vanhu vasingazivi vanotadza.”

56. Hapana imwe mhinduro yaakapihwa nevanhu vake kusara kwekuti vakati: “Buritsai Loti nemhuri yake kubva muguta renyu. Zvirokwazvo, ava vanhu vanoda zvekuchena!”

57. Saka takamununura iye nemhuri yake kusara kwemukadzi wake. Takamunyorera kuti ave weavo vakasara shure.

58. Uye takaita kuti mvura (yematombo) inaye pavari. Iyo yaiva yakashata kune avo vange vayambirwa.

59. Taura kuti (Muhammad (SAW)): “Kurumbidzwa kwose uye kutendwa ndekwaAllah, uye runyararo ngaruve kune varanda avo vavakasarudza (kuti vatambire mashoko avo)! NdiAllah here vari nani kana kuti izvo zvavanovasanganisa nazvo?”

60. Havasi here ivo vakasika matenga nepasi, uye vanotumira mvura kubva kudenga, tinoita nayo kuti mapindu akure murunako nemuyevedzo? Hazvizvi mukugona kwenyu kukudza miti yavo. Kune here umwe mwari naAllah? Kwete, asi vari vanhu vanobatanidza zvimwe zvinamatwa (navo)!

61. Havasi here ivo vakagadzira pasi sechinhu chakagadzikwa, uye vakave vanoisa nzizi pakati paro, uye vakadzika makomo mariri, uye vakaisa muganhu pakati pemakungwa maviri (rine mvura inovava uye rimwe rine mvura inotapira)? Kune here mumwe mwari naAllah? Kwete, asi vazhinji vavo havazivi!

62. Havasi here ivo vanodavira uyo anenge akasurukirwa, apo anovadana, uye ndivo vanobvisa zvakaipa, uye vanokuitai vagari venhaka yepasi? Kune here mumwe mwari naAllah? Zvishoma ndizvo zvamunorangarira!

63. Havasi here ivo vanokutungamirai murima repasi nemugungwa, uye vanotumira mhepo senhau yakanaka pamberi petsitsi dzavo (mvura)? Kune here mumwe mwari naAllah? Allah varipamusoro peizvo zvavanovabatanidza nazvo!

64. Havasi here ivo vanosika zvisikwa, uye vachave vanozvidzokorora, uye vanokupai raramo kubva kudenga nepasi? Kune mumwe mwari here naAllah? Taura kuti: “Hunzai humboo hwenyu kana muri pachokwadi.”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

65. Taura kuti: "Hapana mumatenga nepasi anoziva zvisingaoneki kunze kwaAllah, uye havazivi apo vachave vanomutswa."

66. Kwete, havana ruzivo rwehupenyu hwemangwana, asi havagutsikane nawo. Kwete, vari mapofu (murima) pamusoro pawo.

67. Uye avo vasingatendi vanoti: "Kana tave huruva isu nemadzibaba edu, zvirokwazvo tichaunzwa (zvakare) here?"

68. "Zvirokwazvo takavimbiswa izvi isu nemadzitateguru edu mushure (medu), zvirokwazvo, hapana zviripo kunze kwengano dzekare."

69. Taura (Muhammad (SAW)) kwavari: "Fambai munyika uye muone akave magumo evairamba (vatadzi)."

70. Usava unoshungurudzika pamusoro pavo, kana kutsutsumwa nemhaka yezvavanoronga.

71. Uye avo (vasingatendi) vanoti: "Ndirinhi (apo) vimbiso iyi (ichazadziswa), kana muri pachokwadi?"

72. Taura: "Dzimwe dzenguva zvamunoshuvira kuti zvikasike zviri pedyo mumashure menyu."

73. "Zvirokwazvo, Tenzi vako vakazara netsitsi kuvanhu, asi vakawanda vavo havatendi."

74. Uye zvirokwazvo, Tenzi vako vanoziva zvakahwanda zviri muhana dzavo uye zvavanoburitsa.

75. Uye hapana chakavanzika mumatenga uye nepasi, asi kuti zviri muGwaro rakajeka (Al-Lauh Al-Mahfoodh).

76. Zvirokwazvo, Qur'an iri rinotaura kuvana veIzrairi izvo zvakawanda zvavanosiyana.

77. Uye zvirokwazvo, inhungamiri (Qur'aan iri) uye netsitsi kuvatendi.

78. Zvirokwazvo, Tenzi vako vachatonga pakati pavo nemutongo wavo. Uye ndivo mukuru, muzivi wezvose.

79. Saka isa vimbo yako kuna Allah; zvirokwazvo, uri (Muhammad (SAW)) pachokwadi chiri pachena.

80. Zvirokwazvo, haungaite kuti vafi vanzwe kana kuti vanamatsi vanzwe kushevedza, apo pavanotiza, vachipira misana yavo.

81. Kana kutungamira mapofu kubva mukurasika. Unongokwanisa kuti vanzwe avo vanotenda muzvidzidziso zvedu, uye neavo vakazvipira (maMuslim).

82. Uye kana shoko (redambudzo) razadziswa kwavari, tichaunza kubva pasi mhuka kwavari, ichitaura navo nemhosva yokuti vanhu havatendi muhuchokwadi hwendima dzedu.

83. Uye zuva ratichaunganidza kubva murudzi rwega rwega chikwata chairamba ndima dzedu, uye vachave vanoendeswa (vanotinhirwa) (kunzvimbo yemutongo).

84. Kusvikira, apo vachasvika (pamberi paTenzi vavo panzvimbo yemutongo), vachati (Allah): "Mairamba here ndima dzangu apo maisadzinzwisisa neruzivo (rwechokwadi chadzo kana manyepo), kana chiii (chimwe) chamaiita?"

85. Uye shoko (redambudzo) richazadziswa kwavari nemhaka yekuti vakaita zvakaipa, uye havazokwanisi kutaura (kuti vazvidzivirire).

86. Havaoni here kuti takaita husiku kuti vave vanozorora mauri, uye zuva sechioneso? Zvirokwazvo, mazviri mune zviratidzo kuvanhu vanotenda.

87. Uye pazuva iro hwamanda icharidzwa, uye vose varimumatenga nepasi vachatya kunze kweuyo Allah vachasarudza. Uye vose vachauya kwavari vakazvininipisa.

88. Uye uchaona makomo wofunga kuti akagwinya, asi achadarika semadarikiro emakore. Basa raAllah, avo vakatsetsenura zvose. Zvirokwazvo, vane ruzivo rwezvese zvamunoita.

89. Uyo anounza chakanaka (Islaam), achawana chiri nani kupfuura hukoshi hwacho; uye vachange vakachengetedzeka kubva kukutya kwezuva iroro.

90. Uye uyo anounza chakaipa (kusatenda nezvitadzo), vachakandwa nezviso zvavo mumoto. (Zvichanzi kwavari): "Muri kupuhwa chimwe chinhu here kunze kweizvo maiita?"

91. Ndakarairwa (ini Muhammad (SAW)) kuti ndinamate Tenzi veguta rino (Makkah), avo vakariyeresa uye ndivo muridzi wezvose. Uye ndakarairwa kuti ndive pakati pemaMuslim (vanozvipira kuna Allah).

92. Uye kuti ndiverenge Qur'aan. Saka uyo anenge agamuchira gwara, anogamuchira munezvakanaka pachake; uye uyo anorasika, iva unoti (kwaari): "Ndingori mumwe wevayambiri."

93. Uye iva unoti (Muhammad (SAW)): "Kurumbidzwa kwose nekutendwa ndekwa Allah; vachakuratidzai micherechedzo yavo (panyika kana zvirango), uye muchaiziva. Uye Tenzi vako hapana chavasingazivi kubva kune zvamunoita."

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

# CHITSAUKO AL-QASWAS

# (NHOROONDO) 28

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Twaa – Seen – Meem.** (Aya ndemamwe emavara ezvishamiso zveQur'aan, uye hapana umwe anoziva zvaanoreva kunze kwaAllah).

2. Idzi ndidzo ndima dzemuGwaro rakajeka (rinojekesa chokwadi kubva kumanyepo).

3. Tinokuverengera dzimwe dzenhaurwa dzaMusa naFarawo muchokwadi, kune vanhu vanotenda (muQur'aan iri uye nemuhumwechete hwaAllah).

4. Zvirokwazvo, Farawo akazvitutumadza munyika uye akaita vanhu vemo zvikwata, achidzvinyirira rimwe bato (vana vaIzirairi) pakati pavo, achiuraya vanakomana vavo, uye achisiya vakadzi vavo vararame. Zvirokwazvo, aive umwe wevatadzi vakuru.

5. Uye takada kuvapa makomborero avo vaidzvinyiririrwa munyika, uye kuti tivaite vatongi uye vagari venhaka.

6. Uye kuvagadza munyika, uye kuratidza Farawo naHaamaan nemauto avo kubva kwavari izvo zvavaitya.

7. Takave tinoudza amai vaMusa tichiti: "Muyamwisei (Musa), asi kana muchimutyira, saka mukandei murwizi uye musatya, kana kusuruvara. Zvirokwazvo, tichamuunza zvakare kwamuri, uye tichamuita mumwe wevatumwa (vedu)."

8. Naizvozvo vanhu vemhuri yaFarawo vakamunhonga, kuti azove kwavari muvengi uye honzeri yekusuruvara. Zvirokwazvo, Farawo, Haamaan uye nemauto avo vaive vatadzi.

9. Uye mukadzi waFarawo akati: "Nyaradzo yemeso angu newe. Musamuuraya, dzimwe dzenguva achave anove chibatsiro kwatiri, kana kumuita mwanakomana wedu." Asi havana kufunga (magumo azvo).

10. Uye moyo wamai vaMusa wakave nekusurukirwa. Vaiva pedyo nekuburitsa nyaya (yokuti ndimwana wavo), dai tisina kusimbisa moyo wavo (nekutenda), kuti vave vanoramba vari vevamwe vanotenda.

11. Uye vakati kuhanzvadzi yake (yaMusa): "Mutevere!" Saka akamutarisa kunzvimbo iri kure muchihwande, asi ivo vasingambofungire.

12. Uye taive tatorambidza (vamwe) vakadzi vanoyamwisa kwaari, (kusvikira apo yakauya (hanzvadzi yake) ikati: "Ndingakuratidzei kuimba iyo achachengeterwa imi, uye kumutarisa munzira yakanaka?"

13. Saka takamudzorera kuna amai vake, kuti maziso avo ave nerugare (nemufaro), uye kuti vasatsutsumwe, uye kuti vazive (amai vake) kuti vimbiso yaAllah ndeyechokwadi. Asi vakawanda vavo havazive.

14. Uye apo aiva agwinya, uye abve zera (ava murume akakwana), takave tinomupa Hukm (huporofita, uye nekutonga kuzere) uye ruzivo rwechitendero (Islaam). Uye saizvozvo tinova tinopa mubairo kune vaiti vezvakanaka.

15. Uye akapinda muguta munguva iyo vanhu vemo vaisambozvifungira (vakarivara), akawana imomo varume vaviri vachirwa – umwe wedivi rake (wechitendero chake – kubva kuvana veIzrairi) uye umwe wevavengi vake. Murume wedivi rake akamukumbira rubatsiro kubva kune muvengi, saka Musa akamurova chibhakera ndokumuuraya. Akati: "Izvi kuiita kwaSatani, zvirokwazvo, muvengi ari murasi ari pachena."

16. Akati: "Tenzi vangu! Zvirokwazvo, ndazvitadzira, saka ndiregererei." Naizvozvo vakamuregerera. Zvirokwazvo, ndivo muregereri mukuru, ane nyasha zhinji.

17. Akati: "Tenzi vangu! Neizvo makandikomborera nazvo, handife ndakave mubatsiri wehoromori!"

18. Saka akabva atanga kutya, achitarisa tarisa muguta (achimirira magumo emhosva yake), saka murume aive amukumbira rubetsero zuro, akamushevedza achikumbira rubatsiro (zvakare). Musa akati kwaari: "Zvirokwazvo, uri nhungamiri inorasa iri pachena!"

19. Apo akafunga kuti abate murume aive muvengi wavo vose, murume akati: "Iwe Musa! Une chivimbo chokuda kundiuraya semaurairo awakaita murume nezuro? Chinangwa chako hapana kunze kwekuita muipi panyika, kwete kuve mumwe weavo vanoita zvakanaka."

20. Uye pakauya murume achimhanya, kubva kumapeto eguta. Akati: "Iwe Musa! Zvirokwazvo, madzimambo vagara dare vose maererano newe kuti vakuuraye, saka tiza. Zvirokwazvo, ndiri wevamwe vakanaka vanokuyambira."

21. Saka akatiza ikoko, achicheuka-cheuka nekutya. Akati: "Tenzi vangu! Ndinunurei kubva kune vanhu vakaipa!"

22. Uye paainge achienda kudivi reMadyan (Midian), akati: "Dzimwe nguva Tenzi vangu vanove vanonditungamira kugwara rakanaka."

23. Uye paakasvika pabvuva (tsime) reMadyan (Midian), akawana varume vaicherera zvipfuwo zvavo mvura, uye padivi pavo akaona vakadzi vaviri vakarindira zvipfuwo zvavo. Akati: "Chii chiri kukunetsai?" Vakati: "Hatisi kukwanisa kupa mvura zvipfuwo zvedu kusvikira vafudzi vabvisa zvavo. Uye baba vedu vakwegura."

24. Saka akapa zvipfuwo zvavo mvura, ndokubva adzokera pamumvuri, uye akati: "Tenzi vangu! Chokwadi! Ini ndinoda chero zvacho chakanaka chamunondipa!"

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

25. Saka kwakauya kwaari mumwe wevakadzi achifamba achinyara akati: "Zvirokwazvo, baba vangu vari kukushevedza kuti vagokupa mubairo wako nokutipa kwawaita mvura (zvipfuwo zvedu). Saka paakaenda kwavari uye atsanangudza rungano, vakati: "Usatya. Wapunyuka kubva kuvanhu vakaipa."

26. Mumwe wavo (wevakadzi vaviri) akati: "Imi baba! Munyorei basa! Zvirokwazvo, munhu wechirume akanaka kwamuri wekunyora basa ndeuyo akasimba anovimbika."

27. Vakati: "Ndinoda kukuroodza mumwe wevanasikana vangu ava, mushure mekunge wandishandira kwemakore masere, asi ukazadzisa makore gumi, zvinenge zviri kwauri. Asi handidi kukuisa panguva yakaoma. Kana Allah vachida, uchandiwana ndiri mumwe weavo vakanaka."

28. Iye (Musa) akati: "Ichi (chiwirirano) chiri pakati pangu nemi, nguva yandichapedza pakati pedziviri pasave nekundidzvinyirira. Uye Allah ndivo mumiriri pamusoro pezvatinotaura."

29. Apo Musa paakazadzikisa nguva yacho, uye achifamba nemhuri yake, akaona moto kudivi reToor (Gomo). Akati kumhuri yake: "Mirai! Ndaona moto; zvingadaro kuti ndingakuvigirai nhau kubva ikoko, kana chitsiga chemoto kuti mugozvidziisa."

30. Saka paakasvika pauri (moto) akashevedzwa kubva kurutivi rwerudyi rwemupata, munzvimbo yakaropafadzwa, kubva mumuti: "Iwe Musa! Zvirokwazvo, ndini Allah, Tenzi vezvinhu zvose (vanhu, maJinn nezvose zviripo)!"

31. "Uye kanda tsvimbo yako!" Apo akaiona ichifamba senyoka, akatendeuka achitiza nekutya, uye haana kutarisa mushure zvekare. (Zvikanzi): "Iwe Musa! Swedera pedyo, usatye. Zvirokwazvo, uri pane avo vakachengetedzwa."

32. "Isa ruoko rwako muhapwa mako, richabuda kubvamo riri chena risina chirwere, uye endesa ruoko rwako kune rimwe divi kuti uve unosununguka kubva mukutya. Iyi ndiyo micherechedzo miviri kubva kuna Tenzi vako kuna Farawo uye nemadzimambo ake. Zvirokwazvo, ndivo vanhu vasingateereri."

33. Akati: "Tenzi vangu! Ndakauraya mumwe wevarume vavo, ndinotya kuti vangandiuraye."

34. "Uye mukoma wangu Haaroon (Aroni) ndiye anonyatsogona kutaura kudarika ini. Saka nditumeyi naiye kuti ave mubatsiri achinditsigira. Zvirokwazvo, ndinotya kuti vangandirambe."

35. Allah vakati: "Tichave tinokusimbisa kuburikidza nemukoma wako, uye tichakupai simba mose, kuti vasave vanokukuvadzai; nemicherechedzo yedu, mose muri maviri neavo vachakuteverai muchave vakundi."

36. Saka apo Musa akauya kwavari nemicherechedzo yedu iri pachena, vakati: "Hapana nezviripo kunze kwekuti masaramusi. Hatina kubvira tanzwa nezvazvo kubva kumadzitateguru edu."



الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

37. Musa akati: “Tenzi vangu vanoziva uyo anouya negwara kubva kwavari, uye neuyo achave nekufara munguva yekupedzisira muhupenyu hwemangwana. Zvirokwazvo, vasingatendi (muIslaam) havabudirire.”

38. Uye Farawo akati: “Imi madzimambo! Handizivi kuti mune mumwe mwari kunze kwangu. Saka ndivesere moto, iwe Haamaan, mokanya zvidhina nekuzvipisa, uye mondivakira manera kuti ndive ndinoona Mwari waMusa; uye zvirokwazvo, ndinofunga kuti Musa ndeuyo wevanyepi.”

39. Uye iye nemauto ake vaizvitutumadza munyika zvisina mvumo, uye vaifunga kuti havaizofa vakadzoka kwatiri.

40. Saka takamubata (takamutora) iye nemauto ake, uye tikavakanda mugungwa (uye tikavanyudza). Saka hona magumo (iwe Muhammad (SAW)) evatadzi.

41. Uye takavaita vatungamiri vaidaidzira kumoto, uye pazuva rekumutswa havazobatsirwi.

42. Uye takaita kuti kurengerwa (kutukwa) kuve kunovatevera pano pasi, uye nezuva rekumutswa, vachange vari pane avo vanhu vasingagamuchiri tsitsi dzaAllah.

43. Zvirokwazvo, takapa Musa mushure mokunge taparadza mapoka ekare Gwaro (Torah) sechiedza kuvanhu, uye nenhungamiro uye nyasha, kuti vave vanorangarira.

44. Uye iwe (Muhammad (SAW)) wainge usiri kudivi remabvazuva, apo takaburitsa pachena kuna Musa mirairo, uye wainge usiri pane vapupuri.

45. Asi takave tinosika mapoka (vanhu vakawanda mushure maMusa(AS)), uye kureba kwenguva kwakavadarika pavari. Uye iwe (Muhammad (SAW)) wakanga usiri mugari pakati pevanhu veMadyan (Midian) uchivaverengera ndima dzedu. Asi ndisu tairamba tichitumira (vatumwa).

46. Uye wainge (Muhammad (SAW)) usiri kudivi reToor (Gomo) apo takadaidzira (Zvinonzi Allah vakashevedza vatevedzeri vaMuhammad (SAW) uye vakadavira, kana kuti Allah vakashevedza Musa (AS)). Asi (wakatumwa) senyasha kubva kuna Tenzi vako, kunopa yambiro kune vanhu uko kusina kumbosvika muyambiri mushure mako, kuti vave vanorangarira.

47. Uye dai (tainge) tisina (kukutuma kuvanhu vekuMakkah), dai dambudziko rakavawira iro rakatungamidzwa nemaoko avo, vaizova vanoti: “Tenzi vedu! Sei musina kutitumirawo mutumwa? Taizova tinotevera ndima dzenyu uye taizova pakati pevatendi.”

48. Asi apo chokwadi chakauya kubva kwatiri, vakati: “Sei asina kupihwa zvakafanana nezvakapihwa Musa?” Havana kusatenda mune izvo zvakapuhwa Musa zvekare? Uye vanoti: “Mhando mbiri dzemasaramusi (Torah neQur’aan) dzinobatsirana!” Uye vanoti: “Zvirokwazvo, muzvose hatitendi.”

49. Taura (Muhammad (SAW)) kuti: “Hunzai gwaro kubva kuna Allah iro riri nani mugwara kudarika aya maviri (Torah neQur’aan), kuti ndiritevere, kana muri vechokwadi.”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

50. Asi vakasakudavira, ziva kuti vari kutevera zvido zvavo. Uye ndiani akarasika zvakanyanya kudarika uyo anotevera zvido zvake asina gwara kubva kuna Allah? Zvirokwazvo, Allah havatungamiriri vanhu vakaipa.

51. Uye muzvirokwazvo takave tinosvitsa shoko (Qur'aan) kwavari, kuti vave vanorangarira.

52. Avo vatakapa gwaro mushure mavo (Torah neVhangeri), vanotenda (vakadzidza pakati pavo) mariri (Qur'aan).

53. Uye kana rikaverengwa kwavari vanoti: "Tinotenda mariri. Zvirokwazvo, ichokwadi kubva kuna Tenzi vedu. Zvirokwazvo, mushure maro taive maMuslim (vanozvipira kuna Allah saAbdullah Ibn Salaam naSalmaan Al-Faarisi)."

54. Ava vachave vanopuhwa mubairo wavo kaviri nekuti vaive vanotsungirira, nekupfuudza zvivi nezvakanaka, uye kupa zvipo kubva kune izvo zvatakavapa.

55. Uye vakanzwa zvakaipa vanozvisudurudza kubva pazviri uye vanoti: "Kwatiri mabasa edu, uye kwamuri mabasa enyu. Rugare ngaruve kwamuri. Hatidi nzira yevasingazivi."

56. Zvirokwazvo, hautungamiri (Muhammad (SAW)) uyo waunoda, asi Allah ndivo vanotungamira uyo wavanoda. Uye vanoziva zvakanaka avo vakatungamirirwa.

57. Uye vanoti: "Kana tikave tinotevera gwara newe, tichava tinobviswa kubva munyika yedu." Hatina here kuvadzikunurira (kuvagadzika) nzvimbo inoera (Makkah), umo munounzwa michero yendudzi dzose, sekudya kunobva kwatiri, asi vakawanda vavo havazivi.

58. Uye maguta mangani atakaparadza, ayo aiva asingatendi raramo yavo (vasingateereri Allah uye vachitadza)! Uye idzo inzvimbo dzavo dzisina kumbogarwa mushure mavo kunze kwenguva shoma. Uye zvirokwazvo, takave vagari venhaka.

59. Uye Tenzi vako havamboparadzi maguta kusvikira vatumira muguta ravo hombe mutumwa achivaverengera ndima dzedu. Uye hatiparadzi maguta kunze kwekuti vagari vavo vari vatadzi.

60. Uye chero chii chamakapuhwa rufaro rwehupenyu hwepano pasi uye chishongedzo chawo, uye izvo zvina Allah (hupenyu hwemangwana) zviri nani uye hazviperi. Asi hamufungewo here?

61. Asi uyu watakavimbisa vimbiso tsvene (Paradhiso), iyo yaachawana iri yechokwadi, akafanana here neuyo watakaita kuti ave anofarira hupenyu hwepano pasi, uye nemusi wekumutswa achava pakati peavo vanounzwa (kunorangwa muGehena)?

62. Uye (rangarirai) zuva apo vachave (Allah) vanovadaidza vachiti: "Varipi avo (vamaiti) vabetseri vangu vamaitungamidza?"

63. Kune avo shoko richaita chokwadi kwavari (kuti varangwe) vachati: "Tenzi vedu! Ava ndivo vatakarasisa. Takavarasisa, semarasikiro ataivewo takaita. Tinoramba mhosva (kubva kwavari) pamberi penyu. Handisu vavainamata."

64. Uye zvichanzi (kwavari): “Daidzai avo vabatsiri venyu”, uye vachavadaidza, asi havavape mhinduro, uye vachaona marwadzo. (Vachave vanoshuvira kuti) dai vaive vakatungamirwa!

65. Uye (rangarirai) zuva iro (Allah) ravachadaidza vachiti: “Ndeipi mhinduro yamakapa vatumwa?”

66. Saka nhau (dzemhinduro yakanaka) dzichavanzika kwavari pazuva iroro, uye havazokwanisa kubvunzana.

67. Asi kune uyo akareurura, akatenda (muIslaam), uye akaita mabasa akanaka, achave pakati pevanhu vakabudirira.

68. Uye Tenzi vako vanosika icho chinhu chavanoda nekusarudza, uye (vanhu) havana sarudzo yavanayo (pachinhu chipi zvacho). Allah ndivo muyemurwi, uye ndivo vari pamusoro pane izvo zvavanosanganisa (sevabatsiri vavo).

69. Uye Allah vanoziva izvo zvavanoviga mumoyo yavo, uye zvavanoburitsa.

70. Uye ndiAllah: Laa ilaaha illaa Huwa (Hakuna chimwe chinhu chine kodzero yekunamatwa kunze kwavo). Kwavari ndiko kune rumbidzo dzese nekutendwa kwose mukutanga (pasi pano) uye mukupedzisira (muhupenyu hwemangwana). Uye ndivo vanotonga, uye kwavari ndiko kwamuchadzorerwa.

71. Taura (Muhammad (SAW)): “Ndiudzei! Dai Allah vakave vanoita kuti kurambe kuri husiku kusvika zuva rekumutswa, ndeupi mwari kusiya kwaAllah angakuunzirai chiedza? Asi hamunzwi here?”

72. Taura (Muhammad (SAW)): “Ndiudzei! Dai Allah vakave vanoita kuti kurambe kune chaedza kusvika zuva rekumutswa, ndeupi mwari kusiya kwaAllah angakuunzirei husiku kuti muve munozorora? Asi hamuoni here?”

73. Kubudirikidza netsitsi dzavo vakave vanokugadzirirai husiku nechaedza kuti muve munozorora mauri (husiku), uye kuti mutsvage makomborero avo (muchaedza), uyezve kuti muve vanhu vanotenda.

74. Uye zuva iro ravachashevedza (vasingatendi), uye vachati: “Varipi (avo vamaiti) vabatsiri vangu, avo vamaitaura?”

75. Uye tichave tinotora kubva murwudzi rwega-rwega mupupuri, uye tichati: “Hunzai humboo hwenyu.” Saka vachave vanoziva kuti chokwadi china Allah (voga), uye manyepo avo avaiunza achava anonyangarika kubva kwavari.

76. Zvirokwazvo, Qaaroon (Korah) aiva mumwe wevanhu vaMusa, asi aiva achizvitutumadza kwavari. Uye takamupa hupfumi, svumbunuro dzacho dzaitoremera varume vakagwinya. Rangarira apo vanhu vake vakati kwaari: “Usafare (nehupfumi usingatendi Allah). Zvirokwazvo, Allah havadi avo vanofara (nehupfumi vasingatendi Allah).”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

77. “Asi tsvaga neizvo Allah vakakukomborera nazvo, imba yemangwana, uye usakanganwe chidimbu chako chezvakatenderwa muhufaro hwepano pasi; uye ita zvakanaka sezvakaita Allah kwauri, uye usava unokonzeresa zvakaipa munyika. Zvirokwazvo, Allah havadi honzeri.”

78. Akataura kuti: “Izvi zvakave zvinopihwa kwandiri nekuda kweruzivo rwandinarwo.” Akanga asingazive here kuti Allah vakaparadza madzinza mushure make, varume vakanga vakasimba kupfuura iye vaine upfumi hwakawanda hwavakaunganidza? Asi vaiti vemabasa akaipa havasi kuzobvunzwa maererano nezviito zvavo (nekuti Allah vanoziva nokudaro vachapihwa marwadzo vasina kana nekumbotongwa).

79. Nokudaro akabva aenda kuvanhu vake akazvishongedza, avo vainyanyoda hupenyu hwepasi pano, vakati: “Aaa, tingadai taive neizvo zvakapihwa kuna Qaaroon! Zvirokwazvo, ndiye muridzi weupfumi huzhinji.”

80. Asi avo vakapihwa ruzivo (rwechitendero) vakati: “Matambudziko kwamuri! Makomborero aAllah (muupenyu hwemangwana) akanakira vatendi, uye nevanoita mabasa akanaka, uye hapana achakwanisa kuwana izvi kusara kweavo vanotsungirira.”

81. Nekudaro takamuita kuti ave anomedzwa nepasi uye nenzvimbo yake yokugara. Uye ange asina chikwata kana bato rinomubatsira kunze kwaAllah, uye aisave mumwe weavo vaikwanisa kuzvibatsira.

82. Uye avo vainyanyoda (chinzvimbo) sechake mumashure vakatanga kuti: “Chizivai kuti Allah vanopa hupfumi huzhinji kana kuderedza kune uyo wavanoda pavaranda vavo. Ingadai dzakanga dzisiri nyasha dzaAllah kwatiri, vangadai vakaita kuti tive tinomedzwa nevhu! Uye avo vasingatendi havasi kuzobudirira.”

83. Uyo musha wamangwana (Paradhiso), tichaugadziriria avo vasingatyore mitemo vachiramba chokwadi nepamusana pekuzvikudza uye udzvanyiriri nekukonzeresa panyika. Uye mhedzisiro tsvene ndeye avo vanoita mabasa akanaka (Tarisai Qur’aan 2: 2).

84. Uyo anounza zvitsvene, achawanawo zvitsvene; uye uyo anoita zvakashata, ivo vanoita mabasa akashata vachawaniswawo mukoho wezvavaiita.

85. Zvirokwazvo, avo vakakupa (Muhammad (SAW)) Qur’aan, vachakudzosa kuMa’aad (nzvimbo yekudzokera, kuda kuMakkah kana kuParadhiso). Taura (Muhammad (SAW)): “Tenzi vangu vanoziva maererano neuyo anounza gwara rakajeka, uye neuyo akarasika zvikurusa.”

86. Uye wakanga usingambotarisira kuti Gwaro iri (Qur’aan) richadzikisirwa kwauri, asi itsitsi kubva kuna Tenzi vako. Naizvozvo usava mubatsiri wevasingatendi.

87. (Iwe Muhammad (SAW)) usavaite kuti vakusiyise kuparidza ndima dzaAllah Tenzi kuvanhu mushure mekunge dzadzikiswa kwauri; uye shevedzera vanhu kuti vatende muhumwechete hwaTenzi vako. Zvekare usave mumwe wemaMushrikoon (vanosanganisa zvimwe zvinhu naAllah pakunamata).

88. Uye usava unodavidza pamwe naAllah zvimwe zvinamatwa. Laa ilaaha illaa Huwa (Hapana kana ane kodzero yokunamatwa kusara kwavo (Allah)). Zvinhu zvose zvichaparara kusara kwechiso chavo. Uye ndivo vane hutongi hwese, uye kwavari ndiko kwamuchadzorerwa (mese).

# CHITSAUKO AL-ANKABOOT

# (DANDEMUTANDE) 29

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Alif – Laam – Meem**. (Mavara aya ndemamwe ezviratidzo zvaAllah, uye hapana kana ani anoziva zvaanoreva kusara kwavo).

2. Asi vanhu vanofunga kuti vachangosiiwa vakadaro nekuti vataura kuti "Tinotenda" uye vasina kumboedzwa?

3. Uye zvirokwazvo takave tinoedza avo vaive mumashure mavo. Uye Allah vachaita kuti chokwadi cheavo vari muchokwadi chizivikanwe. Uye vachaita kuti manyepo evanyepi ave anozivikanzwa. (Kunyangwe Allah vachiziva zvese vasati vavaedza).

4. Kana kuti vanoita zvakaipa vanofunga kuti vachatinzvenga? Hapana kana nechisvinu pane izvo zvavanofunga!

5. Uyo anotarisira kusangana naAllah, zvirokwazvo, nguva yaAllah inotosvika, uye ndivo vanonzwa zvese, vanoziva zvese.

6. Uye uyo anoshanda nesimba (achirwisa), zvirokwazvo, anenge achizvishandira pachake. Zvirokwazvo, Allah havana kana nechavanoda kubva kuzvisikwa zvose (vanhu, maJinn nezvose zviripo).

7. Uye avo vanotenda (muIslaam) uye voita mabasa akanaka, zvirokwazvo, tichave tinoregerera zvitadzo zvavo, uye tovapa mubairo unoenderana nezvakanaka zvavaiita.

8. Uye takave tinokomekedza munhu kuti ave anoita mabasa akanaka uye nekuteerera vabereki vake; asi kana vakakumanikidza kusanganisa ini nezvimwe pakunamata, pamusoro peizvo hauna ruzivo nazvo, aiwa usavatevedzere. Kwandiri muchadzoka, uye ndichave ndinokuudzai izvo zvamaiita.

9. Uye avo vanotenda (muIslaam) uye vachiita mabasa akanaka, zvirokwazvo, tichaita kuti vave vanopinda (muParadhiso) pamwechete nevanoita mabasa akanaka.

10. Muvanhu mune vamwe vanoti: "Tinotenda muna Allah." Asi akawana dambudziko munzira yaAllah, anobva aona kunge muedzo wevanhu semarwadzo aAllah; uye kana kukunda kukauya

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

kubva kuna Tenzi vako, (vanyengedzi) vanobva vati: “Zvirokwazvo, taive pamwechete (tichikubatsirai).” Asi Allah havazive here zviri mumoyo yevanhu nemaJinn?

11. Zvirokwazvo, Allah vanoziva avo vanotenda, uye zvirokwazvo, vanoziva avo vanonyengedza.

12. Avo vasingatendi vanoti kune avo vanotenda: “Teverai nzira yedu tichave tinotakura zvitadzo zvenyu.” Havasi kuzombotakura zvitadzo zvavo. Zvirokwazvo, ava vanyepi.

13. Zvirokwazvo, vachatakura mabasa avo akaipa, uye vachatakura mamwe asiri avo, uye zvirokwazvo, pazuva rekutongwa vachave vanobvunzwa maererano nezvavaiwedzeredza.

14. Zvirokwazvo, takatumira Nowa kuvanhu vake, uye akagara navo kwemakore mazana mapfumbamwe nemakumi mashanu (950) (achivashevedza kuti vatende kuhumwechete hwaAllah). Nokudaro vakaparadzwa nemapopoma emvura apo vainge vasingatendi.

15. Naizvozvo takamununura (Nowa) uye nevaiva naye mungarava, uye takaita kuti (ngarava) ive chiratidzo kuvanhu nemaJinn (zvisikwa zvakasikwa nemoto).

16. (Rangarirai) apo Abrahamu akaudza vanhu vake kuti: “Namatai Allah (Voga), uye movatya. Izvi ndizvo zvakakunakirai kana muchiziva.”

17. “Zvirokwazvo, murikunamata zvidhori kunze kwaAllah, uye murikuwedzeredza manyepo. Zvirokwazvo, izvo zvamunonamata kunze kwaAllah hazvina kana nemasimba ekukupai raramo yenyu. Naizvozvo tsvakayi raramo yenyu kubva kuna Allah chete, uye vanamatei vari voga, uye mova munovatenda. Kwavari ndiko kwamuchadzorerwa.”

18. “Uye kana mukaramba, zvirokwazvo, madzinza aive mumashure menyu akaramba (vatumwa vavo). Uye basa remuporofita ndere kusvitsa shoko zvakakwana zviripachena.”

19. Havaoni here matangiro akaita Allah chisikwa, nekuchidzokorora (kuchisika). Zvirokwazvo, kuna Allah zvinhu zvidukusa.

20. Taura (Muhammad (SAW) kuti): “Fambai munyika moona sikiro yakaita Allah zvisikwa zvekare. Uye Allah vachaunza zvisikwa zvose zvehupenyu hwemangwana (vachazvimutsa mushure merufu). Zvirokwazvo, Allah vane masimba pamusoro pezvinhu zvose.”

21. Vanorwadzisa wavanoda, uye vanoratidza tsitsi wavanoda. Zvekare kwavari ndiko kwamuchadzorerwa.

22. Uye hamukwanisi kutiza Allah pano pasi zvimwechetezvo nekudenga. Zvekare hamumbowani mubatsiri kana muchengeti kusara kwaAllah.

23. Uye avo vanoramba kutenda mundima dzaAllah zvekare nekusangana navo, ndeavo vasisina tarisiro yekuwana tsitsi dzangu, uye ndivo vachazowana mutongo wakaomarara unorwadza.

24. Nokudaro hapana mhinduro yakabva kuvanhu vaIbrahim (Abrahamu) kusara kwekuti: “Muurayei kana kumupisa.” Naizvozvo Allah vakamununura kubva kumoto. Zvirokwazvo, mazviri mune zviratidzo kuvanhu vanotenda.



NEW & EXCLUSIVE

25. Uye Ibrahim (Abrahamu) akati: "Murikutora zviumbwa (mukunamata) kunze kwaAllah. Rudo rwenyu nderwe pano pasi chete. Asi pazuva rekumutswa muchavengana (mucharambana) mega mega, uye muchatsvinyirana pachenyu. Naizvozvo nzvimbo yenyu ichange iri kumoto, zvekare muchange musina kana vabatsiri."

26. Nekudaro Loti akatenda maari (Ibrahim (Abrahamu)). Iye Ibrahim (Abrahamu) akati: "Ndichatama kuzviitira Tenzi vangu. Zvirokwazvo, ndivo vane masimba ese, uye nehuchenjeri hwese."

27. Uye takave tinomupa (Ibrahim (Abrahamu)), Ishaaq (Isaka) naYa'qoob (Jakobho), uye takave tinokomekedza zvekare kuvana vake huporofita pamwe neMagwaro (Torah, Vhangeri neQur'aan), vose kubva kuvana vaIbrahim (Abrahamu), uye takave tinomupa mubairo wake pasi pano. Uye muzvirokwazvo, muupenyu hunotevera achange ari pamwe neavo vanoita mabasa akanaka.

28. Uye (rangarirai) apo Loti akaudza vanhu vake achiti: "Zvirokwazvo, murikuita chingochani (chitadzo chikurusa) chisina kana naani zvake mushure menyu (pakati pevanhu nemaJinn) akambochiita pasi pano."

29. "Zvirokwazvo, munoita chingochani pachenyu, uye kubvutira vanhu vari parwendo zvinhu zvavo! Uye munoita Al-Munkar (kusatenda nehunyengedzi nezvimwe zvitadzo) mumisangano yenyu." Asi vanhu vake havana zvavakapindura kusara kwekuti: "Ita kuti mutongo waAllah unorwadza uuye kwatiri kana uri mumwe weavo vanotaura chokwadi."

30. Akati: "Tenzi vangu! Ndipeiwo rubatsiro pamusoro pevanhu vanoita mabasa akaipa."

31. Uye apo vatumwa vedu vakauya kuna Ibrahim (Abrahamu) nenhaurwa tsvene vakati: "Zvirokwazvo, tichaparadza vanhu (vaLoti) veguta iri (Sodom kuPalestine); chokwadi, vanhu varo vatadzi."

32. Ibrahim (Abrahamu) akati: "Asika pakati pavo pana Loti." (Ivo vatumwa) vakati: "Tinoziva ari mukati maro. Tichave, zvirokwazvo, tinomununura (Loti) uye nemhuri yake kusara kwemudzimai wake, uyo achave anosara mumashure (nevatadzi uye oparadzwa navo)."

33. Uye pakaenda vatumwa vedu kuna Loti, ainge ava kutya nekuda kwavo uye nekusagadzikana. Ivo vakabva vati: "Usatye kana kushushikana! Zvirokwazvo, tichanunura iwe nemhuri yako kusara kwemudzimai wako, uyo achasara neavo vachasara (uye achaparadzwa navo)."

34. "Zvirokwazvo, tatova pedyo nekuburutsa marwadzo makurusa kuvanhu vedhorobha iri kubva kudenga, nekuda kwekuti vaityora mitemo yaAllah."

35. Uye naizvozvo takave tinosiya kubva kwariri chiratidzo (Gungwa reDead Sea kuPalestine) kuvanhu vanonzwisisa.

36. Uye kuMadyan (Midian), takave tinovatumira mukoma wavo Shuaib. Akavaudza kuti: "Imi vanhu vangu! Namatai Allah chete uye motarisira makomborero emabasa akanaka pazuva rekumutswa. Uye musave vanhu vanokanganisa seavo vanokanganisa."

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

37. Naizvozvo vakamuramba (Shuaib), nokudaro vakabva vavhiringidzwa nekundengendeka kwenyika. Vakabva vafa vakapfugama vari mudzimba dzavo.

38. Uye maAad pamwechete nemaThamood! Uye chokwadi (kuparadzwa kwavo) kwakaburitswa pachena kwamuri kubva munzvimbo dzavo dzavaigara. Chamangwiza (Satani) akanatsurudza mabasa avo (kuburikidza nehunyengedzi hwake), uye akavabvisa munzira yakatwasuka, kunyangwe zvazvo vakanga vakapiwa huchenjeri.

39. Uye takaparadza Qaaroon (Korah), Farawo, uye naHaamaan. Uye zvirokwazvo, Musa akauya kwavari nendima dziri pachena, asi vaizvitutumadza panyika, ivo vasingakwanisi kutiza (mutongo wedu wakaomarara).

40. Nekudaro takashungurudza umwe neumwe wavo maerano nezvitadzo zvake; pakati pavo pane avo vatakatumira mutongo (mhepo yeruzha nematombo ainaya sezvatakaita kuvanhu vaLoti), uye mavari mune vamwe vatakashungurudza neruzha rwakaomarara (sezvatakaita kumaThamood kana kuvanhu vaShuaib). Uye mavari mune vamwe vatakaita kuti vamedzwe nenyika (sezvakaitwa Qaaroon (Korah)), uye kubva mavari mune vamwe vatakanyudza mugungwa (sevanhu vaNowa kana vanhu vaFarawo). Naizvozvo vakanga vasiri Allah vaivakanganisira, ivo ndivo vaizvikanganisira pachavo.

41. Muenzaniso weavo vanotora vabatsiri kunze kwaAllah wakafanana newe dandemutande iro rinozvivakira imba, asi zvirokwazvo, imba yedandemutande haina kana nekusimba kwose, dai vaiziva.

42. Zvirokwazvo, Allah vanoziva izvo zvavanodavidza kunze kwavo. Ndivo vane simba rese, uye neungwaru hwose.

43. Uye mienzaniso iyi tinoiburitsa pachena kuvanhu, asi hapana achainzwisisa kusara kweavo vane ruzivo (rwaAllah nemicherechedzo yavo).

44. (Allah vakati kuna mutumwa Muhammad (SAW)): “Allah (voga) ndivo vakasika matenga nepasi rino muchokwadi (uye hapana kana ani akabatsirana navo pakuzvisika).” Zvirokwazvo, mazviri mune micherechedzo kuvanhu vanotenda.

45. Verenga (Muhammad (SAW)) zvakadzikiswa muGwaro (Qur’aan), uye ita minamato. Zvirokwazvo, munamato unodzivirira kubva kuzvitadzo zvikuru uye nemabasa akaipa. Uye zvirokwazvo, Allah kukurangarirai (pamberi pengirozi) chinhu chikurusa (kudarika kuvarangarira kwenyu muminamato). Uye Allah vanoziva zvose zvamunoita.

46. Uye musapokane nevanhu vegwaro (maJudha nemaKristu), kusara kwekuti zviri munzira iri nani (mashoko nenzira yakanaka kuvashevedzera kuIslaam), kusara kweavo vanoita zvakaipa kubva mavari. Uye taurai kuti (kwavari): “Tinotenda mune zvatakatumirwa nezvamakatumirwa, uye Mwari wedu naMwari wenyu mumwechete (Allah), uye kwavari tinozvipira (semaMuslim).”

47. Naizvozvo takatumira Gwaro (Qur'aan) kwauri (Muhammad (SAW)), uye avo vatakatumira magwaro (Torah neVhangeri) vanotenda mariri seavo avo vanemi (saAbdullah ibn Salaam). Uye hapana kana ani anoramba ndima dzedu kusara kweavo vasingatendi (muIslaam).

48. Uye hapana (Muhammad (SAW)) Gwaro rawakamboverenga mushure (me iri Qur'aan), kana kuti rawakambonyora neruoko rwako rwerudyi. Zvirokwazvo, dai wakambodaro, vatevedzeri vemanyepo vaisagutsikana (newe).

49. Asi ndima dzedu dziri pachena (dzinopa chimiro chamutumwa Muhammad (SAW) muTorah neVhangeri) dzakaiswa mumatundundu evanhu vakapiwa ruzivo (pakati pemaJudha nemaKristu). Uye hapana ani anoramba ndima dzedu kusara kwevaiti vemabasa akaipa.

50. Uye vanoti: "Ko sei zviratidzo zvisina kudzikiswa kwaari kubva kuna Tenzi vake?" Taura: "Zviratidzo zvinongove naAllah chete, uye ini ndinongova muyambiri chete ari pachena."

51. Havagutsikani here kuti takatumira Gwaro (Qur'aan) iro rinoverengwa kwavari? Zvirokwazvo, mazviri mune tsitsi neyambiro kune avo vanotenda.

52. Taura (kwavari Muhammad (SAW)) kuti: "Allah ndivo vanogona kuve mupupuri pakati pangu nemi. Vanoziva zvose zviri muchadenga nepasi." Uye avo vanotenda mumanyepo vasingatendi muhumwechete hwaAllah, ndivo vanhu vakarasikirwa.

53. Uye vanokukumbira kuti ukurumidzise mutongo (kwavari), uye ingadai pasina nguva yakatarwa, zvirokwazvo, mutongo ungadai wakatosvika kwavari nechakare. Uye zvirokwazvo, uri kuzouya kwavari nenguva isipi ivo vakarivara!

54. Vanokukumbira kuti ukurumidzise mutongo (kwavari), asi zvirokwazvo, moto weGehena uchavakomberedza ivo vasingatendi.

55. Pazuva rokuti marwadzo achavambundira kubva kumusoro uye kusvikira pasi petsoka dzavo, uye zvichataurwa kwavari kuti: "Ravirai izvo zvamaiita."

56. "Imi varanda vangu vanotenda! Zvirokwazvo, nyika yakakurisa. Naizvozvo namatai ini ndoga."

57. Chinhu chose chicharavira rufu. Uye kwatiri muchadzoserwa.

58. Uye avo vanotenda muhumwe hwaAllah, uye voita mabasa akanaka, zvirokwazvo, tichave tinovapa dzimba dzepamusoro kuParadhiso, kumucheto kwadzo pane nzizi dzinenge dzichierera, kuti vagaremo zvachose. Mubario mutsvene ndewe vasevenzi.

59. Avo vanotsungirira, uye vovimba naTenzi vavo chete (Allah).

60. Uye zvisikwa zvizhinji hazvitakuri kudya kwazvo, asi Allah ndivo vanozvipa kudya pamwechete nemi. Uye ndivo vanonyatsonzwa, vanonyatso ziva.

61. Uye kana ukavabvunza kuti: "Ndiyani akasika matenga nenyika pamwe nekusika zuva nemwedzi?" Chokwadi, vanopindura vachiti: "Allah." Saka seiko vachirasika?

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

62. Allah vanowedzera kudya nekuderedza kune uyo wavanoda kubva kuvaranda vavo. Zvirokwazvo, Allah ndivo muzivi wezvose.

63. Uye kana ukavabvunza kuti: "Ndiyani anonaisa mvura kubva kumatenga, uye okonzera kuti nyika irarame mushure mekufa kwayo?" Naizvozvo vanopindura vachiti: "Allah." Taura kuti: "Kurumbidzwa kwese nekutendwa kwese ndekwa Allah!" Asi vazhinji vavo havafunge.

64. Uye hupenyu hwepasi pano ndewe kutamba uye nekunakidzwa! Zvirokwazvo, hupenyu huchatevera mushure mekutongwa ndiwo hupenyu (husina kana magumo), asi dai vaiziva.

65. Uye kana vachipinda mungarava vanokumbira chengetedzo kubva kuna Allah, uye vachichenesa kutenda kwavo kuzviitira ivo chete. Asi kana vakaunzwa panyika mune zvakanaka, vanotanga kusanganisa Allah nezvimwewo pakunamata.

66. Naizvozvo havatendi izvo zvatakavapa uye vanotonakidzwa, asi nenguva isipi vachazviziva.

67. Uye havaoni here kuti takaita (Makkah) nzvimbo yakachengetedzeka, asi vanhu vazhinji vachibatwa (kana kuraiwa) munzvimbo dzakavakomberedza? Saka vanotenda here mumanyepo (zvimwe zvinamatwa kunze kwaAllah), uye vachiramba (kutenda) zvipo zvaAllah?

68. Uye ndiani ane udzvanyiriri kupfuura uyo anotaura manyepo pamusoro paAllah kana kuramba chokwadi (Islaam) kana chichinge chauya kwaari? Nokudaro hapana here nzvimbo yekugara kumoto wekuGehena yeavo vasingatendi (muIslaam)?

69. Uye avo vanoshanda (vanorwa) nesimba munzira yedu, zvirokwazvo, tichavatungamirira munzira dzedu (Islaam). Uye zvirokwazvo, Allah vane avo vanoita mabasa akanaka.

# CHITSAUKO AR-ROOM

# (MAROMA) 30

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Alif – Laam – Meem**. (Mavara aya ndemamwe ezviratidzo zvaAllah, uye hapana kana ani anoziva zvaanoreva kusara kwavo).

2. MaRoma akurirwa.

3. Munzvimbo yepadyo (Syria, Iraq, Jordan, nePalestine), uye mushure mekukurirwa vachazokunda.

4. Mumakore matatu kusvika mapfumbamwe. Urongwa hwezvichazoitika nezvakaitika hunongove chete naAllah. Uye pazuva iroro vatendi (maMuslim) vachafara (nekukunda kwemaRoma achikunda Persia).

5. Kuburikidza nerubatsiro rwaAllah. Vanobatsira uyo wavanoda, uye ndivo samasimba, vane ngoni zhinji.

6. Ivimbiso yaAllah (kuti vachaita maRoma akunde), uye Allah havatadze kubudirira pavimbiso yavo, asi vanhu vazhinji havazvizive.

7. Vanongoziva chete zviri pachena zveupenyu hwepasi rino (kutsvaga raramo, kurima, kukohwa, nezvimwe zvakadaro). Uye zveupenyu hwemangwana vakatorivara.

8. Vanombofungawo maererano ivo pachavo (nezvekusikwa kwavo here pasina kana chii zvacho, nekuti Allah vachazovamutsa)? Allah havana kusika matenga nenyika uye zviri mazviri kusara nechokwadi uye kwenguva yakatarwa. Asi zvirokwazvo vanhu vazhinji vanoramba kuti vachave vanosangana naTenzi vavo.

9. Havambofamba here munyika vachionawo mhedzisiro yeavo vaivepo mumashure mavo? Vakange vaine masimba mazhinji kuvadarika ivo, uye vairima panyika, uye vakaigara vakawandisa zvokutopfuura izvo zvavari (ava vasingatendi). Uye kwavari kwakauya vatumwa vavo nehumboo hutsvene. Zvirokwazvo, Allah havana kuvadzvanyirira, asi ivo ndivo vega vaizvidzvanyirira.

10. Huipi hwaive mhedzisiro yeavo vaiita mabasa akashata, nekuda kwekuti vakaramba ndima dzaAllah (humboo, zviratidzo nevatumwa) uye vaidzitsvinyira nekudzishora.

11. Allah (voga) ndivo vakatanga kusika zvisikwa, uye vachazvidzokorora, uye kwavari ndiko kwamuchadzorerwa.

12. Uye pazuva iro nguva ichasvika, avo vanoita mabasa akashata (vasingatendi nevatadzi) vachaparadzwa nekusurukirwa.

13. Panenge pasina kana mumiririri kubva pane avo vavaisanganisa naAllah pakunamata. Uye vavaisanganisa naAllah vacharamba shamwari dzavo (kutenda kwavo mavari).

14. Pazuva iro nguva ichasvika (yekutongwa), pazuva iroro vanhu vachasiyana pamwe nekupatsanurana (Vatendi kwavo uye vasingatendi kwavo).

15. Avo vakatenda (muhumwe hwaAllah) zvekare vakaita mabasa akanaka, vachava muhupenyu hwakanaka zvachose uye vari mubindu remufaro (Paradhiso).

16. Uye avo vaisatenda, uye vakaramba zviratidzo zvedu, uye kusangana kwehupenyu hwemangana, vachakandwa mumarwadzo emumoto (wemuGehena).

17. Naizvozvo kurumbidzwa ngakuve kuna Allah, apo pamunopinda panguva dzemanheru (nekuita minamato yeMaghrib neIsha), nepanguva dzemangwanani (nekuita munamato weFajr).

18. Uye ndivo vane rumbidzo mumatenga nepanyika; uye panguva dzemasikati (nekuita munamato weAsr) nepanguva apo pamunopinda masikati (nekuita munamato weDhuhr). (Ibn Abbaas vakati:

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

"Iyi ndiyo minamato mishanu inokomekedzwa pazuva vanhu vakaungana irikutaurwa muQur'aan)."

19. Vanoburitsa upenyu kubva kune chakafa, uye voburitsa chakafa kubva kune chipenyu. Uye vanomutsa nyika mushure mekufa kwayo. Uye ndiko kabuditsirwo (kamutsirwo) kamuchazoitwa.

20. Uye kubva muzviratidzo zvavo ndezvekuti vakakusikai imi (Adam) kubva muvhu, (uye Hawwa (Evha) kubva mumbabvu yaAdam, uye vana vake kubva mumvura), uye, tarisai, muri vanhu varifararira!

21. Uye kubva pazviratidzo zvavo vakave vanokusikirai madzimai kubva mamuri, kuti muwane kugutsikana mavari, uye vakaisa pakati penyu rudo uye tsitsi. Zvirokwazvo, mazviri mune micherechedzo kune avo vanhu vanofunga.

22. Uye kubva pazviratidzo zvavo pane kusikwa kwematenga nenyika, uye musiyano wemitauro yenyu neruvara rwemitumbi yenyu. Zvirokwazvo, mazviri mune zviratidzo kuvanhu vane ruzivo rwakakwana.

23. Uye kubva pazviratidzo zvavo pane kurara kwamunoita usiku uye panguva dzemasikati, uye nekutsvaga kwenyu zvimwe zvezvipo zvavo. Zvirokwazvo, mazviri mune zviratidzo kune avo vanhu vanoteerera.

24. Uye kubva pazviratidzo zvavo vanokuratidzai mheni kuti mutye uye nekuvimba, uye vanonaisa mvura kubva kumatenga, uye vopeputsa nayo pasirino mushure mekufa kwaro. Zvirokwazvo, mazviri mune micherechedzo kuvanhu vanonzwisisa.

25. Uye kubva pamicherechedzo yavo matenga nenyika zvinotevedzera mirairo yavo. Uye mushure mezvo vachakudanai kamwe, naizvozvo muchabuda kubva pasi (kubva mumakuva kuzotongwa).

26. Ndivo muridzi hwechose chiri mumatenga nepanyika. Uye zvese zvinovateerera.

27. Uye ndivo vakasika zvisikwa kwekutanga, uye vachazvisika zvekare (mushure mekuparadzwa kwazvo), uye izvi zviri nyore kwavari. Ndivo vane mucherechedzo hwepamusoro mumatenga nenyika (hapana chimwe chinhu chinofanirwa kunamatwa kusara kwavo, uye hapana chakafanana navo). Uye ndivo samasimba, vane ungwaru hwese.

28 Uye vanokupai muenzaniso kubva kwamuri. Mune here vabatsiri kubva pavaranda venyu vekudyidzana navo zvakafanira paupfumi uyo watakakupai, uye vamunotya sokutya kwamunoita vamwe? Kudaro tinotsanangurira zviratidzo zvizere avo vanhu vanonzwisisa.

29. Asi avo vanoita mabasa akaipa vanotevedzera zvido zvavo vasina ruzivo. Ko! Pane here anozokwanisa kutungamirira uyo Allah vanenge vaburitsa mugwara rakanaka? Uye vachange vasina kana vabatsiri.

30. Naizvozvo, taridza (Muhammad (SAW)) chiso chako kuchitendero (cheIslaam) wova Haneef (uyo asinganamati chimwe chinhu kusara kwaAllah). Chitendero chaAllah, icho vakasikira

vanhu. Pasave neshanduko pachitendero chaAllah. Ichi ndicho chitendero chakatwasuka, asi vanhu vazhinji havazvizivi.

31. Uye (rambai) muchikumbira ruregerero kwavari chete, uye vatyei muchitevedzera zvekare mirairo yavo, uye itai Swalaah (Namatai), uye musava pakati peavo vanonamata zvidhori.

32. Kune avo vanosiya chitendero chavo cheIslaam vovamumapoka (vachiunza zvinhu zvitsva (Bid'ah) uye vachitevedzera zvido zvavo), rimwe nerimwe boka richifara nezvarinazvo.

33. Uye kana vanhu vakawirwa nedambudziko, zvirokwazvo vanochemera kuna Tenzi vavo (Allah) vachikumbira ruregerero kubva kwavari. Asi kana Allah vakavaratidza nekuvaravidzisa nyasha dzavo, aiwa, chimwe chikwata chavo chinotobva chasanganisa Tenzi vavo nezvimwe zvinamatwa.

34. Kuti vasakwanise kutenda zvipo zvatakavapa. Uye chimbofarai (kwekanguva kadiki), asi nenguva isipi muchazviziva.

35. Kana kuti takavadzikisira mutemo (Gwaro), uyo unotaura maererano neizvo vaivasanganisa nazvo (Allah)?

36. Uye tikaita kuti vanhu vave vanoravira tsitsi vanobva vafara nadzo; asi matambudziko akaipa akavawira nekuda kwezvakavaita nemaoko avo, aiwa, vanobva vashaya tarisiro!

37. Asi havaoni here kuti Allah vanopamhidzira raramo zhinji kune uyo wavanoda uye kuderedza? Zvirokwazvo, mazviri mune micherechedzo kune avo vanhu vanotenda.

38. Saka ipa hama kodzero dzake, anoshaya uye munhu ariparwendo. Izvi ndozvinhu zvitsvene kune avo vanotsvaga nyasha dzaAllah; uye ndivo vachange vakabudirira.

39. Uye kune izvo zvamunopa sezvipo kune vamwe nechinangwa chekuti zviwedzerwe kubva pazvinhu zvevamwe vanhu, chokwadi kuna Allah hazviwedzerwi huwandu. Asi kune izvo zvamunopa seZakaah (zvipo kuvarombo) muchitsvaga nyasha dzaAllah, aiwa, vanodaro vachawana kupamhidzirwa kwakakura.

40. Allah ndivo vakakusikai, vakakupai kudya, uye vachakuitai kuti mufe, zvekare vokupai hupenyu (Pazuva rekutongwa). Kune here vamunoti vabatsiri venyu kuna Allah vangakwanise kuita zvakadaro? Kukudzwa kwese ndekwavo! Uye kurumbidzwa kwose ndekwavo pamusoro pezvose zvavanovasanganisa (navo).

41. Zvivi zvakauya pano pasi uye nemumakungwa nekuda kwezvinoitwa nevanhu, kuti ivo (Allah) vavaravidzise chidimbu chezvavaiita, kuti vave vanodzokera (kururegerero netsitsi dzaAllah).

42. Taura (iwe Muhammad (SAW)) kuti: "Fambai munyika uye moona magumo eavo vaive mumashure menyu! Vazhinji vavo vaiva maMushrikoon (Avo vanonamata zvimwe zvinhu vachizvisanganisa naAllah)."

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

43. Saka taridza (iwe Muhammad (SAW)) chiso chako kunzira yakatwasuka uye nechitendero chechokwadi (Islaam), kusati kwauya zuva iro risina kana angarimisa kubva kuna Allah. Zuva racho vanhu vachapatsanurwa (mapoka maviri, rimwe boka kuParadhiso uye rimwe kuGehena).

44. Uyo asingatendi acharwadzisirwa kusatenda kwake. Asi uyo anoita mabasa akanaka, vakadaro vanenge vachizvigadzirira nzvimbo yavo yakanaka (kuParadhiso).

45. Kuti vave vanobhadhara avo vanotenda (muhumwechete hwaAllah) uye nokuita mabasa akanaka kubva mumakomborero avo. Zvirokwazvo, (Allah) havafarire avo vasingatendi.

46. Uye kubva muzviratidzo zvavo vanotumira mhepo dzichiunza mufaro, vokuravidzisai tsitsi dzavo (mvura), uye kuti ngarava dzifambe kuburikidza nemurawo wavo, kuti mutsvage makomborero avo, uye kuti muve vanhu vanopa kutenda.

47. Uye zvirokwazvo takave tinotumira vatumwa kuvanhu vavo mushure mako (Muhammad (SAW)). Vakaenda kwavari nemicherechedzo iri pachena, uye tikatsiva kune avo vaiita zvakaipa (kusatenda nezvimwe zvitadzo). Uye kuvatendi zvakave zvinokomekedzwa kwatiri kuvabatsira.

48. Allah ndivo vanotumira mhepo kuti ihwidze makore, uye kumaparadzira muchadenga nekuda kwavo, uye kumapatsanura muzvidimbu kusvikira maona madonhwe emvura kubva pakati pavo! Kana vachinge vaita kuti adonhe kune uyo wavanoda pavaranda vavo nekuda kwavo, vanova vanofara!

49. Uye muzvirokwazvo mushure mayo (mvura), mushure isati yatumidzwa kwavari, vaive vasina tarisiro!

50. Tarisa uone magumo etsitsi dzaAllah, mumutsiro avanoita ivhu mushure mekufa kwaro. Zvirokwazvo, vachamutsa vafi (pazuva rekumutswa), uye vanokwanisa kuita zvose.

51. Uye zvirokwazvo kana tikatumira mhepo (inoparadza zvirimwa), uye vozviona zvaoma, aiwa, vanova mushure mezvo (mushure mekufara) vasingatendi (Tenzi vavo).

52. Saka muzvirokwazvo iwe (Muhammad (SAW)) haungambokwanisa kuti vafi (vasingatendi) namatsi vakwanise kunzwa kushevedzwa apo vanenge vafuratira vachienda.

53. Uye iwe (Muhammad (SAW)) haungambotungamire mapofu kubva mukurasika kwavo, asi unongokwanisa chete kuita kuti avo vanotenda mumicherechedzo yedu vanzwe, uye vanozvipira kuna Allah muIslaam.

54. Allah ndivo vakakusikai mune urwere (musina simba), vakakupai simba mushure mekushaiwa simba, uye mushure mesimba vakakupai kushaiwa simba pamwe nevhudzi jena. Vanosika izvo zvavanoda, uye vane ruzivo, nemasimba ezvose.

55. Pazuva iro nguva ichavepo (Qiyaamah), avo vanoita zvisakarurama vachapika vachiti havana kumbogara (panyika) kusara kwekanguva kadiki. Naizvozvo vakave nekudzimaidzwa (kubva kuchokwadi).

56. Uye avo vakapihwa ruzivo pamwe nekutenda vachati: “Zvirokwazvo, makagara sekutara nekunyorerwa kwamainge maitwa naAllah kusvikira pazuva rekumutswa. Saka iri ndiro zuva rekumutswa, asi imi makange musingazvizive.”

57. Saka zuva iroro kukumbira kwavo hakusi kuzombobatsira avo vaiita mabasa asakarurama, uye havasi kuzombobvumidzwa kudzokera kuti vave vanofadza Allah (nekutenda nekuita mabasa akanaka).

58. Uye zvirokwazvo takave tinotsanangura kuvanhu micherechedzo yose mugwaro iri (Qur’aan). Asi iwe (Muhammad (SAW)) kana ukavaunzira micherechedzo iyi kana humboo, muzvirokwazvo avo vasingatendi vachati (kune avo vanotenda): “Hapana chamurikutevedzera kusara kwemanyepo pamwe nemapipi.”

59. Saizvozvo Allah vanovhara moyo yeavo vasingazive (humboo hwehumwechete hwaAllah).

60. Saka tsungirira (iwe Muhammad (SAW)). Zvirokwazvo, vimbiso yaAllah ndeyechokwadi; uye usave unoshungurudzika (unodzikisirwa) neavo vasingade kutenda.

# CHITSAUKO LUQMAAN 31

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Alif – Laam – Meem**. (Mavara aya ndemamwe ezviratidzo zvaAllah zviri muQur’aan, uye hapana anoziva zvaanoreva kusara kwaAllah).

2. Idzi ndidzo ndima dzegwaro rehungwaru (Qu’aan).

3. Nhungamiriri netsitsi kuvanhu vanoita mabasa akanaka.

4. Avo vanoita Swalaah (Munamato) uye vachipa Zakaah (Zvipo kuvarombo) pamwe nekutenda muzvirokwazvo muupenyu hwamangwana.

5. Avo vari mugwara raTenzi vavo, uye ndivo vakabudirira.

6. Uye kubva muvanhu pane uyo anozvitsvagira mitauro isina kana nematuro (Kuimba, nziyo, nezvimwe zvakadaro) kuti atsaudzire vanhu kubva munzira yaAllah asina kana neruzivo, uye anotsvinyira (nzira yaAllah kana ndima dzemuQur’aan). Avo kwavari kuchave nemutongo unonyadzisa (mugomba remoto).

7. Uye kana ndima (dzeQur’aan) dzikave dzinoverengwa kwaari, anodzitendeukira nekudzifuratira mukuzvikudza nekuzvitutumadza, sekunge asingambodzinzwe, sekunge asinganzwi nenzeve. Saka mutaurire maererano nezvemarwadzo akaoma.

8. Zvirokwazvo, avo vanotenda (muIslaam) uye nekuita mabasa akarurama, vachawana mapindu eraramo inoyevedza (Paradhiso).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

9. Kuti vagare maari. Uye vimbiso yaAllah ndeyechowadi. Uye ndivo samasimba, vane ungwaru hwose.

10. Vakave vanosika matenga pasina kana mitsigo yamunoona, uye vakave vanodzikinura makomo kuitira kuti pasi rino risandengendeke nemi. Uye vakave vanoparadzira mariri mhuka dzakasiya siyana dzinofamba. Uye tikave tinotumira mvura (yekunaya) kubva mumatenga, uye tikaita kuti (zvirimwa) zvakasiyana-siyana zvikure mariri.

11. Izvi ndizvo zvisikwa zvaAllah. Saka nditaridzei izvo zvakasikwa (nevamunoti vanamwari) vasiri ivo. Asi avo vasingatendi vakarasika zviri pachena.

12. Uye takave tinopa Luqmaan uchenjeri (nenzwisiso yechitendero) tichiti: "Ipa kutenda kuna Allah." Uye uyo anopa kutenda kuna Allah, anopa kutenda (kunomubatsira) pachezvake. Uye uyo asingatendi kuna Allah, aiwa, zvirokwazvo Allah vakapfuma, vanerukudzo rwose.

13. Uye (rangarirai) apo Luqmaan achiraira mwanakoma wake akati: "Iwe mwanakomana wangu! Usave unosanganisa zvimwe zvinamatwa naAllah, nekuti muzvirokwazvo Shirk (Kusanganisa nezvimwe zvinamatwa) chinhu chakaipa zvikuru."

14. Uye takave tinokomekedza kumunhu kuti (ave nerukudzo) kuvabereki vake. Amai vake vakave nekumutakura muurwere nemumatambudziko pamusoro peurwere nematambudziko, uye kumuyamwisa (nekubvisa pazamu) kwemakore maviri. Nokudaro ipai kutenda kwandiri nekuvabereki venyu. Kwandiri ndiko chete kune magumo.

15. Asi vakakumanikidza kusanganisa zvimwe zvinamatwa neni izvo usina ruzivo nazvo, saka usave unovatevedzera; asi gara navo mune zvakanaka panyika, zvekare wotevedzera nzira yeuyo anokumbira ruregerero rwangu murukudzo. Uye kwandiri muchadzoka, ndove ndinokuudzai izvo zvamaiita.

16. "Iwe mwanakomana wangu! Kana paine (chimwe chinhu) chakaenzana neshanga remhodzi muuremu, uye kunyangwe riri mudombo, mumatenga kana pasi, Allah vachariburitsa pachena. Zvirokwazvo, Allah vanokwanisa (kuburitsa), uye vanoziva zvose."

17. "Iwe mwanakomana wangu! Ita Swalaah (Namata), uye wokurudzira vamwe kuita mabasa akanaka, uye wodzivisa (vanhu) kuita zvisakarurama, zvekare wotsungirira pane zvose zvichakuwana. Zvirokwazvo, iyi ndeimwe yemitemo yakakosha (yakakomekedzwa naAllah)."

18. "Uye usave unotendeukira vanhu mukuzvikudza, kana kufamba uchizvidhonza (uchizvitutumadza) panyika. Zvirokwazvo, Allah havade munhu anozvikudza nekuzvitutumadza."

19. "Uye famba zvinemutsigo, zvekare dzikisa izwi rako (pakutaura). Zvirokwazvo, izwi rakazhandukira pamazwi ose kuchema kwembongoro."

20. Hamuone here kuti Allah vakaita kuti zviri mumatenga nepanyika zvive pasi penyu, uye vakazadzisa uye vakakupai ropafadzo dzavo (dzose) dzinoonekwa (Islaam, Upfumi, Utano nezwimwe zvakadaro) nedzisingaonekwi (Kutenda kuna Allah, Ungwaru, Ruzivo nezvimwe


الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

zvakadaro) (kuti mudzishandise)? Asi kubva muvanhu mune avo vanopokana pamusoro paAllah vasina ruzivo, kana nhungamiro, kana gwaro zvaro rinopa chaedza!

21. Uye kana zvikataurwa kwavari kuti: “Teverai izvo zvakadzikiswa naAllah”, vanobva vati: “Aiwa! Tinotevedzera izvo takawana madzitateguru edu (achitevedzera).” (Vachaiita kudaro) kunyangwe zvazvo (Satani) achivadavidza kumarwado emoto?

22. Uye uyo munhu anenge azvipira kuna Allah, achiita mabasa akarurama, anenge atobatirira chimubato chakavimbika (Laa ilaaha illallaah (Hakuna chimwe chinhu chine kodzero yekunamatwa kusara kwaAllah)). Uye kuna Allah ndiko kunodzokera mhereredzo yose.

23. Uye uyo anenge asingatendi, kusatenda kwake kusakushungurudze (Muhammad (SAW)). Kwatiri ndokwavachadzokera, uye tovataurira maererano neizvo zvavaiita. Zvirokwazvo, Allah vanoziva zvikuru zviri muhana.

24. Tinovasiya kuti vafare zvishoma, uye mumagumo avo tichavasungira kuti vapinde mumurango mukuru.

25. Uye kana iwe (Muhammad (SAW)) ukavabvunza: “Ndiyani akasika matenga nenyika,” zvirokwazvo vachakupindura kuti: “Allah.” Taura: “Kurumbidzwa kwose nekutendwa ngazvive kuna Allah!” Asi vazhinji vavo havazvizivi.

26. Allah ndivo muridzi wezvose zviri mumatenga uye nepasi. Zvirokwazvo, Allah, ndivo mupfumi, vane kodzero yekurumbidzwa.

27. Uye dai miti yose iri panyika yaiva zvinyoreso, uye gungwa (riri ingi yekunyoresa), kusanganisira makungwa manomwe ari mumashure achidira mariri, asi mashoko aAllah haapfuudzike. Zvirokwazvo, Allah ndivo samasimba, uye vane ungwaru hwose.

28. Kusikwa kwenyu uye nekumutswa kwenyu mose kwakangofanana nekusika munhu mumwe chete nekumumutsa. Zvirokwazvo, Allah ndivo munzwi wezvose, muoni wezvose.

29. Hauoni here (Muhammad (SAW)) kuti Allah ndivo vanoita kuti usiku upinde muzuva, uye zuva ripinde muusiku, uye vakasika zuva nemwedzi, chimwe nechimwe chichifamba nenguva yakatarwa; uye kuti Allah vanoziva zvose zvamunoita.

30. Nemhaka yekuti Allah ndivo vechokwadi, uye zvimwe zvose zvavanosheedza kusiya kwaivo, chokwadi, manyepo; uye kuti Allah ndivo vari pamusoro, ndivo mukuru.

31. Hauoni here kuti ngarava dzinofamba mumakungwa nekuda kwetsitsi dzaAllah kuti vave vanokutaridzai micherechedzo yavo? Zvirokwazvo, mazviri mune micherechedzo kune uyo anotsungirira achipa kutenda.

32. Uye kana vakakomberedzwa nemasai-sai kunge mumvuri, vanokumbira kuna Allah, vachikumbira kwavari ivo chete. Asi kana vaunzwa panyika yakanaka, mavari mune avo vanomira pakati (pekutenda nekusatenda). Asi hapana anoramba micherechedzo yedu kusara kweuyo asina moyo wekutenda.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

33. Imi vanhu! Ityai Allah Tenzi venyu, uye ityai iro zuva apo baba vanenge vasingakwanise kubatsira mwanakomana wavo, kana mwanakomana kubatsira baba vake. Zvirokwazvo, vimbiso yaAllah ndeyechokwadi. Musave munonyengedzwa nehupenyu hwanhasi, kana mambo wevanyengedzi (Satani) ave anokunyengedzai pamusoro paAllah.

34. Zvirokwazvo, Allah vega ndivo vane ruzivo rwenguva. Vanotumidza mvura, uye vanoziva zviri mumimba (dzana amai). Uye hapana anoziva zvaachawana mangwana, uye hapana anoziva uko kwaachafira. Zvirokwazvo, Allah ndivo vanoziva zvizere (zvinhu zvose).

# CHITSAUKO AS-SAJDAH

# (KUPFUGAMA) 32

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Alif – Laam – Meem**. (Mavara aya ndemamwe ezviratidzo zvaAllah zviri muQur'aan, uye hapana anoziva zvaanoreva kusara kwavo).

2. Kudzikinurwa kweGwaro (Qur'aan) iro mariri musina kusagutsikana kubva kunaTenzi vepasi rino (vanhu, maJinn nezvese zvirimo)!

3. Kana kuti vanoti: "(Muhammd (SAW)) azvigadzirira pachake?" Kwete! Ichokwadi kubva kuna Tenzi vako, kuti uyambire avo vanhu vasati vamboshanyirwa nemuyambiri mumashure kwako, kuitira kuti vave vanhu vakatungamirirwa.

4. Allah ndivo vakasika matenga nepasi pano, uye nezvose zviri mukati pamazuva matanhatu, ndokusimuka vachienda pamusoro pechigaro chavo cheumambo (nenzira inofanira humambo hwavo). Kwamuri imi vanhu hakuna kana anokwanisa kuita semubatsiri, muchengetedzi kana mumiriri kusara kwavo (Allah). Ko hamusimbozvirangarirawo here?

5. Ndivo vanokwanisa kutanga uye kupedzesa hurongwa kubva mumatenga kusvika pano pasi. Zvekare hurongwa hwese hunodzokera kwavari pazuva rimwe, rakaenzana nemakore chiuru sekuverenga kwamunoita (makore panyika).

6. Ndivo vanoziva zvose zvakavandika uye nezviri pachena, samasimba, vane nyasha zhinji.

7. Ndivo vakasika zvinhu zvose mune zvakanaka uye vakasika munhu kubva muvhu.

8. Ndokubva vasika vana vake kubva mumvura yomunosema (mvura kubva mukusangana kwevanhurume pamwe nevanhukadzi).

9. Zvekare vakave vanomuumba mune zvakanaka, uye vakafemera mweya (wavakagadzira) maari; uye vakakupai nzeve, maziso pamwe nemoyo. Asi munotenda zvishoma!

10. Uye vanobvunza kuti: “Kana tichinge taora muivhu (tafa), zvirokwazvo tinozosikwa patsva zvekare here?” Asi vanoramba kuti vachasangana naTenzi vavo!

11. Taura kuti: “Iyo ngirozi yerufu yamakatarirwa ichave inotora upenyu hwenyu. Uye muchave munounzwa pamberi paTenzi venyu.”

12. Uye uchaona avo vanoita mabasa akaipa uye vasingatendi muhumwechete hwaAllah vachirembedza misoro yavo pamberi paTenzi vavo vachiti: “Tenzi wedu! Tazviona nekunzwa. Saka titumirei zvekare panyika kuti tive tinoita mabasa akanaka. Zvirokwazvo, tave tinotenda zvizere.”

13. Uye ingadai taida, taitungamirira munhu wose. Asi shoko rinobva kwandiri rakanyanyo sevenza (kuvaiti vezvakaipa), kuti ndichazadza vanhu namaJinn pamwechete mugomba remoto.

14. Saka ravirai marwadzo nekuda kwekuti makakanganwa kusangana kwenyu nezuva iri. Chokwadi, nesu tichave tinokukanganwai. Saka ravirai mutongo usingaperi nekuda kwezvamaiita.

15. Avo vanotenda mundima dzedu ndivo chete vanoti vakayeuchidzwa maererano nezvadzo vanogwadama, uye vorumbidza ukuru hwaTenzi vavo, uye havazvitutumadzi.

16. Mativi avo anorasa (anosiya) mibhedha yavo, vokumbira kuna Tenzi vavo vachitya uye nekutarisira, uye vanopa (zvipo munzira yaAllah) kubva pane zvatakavapa.

17. Hapana kana munhu anoziva zvakavanzika zvinofadza semubairo wezvavaiita.

18. Vanofanana here uyo anotenda neuyo asingatendi (asingateereri Allah)? Aiwa havana kufanana.

19. Kune avo vanotenda (muhumwechete hwaAllah) uye voita mabasa akanaka, vachawana mapindu eParadhiso ekugara vachifara (vachibatwa zvakanaka) nekuda kwezvavaiita.

20. Asi avo vanoramba kutenda uye nekuteerera Allah, vachange vari kumoto. Nguva dzose vanenge vachishuvira kubudamo, vachange vachidzorerwamo. Zvichange zvinotaurwa kwavari kuti: “Ravirai marwadzo emoto uyu wamairamba.”

21. Uye zvirokwazvo, tichavaiita kuti varavire mutongo wepadyo (paupenyu hwepano pasi sekurasikirwa neupfumi) pamberi pemutongo mukuru (hwemangwana), kuti vave vanodzoka (kuIslaam).

22. Uye ndeupi anonyanya kukanganisa kupinda uyo anoyeuchidzwa pamusoro pezvendima dzaTenzi vake obva adzitendeukira? Zvirokwazvo, vatadzi tichavarwadzisa (tichavaranga).

23. Uye muzvirokwazvo takave tinopa Musa, Gwaro (Torah). Saka usave nekusagutsikana nekuzosangana naye (paMi’raaj (Rwendo rwekudenga rwaMuhammad (SAW)). Zvekare takariita (Gwaro reTorah) nhungamiriri yevana veIziraeri.

24. Uye takave tinosarudza kubva kuvana veIziraeri vatungamiriri, kuti vape nhungamiro pasi pemirawo yedu apo pavaive vachitsungirira, uye muzvirokwazvo vachitenda mundima dzedu.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

25. Zvirokwazvo, Tenzi vako vachatonga pakati pavo pazuva rekumutswa maererano neizvo zvavaipokana.

26. Haisi nhungamiro yavo here kuti zvikwata zvingani zvatakaparadza mushure mavo izvo munzvimbo yavo ndivo mavanofambira? Zvirokwazvo, mazviri mune zviratidzo. Ko havanzwewo here?

27. Havaone here kaendesero katinoita mvura kunzvimbo yakaoma, uye tobuditsa nayo zvirimwa kuti zvizova kudya kwemhuka dzavo uye naivo? Havaone here?

28. Vanoti: "Ko iro zuva rekutongwa riripo rinhi kana muchitaura chokwadi?"

29. Vataurire kuti: "Pazuva rekutongwa, kutenda kwavo (pazuva iroro) avo vasingatendi hakumbovabatsiri! Uye havasi kuzombopiwa kana nguva (yekukumbira ruregerero)."

30. Naizvozvo iva unovafuratira (iwe Muhammad (SAW)) wova unomirira. Zvirokwazvo, vakamirirawo (zvekare).

# CHITSAUKO AL-AHZAAB

# (MAPOKA AKABATANA) 33

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Iwe muporofita (Muhammad (SAW))! Itya Allah nekuchengetedza basa ravo rawakapiwa, uye usateerere vasingatendi nevanyengedzi. Zvirokwazvo, Allah vanoziva zvose, vane hungwaru hwose.

2. Uye tevedzera izvo zvakadzikiswa kwauri kubva kuna Tenzi vako. Zvirokwazvo, Allah vanoziva zvose zvamunoita.

3. Uye vimba naAllah, uye Allah ndivo vanokwanisa chete kuva Wakeel (Muvimbwa naye uye mufambisi wenyaya dzese).

4. Allah havana kumbobvira vasika munhu mumwechete ane moyo miviri mumuviri wake. Uye havana kuita ayo madzimai enyu vamunopikira kuti vakafanana navanaamai venyu, vanaamai venyu vechokwadi (Dhihaar: Murume kuudza mudzimai wake kuti kwaari akafanana nemusana waamai vake, achireva kuti haabvumidzwi kuswedera pedyo (kuita bonde) naye). Uye havana kuita vana vamunotora muchichengeta, vana venyu vechokwadi. Uku kunongova kutaura kwenyu chete nemiromo yenyu. Asi Allah vanotaura chokwadi, uye vanotungamirira kunzira yakatwasuka.

5. Vashevedzei (vana vamunochengeta) nemazita avana baba vavo, izvo ndizvo zvitsvene pamberi paAllah. Asi kana musingazivi mazita avana baba vavo, vatorei samadzikoma enyu mukutenda

uye vasunungurwa venyu. Uye hapana kana chitadzo chamunowana maererano nezvamunoita musingazive kusara kweizvo moyo yenyu inotoronga kuita. Uye Allah vanoregerera zvikuru, uye vane nyasha zhinji.

6. Muporofita ari padyo nevatendi kupinda ivo pachavo, uye madzimai ake ndavanaamai vavo (mukutenda, nekuremekedzwa uye havabvumidzwi kuvaroora). Uye hukama hweropa pakati pavo huri pedyo mukuronga kwaAllah (maererano nenhaka) kupinda (hukama) hwevatendi uye maMuhaajiroon (vatami kubva kuMakkah), kusiya kwekuti moita zvakanaka kune avo madzikoma venyu. Izvi zvakare zvakanyorwa mugwaro rehurongwa hwaAllah (Al-Lauh Al-Mahfoodh).

7. Uye (rangarirai) apo takave tinotora chitsidzirano kumaporofita uye kubva kwauri (iwe Muhammad (SAW)), zvekare kubva kunaNowa, Ibrahim (Abrahamu), Musa, pamwe naIsa (Jesu) mwana waMariya. Takave tinotora chitsidzirano chakasimba kubva kwavari.

8. Kuitira kuti vave vanobvunza vechokwadi (maporofita) maererano nechokwadi chavo (kuti vakasvitsa shoko raAllah here ravakapihwa?). Uye vakagadzirira vasingatendi mutongo unorwadza.

9. Imi vatendi! Rangarirai chipo chaAllah kwamuri, apo chikwata chaipokana nemi chakauya kwamuri, tikave tinotumira mhepo pamwe nemauto (ngirozi pahondo yeAhzaab) amusina kumboona. Uye Allah vanoona zvose zvamunoita.

10. Apo vakauya kwamuri nekumusoro pamwe nepasi kwenyu, uye apo maziso akave anokura achitya, moyo ikava inosvika mumitsipa. Zvekare mainge musina kugutsikana maererano naAllah.

11. Ipapo vatendi vakave vanoedzwa uye vakave vanondengendeswa zvakaomarara.

12. Uye apo vanyengedzi pamwe neavo muhana dzavo mune chirwere vakati: “Allah nemutumwa wavo (SAW) hapana chavakativimbisa kusara kwenyengedzo!”

13. Uye chimwe chikwata chavo pachakati: “Imi vanhu vekuYathrib (Madinah)! Hapana zvamungavaite (vavengi)! Naizvozvo dzokerai!” Uye chikwata pakati pavo chakave chinokumbira mvumo (yekudzokera) kuna muporofita (SAW) vachiti: “Zvirokwazvo, misha yedu yakatovhurika (kuvavengi).” Asi iyo isina kutombovhurika. Asi vaisada kusara kwematiziro.

14. Uye dai vavengi vakapinda nemumativi ose (eguta), uye vakave vanokwezverwa kumiedzo (kusiya Islaam), zvirokwazvo, vaizviita uye vaizengurira zvishoma.

15. Uye zvirokwazvo vakanga vatotora chitsidzo naAllah mumashure kuti havasi kuzombotendeudza misana yavo (vachisiya Islaam), uye chitsidzo naAllah chinofanirwa kupindurwa.

16. Taura (iwe Muhammad (SAW) kune vanyengedzi vanotiza): “Kutiza hakusi kuzombokubatsirai kunyangwe mukatiza rufu kana kuuraya, uyezve hamusi kuzombonakidzwa kusara kwekanguva kadiki!”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

17. Taura: "Ndiani angakuchengetedzai kubva kuna Allah kana vakada kukurwadzisai, kana kukutumirai nyasha dzavo?" Uye havasi kuzombozviwanira muchengetedzi (kana mubatsiri) kusara kwaAllah.

18. Allah vagara vanoziva pakati penyu vanhu vasingade kurwa munzira yaAllah, uye avo vanoudza madzikoma avo kuti: "Huyai kwatiri," ivo vasingade kuuyawo kuhondo kusara kwepashoma.

19. Vachiomera kwamuri (vasingadi kubatsira munzira yaAllah). Kana kutya kukauya kwavari, unovaona vachikutarisai, maziso avo achiudyura sekunge vave pedyo nerufu; asi kana kutya kukapera, vanokutaurai zvakanyanya. Vanoemera kubatsira muzvinhu zvakanaka. Ava ndivo vasingatendi. Naizvozvo Allah vanoita kuti mabasa avo ave marara, uye izvi zvinhu zvirinyore kuna Allah.

20. Vanofungidzira kuti maAhzaab (Zvikwata) havasati vadeduka, uye kana maAhzaab akauya (zvekare) vachashuvira kuve mugwenga vari pakati pevagari vemo, vachitsvaga nhau maererano nemi; uye kana vakava pamwechete nemi, havamborwi kusara kwepashoma.

21. Zvirokwazvo, pamutumwa waAllah (Muhammad (SAW)) mune muenzaniso wakanaka wekutevedzera kune uyo anotarisira kuzosangana naAllah neZuva rekupedzisira, uyezve achirangarira Allah kakawanda.

22. Uye apo vatendi vakaona maAhzaab (Zvikwata), vakati: "Izvi ndizvo zvatakavimbiswa naAllah pamwe nemutumwa wavo (Muhammad (SAW)). Uye Allah nemutumwa wavo vakataura chokwadi." Uye hazvina kuvawedzera kusara kwekutenda nekuzvipira kwavo (kuna Allah).

23. Kubva muvatendi mune varume vaiva pachokwadi muzvitsidzo zvavo naAllah (vakatsungirira kurwa munzira yaAllah). Mavari mune vamwe vakazadzisa zvirevo zvavo (vakauraiwa kuhondo), uye vamwe vachakangomirira, asi havana kumbobvira vashandura (chitsidzirano chavo naAllah) kana zvishoma.

24. Kuti Allah vave vanoripa varume vechokwadi nekuda kwechokwadi chavo, uyezve vorwadzisa vanyengedzi kana vachida kana kutambira ruregerero rwavo (vachiratidza tsitsi dzavo). Zvirokwazvo, Allah vanoregerera zvikuru, vane nyasha zhinji.

25. Uye Allah vakadzorera mumashure avo vanhu vasingatendi vakatsamwa. Havana kana chitsvene chavakakawana. Allah vakabatsira vatendi mukurwa (nekutumira mhepo nengirozi). Uye Allah ndivo samasimba vane masimba.

26. Uye avo vanhu vegwaro vakave vanobatsira (vasingatendi), Allah vakavadzikisa kubva munzvimbo dzavo uye vakave vanoisa kutya muhana dzavo, kusvikira chimwe chikwata chavo makauraya uye chimwe mukachisunga.

27. Uye vakaita kuti mutore minda yavo, uye dzimba dzavo, neupfumi hwavo, uye zvekare iyo nzvimbo yamange musati mambotsika (mumashure). Uye Allah vane masimba pamusoro pezvinhu zvose.

28. Iwe muporofita (Muhammad SAW))! Taurira madzimai ako kuti: “Kana muchida hupenyu hwepano pasi pamwe nezvinofadza zvavo (hupenyu), kuti huyai ndikugadzirirei zvitsvene pamwe nekukusunungurai mune zvakanaka (kukurambai).”

29. “Asi kana muchida Allah pamwe nemutumwa wavo (SAW), uye nemisha yamangwana, zvirokwazvo Allah vakagadzirira madzimai vanoita mabasa akanaka kubva kwamuri mubairo mukuru.”

30. Imi madzimai amuporofita! Uyo kubva kwamuri anenge aita chitadzo chinooneka (Faahishah: Chitadzo chikuru kana hupombwe), mutongo wamarwadzo kwaari unenge uri pauviri, uye zvinhu zvidukusa kuna Allah.

31. Uye kune uyo wese wenyu anoteerera mirairo yaAllah nemutumwa wavo, zvekare oita mabasa akanaka, tichamupa mubairo wake uri pauviri, uye tichamugadzirira raramo yakanaka (Paradhiso).

32. Imi madzimai amuporofita! Hamuna kufanana nemamwe madzimai. Mukachengetedza mirairo yenyu, uye musafe munopfava pakutaura, nekuti uyo muhana make mune chirwere (chezvakaipa, nyengedzo nehupombwe) anogona kuva neshuviro, asi taurai zvine chiremerera.

33. Uye garai mudzimba dzenyu, uye musave munozvitaridza sezvaiitwa neavo venguva yevasingazivi, uye itai Swalaah, uye ipai zvipo (Zakaah), uye tererai Allah nemutumwa wavo (SAW). Zvirokwazvo, Allah vanoda kubvisa mabasa akaipa nezvitadzo kubva mamuri, imi vanhu vemhuri (yamutumwa (SAW)), uye kukuchenurai zvakazara.

34. Uye rangarirai (imi vanhu vemhuri yamutumwa, zvido zvaTenzi venyu) zvinoverengwa mudzimba dzenyu kubva pandima dzaAllah uye neSunnah (Magariro eMutumwa). Zvirokwazvo, Allah ndivo vega vane nyasha, uye vanoziva (zvinhu zvose).

35. Zvirokwazvo, varume nemadzimai echiMuslim (vanozvipira kuna Allah), varume nemadzimai vanotenda muIslaam, varume nemadzimai vanoteerera (Allah), varume nemadzimai vari pachokwadi, varume nemadzimai vanotsungirira, varume nemadzimai vanozvidzikisira (pamberi paTenzi vavo Allah), varume nemadzimai vanopa zvipo, varume nemadzimai vanotsanya (muRamadhaan nedzimwe nguva apo kutsanya kunenge kusingamanikidzirwi), varume nemadzimai vanochengetedza nhengo dzavo dzakavandika (kubva kuhupombwe), uye varume nemadzimai vanorangarira Allah zvakanyanya (kuburikidza nemuhana dzavo nezvavanotaura), Allah vavagadzirira ruregerero uye mubairo mukuru (Paradhiso).

36. Uye hazvibvumidzwi kumutendi, murume kana mudzimai, kuti kana Allah nemutumwa wavo (SAW) vachinge varonga hurongwa ivo voshandura muhurongwa hwavo. Uye uyo anopokana naAllah nemutumwa wavo (SAW), zvirokwazvo anenge arasika kurasika kuri pachena.

37. Uye (rangarirai) apo pawakati kwaari (Zaid Ibn Haarithah (RA)) uyo Allah vakamukomborera (nekumupinza muIslaam), uye newe ukamukomborera (nekumusunungura kubva muuranda): “Ramba une mudzimi wako, uye itya Allah!” Asi wakavanza muhana yako (kuti ucharoora murambiwa naZaid) izvo Allah vachave vanoburitsa. Uchitya vanhu (kuti vachati waroora

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

murambiwa waZaid), uye Allah ndivo vanekodzero kuti uvatye. Nokudaro apo Zaid akamuramba, takave tinomuroodza kwauri, nemhaka yokuti (mune ramangwana) pasazove nedambudziko pakati pevatendi kuroora vakadzi vevanakomana vavakarera vasiri vavo apo vanenge vavaramba (madzimai avo). Uye murairo waAllah unofanirwa kuzadzikiswa.

38. Hapana kana chitadzo pana muporofita (SAW) pane izvo Allah vakabvumidza. Iyi ndiyo yaiva nzira yaAllah pane ayo (maporofita) enguva yakapfuura. Uye mirairo yaAllah yakatorongwa.

39. Avo vanoparidza shoko raAllah uye vovatya, uye voregа kutya kana ani zvake kusara kwaAllah. Uye Allah vakatokwana pakubvunzurudza.

40. Muhammad (SAW) haatombori kana baba vaani zvake pakati pevarume venyu, asi mutumwa waAllah zvekare muporofita wekupedzisira. Uye Allah vanoziva zvose.

41. Imi vatendi! Rangarirai Allah zvakanyanya.

42. Varumbidzei mangwanani uye nemasikati (Fajr neAsr).

43. Ndivo vanotumira Swalaah (makomborero avo) kwamuri, uye ngirozi dzavo zvekare (dzinokukumbirirai makomborero neruregerero) kuti vakuburitsei kubva murima (kusatenda) kupinda muchaedza (Islaam). Uye ndivo chete vanetsitsi nevatendi.

44. Pazuva ravachasangana navo (Allah) kukwazisa kwazvo (ngirozi) kuchange kuri “Salaam (Runyararo)!” Uye vakavagadzirira mubairo mutsvene (Paradhiso).

45. Iwe muporofita (Muhammad (SAW))! Zvirokwazvo, takutumira semupupuri, uye mupi wenhaurwa tsvene, uye muyambiri.

46. Uye seuyo anodaidzira kuna Allah (kuti hakuna kana ani anofanirwa kunamatwa kunze kwaAllah vega) nekuda kwavo, uye semwenje unoparadzira chiedza (kuburikidza nemirairo kubva muQur’aan neSunnah).

47. Uye shambadzira kuvatendi (muhumwechete hwaAllah nemutumwa wavo (Muhammad (SAW)) nhaurwa tsvene, kuti kubva kuna Allah vachawana mubairo mukuru.

48. Uye usateerere vasingatendi uye nevanyengedzi, uye usavakuvadze (mukudzorera kukuvadza kwavanenge vakuita kusvikira waudzwa). Uye isa chivimbo chako muna Allah, uye vanokwana Allah semuchengetedzi wezvivimbo.

49. Imi vatendi! Kana muchiroora madzimai anotenda, uye mobva mavaramba musati mamboenda pabonde navo, hapana Iddah (nguva yakatarwa, Qur’aan 65: 4) munofanirwa kuvaverengera. Saka vapei zvipo, mobva mavasiya vakasununguka mune zvakanaka.

50. Iwe muporofita (Muhammad (SAW))! Zvirokwazvo, takabvumidza kwauri madzimai ako, avo wavakabvisira Mahr (Mari inobviswa nemurume achipa mudzimai wake), uye avo varandakadzi vaunochengeta vawakapiwa naAllah, nevanasikana vana sekuru vako (kudivi rababa), uye nevanasikana vana tete vako (kudivi rababa), uye nevanasikana vana sekuru vako kudivi raamai,

uye nevanasikana vana maiguru nanamainini kudivi raamai, avo vanenge vatama (kubva kuMakkah) pamwe newe, uye nemudzimai anotenda kana achinge azvipa kuna muporofita uye muporofita vodawo kumuroora, chipo (ruremekedzo) kwauri chete, kwete kuvatendi vese. Zvirokwazvo, tinoziva izvo zvatakavakomekedza pamusoro pemadzimai avo uye varandakadzi vavo avo vavanochengeta kuti pasazove nedambudziko kwauri. Zvirokwazvo, Allah ndivo vanoregerera zvikuru, vane ngoni zhinji.

51. Iwe (Muhammad (SAW)) unokwanisa kumisa chijana cheuyo waunoda pamadzimai ako, uye unokwanisa kutambira uyo waunoda. Kune uyo upi waunenge wambotsveta parutivi, hapana kana chitadzo kwauri (kumutambira zvekare). Zviri nani kuti vachengetedzwe vasashungurudzwa, uye vose vofadzwa neizvo zvaunenge wavapa. Allah vanoziva zviri muhana dzenyu. Uye Allah vanoziva zvinhu zvose, uye vane moyo murefu zvikuru.

52. Hazvitenderwi kwauri (kuroora) mamwe madzimai mushure meizvi, kana kuchinja nemamwe madzimai kunyangwe vakanaka zvinokufadza kusara kwevarandakadzi vaunochengeta. Uye Allah vanoona zvinhu zvose.

53. Imi vatendi! Musapinda mudzimba dzemuporofita (SAW) kusara kwekuti mvumo yapiwa kwamuri yekuti mudye kwete (kukasika kuuya) kuzomirira gadziriro yacho. Asi kana muchinge makokwa, pindai, uye kana muchinge matora kudya kwenyu shaikai musina kumirira kana nyaya. Zvirokwazvo (kahunhu kakadero), kanogumbura muporofita uye vanokunyarai (kukutaurirai kuti muchienda). Asi Allah havanyari (kukuudzai) chokwadi. Uye kana muchibvunza chero zvamunoda kumadzimai ake, vabvunzei muri seri kwechimwe chinhu, izvi ndizvo zvinhu zvakarurama pamoyo penyo neyavo. Uye hazvina kunaka kuti mugumbure mutumwa waAllah (SAW), kana kuti kuroora madzimai ake mushure mekufa kwake. Zvirokwazvo, izvi naAllah zvichange zviri chitadzo chikuru.

54. Kana mukaviga zvimwe zvinhu kana kuzviburitsa, zvirokwazvo, Allah vanoziva zvinhu zvose.

55. Hapana chitadzo kwavari (madzimai amuporofita (SAW) kana vakabvisa maduku avo) pamberi pamadzibaba avo, kana vanakomana vavo, kana hanzvadzi dzavo, kana vanakomana veanzvadzi dzavo, kana vanakomana vamadzikoma avo, kana mamwe madzimai (anotenda), kana varandakadzi vavo. Uye (imi madzimai) ityai Allah. Zvirokwazvo, Allah vanopupura zvinhu zvose.

56. Zvirokwazvo, Allah vanotumira makomborero avo kuna muporofita (Muhammad (SAW)), uye nengirozi dzavo (zvinokumbira kuti Allah vavakomborere nekuvaregerera). Imi vatendi! Tumiraiwo minamato kwaari (kukumbira kuna Allah kuti vamukomborere nekumuregerera Muhammad (SAW)), uye momukwazisa nenzira yekukwazisa nayo muIslaam (As-Salaamu Alaykum).

57. Zvirokwazvo, avo vanotsamwisa Allah nemutumwa wavo (SAW), Allah vanovarengera pasi rinho, uye muhupenyu hwemangwana, uye vakavagadzirira mutongo unonyadzisa.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

58. Uye avo vanotsamwisa varume nemadzimai anotenda pasina chikonzero, zvirokwazvo, vazvitakurira mhoswa yekupomera mhoswa vamwe (ivo vasina kuipara), uye chitadzo chiri pachena.

59. Iwe Muporofita! Taurira madzimai ako uye vanasikana vako uye nemadzimai evatendi kuti vavhare miviri yavo yose nenguwo dzavo. Zvinenge zviri nani kuti vazivikanwe (sevakadzi vanoremekedzeka) uye kuti vasave vanoshungurudzwa. Zvirokwazvo, Allah ndivo vane ruregerero rukuru, nenyasha zhinji.

60. Asi vanyengedzi, neavo mumoyo yavo mune chirwere (cheupombwe), uye avo vanofambisa makuhwa kubva pavanhu vemuMadeenah vakasasiya, zvirokwazvo, tichakuita kuti uvakurire, uye zvirokwazvo havazombokwanisa kugaramo savavakidzani vako asi kusara kwekanguva kadiki.

61. Vachatsvinyirwa, uye vachange vari vanorwadziswa kwese kwavanenge vari, uye vachauraiwa zvakanyanya.

62. Ndiyo yaiva nzira yaAllah panguva yeavo vakapfuura, uye hauzombowana kana imwe shanduko panzira yaAllah.

63. Vanhu vakakuvhunza maererano nenguva, taura kuti: “Ruzivo rwayo runongova naAllah chete. Unombozivei! Inokwanisa (nguva) kunge iri pedyo!”

64. Zvirokwazvo, Allah vakasvora (vakarengera) vanhu vasingatendi, uye vakavagadzirira moto unopisa.

65. Umo mavachagara zvachose, uye havafi vakawana muchengetedzi kana mubatsiri.

66. Pazuva iro zviso zvavo zvichatendeudzwa mumoto, vachataura kuti: “Imi ingadai takateerera Allah uye nemutumwa (Muhammad (SAW)).”

67. Uye vachataura kuti: “Tenzi vedu! Zvirokwazvo, takave tinoteerera vatungamiriri nevakuru vedu, naizvozvo vakatiburitsa munzira (yakatwasuka).”

68. “Tenzi vedu! Vapei marwadzo kaviri uye movarengera kurengera kukuru!”

69. Imi vatendi! Musaite seavo vakasvota Musa. Asi Allah vakamuchenesa pamusoro peizvo zvavaitaura, uye akava munhu akakosha pamberi paAllah.

70. Imi vatendi! Itai basa renyu kuna Allah uye kuvatya, uye taurai chokwadi (nguva dzose).

71. Vachaita kuti mabasa enyu ave akanaka uye vokuregererai zvitadzo zvenyu. Uye uyo ari upi zvake anoteerera Allah nemutumwa wavo (SAW), zvirokwazvo, anenge abudirira kubudirira kukuru (achanunurwa kubva kumoto uye opinzwa muParadhiso).

72. Zvirokwazvo, takave tinopa Al-Amaanah (Basa) kumatenga nenyika uye nemakomo, asi zvakaramba kuritakura uye zvikaritya (zvichitya murango waAllah), asi vanhu vakaritakura. Zvirokwazvo, vakazvidzvanyirira uye vari bundu.

73. Kuitira kuti Allah vazorwadzisa vanyengedzi vechirume nevechikadzi uye maMushrikoon (vasingatendi muumwechete waAllah). Uye Allah vacharegerera vanotenda (muIslaam) varume nemadzimai. Uye Allah vane ruregerero rukuru, nenyasha zhinji.

# CHITSAUKO SABA’

# (SHEBA) 34

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Kurumbidzwa nekutendwa ndekwaAllah, avo ndivo muridzi wezvese zviri mumatenga nenyika. Kurumbidzwa nekutendwa ndekwavo muhupenyu hunotevera. Uye ndivo muchenjeri, uye muzivi wezvose.

2. Vanoziva zvinopinda pasi uye zvinobuda mariri, uye zvinodzika kubva kudenga nezvinokwira kwariri. Uye ndivo vane tsitsi dzose, neruregerero.

3. Avo vasingatendi vanoti: “Nguva (yekutongwa) haiuye kwatiri.” Taura: “Hongu! Ndinopika naTenzi vangu, muzivi wezvisingaoneki, ichauya kwamuri. Hapana kanhu kadiki pauremu kana kurema kushoma kune ikako kana kukura kukadarika chingatiza ruzivo rwavo mumatenga kana pasi, asi kuti chiri mugwaro rakajeka (Al-Lauh Al-Mahfoodh).”

4. Kuti vave vanopa mubairo kune avo vanotenda (muhumwechete waAllah) nekuita mabasa akanaka. Vakadaro vachawana ruregerero uye neraramo yakanaka (Paradhiso).

5. Asi avo vanotsungirira mukupikisa ndima dzedu nekudzishingaidza, ivo vachave vanowana mutongo unorwadza.

6. Uye avo vakapuhwa ruzivo vanoona zvakadzikiswa kwauri (Muhammad (SAW)) kubva kuna Tenzi vako kuti ichokwadi, uye zvinotungamira kunzira yeMukuru, neMurumbidzwi.

7. Avo vasingatendi vanoti: “Tingakutungamirirei kune murume (Muhammad (SAW)) uyo anokuudzai (kuti) kana maitwa ivhu mave zvimedu zvimedu, chokwadi muchasikwa (zvekare) patsva?”

8. Asi aunza manyepo pamusoro paAllah kana kuti mune kupenga maari? Kwete! Asi vasingatendi muhupenyu hwemangwana ndivo (pachavo) vari mumarwadzo, uye vakarasika zvakanyanya.

9. Havaoni zviri mberi nemumashure mavo, zvedenga nepasi? Kana tikada, tinonyudza pasi navo, kana kuita kuti zvimedu zvedenga zvivadonhere. Zvirokwazvo, mune izvozvo mune chiratidzo kune wese muranda anotendeukira kuna Allah (achikumbira rugerero).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

10. Uye zvirokwazvo, takave tinopa Dawood (Davhidha) nyasha kubva kwatiri (tichiti): "Imi makomo! Rumbidzai (Allah) naye! Uye imi shiri (zvekare)! Uye takaita kuti mhangura (simbi) imupfavire."

11. Tichiti: "Zvigadzirisire mabhachi, uye enzanisa zvindove zvemadema utare engetani, uye moita (imi vanhu) zvakanaka. Zvirokwazvo, ndiri muoni wezvose zvamunoita."

12. Uye Sulaimaan (Soromoni) takamupa mhepo, hungwanani hwayo hwaiva mwedzi (werwendo), uye usikati hwayo hwaiva mwedzi (werwendo). Uye takaita kuti dare (tsime) rendarira rimuerere, uye paiva nemaJinn aishanda pamberi pake nekuda kwaTenzi vake. Uye uyo kubva kwavari akatendeuka kubva kurairo yedu, tichaita kuti ave anoravira kuvirima kwemoto.

13. Vaimushandira sekuda kwake, (vachivaka) makamuri marefu, zvivezwa, shambiro hombe sechengeto, uye mapoto mahombe akagadzikwa (pasi panzvimbo yavo). "Sevenzai, imi vemhuri yaDawood (Davhidha) mune kutenda!" Asi vashoma vevaranda vangu ndivo vanotenda.

14. Apo takave tinozadzisa rufu rwake (Sulaimaan (Soromoni)), hapana chakavaudza (maJinn) nezverufu rwake kunze kwegore duku repasi iro rairamba (zvishoma nezvishoma) richidya tsvimbo yake. Saka apo akadonha, Majinn akanyatsoona kuti dai vaiva vaziva zvisingaoneki, vaiva vasingagari mumarwadzo anonyadzisa.

15. Zvirokwazvo paiva kuna Sheba chiratidzo munzvimbo dzavaigara – mapindu maviri kudivi rerudyi uye nekuruboshwe, (zvikanzi kwavari): "Idyai pane zvamakapuwa naTenzi venyu, uye ivai munovatenda." Pasi pakafanira uye naTenzi vanoregerera.

16. Asi vakatendeukira kudivi, saka takatuma kwavari mapopoma, uye tikasandura mapindur avo maviri kuita mapindu emichero inovava, uye nemimwe michero, uye nemiti mishoma yelatosi.

17. Naizvozvo takavapa mubairo nemhaka yokuti vaisatenda. Uye hatipe mubairo (wakadaro) kunze kweavo vasingatendi.

18. Uye takagadzika, pakati pavo nemaguta atakaropafadza, maguta ari nyore kuoneka, uye tikaita kuti zvidimbu (zverwendo) pakati pavo zvive nyore (tichiti): "Fambai maari murugare manheru nemasikati."

19. Asi vakati: "Tenzi vedu! Itai kuti zvidimbu zvekufamba kwedu pakati pedu zvirebe," uye vakazvitadzira pachavo. Uye takavaita kuti vave sengano (panyika), uye tikavaparadzira vose zvachose. Zvirokwazvo, mazviri mune mucherechedzo kune wese anotsungirira, anotenda zvikuru.

20. Uye zvirokwazvo Satani kufunga kwake kwakave chokwadi pamusoro pavo, uye vakamutevera, kunze kweboka revatendi.

21. Uye iye (Satani) ange asina masimba pamusoro pavo, kunze kwekuti tive tinoedza uyo anotenda muhupenyu hwemangwana neuyo asingagutsikani nawo. Uye Tenzi vako vanoona zvose. (Vanonyora zviito zvemunhu wese, uye vachamupa mubairo unoenderana nazvo).

22. Taura (Muhammad (SAW)): “Shevedzai avo vamunoti (ndanamwari) kunze kwaAllah! Havana kana uremu hwekanhu kadiki kudenga kana pasi, uye havana mugove maari, uye Haana (Allah) kana mubatsiri kubva kwavari.”

23. Kumirirwa kwavari (Allah) hakubatsiri kunze kune uyo wavanobvumidza. Kusvikira apo kutya kukabviswa kubva madziri (ngirozi) muhana dzadzo, dzinoti (ngirozi): “Chii chataura Tenzi venyu?” Dzinoti: “Chokwadi. Uye ndivo vari pamusoro-soro, vakuru.”

24. Taura (Muhammad (SAW)): “Ndiyani anokupai raramo kubva kumatenga nepasi?” Iti: “Allah. Uye zvirokwazvo isu kana imi takatungamirirwa kana takarasika zviri pachena.”

25. Taura (Muhammad (SAW) kune vasingatendi): “Hamumbobvunzwi nemhaka yokutadza kwedu, uye hatimbobvunzwi pamusoro pezvamurikuita.”

26. Taura: “Tenzi vedu vachatiunganidza tose (pazuva rekutongwa), uye vachatonga pakati pedu nechokwadi. Uye ndivo mutongi anonyatsotonga, vanoziva zvose.”

27. Taura (Muhammad (SAW)): “Ndiratidzei avo murikuvabatanidza navo (Allah) sevabatsiri. Kwete (hapana vabatsiri)! Asi ndiAllah (chete) vane masimba ose, vane hungwaru hwose.”

28. Uye hatina kukutuma (Muhammad (SAW)) kunze kwekuve mupi wemashoko akanaka uye muyambiri kune vanhu vose, asi vanhu vakawanda havazvizivi.

29. Uye vanoti: “Ndirinhi pachauya vimbiso iyi (zuva rekutongwa) kana uri pachokwadi?”

30. Taura (Muhammad (SAW)): “Vimbiso kwamuri ndeye zuva iro ramuchatadza kudzosera awa (nguva) kumashure kana kuendesa mberi.”

31. Uye avo vasingatendi vanoti: “Hatitendi muQur’aan iri kana mune izvo zvaiva mumashure maro.” Asi dai maiona apo vatadzi vachaitwa kuti vamire pamberi paTenzi vavo, vachitaudzana vachipomerana. Avo vange vakadzvanyirirwa vasina simba vachati kune avo vaizvitutumadza: “Dai pasina imi, zvirokwazvo, tingadai takave vatendi!”

32. Uye avo vaizvitutumadza vachati kune avo vange vakadzvanyirirwa: “Takakuvharidzirai kunhungamiri here payakauya kwamuri? Kwete, asi maiva vatadzi.”

33. Avo vainzi havana masimba (vaidzvanyirirwa) vachati kune avo vaizvitutumadza: “Kwete, asi kwaiva kuronga kwenyu husiku nesikati, apo makatikomekedza kusatenda muna Allah uye kuisa vamwe kwavari!” Uye vachaviga kudemba kwavo (nekusateerera kwavo Allah panyika) apo vachaona marwadzo. Uye tichaisa ngetani dzemhangura (simbi) kupoteredza huro dzeavo vaisatenda. Vachapuwa here mubairo kunze kweizvo vaiita?

34. Uye hatina kutumira muyambiri kuguta asi avo vakapuwa hupfumi hwepanyika nekugarika pakati pavo vakati: “Hatitendi muizvo zvamatumwa nazvo.”

35. Uye vanoti: “Tine upfumi nevana vakawanda, uye hatizove tinopuwa mutongo.”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

36. Taura (Muhammad (SAW)): “Zvirokwazvo, Tenzi vangu vanokudza raramo kune uyo wavanoda uye kuderedza, asi vanhu vakawanda havazvizivi.”

37. Uye hausi upfumi hwenyu, kana vana venyu vanokuunzai pedyo nesu, asi kunze kweuyo anotenda (muIslaam) nekuita mabasa akanaka. Vakadaro vachawana mubairo wakapetwa kaviri nezvavaiita, uye vachave vanogara munzvimbo dzapamusoro (Paradhiso) murunyararo.

38. Uye avo vanoshanda nesimba kuda kuparadza zviratidzo zvedu nechinangwa chekuzvishingaidza, vachava vanounzwa kumarwadzo.

39. Taura: “Zvirokwazvo, Tenzi vangu vanowedzera raramo kune uyo wavanoda kubva kune varanda vavo, uye kumuderedzera. Uye chero chamuchashandisa (munzira yaAllah kubva muhupfumi hwenyu), vanodzosera. Uye ndivo mupi anakanaka wepamusoro-soro weraramo.”

40. Uye zuva ravachavaunganidza wose, vachati kungirozi: “Ndimi here mainamatwa nevanhu ava?”

41. Dzichati (Ngirozi): “Kurumbidzwa ndekwenyu! Ndimi muchengeti wedu kusiya kwavo. Kwete, asi vainamata maJinn; vakawanda vavo vaiva vatendi maari.”

42. Saka zuva ranhasi mumwe wenyu hakwanisi kubatsira kana kukuvadza mumwe. Uye tichati kune avo vaiita zvakaipa (vainamata zvimwe zvinhu pamwechete naAllah): “Ravirai marwadzo emoto uyo wamairamba.”

43. Uye kana micherechedzo yedu iripachena ikaverengwa kwavari, vanoti: “Chii ichi kunze kwekuti murume (Muhammad (SAW)) anoda kukubvisai kubva kune izvo madzitateguru enyu ainamata.” Uye vanoti: “Iri (Qur’aan) hapana zviripo kunze kwemanyepo akafungwa.” Uye avo vasingatendi vanoti kana chokwadi chauya kwavari: “Hapana zviripo kunze kwemapipi ari pachena!”

44. Uye hatina kuvapa magwaro kuti vamadzidze, kana kutumira kwavari muyambiri mushure mako (Muhammad (SAW)).

45. Uye vaiva mumashure mavo vakaramba, asi ava havana kumbowana kana kagumi kubva kune izvo zvatakavapa (vekare), asi vakaramba vatumwa vangu. Saka wakanga wakaoma sei murango wangu!

46. Taura (Muhammad (SAW)) kuti: “Ndinokukurudzirai chinhu chimwe: kuti momira nechinangwa chekufadza Allah muri vaviri uye mumwe, uye mofungisisa. Hakuna kupenga kune umwe wenyu (Muhammad (SAW)). Anongova muyambiri kwamuri pamberi pemarwadzo akaomarara.”

47. Taura (Muhammad (SAW)) kuti: “Chero mubairo wandakakukumbirai ndewenyu. Mubairo wangu unobva kuna Allah bedzi, uye ndivo mupupuri pamusoro pezvinhu zvose.”

48. Taura (Muhammad (SAW)) kuti: “Zvirokwazvo, Tenzi vangu vanodzikisa chokwadi, muzivisisi wezvakavandika.”



NEW & EXCLUSIVE

49. Taura (Muhammad (SAW)) kuti: “Chokwadi (Qur’aan) chauya, uye manyepo (satani) haavaki chinhu uye haamutsi (chinhu).”

50. Taura: “Chero ndikarasika, ndinenge ndarasika ndoga. Asi ndikaramba ndakatungamirwa, imhaka yedudziro yaTenzi vangu kwandiri. Zvirokwazvo, ndivo munzwi wezvose, vari padyo (nezvinhu zvose).”

51. Asi dai waiona, apo vachave vatyitya pasina kwekutizira, uye vachabvutwa (vachabatwa) panzvimbo iri pedyo.

52. Uye vachati (muhupenyu hwemangwana): “Tavakutenda (iyezvino),” asi vangagamuchira kutenda sei kunzvimbo iri kure kure (kwavasingakwanisi kudzoka kuhupenyu wepasi).

53. Zvirokwazvo, vakarega kutenda (muIslaam) mushure (pasi rino), uye vaiva nekufungidzira pamusoro pezvisingaoneki (Paradhiso, Gehena, Kumutswa, Vimbiso yaAllah vachiti zvese manyepo) kubva kunzvimbo iri kure.

54. Uye chidziviriro chichaiswa pakati pavo neizvo zvavanoshuvira (Ruregerero nekutenda) sezvakaitwa mumashure nevanhu vakafanana navo. Zvirokwazvo, vaiva nekufungidzira nekusagutsikana kukuru.

# CHITSAUKO AL-FAATWIR/AL-MALAAIKAH (MUSIKI/NGIROZI) 35

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Kurumbidzwa nekutenda kwose ndekwaAllah, Musiki wematenga nenyika, vakaita ngirozi vatumwa vane mapapiro maviri, matatu kana mana. Vanowedzera mukusika zvavanoda. Zvirokwazvo, Allah vanokwanisa kuita zvose.

2. Kubva mutsitsi Allah dzavanopa kuvanhu, hapana angazvidzivirira; uye dzavanodzivirira hapana angape mushure mezvo. Uye ndivo samasimba, vane hungwaru hwose.

3. Imi vanhu! Rangarirai makomborero aAllah kwamuri! Pane here mumwe musiki kunze kwaAllah avo vanokupai kubva kudenga (mvura) uye nepasi? Laa ilaaha illaa Huwa (Hakuna umwe ane kodzero yekunamatwa kunze kwavo). Saka munotendeukirei (kubva kwavari)?

4. Uye vakakuramba (Muhammad (SAW)), zvirokwazvo vamwe vatume vakarambwa mushure mako. Uye kuna Allah ndiko kunodzoserwa nyaya dzose.

5. Imi vanhu! Zvirokwazvo, vimbiso yaAllah ndeyechokwadi. Saka musarega hupenyu huno huchikunyengedzai, uye mambo wevanyengedzi (satani) asakunyengedzei nezvaAllah.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

6. Zvirokwazvo, Satani imhandu kwamuri, saka mutorei semuvengi. Anoshevedza vateveri vake kuti vave vagari vemumariri emoto.

7. Avo vasingatendi, chavo uchange uri mutongo wakaomarara; uye avo vanotenda (muhumwechete hwaAllah) zvekare voita mabasa akanaka, vachawana ruregerero uye nemubairo mukuru (Paradhiso).

8. Uyo mabasa ake akaipa anoshongedzwa aonekere kwaari seakanaka (akafanana here neuyo ari panzira yakatwasuka)? Zvirokwazvo, Allah vanosiya uyo wavanoda kuti apengereke, zvekare votungamira wavanoda. Usazviparadze (Muhammad (SAW)) kana kuzvigumbura nekuda kwavo. Zvirokwazvo, Allah vanoziva zvose zvavanoita!

9. Uye ndiAllah vanotumira mhepo kuti isimudze makore.Tomaendesa kunzvimbo yakafa (yakaoma), nekuda kwavo tinobva tamutsa nzvimbo iyi mushure mekufa kwayo. Nekudaro kuchava kumutswa kwevafi (pazuva rekutongwa)!

10. Kana mumwe munhu achida mukurumbira, ngaazive kuti mukurumbira wese ndewaAllah chete (Uye munhu anokwanisa kuwana mukurumbira chete kuburikidza nekuteerera Allah nekuvanamata). Mashoko akanaka anoenda kwavari, uye basa rakanaka zvakare anowasimudza (Mashoko akanaka haatambirwi naAllah kunze kwekuti achiteverwa nemabasa akanaka). Asi avo vanoronga kuita mabasa akaipa, vachange vaine mutongo wakaomarara. Uye urongwa wavo unopera (unoparara).

11. Uye Allah vakakusikai (Adam) kubva muvhu, uye kubva muNutfah (vana vaAdam kubva mumvura yababa naamai yakasangana), uye vakakuisai muhuviri (murume nemukadzi). Hapana mukadzi anozvitakura kana kuzvara mwana kusiya kwekuti ivo vanenge vachizviziva. Hapana kana munhu anowedzerwa kana kudimburirwa hupenyu kusara kwekuti zvinenge zvakanyorwa mugwaro. Zvirokwazvo, pamberi pavo Allah zvinhu zvidukusa (zvirinyore).

12. Uye makungwa maviri (mhando dzemvura dzirimo) hadzina kufanana. Imwe inonaka uye ichitapira pakunwa, uye imwe ichivava zvekare ichisvota kunwa. Uye kubva maari (Makungwa) munodya nyama yehove nyoro, uye munowana kubvamo zvipfekwa. Uyezve zvekare unoona ngarava dzichifamba imo mumvura, muchitsvaga zvimwe zvezvipo zvavo (Allah), uye kuti muve munotenda.

13. Vanoita kuti usiku upinde muzuva (nguva inoshomeka usiku inowedzerwa kunguva yemasikati), uye voita kuti masikati apinde muhusiku (nguva inoshomeka yemasikati inowedzerwa kunguva yeusika). Ndivo zvekare vane masimba pamusoro pezuva nemwedzi, chimwe nechimwe chinofamba panguva yakatarwa. Ava ndiAllah, Tenzi venyu. Ndivo vane humambo. Uye avo vanomudavidzira vasiri ivo (Allah), havasi varidzi kana veganda remodzi yemadheti.

14. Kunyange mukavashevedzera, havanzwi kana kudana kwenyu. Uye kunyangwe vakakunzwai havatombokwanisi kana kukupindurai (kukupai zvamurikuda). Uye pazuva rekumutswa vacharamba kuvanamata kwamaiita. Zvekare hapana achakuudza (Muhammad (SAW)) seavo anoziva zvose (Allah).



NEW & EXCLUSIVE

15. Imi vanhu! Imi ndimi munomirira rubatsiro rwaAllah. Asi Allah ndivo vane upfumi hwose, vanofanirwa kurumbidzwa.

16. Ingadai vaida, vaikuparadzai mose uye vounza zvisikwa zvitsva.

17. Izvi hazvina kana kumbooma kuna Allah.

18. Uye hapana kana munhu achatakura mikwende yemumwe. Uye kana ane mikwende akasheedzera kuti itakurwe, hapana chichatakurwa kubva kwairi, kunyangwe ari munhu wepedyo. Zvirokwazvo, unokwanisa (Muhammad (SAW)) kuyambira avo vanotya Tenzi vavo vasingaoneki uye voita Swalaah. Uye uyo anozvichenura (kubva kuzvitadzo), anenge achizvichenura nekuzvibatsira pachake. Uye zvirokwazvo kuna Allah ndiko kwatichadzokera.

19. Havana kuenzana, asingaoni (asingatendi) neanoona (mutendi).

20. Uye (hazvina kuenzana) rima (kusatenda) nechaedza (kutenda).

21. Uye (hazvina kuenzana) mumvuri nekupisa kwezuva.

22. Uye havana kuenzana vapenyu (vatendi) nevafi (vasingatendi). Zvirokwazvo, Allah vanoita kuti wavanoda anzwe, asi iwe haukwanise kuita kuti vari mumakuva vanzwe.

23. Unongove (iwe Muhammad (SAW)) muyambiri (Basa rako kungosvitsa shoko chete, asi kutambirwa kwaro kuri mumaoko aAllah).

24. Zvirokwazvo, takava tinokutumidzira nechokwadi, mupi wenhaurwa tsvene uye uri muyambiri. Zvekare hapana kana chikwata (chevanhu) asi kusara kwekuti muyambiri akapfuura nemavaiva vari.

25. Uye vakaramba (kukuteerera) iwe, vainge varipo mushure mavo vakarambawo zvekare. Vatumwa vavo vakauya kwavari nezviratidzo zviri pachena, uye nemagwaro, pamwe negwaro rinopa chiedza.

26. Uye ndakave ndinotora (ndinoranga) avo vasingatendi. Uye mutongo wangu wange wakaoma sei!

27. Ko hauoni here kuti Allah vanotumira mvura kubva kumatenga. Uye toburitsa nayo michero yemhando dzakasiyana-siyana, uye kubva mumakomo mune mhando chena netsvuku dzemivara yakasiyana-siyana uye (dzimwe) dzakanyanyo svibira.

28. Uye kubva muvanhu nemhuka nemombe mune mavara akasiyana-siyana zvekare. Zvirokwazvo, ndeavo chete vane ruzivo kubva pavaranda vavo vanotya Allah. Zvirokwazvo, Allah vane masimba, uye vanoregerera zvikuru.

29. Zvirokwazvo, avo vanoverenga Gwaro raAllah (Qur'aan), uye voita Swalaah (vonamata), vopa (zvipo) kubva kune zvatakavapa muchivande kana pachena, vanotarisira mubairo uyo usingambopera.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

30. Kuti vachavaripa mibairo yavo zvizere, uye vovawedzera kubva munyasha dzavo. Zvirokwazvo, ndivo vanoregerera, vanoyemura (mabasa akanaka).

31. Uye zvatadzikisa kwauri (Muhammad (SAW)) muGwaro (Qur'aan) ndezvechokwadi (kuti uzvitevedzere iwe nevatevedzeri vako), uye zvichitsigira izvo (zvakadzikiswa) zviri mumashure maro. Zvirokwazvo, Allah vanoziva uye vanoona zvose zviri muvaranda vavo.

32. Uye takave tinopa Gwaro (Qur'aan) senhaka kuvaranda vedu kubva kune avo vatakasarudza (vatevedzeri vaMuhammad (SAW)). Uye kubva mavari mune vanozvikanganisira, zvekare kubva mavari mune vanotevedzera nzira iri pakati nepakati, uye kubva pavari pane vamwe vari pakuita kunyanya mabasa akanaka nekuda kwaAllah. Iyi (nhaka yeQur'aan) inhaka svinu chaiyo (inyasha huru).

33. Paradhiso vacharipindamo, uye vachapfekedzwa fumba dzegoridhe (mabhenguru) nemapera, uye mbatya dzavo dzichange dziri dzesiriki.

34. Uye vachataura kuti: "Kurumbidzwa nekutendwa kose ngakuve kuna Allah vatibvisira matambudziko ose. Zvirokwazvo, Tenzi vedu vanoregerera, vanoyemura (mabasa akanaka uye kupa mubairo)."

35. "Avo, kubva paNyasha dzavo, vatigarisa isu munzvimbo yatichagara zvachose, umo musina kana dambudziko rinotiwana, kana kuneta."

36. Asi avo vasingatendi (muhumwechete hwaAllah), vachawana moto weGehena, uko havasi kuzombourayiwa kana mutongo wavo kumbodzorwa. Kudaro tinopa mubairo kune wese asingatendi!

37. Umo vachachema: "Tenzi wedu! Tiburitseiwo, tichaita mabasa akanaka kwete ayo ataiita." (Allah vachapindura vachiti): "Hatina here kukupai hupenyu hwakakwana, kuitira kuti uyo anenge atambira chenjedzo obva aitambira? Uye muyambiri akauya kwamuri. Saka ravirai (huipi hwemabasa enyu). Kune vaiti vezvakashata hapana mubatsiri."

38. Zvirokwazvo, Allah vanoziva zvakavandika mumatenga nepanyika. Chokwadi, vanoziva zvose zviri mumoyo.

39. Ndivo vakakuitai vamiririri muri zvikwata mushure mezvikwata panyika, kuitira kuti uyo asingatendi (muIslaam) kunenge kuri kusatenda kwake. Uye kusatenda kwevasingatendi hakuna chakunowedzera kusara kweruvengo rwaTenzi vavo. Uye kusatenda kwevasingatendi hakuna kana zvakunowedzera kusara kwekurasikirwa.

40. Taura (iwe Muhammad (SAW)): "Ndiudzei zvamunofunga maererano nezvamunodaidza kuti vanamwari kunze kwaAllah? Ndiratidzei kunyangwe chavakasika pano panyika. Kana kuti vane here kunyangwe chidimbu kumatenga? Kana kuti takavapa Gwaro kuti vakwanise kuzotevedzera hwapupu huri mariri? Vaiti vezvakaipa havavimbisani kusara kwenyengedzo."

41. Zvirokwazvo, Allah vakapfumbata matenga nenyika kuitira kuti zvisafambe-fambe kubva panzvimbo yazvo, uye kana akafamba kubva panzvimbo yavo, hapana anokwanisa



NEW & EXCLUSIVE

kumapfumbata mushure mavo. Muchokwadi, Allah vane moyo murefu, uye vanoregerera zvikuru.

42. Uye vakapika naAllah mundudziro dzavo kuti kana muyambiri akauya kwavari, vachange vari vakatungamiririrwa zvakanyanya kupinda avo vaivapo. Apo muyambiri (Muhammad (SAW)) paakauya kwavari, hapana kana chakawedzera pavari kusara kwekumhanyidzana (kubva pachokwadi).

43. (Vakamhanyidzana mukutiza nekuda kwe) Kusanzwisisa kwavo panyika uye kuipa kwehurongwa hwavo. Asi huipi hwehurongwa ndewe uyo anenge ahuronga. Uye vanotarisira here (chimwe) chinhu kusara kweSunnah (nzira) yevanhu vekare? Saka hapana kana shanduko paSunnah (Nzira) yaAllah yauchawana. Uye hapana kana kudzokera shure kuchaitika paSunnah (Nzira) yaAllah.

44. Havana here kufamba panyika vakaona magumo eavo vaive mumashure mavo kunyangwe zvavo vaiva nemasimba akawanda kupinda avo? Allah havasi vekuti chii zvacho chiri mumatenga nenyika chingakwanisa kuvatiza. Chokwadi, Allah vanoziva zvese, uye vane masimba pamusoro pezvinhu zvose.

45. Uye ingadai Allah vakada kurwadzisa (kuranga) vanhu zvichienderana nemabasa avo, vaisambosiya kana chii zvacho chinorarama pano panyika. Asi vanovaregerera (vanovasiya) kusvikira nguva yakatarwa yasvika. Uye kana nguva yavo ichinge yasvika, zvirokwazvo Allah vanoona zvizere varanda vavo.

# CHITSAUKO YAA – SEEN 36

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Yaa – Seen**. (Aya mavara mamwe ezvishamiso zveQur’aan, uye hapana anoziva zvaanoreva kusara kwaAllah).

2. Ndinopika neQur’aan rizere nehuchenjeri (Mitemo nehumboo).

3. Chokwadi, iwe (Muhammad (SAW)) uri mumwe wevatumwa,

4. Munzira yakatwasuka (Islaam).

5. (Iyi ibvundunuro) yakatumirwa pasi naSamasimba, vane nyasha zhinji.

6. Kuti ukwanise kuyambira vanhu avo madzibaba avo haana kunge akayambirwa, nokudaro havateereri (havana hanya).

7. Zvirokwazvo, shoko (remutongo) rabuda pachena richipokana nevazhinji vavo, saka havasi kuzombotenda.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

8. Zvirokwazvo, tavatakudza changadzo muhuro dzavo kusvikira muzvirebvu, muzvirokwazvo kuitira kuti misoro yavo irambe yakasimudzwa mudenga.

9. Uye takave tinoisa muganhu mumashure mavo uye takaisa muganhu pakati pavo, uye takavaputira kuitira kuti vasaone.

10. Zvakangofanana kwavari, kuti unovayambira kana kusayambira, havambotendi.

11. Unokwanisa kungoyambira uyo anotevedzera yambiro (Qur’aan), uye achitya vane nyasha zhinji (Allah) vasingaoneki. Ipa uyo nhaurwa tsvene dzerugerero uye mubairo wakanaka (Paradhiso).

12. Zvirokwazvo, tinopa hupenyu kune vakafa, uye tinonyora izvo zvavanotumira kumberi (kwavo), uye nemastsimba avo, uye zvinhu zvose takazvinyora zviri mumanhamba mubhuku riri pachena.

13. Vataurire maererano nemuenzaniso wenyaya yevagari vedhorobha (Antioch (Antakiya)), apo pakauya vatumwa kwavari.

14. Patakavatumira vatumwa vaviri, vakavaramba. Saka takavasimbisa newechitatu, uye vakati: “Chokwadi, tave tinotumwa kwamuri sevatumwa.”

15. Ivo (vanhu vedhorobha) vakati: “Muri vanhu sesu, uye vane nyasha zhinji (Allah) hapana chavadzikisa. Muri kutaura manyepo.”

16. Vatumwa vakati: “Tenzi vedu vanoziva kuti tave tinotumwa sevatumwa kwamuri.”

17. “Uye basa redu ndere kungosvitsa shoko zviri pachena.”

18. Ivo (vanhu) vakati: “Isu tiri kuona chiitiko chakaipa (munyama) kubva kwamuri. Mukasasiya, tinoku temai-temai nematombo zvechokwadi, uye marwadzo akaomarara anokuwanai kubva kwatiri.”

19. (Ivo vatumwa) vakati: “(Munyama) Zviitiko zvenyu zvakaipa zvinemi! (Munochishevedza kuti “chiitiko chakaipa (munyama)”) nekuti murikueuchidzwa? Asi muri vanhu vanotyora mirairo yaAllah (muchiita mhando dzose dzezvitadzo zvikuru uye nekusateerera Allah).”

20. Uye pakauya murume achimhanya kubva kunzvimbo yaiva kure yedhorobha akati: “Imi vanhu vangu! Teererai vatumwa.”

21. “Tevedzerai avo vasingambo kubvunzai maererano nemubhadharo wavo, uye vakatungamirirwa (munzira yakatwasuka).”

22. “Uye ndingazotadza sei kunamata avo vakandisika uye kwavari muchava munodzoserwa?”

23. “Ndingatora here zvinamatwa kunze kwavo? Kana vane nyasha zhinji (Allah) vakandishuvira chakaipa, kumiririra kwazvo (zvinamatwa kunze kwaAllah) hakukwanisi kundibatsira, uye hazvikwanisi kundinunura?”

24. “Zvirokwazvo, ndinenge ndiri mukurasika kuri pachena.”

25. “Zvirokwazvo, ndave ndinotenda muna Tenzi venyu, naizvozvo nditeererei!”

26. Zvakanzi (kwaari apo paakauraiwa nevasingatendi): “Pinda Paradhiso.” Akati: “Ndinoshuvira kuti dai vanhu vangu vaziva.”

27. “Kuti Tenzi vangu (Allah) vandiregerera, uye vakandiita umwe wevakaremekedzwa!”

28. Uye hatina kuva tinotumira kuvanhu vake mushure make mauto kubva kudenga, uye pange pasina chikonzero chekuti titumire.

29. Kwakangova kudaidzira (Swaihah) kumwechete uye vakabva vanyaradzwa (vafa).

30. Matambudziko kuvanhu (varanda vaAllah)! Hakuna kuva kunouya mutumwa kwavari kusara kwekuti vaimutuka (vaimutsvinyira).

31. Havaoni here kuti madzinza mangani atakaparadza mushure mavo? Zvirokwazvo, havazombofa vakadzokera kwavari.

32. Uye zvirokwazvo, vose umwe neumwe wavo achava anounzwa kwatiri.

33. Uye chiratidzo kwavari, inyika inenge isina upenyu. Tinoipa upenyu, uye tinoburitsa kubva mairi zvirimwa (mbesa), kuti vave vanodya kubva madziri.

34. Uye tinogadzira mairi (nyika) mapindu emadheti nemagirepi, uye tinokonzera kuti zvitubu zvemvura zvive zvinobuda mairi (nyika).

35. Kuti vave vanodya kubva kumichero yawo, uye maoko avo haasi anozvigadzira. Saka sei vasingapi kutenda?

36. Kurumbidzwa ngakuve kune avo vakasika zvinhu (zvisikwa) zvose muuviri kubva kune izvo zvinoburitswa nepasi, uye kubva kwavari (vanhu, varume nevakadzi), uye kubva kune izvo zvavasingazivi.

37. Uye chiratidzo kwavari ndecheusiku. Tinobvisa kubva mahuri (husiku) masikati, uye ngwarirai, vanenge vave murima.

38. Uye zuva rinofamba nemunzira yaro kwenguva yarakatarirwa. Uku ndiko kuronga kwaSamasimba, vane ruzivo rwose.

39. Uye mwedzi takava tinoutarira nzira yawo (yekufamba nayo) kusvikira wadzoka kwatiri sedzinde rekare remaDheti rakaminama, rakaoma.

40. Hazvikwanisike kuti zuva ridarikire mwedzi kana kuti usiku udarikire masikati. Zvose zvinofamba mudenga zvichitenderera.

41. Uye chiratidzo kwavari ndechekuti takatakura zvizvarwa zvavo mungarava yakatakura (yaNowa).

42. Uye takava tinovasikira zvakafanana nayo (ngarava) izvo zvavanotasva.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

43. Uye kana tichida, tichavanyudza uye pachange pasina anodeedzera (kana mununuri achanzwa kuchema kwavo), uye havazombonunurwi.

44. Kusara kwekuti dziri tsitsi kubva kwatiri, uye semafaro kwekanguva.

45. Uye zvikanzi kwavari: "Ityai izvo zviri pamberi penyu (marwadzo epanyika), uye neizvo zviri pamberi penyu zvamusingaoni (marwadzo emuhupenyu hunotevera), kuti muve munogashira tsitsi (kana mukatambira Islaam)."

46. Uye hakuna chiratidzo kubva muzviratidzo zvaTenzi vavo chakauya kwavari kusara kwekuti vakachifuratira.

47. Uye pazvinonzi kwavari: "Ipai kubva mune izvo zvamakapihwa naAllah," avo vasingatendi vanoti kune avo vanotenda: "Tingape kudya avo, dai Allah vaida, ivo (Allah pachezvavo) vaivapa chikafu? Zvirokwazvo, makarasika zviri pachena."

48. Uye vanoti: "Chitsidzo ichi (zuva rekutongwa) chichazadzikiswa rinhi kana muri muchokwadi?"

49. Havana kumirira kusara kweSwaihah (kudeedzera) kumwe kuchavaparadza vari pakati pekupikisana!

50. Naizvozvo havasi kuzokwanisa kutaura zvido zvavo mushure mavo (vafa), kana kudzokera kumhuri dzavo.

51. Uye hwamanda icharidzwa (kuridzwa kwepiri), uye naizvozvo vachabuda mumarinda avo vakananga kuna Tenzi vavo nokukurumidza.

52. Vachati: "Matambudziko kwatiri! Ndiani atimutsa kubva munzvimbo yedu yekurara?" (Zvichanzi kwavari): "Izvi ndizvo zvakavimbiswa neavo vane tsitsi dzose (Allah), uye vatumwa vakava vanotaura chokwadi!"

53. Kuchangove kusheedzera kumwe, naizvozvo vose vachava vanounzwa pamberi pedu!

54. Zuva iri (rekutongwa) hapana achakanganisirwa pane chimwe chinhu, uye hamusi kuzopihwa chinhu kusara kweizvo zvamaiita.

55. Zvirokwazvo, vagari vemuParadhiso, muzuva iri, vanenge vari mubishi nezvinhu zvinofadza.

56. Ivo nevakadzi vavo vachange vari mumimvuri, vakatsamhira muzvigaro (zveumambo).

57. Vachave nemichero (yendudzi dzose) imomo uye nezvose zvavanokumbira.

58. (Zvichanzi kwavari): "Salaam (rugare ngaruve kwamuri) – shoko kubva kuna Tenzi (Allah), vane tsitsi dzose.

59. (Zvichanzi): "Uye Imi maMujrimoon (vatadzi)! Patsanukai muzuva ranhasi (kubva kuvatendi)."

60. “Handina kukuudzai, imi vana vaAdam, kuti musave munonamata Shaitwaan (Satani). Zvirokwazvo, muvengi ari pachena kwamuri.”

61. “Uye kuti muve munondinamata. Iri ndiro gwara rakatwasuka.”

62. “Uye zvirokwazvo iye (Satani) akava anorasisa vakawanda venyu. Hamuna kunzwisisa here?”

63. “Iri ndiro Gehena ramakava munovimbiswa!”

64. “Itsvai mariri muzuva ranhasi, nokuda kweizvo zvamaisatenda.”

65. Nhasi, tichavhara miromo yavo, uye maoko avo achataura nesu, uye makumbo avo achapa uchapupu pamusoro peizvo zvavaiwana. (Zvinonzi chidya cheruboshwe ndicho chichatanga kupa uchapupu).

66. Uye dai kwaiva kuda kwedu, tingadai zvirokwazvo takadzima maziso avo, kuti vave vanotambudzika panzira. Vaizoona sei?

67. Uye dai kwaiva kuda kwedu, tingadai takavashandura (kuti vave mhuka kana zvimwe zvisikwa zvisingafemi) panzvimbo dzavo. Naizvozvo vaisakwanisa kuenda mberi kana kudzokera kumashure.

68. Uye uyo watinopa hupenyu hwakareba, tinomudzosera kuhusikwa (kushaya simba mushure mokuva nesimba). Hamunzwisisi here?

69. Uye hatina kumudzidzisa (Muhammad (SAW)) nhetembo, uye hadzina kukodzera kwaari. Iyi ingori yeuchidzo neQur’aan riri pachena.

70. Kuti rive (Qur’aan) rinochenjedza uyo ari kurarama (mutendi), uye kuti rigova shoko rechokwadi kune avo vasingatendi (vakafa nekusatenda kwavo).

71. Havaoni here kuti takavasikira mombe nemaoko edu kuti vave varidzi vadzo?

72. Uye takaita kuti dzive (mombe) pasi pavo, kuti dzimwe dzacho vave vanotatswa uye dzimwe dzacho vadye.

73. Uye vane zvakanaka zvavanowana kubva madziri, uye vanowana mukaka kuti vanwe. Sei vasingatendi?

74. Uye vakatora zvimwe zvisikwa kunze kwaAllah saanamwari vachitarisira kuti vangabatsirwa (nezvinanamwari zvavo).

75. Havambokwanisi kuvabatsira, asi vachazounzwa pamberi semauto vachipikisana nevaivanamata (pazuva rekutongwa).

76. Naizvozvo mashoko avo ngaasave anokusuwisa (Muhammad (SAW)). Zvirokwazvo, tinoziva zvavanoviga nezvavanobuditsa pachena.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

77. Munhu haaoni here kuti takamusika kubva muNutfah (Mvura yemurume nemukadzi yakasangana)? Asi zvirokwazvo anomira semupikisi ari pachena.

78. Uye anoisa muenzaniso pamusoro pedu, uye wobva akanganwa kusikwa kwake, achibva ati: “Ndiani achapa hupenyu kumapfupa mushure mekunge aora uye aita mavhu?”

79. Iti (Muhammad (SAW)): “Achapihwa hupenyu (mapfupa) neavo vakaasika pekutanga! Uye vane ruzivo pamusoro pezvisikwa zvose!”

80. “Avo vanokubuditsirai moto kubva kumuti munyoro, apo pamunenge mave kubatidza kubva kwauri.”

81. Avo vakasika matenga nenyika havana here simba rekusika zvimwe zvakafanana naizvozvo? Hongu, zvirokwazvo ndivo musiki mukuru vane ruzivo.

82. Zvirokwazvo, mutemo wavo kana vada chinhu vanongoti: “Ivapo!” – chobva chavapo!

83. Naizvozvo kurumbidzwa ngakuve kwavari, avo muruoko rwavo mune humambo hwezvinhu zvose, uye kwavari muchadzoserwa.

# CHITSAUKO AS-SWAAFFAAT

# (VARI MUMITSARA) 37

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Ndinopika neavo (ngirozi) vari mumitsara.

2. Neavo (ngirozi) vanofambisa makore mune zvakanaka.

3. Neavo (ngirozi) vanosvitsa mashoko kuvanhu kubva kuna Allah.

4. Zvirokwazvo, Mwari wenyu vamwechete.

5. Tenzi vematenga nenyika neizvo zviri pakati pazvo uye Tenzi vemabvazuva.

6. Zvirokwazvo, takava tinoshongedza denga repadyo neshongedzo yenyenyedzi.

7. Uye sechidziviriro kubva kumweya yose yadhiyabhorosi yakapanduka.

8. Havakwanisi kuteerera kune gungano riri pamusoro (ngirozi) nokuda kwekuti vanotemwa kubva kumativi ose.

9. Vakarasiririwa, uye vachava nemutongo unorwadza usingaperi.

10. Kusara kweuyo anotora (anobvuta) chimwe chinhu mushure mekunge aba, uye oteverwa nemarimi emoto anovheneka.

11. Naizvozvo (Muhammad (SAW)) vabvunze (vasingatendi): "Ndivo here vakaoma kusika, kana kuti ndeizvo zvatakasika (matenga nenyika nemakomo)?" Zvirokwazvo, takavasika kubva muivhu rinonamira (matope).

12. Asi unoshamiswa (Muhammad (SAW)) apo ivo vachituka (vachitsvinyira) (iwe pamwe neQur'aan).

13. Uye kana vachinge vayeuchidzwa, havayeuki (havarangariri).

14. Uye kana vachinge vaona chiratidzo (kubva kuna Allah) vanochitsvinya.

15. Uye vanoti: "Hapana zviripo kusara kwemapipi ari pachena!"

16. "Kana tichinge tafa tave huruva nemapfupa, zvirokwazvo tichamutswa here?"

17. "Pamwechete nemadzibaba edu ekutanga here?"

18. Iti (Muhammad (SAW)): "Hongu, zvakare muchava munodzikisirwa."

19. Kuchangova kudeedzera kumwechete (Zajrah – kuridzwa kwehwamanda kechipiri), uye ngwarirai, vachange vakayeva (vakatarisa)!

20. Vachati: "Matambudziko kwatiri! Iri ndiro zuva rekutongwa (remugove)!"

21. (Zvichanzi kwavari): "Iri ndiro zuva rekutongwa ramairamba."

22. (Zvichanzi kungirozi): "Unganidzai avo vaiita zvisakarurama, pamwechete nevaigara navo (vanadiyabhorosi) uye neizvo zvavainamata."

23. "Kunze kwaAllah, uye vatungamiririrei kunzira yekumoto."

24. "Uye vamisei (vadzorei), zvirokwazvo vanofanirwa kubvunzwa."

25. "Dambudziko renyu nderei? Sei musiri kubatsirana (sezvamaisiita panyika)?"

26. Asi zuva iroro vachazvipira (Vachakanda mapfumo pasi).

27. Uye vachava vanocheukirana vachibvunzana.

28. Vachati: "Zvirokwazvo, ndimi maiuya kwatiri kubva kurudyi (muchitikurudzira kusatenda nekuita mabasa akaipa)."

29. Vachati (Vadzvanyiriri): "Asi imi pachenyu makange musiri vatendi."

30. "Uye takanga tisina masimba pamusoro penyu. Asi makange muri vanhu vaisatenda (vaipfurikidza mwero)."

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

31. “Saka izwi raTenzi vedu rava rinonangana nesu kuti zvirokwazvo tichava tinoravira (mutongo wakaomarara).”

32. “Uye takakutungamirai kugwara rakarasika nokuda kwekuti isu pachedu takanga takarasika.”

33. Uye zvirokwazvo zuva iroro vachava vese vanowana marwadzo.

34. Zvirokwazvo, ndiwo maitiro atinoita nevatadzi.

35. Zvirokwazvo, pazvakanzi kwavari: “Laa ilaaha illallaah (Hakuna umwe mwari anofanirwa kunamatwa kunze kwaAllah),” vakazvitutumadza.

36. Uye vakati: “Tingasiye vanamwari vedu here nokuda kwemudetembi asina kukwana?”

37. Asi iye (Muhammad (SAW)) auya nechokwadi (Islaam) uye achisimbisa (achitsigira) vatumwa (vaivepo iye asati avepo).

38. Zvirokwazvo, muchava (vasingatendi) munoravira mutongo unorwadza.

39. Uye hamusi kuzopihwa chimwe chinhu kusara kweizvo zvamaiita.

40. Kusara kwevaranda vaAllah vakasarudzwa (maMuslim).

41. Vachave neraramo inozivikanwa (muParadhiso),

42. Michero, uyezve vacharemekedzwa,

43. Mumapindu emafaro (MuParadhiso),

44. Vakatarisana muzvigaro (zvoumambo).

45. Mukombe wewaini yakanaka uchitenderedzwa pakati pavo.

46. (Waini) ichena, inonaka kuvanwi.

47. Havasi kuzovhiringidzwa (kurwadziwa) nayo, kana kuti kudhakwa nayo.

48. Uye parutivi pavo pachange paine vakadzi vanodzora maziso avo (vasingadi vamwe kunze kwevarume vavo), vane maziso mahombe akanaka.

49. (Vakachena) sekunge mazai (akavigwa) akachengetedzwa.

50. Nokudaro vachava vanotarisana vachibvunzana (kubvunzana kwakanaka).

51. Mutauri pakati pavo achiti: “Zvirokwazvo, ndaive neshamwari (Panyika).”

52. “Aitaura kuti: ‘Uri pakati peavo vanotenda (muhupenyu hunotevera here).’

53. ‘(Kuti) Kana tichinge tafa tova huruva nemapfupa, tichava tinomutswa kuti tinowana mubairo kana murango (zvichienderanda nemabasa edu)?’”



الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

54. (Mutauri) akati: “Mungatarise here pasi?”

55. Naizvozvo akatarisa pasi uye akamuona ari pakati pemoto.

56. Akati: “Ndinopika naAllah! Zvirokwazvo, wakaposa hwandidzikisira (hwandiparadza).”

57. “Dai dzisiri nyasha dzaTenzi vangu, ndingadai ndiri mumwe weavo varimo (mumoto).”

58. (Vagari vemuParadhiso) vachati: “Hatisi kuzofa (zvakare) here?”

59. “Kusara kwekufa kwedu kwekutanga, uye hatisi kuzopihwa murango (mushure mekupinda muParadhiso)?”

60. Zvechokwadi, uku ndiko kubudirira kukuru!

61. Semuenzaniso weizvi siyai vashandi vashande.

62. Ndiwo magariro ari nani here (Paradhiso) kana kuti muti weZaqqoom (muti unovava zvekuti wekumoto)?

63. Zvechokwadi, takaugadzira semuedzo kune avo vasingatendi (vatadzi).

64. Zvirokwazvo, imuti unobuda kubva pasi pemoto.

65. Kupukira kwemadzinde emichero yacho kunenge misoro yemaShayaatween (ana Dhiyabhorosi).

66. Zvechokwadi, vachadya kubva mauri uye matumbu avo achazadzwa nawo.

67. Uye pamusoro pazvo vachapihwa mvura inopisa kuti vanwe kuti ive musanganiswa (wemvura inopisa neZaqqoom).

68. Uye mushure mazvo, zvirokwazvo, vachadzokera mumarimi emoto.

69. Zvirokwazvo, vakawana madzibaba avo ari mugwara rakarasika.

70. Naizvozvo ivo (zvakare) vakatevera tsoka dzavo!

71. Uye zvirokwazvo vazhinji vakave vakarasika ivo vasati vavapo.

72. Uye zvirokwazvo takava tinotumira vayambiri pakati pavo (vatumwa).

73. Naizvozvo tarisai magumo eavo vakayambirwa (asi havana kuteerera).

74. Kusara kwevaranda vaAllah vakasarudzwa (maMuslim).

75. Uye zvirokwazvo Nowa akatisheedza, uye ndisu tiri pamusoro peavo vanopa mhinduro.

76. Uye takamununura pamwechete nemhuri yake kubva kumarwadzo makuru (kunyura).

77. Uye takaita kuti vana vake (Shem, Ham naJapheth) vave vanorarama.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

78. Uye takava tinomusiira (kurangarira kwakanaka) pakati pemarudzi aizouya.

79. "Rugare (kubva kwatiri) ngaruve kuna Nowa pasi rose!"

80. Zvirokwazvo, ndiwo mubairo watinopa maMuhsinoon (vanhu vanoita mabasa akanaka).

81. Zvirokwazvo, (Nowa) akanga ari umwe wevaranda vedu vaitenda.

82. Uyezve takava tinonyudza vamwe vose (vaisatenda).

83. Uye zvirokwazvo pakati pevakatevera nzira yake (Nowa) aiva Ibrahim (Abrahamu).

84. Apo paakauya kuna Tenzi vake nemoyo wakachena.

85. Apo paakati kuna baba vake nevanhu vake: "Chii chamunonamata?"

86. "Ndivana mwari venhema here vamunoda muchisiya Allah?"

87. "Saka munofungei pamusoro paTenzi vepasi rose?"

88. Uye akabva atarisa nyenyedzi.

89. Uye akati: "Zvirokwazvo, ndiri kurwara. (Akaita izvi kuti asaende kemhemberero dzavo kuti asare achiparadza zvidhori zvavainamata)."

90. Naizvozvo vakabva vamusiya vachibva vaenda.

91. Uye akabva atendeukira kunanamwari vavo achibva ati: "Hamudyi here (chikafu chirimberi kwenyu)?"

92. "Dambudziko renyu nderei rinoita kuti musataure?"

93. Uye akabva atendeukira kwazviri achizvirova neruoko (rwake) rwerudyi.

94. Uye (vanamati vezvidhori) vakauya kwaari vachimhanya.

95. Akabva ati: "Munonamata zvamakaveza here (pachenyu)?"

96. "Asi Allah vakakusikai (imi) nezvamunogadzira!"

97. Vakati: "Muvakirei chivakwa uye momukanda mumoto!"

98. Naizvozvo vakamurongera zano asi takavaita kuti vave vepasi pasi.

99. Uye akati (Anunurwa kubva mumoto): "Zvirokwazvo, ndavakuenda kuna Tenzi vangu. Vachanditungamirira!"

100. "Tenzi vangu! Ndipeiwo vana vanoita mabasa akanaka."

101. Naizvozvo takamupa shoko rakanaka remukomana akashinga.

102. Uye paakanga akura (mwana wake) zvekukwanisa kufamba naye, (Ibrahim (Abrahamu)) akati: “Iwe mwana wangu! Zvirokwazvo, ndaona kuhope ndichikucheka (sechipiro kuna Allah). Naizvozvo unozviona sei?” Akati: “Imi baba vangu! Itai zvamaudzwa, kana Allah vachida, muchandiwana ndiri pakati peavo vanotsungirira.”

103. Uye apo vose vakanga vazvipira pachezvavo (kuna Allah), uye akanga amuradzika akatarisa pasi.

104. Takamudaidza: “Iwe Ibrahim (Abrahamu)!”

105. “Zvirokwazvo, wava unozadzisa hope (dzako)!” Zvirokwazvo, ndiwo mubairo watinopa maMuhsinoon (vanhu vanoita mabasa akanaka).

106. Zvirokwazvo, kwaiva kuedzwa kuri pachena.

107. Uye takava tinomubhadhara nechipiro chikuru (Hwai).

108. Uye takava tinomusiira (kurangarira kwakanaka) pakati pemarudzi aizouya.

109. “Rugare ngaruve kuna Ibrahim (Abrahamu)!”

110. Saizvozvo tinopa mubairo maMuhsinoon (vanhu vanoita mabasa akanaka).

111. Zvirokwazvo, akanga ari umwe wevaranda vedu vaitenda.

112. Uye takamupa shoko rakanaka raIshaaq (Isaka), muporofita kubva kune vanhu vanoita mabasa akanaka.

113. Takava tinomukomborera naIshaaq (Isaka). Uye kubva muvana vavo pane vamwe vaiita mabasa akanaka, nevamwe vaizvidzvanyirira zviri pachena pachezvavo.

114. (Naizvozvo) zvirokwazvo, takava tinokomborera Musa naHaroon (Aroni).

115. Takava tinovanunura pamwechete nevanhu vavo kubva kudambudziko guru.

116. Takavabatsira kuti vave vanokunda.

117. Takava tinovapa Gwaro riri pachena.

118. Tikavatungamira kunzira yakatwasuka.

119. Takavasiira (ndangariro dzakanaka) pakati pemadzinza akatevera.

120. “Salaam (Rugare) ngaruve kuna Musa naHaroon (Aroni)!”

121. Zvirokwazvo, ndiwo mapiro atinoita mugove kune vanoita mabasa akanaka.

122. Zvirokwazvo, vari vaviri (Musa naHaroon (Aroni)) vakanga vari vamwe vevaranda vedu vanotenda.

123. Uye zvirokwazvo Elyaas (Eriya) akanga ari umwe wevatumwa.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

124. Paakati kuvanhu vake: “Hamutyi Allah here?”

125. “Mungadaidza Ba’l (chiumbwa chaizivikanwa chavainamata) muchisiya musiki wepamusoro soro.”

126. “Allah, Tenzi venyu, uye Tenzi vemadzibaba (madzitateguru) enyu ekutanga.”

127. Asi vakamuramba (Elyaas (Eriya)), saka naizvozvo vachava vanounzwa (kumutongo).

128. Kusara kwevaranda vaAllah vakasarudzwa.

129. Takamusiira (ndangariro dzakanaka) kumadzinza akatevera.

130. “Salaam (Rugare) ngaruve kuna Elyaaseen (Eriya)!”

131. Zvirokwazvo, ndiwo mapiro atinoita mugove kune avo vanoita mabasa akanaka.

132. Zvirokwazvo, akanga ari umwe wevaranda vedu vanotenda.

133. Uye zvirokwazvo Loti akanga ari umwe wevatumwa.

134. (Rangarirai) patakamununura pamwechete nemhuri yake yose.

135. Kusara kwechembere (mudzimai wake) yakava pane vakasara kumashure.

136. Uye takava tinoparadza vamwe vose (Guta reSodom kuPalestine).

137. Zvirokwazvo, munopfuura nepavari munguva dzemangwanani.

138. Uye neusiku, hamufungi here?

139. Uye zvirokwazvo, Yunus (Jonah) akange ari umwe wevatumwa.

140. (Rangarirai) apo paakamhanyira mungarava.

141. Uye akava (anobvumirana) nekutsvaga mhanza, uye akava anokundwa.

142. Uye akamedzwa nehove (hombe) sezvo iye aiva nemhosva.

143. Dai kusiri kuti akanga ari mumwe wevairumbidza Allah,

144. Angadai akaramba ari mudumbu mayo (hove) kusvikira zuva rekupedzisira (rekumutswa).

145. Asi takava tinomukanda kumahombe kombe ava kurwara.

146. Takava tinoita kuti munhanga umere pamusoro pake.

147. Uye takamutumira kuzviuru zana (zvevanhu) kana kudarika ipapo.

148. Uye vakatenda; naizvozvo takava tinovapa mafaro kwekanguva.

149. Vabvunze (Muhammad (SAW)): “Kuna Tenzi vako ndiko kune vanasikana uye kwavari ndiko kune vanakomana here?”

150. “Kana kuti takasika ngirozi dzechikadzi here ivo vachiona (vachipupura)?”

151. Zvirokwazvo, zvingori zvemanyepo avo (vasingatendi) kuti vanoti:

152. “Allah vane vana (ngirozi)!” Uye zvirokwazvo vanyepi!

153. (Allah) vakasarudza vanasikana here pane vanakomana?

154. Dambudziko renyu nderei? Ko munoronga sei?

155. Hamurangariri here?

156. Kana kuti mune kodzero iri pachena here?

157. Naizvozvo huyai neGwaro renyu kana muri pachokwadi.

158. Uye vakagadzira ushamwari pakati pavo (Allah) nemaJinn, asi ivo maJinn anoziva zvakanaka kuti arikuzomira pamberi pavo (Allah).

159. Kurumbidzwa ndekwaAllah! Kubva kune izvo zvavanovasanganisa (zvavanovatsanangudza) nazvo!

160. Kusara kwevaranda vaAllah, vavakasarudza (vatendi vechokwadi).

161. Naizvozvo, zvirokwazvo imi (vasingatendi) neavo vamunonamata (zvidhori).

162. Hamukwanise kurasisa (kusandura avo vanotenda muna Allah).

163. Kusara kweavo vakanyorerwa kutsva (muGehena)!

164. Uye hakuna pakati pedu (ngirozi) kusara kwekuti ine chinzvimbo chinozivikanwa.

165. Uye zvirokwazvo, isu (ngirozi) tinomira mumitsara (tichinamata sezvamunoita maMuslim pakunamata).

166. Uye zvirokwazvo, isu (ngirozi) ndisu avo vanorumbidza (Allah).

167. Uye zvirokwazvo ivo (vasingatendi) vaiti:

168. “Dai tiine muyeuchidzi sevanhu vekare (Muporofita Muhammad (SAW) asati auya).”

169. “Taiva zvirokwazvo varanda vaAllah vakasarudzwa (vatendi vechokwadi)!”

170. Asi (Qur’aan rave rinouya) havasi kutenda mariri, naizvozvo vachaziva!

171. Uye zvirokwazvo, shoko redu rakatopfuura kuvaranda vedu, vatumwa.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

172. Kuti zvirokwazvo vachava vanoitwa vakundi.

173. Uye zvirokwazvo mauto edu achava vakundi.

174. Naizvozvo vafuratire (Muhammad (SAW)) kwekanguva.

175. Uye vatarise uye vachazoona (mutongo)!

176. Vari kuda kukurumidzira mutongo wedu here?

177. Naizvozvo paunodzikiswa muzvivanze zvavo (padyo navo), kuipa kuchava mangwanani eavo vakayeuchidzwa!

178. Naizvozvo vafuratire (Muhammad (SAW)) kwekanguva.

179. Uye vatarise uye vachazoona (mutongo).

180. Kurumbidzwa ndekwaTenzi vako, Tenzi veruremekedzo nesimba! Kubva mune izvo zvavanovasanganisa (zvavanovatsanangudza) nazvo!

181. Uye rugare ngaruve kune vatumwa!

182. Uye kurumbidzwa nekutendwa ndekwaAllah, Tenzi vepasi rose (vanhu nemaJinn nezvese zviripo).

# CHITSAUKO SWAAD 38

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Swaad.** (Aya mavara hapana anoziva zvaanoreva kunze kwaAllah). Ndinopika neQur'aan rizere neyeuchidzo yose.

2. Nokudaro avo vasingatendi vari mukuzvitutumadza nekupikisa.

3. Mapoka mangani evanhu atakaparadza ivo vasati vavapo! Uye vakachema apo nguva yekutiza pakanga pasisina.

4. Uye ivo (maArabhu) vanoshamiswa nokuti muyeuchidzi (Muhammad (SAW)) ava anouya kwavari kubva pakati pavo. Uye vasingatendi vanoti: "Uyu (Muporofita Muhammad (SAW)) munhu wemapipi uye munyepi."

5. "Aita vanamwari (vose) kuva Mwari mumwechete? Zvirokwazvo, ichi chinhu chinoshamisa!"

6. Uye vatungamiriri vavo vakaenderera mberi (vachiti): "Endererai mberi, uye shingirirai nanamwari venyu! Zvirokwazvo, ichi chinhu chakarongwa (chakanangana nemi)!"

7. “Hatina kumbonzwa (zvakafanana) neizvi muchitendero chemazuva ano (chiKristu). Zvirokwazvo, hakuna chimwe chinhu kusara kwekuti chakagadzirwa!”

8. “Yeuchidzo yadzikiswa here kwaari (chete) kubva kwatiri?” Asi vari mukugunun’una nezveyeuchidzo yangu (Qur’aan)! Asi havasati varavira marwadzo angu!

9. Kana kuti vane mubairo wenyasha kubva kuna Tenzi vako, Samasimba, Mupi chaiye-iye?

10. Kana kuti vane humambo hwepasi nekudenga nezviri pakati pazvo ndezvavo? Kana zviri izvozvo ngavakwire kumusoro (kudenga) nechero nzira dzavanokwanisa!

11. Vachava mauto achakurirwa kunge zvikwata zvenguva yekare.

12. Kumashure kwavo kune vanhu vakaramba, vanhu vaNowa, uye vaAad, uye Farawo muridzi wehoko (dzaairwadzisa vanhu nadzo).

13. Uye maThamood, nevanhu vaLoti, uye nevagari vemusango, ivavo ndivo vakanga vari zvikwata.

14. Hapana mumwe wavo asi kuti vakaramba vatumwa. Naizvozvo mutongo wangu wange uri wechokwadi (wakakodzera).

15. Uye ava vakangomirira hwamanda imwechete, uye haizomiri (kurira kusvikira zvose zvaparara kusara kwaAllah).

16. Uye vanoti: “Tenzi vedu! Tiratidzei nekukasika Qittana (Bhuku redu remabasa akanaka neakaipa kuti tive tinoaona) zuva rekutongwa risati rasvika!”

17. Tsungirira (Muhammad (SAW)) pane zvavanotaura, uye rangarira muranda wedu Davhidha aiva nesimba. Zvirokwazvo, aiva munhu aireurura kuna Allah.

18. Zvirokwazvo, takaita kuti makomo naiye zvive zvinorumbidza munguva yemasikati nemangwanani.

19. Uye shiri dzakaunganidzwa, dzose dzaimuteerera (Davhidha) (dzaiuya dzichirumbidza zita raAllah pamwechete naye).

20. Uye takaita kuti humambo hwake husimbe, uye takamupa Al-Hikmah (Huporofita) uye kutonga nekutaura kwakanaka.

21. Hadzina kusvika kwauri here nhau dzevaipomerana mhosva? Pavakakwira pamusoro peMihraab (imba yekunamatira).

22. Pavakapinda maiva naDawood (Davhidha), akavatya. Vakati: “Usatye! (Tiri) vaviri vari kupomerana mhosva, umwe wedu akanganisira umwe. Naizvozvo titonge nechokwadi, uye zvakare usave unorega kuenzanisa, uye titungamirire kunzira yakatwasuka.”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

23. “Zvirokwazvo, mukoma wangu uyu (muchitendero) ane hwai makumi mapfumbamwe nepfumbamwe (99), asi ini ndine hwai imwechete (chete), uye akati: ‘Ndipe (hwai iyoyo)’, uye akandikurira mumashoko.”

24. Dawood (Davhidha) akati (asina kuteerera rimwe divi): “Zvirokwazvo, akakukanganisira nekuda hwai yako kuti awedzere pane hwai dzake. Uye zvirokwazvo vashandi pamwechete (vanoisa upfumi pamwechete) vakawanda vanodzvanyirira vamwe, kusara kwevanotenda uye vachiita mabasa akanaka, uye vashoma.” Uye Dawood (Dhavhidha) akazviona kuti zvirokwazvo tamuedza, uye akabva akumbira ruregerero kuna Tenzi vake, uye akabva apfugama achireurura.

25. Naizvozvo takamuregerera, uye zvirokwazvo ari padyo nekusvika kwatiri, uye nenzvimbo yakanaka kudzokera (Paradhiso).

26. Iwe Dawood (Dhavhidha)! Zvirokwazvo, takakuita mumiririri panyika, naizvozvo tonga vanhu nechokwadi, uye usave unotevedzera chido chako nekuti chichakurasisa kubva munzira yaAllah. Zvirokwazvo, avo vanorasika kubva munzira yaAllah, vachave nemutongo wakaomarara nekuti vakakanganwa zuva rekutongwa.

27. Uye hatina kusika denga nenyika nezvose zviri pakati pazvo pasina chinangwa! Ndiwo mafungiro evasingatendi! Naizvozvo matambudziko kune avo vasingatendi (muIslaam) kubva kumoto!

28. Tingabate avo vanotenda (muna Allah) uye vanoita mabasa akanaka semabatiro atinoita maMufsidoon (avo vanosanganisa Allah nezvimwe zvinhu mukunamata uye vachiita zvitadzo) panyika? Kana kuti tingabate maMuttaqoon (avo vanhu vanotya Allah) semaFujjaar (vanhu vasingatendi uye vanoita mabasa akaipa)?

29. (Iri) Igwaro ratakatumira kwauri, rizere nemakomborero, kuti vave vanodzamisa pfungwa (vanorangarira) mundima dzaro, uye kuti vanhu vanonzwisisa vave vanorangarira.

30. Uye Dawood (Dhavhidha) takamupa Sulaimaan (Soromoni). Muranda akanaka! Zvirokwazvo, aikumbira ruregerero (kwatiri).

31. Paakaratidzwa nguva dzemasikati, mabhiza akapingudzwa emhando yepamusoro (achienda kunorwa munzira yaAllah).

32. Akati: “Ini ndada zvakanaka (mabhiza aya) kupinda kurangarira Tenzi vangu (pamunamato wangu wemasikati, Asr)” kusvikira nguva yadarika, uye (zuva) raenda muna amai varo.

33. Ndokubva ati: “Uyai nawo (Mabhiza) kwandiri!” Akatanga kufambisa ruoko rwake pamakumbo nepahuro pawo (kusvikira kuratidzwa kwapera).

34. Uye zvirokwazvo takava tinoedza Sulaimaan (Soromoni). Takava tinoisa Jasad (Dhiyabhorosi) pachigaro chake (akatorasikirwa nehumambo kwekanguvana), uye akava anodzokera (kuna Allah nekuteerera nekukumbira ruregerero, uye pahumambo wake nekuda kwaAllah).

35. Akati: “Tenzi vangu! Ndiregererei, mova munondipa umambo usina achazova nawo mushure mangu. Zvirokwazvo, ndimi mupi.”



الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

36. Naizvozvo takamupa mhepo, yaivhuvhuta zvinyoro-nyoro nokuda kwake kwose kwaaida.

37. Uyezve maShayaatween (vanaDhiyabhorosi) kubva kumaJinn kusanganisira mhando yose yemuvaki nemushambiri.

38. Uye vamwe vakasungwa pamwechete nengetani.

39. (Allah vakati kuna Sulaimaan): "Ichi ndicho chipo chedu, saka ipa kana chengeta zvisina mubvunzo."

40. Uye zvirokwazvo ange ari pedyo nesu, uye ane nzvimbo yakanaka yokudzokera (Paradhiso).

41. Uye rangarira muranda wedu Ayyoob (Jobho), paakakumbira Tenzi vake achiti: "Zvirokwazvo, Dhiyabhorosi (Satani) andiedza nemarwadzo (urwere) pamwechete nemutongo (kuparadza upfumi wangu)!"

42. (Allah vakati kwaari): "Rova pasi netsoka yako. Ichi chitubu chemvura yekugeza inotonhora uye yekunwa."

43. Uye takamudzosera (zvakare) mhuri yake pamwechete nevamwe vane huwandu hwakafanana navo setsitsi kubva kwatiri, uye sendangariro kune avo vanonzwisisa.

44. "Uye tora muruoko rwako chisvumbu cheuswa worova nacho (mukadzi wako), uye usatyora chitsidzo chako." Zvechokwadi, takamuwana aine kutsungirira. Muranda akanaka! Zvirokwazvo, aiva anokumbira ruregerero (kwatiri)!

45. Uye rangarira varanda vedu Ibrahim (Abrahamu), Ishaaq (Isaka), naYa'qoob (Jakobho), vaiva nesimba (mukutinamata) uye mukunzwisisa chitendero.

46. Zvirokwazvo takavasarudza nekuvapa (chanakaka chinova) kurangarira imba (yekudenga).

47. Uye vanesu zvirokwazvo pane vakasarudzwa uye vakanaka!

48. Uye rangarira Ismail (Ishumaeri), Alyasa' (Elaisha) naDhul-Kifl (Isaiah), vose vari pakati pevakanaka.

49. Iyi iyeuchidzo. Uye zvirokwazvo Al-Muttaqoon (vanotya Allah) vachave nemagumo akanaka (Paradhiso).

50. (Eden) Paradhiso, iyo mikova yayo vachaivhurirwa.

51. Vachave vanozorora mairi, vova vanosheedzera michero yakawanda nezvinwiwa.

52. Uye parutivi pavo pachave neQaasiraat-At-Tarf (madzimai anozvibata asingadi vamwe varume kunze kwevarume vavo chete) vemazera akaenzana.

53. Izvi ndizvo zvamunovimbiswa (imi vanotya Allah) pazuva rekutongwa!

54. (Zvichanzi kwavari): Zvirokwazvo iyi iraramo yedu isingaperi.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

55. Zvakadaro! Uye avo vanopfurikidza mwero (vasingatendi) vachave nokudzokera kwakaipa (Moto).

56. Gehena! Mavachatsvira, uye inzvimbo yakaipa yekuzororera!

57. Zvakadaro! Naizvozvo vasiyei varavire mvura inopisisa uye netsvina inobuda muzvironda.

58. Uye imwe (mitongo) yakafanana neuyu – yese pamwechete!

59. Iri iboka ramuchapinda naro (muGehena), havana muchingamidzo! Zvirokwazvo, vachave vanotsva mumoto!

60. Ivo (vatevedzeri vevakarasika) vachati: “Uye nemi! Hakuna muchingamidzo kwamuri! Ndimi mava munounza izvi kwatiri (nekutirasisa kwenyu panyika), naizvozo iyi inzvimbo yakaipa kugara!”

61. Vachati: “Tenzi vedu! Chero ani aunza izvi kwatiri, muwedzerei mutongo wakapetwa mumoto!”

62. Uye vachati: “Dambudziko redu nderei, hatisi kuona vanhu vataiverengera pavaipi?”

63. “Taivatora sechisekwa, kana kuti maziso edu arikutadza kuvaona?”

64. Zvirokwazvo, ichi ichokwadi kupikisana kwevanhu vemumoto.

65. Iti (Muhammad (SAW)): “Ndingori muyambiri, uye hakuna mumwe mwari (ane kodzero yekunamatwa) kunze kwaAllah, Mumwechete, Samasimba.”

66. “Tenzi vematenga nenyika uye nezvose zviri mazviri, vane simba rose, vanoregerera.”

67. Iti: “(Iri Qur’aan) mashoko makuru.”

68. “Ayo amunofuratira!”

69. “Ndakanga ndisina ruzivo rwemadzimambo epamusoro (ngirozi) pavaipikisana vachikurukura (nezvekusikwa kwaAdam).”

70. “Izvi zvave zvinodzikiswa kwandiri, kuti ini ndingori muyambiri ari pachena.”

71. (Yeuka) apo Tenzi vako vakati kungirozi: “Muchokwadi, ndichava ndinosika munhu kubva muivhu.”

72. “Naizvozvo kana ndamuumba zvakakwana uye ndikamufemera mweya wandakasika, mova munomupfugamira.”

73. Naizvozvo ngirozi dzakapfugama dzose.

74. Kusara kwaDhiyabhorosi, akazvitutumadza uye akava umwe wevasingatendi.

75. (Allah) vakati: “Iwe Dhiyabhorosi! Chii chakudzivisa kubva mukupfugamira uyo wandasika nemaoko angu? Unozvitutumadza here kana kuti wava umwe wepamusoro-soro?”

76. Iblees (Dhiyabhorosi) akati: “Ndiri nani pane iye. Makandisika kubva mumoto, uye mamusika kubva kuivhu.”

77. (Allah) vakati: “Naizvozvo ibva muno! Zvirokwazvo, uri umwe weavo vakarasiririrwa.”

78. “Uye zvirokwazvo kurengera kwangu kuchave pauri kusvika muzuva rokupihwa mubhadharo.”

79. Iblees (Dhiyabhorosi) akati: “Tenzi vangu! Ndipei kurarama (nguva) kusvika pazuva ravachamutswa (kubva kuvafi).”

80. (Allah) vakati: “Zvirokwazvo, uri umwe weavo vakapihwa nguva (kurarama).”

81. “Kusvika pazuva renguva yakatarwa.”

82. (Iblees (Satani)) akati: “Nesimba renyu, ndichavarasisa vose.”

83. “Kusara kwevaranda venyu vanotenda vamakasarudza pakati pavo.”

84. (Allah) vakati: “Chokwadi, chokwadi ndicho chandinotaura.”

85. “Ndichazadza Gehena newe (Satani) neavo vose kubva kwavari (vanhu) vanokutevera.”

86. Iti (Muhammad (SAW)): “Handikukumbirii mubairo pariri (Qur’an), uye handisi umwe wevanonyengedza.”

87. “(Qur’aan) iri ringori yeuchidzo kuAl-Aalameen (vanhu nemaJinn).”

88. “Uye zvirokwazvo muchaona chokwadi charo mushure mekanguva.”

# CHITSAUKO AZ-ZUMAR

# (ZVIKWATA / MAPOKA) 39

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Zvakadzikiswa zveBhuku iri (Qur’aan) kubva kuna Allah, Samasimba, Vane huchenjeri hwese.

2. Zvirokwazvo, takadzikisa Bhuku kwauri (Muhammad (SAW)) muchokwadi. Naizvozvo namata Allah (Vega) nekuita mabasa echitendero nemoyo wose uchifadza Allah.

3. Zvirokwazvo, chitendero ndecha Allah Voga. Uye avo vanotora vabatsiri kunze kwaAllah (vanoti): “Tinovanamata kuti vatiswededze pedyo naAllah.” Zvirokwazvo, Allah vachatonga

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

pakati pavo maererana izvo zvavanopesana. Zvirokwazvo, Allah havatungamiriri uyo anonyepa, uye asingatendi.

4. Dai Allah vaida kuita mwana, vangadai vakasarudza wavaida pakati pevavakasika. Kurumbidzwa ngakuve kwavari! NdiAllah, Mumwechete, Samasimba.

5. Vakasika matenga nepasi muchokwadi. Vanoita kuti husiku hupinde muzuva uye vanoita kuti zuva ripinde muhusiku. Uye vakapa mutemo kuzuva nemwedzi. Chimwe nechimwe chinofamba (munzira ne) munguva yakatarwa. Zvirokwazvo, ndivo Samasimba, Vanoregerera zvikuru.

6. Vakakusikai kubva kumunhu mumwechete (Adam); uyezve vakasika mukadzi wake (Hawwa (Evha)) kubva kwaari (Adam). Uye vakava vanokutumirai zvipfuyo zvisere dziri zviviri zviviri (hwai yechirume neyechikadzi; mbudzi yechirume neyechikadzi; mombe yechirume neyechikadzi; ngamera yechirume neyechikadzi). Vanokusikai muzvibereko zvanaamai venyu, chisikwa mushure mechisikwa mumarima matatu. Ava ndiAllah, Tenzi venyu. Kwavari ndiko kune humambo. Laa ilaaha illaa Huwa (Hakuna chimwe chinhu chine kodzero yekunamatwa kunze kwavo). Naizvozvo, sei muchiitwa kuti mufuratire?

7. Mukasatenda, zvirokwazvo, Allah ndivo mupfumi pamusoro penyu. Havafadzwi nekusatenda kwevaranda vavo. Uye mukatenda, vanofadzwa nemi. Hakuna munhu achatakura mutoro wemumwe. Uye kuna Tenzi venyu ndiko kwamuchadzokera, uye vachava vanokuudzai zvamaiita. Zvirokwazvo, vanoziva zvikuru zviri mumoyo.

8. Uye marwadzo akabata munhu, anochema kuna Tenzi vake, achikumbira ruregerero kwavari. Asi vakamupa makomborero kubva kwavari, anokanganwa zvaakanga achichemera kumashure, ogadzira vamwe vanamwari vanopokana naAllah, kuti ave anorasisa vamwe kubva munzira yavo. Iti: “Wana mufaro nekusatenda kwako kwekanguva kadiki. Zvirokwazvo, uri mumwe vevagari vemumoto!”

9. Angave here uyo anoteerera Allah, achipfugama kana kumira (pamunamato) munguva dzeusiku, achitya hupenyu hunotevera, uye ane chivimbo chetsitsi dzaTenzi vake (akaenzana here neuyo asingatendi)? Iti: “Vakaenzana here avo vanoziva neavo vasingazivi?” Zvirokwazvo, vanoyeuka ndeavo vanhu vanonzwisisa.

10. Iti (Muhammad (SAW)): “Imi varanda vangu vanotenda (muhumwechete hwaAllah), ivai munotya Tenzi venyu. Runako (Mubairo) nderwe avo vanoita mabasa akanaka panyika pano, uye nyika yaAllah yakakura (kuti kana musingakwanisi kuvanamata pane imwe nzvimbo munovanamata kumwe). Zvirokwazvo, avo vanotsungirira vachawana mubairo wavo wakazara pasina kutongwa (kuverengerwa).”

11. Iti (Muhammad SAW)): “Zvirokwazvo, ndakave ndinokomekedzwa kunamata Allah (Voga) nekuvateerera nokuita mabasa echitendero ndichiitira ivo chete.”

12. “Uye ndakave ndinokomekedzwa (izvi) kuti ndive mumwe weavo vekutanga kuzvipira kuna Allah (muIslaam) (maMuslim).”

13. Iti (Muhammad (SAW)): “Zvirokwazvo, ndikasateerera Tenzi vangu, ndinotya mutongo wezuva guru.”

14. Iti (Muhammad (SAW)): “Ndinonamata Allah Voga ndichiita mabasa echitendero ndichiitira ivo chete (pasina kuda kuonererwa kana kuvasanganisa nezvimwe zvinhu pakuvanamata).”

15. “Naizvozvo namatai zvamunoda kunze kwavo (Allah).” Iti (Muhammad (SAW)): “Vakarasikirwa ndeavo vacharasikirwa pachezvavo nemhuri dzavo pazuva rekutongwa. Zvirokwazvo, kuchave kurasikirwa kuri pachena!”

16. Vachava nekuvharirwa nemoto, pamusoro pavo uye kuvharirwa pasi pavo. Allah vanovhundutsa varanda vavo neizvi: “Imi varanda vangu! Naizvozvo ivai munonditya!”

17. Avo vanodzivirira At-Taghoot (vanamwari venhema) nokusavanamata, uye votendeukira kuna Allah (vachikumbira ruregerero), kwavari kune shoko rakanaka; naizvozvo svitsa mashoko akanaka kuvaranda vangu.

18. Avo vanoteerera shoko (rokuti hakuna mumwe mwari ane kodzero yekunamatwa kunze kwaAllah), uye votevera zvakanaka zvacho (vonamata Allah chete, vokumbira ruregerero kwavari uye wosiya vanamwari venhema), ava ndivo vakatungamirirwa naAllah uye ndivo vanhu vanonzwisisa.

19. Uye uyo shoko remutongo rakatarwa paari (akafanana here neuyo asingaiti zvivi)? Ungananure here (Muhammad (SAW)) uyo ari mumoto?

20. Asi avo vanotya Tenzi vavo (Allah), vachave nedzimba, imwe iri pamusoro peimwe dzakavakwa (dzakaturikidzana) pasi padzo nzizi dzichiyerera. (Iyi) ivimbiso yaAllah. Uye Allah havakundikani pavimbiso yavo.

21. Hauoni here kuti zvirokwazvo Allah vanodzikisa mvura kubva kudenga, uye vokonzera kuti mvura ipinde pasi, (uye voita kuti ibude kubva pasi) sezvitubu zvemvura, pedzezvo vokudza nayo zvirimwa zvine mavara akasiyana-siyana, pedzezvo zvoibva uye ozviona zvichiita ruvara rwezerere, uye vozviita zviome zvova zvidimbu zvidimbu. Zvirokwazvo, mazviri mune ndangariro kuvanhu vanonzwisisa.

22. Uyo moyo wake Allah wavakazarurira Islaam kuti ave muchiedza kubva kuna Tenzi vake (akafanana here neuyo asiri mutendi)? Naizvozvo matambudziko kune avo moyo yavo yakaoma kurangarira Allah! Ndeavo vakarasika zviripachena!

23. Allah vakadzikisa shoko rakanakisisa, Gwaro (Qur’aan), zvidimbu zvaro zvakafanana nezvimwe (mune zvakanaka uye muhuchokwadi) uye zvichidzokorodzwa-dzokorodzwa. Makanda eavo vanotya Tenzi vavo anobvunda kubva mariri (pavanoriverenga kana pavanorinzwa). Pedzezvo ganda ravo nemoyo yavo yozvininipisa mukurangarira Allah. Iri ndiro gwara raAllah. Vanotungamirira wavanoda naro. Uye uyo munhu Allah wavanoita kuti arasike, kwaari haana mutungamiri.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

24. Haasi here, uyo achazotarisana nemutongo wakaipisisa zuva rekutongwa (akafanana here neuyo achapinda Paradhiso murunyararo)? Uye zvichanzi kuvaiti vemabasa akaipa: "Ravirai izvo zvamaiwana!"

25. Avo vaivepo mushure mavo vakaramba, uye marwadzo akauya kwavari kubva kumativi avaisatarisira.

26. Naizvozvo Allah vakaita kuti vave vanoravira kudzikisirwa muhupenyu hwepasi, asi marwadzo ehupenyu hwuchatevera akakura, dai vaiziva!

27. Uye zvirokwazvo takava tinoisira vanhu mhando yose yeenzaniso muQur'aan iri kuti vave vanorangarira.

28. Qur'aan rerurimi rwechiArab risina kutsveyama (mariri) kuti vave vanodzivirira zvose zvakaipa zvavakakomekedzwa naAllah kuti vave vanodzivirira kuti vave vanotya.

29. Allah vanopa muenzaniso wemurume (muranda) ane madzimambo akawanda anopikisana (sekunge avo vanonamata vamwe pamwechete naAllah), nemurume anongova namambo mumwe chete (sekunge avo vanonamata Allah chete). Vakafanana here vaviri ava mumuenzaniso wavo? Kurumbidzwa kwose ndekwaAllah! Asi vazhinji vavo havazivi.

30. Zvirokwazvo, iwe (Muhammad (SAW)) uchafa, uye zvirokwazvo ivo vachafa.

31. Uye zvirokwazvo pazuva rekutongwa muchava munopikisana (munopokana) pamberi paTenzi venyu.

32. Naizvozvo, ndiani anokanganisa zvakanyanya kudarika uyo anotaura manyepo pamusoro paAllah, uye oramba chokwadi (Islaam) mushure mekunge chauya kwaari! Hamuna here nzvimbo muGehena (moto) yeavo vasingatendi?

33. Uye uyo (Muhammad (SAW)) akauya nechokwadi (Islaam) uye akatenda machiri, ivavo ndivo vanotya Allah.

34. Kwavari vachave neizvo zvavanoshuvira kubva kuna Tenzi vavo. Uyo ndiwo mugove wevatsvene (vanotya Allah).

35. Kuti Allah vave vanovabvisira zvakaipa zvavakaita, vovapa mugove unoenderana nezvakanaka zvavaiita.

36. Allah havakwaniri muranda wavo here? Uye vanokushungurudza neizvo (zvavanonamata) kunze kwavo. Uye uyo Allah wavanoita kuti arasike, kwaari hapana mutungamiriri.

37. Uye uyo Allah wavanotungamiririra, kwaari hapana anomuita kuti arasike. Havasi here Allah samasimba, muridzi wemurango?

38. Uye kana ukavabvunza: "Ndiani akasika matenga nenyika?" Zvirokwazvo vanoti: "Allah." Iti: "Saka ndiudzei izvo zvamunonamata kusara kwaAllah, kana Allah vachinge vandishuvira chakaipa, vanokwanisa kuchibvisa here? Kana kuti (Allah) vakandishuvira tsitsi (nyasha),

vanokwanisa kudzibvisa (kudzora) tsitsi dzavo here?" Iti: "Allah vanondikwanira; mavari (vanotenda) vanovimba (ndiko kwavanoisa kuvimba kwavo."

39. Iti (Muhammad (SAW)): "Imi vanhu vangu! Shandai zvinoenderana nezvamuri. Zvirokwazvo ini ndiri kushanda (zvinoenderana neni). Naizvozvo muchava munoziva."

40. "Kuna ani kuchaenda mutongo unodzikisira, uye kuna ani kuchava nemutongo usingaperi."

41. Zvirokwazvo, takava tinodzikisa kwauri (Muhammad (SAW)) Gwaro (Qur'an) revanhu muzvokwadi. Saka ani nani achatambira gwara, azviitira pachake; uye uyo acharasika, anorasika pachake. Uye hausi Wakeel (mumiririri, muchengetedzi) wavo.

42. NdiAllah vanotora mweya yevanhu panguva dzerufu rwavo, uye avo vasingafi panguva dzekurara (vakarara) kwavo. (Allah) vanochengeta avo vavakarongera (vavakatarira) rufu, uye vosiya vamwe vose kusvikira nguva yakatarwa. Zvirokwazvo, mune izvi mune zviratidzo kuvanhu vanofunga zvakanyanya.

43. Vanotora here (vamwe) sevamiriri kunze kwaAllah? Iti: "Kunyange vasina simba pamusoro pechimwe chinhu uye vasina uchenjeri?"

44. Iti: "Kumiririra kwose ndekwaAllah. Kwavari ndiko kune umambo hwematenga nepasi. Zvakare kwavari muchava munodzorerwa."

45. Uye kana Allah chete vachinge vataurwa nezvavo, moyo yeavo vasingatendi mune ramangwana inozadzwa nekushushikana. Asi kana izvo (zvinonamatwa kunze kwaAllah) zvichinge zvataurwa nezvazvo, ngwarirai, vanofara (vanonzwa kusununguka)!

46. Iti (Muhammad (SAW)): "Imi Allah! Musiki wedenga nenyika, muzivi wezvose zvisingaonekwi nezvinoonekwa! Muchatonga pakati pevaranda venyu pamusoro peizvo zvavaipikisana."

47. Uye avo vaikanganisa, dai vaine zvese zviri panyika nezvimwe zvakadaro, zvirokwazvo vaizozvipa kuzvidzivirira nazvo kubva mumarwadzo ezuva rekutongwa. Uye zvichava pachena kwavari kubva kuna Allah izvo zvavainge vasina hanya nazvo.

48. Uye huipi hweizvo zvavaiwana hwuchabuda pachena kwavari, uye izvo zvavaiseka zvichavakomberedza.

49. Kana marwadzo akabata munhu anoshevedzera (anodana) kwatiri (achida rubatsiro), asi kana tikaasandura (marwadzo) kuaita makomborero kubva kwatiri, anoti: "Zvirokwazvo, ndazviwana nokuda kweruzivo (rwangu)." Asi ungori muedzo, asi vazhinji vavo havazvizivi!

50. Zvirokwazvo, avo vaiva kumashure kwavo vakazvitaura, asi zvose zvavakawana hazvina kuvabatsira.

51. Naizvozvo, huipi hweizvo zvavakawana hwakavakurira. Uye avo vanokanganisa pakati peava (vanhu wakatumirwa kwavari Muhammad (SAW)), vachava vanokurirwa nehuipi hweizvo zvavanowana, uye havasi kuzokwanisa kutiza.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

52. Havazivi here kuti Allah vanopa raramo kune uyo wavanoda, kana kuomesa (kune wavanoda). Zvirokwazvo, mune izvi mune zviratidzo kune vanhu vanotenda!

53. Iti: "Imi varanda vangu avo vanozvikanganisira pachezvavo! Musave munoshaya tarisiro kubva mutsitsi dzaAllah. Zvirokwazvo Allah vanoregerera zvitadzo zvose. Zvirokwazvo, ndiwo muregereri, ane tsitsi dzose."

54. "Uye tarirai mukukumbira rugerero uye nerukudzo nekuzvipira kwechokwadi kuna Tenzi venyu, mutongo usati wauya kwamuri, uye naizozvo hamuzombobatsirwi."

55. "Uye teverai zvakanaka zveizvo zvatumirwa kwamuri kubva kuna Tenzi venyu, mutongo usati wauya kwamuri musina kutarisira!"

56. Apo munhu achati: "Kushushikana kwangu, ndange ndisingateereri Allah (handina kuita izvo zvakanzi naAllah ndiite), uye zvirokwazvo ndaive umwe weavo vaishora (chokwadi, Islaam)!"

57. Kana kuti anozoti: "Dai Allah vakanditungamirira, ndingadai ndiri umwe weavo vaitya (Allah)."

58. Kana kuti anozoti aona mutongo: "Dai ndakawana mukana (wekudzokera panyika), ndaizova umwe weavo vaiita mabasa akanaka."

59. Hongu! Zvirokwazvo, zviratidzo zvangu zvakauya kwauri uye ukazviramba, uye ukazvitutumadza ukava umwe weavo vasingatendi.

60. Uye zuva rekutongwa uchaona avo vainyepera Allah zviso zvavo zvichange zvakasviba. Hamuna here nzvimbo muGehena yeavo vaizvitutumadza?

61. Uye Allah vachanunura vatsvene vovapinza nzvimbo dzavo dzebudiriro (Paradhiso). Zvakaipa hazvizombovabati kana kusuruvara.

62. Allah ndivo musiki wezvose, uye ndivo mumiririri (muchengetedzi) wezvinhu zvose.

63. Kwavari ndiko kune svumbunuro dzematenga nepasi. Uye avo vasingatendi muzviratidzo zvaAllah, ivavo ndivo vachange vakarasikirwa.

64. Iti (Muhammad (SAW)): "Muri kundikomekedza kunamata zvimwe (zvisikwa) here kunze kwaAllah, imi vasina kukwana?

65. Uye zvirokwazvo zvinodzikiswa kwauri (Muhammad (SAW)) sekunge kune avo vakanga variko usati wavapo: "Kana ukava unosanganisa Allah nezvimwe mukunamata, zvirokwazvo mabasa ako achange asina maturo, uye zvirokwazvo uchange uri pakati peavo vakarasikirwa."

66. Nokudaro! Namata Allah (Voga), uye wova pakati peavo vanotenda.

67. Uye havana kupa Allah kodzero yavo yakakwana. Uye pazuva rekutongwa pasi rose richabatwa muruoko rwavo uye matenga akaputirwa ari muruoko rwavo rwerudyi. Kurumbidzwa ngakuve kwavari, uye vari pamusoro pezvavanovasanganisa nazvo!



NEW & EXCLUSIVE

68. Uye hwamanda icharidzwa, uye zvose zviri mumatenga uye zvose zviri pasi zvichakomoka (zvichafa) kusara kweanodiwa naAllah. Uye icharidzwa kechipiri, uye zvirokwazvo vachava vanomira vakatarisa.

69. Uye pasi pachapenya nechiedza chaTenzi waro (apo vachauya kunotonga vanhu), uye bhuku richava rinoiswa, uye maporofita nevapupuri vachava vanounzwa pamberi; uye vachava vanotongwa pakati pavo nechokwadi, uye havazodzvinyiririrwa.

70. Uye umwe neumwe achave anopihwa mubairo wakazara wezvaaiita, uye (Allah) vanoziva zvikuru zvavanoita.

71. Uye avo vaisatenda vachava vanotinhirwa kuGehena vari muzvikwata, kusvika vasvika pariri, magedhe aro achava anovhurwa. Uye zvichanzi nevachengetedzi varo: "Vatumwa havana kuuya kwamuri here kubva mamuri vachikuverengerai ndima dzaTenzi venyu, uye vachikuyambirai nezvekusangana kwezuva renyu rino?" Vachati: "Hongu," asi shoko remarwadzo rava rinokodzera vasingatendi!

72. Zvichava zvinonzi (kwavari): "Pindai magedhe eGehena kuti mugare imomo. Uye (zvirokwazvo) inzvimbo yakaipisisa yevanozvitutumadza!"

73. Uye avo vaitya Tenzi vavo, vachava vanotungamirirwa kuParadhiso vari muzvikwata, kusvika vasvika pariri, uye magedhe aro achava anovhurwa, uye vachengetedzi varo vachati kwavari: "Rugare ngaruve kwamuri! Makaita zvakanaka, naizvozvo pindai mugare mariri (Paradhiso)."

74. Uye vachati: "Kurumbidzwa nekutendwa ngakuve kuna Allah, avo vatizadzikisira vimbiso yavo kwatiri, uye vatiita kuti tive tinogara munzvimbo iyi. Tinogara muParadhiso patinoda. Mubairo wakanaka zvakadii kune avo vaishanda!"

75. Uye uchava unoona ngirozi dzakatenderedza Chigaro (chaAllah) kubva kumativi ose, dzichirumbidza rumidzo yaTenzi wadzo. Uye vachatongwa pakati pavo nechokwadi (zvisikwa zvose). Uye zvichanzi: "Kurumbidzwa kose ngakuve kuna Allah, Tenzi wezvisikwa zvose (vanhu, maJinn nezvose zviripo)."

# CHITSAUKO GHAAFIR / AL-MU'MIN

# (MUREGERERI / MUTENDI) 40

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Haa – Meem.** (Mashoko aya ndemamwe ezvishamiso zviri muQur'aan, uye hapana anoziva zvaanoreva kunze kwaAllah).

2. Mashoko akadzikiswa eGwaro (Qur'aan) anobva kuna Allah, Samasimba, Vazere neruzivo.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

3. Muregereri wezvitadzo, Mutambiri weruregerero, Vakaomesesa mumutongo, Mupi (wemakomborero). La ilaaha illaa Huwa (Hapana umwe ane kodzero yekunamatwa kunze kwavo), kwavari ndiko kune magumo.

4. Hapana anopikisa muzviratidzo zvaAllah kunze kweavo vasingatendi. Saka (Muhammad (SAW)) usava unonyengedzwa nemafambiro avo panyika (nekuti magumo avo iGehena)!

5. Vanhu vaNowa vakaramba (vatumwa vavo) mushure mavo uye nezvikwata mushure mavo; uye marudzi ose (aisatenda) akarongera mutumwa wavo kuti vamuparadze, uye vaipikisa vachishandisa manyepo kuti vavhiringidze (vakanganise) chokwadi nawo. Naizvozvo ndakavaparadza (nemutongo). Uye wakaoma sei mutongo wangu!

6. Naizvozvo, shoko raTenzi vako rine kodzero kune vasingatendi kuti vachave vagari vekumoto.

7. Idzo (ngirozi) dzinotakura Chigaro (chaAllah) neidzo dzakachikomberedza dzinorumbidza rukudzo rwaTenzi wadzo, uye dzichitenda mavari, uye dzinokumbirira ruregerero avo vanotenda (muumwechete waAllah) dzichiti: "Tenzi wedu! Munokomberedza zvinhu zvose mutsitsi neruzivo, naizvozvo regererai avo vanokumbira ruregerero uye vachitevera nzira yenyu, uye vanunurei kubva kumutongo wemoto!"

8. "Tenzi wedu! Movaita kuti vapinde mapindu eEden (Paradhiso) awo amakavavimbisa, uye kune vanoita mabasa akanaka kubva kune madzibaba avo, vakadzi vavo, uye vana vavo! Zvirokwazvo, ndimi Samasimba, Vane hungwaru hwose."

9. "Uye vanunurei kubva ku (mutongo wezvavaiita kubva ku) zvitadzo, uye ani nani wamunenge manunura kubva kuzvitadzo musi uyu, zvirokwazvo, munenge mamuratidza tsitsi." Uye uku ndiko kubudirira kwepamusoro.

10. Avo vasingatendi vachataurirwa (Panguva yekupinda mumoto): "Ruvengo rwaAllah rwanga rwakanyanya kwamuri (Panyika pamairamba kutenda) kudarika ruvengo rwenyu pachenyu (mumoto), pamaidaidzwa kuzotenda asi muchiramba."

11. Vachati: "Tenzi wedu! Makatiita kuti tife kaviri (takange takafa kumisana yavanababa vedu uye mushure meupenyu hwedu panyika), uye makatipa upenyu kaviri (upenyu patakazvarwa uye upenyu mushure mekunge tafa)! Uye tave tinopupura zvivi zvedu. Saka pane here nzira yokubuda nayo (mumoto)?"

12. (Vachaudzwa): "Nokuda kwekuti Allah chete pavaidaidzwa (mukunamata) maisatenda (mairamba), asi vamwe pavaisanganiswa navo, maitenda! Naizvozvo mutongo ndewa Allah, Vepamusoro-soro, Vakuru!"

13. Ndivo vanokuratidzai zviratidzo zvavo uye vanotumira raramo kwamuri kubva kudenga (mvura inokudza zvirimwa). Uye hapana anoyeuka kusara kweavo vanokumbira ruregerero (kuna Allah).

14. Naizvozvo, danai (iwe Muhammad (SAW) neavo vanotenda) Allah muchiita minamato yavo chete (nemabasa ese echitendero), kunyange vasingatendi vakazvivenga.

15. (Ndivo Allah) Muridzi wezvinzvimbo zvepamusoro-soro, Muridzi weChigaro (chehumambo). Vanotumira mashoko nekuda kwavo kune uyo wavanoda kubva kuvaranda vavo, kuti ave anoyambira (vanhu) maererano nezvezuva rekusangana (Zuva rekutongwa).

16. Zuva iro ravachabuda vose, (uye) hapana chavo chichavanzwa kubva kuna Allah. Umambo ndewani muzuva ranhasi? (Allah vachazvipindura): Ndewa Allah, Vamwechete, Samasimba!

17. Munhu wese achapihwa zvaakawana nhasi. Nhasi hapana ari kuzodzvanyirirwa. Zvirokwazvo, Allah vanokurumidza pakutonga.

18. Uye vayeuchidze (Muhammad (SAW)) nezve zuva iri riri kuswedera pedyo, apo moyo ichange iri pahuro, uye havasi kuzokwanisa kuidzosera (moyo) muzvipfuva kana kuibuditsa panze. Vaiita mabasa akaipa havasi kuzova neshamwari, kana vamiririri, vari kuzoteererwa.

19. Allah vanoziva kunyepa kwemaziso, uye nezvose zvinovigwa nezvipfuva.

20. Uye Allah vanotonga muchokwadi, asi avo vavanonamata kunze kwavo, hapana chavanokwanisa kutonga. Zvirokwazvo, Allah vanonzwa zvese, vanoona zvese.

21. Havana here kufamba munyika vakaona magumo eavo vaivapo mushure mavo? Vaive pamusoro pavo pasimba uye matsimba (avakasiya) ari panyika. Asi Allah vakavaparadza nemurango nekuda kwezvitadzo zvavo, uye havana akavachengetedza kubva kuna Allah.

22. Izvi zvaiva, nokuti kwakauya kwavari vatumwa vavo nezviratidzo zviri pachena asi havana kutenda. Naizvozvo Allah vakavaparadza (nemutongo). Zvirokwazvo, ndivo vane simba rose, vane mutongo wakaomarara.

23. Uye zvirokwazvo takava tinotumira Musa nezviratidzo zvedu, uye nemutemo uri pachena (wakajekeswa).

24. Kuna Farawo, Haamaan uye Qaaroon (Korah), asi vakamuti: "Muiti wemapipi, munyepi!"

25. Nokudaro paakavaunzira chokwadi kubva kwatiri, vakati: "Urayai vanakomana veavo vanotenda pamwechete naye mova munosiya vanhukadzi vavo kuti vararame." Asi urongwa hwevasingatendi hauna budiriro asi kurasikirwa!

26. Farawo akati: "Ndisiyei ndiuraye Musa, uye musiyei adane Tenzi vake (kuti vandidzivise kuti ndisamuuraye)! Ndinotya kuti angasandure chitendero chenyu, kana kukonzeresa kuti panyika pave nenyonga-nyonga (Mhirizhonga)!"

27. Musa akati: "Zvirokwazvo, ndinokumbira chengetedzo kubva kuna Tenzi vangu uye Tenzi venyu kubva kune wese anozvitutumadza asingatendi nezvezuva rekutongwa!"

28. Uye murume aitenda kubva mumhuri yaFarawo akaviga kutenda kwake akati: "Munouraya murume here nekuti ati: Tenzi vangu ndi Allah, uye zvirokwazvo auya kwamuri nezviratidzo zviri pachena kubva kuna Tenzi venyu? Uye kana ari munyepi, kwaari anenge aine chitadzo chekunyepa kwake; asi kana achitaura chokwadi mamwe matambudziko ari kukuvimbisai achava

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

anokuwirai." Zvirokwazvo, Allah havatungamiriri muMusrif (mudzvinyiriri, mhondi, mutadzi), munyepi!

29. "Vanhu vangu! Hutongi ndewenyu nhasi, ndimi vepamusoro munyika. Asi ndiani achatinunura kubva mumarwadzo aAllah kana achinge auya kwatiri?" Farawo akati: "Ndinokuratidzai zvandinoona (zvakanaka), uye ndinokutungamirirai kunzira yakatwasuka!"

30. Uye uyo aitenda akati: "Vanhu vangu! Zvirokwazvo, ndinokutyirai (kuparadzwa) kwakafanana nekwezvikata (zvenguva yekare)!"

31. "Kunge kuparadzwa kwevanhu vaNowa, maAad nemaThamood neavo vakauya mushure mavo. Uye Allah havadi udzvanyiriri kuvaranda vavo."

32. "Uye, vanhu vangu! Zvirokwazvo, ndinokutyirai zuva rekushevedzana (kudaidzana) (Pakati pevanhu vekumoto nevekuParadhiso)."

33. "Zuva ramuchatendeuka muchitiza musina mubetseri kubva kuna Allah. Uye uyo Allah wavanenge varasisa, hapana angamutungamirire."

34. "Uye zvirokwazvo Yusuf (Josefa) akauya kwamuri munguva yakapfuura aine zviratido zviri pachena, asi hamuna kusiya kugunun'una mune zvaakakuunzirai, kusvika afa, mukati: 'Hapana mutumwa achatumwa naAllah mushure make.' Kudaro Allah vanosiya achirasika muMusrif (mudzvanyiriri, mutadzi) neMurtaab (uyo anogunun'una yambiro yaAllah)."

35. "Avo vanopikisana muzviratidzo zvaAllah pasina mvumo yauya kwavari, (zvavanoita) zvakavengwa zvikuru naAllah neavo vanotenda. Ndivo mavharirwo anoitwa naAllah moyo yewese anozvitutumadza, mudzvinyiriri."

36. Uye Farawo akati: "Iwe Haamaan! Ndivakire mudhuri kuti ndive ndinosvika nzira."

37. "Nzira dzematenga, uye kuti ndive ndinoona Mwari waMusa. Asi zvirokwazvo, ndinofunga kuti munyepi." Naizvozvo, zvakaitwa kuti zvive zvinooneka sezvakanaka mumaziso aFarawo, huipi hwemabasa ake, uye akadziviswa kubva panzira yakatwasuka; uye kuronga kwaFarawo hakuna zvakwakamutungamira kusara kwekurasikirwa nekuparadzwa (kwake).

38. Uye murume aitenda akati: "Imi vanhu vangu! Teverai ini, ndichakutungamirirai kunzira yakatwasuka (Islaam)."

39. "Imi vanhu vangu! Chokwadi, hupenyu hwepano pasi hapana zvauri kusara kwemafaro, uye zvirokwazvo, hupenyu huchatevera inzvimbo yamuchagara nekusingaperi."

40. "Uyo anenge aita basa rakaipa, haave anopihwa mubairo kusara kwezvakafanana nezvaanenge aita; uye uyo anenge aita basa rakanaka, angave murume kana mukadzi uye ari mutendi wechokwadi, ivavo vachapinda Paradhiso mavachapihwa raramo isina magumo."

41. "Uye, imi vanhu vangu! Nemhaka yei ndinokudaidzirai kununuro asi imi munondidaidzira kumoto!"

42. “Munondidaidza kuti ndisatende muna Allah (muumwechete wavo), uye kuvasanganisa nezvimwe zvinhu mukunamata zvandisina ruzivo nazvo; uye ini ndinokukokai kumukuru wezvose, muregereri!”

43. “Pasina kugunun’una munondidaidza kuti (ndinamate) uyo asingandipi zvandinokumbira pano pasi kana muhupenyu huchatevera. Uye kudzokera kwedu kuchange kuri kuna Allah, uye Al-Musrifoon (vatadzi, vanopfurikidza mirairo yaAllah) vachava vagari vekumoto!”

44. “Uye muchave munorangarira zvandirikukuudzai, uye nyaya dzangu ndinodzisiya kuna Allah. Zvirokwazvo, Allah vanoona varanda vavo.”

45. Uye Allah vakamununura kubva kune zvakaipa zvavakanga varonga, asi murango wakaipa wakakomberedza vanhu vaFarawo.

46. Moto, vanoburitswa pachena kwauri, mangwanani nemasikati. Uye pazuva iro nguva ichasvika (zvichava zvinonzi kungirozi): “Itai kuti vanhu vaFarawo vapinde marwadzo akaomarara!”

47. Uye, pavachava vanopikisana vari mumoto, vasina simba vachava vanoti kune avo vaizvitutumadza: “Zvirokwazvo, takakuteverai, munokwanisa here kubvisa kubva kwatiri chidimbu chemoto?”

48. Avo vaizvitutumadza vachava vanoti: “Tiri tose mumoto! Zvirokwazvo, Allah vatonga pakati pevaranda (vavo)!”

49. Uye avo vachange vari mumoto vachave vanoti kuvachengeti (ngirozi) veGehena: “Shevedzai Tenzi venyu kuti vave vanotirerutsira marwadzo kwezuva (rimwechete)!”

50. Vachati: “Vatumwa venyu havana kuuya kwamuri here nezviratidzo zviri pachena here?” Vachati: “Hongu.” Vachava vanopindura: “Shevedzai sekuda kwenyu! Uye chikumbiro chevasingatendi hachina basa (chakarasika) (nekuti Allah havachitambiri)!”

51. Zvirokwazvo, tichava tinoita kuti vatumwa vedu neavo vanotenda (muhumwechete waAllah) vave vakabudirira muhupenyu hwepano pasi uye muzuva iro vapupuri vachava vanomira (vachipupura pazuva rekutongwa).

52. Zuva iro vanoita mabasa akaipa zvichemo zvavo zvichange zvisingabatsiri. Kurengera (kutukwa) kuchange kuri kwavari, uye nzvimbo yakaipa ichange iri yavo.

53. Uye zvirokwazvo takave tinopa Musa nungamiri uye takave tinogadza Gwaro (Torah) senhaka kuvana vaIzrairi.

54. Nungamiri uye yeuchidzo kuvanhu vanonzwisisa.

55. Naizvozvo iva unotsungirira (Muhammad (SAW)). Zvirokwazvo, vimbiso yaAllah ndeye chokwadi, uye kumbira ruregerero kubva kuzvitadzo zvako, wova unorumbidza rukudzo rwaTenzi vako munguva dzemasikati (kusvikira zuva radoka) uye munguva dzemangwanani (Hanzi zvichireva minamato mishanu pazuva kana kuti Asr neFajr).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

56. Zvirokwazvo, avo vanopikisa pamusoro pezviratidzo zvaAllah vasina mvumo yauya kwavari, havana chimwe chinhu kusara kwekuzvitutumadza mumoyo yavo. Havasi kuzochiwana (chiporofita chawapihwa naAllah). Naizvozvo kumbira chengetedzo kuna Allah. Muzvirokwazvo, ndivo munzwi wezvose, muoni wezvose.

57. Zvirokwazvo, kusikwa kwedenga nenyika kukuru kukunda kusikwa kwevanhu, asi vanhu vazhinji havazvizive.

58. Uye havana kufanana avo vanoona neavo vasingaoni, kana avo vanotenda (muhumwechete hwaAllah) vachiita mabasa akanaka, neavo vanoita mabasa akaipa. Zvishoma ndizvo zvamunoyeuka!

59. Zvirokwazvo, nguva iri kusvika (Zuva rekutongwa), hapana fungidziro nezvayo, asi vanhu vazhinji havatendi.

60. Uye Tenzi venyu vakati: “Ndidanei, ndichava ndinokudavirai (zvichemo zvenyu). Zvirokwazvo, avo vanosiya kundinamata vachizvitutumadza vachapinda muGehena vakadzikisirwa!”

61. NdiAllah, avo vakagadzira usiku kuti muve munozorora mahuri, nemasikati kuti muve munoona. Muchokwadi, Allah vane makomborero akawanda kuvanhu, asi vanhu vazhinji havatendi.

62. NdiAllah, Tenzi venyu, Musiki wezvose, hakuna mumwe ane mvumo yekunamatwa kunze kwavo (Laa ilaaha illaa Huwa). Naizvozvo sei muchifuratira (kubva kuna Allah nokunamata zvimwe zvisikwa kunze kwavo)?

63. Naizvozvo vakarasiswa avo vairamba zviratidzo zvaAllah.

64. NdiAllah, avo vakakugadzirirai nyika senzvimbo yekugara nedenga sechivhariso, uye vakakupai zvimiro vakave vanonakisa zvimiro zvenyu, uye vakakupai zvinhu zvakanaka. Ndivo Allah, Tenzi venyu, naizvozvo vakakomborerwa ndiAllah, Tenzi vezvinhu zvose.

65. Ndivo vane kurarama kusingaperi, uye hakuna mumwe ane kodzero yokunamatwa kunze kwavo (Laa ilaaha illaa Huwa). Naizvozvo vadanei muchiita minamato yenyu yavo vega. Kurumbidzwa kwese ngakuve kuna Allah, Tenzi vezvinhu zvose (vanhu, maJinn nezvose zviripo).

66. Iti (Muhammad (SAW)): “Ndakave ndinorambidzwa kunamata zvose zvamunonamata muchisiya Allah, sezvo humboo hwakauya kwandiri kubva kuna Tenzi vangu; uye ndakave ndinokomekedzwa kuzvipira (kuIslaam) kuna Tenzi vezvinhu zvose.”

67. “Ndivo (Allah) vakakusikai kubva muvhu, pedzezvo kubva muNutfah (mbeu yababa naamai dzakasanganiswa), pedzezvo kubva pakagodo keropa, pedzezvo vakakuunzai (Panyika) sevana, pedzezvo vanokuitai kuti musvike zera rine simba rakakwana, uye mushure maizvozvo kukwegura (kuchembera), kunyange vamwe venyu vachifa mumashure, uye kuti mova munosvika nguva yakatarwa kuti muve munonzwisisa.”

68. Ndivo (Allah) vanopa upenyu uye vanokonzera rufu. Uye kana vachinge varonga chinhu vanongoti kwachiri: ‘Ivapo!’ chobva chavapo.”

69. Hauoni here avo vanopokana nezviratidzo zvaAllah? Vanofuratira sei (kubva kuchokwadi, Islaam)?

70. Avo vanoramba Gwaro (Qur'aan) neizvo zvatakatumira nevatumwa vedu (kunamata Allah vamwechete) vachava vanoziva (pavachakandwa mumoto).

71. (Rangarirai) apo changadzo (ngetani) dzesimbi dzichange dzakamoneredzwa pamitsipa yavo, uye ngetani, vachave vanodhonzwa.

72. Mumvura inopisa, uyezve vachava vanopiswa mumoto.

73. Uyezve zvichanzi kwavari: "Varikupi avo (vose) vamaisanganisa (naAllah) mukunamata

74. Kunze kwaAllah?" Vachati: "Vanyangarika kwatiri. Asi, hatina kudana (kunamata) chimwe chinhu mumashure." Saizvozvo Allah vanoita kuti vasingatendi varasike.

75. Izvi nokuda kwekuti maifara panyika zvisina mvumo (kodzero), uye maifara zvakapfuurikidza.

76. Pindai misuwo yeGehena kuti mugaremo. Uye (Zvirokwazvo) inzvimbo yakaipa sei kugara kune vanozvitutumadza!

77. Saka tsungirira (Muhammad (SAW)); zvirokwazvo, vimbiso yaAllah ndeye chokwadi. Uye kunyange tikakuratidza (Muhammad (SAW)) zvimwe zvezvatakavavimbisa, kana kuti tikakuita kuti ufe naizvozvo kwatiri vachava vanodzorerwa.

78. Uye zvirokwazvo takatumira vatumwa mushure mako (Muhammad (SAW)), vamwe vavo takave tinokuudza nhaurwa (nyaya) dzavo. Uye vamwe vavo hatina kuva tinokuudza nhaurwa (nyaya) dzavo, uye hazvina kuva zvinopihwa mutumwa upi zvake kuti ave anoburitsa chiratidzo kunze kwekuda kwaAllah. Asi kana murairo (mutongo) waAllah wauya, nyaya ichatongwa muchokwadi, uye vateveri vemanyepo vachava vanorasikirwa (nezvinhu zvose).

79. Allah ndivo vakakusikirai zvipfuwo, kuti muve munotaswa zvimwe zvazvo, uye zvimwe muve munodya.

80. Uye mune (zvakawanda) zvekubatsirikana nazvo kubva mazviri (zvipfuwo). Uye kuti muve munowana nazvo zvido zvenyu zviri mumoyo yenyu, uye pazviri uye nengarava munotakurwa.

81. Uye vanokuratidzai zviratidzo zvavo (zvehumwechete hwavo muzvinhu zvese zvataurwa pamusoro). Saka ndezvipi zvezviratidzo zvaAllah zvamuchava munoramba?

82. Havana kufamba nenyika here vakaona kuti aiva sei magumo eavo vaivepo mumashure mavo? Vakange vakawanda muuwandu kuvapfuura uye vakakomba pasimba, uye mumatsimba panyika (avakasiya), asi havana kunge vanobatsirwa nezvavaiwana.

83. Asi vatumwa vavo pavakauya nezviratidzo zviri pachena vakafadzwa nezvavakange vainazvo kubva kuruzivo (rwezvepanyika). Uye izvo zvavaitsvinya zvakavakomberedza (mutongo).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

84. Asi pavakaona mutongo wedu, vakati: "Tinotenda muna Allah vamwechete uye tave tinoramba (zvose) zvataisanganisa navo (pakunamata).

85. Naizvozvo kutenda kwavo (muchi Islaam) hakuna kuvabatsira pavakaona mutongo wedu. (Sekunge) Iyi ndiyo yanga iri nzira yaAllah yekutonga nayo varanda vavo. Uye ipapo avo vasingatendi vakarasikirwa zvachose (apo mutongo wedu wakavakomberedza).

# CHITSAUKO FUS-SWILAT

# (ZVAKATSANANGURWA ZVIZERE) 41

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Haa – Meem.** (Mashoko aya ndemamwe ezvishamiso zviri muQur'aan uye hapana anoziva zvaanoreva kunze kwaAllah).

2. Mashoko akadzikiswa kubva kune vane tsitsi zhinji (Allah) vane ngoni.

3. Gwaro rine ndima dzakatsanangurwa zvizere, Qur'aan riri mururimi rwechiArab kuvanhu vanoziva.

4. Richipa mashoko akanaka (ekupinda kuParadhiso kweavo vanotenda muhumwechete hwaAllah uye vachivatya), uye nekuyambira (avo vasingatendi kuti kune Gehena), asi vazhinji vavo vanofuratira, naizvozvo hapana chavanonzwa.

5. Uye vanoti: "Moyo yedu yakafukidzwa kubva kune izvo zvaunotikokera kwazviri, uye munzeve dzedu mune umatsi, uye pakati pedu nemi pane mudhuri, naizvozvo shanda (Panzira yako), zvirokwazvo isu tiri kushanda (panzira yedu)."

6. Iti (Muhammad (SAW)): "Ini ndingori munhu semi. Zvakadzikiswa kwandiri kuti Mwari venyu ndiMwari vamwechete (Allah), naizvozvo torai nzira yakatwasuka kwavari (Islaam) movakumbira ruregerero. Uye matambudziko kumaMushrikoon (vanhu vanosanganisa Allah nezvimwe zvisikwa)."

7. "Avo vasingapi Zakaah (zvipo kuvarombo), uye havatendi muupenyu uchatevera."

8. "Zvirokwazvo, avo vanotenda (muhumwechete waAllah uye mumutumwa wavo Muhammad (SAW)) uye vachiita mabasa akanaka, vachave nemugove usingaperi (Paradhiso)."

9. Iti (Muhammad (SAW)): "Zvirokwazvo, hamutendi mavari here avo vakasika nyika nemazuva maviri? Uye munotora zvimwe zvisikwa (mukunamata) pamwechete navo (Allah)? Ava ndivo Tenzi vezvinhu zvose."



الجديد و طريف NEW & EXCLUSIVE

10. “Vakaisa mairi (nyika) makomo pamusoro payo, uye vakaikomborera, uye vakaitarira raramo (yevagari vayo) mumazuva mana akaenzana kune avo vose vanobvunza (maererano nekusikwa kwazvo).”

11. Naizvozvo vakabva vatendeukira (vakakwidza) kudenga apo raiva utsi, uye vakati kwariri pamwechete nekunyika: “Uyai mose (muri vaviri) muchida kana musingadi.” Zvikati (denga nenyika): “Tinouya tichida.”

12. Naizvozvo vakapedzisa kuzvisika (se) matenga nanomwe mumazuva maviri vakava vanoudza denga roga roga mabasa aro (nyaya dzaro). Uye takashongedza denga repedyo (nepasi) nemarambi (nyeredzi) kuti dzive shongezo pamwechete nechengetedzo (kubva kuna vana satani). Uku ndiko kutara kwaSamasimba, Muzivi hwezvose.

13. Asi kana vakafuratira, naizvozvo iti (Muhammad (SAW)): “Ndinokuyambirai maererano neSwaaiqah (mhere inonyaudza inoparadza) inenge Swaaiqah yakaparadza maAad nemaThamood.”

14. (Rangarirai) apo vatumwa pavakauya kwavari, kubva nekumberi kwavo uye nekumashure kwavo (vachiti): “Musanamate chimwe chinhu kunze kwaAllah,” ivo vakati: “Kana Tenzi vedu vaida, vangadai vatitumira ngirozi. Naizvozvo, zvirokwazvo hatitendi mune izvo zvamatumirwa nazvo.”

15. SemaAad, vaizvitutumadza panyika vasina mvumo, uye vaiti: “Ndiani ane ukuru kutidarika mumasimba?” Havaoni here kuti Allah vakavasika vane ukuru mumasimba kuvadarika. Uye vairamba zviratidzo (ndima) dzedu.

16. Saka takavatumira mhepo mumazuva emweya yakaipa (kwavari) kuti tive tinovaravidza mutongo unodzikisira muupenyu hwepano pasi. Asi zvirokwazvo mutongo weupenyu uchatevera uchanyanya kudzikisira, uye havazombobatsirwi.

17. Uye kuma Thamood, takavaratidza uye tikavajekesera nzira yechokwadi (Islaam), asi vakasarudza upofu vachisiya kutungamiririrwa, saka Swaaiqah (mheni, mhere inoparadza) ye mutongo unodzikisira yakavaparadza nekuda kwezvavaiita.

18. Uye takanunura avo vaitenda uye vachitya Allah (vachiita mabasa akanaka vachisiya mabasa akaipa).

19. Uye (rangarirai) zuva iro vavengi vaAllah vachaunganidzwa kumoto, naizvozvo vachaperekedzwa (kumoto vachimiririrana, vekutanga vachimirira vekupedzisira).

20. Kusvikira, pavachasvika pauri (moto) nzeve dzavo, meso avo, uye makanda avo zvichapa uchapupu pane izvo zvavaiita.

21. Uye vachati kumakanda avo: “Sei muri kupa uchapupu makanangana nesu?” Achati (makanda avo): “Allah vatiita kuti titaure sekuita kwavaita kuti zvinhu zvose zvitaure, uye ndivo vakakusikai panguva yekutanga, uye kwavari maitwa kuti mudzokere.”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

22. Uye maisavanda (panyika) musingazivi kuti nzeve dzenyu, meso enyu, nemakanda enyu zvichapa uchapupu zvakanangana nemi, asi maifunga kuti Allah havazivi zvizhinji zvezvamaiita.

23. Uye mafungiro enyu amaifunga maererano naTenzi venyu, zvakuunzai mukuparadzwa, uye mava vamwe vevakarasikirwa.

24. Naizvozvo kana vachinge vatsungirira, moto ndiwo uchava imba kwavari, uye kana vakatsvaga kufadza Allah, havasi vamwe veavo vachapihwa mukana wekufadza Allah.

25. Uye takavagadzirira shamwari dzepedyo (vana satani pano panyika) idzo dzakavashongedzera zvaiva pamberi pavo (mabasa erima) neizvo zvaiva mumashure mavo. Uye shoko raenzaniswa rakanangana navo sekuenzaniswa kwarakanga rakaitwa rakanangana nemadzinza akadarika kubva kumaJinn nevanhu vakadarika mushure mavo. Zvirokwazvo, vaiva vakarasikirwa.

26. Uye avo vasingatendi vanoti: "Musateerere Qur'aan iri, mova munoita ruzha (apo parinenge richiverengwa) kuti muve munokunda."

27. Asi zvirokwazvo, tichaita kuti vasingatendi varavire mutongo wakaomarara, uye zvirokwazvo tichavapa muripo wakaomesesa nekuda kwezvavaiita.

28. Uyu ndiwo muripo wevavengi vaAllah: Moto. Imomo vachagaramo zvachose, muripo nekuda kwekuti vairamba zviratidzo zvedu.

29. Uye avo vasingatendi vachati: "Tenzi wedu! Tiratidzei avo pakati pemaJinn nevanhu vakatirasisa (kubva munzira yakatwasuka), kuti tive tinovatsikirira pasi petsoka dzedu kuti vazova vepasi pasi."

30. Zvirokwazvo, avo vanoti: "Tenzi vedu ndiAllah (voga)," uye voramba vakatsungirira, ngirozi dzinodzika kwavari (panguva yavo yekufa dzichiti): "Musatye kana kushushikana! Asi gamuchirai mashoko akanaka eParadhiso ramakavimbiswa!"

31. "Taiva shamwari dzenyu paupenyu wepasi uye tiri (zvakare) muupenyu uchatevera. Ikoko muchawana zvose zvamunoshuvira, uye imomo muchawana zvose zvamunokumbira."

32. "Mafaro kubva kuna (Allah), muregereri, vane nyasha zhinji."

33. Uye ndiani ari nani mumashoko pane uyo anodana (vanhu) kuna Allah, oita mabasa akanaka, uye oti: "Ndiri umwe wemaMuslim (vanozvipira muchitendero cheIslaam)."

34. Basa rakanaka nebasa rakaipa hazvingamboenzani. Tsiva (zvakaipa) neizvo zviri nani, uye zvirokwazvo iye, pakati pake newe paiva neruvengo, achava sekunge aiva shamwari yepedyo.

35. Asi hapana akapihwa (chimiro chataurwa pandima iri pamusoro) kusara kwe avo vanotsungirira, uye hapana akachipihwa kunze kwemuridzi wechidimbu chikuru (chemafaro kuParadhiso uye ane chimiro chakanaka) pano panyika.

36. Uye kana kazevezeve kakaipa kanobva kuna Shaitwaan (Satani) kakada kukutendeutsa (mukuita mabasa akanaka), iva unokumbira ruchengetedzo kuna Allah. Zvirokwazvo, ndivo munzwi wezvose, muzivi wezvose.

37. Uye kubva muzviratidzo zvavo pane usiku nemasikati, uye zuva nemwedzi. Musava munopfugamira (munoisa zviso zvenyu kune) zuva kana mwedzi, asi pfugamirai (isai zviso zvenyu kuna) Allah vakazvisika, kana muchivanamata (muchokwadi).

38. Asi kana vakanyanya kuzvitutumadza (vasingadi kuita kudaro), naizvozvo pane avo vana Tenzi vako (ngirozi) vanovarumbidza usiku nemasikati, uye havamboneti.

39. Uye kubva muzviratidzo zvavo, ndezvekuti munoona nyika isina chaiinacho, asi kana tichinge tatumira mvura kwairi inodzorwa kuupenyu nekukura (kwezvinhu). Zvirokwazvo, avo vanoipa upenyu, muzvokwadi vanokwanisa kupa upenyu kune vakafa (pazuva rekutongwa). Zvirokwazvo, vanokwanisa kuita zvinhu zvose.

40. Zvirokwazvo, avo vanofuratira ndima dzedu, havana kuvandika kwatiri. Ari nani here uyo anokandwa kumoto kana uyo anouya akasununguka zuva rekutongwa? Itai zvamunoda. Zvirokwazvo, vanoona (Allah) zvose zvamunoita (Ichi ityityidziro huru kune avo vasingatendi).

41. Zvirokwazvo, avo vaisatenda murangaridzo (Qur'aan) mushure mekunge yauya kwavari (vachawana mutongo). Uye zvirokwazvo iGwaro rinoremekedzwa (rine chiremera nekuti ishoko raAllah iro ravari kurichengetedza kubva mukuchinjwa).

42. Manyepo haakwanisi kuuya kwariri kubva kumberi kana kumashure kwaro: rakatumirwa nevane ungwaru hwose, vane kodzero yekurumbidzwa (Allah).

43. Hapana chinotaurwa kwauri (Muhammad (SAW)) kunze kwe izvo zvakataurwa kuvatumwa mumashure mako. Zvirokwazvo, Tenzi vako ndivo muridzi weruregerero, uye muridzi wemutongo unorwadza.

44. Uye dai takatumira Qur'aan nemutauro wekunze (mutauro usiri wechiArabhu) vaiti: "Sei ndima dzaro (Qur'an) dzisina kutsanangurwa zvizere (mumutauro wedu)? Sei (Qur'aan) risiri mumutauro wechiArabhu uye (Mutumwa) iye ari muArabhu?" Iti: "Kune avo vanotenda riri nhungamiri uye rinopodza (rinorapa). Uye kune avo vasingatendi, mune urema (umatsi) munzeve dzavo, uye (Qur'aan) rinovapofumadza. Ndeavo vanodaidzwa kubva kunzvimbo iri kure (nokudaro havateereri kana kunzwisisa)."

45. Uye zvirokwazvo takapa Musa, Gwaro (Torah), asi kupokana kwakawanikwa pariri. Uye dai kusiri kuti kwakatumirwa shoko mumashure kubva kuna Tenzi vako, (murango ingadai wakavawira uye) uye zvirokwazvo nyaya iyi ingadai yakatogadziriswa pakati pavo. Asi zvirokwazvo, vane kugunun'una nekusagutsikana kwakanyanya mariri (Qur'aan).

46. Ani nani (zvake) anoita basa rakanaka, nderake pachake; uye ani nani anoita chakaipa zvinenge zvakanangana naye. Uye Tenzi vako havasi mudzvinyiriri kuvaranda vavo.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

47. Kwavari (Allah) chete ndiko kune ruzivo rwenguva. Hapana muchero unobuda kubva muchinyedza chawo, kana chikadzi kuzvitakura kana kubara kusara neruzivo rwavo. Uye pazuva iro (Allah) vachadaidzira kwavari (vachiti): "Varipi vamwe vangu (vamaindisanganisa navo)?" Ivo vachati: "Tinokutaurirai kuti hapana umwe wedu anopa uchapupu kwazviri (kuti vamwe venyu)!"

48. Uye avo vavaidana mumashure (Panyika pano) vachanyangarika kubva kwavari, uye vachava vanoziva kuti havana nzvimbo yekutizira (kubva kumutongo waAllah).

49. Munhu (asingatendi) haaneti kukumbira zvakanaka (kubva kuna Allah). Asi chakaipa kana chichinge chamubata, anoshaya tarisiro uye orasikirwa.

50. Uye muzvokwadi, kana tichinge tamuravidza netsitsi kubva kwatiri, mushure mekunge chakaipa (urombo hwakanyanya kana urwere) chamubata, anotaura muzvokwadi achiti: "Izvi zvaitika nokuda (kwekugona) kwangu, handifungi kuti nguva ichava inosvika. Asi kana ndichinge ndadzoswa kuna Tenzi vangu, chokwadi pachange paine zvakanaka zvangu (upfumi) navo." Pedzezvo, zvirokwazvo, tichava tinoratidza vasingatendi izvo zvavaiita, uye tichavaita kuti varavire mutongo wakaomarara.

51. Uye kana tichinge taratidza munhu makomborero, anodzoka kumashure ofuratira; asi kana chakaipa chamubata, anoita minamato yakareba.

52. Iti: "Nditaurirei, kana (Qur'aan) richibva kuna Allah, uye hamutendi mariri? Ndeupi akanyanya kurasika kudarika uyo anopikisa zvakanyanya zviri kure (kubva kunzira yaAllah)?"

53. Tichavaritidza zviratidzo zvedu pasi rose, uye mavari pachavo, kusvikira zvava pachena kwavari kuti izvi (zviri muQur'aan) ndezve chokwadi. Hazvina kukwana here kuti Tenzi vako mupupuri pamusoro pezvinhu zvese?

54. Zvirokwazvo, havasi kugutsikana nekusangana kwavo naTenzi vavo (kumutswa kubva kuvafi nekudzokera kuna Tenzi vavo). Zvirokwazvo, ndivo (Allah) vakakomberedza zvinhu zvose!

# CHITSAUKO ASH-SHOORA

# (KUPANA MAZANO) 42

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Haa – Meem.**

2. **Ain – Seen – Qaaf.** (Mashoko ari mundima yekutanga neechipiri ndemamwe ezvishamiso zviri muQur'aan, uye hapana anoziva zvaanoreva kunze kwaAllah).

3. Nokudaro Allah, samasimba vane ungwaru hwose, vanotumira (vanodzikisa) mashoko kwauri (Muhammad (SAW)) sekudzikisa kwavakaita kune avo vaivepo mushure mako.

4. Kwavari ndiko kunobva zvose zviri mumatenga nezvose zviri pasi, uye ndivo vepamusoro vakuru.

5. Matenga anopotsa kupatsanuka pamusoro pawo (nekuda kweukuru hwavo), uye ngirozi dzinorumbidza rukudzo rwaTenzi wadzo, uye dzova dzinokumbirira ruregerero avo vari panyika. Zvirokwazvo, Allah ndivo vane ruregerero rwose, netsitsi dzose.

6. Uye avo vanotora (ana mwari venhema) sevabatsiri vachivasiya (Allah), Allah ndivo mutariri wavo (vanoona zviito zvavo uye vachavapa mubairo wazvo), uye iwe (Muhammad (SAW)) hausi muchengetedzi (mumiririri) pamusoro pavo (wemabasa avo).

7. Uye naizvozvo takava tinotumira kwauri (Muhammad (SAW)) Qur'aan murudzi rwechiArab kuti uve unoyambira amai vemaguta (Makkah) nezvakaikomberedza, uye kuyambira nezvezuva regungano iro risina fungidziro, apo rimwe bato richave muParadhiso (avo vaitenda muna Allah uye vachitevera dzidziso dzaMuhammad (SAW)), uye rimwe bato mumarimi emoto (avo vaisatenda munaAllah uye vasingatevedzeri dzidziso dzaMuhammad (SAW)).

8. Uye dai Allah vaida, dai vakavaita boka rimwechete, asi Allah vanoisa uyo wavanoda mutsitsi dzavo. Uye avo vanoita mabasa akaipa havasi kuzowana mumiririri kana mubatsiri.

9. Kana kuti vave vanotora vabatsiri (vanamwari venhema) vachivasiya (Allah)? Asi Allah ndivo vega muchengeti. Uye ndivo vanopa hupenyu kune vakafa, uye vane simba rekuita zvose.

10. Uye mune zvose zvamunopikisana, zvirokwazvo mutongo wazvo una Allah. (Uye iti Muhammad (SAW) kune vasingatendi): Ndivo Allah, Tenzi vangu avo vandinovimba navo, uye ndivo vandinokumbira ruregerero.

11. Musiki wedenga nenyika. Vakakugadzirirai vakadzi kubva kwamuri, uye mombe vakadzigadzirira mombe dzechikadzi. Nenzira iyi vanokusikai. Hapana chakafanana naivo, uye ndivo munzwi wezvose, muoni wezvose.

12. Ndivo vane svumbunuro dzedenga nenyika. Vanowedzera raramo kune uyo wavanoshuvira, uye kuderedza (kune wavanoshuvira). Zvirokwazvo, ndivo muzivi wezvose.

13. Vakave (Allah) vanotsidza kwauri chitendero (Islaam) chavakatsidza kuna Nowa, uye neizvo zvatadzikisa kwauri (Muhammad (SAW)), uye neizvo zvatakatsidza kuna Abrahamu, Musa, uye Isa (Jesu), tichiti munofanira kuchengetedza chitendero uye musava munopatsanura machiri (kuva mapoka akasiyana siyana). Hazvitambirwi kune avo vasingatendi, izvo zvaunovadeedzera (Muhammad (SAW)) kwazviri. Allah vanozvisarudzira uyo wavanoda, uye vanomutungamirira uyo anokumbira ruregerero uye achivateerera.

14. Uye havana kupatsanuka kusara kwemushure mekunge ruzivo rwauya kwavari, nokuda kwekupfurikidza mwero pakati pavo. Uye dai risiri shoko rakauya kwavari kubva kuna Tenzi vako kwenguva yakatarwa, dai zvakagadziriswa pakati pavo izvo zvainetsa. Uye zvirokwazvo

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

avo vakagariswa nhaka yeGwaro (Torah neVhangeri) mushure mavo (maJudha nemaKristu) vari mufungidziro zvikuru pamusoro pacho (chi Islaam).

15. Saka naizvozvo shevedza (vanhu) (iwe Muhammad (SAW)), uye mira zvakasimba (uri muchi Islaam) sekukomekedzwa kwawakaitwa, uye usave unotevedzera zvido zvavo, uye iti: "Ndinotenda mune zvakadzikiswa naAllah mumabhuku ese (Qur'aan nemabhuku ari mushure maro, Torah, Injeel (Vhangeri), nebhuku raAbrahamu), uye ndava ndinokomekedzwa kuenzanisa pakati penyu. Allah ndiTenzi vedu uye Tenzi venyu. Isu tine mabasa edu uye imi mune mabasa enyu. Hapana kupokana pakati pedu nemi. Allah vachava vanotiunganidza tose, uye kwavari ndiko kwatichadzokera."

16. Uye avo vanopikisa pamusoro paAllah (chitendero chavo Islaam) mushure mekunge chatambirwa (nevanhu), kupikisa kwavo hakuna basa pamberi paAllah, Tenzi vavo, uye kutsamwa nemarwadzo akanyanya zvichange zviri kwavari.

17. Allah ndivo vakadzikisa Bhuku (Qur'aan) muzvokwadi, uye chikero (kuti muve munoenzanisa). Uye chii chinoita kuti uzive kuti dzimwe nguva, nguva yekupedzisira yava pedyo?

18. Avo vasingatendi mairi (nguva yekupedzisira) vanoda kuti ikurumidze, asi avo vanotenda, vanoitya zvakanyanya, uye vanoziva kuti zvirokwazvo ichokwadi. Zvirokwazvo, avo vanopikisa maererano nenguva (yekupedzisira) vari mukurasika zvakanyanya.

19. Allah vane tsitsi kuvaranda vavo. Vanopa raramo kune wavanoda. Uye ndivo samasimba, mukuru wezvose.

20. Uyo anoda (nemabasa ake) mubairo wehupenyu huchatevera, tinova tinomuwedzera mubairo wake; uye uyo anoda mubairo wepasi pano (nemabasa ake), tinomupa (Pano pasi), uye achange asina chidimbu muhupenyu hwemangwana.

21. Kana kuti vane vabatsiri vakavagadzirira chitendero chisina mvumo kubva kuna Allah? Uye dai rakanga risiri shoko rechokwadi (rakataurwa kare naAllah), iyi nyaya ingadai yakatongwa pakati pavo. Uye zvirokwazvo vatadzi vachange vaine mutongo unorwadza.

22. Uchaona (pazuva rekutongwa) vatadzi vachitya zvavakawana, uye marwadzo achava anovawira. Uye avo vanotenda (muIslaam) nekuita mabasa akanaka, vachange vari mumapindu emuParadhiso. Vachange vaine zvose zvavanoshuvira kuna Tenzi vavo. Iwawo ndiwo makomborero makuru (Paradhiso).

23. Iyo ndiyo Paradhiso iyo Allah vanopa mashoko akanaka kuvaranda vavo vanotenda nekuita mabasa akanaka. Iti (Muhammad (SAW)): "Handisi kukukumbirai mubairo pazviri kusara kwetsitsi dzenyu kwandiri neukama hwangu nemi." Uye uyo anowana basa rakanaka tichava tinomuwedzera zvakanaka. Zvirokwazvo, Allah ndivo muregereri, mutendi (anotenda mabasa akanaka anoitwa neavo vanomuteerera).

24. Kana kuti vari kuti: "Akagadzira manyepo pamusoro paAllah?" Kana Allah vaida, vangadai vakavhara moyo wako (kuti ukanganwe Qur'aan rese). Uye vanodzima manyepo nekubuditsa



الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

chokwadi pachena neshoko ravo (Qur'aan). Zvirokwazvo, (Allah) vanoziva zvese zviri mumatundundu.

25. Uye ndivo vanotambira ruregerero kubva kuvaranda vavo, uye kuregerera zvitadzo, uye vanoziva zvamunoita.

26. Uye (Allah) vanodaira avo vanotenda vachiita mabasa akanaka, uye vovawedzera kubva mumakomborero avo (Allah). Uye kune avo vasingatendi, kwavari vachava nemutongo wakaomarara.

27. Uye dai Allah vakawedzera raramo kuvaranda vavo, zvirokwazvo vaizopanduka panyika, asi vanotumira zvine chiero sekuda kwavo. Zvirokwazvo, (Allah) varanda vavo vanovaziva pamwechete nekuvaona.

28. Uye ndivo vanotumira mvura mushure mekunge (vanhu) vashushikana, uye voparadzira tsitsi dzavo. Uye ndivo Wali (Muchengeti, Tenzi), vane kodzero yekurumbidzwa.

29. Uye muzviratidzo zvavo mune kusikwa kwematenga nenyika, uye zvisikwa zvose zvinofamba zvavakaparadzira maari ese. Uye (Allah) vanokwanisa kuzviunganidza zvose pamwechete kana vada.

30. Uye chose chakaipa chinokuwana, chinokuwana nekuda kwezvaunenge wabata nemaoko ako. Uye (Allah) vanoregerera kazhinji.

31. Uye hamukwanisi kutiza (mutongo wa) Allah pano panyika, uye kunze kwaAllah hamuna mumwe muchengeti kana mubatsiri.

32. Uye kubva muzviratidzo zvavo mune ngarava munzizi semakomo.

33. Kana vachida, vanoita kuti mhepo ipere kuvhuvhuta, naizvozvo zvobva (ngarava) dzamira pamusoro (pemvura mugungwa). Zvirokwazvo, mazviri mune zviratidzo kune wese anotsungirira uye achitenda.

34. Kana kuti (Allah) vanovaparadza (vanhu) (nekunyura kwengarava) nekuda kwezvavakawana. Uye vanoregerera zvakanyanya.

35. Uye avo vanopikisa maererano nezviratidzo zvedu, kuti vazive kuti hakuna nzvimbo yavo yekutizira (kubva kumutongo waAllah).

36. Saka chose chamakapihwa chingave chii zvacho anongova mafaro ehupenyu hwepano panyika, asi izvo zvina Allah (Paradhiso) zviri nani uye hazviperi kune avo vanotenda (muhumwechete hwaAllah), uye vachiisa kuvimba kwavo muna Tenzi vavo (munyaya dzavo dzese).

37. Uye avo vanozvidzora kubva mukuita zvitadzo zvikuru, uye Al-Fawaahish (cheupombwe), uye kana vachinge vatsamwa vanoregerera.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

38. Uye avo vanodaira kudana kwaTenzi vavo (kuti vatende kuti vamwechete uye kuvanamata), uye vachiita Swalaah, neavo vanofambisa nyaya dzavo kuburikidza nekupana mazano, uye vachipa kubva kune izvo zvatakavapa.

39. Uye avo vanoti kana udzvanyiriri uchinge waitwa kwavari vanotsiva.

40. Mugove wechakaipa ndechakaipa chakafanana nacho, asi uyo anoregerera uye owadzanisa, mugove wake una Allah. Zvirokwazvo, Allah havafariri vatadzi.

41. Uye zvirokwazvo uyo anotsiva mushure mekunge akanganisirwa, kune avo hapana nzira (yekupomerwa mhosva) kwavari.

42. Zvirokwazvo, nzira (yekupomera mhosva) iri kune avo vanodzvinyirira vanhu uye vachipanduka panyika zvisina kodzero. Kwavari kuchave nemutongo unorwadza wakaoma.

43. Uye zvirokwazvo ani nani anotsungirira uye oregerera, izvi zvirokwazvo zvinenge zviri zvinhu zvinobva kune zvinokurudzirwa naAllah.

44. Uye uyo Allah wavanoita kuti arasike, kwaari haana Wali (Mununuri) mushure mavo (Allah). Uye uchaona vatadzi apo pavachaona mutongo vachati: "Pane here chero nzira yekudzokera (Panyika)?"

45. Uye uchavaona vachiunzwa kwariri (Gehena) vakazvininipisa nekuda kwekukudzikisrwa, vachitarisa zvinyoro-nyoro. Uye avo vanotenda vachati: "Zvirokwazvo, vakarasikirwa ndeavo vanorasikirwa pachavo pamwechete nemhuri dzavo pazuva rekutongwa. Zvirokwazvo, vatadzi (vange vasingatendi) vachave nemutongo usingaperi."

46. Uye vachange vasina maAwliya (Vanunuri/Vabatsiri) kuti vavabatsire kunze kwaAllah. Uye uyo Allah wavanoita kuti arasike, kwaari hapana nzira (yekutevera).

47. Dairai kudana kwaTenzi venyu (Tambirai Islaam imi vanhu nemaJinn) kusati kwasvika kubva kuna Allah zuva iro risingakwanisiki kutiza (zuva rekutongwa). Muchange musina kwekutizira zuva iri uye hamuzokwanisi kuramba (mhosva dzenyu nekuti dzakanyorwa mumabhuku emabasa enyu).

48. Asi kana vachinge vafuratira (Iwe Muhammad (SAW)), (ziva kuti) hatina kukutumira kwavari semuchengetedzi. Basa rako nderekusvitsa shoko. Uye zvirokwazvo kana tichinge taita kuti munhu aravire tsitsi dzedu kubva kwatiri anofadzwa nazvo; asi kana chakaipa chikamuwira nekuda kwemabasa akaitwa nemaoko avo, naizvozvo zvirokwazvo munhu haatendi!

49. Allah ndivo muridzi weumambo hwematenga nepasi, vanosika zvavanoda. Vanopa vanasikana wavanoda uye vanopa wavanoda vanakomana.

50. Kana kuti vanopa vese vanakomana nevanasikana, uye vanoita ngomwa uyo wavanoda. Zvirokwazvo, vanoziva zvose uye vanokwanisa kuita zvinhu zvose.



الجديد و طريف NEW & EXCLUSIVE

51. Hazvina kuva zvinopihwa munhu kuti Allah vanotaura naye kunze kwekunge riri shoko rinenge radzikiswa, kana kuti paine chidziro, kana kuti (Allah) vanotumira mutumwa kuti ave anobuditsa zvavanoda nekuda kwemvumo yavo. Zvirokwazvo, ndivo vepamusoro-soro, vazere neungwaru.

52. Saizvozvo takava tinotumira kwauri (Muhammad (SAW)) Rooh (Shoko uye tsitsi) nekuda kwedu. Hawaiziva Gwaro (Qur'aan) kana kuti chii chinonzi kutenda, asi takariita (Qur'aan) sechiedza chatinotungamidza nacho watinoda kubva kuvaranda vedu. Uye zvirokwazvo, (Muhammad (SAW) uri kutungamirira (vanhu) kunzira yakatwasuka (Islaam).

53. Nzira yaAllah, avo vari muridzi hwezvose zviri mumatenga nezvose zviri pasi. Zvirokwazvo, zvinhu zvose mukuguma kwazvo zvichadzokera kuna Allah.

# CHITSAUKO AZ-ZUKHRUF

# (SHONGEDZO DZENDARAMA) 43

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Haa – Meem.** (Mashoko aya ndemamwe ezvishamiso zviri muQur'aan, uye hapana anoziva zvaanoreva kunze kwaAllah).

2. Ndinopika neGwaro (Qur'aan) riri pachena (Rinobuditsa zvinhu zvese pachena).

3. Zvirokwazvo, takariita Qur'aan rive muchirudzi chechiArabhu kuti muve munonzwisisa.

4. Uye zvirokwazvo (Qur'aan) riri muna Amai veBhuku (Al-Lauh Al-Mahfoodh) nesu, zvirokwazvo ndere pamusoro, rizere neungwaru.

5. Tochitora here yeuchidzo (Qur'aan) kubva kwamuri, nokuda kwekuti muri vanhu vanopfurikidza mwero?

6. Uyezve vaporofita vangani vatakatumira pakati pevanhu vekare?

7. Uyezve hakuna kuuya muporofita kwavari kusara kwekuti vaimuseka.

8. Naizvozvo takaparadza vanhu vakasimba pane ava, uye muenzaniso wevekare wakapfuura (Pamberi pavo).

9. Uye zvirokwazvo ukavabvunza: "Ndiani akasika matenga nenyika?" Zvirokwazvo, vachataura kuti: "Samasimba vane ruzivo rwose ndivo vakawasika."

10. Avo vakakugadzirirai nyika semubhedha, uye vakakugadzirirai nzira mairi, kuti muve munotungamirirwa (munofamba zvakanaka).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

11. Uye avo vanotumira mvura (inonaya) kubva kudenga zvakaenzanirana, naizvozvo tinopa upenyu kuivhu nayo mvura, uye saizvozvo muchava munodzoswa (kuupenyu mushure mekunge mafa).

12. Uye avo vakasika zvinhu zvose zviri zviviri zviviri (chirume nechikadzi), uye vakakugadzirirai ngarava nezvipfuyo izvo zvamunotasva.

13. Kuti muve munotasva kumisana yazvo (zvipfuyo), uye kuti muve munorangarira makomborero aTenzi venyu pamunotasva, uye moti: "Kurumbidzwa ngakuve kune avo vakatungamidza izvi kwatiri, uye hataikwanisa kuzviwana (nekuda kwesimba redu)!"

14. "Uye zvirokwazvo kuna Tenzi vedu tichadzokera!"

15. Asi vanovasanganisa (Allah) nechidimbu kubva mune vamwe varanda vavo (vachiti vane vana uye vachivaenzanisa pakunamata). Zvirokwazvo, munhu ari mukusatenda kuri pachena!

16. Kana kuti (Allah) vakatora vanasikana kubva mune zvavakasika, uye ivo (Allah) vakakusarudzirai imi vanakomana?

17. Uye kana umwe wavo akaudzwa nezvemashoko (ekuzvarwa kwemwanasikana) zvaanotaura kune Mupi wenyasha (Allah), chiso chake chinosviba uye anozadzwa nekutsamwa!

18. Uyo anokudzwa achishongedzwa (achipfekedzwa siriki negoridhe, mukadzi), uye asingakwanisi pakupokana kutaura mashoko ari pachena?

19. Uye vanoita ngirozi izvo dziri varanda veMupi ane nyasha (Allah), vakadzi. Vakamboona kusikwa kwazvo here? Uchapupu hwavo hwuchanyorwa uye vachabvunzwa!

20. Uye vanoti: "Dai kusiri kuda kweMupi ane nyasha (Allah), tingadai tisina kuzvinamata." Havana ruzivo nazvo, uye hapana chavanoita kusara kwekunyepa!

21. Kana kuti takavapa rimwe Bhuku mushure meiri (Qur'aan) iro ravarikubatisisa?

22. Asi vanoti: "Takawana madzibaba edu vachitevera imwe nzira nechitendero, uye tinozvitungamirira kuburikidza netsoka dzavo."

23. Uye saizvozvo, hatina kutuma muyambiri mushure mako (Muhammad (SAW)) kune guta ripi zvarwo (vanhu), asi vaigara zvakanaka pakati pavo vakati: "Zvirokwazvo, takawana madzibaba edu vachitevera imwe nzira nechitendero, uye zvirokwazvo ticharamba tichitevera tsoka dzavo."

24. (Muyambiri) akati: "Kunyangwe ndakuunzirai gwara rakanaka pane ramakawana madzibaba enyu achitevera?" Vakati: "Zvirokwazvo, hatitendi mune zvawakatumwa nazvo."

25. Naizvozvo takavadzorera (takavaranga), uye tarisai ndeapi akazova magumo eavo vakaramba (Islaam).

26. Uye (Rangarira) apo Abrahamu paakati kuna baba vake nevanhu vake: "Zvirokwazvo, handipo pane zvamunonamata."

27. “Kusara kwaivo (Allah) vakandisika; uye zvirokwazvo, vachanditungamirira.”

28. Uye akariita shoko (Laa ilaaha illallaah (Hapana chimwe chinhu chine kodzero yekunamatwa kunze kwaAllah)) rinogara muvana vake, uye kuti zvimwe vangadzoke (kuna Allah kana kuwana yambiro).

29. Asi ndakapa (zvakanaka zvehupenyu hwuno) kune ava (vasingatendi) nemadzibaba avo kuti vafare, kusvikira chokwadi chauya kwavari (Qur’aan), nemutumwa (Muhammad (SAW)) ari pachena (anoburitsa zvinhu zvese pachena).

30. Asi pakauya chokwadi kwavari (Qur’aan), vakati (vasingatendi mariri): “Aya ndiwo mapipi, uye hatitendi maari.”

31. Uye vakati: “Sei Qur’aan iri risina kudzikiswa kumurume mukuru wemaguta maviri (Makkah neTaif)?”

32. Ndivo here vanopa tsitsi dzaTenzi vako? Tisu tinopa pakati pavo raramo yavo muhupenyu hwepano pasi, uye tinosimudzira vamwe vavo pamusoro pevamwe muzvidanho, kuti vamwe vave vanotora vamwe mumabasa avo. Asi tsitsi dzaTenzi vako (Paradhiso) dziri nani pane zvavavanounganidza.

33. Uye dai vanhu vakanga vari boka rimwe chete (vasingatendi), tingadai takapa vanhu vasingatendi muna Mupi ane nyasha (Allah) matenga esirivha edzimba dzavo, nemanera avanokwira nawo.

34. Uye padzimba dzavo paiva nemisiwo (yesirivha) nemibhedha (yesirivha) yavairarira.

35. Uye shongedzo dzegoridhe. Asi zvose izvi hapana zvazviri kusara kwemafaro epano panyika. Uye hupenyu hwuchatevera hwuna Tenzi vako ndewe avo vanotya Allah (vanoteerera Allah).

36. Uye uyo anofuratira kubva kurangariro yeMupi ane nyasha (Allah) (Qur’aan nekunamata Allah), tinomusarudzira Satani kuti ave shamwari yake.

37. Uye zvirokwazvo vanasatani vanovadzivirira kubva munzira (yaAllah), asi vanofunga kuti vakatungamiririrwa.

38. Kusvika (iye) auya kwatiri, anoti (kushamwari yake satani): “Ndinoshuvira kuti dai pakati pangu newe pange pane musiyano wemufambo wemabvazuva maviri (kana wemabvazuva nemadokero).” Zvirokwazvo uri shamwari yakaipa!

39. Hazvikubatsirei zuva ranhasi (imi vasingatendi) nekuti maiita zvakaipa. Muchava vagovani (iwe neshamwari yako) mumarwadzo.

40. (Muhammad (SAW)) ungaite kuti matsi anzwe here, kana kutungamirira bofu, kana uyo ari mukurasika kuri pachena?

41. Uye kunyangwe tikakutora (Muhammad (SAW)), zvirokwazvo tichava tinovadzorera (tinovaranga).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

42. Kana (tikava) tinokuratidza zvatakavavimbisa, zvirokwazvo tine simba pamusoro pavo.

43. Naizvozvo batisisa (Muhammad (SAW)) izvo zvirikudzikiswa kwauri. Zvirokwazvo, uri panzira yakaswatuka.

44. Uye zvirokwazvo (Qur'aan) iri zvirokwazvo iyambiro kwauri (Muhammad (SAW)) nevanhu vako, uye muchabvunzwa (nezvaro).

45. Uye (Muhammad (SAW)) bvunza vamwe vevatumwa vedu vatakatuma mushure mako kuti: "Takasarudza here vamwe vanamwari kuti vave vanonamatwa kunze kweMupi ane nyasha (Allah)?"

46. Uye zvirokwazvo takatuma Musa nezviratidzo zvedu kuna Farawo nemadzimambo ake (achivakoka kuchitendero chaAllah cheIslaam). Akati: "Zvirokwazvo, ndiri mutumwa waTenzi vepasi rose (vanhu nemaJinn nezvihnu zvese)."

47. Asi apo paakasvika kwavari nezviratidzo zvedu kwavari, zvirokwazvo vakazviseka.

48. Uye hapana chiratidzo chatakavaratidza asi kuti chaiva chikuru kudarika chimwe chacho, uye takavabata nemarwadzo kuti pamwe vangadzoke (kuchitendero chaAllah, Islaam).

49. Uye vakati (kuna Musa): "Iwe wemapipi! Tikumbirire kuna Tenzi vako maererano nezvavakakuvimbisa. Zvirokwazvo, tichava tinozvitungamirira (zvakanaka)."

50. Asi patakabvisa mutongo kwavari, vakave vanotyora chitsidzo (kuti vaizotenda tikabvisa marwadzo kubva kwavari).

51. Uye Farawo akasheedzera kuvanhu vake (achiti): "Imi vanhu vangu! Hausi hwangu here humambo hweEgypt, uye nzizi idzi dzinoyerera pasi pangu? Hamuoni here?"

52. "Handisi nani here pane uyu (Musa) wepasi, uye asingagoni kutaura zvinonzwika?"

53. "Sei nguwo dzendarama dzisina kuiswa paari, kana kutumwa aine ngirozi?"

54. Naizvozvo (Farawo) akafurira vanhu vake uye vakamuteerera. Zvirokwazvo, vange vari vanhu vakapanduka (vasingateereri Allah).

55. Naizvozvo pavakatitsamwisa, takavapa murango, uye tikavanyudza vose.

56. Uye takavaita chidzidzo uye muenzaniso kune vaizotevera.

57. Uye panotorwa mwanakomana waMariya (Jesu) somuenzaniso, vanhu vako vanoseka muenzaniso iwowo.

58. Uye vanoti: "Vanamwari vedu vari nani here kana kuti iye (Jesu)?" Havape muenzaniso uyu, kusara kwekuda kupikisa. Naizvozvo vari vanhu vanopikisa.

59. Zvirokwazvo, (Isa (Jesu)) anga asiri kunze kwemuranda. Takamupa makomborero edu, uye tikamuita muenzaniso kuvana vaIzirairi (kusikwa kwake pasina baba).

60. Uye dai taida, ingadai (takakuparadzai imi vanhu mese, uye) tikaisa ngirozi pachinzvimbo chenyu panyika.

61. Uye iye (Isa (Jesu)) mwanakomana waMariya (nekuburuka kwake achibva kudenga achiuya pasi pano) achave chiratidzo chinozivikanwa chenguva (zuva rekutongwa). Naizvozvo musave nefungidziro pamusoro paro (zuva rekutongwa). Uye nditeverei (ini Allah)! Iri ndiro gwara rakatwasuka (Islaam).

62. Uye musave munosiya Satani achikurasisai (kubva muchitendero cheIslaam). Zvirokwazvo, (satani) muvengi ari pachena kwamuri.

63. Uye Isa (Jesu) paakauya nehumboo huri pachena akati: “Zvirokwazvo, ndave ndinouya kwamuri neAl-Hikmah ( Huporofita), uye kuti ndive ndinoburitsa pachena izvo zvamaisiyana. Naizvozvo ityai Allah uye mova munonditeerera.”

64. “Zvirokwazvo, Allah ndi Tenzi vangu uye Tenzi venyu. Naizvozvo vanamatei. Iri ndiro gwara rakatwasuka (Islaam).”

65. Asi mapato pakati pavo akapatsanurana. Nokudaro matambudziko kune avo vanokanganisa (nekutaura manyepo pamusoro paJesu) kubva kune mutongo wakaomarara unorwadza!

66. Vanomirira here nguva ichauya nekukurumidza kwavari vasingazive?

67. Shamwari pazuva iri dzichave vavengi, kusara kwevaitya (Allah).

68. (Zvichanzi kune avo vaitenda): Vanamati vangu! Hapana kutya kuchave kwamuri zuva ranhasi, kana kuti kusuruvara.

69. Avo vaitenda muzviratidzo zvedu uye vaive vakazvipira kuna Allah (maMuslim).

70. Pindai muParadhiso imi nevakadzi venyu murufaro.

71. Matireyi egoridhe nemakomichi achatenderedzwa mavari. Mariri (Paradhiso) muchange muine zvinoshuvirwa nemoyo yavo, neizvo meso anoyevedzwa nazvo, uye vachagaramo zvachose.

72. Iri ndiro Paradhiso ramagadzwa nhaka nekuda kwemabasa enyu amaiita (pahupenyu hwepanyika).

73. Mariri (Paradhiso) kwamuri muchange muine michero yakawanda yamuchange muchidya (sezvamunoshuvira).

74. Zvirokwazo, maMujrimoon (vatadzi) vachange vari mumarwadzo ekumoto umo mavachagara zvachose.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

75. Marwadzo haazomborerutswi kwavari, uye vachakandwa mumatambudziko vaine kudemba kwakanyanya, uye vaine kushushikana mariri.

76. Hatina kuva tinovakanganisira, asi (kuti) ivo pachavo vaiva vatadzi.

77. Uye vachachema: "Iwe Malik (muchengetedzi weGehena)! Ita kuti Tenzi vako vatipedzise (vatiuraye)." Achati: "Zvirokwazvo, muchagaramo zvachose."

78. Zvirokwazvo, taunza chokwadi (Muhammad (SAW) neQur'aan) kwamuri, asi vazhinji venyu vanovenga chokwadi.

79. Kana kuti vakaronga urongwa? Naizvozvo nesuwo tiri kuronga.

80. Kana kuti vanofunga here kuti hatinzwi zvakavandika zvavo uye zvavanoutaura muchivande? Hongu (tinozinzwa), uye vatumwa vedu (ngirozi) vanawo, vachinyora.

81. Iti (Muhammad (SAW)): "Kana vane nyasha dzose (Allah) vaine mwana (kana vana sezvamunotaura), naizvozvo ndiri wekutanga weavo vanomunamata (kuramba zvamunotaura, uye kutenda kuti Allah vari vega uye havana vana)."

82. Kukudzwa kwose ngakuve kuna Tenzi vematenga nenyika, Tenzi vechigaro chepamusoro-soro. Kurumbidzwa kwose ngakuve kwavari pane zvose zvavanovasanganisa navo.

83. Saka vasiyei vachitaura zvisina maturo uye vachitamba kusvikira vasangana nezuva ravo iro ravakavimbiswa.

84. Ndivo (Allah) vanova vamwechete Ilaah (Mwari vanofanirwa kunamatwa) kudenga, vanova zvakare Ilaah (Mwari vanofanirwa kunamatwa) panyika. Ndivo vazere neungwaru, muzivi wezvose.

85. Makomborero ndeavo, muridzi weumambo hwekudenga nepasi, nezvose zviri pakati pawo, uye kwavari ndiko kune ruzivo rwenguva, uye kwavari muchadzoserwa (mese).

86. Uye avo vavanodana kunze kwavo (Allah) havana masimba ekumiririra – kusara kweavo vanopa uchapupu pachokwadi (vanotenda muhumwechete hwaAllah uye vachiteerera mirairo yavo), uye vanoziva (humwechete hwaAllah).

87. Asi kana ukavabvunza kuti ndiani akavasika, muzvokwadi vanoti: "Allah." Saka vanofuratira sei (mukunamata Allah vakavasika)?

88. (Uye Allah vane ruzivo) rwe (Mashoko aMuhammad (SAW)) anoti: "Tenzi wangu! Zvirokwazvo, ava vanhu vasingatendi!"

89. Saka vafuratire (Muhammad (SAW)) uye oti: Salaam (Runyararo)! Asi vachazviziva.

# CHITSAUKO AD-DHUKHAAN

# (CHIUTSI) 44

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Haa – Meem.** (Mashoko aya ndemamwe ezvishamiso zvri muQur'aan, uye hapana anoziva zvaanoreva kunze kwaAllah).

2. Ndinopika neGwaro riri pachena (Qur'aan rinoburitsa zvinhu pachena).

3. Zvirokwazvo, takaridzikisa (Qur'aan) pausiku hwakakomborerwa (usiku hwe Al-Qadr mumwedzi weRamadhaan). Zvirokwazvo, tiri kuyambira (kuti ticharanga avo vasingatendi).

4. Mauri (usiku uhwu) munotarwa nyaya dzose dzakarongwa (ndufu, keberekwa kwemhuka, nezviitiko zvese zvichaitika gore rinotevera).

5. Sechikomekedzo (Qur'aan iri kana kutarwa kwezviitiko) kubva kwatiri. Zvirokwazvo, tinotumira (vatumwa).

6. Setsitsi kubva kuna Tenzi vako. Zvirokwazvo, ndivo vanonzwa, muzivi wezvose.

7. Tenzi vematenga nenyika nezvose zviri pakati pawo, kana muine kutenda kwechokwadi (nekusangana naTenzi venyu).

8. Laa ilaaha illaa huwa (Hakuna mumwe ane kodzero yekunamatwa kunze kwavo). Ndivo vanopa upenyu uye vanokonzera rufu – Tenzi venyu uye Tenzi vemadzibaba enyu.

9. Asi vanotamba vari mukugunun'una.

10. Naizvozvo mirira zuva iro denga parichaunza chiutsi chiri pachena (chinooneka).

11. Chichafukidza vanhu. Ichi chirango chinorwadza.

12. (Vachati): "Tenzi vedu! Bvisai mutongo kwatiri, muzvokwadi tichava vatendi!"

13. Vangave sei nendangariro (murango wauya kwavari), apo mutumwa ari pachena akauya kwavari (achivajekesera).

14. Naizvozvo vakamufuratira (Muhammad (SAW)) vakati: "Munhu akadzidziswa (nemumwe munhu), uye anopenga!"

15. Zvirokwavo, tichabvisa mutongo kwekanguva. Zvirokwazvo, muchadzokera (mukusatenda).

16. Pazuva iro ratichakutorai nenzira hombe inorwadza. Zvirokwazvo tichadzorera nekupa chirango.

17. Uye zvirokwazvo takaedza mushure mavo vanhu vaFarawo, apo mutumwa anoremekedzwa akauya kwavari (Musa (AS)).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

18. Achiti: "Ndipei varanda vaAllah (vana vaIzirairi). Zvirokwazvo, ndiri mutumwa anovimbika kwamuri."

19. "Uye musava munozvikudza pamusoro paAllah. Zvirokwazvo, ndauya kwamuri nenzira iri pachena (murairo uri pachena)."

20. "Uye zvirokwazvo ndinokumbira chengetedzo kubva kuna (Allah) Tenzi vangu naTenzi venyu, nekuti munganditeme (kana kunditi ndiri ngan'a kana kundiuraya)."

21. "Asi kana musingatendi mandiri, naizvozvo swederai kure neni mondisiya ndega ndakadaro."

22. Asi (Musa (AS)) akadana Tenzi vake achiti: "Zvirokwazvo, ava vanhu vanotadza (vatadzi)."

23. (Allah vakati): "Buda pamwechete nevaranda vangu neusiku. Zvirokwazvo muchateverwa."

24. "Uye siya gungwa riri zvariri (rakapatsanuka). Zvirokwazvo vari mauto achanyudzwa."

25. Mapindu mangani nezvitubu zvavakasiya (vanhu vaFarawo) kumashure!

26. Nezvirimwa (minda inoyevedza) nenzvimbo dzakanaka!

27. Uye mutefetefe weupenyu umo mavaiwana mufaro!

28. Zvakaitika kudaro! Naizvozvo, takaita kuti vamwe vanhu vavagare nhaka (Vana vaIzirairi vagare nhaka humambo weku Egypt).

29. Uye matenga nenyika hazvina kuvachemera, zvakare havana kupihwa nguva (havana kunonotswa).

30. Uye zvirokwazvo takanunura vana vaIzirairi kubva kumutongo unonyadzisa wakaomarara.

31. Kubva kunaFarawo. Zvirokwazvo, aizvitutumadza uye aive mumwe wemaMusrifoon (avo vanhu vanopfurikidza mitemo yaAllah).

32. Uye takavasarudza (vana vaIzirairi) pamusoro pevose (vanhu nemaJinn panguva yaMusa (AS)) neruzivo.

33. Uye tikavapa zviratidzo zvaive nemuyedzo uri pachena.

34. Zvirokwazvo, ava (maQuraish) vari kuti:

35. "Hapana chimwe chinhu kunze kwerufu rwedu rwekutanga, uye hatisi kuzomutswa (zvakare)!"

36. "Tiunzire madzibaba edu kana uri pachokwadi!"

37. Vari nani here kana kuti vanhu vekuTubba neavo (vaivepo) mushure mavo? Takavaparadza nekuti zvirokwazvo vaive maMujrimoon (vatadzi).

38. Uye hatina kuva tinosika matenga nenyika, nezvose zviri pakati pawo sedambe.



الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

39. Hatina kuva tinozvisika kusara kwekuti muchokwadi (kuti tione avo vanoteerera neavo vasingateereri), asi vazhinji vavo havazivi.

40. Zvirokwazvo, zuva rekutongwa inguva yavakatarirwa vose.

41. Zuva rekuti Maula (hama yepedyo) haikwanisi kubatsira Maula (hama yepedyo) nechimwe chinhu, uye zvakare hapana rubatsiro rwavachawana.

42. Kunze kweuyo Allah wavanoratidza tsitsi. Zvirokwazvo, ndivo samasimba, vazere netsitsi.

43. Zvirokwazvo, muti weZaqqoom (unovava zvikuru)

44 Uchava chikafu chevatadzi.

45. Semafuta anofashaira, chichafashaira mumatumbu avo,

46. Sekufashaira kunoita mvura inopisa.

47. (Zvichanzi): "Mutorei momudhonzera pakati pemarimi emoto!"

48. "Modira mumusoro make mutongo wemvura inofashaira!"

49. "Ravira (izvi)! Zvirokwazvo waiva (unozviita kunge) wepamusoro anoremekedzwa!"

50. "Zvirokwazvo, izvi ndizvo zvamairamba (zvamaigunun'una)!"

51. Zvirokwazvo, avo vanotya Allah vachange vari munzvimbo yerunyararo (yakachengetedzeka).

52. Mumapindu nezvitubu.

53. Vakapfeka siriki yakanaka uye siriki yakakora vachitarisana.

54. Zvichava kudaro! Uye tichavaroodza kumaHouri vane maziso mahombe akanaka (vakadzi vakanaka vekuJannah).

55 Vachadaidzira imomo michero yemhando dzose murunyararo nechengetedzo.

56. Havazomboravira rufu imomo kusara kwerufu rwekutanga (panyika), uye (Allah) vachavanunura kubva kumutongo wekumoto.

57. Semakomborero kubva kuna Tenzi vako! Uku kuchava kubudirira kwepamusoro!

58. Zvirokwazvo, takarirerutsa (Qur'aan iri) parurimi rwako, kuti vave vanorangarira.

59. Naizvozvo mirira (Muhammad (SAW)), zvirokwazvo ivo vakamirira (zvekare).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

# CHITSAUKO AL-JAATHIYAH

# (KUPFUGAMA) 45

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Haa – Meem.** (Mashoko aya ndemamwe ezvishamiso zviri muQur'aan, uye hapana anoziva zvaanoreva kunze kwaAllah).

2. Mashoko akadzikiswa eGwaro (Qur'aan) anobva kuna Allah, Samasimba, vazere neuchenjeri.

3. Zvirokwazvo, mumatenga nenyika mune zviratidzo kune vanotenda.

4. Uye mukusikwa kwenyu, neizvo zvavakapararira (Panyika) kubva kuzvisikwa zvinofamba (mhuka) mune zviratidzo kuvanhu vanotenda zvechokwadi.

5. Uye mukutenderera kweusiku nemasikati, neizvo Allah zvavanopa serarамо (mvura) kubva kudenga, vopa nayo nyika upenyu mushure mekunge isina upenyu, uye kuvhuvhuta kunoita mhepo, zviratidzo kuvanhu vanonzwisisa.

6. Izvi zviratidzo zvaAllah, zvatinokuverengera (Muhammad (SAW)) muchokwadi. Naizvozvo ndeipi nhaurwa mushure maAllah nezviratidzo zvavo zvavachatenda?

7. Matambudziko kumutadzi wese anonyepa.

8. Anonzwa ndima dzaAllah dzichiverengwa kwaari, asi oenderera mberi achizvitutumadza sekunge asina kudzinzwa. Nokudaro mukorokotedze nezvemutongo unorwadza!

9. Uye akadzidza zvimwe zvinhu mundima dzedu (dziri muQur'aan), anozvitora sechiseko. Vanhu vakadaro vachava nomutongo unonyadzisa.

10. Pamberi pavo pane Gehena. Uye vose izvo zvavakawana hazvisi kuzovabatsira, kana avo vavakatora sevabatsiri vachisiya Allah. Uye vachave nemutongo mukuru.

11. Iri (Qur'aan) inungamiri. Uyezve avo vasingatendi muzviratidzo zvaTenzi vavo, vachave nemutongo wakaomarara unorwadza.

12. NdiAllah vakakupai gungwa kuti ngarava dzive dzinofamba mariri nokuda kwavo, uye kuti muve munotsvaga makomborero avo, uye kuti muve munotenda.

13. Uye vakakupai zvese zviri mumatenga nezvose zviri panyika, zvese izvi kubva kwavari. Zvirokwazvo, mazviri mune zviratidzo kune vanhu avo vanofunga zvakadzama.

14. Iti (Muhammad (SAW)) kuvatendi kuti varegerere avo vasina tarisiro nezvemazuva aAllah, kuti vave vanoripa vanhu zvichienderana nezvavakawana (kutonga avo vasingatendi vaikanganisa vatendi).

15. Uyo anoita basa rakanaka, nderake pachake; uye uyo anoita basa rakaipa, rakanangana naiye. Naizvozvo muchave munodzokera kuna Tenzi venyu.

16. Uye zvirokwazvo takapa vana vaIzirairi Gwaro, uye kunzwisisa Gwaro uye nemitemo yarwo, uye huporofita; uye tikavapa zvinhu zvakanaka, uye tikavasarudza pamusoro pevose (vanhu nemaJinn enguva yavo).

17. Uye takavapa humboo hwuri pachena wenyaya dzese (nekuvadzikisira Torah). Uye havana kupokana kusara kwekunge ruzivo rwauya kwavari, nokuda kweruvengo pakati pavo. Zvirokwazvo, Tenzi vako vachatonga pakati pavo pazuva rokutongwa pamusoro peizvo zvavaipikisana.

18. Naizvozvo takuisa (Muhammad (SAW)) panzira yomukomekedzo (Islaam). Naizvozvo itevere, uye usatevere zvido zveavo vasingazivi.

19. Zvirokwazvo, hapana chavanokwanisa kukubatsira nacho kuna Allah (kana vachida kukuranga). Zvirokwazvo, avo vanoita mabasa akaipa madzishamwari, asi Allah mubatsiri weavo vanotya (Allah).

20. Iri (Qur'aan) chioneso chiri pachena uye humboo kuvanhu, uye inungamiri netsitsi kuvanhu avo vanotenda zvechokwadi (nezve zuva rekupedzisira).

21. Kana kuti avo vanoita mabasa akaipa vanofunga kuti tichavabatanidza neavo vanotenda (muhumwechete waAllah) uye vachiita mabasa akanaka, muhupenyu hwavo uye mushure mekufa kwavo? Huipi ndiwo mutongo wavanoita.

22. Uye Allah vakasika denga nenyika muchokwadi, kuti munhu wese ave anoripwa zvaakawana, uye havasi kuzodzvinyiririrwa.

23. Wakamboona here uyo anotora zvido zvake samwari vake? Uye Allah vachiziva, vakamusiya akarasika, uye vakavhara manzwiro ake nemoyo wake, uye vakaisa chivharo pamaonero ake. Nokudaro ndiani angamutungamirire mushure maAllah? Hamurangariri here?

24. Uye vanoti: "Hapana chiripo kusara kwehupenyu wedu hwepano pasi, tinofa uye tinorarama, uye hapana chinotiparadza kusara kwenguva." Uye havana ruzivo nezvazvo, asi vanongofungidzira.

25. Uye kana ndima dzedu dziri pachena dzichiverengwa kwavari, kupikisa kwavo hakusi kumwe kusara kwekuti: "Dzora madzibaba edu (akafa) kana uri pachokwadi!"

26. Iti (kwavari): "Allah vanokupai hupenyu, uye voita kuti mufe, uye vachakuunganidzai pazuva rokutongwa iro pariri hapana kusagutsikana. Asi vanhu vazhinji havazivi."

27. Uye kuna Allah ndiko kune humambo hwematenga nenyika. Uye pazuva iro nguva ichasvika, zuva iroro vatevedzeri vemanyepo (vasingatendi) vacharasikirwa (nezvose).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

28. Uye uchaona rwudzi rwega rwega ruchizvininipisa (rwakapfugama). Rwudzi rwega rwega ruchishevedzerwa kuzvinyorwa zvaro (zvemabasa). Nhasi muchabhadharwa maererano nezvamaiita.

29. Zvinyorwa zvedu izvi zvirikutaura pamusoro penyu chokwadi. Zvirokwazvo, Tainyora izvo zvamaiita (ngirozi dzedu dzainyora mabasa enyu).

30. Uye kune avo vaitenda (muhumwechete waAllah) uye vachiita mabasa akanaka, Tenzi vavo vachavaisa mutsitsi dzavo (Paradhiso). Ikoko ndiko kuchava kubudirira kuri pachena.

31. Asi kune avo vaisatenda (zvichanzi kwavari): "Ndima dzedu hadzina kuverengwa kwamuri here? Asi makazvitutumadza, uye maiva vanhu vaitadza."

32. Uye apo pazvainzi: "Zvirokwazvo, vimbiso yaAllah ndeyechokwadi, uye hapana kusagutsikana maererano nekuuya kwenguva," makati: "Hatizivi kuti chii chinonzi nguva. Hatifungi nezvayo asi kuti kufungidzira, uye hatina kutenda kunogutsa (mairi nguva)."

33. Uye zvakaipa zvavakaiita zvichava zvinobuda kwavari, uye zvavaishora zvichavakomberedza.

34. Uye zvichanzi: "Zuva rino tichakukanganwai sekukanganwa kwamakaita kusangana kwezuva renyu rino. Uye nzvimbo yenyu yokugara imoto, uye hapana achakubatsirai."

35. Izvi (zvirikuitika) nekuda kwekuti maitora ndima dzaAllah (Qur'aan) sechiseko, uye hupenyu hwepasi hwakakunyengedzai. Naizvozvo, nhasi havambobudiswi mauri (moto) kana kudzorerwa kuhupenyu hwepanyika (kuti vanokumbira ruregerero kuna Allah).

36. Naizvozvo kurumbidzwa kwese nekutendwa ndekwa Allah, Tenzi vematenga uye Tenzi venyika, uye Tenzi vepasi rose (vanhu nemaJinn nezvisikwa zvese).

37. Uye kwavari ndiko kune humambo mumatenga nepasi, uye ndivo samasimba, vane hungwaru hwose.

# CHITSAUKO AL-AHQAAF

# (MAKOMO EJECHA) 46

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Haa – Meem.** (Mashoko aya ndemamwe ezvishamiso zviri muQur'aan, uye hapana anoziva zvaanoreva kunze kwaAllah).

2. Kudzikiswa kweBhuku (Qur'aan) kubva kuna Allah, Samasimba, Muchenjeri Mukuru.

3. Hatina kusika matenga nenyika nezviri pakati pawo asi kuti muchokwadi, uye kwenguva yakatarwa. Asi avo vasingatendi vanofuratira izvo zvavanoyambirwa nazvo.

4. Iti (Muhammad (SAW)): “Munoona here zvose izvo zvamunodaidza kunze kwaAllah? Ndiratidzei. Chii chavakasika panyika? Kana kuti vane mugove here kumatenga (pakusikwa kwawo)? Ndiunzirei Bhuku (riri mumashure meiri) kana matsimba eruzivo (anotsigira zvamunotaura), kana imi muri pachokwadi!”

5. Uye ndiani akarasika zvakanyanya kukunda uyo anodaidza (anonamata) izvo zvisiri Allah, izvo zvisingazomupinduri kusvikira pazuva rekutongwa, zvakare havana kana chavanoziva maererano neminamato yavo kwavari?

6. Uye kana vanhu vaunganidzwa (pazuva rekutongwa), (zvavainamata) zvichave mhandu kwavari uye zvicharamba kunamatwa kwavo.

7. Uye kana humboo hwedu huri pachena hukaverengwa kwavari, avo vasingatendi vanoti kune chokwadi kana chauya kwavari: “Aya ndiwo masaramusi ari pachena!”

8. Kana kuti vanoti: “Iye (Muhammad (SAW)) akazvigadzirira!” Iti: “Kana ndakazvigadzirira, nazvino hamuna kana simba rekundibetsera kubva kuna Allah. Ivo (Allah) vanoziva chaizvo zvamunotaura pakati penyu maererano nezvaro (Qur’aan)! Vakakwana semupupuri pakati pangu nemi! Uye ndivo vanoregerera, vane nyasha zhinji.”

9. Iti (Muhammad (SAW)): “Handisi chinhu chitsva pavatumwa (handisi ini wekutanga), uye handizivi kuti chii chichaitwa kwandiri kana kwamuri. Ndinongotevera chete izvo zvinodzikiswa kwandiri, uye ndinongori muyambiri ari pachena chete.”

10. Iti: “Munoona here kana iri (Qur’aan) richibva kuna Allah uye imi moriramba, uye mupupuri kubva kuvana vaIzirairi (Abdullah bin Salaam (RA)) vopupura kuti (iri Qur’aan riri kubva kuna Allah) se(Torah), uye otenda (opinda Islaam) apo imi muchizvitutumadza (musingatendi).” Zvirokwazvo, Allah havatungamiriri vanhu vanotadza.

11. Uye avo vasingatendi (vane simba nehupfumi) vanoti kune avo vanotenda (varombo vasina simba): “Dai change chakanaka (chitendero che Islaam), vangadai (varombo vasina simba) vasina kutitangira kwachiri!” Uye kana vasina kutungamirwa nacho, vanoti: “Aya ndiwo manyepo ekare!”

12. Uye mushure maro (Qur’aan) kwaive neGwaro raMusa richitungamira uye senyasha. Uye iri iBhuku (Qur’aan) rinopupura mururimi rwechiArabhu, richijekesa uye richiyambira avo vanoita zvakaipa, uye semashoko akanaka kune vanoita mabasa akanaka.

13. Zvirokwazvo, avo vanoti: “Tenzi vedu ndiAllah,” uye vobva vashinga zvakasimba (muIslaam), hapazove nekutya kwavari kana kushushikana (kusuruwara).

14. Vanhu vakadaro vachave vagari vekuParadhiso, vachagara imomo (zvachose) semubairo wezvavakaita.

15. Uye takakomekedza munhu kuti abetsere vabereki vake, nekuve nemoyo munyoro kwavari. Amai vake vakamutakura mumatambudziko uye vakamubereka vachitambudzika. Uye kumutakura nekumuyamwisa kwakatora mwedzi makumi matatu, kusvikira apo paanenge anesimba

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

rakakwana uye asvika makore makumi mana, obva ati: “Tenzi vangu! Ndipeiwo simba kuti ndikwanise kutenda makomborero amakandipa nevabereki vangu, uye kuti ndikwanise kuita mabasa akanaka ayo amunofarira, uye mhuri yangu moiita yakanaka. Chokwadi, ndatarisa kwamuri ndichikumbira ruregerero rwenyu, uye chokwadi, ndiri umwe wevatendi (maMuslim).”

16. Vanhu vakadaro ndeavo vatichatambira mabasa avo akanaka uye tovakanganwira mabasa avo akaipa. (Vachava) mukati mevagari vekuParadhiso, vimbiso yechokwadi, iyo yavakavimbiswa.

17. Asi uyo anotaura kuvabereki vake achiti: “Hapana zvamunotaura! Muri kundivimbisa ini kuti ndichamutswa zvakare asi kwadarika zvizvarwa kare mushure mangu (Pasina kumutswa)?” Apo (vabereki) vachikumbira Allah rubetsero (vachiyambira mwana wavo) (vachiti): “Matambudziko kwauri! Tenda! Zvirokwazvo, vimbiso yaAllah ndeyechokwadi.” Asi iye achiti: “Hapana zviripo, asi inyaya dzekare chete.”

18. Vanhu vakadaro ndeavo shoko (rechirango) rakazadziswa kumarudzi akapfuura mushure maivo vasati vavepo maJinn nevanhu. Zvirokwazvo, vakarasikirwa.

19. Uye vose, kwavari kuchange kuine kukwiridzirwa zvichienderana nezvavaiita, uye (Allah) zvakare vachavapa mugove wakakwana nokuda kwemabasa avo. Uye havazombodzvanyiririrwa.

20. Uye nezuva iro avo vasingatendi (muhumwechete waAllah) vachaendeswa kumoto (zvichataurwa zvichinzi): “Zvakanaka zvenyu makazviwana paupenyu hwenyu hwepanyika, uye mukanakidzwa mairi. Zvino zuva ranhasi muchapiwa murango unonyadzisa, nokuda kwekuti maizvitutumadza panyika zvisina mvumo, uye imi maipandukira mirairo yaAllah (maisateerera Allah).”

21. Uye rangarira (Hud) mukoma wemaAad, apo akatsiura vanhu muAl-Ahqaaf (dzimba dzavaigadzira mumakomo muArabia). Uye zvirokwazvo kwange kwadarika vayambiri mushure make uye mberi kwake (vachiti): “Musanamata chimwe chinhu kunze kwaAllah; zvirokwazvo, ndinokutyirai kubva kumutongo wezuva guru (zuva rokumutswa).”

22. Vakati: “Wauya here kuzotiburitsa kubva kuna vanamwari vedu? Zvino chitiunzira izvo zvauri kutityityidzira nazvo, kana iwe uri umwe weavo vanotaura chokwadi!”

23. Akati: “Zvirokwazvo, ruzivo rwacho (rwemurango) rwuna Allah chete. Uye ini ndinongokuudzai izvo zvandakatumwa nazvo, asi ndiri kukuonai muri vanhu vasina ruzivo!”

24. Zvino pavakauona (murango) segore rakanga richiuya padyo nemipata yavo, vakati: “Iri igore ririkutiunzira mvura!” Asi kwete, ndeizvo zvamaikumbira kuti zvikurumidze kuitika, mhepo ine murango unorwadza!

25. Ichiparadza zvinhu zvose nokuda kwekuronga kwaTenzi wayo! Nokudaro vakapedzisira pasina chaioneka kusara kwepokugara pavo chete! Saizvozvo ndiwo mapiro atinoita mubairo kuvanhu vanotadza!

26. Uye zvirokwazvo tange takavagadzika zvakasimba neizvo zvatisina kukugadzikai imi (maQuraish)! Uyezve tikavaita kuti vave nekunzwa uye kuona uye nemoyo. Asi kunzwa kwavo, uye kuona kwavo, nemoyo yavo hazvina kuvabetsera kana nechimwechete zvacho nekuti



الجديد و طرائف NEW & EXCLUSIVE

vairamba humboo hwaAllah (maporofita aAllah nedzidziso dzavo), uye vakabva vakomberedzwa neizvo zvavaituka (zvavaiseka)!

27. Uye zvirokwazvo takaparadza matunhu akakukomberedzai, uye tikavaratidza zvakare zviratidzo kuti pamwe vangadzoka (kuchokwadi, Islaam).

28. Nokudaro sei avo vavakatora saanamwari vachisiya Allah vasina kuvabetsera, senzira yemasvikiro (kuna Allah)? Asi vakavarasa zvachose (pakauya murango). Uye uku ndiko kwaive kunyepa kwavo neivo zvavaiwedzerera (vasati vaparadzwa).

29. Uye rangarira (Muhammad (SAW)) apo takatumira chikwata chemaJinn (vatatu kunosvika gumi) vachiteerera Qur'aan. Zvino (maJinn) pavakamira pamberi paro vakati: "Teererai!" Zvino parakapedziswa kuverengwa, vakadzokera kune vamwe vavo, sevayambiri.

30. Vakati: "Vamwe vedu! Zvirokwazvo, tanzwa Bhuku (Qur'aan) rakadzikiswa mushure maMusa richidudzira zvakauya mushure maro. Rinotungamira kune chokwadi uye kunzira yakatwasuka (Islaam)."

31. "Vamwe vedu! Dairai mudaidzi waAllah (Muhammad (SAW)), uye tendai kwaari (uye momutevera), Allah vachakuregererai kubva kune zvitado zvenyu, uye vachakununurai kubva kune murango unorwadza (Gehena)."

32. "Uye uyo asingadairi mudaidzi waAllah, haakwanisi kutiza munyika, uye hapana vabetseri vaachawana kunze kwavo (Allah). Vanhu vakadaro ndivo vakarasika zviri pachena."

33. Havaoni here kuti Allah avo vakasika matenga nenyika, uye havana kuomerwa nekusikwa kwawo, vane simba rokupa upenyu kune vakafa? Hongu, zvirokwazvo vanokwanisa kuita zvinhu zvose.

34. Uye nezuva iro avo vasingatendi vachaunzwa kumoto (zvichanzi kwavari): "Hachisi chokwadi here ichi?" Vachati: "Hongu, tinopika naTenzi vedu!" Vachati: "Zvino chiravirai murango nokuda kwekuti makanga musingatendi!"

35. Zvino chitsungirira (Muhammad (SAW)) sezvakaita vatumwa vakasimba (Muhammad, Nowa, Abrahamu, Musa naJesu) uye usamhanye nezvavo (vasingatendi). Nezuva ravachaona izvo zvavakavimbiswa, zvichaita sokunge havana kugara nguva imwe chete zvayo pazuva rimwechete. Mashoko ari pachena (iri Qur'aan kunokununurai kubva mukuparadzwa)! Asi pachave here nekuparadzwa kunze kwevanhu vanopandukira Allah (vasingateereri Allah)?

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

# CHITSAUKO MUHAMMAD

# (KANA KURWA) 47

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Avo vasingatendi (muIslaam), uye vanorambidza vanhu kupinda munzira yaAllah, vachaita kuti mabasa avo ave asina maturo.

2. Uye avo vanotenda uye vachiita mabasa akanaka, uye vachitenda kune zvakatumirwa kuna Muhammad (SAW), icho chiri chokwadi kubva kuna Tenzi vavo, vachavakanganwira zvitadzo zvavo, uyezve vachaita mamiriro avo ave akanaka.

3. Nokuda kwekuti avo vasingatendi vanotevera manyepo, uye zvirokwazvo avo vanotenda vanotevera chokwadi kubva kuna Tenzi vavo. Saizvozvo Allah vanoratidza vanhu mienzaniso yavo.

4. Zvino kana masangana neavo vasingatendi (kurwa navo), varovei mitsipa yavo kusvikira mavauraya uye makuvadza vakawanda vavo, uye movasunga zvakasimba (movatora senhapwa). Mushure mezvo vaitirei tsitsi (movasungura zvisina mubhadharo), kana kuti motora mubhadharo (zvamunoona zvichibatsira Islaam), kusvikira hondo yanyarara. Naizvozvo dai Allah vaida, zvirokwazvo dai vakavaranga pachavo, asi (kurwa) vakakuitira kuedza vamwe venyu kuburikidza nevamwe. Uye avo vanouraiwa munzira yaAllah, havasi kuzosiya mabasa avo achitambisika (pasina mugove).

5. Vachavatungamira uye vomisa zvakanaka hunhu hwavo.

6. Uye vachavaendesa kuParadhiso iro ravakaita kuti rizivikanwe kwavari (Vachaziva nzwimbo dzavo muParadhiso kukunda maziviro avaiita dzimba dzavo panyika).

7. Imi vanotenda! Kana mukabetsera (munzira ya) Allah, ivo vachakubetseraiwo, uye vachaita kuti makumbo enyu agwinye.

8. Asi avo vasingatendi (muhumwechete waAllah), kwavari kuchave nekuparadzwa, uye vachaita (Allah) kuti mabasa avo ave asina maturo.

9. Nokuda kwekuti vanovenga izvo zvakatumirwa naAllah (iri Qur’aan nemitemo yechi Islaam), naizvozvo vaita kuti mabasa avo ashaye maturo.

10. Havana here kufamba munyika vakaona mhedzisiro yeavo vakange vari mumashure mavo? Allah vakavaparadza zvachose, uye zvimwechetezvo zvakamirira vasingatendi.

11. Nokuda kwekuti zvirokwazvo Allah ndivo mubetseri (mambo nemudziviriri) weavo vanotenda, uye vasingatendi havana mubetseri.

12. Zvirokwazvo, Allah vachaendesa avo vanotenda (muhumwechete wavo) uye vachiita mabasa akanaka kuParadhiso rine nzizi dzinoerera pasi paro; uye apo avo vasingatendi vachinakirwa nekudya sokudya kunoita mombe; uye moto uchava nzvimbo yavo yokugara.

13. Uye maguta mangani akanga aiine simba kukunda guta rako (Makkah) rakakudzinga, avo atakaparadza. Uye pakanga pasina kana mubetseri kwavari.

14. Akafanana here uyo ari muchiedza kubva kuna Tenzi vake neavo zvitadzo zvavo zvinoitwa sezvakanaka kwavari, apo vachitevera zvido zvavo (zvakaipa)?

15. Muenzaniso weParadhiso iro rakavimbiswa vatsvene (ndewekuti) mariri mune nzizi dzemvura idzo maraviriro nemweya wacho haushanduki, uye nzizi dzemukaka usingashanduki, uye nzizi dzewaini inonaka kune avo vanoinwa, uye nzizi dzeuchi hwakachenurwa, uye imomo vachange vaine ndudzi dzose dzemichero, uye nekuregererwa naTenzi vavo. Vakafanana here neavo vachagara mumoto zvachose vachipiwa mvura inokwata ichipisa iyo ichadambura matumbu avo?

16. Uyezve mukati mavo mune vanokuteerera (Muhammad (SAW)) kusvikira vabva kwauri, vanoti kune avo vakagamuchira ruzivo: “Chii chaarikutaura zvino?” Vanhu vakadaro ndivo vakavharwa moyo yavo naAllah, uyezve vanotevera zvido zvavo (zvakaipa).

17. Uye avo vakatungamirwa, vanovawedzera kutungamirwa kwavo uye vanovapa Taqwa (Kutya Allah vovaita vatsvene).

18. Vakamirira here chimwe chinhu kunze kwenguva kuti iuye ivo vakavarairwa? Asi mviro mviro dzacho dzakatouya; zvino kana yave pavari, vachabetserekana sei nekurangarira kwavo?

19. Naizvozvo chiziva (Muhammad (SAW)) kuti, Laa ilaaha illallaah (Hakuna mumwe mwari akafanira kunamatwa kunze kwaAllah), uye kumbira ruregerero pazvitadzo zvako uye nezvevatendi varume nevakadzi. Uye Allah vanoziva kufamba kwenyu, uye nenzvimbo dzenyu dzekuzororera.

20. Uye avo vanotenda vanoti: “Ko sei chikamu (cheQur’aan) chisingadzikiswi?” Asi kana chikamu chadzikiswa chichitsanangura (zvinhu), uye nekurwa kuchitaurwa machiri, uchaona avo vane chirwere mumoyo yavo (cheunyengedzi) vachitarisa kwauri matarisiro euyo ave kukomoka zvokufa. Asi zvakanga zviri nani kwavari (kuti vateerere).

21. Kuteerera (Allah) uye mashoko akanaka (akavanakira). Naizvozvo kana hurongwa (weJihaad) hwatarwa, zvino dai vange vari pachokwadi kuna Allah, zvingadai zvakavanakira.

22. Mukapiwa simba, maizoita zvakashata here panyika uye kugura hukama hwenyu?

23. Vanhu vakadaro ndeavo vakashorwa naAllah. Naizvozvo vakavaita kuti vasanzwe uyezve vakavaita kuti vasaone.

24. Ko havafungi here zvakadzama nezveQur’aan kana kuti moyo yavo yakavharwa (kuti isarinzwisise)?

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

25. Zvirokwazvo, vakadzokera shure (kubuda muIslaam) mushure mokunge kutungamirwa kwajekeswa kwavari, satani akaita kuti zvive zvakanaka kwavari, uye (Allah) ndokurebesa nguva yavo.

26. Nokuda kwekuti vakati kune avo vanovenga izvo zvakatumirwa naAllah: “Tichakuteererai pane zvimwe.” Asi Allah vanoziva zvakavanzika zvavo.

27. Zvino zvichange zvakaita sei apo ngirozi dzichatora hupenyu hwavo pakufa, dzichirova zviso zvavo uye nekumashure kwavo?

28. Nokuda kwekuti vakatevera izvo zvakatsamwisa Allah uye vakavenga izvo zvaivafadza. Nokudaro vakaita kuti mabasa avo ave asina maturo.

29. Kana kuti avo vanechirwere mumoyo yavo (cheunyengedzi), vanofunga kuti Allah havasi kuzoburitsa pachena zvido zvakaipa zvavo zvakavanzika?

30. Dai taida, tingadai takavaratidza kwamuri, uye dai hwakavaziva nezviratidzo zvavo; asi chokwadi uchavaziva nokuda kwemataurirwo avo! Uye Allah vanoziva mabasa avo ose.

31. Uye chokwadi tichakuedzai kusvikira taziva avo vanoshinga munzira yaAllah uye vane tariro, uye tichaedza humboo hwenyu (ari kunyepa uye ari pachokwadi).

32. Zvirokwazvo, avo vasingatendi, uye vanorambidza vanhu nzira yaAllah (Islaam), uye vanopikisa mutumwa (Muhammad (SAW)) mushure mokunge kutungamirwa kwauya pachena kwavari, havasi kana kurwadzisa Allah, uye vachaita (Allah) mabasa avo ave asina maturo.

33. Imi vanotenda! Teererai Allah, uye moteerera mutumwa (Muhammad (SAW)), uye musaite mabasa enyu ave asina maturo.

34. Zvirokwazvo, avo vasingatendi, uye vanorambidza vanhu nzira yaAllah (Islaam); uye vobva vafa vasingatendi, Allah havasi kuzovaregerera.

35. Naizvozvo musanete kana kudaidzira runyararo imi muine mukana wepamusoro. Allah vanemi, uye havambodzikisa mugove wemabasa enyu.

36. Zvirokwazvo, hupenyu hwenyika ino kutamba chete nekufambisa nguva. Asi kana imi mukatenda (muhumwechete waAllah) nekuvatya nekusiya zvakaipa, vachakupai mugove wenyu, uye havambokukumbirai upfumi hwenyu.

37. Dai vakakumbirai, vobva vaomesa, maizoomera. Uye vachaburitsa pachena zvido zvenyu zvakashata.

38. Tarisai! Ndimi avo vari kudaidzwa kuti mushandise (hupfumi) hwenyu munzira yaAllah, asi mukati menyu mune vamwe vakaomera. Uye uyo akaomera, zvirokwazvo akaomera iye pachake. Asi Allah mupfumi, uye imi muri varombo. Uye kana mukafuratira (Islaam nekuteerera Allah), vachakutsivai nevamwe vanhu vasiri imi, uye havazoiti semi.



NEW & EXCLUSIVE

# CHITSAUKO AL-FATH

# (KUKUNDA) 48

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Zvirokwazvo, takakuita (Muhammad (SAW)) kuti ukunde zviri pachena.

2. Kuitira kuti Allah vagokuregerera zvitadzo zvako zvekare uye zvemberi, uye kuti vagozadzisa makomborero avo kwauri, uye kukutungamirira kunzira yakatwasuka.

3. Uyezve kuti Allah vagokubetsera nerubetsero rwakasimba.

4. Ndivo vakatumidzira runyararo mumoyo yevatendi kuti vagowedzera kutenda pamwe nokutenda kwavainako. Uye Allah ndivo vane hukuru hwekudenga nepasi, uye Allah vanoziva zvose, vane hungwaru hwese.

5. Kuitira kuti vazopinza vatendi vechirume nevatendi vechikadzi kuParadhiso iro rinoerera nzizi pasi paro kuti vagare imomo zvachose, uye vagovaregerera zvitadzo zvavo; uye ikoko ndiko kubudirira kuhombe pamberi paAllah.

6. Uye kuti vagoranga vanyengedzi vechirume nevanyengedzi vechikadzi, uye maMushrikoon (vanonamata zvimwe zvinhu kunze kwaAllah kana kuti vachimusanganisa nezvimwe zvinhu) varume nevakadzi; avo vanofunga zvakaipa pamusoro paAllah. Kwavari kuchave nekurangwa kunonyadzisa. Uye Allah vakavatsamwira, uye kuvarengera, uye kuvagadzirira Gehena. Ndiyo mhedzisiro yakashata.

7. Uye Allah ndivo muridzi hwemawuto ekumatenga nepanyika. Uye Allah ndivo mukuru, vane hungwaru hwese.

8. Zvirokwazvo, takakutumirai (Muhammad (SAW)) semupupuri, uye mupi wemashoko akanaka, uye semuyambiri.

9. Kuitira imi (vanhu) mugotenda kuna Allah nemutumwa wavo (SAW), uye kuti mumubetsere nekumuremekedza (SAW), uye kuti imi mugorumbidza (Allah) mangwanani nemasikati.

10. Zvirokwazvo, avo vanopa Bay'ah (Chitsidzo) kwauri (Muhammad (SAW)), chokwadi, vari kupa Bay'ah kuna Allah. Ruoko rwaAllah rwuri pamusoro pemaoko avo. Zvino uyo anoputsa chitsidzo chake anenge azviputsira iye pachake, uye uyo anozadzisa chitsidzo chaakatsidzira kuna Allah, ivo vachamupa mubairo mukuru.

11. Vamwe vevagari vemugwenga avo vakasara vachati kwauri: "Midziyo yedu nemhuri dzedu ndizvo zvakaita kuti tive mubishi, nokudaro tikumbirire ruregerero." Vanotaura nerurimi rwavo izvo zvisiri mumoyo yavo. Iti: "Ndiani achakwanisa kukumirirai pachinhu chipi zvacho pamberi paAllah, kana vachida kukurwadzisai kana kuti vachida kukuitirai zvakanaka? Asi Allah vanoziva chaizvo zvamunoita."

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

12. “Asi maifunga kuti mutumwa (Muhammad (SAW)) nevatendi havaizodzokera kumhuri dzavo zvachose, uye izvi ndizvo zvakashongedzwa mumoyo yenyu, uye maifunga zvakaipa, uye muchave vanhu vachaparara.”

13. Uye uyo asingatendi kuna Allah uye mutumwa wavo (Muhammad (SAW)), zvirokwazvo, takavagadzirira moto unopisa avo vasingatendi.

14. Uye Allah ndivo vane humambo hwekudenga nepanyika. Vanoregerera wavanoda, uye vanotonga wavanoda. Uye Allah ndivo vanoregerera zvikuru, vane tsitsi zhinji.

15. Avo vakasara shure vachati, apo pamuchati mubude kunotora mhimbiri: “Tibvumirei kuti tikuteverei.” Vane chido chokusandura mashoko aAllah. Iti: “Kunyangwe zvikaita sei hamufi matitevera; ndizvo zvakataurwa naAllah kare.” Asi vachati: “Asi mune godo nesu imi.” Asi zvishoma ndizvo zvavanonzwisisa.

16. Iti (Muhammad (SAW)) kuvagari vemugwenga avo vakasara: “Muchava munokokwa kuti murwe nevanhu vane simba rakawanda, mucharwa navo kana kuti vachizvipira (kana zvadaro movatorera). Kana mukateerera, Allah vachakupai mubairo wakanaka. Asi kana mukafuratira sekufuratira kwamakamboita mushure, vachakutongai nemutongo wakaomarara.”

17. Hazvina mhaka kune uyo asingaoni, kana mhaka kune akaremara, kana mhaka kune uyo anorwara (kana vasina kuenda kunorwa). Uye achateerera Allah nemutumwa wavo (Muhammad (SAW)), vachamupinza muParadhiso rine nzizi dzinoerera pasi paro. Asi uyo achafuratira vachamutonga nemutongo unorwadza.

18. Zvirokwazvo, Allah vakafadzwa nevatendi apo ivo vakapika kwauri (Muhammad (SAW) kuti vacharwa) pavakanga vari pasi pemuti. Uye vaiziva zvaive mumoyo yavo, naizvozvo vakadzikisa runyararo nemufaro kwavari, uye vakavaripa nekukunda kwaiva padyo.

19. Uye nemhimbiri yakawanda yavachatora. Uye Allah ndivo mukuru, vane hungwaru hwese.

20. Allah vakakuvimbisai mhimbiri zhinji iyo yamuchatora, uye vatungamidza izvi kwamuri, uye vakabata (vakadzivisa) maoko evamwe vanhu kubva kwamuri, kuti chive chiratidzo kuvatendi, uye kuti vakutungamirirei mugwara rakatwasuka.

21. Uye nezvimwe (hondo nemhimbiri vanokuvimbisai) zvamusati makwanisa kuva nazvo; zvirokwazvo Allah vanozviziva. Uye Allah vanokwanisa kuita zvose.

22. Uye kana avo vasingatendi vakarwa nemi, ivo zvirokwazvo vachafuratira. Zvadaro vachashaya muchengeti uye mubatsiri.

23. Uku ndiko kuita kwaAllah kwavakaita avo vakafa kare. Uye hapana shanduko yamungawana mukuita kwaAllah.

24. Uye ndivo vakadzivirira maoko avo kwamuri uye ndokudzivirira maoko enyu kwavari mukati meMakkah mushure mokunge mavakunda. Uye Allah vanoona zvose zvamunoita.

25. Ndivo vasina kutenda (muIslaam) uye vakakudzivirirai kubva ku Al-Masjid Al-Haraam (kuMakkah), apo zvipiro zvakatadziswa kusvika panzvimbo yazvo yekuurairwa. Uye dai pakanga pasina varume nevakadzi vanotenda avo makange musingazivi, maivauraya, nokudaro maiita chitadzo musingazvizivi, kuti Allah vapinze mutsitsi dzavo uyo wavanoda. Dai (vatendi ne vasingatendi) vaiva kure nakure, tingadai takatonga avo vasina kutenda kubva pakati pavo nemutongo unorwadza.

26. Apo vasingatendi vakaisa mumoyo yavo kuzvitutumadza nekuramba, kuzvitutumadza nekuramba kwemazuva ekusaziva, asi Allah vakadzikisa runyararo kumutumwa wavo (Muhammad (SAW)) nevatendi avo vakaita kuti vachengetedze izwi reTaqwa (Kuti hapana chimwe chinhu chinofanirwa kunamatwa kunze kwaAllah), uye rakange rakavakodzera uye ndivo varidzi varwo. Uye Allah ndivo vanoziva zvose.

27. Zvirokwazvo, Allah vakaratidza mutumwa wavo (Muhammad (SAW)) chiroto chechokwadi: Kuti zvirokwazvo muchave munopinda muAl-Masjid Al-Haraam kana Allah vachida, makachengetedzeka, vamwe vaine misoro yakaveurwa vamwe vaine vhudzi rakadimburirwa, uye musingatyi. Allah vaiziva zvakange musingazivi. Nokudaro vakakupai pamberi kukunda kuri padyo.

28. Ndivo vakatuma mutumwa wavo (Muhammad (SAW)) nechengetedzo uye chitendero chechokwadi (Islaam), kuti chogova pamusoro pezvitendero zvose. Uye Allah ndivo chete vakakwana kuva chapupu.

29. Muhammad (SAW) mutumwa waAllah. Uye avo vanaye vakasimba moyo vakanangana nevasingatendi, uye ivo vane tsitsi pachavo. Unovaona vachipfugama (vachinamata) vachizvininipisa, vachikumbira nyasha nemufaro waAllah. Zviratidzo zvavo (zvekutenda) zviri pazviso zvavo nokuda kwekupfugama (vachinamata). Ndiyo tsananguro yavo muTorah. Asi tsananguro yavo muInjeel (Vhangeri) iri sekumera kunoita mbesa yobva yareba yobva yatwasuka yakasimba padzinde ichinakidza vadyari, kuti vatyise maKuffaar (vasingatendi) navo. Allah vakavimbisa avo vanotenda mukati mavo uye vachiita mabasa akanaka, ruregerero nemubairo mukuru (Paradhiso).

# CHITSAUKO AL-HUJURAAT

# (MAKAMURI) 49

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Imi vanotenda! Musaenda pamberi paAllah uye mutumwa wavo (panyaya dzechitendero), uye ityai Allah. Zvirokwazvo, Allah vanonzwa zvose, uye vanoziva zvese.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

2. Imi vanotenda! Musasimudza mazwi enyu kupfuura izwi ramutumwa (SAW), uye musataurire pamusoro kwavari sematauriro amunoitirana pachenyu, nokuti mabasa enyu anokwanisa kusatambirwa musingazvizivi.

3. Zvirokwazvo, avo vanodzikisa mazwi avo kuna mutumwa waAllah (SAW), ndeavo vane moyo yakaedzwa naAllah kuti mune kuvatya here. Vachave vanoregererwa uye vachapiwa muripo mukuru.

4. Zvirokwazvo, avo vanokusheedza vari panze kuseri kwemakamuri, vazhinji vavo havanzwisisi.

5. Uye dai vatsungirira vakakumirira kuti uuye kwavari, dai zviri nani kwavari. Uye Allah ndivo vanoregerera zvikuru, vane tsitsi zhinji.

6. Imi vanotenda! Kana munhu anonyepa akauya kwamuri nenhau, ongororai pamwe mungakuvadza vanhu musingazivi, mushure mezvo mozodemba zvamunenge maita.

7. Uye zivai kuti mukati menyu pane mutumwa waAllah. Akakutevedzerai pane zvizhinji (zvamunofunga nezvamunoda), zvirokwazvo muchava munopinda mukushungurudzika. Asi Allah vaita kuti muve munofarira kutenda uye vakakushongedza mumoyo yenyu, uye vakaita kuti muvenge kusatenda, nekupfurikidza mirairo, uye nekusateerera (Allah nemutumwa wavo (SAW)). Ava ndivo vari mugwara rakanaka.

8. (Idzi ndidzo) nyasha kubva kuna Allah nemakomborero avo. Uye Allah ndivo vanoziva zvese, uye vane hungwaru hwese.

9. Uye kana mapoka maviri pakati pevatendi akatanga kurwa, ivai munoyananisa pakati pavo ari maviri. Asi kana rimwe boka rikaramba kunzwisisa rimwe, rwisai mese boka risinganzwisisi kusvikira ranzwisisa (ratambira) mitemo yaAllah. Kana rawirirana navo, chiyananisai pakati pavo mune zvakanaka. Zvirokwazvo, Allah vanoda avo vanotonga zvakanaka zvakakodzera.

10. Vatendi vose madzikoma nemadzikoma (muchitendero cheIslaam). Naizvozvo yananisai pakati pevakoma venyu, uye ityai Allah kuti mugogamuchira tsitsi dzavo.

11. Imi vatendi! Itai kuti rimwe bato risaseke rimwe bato, nokuda kwekuti rimwe bato rinogona rakanaka kupfuura rimwe. Kana kusiya vanhukadzi vachiseka vamwe vakadzi, nokuti vechipiri vanogona vari nani kupfuura vekutanga. Uye musapomerane zvakaipa muchinyepa kana kusheedzana nemazita ekunemerana (akaipa). Zvakaipa sei kutuka mukoma wako mushure mokutenda. Uye upi neupi asingakumbiri ruregerero, zvirokwazvo ndivo vatadzi vakuru.

12. Imi vatendi! Musava munofungidzira zvakanyanya, zvirokwazvo kumwe kufungidzira chitadzo. Uye musatsvaga tsvaga nyaya dzevamwe, uye musanyeyana. Umwe wenyu angada here kudya nyama yeumwe wake akafa? Munozvivenga (nokudaro vengai kunyeyana). Ivai munotya Allah. Zvirokwazvo, Allah ndivo vanoregerera, uye vanotambira kukumbira ruregerero, uye vane tsitsi zhinji.

13. Imi vanhu! Takakusikai kubva kumunhurume nemunhukadzi, uye tikakuitai marudzi nemhuri dzakasiyana kuti imi mugozivana. Zvirokwazvo, uyo anoremekedzeka pakati penyu pamberi



NEW & EXCLUSIVE

paAllah ndeuyo pakati penyu anovatya (Allah) zvakanyanya. Zvirokwazvo, Allah ndivo vanoziva zvose.

14. Vagari vemugwenga vanoti: “Tinotenda.” Iti (Muhammad (SAW)): “Hamutendi asi taurai kuti: ‘Tazvipira (muchitendero cheIslaam).’ Nokuti kutenda hakusati kwapinda mumoyo menyu. Asi kana mukateerera Allah uye mutumwa wavo (SAW), havambodzikisi makomborero kana padiki emabasa enyu. Zvirokwazvo, Allah ndivo vanoregerera zvikuru, uye vane tsitsi zhinji.”

15. Ava ndivo vatendi chete, avo vakatenda muna Allah uye mutumwa wavo, uye mushure mezvo havana kusagutsikana, asi vanoshingirira pachavo neupfumi hwavo munzira yaAllah. Vanhu vakadaro ndivo vari muchokwadi.

16. Iti (Muhammad (SAW): “Munozivisa Allah chitendero chenyu asi ivo Allah vachiziva zviri kumatenga uye panyika, uye Allah ndivo muzivi wezvose.”

17. Vanotora sechipo kwauri (Muhammad (SAW)) kutambira kwavo Islaam. Iti: “Musava munotora kutambira kwenyu Islaam sechipo kwandiri. Kwete! Asi Allah ndivo vakupai chipo nekukutungamirirai mukutenda kana muri pachokwadi.”

18. “Zvirokwazvo, Allah vanoziva zvisingaonekwi kumatenga uye panyika. Uye Allah ndivo vanoona zvose zvamunoita.”

# CHITSAUKO QAAF 50

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Qaaf** (Mashoko aya ndemamwe ezvishamiso zviri muQur’aan, uye hapana anoziva zvaanoreva kunze kwaAllah). (Ndinopika) neQur’aan dzvene.

2. Vanoshamiswa kuti kwakauya muyambiri kwavari (Muhammad (SAW)) kubva mukati mavo. Naizvozvo avo vasingatendi vanoti: “Ichi ndicho chishamiso!”

3. “Kana tichinge tafa tave huruva (tichave tinomutswa here)? Ndiko kudzoka kuri kure.”

4. Tinoziva izvo zvinotorwa nevhu kubva kwavari (vafi), uye tine gwaro rakachengetedzwa (gwaro remirairo).

5. Asi vakaramba chokwadi (Qur’aan) apo chakange chauya kwavari, nokudaro vakave vanokanganisika (havakwanisi kuona chakaipa nechakanaka).

6. Havana here kutarisa matenga ari pamusoro pavo, magadziriro atakaaiita uye kushongedza kwatakaaiita, uye haana kutsemuka?

7. Uye pasi rino takariparadzira, uye tikadzika mariri makomo akamira zvakasimba, uye tikaburitsa mariri zvirimwa zvose zvakanaka.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

8. Simba rekuona uye yeuchidzo kune muranda wose uyo anocheuka kuna Allah achikumbira ruregerero.

9. Uye tinodzikisa mvura yakakomborerwa kubva kudenga, zvadaro toburitsa mapindu uye zvirimwa zvikohwewa.

10. Uye miti yemadheti yakareba, ine bumburudzi dzakarongedzwa, dzimwe pamusoro pedzimwe.

11. Raramo yevaranda (vaAllah). Uye tinopa raramo nayo kunyika yakanga yaparara. Kudaro kuchave kumutswa (kuchaiitwa vakafa).

12. Vaivepo ivo vasati vavepo (vasingatendi vekuMakkah) vakaramba, vanhu vaNowa, uye vagari vemuRassi, uye maThamood.

13. Uye Aad, uye Farawo, uye madzikoma aLoti.

14. Uye vagari vemusango, uye vanhu vekuTubba'. Vose vakaramba vatumwa (vavo), nokudaro vakapiwa chirango changu.

15. Takaneta here nezvisikwa zvokutanga? Asi vari mukusagutsikana maererano nezvisikwa zvitsva (Kumutswa kubva kuvafi).

16. Uye zvirokwazvo takasika munhu, uye tinoziva zvaanozevezera. Uye tiri padyo naye kukunda tsinga dzake dzepahuro (neruzivo rwedu).

17. (Rangarirai) kuti avo vagashiri vaviri (ngirozi dzinonyora) vanogashira (munhu wese), imwe yakagara kurudyi imwe kuruboshwe (dzichinyora mabasa ese emunhu).

18. Hapana izwi raanotaura asi kuti pane mutariri akamirira (kunyora pasi).

19. Uye kudhaka kwerufu kuchauya muchokwadi. Zvichanzi: "Izvi ndizvo zvawaidzivirira!"

20. Uye hwamanda icharidzwa, ndiro richava zuva rakayambirwa (zuva rekumutswa).

21. Uye munhu wose achauya mberi pamwechete (nengirozi) ichimutinha uye (nengirozi) kuti igopa uchapupu.

22. (Zvichanzi kumutadzi): "Zvirokwazvo, waive usingazvizivi izvi. Zvino takubvisa zvakanga zvakakupfukidza, uye meso ako ajeka nhasi!"

23. Uye shamwari yake yepedyo (ngirozi) ichati: "Izvi ndizvo zvatakanyora zvatinazvo!"

24. (Allah vachati kune ngirozi): "Imi muri vaviri, kandai mumoto, wese aive nemukonyo asingatendi (muhumwechete waAllah nemuvatumwa vavo)."

25. "Muwomesi wezvakanaka, mupfurikidzi, uyo asingagutsikani."

26. "Aisanganisa vamwe vanamwari naAllah. Nokudaro mukandei muri vaviri mumutongo wakaomarara."



الجديد و الحصري NEW & EXCLUSIVE

27. Wepedyo pake (Satani) achati: “Tenzi vedu! Handina kumumanikidza kuti atadze, asi ndiye akanga akarasika zvakanyanya.”

28. Allah vachati: “Musava munopikisana pamberi pangu, ndakatokutumidzirai yambiro kare.”

29. “Mashoko abva kwandiri haashanduki uye handidzvanyiriri varanda.”

30. Iro zuva ratichati kuGehena: “Wazara here?” Richati: “Pane vamwe here (vari kuuya)?”

31. Uye Paradhiso richaunzwa padyo nevatendi vanotya Allah kwete kure navo.

32. (Zvichanzi): “Izvi ndizvo zvamakanga mavimbiswa, kune avo vanokumbira ruregerero kuna Allah, uye vanochengetedza chitsidzo chavo kuna Allah (kuti vachatevera chitendero chaAllah, Islaam).”

33. “Uyo aitya avo vane tsitsi dzakawanda (Allah) mune izvo zvisingaoneki uye ouya nemoyo wekukumbira ruregerero (kubva kuzvitadzo zvese).”

34. “Pinda mariri nerunyararo uye chengetedzo. Iri ndiro zuva rehupenyu husina magumo!”

35. Imomo vachawana zvido zvemoyo yavo uye tine zvizhinji (kwavari, sekuona Allah).

36. Uye madzinza mangani atakaparadza mushure mavo ange anemasimba kuvakunda. Uye (apo mutongo wedu wakauya) vakamhanya vachitsvaga rubatsiro kune dzimwe nzvimbo! Vakawana nzvimbo yekuhwanda here (kubva mukuparadzwa)?

37. Zvirokwazvo, mune izvozvo mune yambiro kune uyo ane moyo kana anopa nzeve dzake achiteerera.

38. Uye zvirokwazvo takasika matenga nenyika uye zviri pakati pawo nemazuva matanhatu, uye hatina kuneta nazvo.

39. Nokudaro tsungirira (Muhammad (SAW)) mune zvose zvavanotaura, uye rumbidza kurumbidzwa kwaTenzi vako zuva risati rabuda uye risati ranyura (nekuita minamato yeFajr, Dhuhr ne Asr).

40. Uye muchidimbu cheusiku varumbidze (nekuita minamato yeMaghrib neIsha), uyezve mushure meminamato (nekuita minamato isingamanikidzirwi maSunnah nekurumbidza uchiti Subhaanallaah, Alhamdulillaah, Allaahu Akbar).

41. Uye teererai iro zuva apo mudaidzi achadaidzira munzvimbo iri padyo.

42. Iro zuva ravachanzwa kusheedzera kwechokwadi. Iri ndiro richava zuva rekubuda (kubva kumakuva).

43. Zvirokwazvo, tisu tinopa upenyu uye tinokonzera rufu, uye kwatiri ndiko kwamuchadzokera.

44. Pazuva iro nyika ichatsemuka, vobuda vachimhanya. Uku ndiko kuchava kuunganidza kwatiri kuri nyore.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

45. Tinoziva zvakanyanya izvo zvavanotaura. Uye (iwe Muhammad (SAW)) hausi iwe unovamanikidza (kutenda). Asi yambira neQur’aan uyo anotya tyisidziro yangu (yemurango).

# CHITSAUKO ATH-THAARIYAAT

# (MHEPO INOPFUMBURA) 51

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. (Ndinopika) nemhepo inopfumbura huruva.

2. Uye (nemakore) anotakura mvura inorema.

3. Uye neizvo zvinofamba pamusoro pemvura (ngarava) zviri nyore uye zvakadzikama.

4. Uye neizvo (ngirozi) zvinopa (chikafu, mvura, nemamwe makomborero) nokuda kwaAllah.

5. Zvirokwazvo, izvo zvamunovimbiswa (kumutswa kubva kuvafi) ichokwadi.

6. Uye zvirokwazvo kupa mubairo kuchaiitika.

7. Ndinopika nedenga iro rakazara nenzira.

8. Zvirokwazvo, mune maonero akasiyana (maererano naMuhammad (SAW) neQur’aan).

9. Akapfuratira kubva kwariri (Qur’aan) ndeuyo anopfuratidzwa (neurongwa waAllah).

10. Kushorwa ngakuve kune vanonyepa.

11. Avo vasina hanya nezvezuva rokutongwa.

12. Vanobvunza: “Zuva rekutongwa ririko rinhi?”

13. (Richava) zuva ravacharangwa nemoto!

14. “Ravirai murango wenyu (kutswa nemoto)! Izvi ndizvo zvamaikumbira kuti zvikurumidze kuitwa!”

15. Zvirokwazvo, vanotya (Allah) vachange vari mumapindu uye nezvitubu (muParadhiso).

16. Vachinakirwa nezvinhu zvavanenge vapiwa naTenzi vavo. Zvirokwazvo, vakanga vari vaiti vemabasa akanaka mushure.

17. Vairara nguva shoma usiku (vachinamata).

18. Uye vaikumbira ruregerero mangwanani kusati kwachena.

19. Uye paupfumi hwavo pakanga paine kodzero dzeavo vanokumbira neavo vanotambura asi vasingakumbiri.

20. Uye panyika kune zviratidzo kune avo vanotenda uye vari pachokwadi.

21. Uye mukati menyu. Hamuoni here?

22. Uye kumatenga ndiko kune raramo yenyu, uye izvo zvamakavimbiswa.

23. Naizvozvo ndinopika naTenzi vematenga nenyika, zvirokwazvo ichokwadi (zvamakavimbiswa) sokunge huchokwadi wekuti munotaura.

24. Ko haina here kusvika kwamuri nyaya yevaenzi vaAbrahamu vanoremekedzeka (Gabriel nedzimwe ngirozi mbiri)?

25. Apo vakapinda kwaari vakati: “Rugare!” Iye akati: “Rugare!” Akati: “Muri vanhu vandisingazivi.”

26. Naizvozvo akaenda kumhuri yake, uye ndokubva auya nekamhuru kakakangiwa (hupfumi waAbrahamu wakawanda wange uri wemombe).

27. Akabva akaisa pamberi pavo (achiti): “Hamungadyi here?”

28. Naizvozvo akataridza kuvatya (apo pavasina kudya). Vakati: “Usatya.” Ndokubva vamupa mashoko akanaka emwanakomana ane ruzivo (rweIslaam).

29. Zvino mukadzi wake akauya padyo neizwi riri pamusoro, akazvirova kumeso kwake ndokubva ati: “Mukadzi mukuru asingabereki!”

30. Ivo ndokuti: “Ndizvo zvataurwa naTenzi vako. Zvirokwazvo, vane hungwaru hwese, vanoziva zvese.”

31. (Abrahamu) akati: “Saka mavingei nhai vatumwa?”

32. Vakati: “Zvirokwazvo, tiri vatumwa kune avo vanhu vanotadza.”

33. “Kuti titumire kwavari matombo evhu rakatsva.”

34. “Akatarwa naTenzi vako kune avo vatadzi.”

35. Naizvozvo takaburitsa vatendi mairi.

36. Nokudaro hatina kuwana imba yemutendi (Muslim) imomo kunze kweimwechete (Loti nevanasikana vake vaviri).

37. Uye takasiya chiratidzo imomo (Dead Sea ku Palestine) kune avo vanotya murango unorwadza.

38. Uye muna Musa zvakare (mune chiratidzo), apo takamutuma kuna Farawo nehumboo uri pachena.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

39. Asi (Farawo) pamwe nevatsigiri vake vakafuratira, uye akati: "Munhu anoita masaramusi kana kuti anopenga."

40. Naizvozvo takamutora iye nemauto ake, uye tikavanyudza mugungwa, nokuda kwekuti ndiye akanga aine mhosva.

41. Uye kumaAad (kune chiratidzo), apo takatumira kwavari mhepo inoparadza.

42. Haina kusiya kana chii zvacho chayakasvikira, asi kuti yakasiya yaita marara.

43. Uye kuma Thamood (kune chiratidzo), apo zvakanzi kwavari: "Nakirwai kwekanguvana!"

44. Asi havana kuteerera mirairo yaTenzi vavo vakazvikudza, ndokubva varohwa nemheni apo vakatarisa.

45. Zvino vakanga vasingachakwanisi kusimuka, kana kukwanisa kuzvibetsera.

46. Uye vanhu vaNowa mushure. Zvirokwazvo, vaive vanhu vasinganzwisisi (vasingateereri Allah).

47. Uye matenga takaagadzira nesimba. Uye zvirokwazvo tinokwanisa kuwawedzera.

48. Uye nyika takaiparadzira, (uye) tiri nyanzvi dzakadii pakuparadzira zvakanaka!

49. Uye pazvinhu zvose takasika zviviri zviviri kuitira kuti mugorangarira (makomborero aAllah).

50. Naizvozvo chimhanyirai kuna Allah (Islaam). Zvirokwazvo, ini (Muhammad (SAW)) ndiri muyambiri ari pachena kwamuri kubva kwavari.

51. Uye musatora chimwe chinamatwa pamwechete naAllah. Zvirokwazvo, ini (Muhammad (SAW)) ndiri muyambiri ari pachena kwamuri kubva kwavari.

52. Saizvozvo, hakuna mutumwa akauya kune avo mushure mavo kunze kwekuti vakati: "In'anga kana kuti anopenga!"

53. (Vanhu vekare) Vakavasiira here mashoko aya (maQuraish)? Kana kuti ivo vanhu vanotsaudzira mirairo!

54. Zvino enda (Muhammad (SAW)) kure navo (vasingatendi), naizvozvo iwe hauna mhaka (nokuti wasvitsa shoko raAllah).

55. Uye chiyeuchidza (Muhammad (SAW)), nokuti zvirokwazvo yeuchidzo inobetsera vanotenda.

56. Uye handina (ini Allah) kusika maJinn nevanhu asi kuti vandinamate.

57. Handidi raramo kubva kwavari, uye handidi kana kuti vandipe chikafu.

58. Zvirokwazvo, Allah ndivo muridzi wechengeto, muridzi wemasimba, vakasimba chaizvo.

59. Naizvozvo, zvirokwazvo kune avo vatadzi pane chidimbu chemurango wakafanana newevamwe vavo (mushure). Zvino ngavarege kundimhanyira mberi!

60. Naizvozvo, matambudziko kune avo vasingatendi (muhumwechete hwaAllah) kubva pazuva ravo ravakavimbiswa.

# CHITSAUKO AT-TOOR

# (GOMO) 52

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. (Ndinopika) negomo.

2. Uye neBhuku rakanyorwa.

3. Mugwaro risina kubhedhenurwa.

4. Uye neAl-Baitul Ma'moor (imba iri pamusoro pematenga iri pamusoro pe Ka'bah kuMakkah inogaro shanyirwa nengirozi).

5. Uye nedenga rakasimudzwa mudenga.

6. Uye negungwa rakazadzwa (kana kuti richava moto wakatungidzwa pazuva rekutongwa).

7. Zvirokwazvo, kuranga kwaTenzi vako kuchaitika.

8. Hakuna mumwe anokwanisa kukudzivirira (kuranga kwaAllah).

9. Nezuva iro denga richadengeneka kudengeneka kunotyisa.

10. Uye makomo achafamba, kufamba kunotyisa.

11. Naizvozvo matambudziko kune avo vanoramba.

12. Avo vanotamba nekunyepa.

13. Zuva ravachasundirwa kumoto zvokumanikidzwa, uye kumanikidzwa kunovhundutsa.

14. Uyu ndiwo moto wamaimboramba.

15. Mapipi here ahwa kana kuti hamuoni?

16. Pindai mauri (moravira kupisa kwawo), motsungirira kana kusatsungirira zvakangofanana kwamuri. Zvirokwazvo, murikungopiwa mubairo weizvo zvamaiita.

17. Zvirokwazvo, vanotya Allah vachange vari muParadhiso nezvinonakidza.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

18. Vachinakidzwa nezvavapiwa naTenzi vavo, uye (nekuti) Tenzi vavo vakavabetsera kubva muhurango hwemoto unopisa.

19. “Idyai nekunwa zvine mufaro nokuda kwezvamaiita.”

20. Vachagara pazvigaro zvakarongedzwa, uye tichavaroodza kune vakadzi vakanaka vane maziso ane rudo.

21. Uye avo vanotenda uye mhuri dzavo dzobva dzavatevera mukutenda, tichavabatanidza nemhuri dzavo kwavari, uye hatizodzikisi mugove wemabasa avo kana nechii zvacho. Munhu wese chipikirwa kune zvaakaita.

22. Uye tichavapa michero nenyama yavanoda.

23. Imomo vachapanana mukombe (wewaini), uye pachange pasina mitauro yakaipa kana chitadzo (nekuti vanenge vane mvumo yekunwa kubva kunaAllah).

24. Uye vakomana vavo (varanda) vachange vachitenderera pavari sokunge vari maPera akachengetedzwa.

25. Uye vamwe vachaswedera kune vamwe vachibvunzana.

26. Vachiti: “Mushure taitya (murango waAllah) tiri mukati memhuri dzedu.”

27. “Asi Allah vatiitira nyasha, uye vakatibetsera kubva mukurangwa nemoto.”

28. “Zvirokwazvo, mushure taivasheedza (taivanamata). Zvirokwazvo (Allah) vane rudo, vane tsitsi.”

29. Naizvozvo rangaridza (vanhu iwe Muhammad (SAW)). Nerudo rwaAllah, hausi mufemberi, kana kuti mupengo.

30. Kana kuti vanoti: “(Muhammad (SAW)) Mudetembi! Tiri kumirira kuti awirwe nedambudziko!”

31. Iti (Muhammad (SAW)): “Mirai! Ndiri pamwechete nemi nevamiriri!”

32. Kana kuti njere dzavo dzinovatungamirira kune izvozvo (kunyepera Muhammad (SAW)) kana kuti vanhu vari kutyora mirairo (yaAllah)?

33. Kana kuti vanoti: “(Muhammad (SAW)) Akawedzerera (Qur’aan)?” Asi ivo havatendi!

34. Naizvozvo ngavaburitse mashoko akafanana naro (Qur’aan) kana vari pachokwadi.

35. Kana kuti vakasikwa pasina chiripo? Kana kuti ivo vakazvisika pachavo?

36. Kana kuti vakasika denga nenyika? Asi ivo havatendi.

37. Kana kuti vane hupfumi hwaTenzi vako? Kana kuti vadzvanyiriri vanoita zvavanoda nemutemo?

38. Kana kuti vane nzira yokudenga senzira yavo yekunzwa nayo (zvinenge zvichitaurwa nengirozi)? Zvino chisiya vateereri vavo vaburitse humboo uri pachena.

39. Kana kuti ivo (Allah) vane vanasikana chete, uye imi mune vanakomana?

40. Kana kuti iwe (Muhammad (SAW)) uri kuvabvunza kuti vakupe mugove (wekusheedzera kuIslaam), nokudaro vakaremerwa nechikwereti?

41. Kana kuti vane ruzivo rwezvisingaoneki zvavanonyora pasi?

42. Kana kuti vanoda kuronga (kupikisana newe Muhammad (SAW))? Asi avo vasingatendi (muhumwechete waAllah) ndivo vari kurongerwa!

43. Kana kuti vane chimwe chinamatwa chisiri Allah? Allah ngavarumbidzwe kubva mune izvo zvavanomusanganisa nazvo.

44. Uye dai vakaona zvidimbu zvedenga zvichidonhera pasi, vaiiti: “Makore akaungana!”

45. Naizvozvo vasiye kusvikira vasangana nezuva ravo iro ravachatambura vokomoka (nekutyiswa).

46. Nezuva iro kuronga kwavo hakuvadziviriri, uye hakuzombovabetseri kana nechimwe.

47. Uye zvirokwazvo kune avo vanoita zvakaipa, vane murango umwewo (pasi rino nemumakuva), asi vazhinji vavo havazvizivi.

48. Saka mirira uchitsungirira (Muhammad (SAW)) matongero aTenzi vako, nokuti zvirokwazvo iwe uri pasi pemaziso edu; uye rumbidza Tenzi vako kana wamuka kubva kuhope.

49. Uye nenguva dzemanheru varumbidze (Allah) uye nenguva dzekunyura kwenyeredzi.

# CHITSAUKO AN-NAJM

# (NYEREDZI) 53

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Ndinopika nenyeredzi apo inoenda pasi.

2. Umwe wenyu (Muhammad (SAW)) haana kurasika kana kukanganisa.

3. Uye haangotauri zvaanoda pachake.

4. Anongori mashoko anodzikiswa kubva kudenga.

5. Akadzidziswa (Qur’aan) neuyo ane masimba makuru (Gabriel).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

6. Uyo asina hurema pamuviri nepapfungwa dzake, uye akakwidza (Gabriel) akadzikama.

7. Apo iye (Gabriel) paakanga ari pamusoro-soro pekupedzisira.

8. Ndokubva iye (Gabriel) aswedera ndokuuya padyo.

9. Uye akanga ari padyo seuta miviri kana kuti padyo.

10. Ndokubva (Allah) vadzikisa kumuranda wavo (Muhammad (SAW) kuburikidza naGabriel) zvavaida kudzikisa.

11. Moyo hauna kunyepa pane zvaakaona (Muhammad (SAW)).

12. Munomupikisa here (Muhammad (SAW)) pane izvo zvaakaona (parwendo rwake rwekudenga, Mi'raaj)?

13. Uye zvirokwazvo (Muhammad (SAW)) akamuona (Gabriel) kechipiri.

14. Padyo neSidratul Muntaha (muti weLoti uri pamuganhu redenga rekupedzisira uyo usina mupfuuri).

15. Padyo nawo pane nzvimbo yekugara yeParadhiso.

16. Apo muti weLoti wakavharwa nezvakauvhara (Chiedza chaAllah uye nengirozi uye nemavara akasiyana siyana).

17. Maziso ake (Muhammad (SAW)) haana kutarisa mativi kana kukanganisa.

18. Zvirokwazvo, (Muhammad (SAW)) akaona zviratidzo zvaTenzi vake zvihombe.

19. Murikuona here Laat naUzza (zvidhori zviviri zvemaArabhu zvavainamata)?

20. Uye naManaat (chimwe chidhori chemaArabhu chavainamata) wechitatu?

21. Ndizvo here kuti imi mune varume ivo (Allah) vane vakadzi?

22. Zvirokwazvo, ikoko ndiko kugovanisa kwakaipa!

23. Anongori mazita chete amakatumidza imi nemadzibaba enyu, izvo Allah havana kudzikisa mvumo yazvo. Vanongotevedzera kufungidzira chete neizvo zvinoda moyo yavo, asi zvirokwazvo nungamiro yauya kwavari kubva kuna Tenzi vavo.

24. Kana kuti munhu achawana zvaanoda?

25. Asi Allah ndivo muridzi wenyika yekupedzisira (hupenyu hwemangwana) uye wenyika yekutanga (pasi rino).

26. Uye ngirozi ngani dziri kumatenga idzo kureverera kwadzo hakuzombobetseri kana chimwechete, kunze kwekuti mushure mokunge Allah vabvumidza uyo wavanenge vada uye kufadzwa naye.

27. Zvirokwazvo, avo vasingatendi muzuva rekupedzisira vanotumidza ngirozi nemazita echikadzi.

28. Asi havana ruzivo nazvo. Asi vanongotevera kufungidzira. Uye zvirokwazvo kufungidzira hakungatori nzvimbo yechokwadi.

29. Naizvozvo siyana (Muhammad (SAW)) neuyo anofuratira yeuchidzo yedu (Qur'aan) uye hapana chaanoda kunze hwehupenyu hwepanyika.

30. Ndipo pavanosvika neruzivo rwavo. Zvirokwazvo, Tenzi vako ndivo vanoziva uyo anorasika kubva munzira yavo, uye vanoziva uyo ane kutungamirirwa.

31. Uye kuna Allah ndiko kune zviri kumatenga nepanyika, kuti vagopa mugove kune avo vanoita zvakashata neizvo zvavakaita, uye kupa mugove wakanaka kune avo vanoita zvakanaka.

32. Avo vanosiya zvitadzo zvihombe neFawaahish (zvitadzo nebonde risiri pamutemo) kusara kwezvidiki, zvirokwazvo, Tenzi vako vane kuregerera kukuru. Vanokuzivai chaizvo apo vakakusikai kubva muivhu, uye pamakanga muri mudumbu mavanaamai venyu. Naizvozvo musazvichenure. Vanoziva chaizvo uyo anotya (Allah).

33. Wakamuona here (Muhammad (SAW)) uyo anofuratira (Islaam).

34. Uye akapa zvishoma ndokubva arega (kupa)?

35. Ane ruzivo here rwezvisingaonekwi kuti anoona?

36. Kana kuti haana kuziviswa nezviri mubhuku raMusa,

37. Uye neraAbrahamu uyo akazadzikisa zvose (zvaakatumwa):

38. Kuti hakuna munhu ane musengwa wake (zvitadzo) achatakura musengwa wemumwe munhu.

39. Uyezve kuti munhu hapana chaachawana kunze kwezvaanoita.

40. Uye kuti mabasa ake achaonekwa.

41. Uyezve kuti achapiwa mubairo wakafanira wakakwana.

42. Uye kuti kuna Tenzi vako ndiko kune magumo.

43. Uye ndivo vanoita kuti (munhu) aseke uye kuchema.

44. Uye kuti ndivo vanokonzera rufu uye neupenyu.

45. Uye kuti vanosika mapoka maviri, varume nevakadzi.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

46. Kubva muNutfah (mbeu yemukadzi nemurume) painobuditswa.

47. Uye kuti Allah ndivo vachamutsa zvakare (vafi).

48. Uye kuti ndivo vanopa hupfumi hwakawanda uye nehushoma.

49. Uye kuti Allah ndivo muridzi weAsh-shi'raa (nyenyedzi yainamatwa nemaArabhu).

50. Uye kuti ndivo (Allah) vakaparadza vanhu vekutanga vemhuri yaAad.

51. Uye maThamood, havana kusiya kana umwechete wavo.

52. Uye nevanhu vaNowa mushure. Zvirokwazvo, vakanga vari vatadzi zvakanyanya vasinganzwi.

53. Uye (Allah) vakaparadza maguta akarasirwa (eSodom uko kwakatumwa Loti).

54. Naizvozvo vakavharwa neizvo zvakavavhara (chirango nematombo).

55. Zvino ndeapi makomborerero aTenzi venyu (imi vanhu) amusingagutsikani nawo?

56. Uyu (Muhammad (SAW)) muyambiri wevayambiri venguva yekutanga (kare).

57. Zuva rekutongwa raswedera padyo.

58. Hakuna mumwe kunze kwaAllah anogona kuridzosa (shure kana mberi).

59. Murikushamiswa here nemashoko aya (Qur'aan)?

60. Uye muchiwaseka musingachemi

61. Apo muchitambisa nguva yenyu (nemafaro).

62. Naizvozvo pfugamirai Allah uye munamatei (ari ega).

# CHITSAUKO AL-QAMAR

# (MWEDZI) 54

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Nguva yaswedera, uye mwedzi wapatsanurwa (Vanhu vakakumbira chiratidzo kunaMuhammad (SAW), uye akavaratidza kupatsanurwa kwemwedzi).

2. Uye kana vakaona humboo vanofuratira, vachiti: "Aya ndivo mapipi asingaperi."

3. Uye vakaramba (Qur'aan) ndokutevera zvido zvavo. Uye zvinhu zvose zvichagadziriswa (zvichifambirana nemabasa, vaiti vemabasa akanaka vachaenda kuParadhiso, uye vaiti vemabasa akaipa vachaenda kuGehena).

4. Uye zvirokwazvo nhau dzakauya kwavari (muQur'aan) mune yambiro (inovarambidza zvakaipa).

5. Huchenjeri hwakakwana (iri Qur'aan), asi kuparidza kwevayambiri hakuvabatsiri.

6. Naizvozvo iwe (Muhammad (SAW)) vasiye. Zuva iro mudaidzi achavadaidzira kune chinhu chinotyisa chaizvo.

7. Vachabuda mumakuva avo maziso aine kuzvininipisa sokunge vari hwiza idzo dzakapararira.

8. Vachimhanyira kune mudaidzi. Vasingatendi vachati: "Iri izuva rakaoma."

9. Vanhu vaNowa mushure mavo vakaramba. Vakaramba muranda wedu, uye ndokuti: "Munhu anopenga!" Uye akatyityidzirwa.

10. Zvino akadaidza Tenzi vake (achiti): "Ndakurirwa, naizvozvo ndibetserei!"

11. Naizvozvo takavhura mikova yekudenga nemvura yainaya chaizvo.

12. Uye takaita kuti zvitubu zviyerere panyika. Naizvozvo mvura (yekudenga nepasi pano) yakasangana sekukomekedzwa kwakanga kwarongwa.

13. Uye takamutakura mungarava yakagadzirwa nemapuranga nezvipikiri.

14. Ichiyangarara iri pamusoro pemvura mumaziso edu (tichiona). Semubairo kune uyo akarambwa!

15. Uye zvirokwazvo takaisiya sechiratidzo. Saka pane here angarangarira?

16. Naizvozvo murango wangu nerangaridzo dzangu dzakanga dzakadii?

17. Uye zvirokwazvo takaita kuti Qur'aan rive nyore kunzwisisa uye kurangarira. Pane here angarangarira?

18. (Vanhu va) Aad vakaramba (mutumwa wavo Hud), zvino mutongo wangu nerangaridzo yangu yakanga yakadii?

19. Zvirokwazvo, takatumira mhepo kwavari ine simba pazuva rakashata uye nematambudziko asingaperi.

20. Ichiburitsa vanhu panze sokunge midzi yemadheti yakadzurwa.

21. Zvino mutongo wangu nerangaridzo yangu yakanga iri sei?

22. Uye zvirokwazvo Qur'aan takariita kuti rive nyore kunzwisisa uye kurangarira. Zvino pane here angarangarira?

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

23. MaThamood (zvakare) vakaramba yambiro.

24. Vakati: “Tingatevera murume mumwechete pakati pedu? Chokwadi, tinenge tatorasika kana kukanganisika (kana kupenga)!”

25. “Ndizvo here kuti yeuchidzo yakatumirwa kwaari iye chete (Swaalih (AS)) mukati medu? Asi iye munyepi akaipa!”

26. Mangwana vachaziva kuti ndiani anonyepa, akaipa.

27. Zvirokwazvo, tirikutumira ngamera hadzi semuedzo kwavari. Saka vatarise (Swaalih (AS)), uye iva netariro!

28. Uye vazivise kuti mvura inogovaniswa pakati pavo, kodzero dzeumwe neumwe dzichizadzikiswa.

29. Asi vakadaidza umwe wavo akatora banga (bakatwa) ndokubva aiuraya (ngamera).

30. Saka mutongo wangu nerangaridzo yangu yakanga iri sei?

31. Zvirokwazvo, takatumira kwavari Saihah imwe chete (murango weruzha rwakanyanya), uye vakabva vaita sokunge mashanga emafuro akaoma.

32. Uye zvirokwazvo takaita kuti Qur’aan rive nyore kunzwisisa uye kurangarira, zvino pane here angakwanisa kurangarira?

33. Vanhu vaLoti vakaramba yambiro.

34. Zvirokwazvo, takavatumira mhepo yematombo (yakavaparadza vese) kusara kwemhuri yaLoti. Takavabetsera munguva yokupedzisira yemanheru.

35. Sechipo kubva kwatiri. Ndiwo mapiro atinoita mubairo kune uyo anopa kutenda.

36. Uye zvirokwazvo iye (Loti) akavayambira maererano nemutongo wedu, asi vakataridza kusagutsikana neyambiro!

37. Uye zvirokwazvo vaida kunyadzisa vaenzi vake (nekuita hungochani navo). Naizvozvo takavhara maziso avo (tichiti): “Ravirai murango wangu neyambiro yangu.”

38. Uye zvirokwazvo murango wakafanira wakavasvikira rungwanani.

39. “Naizvozvo ravirai mutongo wangu neyambiro yangu.”

40. Uye zvirokwazvo takaita kuti Qur’aan rive nyore kunzwisisa nekurangarira; zvino pane here umwe angarangarira?

41. Uye zvirokwazvo yambiro yakauya kune vanhu vaFarawo (kuburikidza naMusa naAroni).

42. Vakaramba humboo hwedu hwese, naizvozvo takavaparadza kuparadza kwemukuru anemasimba, uye anokwanisa kuita zvose.

43. Vari nani here avo venyu vasingatendi (imi maQuraish) pane avo (vari mushure mavo, vanhu vaNowa, Loti, Swaalih, naFarawo avo vakaparadzwa)? Kana kuti imi mune rusununguko rwakanyorwa (kuti hamuzowani chirango) mumabhuku?

44. Kana kuti vanoti: "Tiri vakundi vakawanda?"

45. Kuwanda kwavo kuchakurirwa uye vachafuratira vachitiza.

46. Asi (Kumutswa) inguva yakatarwa kwavari, uye inguva ichange ichityisa zvikuru uye ichirwadza.

47. Zvirokwazvo, vatadzi vakarasika uye vachatsva (mumoto weGehena).

48. Zuva iro vachadhonzerwa mumoto nezviso zvavo, (zvichanzi kwavari): "Ravirai imi kutsva nemoto!"

49. Zvirokwazvo, takasika zvinhu zvose neQadar (nemarongero edu nekuda kwedu).

50. Uye kukomekedza kwedu kunongove kumwe chete sekubwaira kweziso.

51. Uye zvirokwazvo, takaparadza vakafanana nemi, saka hapana here umwe angayeuka?

52. Uye zvose zvavakaita zvakatonyorwa mumabhuku (emabasa).

53. Uye chinhu chose, chiduku kana chihombe chakanyorwa pasi (mu Al-Lauh Al-Mahfoodh chisati chaitika kana kuitwa).

54. Zvirokwazvo, avo vanotya (Allah), vachange vari mumapindu nenzizi (muParadhiso).

55. Vachave muchigaro chechokwadi (Paradhiso), padyo naMambo (mukuru) ane simba rekuita zvose.

# CHITSAUKO AR-RAHMAAN

# (MUPI ANE TSITSI) 55

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Mupi ane tsitsi dzakanyanya (Allah)!

2. Vakava vanodzidzisa (vanhu) Qur'aan (netsitsi dzavo).

3. Vakasika munhu.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

4. Vakava vanomudzidzisa kutaura zvakanaka.

5. Zuva nemwedzi zvinomhanya munzira yadzo yakatarwa yakaerwa zvakanaka.

6. Uye zvirimwa (kana nyenyedzi) nemiti zvinopfugamira (Allah).

7. Uye matenga: Vakava vanomasimudza mudenga, uye vakava vanogadzirisa chikero.

8. Kuti musazove munotsaudzira (kudzikisa) chikero.

9. Uye muve munoera zvakafanira, uye musave munodzikisa chikero pakuera.

10. Uye nyika: Vakava vanoiita yezvisikwa.

11. Mukati mayo mune michero, uye miti yemadheti inobuditsa mapazi anenzvimbo dzinochengetedza michero.

12. Uye chibage chine mashizha acho nemashanga sechikafu chezvipfuyo, uye zvirimwa zvinonhuhwirira.

13. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

14. Vakave vanosika munhu (Adam) kubva muivhu rakafanana neivhu rekuumbisa.

15. Uye maJinn vakaasika kubva muviriri remoto usina chiutsi.

16. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

17. Tenzi vekumabvazuva maviri (munguva yekupisa neyechando) nekumadokero maviri (munguva yekupisa neyechando).

18. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

19. Vakave vanosiya nzizi mbiri (mvura ine munyu neisina) dzichisangana.

20. Pakati padzo pane chidziviro chekuti hapana inokwanisa kudarika imwe.

21. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

22. Madziri (nzizi) munobuda matombo akakosha (mapera nekora).

23. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

24. Uye ngarava ndedzavo dzinoenda nekuuya mumakungwa, semakomo.

25. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

26. Zvose zviri pairi (nyika) zvichaparara.

27. Uye kuchasara chiso chaTenzi vako chakazara nehukuru, neruremekedzo.

28. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

29. Ani naani ari kumatenga nepanyika vanovakumbira (Allah, rubetsero). Zuva nezuva vanenge vari mune zvimwe (sekupa hupenyu nerufu)!

30. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

31. Tichauya kwamuri, imi mapoka maviri (vanhu nemaJinn)!

32. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

33. Imi gungano remaJinn nevanhu! Kana muchikwanisa kupfuura hwaro hwematenga nenyika, pfuurai! Asi hamukwanisi kupfuura kunze kwekuti zvine mvumo (yaAllah)!

34. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

35. Kuchatumirwa kwamuri maviriri emoto usina chiutsi uye simbi yakanyunguduka, uye hamuzokwanisi kuzvidzivirira.

36. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

37. Zvino apo denga parichaparadzwa, uye robva raita dzvuku semafuta matsvuku.

38. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

39. Naizvozvo nezuva iroro hakuna mubvunzo uchabvunzwa munhu kana Jinn maererano nezvitadzo zvake (nekuti zvichange zvichizivikanwa nezviso zvavo, vamwe vachipenya (vekuParadhiso) uye vamwe vakasviba (vekuGehena).

40. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

41. Vatadzi vachazivikananwa nezviratidzo zvavo, uye vachabatwa nebvudzi ravo repamberi uye netsoka dzavo.

42. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

43. Iri ndiro Gehena iro vatadzi ravairamba.

44. Vachaenda pakati paro (Gehena) uye mvura inopisa!

45. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

46. Asi uyo anotya kumira pamberi paTenzi vake (oita mabasa akanaka) achawana mapindu maviri (muParadhiso).

47. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

48. Anemapazi anopararira.

49. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

50. Mukati mawo muchange muine zvitubu zviviri zvinoerera.

51. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

52. Mukati mawo muchange muine marudzi ose emichero iri miviri miviri.

53. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

54. Vachange vakarara pamibhedha yakarukirwa nesiriki, uye michero yemapindu maviri ichange iri padyo.

55. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

56. Mukati mawo muchange muine vakadzi vakatsiga, vasina varume kana maJinn akamborara navo.

57. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

58. (Runako) Sokunge vari matombo akakosha (masandawana nemakora).

59. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

60. Pane mubairo wezvakanaka here kunze kwezvakanaka?

61. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

62. Uye asiri aya maviri, pane mamwe mapindu maviri (muParadhiso).

63. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

64. Ane ruvara rwakasvibira.

65. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

66 Mukati mawo (mapindu) muchange muine zvitubu zviviri zvinoerera.

67. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

68. Mukati mawo ose muchange muine michero uye madheti neRummaan (chibage chechirungu).

69. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

70. Mukati mawo muchange muine vakadzi vakanaka.

71. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

72. Vakadzi vakanaka munzvimbo dzakachengetedzwa.

73. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

74. Hapana murume akambovabata mushure kana maJinn.

75. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

76. Vanenge vakazorora pamakusheni akasvibira uye nemametiresi akakosha, akanaka.

77. Naizvozvo ndeapi makomborero aTenzi venyu amucharamba (imi vanhu nemaJinn)?

78. Rakakomborerwa zita raTenzi vako, mukuru, uye muridzi weremekedzo.

# CHITSAUKO AL-WAAQI'AH

# (CHIITIKO) 56

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Kana chiitiko chazoitika (zuva rekutongwa).

2. Hapana marambiro nezvekuitika kwacho.

3. Chichadzikisira (vamwe vachienda kuGehena), uye chichakwiridzira (vamwe vachienda kuParadhiso).

4. Apo nyika ichadengenyeka kudengenyeka kunotyisa.

5. Uye makomo achaparadzwa kuita huruva.

6. Kuti agove huruva inopepereka.

7. Uye mose muchange muri mapoka matatu.

8. Naizvozvo avo vachange vari kuruoko rwerudyi (avo vachapiwa mabhuku ezviito zvavo mumaoko avo erudyi), zvichava zvakanaka sei kune avo vari kuruoko rwerudyi! (Seruremekedzo, nekuti vachapinda Paradhiso).

9. Uye avo vachange vari kuruoko rweruboshwe (avo vachapiwa mabhuku ezviito zvavo mumaoko avo eruboshwe), vachange vakadii avo vari kuruoko rweruboshwe! (Sekunyadziswa, nekuti vachapinda kumoto).

10. Uye vekutanga (muIslaam nekuita mabasa akanaka pasi rino) vachange vari vekutanga (kuParadhiso).

11. Vanhu vakadaro vachange vari padyo (naAllah).

12. Mumapindu emufaro (Paradhiso).

13. Huwandu hwavo (vekutanga) huchange huchibva kune vanhu vekutanga (kupinda muIslaam).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

14. Uye vashoma veavo (vekutanga) vachange vari kune vanhu vekupedzisira.
15. (Vachange vari) pazvigaro zvakashongedzwa nendarama nematombo akakosha.
16. Vakagara ipapo, vakatarisana.
17. Vakomana vasingafi vanovabatsira nekuvashandira vachange vachitenderera pavari.
18. Nemakomichi, nemajagi, uye negirazi rewaini inoerera.
19. Kubva kwairi havazombowani kurwadziwa nemusoro kana kudhakiwa.
20. Uye nemuchero wavanosarudza.
21. Nenyama yeshiri iyo yavanenge vachida.
22. Uye (kuchange kune) maHoor (vakadzi kwavo) vane maziso makuru ane rudo.
23. Sokunge matombo akakosha (mapera) akachengetedzwa.
24. Semubairo wezvavaiita.
25. Havambonzwi mashoko akaipa imomo kana kutaura kwehuipi imomo.
26. Asi kutaura kuti: Rugare! Rugare! (kwaziso).
27. Uye avo vokuruoko rwerudyi, vachange vari sei avo vekuruoko rwerudyi?
28. Vachange vari pane miti yeLoti isina minzwa.
29. Uye mukati meTalh (miti yemabanana) ine michero yakaturikidzana imwe pamusoro peimwe.
30. Uye nemimvuri yakawedzerwa yakareba.
31. Uye nemvura ichierera.
32. Nemichero yakawanda.
33. Isingashaiki kana kuita mishoma, kana isingaswikiriki.
34. Uye mumibhedha yakasimudzwa mudenga.
35. Zvirokwazvo, takavasika vakadzi vekuParadhiso vakakosha.
36. Uye tikavaita mhandara.
37. Vanoda (varume vavo chete), (uye) vezera rimwe
38. Veavo vekuruoko rwekurudyi.

39. Boka rakawanda (reavo veruoko rwerudyi) richabva kune vanhu vekutanga (vakatambira chitendero cheIslaam).

40. Uye boka rakawanda (reavo vekuruoko rwerudyi) richabva muvanhu vekupedzisira.

41. Uye avo vekuruoko rweruboshwe, vachange vakarasikirwa sei vekuruoko rweruboshwe?

42. Mumhepo inopisa ine simba nemvura inokwata.

43. Nemumvuri wehutsi hutema.

44. (Mvuri iwowo) hautonhoreri, kana kufadza.

45. Zvirokwazvo, mushure mezvo vainakidzwa.

46. Uye vaishingirira kuita zvitadzo zvikuru (Kunamata Allah vachivasanganisa nezvimwe zvinhu nekuita mamwe mabasa akaipa).

47. Uye vaiti: "Kana tikafa tikave ivhu nemapfupa, zvirokwazvo tichazomutswa here?"

48. "Uye madzitateguru edu zvakare?"

49. Iti (Muhammad (SAW)): "(Hongu!) Zvirokwazvo, avo vekare neavo vazvino."

50. "Vose zvirokwazvo vachaunganidzwa pamwechete pamusangano wezuva rinozivikanwa."

51. "Uye zvakare zvirokwazvo imi vatadzi vanoramba (zuva rekutongwa)!"

52. "Zvirokwazvo muchadya kubva pamiti yeZaqqoom (inovava zvikuru)."

53. "Muchazadza matumbu enyu nazvo."

54. "Uye mobva manwa mvura inokwata pamusoro paizvozvo."

55. "Uye muchanwa (izvozvo) sekunge ngamera dzine nyota!"

56. Ndiyo ichava varaidzo yavo pazuva rokutongwa!

57. Isu takakusikai, saka sei musingatendi?

58. Hamuoni here mvura yamunoburitsa (hurume)?

59. Ndimi here makaisika kana kuti isu tisu takaisika?

60. Takatara rufu kwamuri mose, uye hatikurirwi.

61. Kukushandurai uye tokusikai kukuitai izvo zvamusingazivi.

62. Uye zvirokwazvo makatoziva kare mhando yechisikwa chokutanga (Adam), saka sei imi musingarangariri (kana kuchenjerera)?

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

63. Zvino chindiudzai nezvembeu dzamunodyara pasi.

64. Ndimi here munoita kuti dzikure, kana kuti tisu tinodzikudza?

65. Dai taida, tingadai takadziita marara akaoma, uye maizodemba (kana kusiiwa muchidzungaira).

66. (Muchiti): "Zvirokwazvo taparadzwa!"

67. "Asi tanyengedzwa (tanyimwa)!"

68. Munoiona here mvura yamunonwa?

69. Ndimi here munoita kuti inaye panyika kana kuti tisu tinokonzera kuti inaye pasi?

70. Dai taida, tingadai takaiita munyu. Naizvozvo nemhaka yei musingatendi (Allah)?

71. Munouona here moto uyo wamunotungidza?

72. Ndimi here munoita kuti muti wacho ukure, kana kuti tisu tinoukudza?

73. Isu takauita yeuchidzo (yeGehena), uye chinhu chekushandisa kune vari parwendo (nevamwe vari munyika).

74. Zvino rumbidza zita raTenzi vako mukuru.

75. Saka ndinopika nekugara kwenyenyedzi.

76. Uye zvirokwazvo uku ndiko kupika kukuru dai maiziva.

77. Kuti zvirokwazvo (uku) kuverenga kunoremekedzwa (Qur'aan rinoremekedzwa).

78. Kuri Mubhuku rakachengetedzwa (Al-Lauh Al-Mahfoodh).

79. Iro (Bhuku rinaAllah) risingabatwi nemumwe munhu kunze kweavo vakachena (ngirozi).

80. Rakadzikiswa (Qur'aan) kubva kuna Tenzi vezvisikwa zvose.

81. Ndiro here shoko iri (Qur'aan) ramunoramba (imi vasingatendi)?

82. Uye pachinzvimbo (chokutenda Allah) pararamo yavakakupai, munovaramba (nekusatenda)!

83. Naizvozvo sei musingabatsiri kana (mweya weuyo arikufa) wasvika pagurokuro?

84. Uye imi ipapo makatarisa.

85. Asi isu (ngirozi dzedu dzinotora mweya) tiri padyo naye kupfuura imi, asi hamuzvioni.

86. Sei musingati kana chokwadi musingazotongwi:

87. Dzosai mweya (pamuviri wacho), kana imi muri pachokwadi?

88. Zvino kana iye munhu ari kufa ari weavo wepedyo (naAllah),

89. (Kwaari kune) kuzorora neraramo, uye Paradhiso rinonakidza.

90. Uye kana iye (mufi) ari wekurudyi.

91. Zvino pane kuchengetedzeka nerunyararo kune avo vekuruoko rwerudyi.

92. Asi kana iye (mufi) ari umwe weavo vanoramba, vakarasika.

93. Kwaari kuchave nemafaro emvura inokwata.

94. Uye kutsva mumoto weGehena.

95. Zvirokwazvo, ichi ndicho chokwadi chaicho.

96. Naizvozvo rumbidza zita raTenzi vako mukuru.

# CHITSAUKO AL-HADEED

# (SIMBI) 57

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Zvose zviri mumatenga nepanyika zvinorumbidza Allah, uye ndivo mukuru, ane hungwaru hwese.

2. Ndehwake humambo hwekumatenga nepanyika. Ndivo vanopa hupenyu uye rufu, uye ivo vanokwanisa kuita zvinhu zvose.

3. Ndivo vekutanga uye vekupedzisira, uye ndivo vepamusoro-soro uye vepadyo padyo. Uye ndivo vanoziva zvose.

4. Ndivo vakasika matenga nenyika mumazuva matanhatu, ndokubva vaenda pamusoro pechigaro (choumambo). Vanoziva zvinopinda munyika uye zvinobuda munyika, uye zvinodzika kubva kudenga uye izvo zvinosimuka kuenda ikoko. Uye vanemi kwese kwese kwamunenge muri. Uye Allah vanoona zvose zvamunoita.

5. Ndehwake humambo hwekumatenga nepanyika. Uye hurongwa hwose hunodzokera kuna Allah.

6. Vanoita kuti usiku hupinde muchaedza (kushomeka kweusiku kowedzerwa kunguva yemasikati), uye kuti chaedza (masikati) chipinde muhusiku (kudoka) (kushomeka kwemasikati kowedzerwa kuusika), uye vanoziva zvose zviri mumoyo.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

7. Tendai muna Allah nemutumwa wavo (Muhammad (SAW)), uye ipai kubva kune izvo zvavakakuitai vamiriri vazvo. Naizvozvo avo vanotenda pakati penyu uye vopa (munzira yaAllah), kwavari kune mubairo mukuru.

8. Uye chii chinonetsa kwamuri kuti hamutendi kuna Allah! Uye mutumwa (Muhammad (SAW)) achikudaidzai kuti mutende kuna Tenzi venyu; uye ivo (Allah) zvirokwazvo vakatora chitsidzo chenyu kana muri vatendi chaivo.

9. Ndivo vanodzikisa kune muranda wavo (Muhammad (SAW)) zviratidzo zviri pachena kuti vakuburitsei murima muchienda kuchaedza. Uye Allah vane chido nemi, uye tsitsi.

10. Uye chii chinonetsa kwamuri kuti hamupi (hupfumi hwenyu) munzira yaAllah? Uye kuna Allah ndiko kune nhaka yekumatenga uye nepanyika. Vasina kufanana pakati penyu ndeavo vakapa vasati vabudirira (kutora Makkah) uye vakarwa (neavo vakaita kudaro mushure). Vanhu vakadaro vane zvinzvimbo zvepamusoro kudarika avo vakashandisa (hupfumi) mushure uye vakarwa. Asi kune vose, Allah vakavimbisa zvakanaka. Uye Allah vanoziva zvose zvamunoita.

11. Ndiani uyo angapa Allah chikwereti chakanaka? Naizvozvo (Allah) vanobva vamuwedzera, uye anobva awana mubairo mukuru (Paradhiso).

12. Zuva ramuchaona varume nevakadzi vanotenda, chaedza chavo chichimhanya mberi kwavo uye mumaoko avo ekurudyi. Mashoko akanaka kwamuri nhasi! Mapindu ane nzizi dzinoerera umo vachagara zvachose! Chokwadi, uku ndiko kubudirira kukuru!

13. Pazuva iro vanyengedzi, varume nevakadzi, vachati kune avo vanotenda: “Timirirei! Tibetserekane kubva muchaedza chenyu!” Zvichanzi: “Dzokerai kushure kwenyu! Motsvaga chiedza!” Saka mudhuri une gonhi uchaiswa pakati pavo. Mukati muchange muine tsitsi, uye panze pawo pachange paine murango.

14. (Vanyengedzi) vachavasheedza (vatendi): “Takanga tisiri nemi here?” (Vatendi) vachati: “Hongu! Asi makazvipinza pamiedzo pachenyu. Maitarisira kurangwa kwedu, uye hamuna kugutsikana (nekutenda), uye imi makanyengedzwa nezvido zvamanyepo kusvika kutonga kwaAllah kwasvika pakuitika. Uye mukuru wevanyengedzi (Satani) akakunyengedzai maererano naAllah.”

15. Naizvozvo, zuva ranhasi hapana mubhadharo uchatorwa kwamuri (vanyengedzi), kunyangwe kubva kune avo vasingatendi (muIslaam). Nzvimbo yenyu imoto (weGehena). Ndiyo nzvimbo yenyu chaiyo. Uye zvirokwazvo ndiwo magumo akashata.

16. Haina kusvika here nguva kune avo vanotenda (muIslaam) kuti vabatikane moyo yavo nerangaridzo yaAllah (Qur’aan), uye nechokwadi chakadzikiswa, kuti vasazoita seavo vakapiwa Bhuku (Torah neVhangeri) mushure. Naizvozvo nguva ikarebeswa kwavari ndokubva moyo yavo yaomeswa? Asi vakawanda vavo vapanduki (havanzwisisi).

17. Zivai kuti Allah vanopa hupenyu kune pasi mushure mekunge paparara. Zvirokwazvo, takaita kuti zviratidzo zvive pachena kwamuri, kana imi muchinzwisisa.



NEW & EXCLUSIVE

18. Zvirokwazvo, avo vanopa maSwadaqaat (Zvipo neZakaah), vakadzi nevarume, uye vopa Allah chikwereti chakanaka chichawedzerwa kwavari, uye vachawana mubairo unoremekedzeka (Paradhiso).

19. Uye avo vanotenda muna Allah nevatumwa vavo, vanhu vakadaro ndivo vari muchokwadi. Uye vakafa munzira yaAllah vana Tenzi vavo, vachawana mubairo wavo nechiedza chavo. Asi avo vasingatendi (muIslaam) uye vachiramba zviratidzo zvedu, vanhu vakadaro ndivo vachava vagari vemuGehena.

20. Zivai kuti zvirokwazvo hupenyu hwepanyika ndehwekungotamba chete, nokuvaraidzwa uye kunakidzwa nekungozvikudza chete pakati penyu, uye kuwanda kwehupfumi nevana. Zvakafanana nemvura inonaya, apo zvirimwa kukura kwazvo kunofadza vanorima; mushure mezvo munozviona zvichiita ruvara rwendarama, zvobva zvaoma zvoita mashanga. Asi muhupenyu hwemangwana kune mutongo wakaoma (kune vasingatendi - vanoita mabasa akaipa), nekuregererwa kubva kuna Allah uye mafaro (aAllah) (kune vatendi - vanoita mabasa akanaka). Uye hupenyu hwenyika ino hunongova kunakirwa kwekunyengedzwa.

21. Mhanyidzanai kururegerero rwaTenzi venyu, uye Paradhiso iyo yakakura sematenga nenyika, yakagadzirirwa avo vanotenda muna Allah nevatumwa vavo. Iwayo ndiwo makomborero aAllah avanopa uyo wavanoda. Uye Allah ndivo muridzi wemakomborero makuru.

22. Hakuna dambudziko rinouya panyika, kana kwamuri pachenyu, asi kuti rinenge rakatonyorwa mubhuku mushure tisati tariunza pakurarama. Zvirokwazvo, izvozvo zviri nyore kuna Allah.

23. Kuitira kuti musazoshungurudzika pane zvinhu zvamunokundikana kuwana, kana kufadzwa nezvinhu zvamunopiwa. Uye Allah havadi munhu anozvikudza achizvitutumadza.

24. Avo vakaomera uye vachikurudzira vanhu kuti vachiomera (Allah havadi zvipo zvavo). Uye uyo anofuratira (osiya kutenda), zvino zvirokwazvo Allah ndivo mupfumi (vasina chavanoda), vanofanirwa kurumbidzwa chete.

25. Zvirokwazvo, takatuma vatumwa vedu nezviratidzo zviri pachena, uye tikadzikisa Bhuku navo nechikero kuti vanhu vayere zvakafanira. Uye takadzikisa simbi, mairi mune simba uye pundutso kuvanhu, kuitira kuti Allah vagoziva kuti ndiani achavabetsera (muchitendero chavo) nevatumwa vavo pane zvisingaoneki. Zvirokwazvo, Allah vane simba, uye ndivo mukuru.

26. Uye zvirokwazvo takatumira Nowa naAbrahamu, uye takaisa mumhuri dzavo huporofita nemabhuku. Uye mukati mavo mune vamwe vakatungamirirwa; asi vakawanda vavo vapanduki (vasingateereri Allah).

27. Uyezve takatevedza mushure mavo nevatumwa, uye tikatuma Jesu mwana waMariya, uye takamupa Injeel (Vhangeri). Tikaisa rudo netsitsi mumoyo yeavo vakamutevera. Asi kugara mukereke vachinamata vasingaroori kwavakawedzera, izvo hatina kuvanyorera, asi (vakazviita) vachitsvaga kufadza Allah chete, asi havana kuzviita maitirwo azvinofanira kuitwa. Naizvozvo takapa avo vakatenda mukati mavo mubairo wavo; asi vazhinji vavo vapanduki (vasingateereri Allah).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

28. Imi vanotenda (muna Musa naJesu)! Ityai Allah, uye motenda mune mutumwa wavo (Muhammad (SAW)), vachakupai tsitsi dzavo dzakapetwa kaviri, uye vachakupai chiedza chamuchafamba nacho, uye vachakuregererai. Uye Allah ndivo vanoregerera, vane tsitsi zhinji.

29. Kuitira kuti vanhu veBhuku (Makristu nemaJudha) vagoziva kuti havana simba pamusoro pemakomborero aAllah, uye kuti makomborero ari muruoko rwaAllah, vanopa uyo wavanoda. Uye Allah ndivo muridzi wemakomborero makuru.

# CHITSAUKO AL-MUJAADILAH

# (MUKADZI AIITA GAKAVA) 58

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Zvirokwazvo, Allah vanzwa mashoko ake (Khaulah bint Tha'labah) uyo ari kuita gakava newe (Muhammad (SAW)) maererano nemurume wake (Aus Ibn As-Swaamit), uye achinyunyuta kuna Allah. Uye Allah vanonzwa kupikisana kwenyu. Zvirokwazvo, Allah vanonzwa zvose, vanoona zvose.

2. Avo mukati menyu vanozvirambidza vakadzi vavo kuburikidza neDhihaar (Kuti kwavari: "Wakafanana naamai vangu"), havangaiti vana mai vavo. Hapana vanokwanisa kuita vana mai vavo kunze kweavo vakavabereka. Uye zvirokwazvo vanotaura mashoko akaipa nemanyepo. Uye zvirokwazvo Allah vanokanganwira, uye vanoregerera.

3. Uye avo vanozvirambidza vakadzi vavo neDhihaar uye voda kuzvisunungura kubva kune zvavakataura vanofanirwa (panyaya yakadaro) kusunungura muranda vasati vabatana (kusangana pabonde). Ndiyo rairo kwamuri (kuti musave munozviita zwe). Uye Allah vanoziva zvamunoita zvose.

4. Asi uyo asingakwanisi kuwana (Mari yekusunungura muranda) anofanirwa kutsanya mwedzi miviri yakatevedzana vasati vasangana (pabonde). Asi kana asingakwanisi (kutsanya), anofanirwa kupa chikafu kuvanhu makumi matanhatu vanotambura. Ndiko kuti muve nekutenda kwakakwana kuna Allah nemutumwa wavo. Uye iyi ndiyo mirairo yakatarwa naAllah. Uye vasingatendi, vachawana mutongo unorwadza.

5. Zvirokwazvo avo vanopikisa Allah nemutumwa wavo (Muhammad (SAW)) vachanyadziswa, sokunyadziswa kwakaitwa avo mushure mavo. Uye takatumira zviratidzo zviri pachena. Uye vasingatendi vachawana mutongo unonyadzisa.

6. Pazuva iro Allah vachavamutsa vese pamwechete nekuvaudza zvavakaita. Allah vakazvichengeta apo ivo vakazvikanganwa. Uye Allah mupupuri pamusoro pezvinhu zvose.

7. Hauna kuona here kuti Allah vanoziva zvose zviri kumatenga nepanyika? Hapana zvinotaurwa muchivande nevatatu asi kuti ivo (Allah) ndevechina (neruzivo rwavo asi ivo vari pamusoro



الجديد و طريف NEW & EXCLUSIVE

pematenga), kana kuti vashanu asi kuti ivo (Allah) ndevechitanhatu (neruzivo rwavo), kana kuti vashoma pane izvozvo kana vakawanda asi kuti (Allah) vanova pose pavanenge vari. Uyezve (Allah) vachavazivisa zvavaiita pazuva rekutongwa. Zvirokwazvo Allah ndivo vanoziva zvinhu zvose.

8. Hauna here kuona avo vakarambidzwa kuita misangano yavo muchivande ndokubva vadzokera kune izvo zvavakarambidzwa. Uye vanotaurirana zvitadzo nemabasa akashata uye nekusateerera mutumwa (Muhammad (SAW)). Uye kana ivo vakauya kwauri, vanokukwazisa nekwaziso isina kumboitwa naAllah kwauri, uye mumoyo vanoti: "Sei Allah vasingatirangi nokuda kwezvatinotaura?" Gehena richavakwanira, uye vachatsva imomo. Uye zvirokwazvo ndiwo magumo akashata!

9. Imi vanotenda! Kana muchiita musangano muchivande, itai kwete nechinangwa chekutadza kana mabasa akaipa uye kusateerera mutumwa (Muhammad (SAW)), asi taurai zvakanaka uye nekutya Allah; uye ityai Allah avo kwavari ndiko kwamuchaunganidzwa.

10. Zvirokwazvo, misangano yakavanzwa ndeyaSatani, kuitira kuti agokonzeresa kushushikana kune avo vanotenda. Asi haakwanisi kuvarwadzisa kana nechimwe chinhu asi nekuda kwaAllah. Uye vatendi vanofanirwa kuvimba naAllah.

11. Imi vanotenda! Kana zvikanzi kwamuri gadzirai nzvimbo pamisangano, gadzirai. Allah vachakugadzirirai nzvimbo (netsitsi dzavo). Uye kana zvikanzi simukai (kunonamata kana kunoita mamwe mabasa akanaka), simukai. Allah vachakwiridzira avo vanotenda pane chimwe chinzvimbo, pamwe neavo vakapiwa ruzivo. Uye Allah vanoziva zvamunoita.

12. Imi vanotenda! Kana muchida kuona mutumwa (Muhammad (SAW)) pachivande, ipai chipo musati masangana naye pachivande. Izvozvo zvakakunakirai uye zvakachena. Asi kana musingakwanisi kuwana (chipo), zvirokwazvo, Allah vanoregerera, vane tsitsi.

13. Mungatya kupa chipo musati masangana naye muchivande? Kana mukasazviita, uye Allah vakakuregererai, nokudaro chiitai Swalaah (Munamato) uye mopa chipo (Zakaah) uye moteera Allah nemutumwa wavo. Uye Allah vane ruzivo rweizvo zvamunoita.

14. Hauna kuona here (Muhammad (SAW)) avo (vanyengedzi) vanotora vanhu vakatsamwirwa naAllah seshamwari (maJudha)? Havasi vamwe venyu kana vamwe vavo (maJudha), uye vanopika nemanyepo apo vachiziva.

15. Allah vakavagadzirira mutongo wakaomarara. Zvirokwazvo, izvo zvavaiita zvakaipa.

16. Vanoita mhiko dzavo chidzitiro (pamabasa avo akaipa). Nokudaro vanodzivisa (vanhu) munzira yaAllah. Naizvozvo vachawana mutongo unonyadzisa.

17. Hupfumi hwavo nevana vavo hazvisi kana kuzovadzivirira kubva kuna Allah kana nechimwechete. Vanhu vakadaro ndivo vagari vekumoto, vachagara imomo zvachose.

18. Nezuva iro Allah vachavamutsa vose, zvino vachapika kwavari sekupika kwavanoita kwamuri (maMuslim). Uye vanofunga kuti vane zvavainazvo. Zvirokwazvo, ivo vanonyepa!

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

19. Satani akavakurira. Naizvozvo akavaita kuti vakanganwe kurangarira Allah. Vanhu vakadaro ndivo chikwata chaSatani. Chokwadi, chikwata chaSatani ndicho chakarasikirwa!

20. Zvirokwazvo, avo vanopikisa Allah nemutumwa wavo (Muhammad (SAW)), vachange vari mukati meavo vepasi pasi.

21. Allah vakatonyora: "Zvirokwazvo, ini nevatumwa vangu tisu tichakunda." Zvirokwazvo, Allah ndivo vane simba rese, ndivo mukuru.

22. Iwe (Muhammad (SAW)) haufi wakawana vanhu avo vanotenda kuna Allah uye nezuva rekutongwa (rekupedzisira) vachiita ushamwari neavo vanopikisa Allah nemutumwa wavo (Muhammad (SAW)), kunyangwe zvazvo vari vanababa vavo kana kuti vana vavo kana madzikoma avo kana hama dzavo dzepedyo. Kune vanhu vakadaro, (Allah) vakavanyorera kutenda mumoyo yavo, uye vakavasimbisa nemweya (uchapupu nechiedza) kubva kwavari. Uye vachavapinza muParadhiso rine nzizi dzinoerera mavachagara zvachose. Allah vachifara navo uye ivo vachifara naAllah. Vanhu vakadaro ndivo chikwata chaAllah. Chokwadi, chikwata chaAllah ndicho chichabudirira.

# CHITSAUKO AL-HASHR

# (GUNGANO/KUUNGANIDZWA) 59

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Zvose zviri kumatenga nepanyika zvinorumbidza Allah. Uye ndivo mukuru, vane huchenjeri hwese.

2. Ndivo vakaburitsa avo vasingatendi kubva kuvanhu veBhuku (maJudha emhuri ya Nadheer) kubva mudzimba dzavo pakuunganidzwa kwekutanga. Hamuna kumbofungidzira kuti ivo vachabuda. Uye ivo vaifunga kuti nzvimbo dzavo dzakachengetedzwa dzaizovadzivirira kubva kuna Allah! Asi Allah vakavasvikira (chirango chavo) kubva kune nzvimbo yavakanga vasingafungiri. Uye vakaisa kutya mumoyo yavo kusvika pakuti vakaparadza pokugara pavo pachavo nemaoko avo uye nemaoko evatendi. Zvino torai chidzidzo, imi vane maziso (ekuona).

3. Uye dai kusiri kuti Allah vakanga vakanyora kudzingwa kwavari, vangadai zvirokwazvo vakavaranga panyika ino, uye kuhupenyu hwemangwana vachawana mutongo wemoto (Gehena).

4. Nekuda kwekuti vakapikisa Allah nemutumwa wavo (Muhammad (SAW)). Uye uyo anopikisa Allah, zvirokwazvo, Allah vakaoma pakuranga.

5. Iyo miti (yemadheti yemuvengi) yamakagura (maMuslim), kana kusiya yakamira nemidzi yayo, yakanga iri mvumo yaAllah, uye kuitira kuti vagonyadzisa vapanduki (vasingateereri).



الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

6. Uye zvakapiwa naAllah semhimbiri kune mutumwa wavo (Muhammad (SAW)) kubva kwavari, musina kuzvirwira kana nehachi kana pangamera. Asi Allah vanopa simba kuvatumwa vavo pamusoro peuyo wavanoda. Uye Allah vanokwanisa kuita zvinhu zvose.

7. Izvo zvinopiwa naAllah semhimbiri kumutumwa wavo (Muhammad (SAW)) kubva kune vanhu vemumaguta, ndezvaAllah, uye mutumwa wavo (Muhammad (SAW)), uye hama dzake dzepedyo, uye nherera, uye vanoshaya, uye nevafambi (vari parwendo), kuitira kuti mukana usave wevapfumi chete mukati menyu. Uye chose chamunopiwa nemutumwa (Muhammad (SAW)), chibatisisei; uye izvo zvaanokurambidzai, siyai. Uye ityai Allah; zvirokwazvo, Allah vakaoma pakuranga.

8. (Pane mugove zvakare) kune vatami vanotambura, avo vakaburitswa mudzimba dzavo nehupfumi hwavo, vachitsvaga makomborero kubva kuna Allah uye mufaro wavo, uye kubetsera Allah (chitendero chavo) nemutumwa wavo (Muhammad (SAW)). Vanhu vakadaro ndivo vari pachokwadi (mune zvavanotaura).

9. Uye avo mushure mavo vakange vaine dzimba (kuMadinah) uye vakatenda, vanoda avo vakatama vachiuya kwavari, uye havana godo mumoyo yavo pane izvo zvavakapiwa (kubva muhupfumi wemhuri yaNadheer), uye vanovapa (vatami) sarudzo pamusoro pavo kunyangwe zvazvo ivo vaizvida. Uye uyo anobetserwa kubva mukuomera kwemoyo wake, vanhu vakadaro ndivo vachabudirira.

10. Uye avo vakauya mushure mavo vanoti: “Tenzi vedu! Tiregerereiwo uye madzikoma edu avo vakatitangira kutenda, uye musaise ruvengo mumoyo yedu kune avo vanotenda. Tenzi vedu! Zvirokwazvo, mune ngoni dzakazara, uye tsitsi zhinji.

11. Hauna (Muhammad (SAW)) kuona here vanyengedzi avo vanotaura kune madzikoma avo, avo vasingatendi kubva mune vanhu veBhuku (vachiti): “(Tinopika naAllah!) Kana imi mukadzingwa, zvirokwazvo tichaenda pamwe nemi, uye hatizomboteereri kana ani zvake pamusoro penyu; uye kana mukarwiswa, zvirokwazvo tichakubetserai.” Asi Allah vanopupura kuti zvirokwazvo vanyepi.

12. Chokwadi, kana vakaburitswa (maJudha), havambobudi (vanyengedzi) pamwe navo; uye kana vakarwisa havambovabetseri. Uye kana vakavabetsera, vachafuratira shure, uye havambozobudiriri.

13. Zvirokwazvo, imi (vatendi veIslaam) munotonyanya kutyisa mumoyo yavo kukunda Allah, nechikonzero chokuti vanhu vasinganzwisisi (masimba aAllah).

14. Havambokurwisei imi vari pamwechete, asi kunze kwekuti vari mumaguta akachengetedzwa, kana kuseri kwemadziro. Ruvengo pakati pavo rwakasimba. Munofunga kuti vakabatana, asi moyo yavo yakapatsanurwa, nokuda kwekuti vanhu vasinganzwisisi.

15. Vakafanana neavo mushure mavo venguva yakapfuura yepedyo (maJudha vemhuri yaQainuqa), vakaravira magumo emabasa avo akaipa, uye vachawana (mune ramangwana) mutongo unorwadza.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

16. (Shamwari dzavo dzinovanyengedza) Kufanana naSatani, paanoti kune munhu: "Usatenda muna Allah." Asi paanorega kutenda, (Satani) anoti: "Ini ndakasununguka kubva kwauri. Zvirokwazvo, ini ndinotya Allah, Tenzi vezvisikwa zvose!"

17. Naizvozvo, magumo avo vese ndeekuti vachange vari mumoto vose, umo vachagara. Iwowo ndiwo mubairo wevatadzi.

18. Imi vanotenda! Ityai Allah, uye munhu ngaatarise kuti chii chaarikuita kuitira mangwana, uye ityai Allah. Zvirokwazvo, Allah vanoziva zvose zvamunoita.

19. Uye musaite seavo vakakanganwa Allah, uye (Allah) vakavaita kuti vazvikanganwe pachavo. Vanhu vakadaro ndivo vatadzi (vasingateereri Allah).

20. Vagari vemumoto havana kufanana nevagari vemuParadhiso. Vagari vemuParadhiso ndivo vachave vakabudirira.

21. Dai takadzikisa Qur'aan iri kugomo mairiona richizvininipisa uye kuparara nekutya Allah. Iyi ndiyo mifananidzo yatinopa vanhu kuti pamwe vangacherechedze.

22. Ndivo Allah, avo hakuna chimwe chinamatwa kunze kwavo, muzivi wezvisingaoneki nezvinooneka. Ndivo vane nyasha, vane tsitsi zhinji.

23. Ndivo Allah, avo hakuna chimwe chinamatwa kunze kwavo, Mambo, Mutsvene, Vakasununguka, Muchengetedzi, Mutarisi, Mukuru, Vane masimba, Mukuru Mukuru. Allah ngavarumbidzwe pamusoro pezvose zvavanomusanganisa nazvo.

24. Ndivo Allah, Musiki, Mutangi wezvinhu zvose, Muumbi wezvose. Vane mazita ese akanaka. Zvose zviri kumatenga nepanyika zvinovarumbidza. Uye ndivo Mukuru, vane huchenjeri hwese.

# CHITSAUKO AL-MUMTAHANAH

# (MUKADZI ANOEDZWA) 60

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Imi vanotenda! Musatora mhandu dzangu nemhandu dzenyu seshamwari, muchidzitaridza rudo, asi vasina kutenda mune izvo zvauya kwamuri muchokwadi (Islaam), uye vachidzinga mutumwa (Muhammad (SAW)) pamwechete nemi (kubva munyika yenyu) nokuda kwekuti munotenda muna Allah, Tenzi venyu! Apo pamunobuda muchirwa munzira (yaAllah) yangu uye muchitsvaga mufaro wangu (musatora avo vasingatendi seshamwari). Munotaridza ushamwari kwavari muchivande, asi ini ndichiziva izvo zvamunovanza uye izvo zvamunoburitsa pachena. Uye uyo anozviita pakati penyu (maMuslim), zvirokwazvo anenge arasika chaizvo kubva munzira tsvene.



الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

2. Kana vakakwanisa kuwana mukana pamusoro penyu, vanobva vaita mhandu dzenyu, uye vanobva vatambanudza maoko avo nerurimi rwavo mune zvakaipa, uye vanoshuvira kuti dai mukasatenda.

3. Hama dzenyu nevana venyu havazokubetserai pazuva reQiyaamah (kumutswa kubva kuvafi). (Allah) vachatonga pakati penyu. Uye Allah vanoona zvose zvamunoita.

4. Zvirokwazvo, pane muenzaniso wakanaka kwamuri pana Ibrahim (Abrahamu) neavo vakange vainaye, apo pavakati kune vanhu vavo: “Chokwadi, takasununguka kubva kwamuri uye neizvo zvamunonamata zvisiri Allah. Isu takurambai, uye pakati pedu nemi pave neruvengo uye kutsamwirana zvachose kusvikira imi matenda muna Allah mumwechete,” kusara kwemashoko aAbrahamu kuna baba vake: “Chokwadi, ndichakukumbirirai ruregerero (kuna Allah), asi handina simba rekukuitirai chimwe chinhu pamberi paAllah.” “Tenzi vedu! Tinovimba nemi, uye kwamuri ndiko kwatinoreurura, uye kwamuri ndiko kwatichadzokera.”

5. “Tenzi vedu! Musatiite muedzo weavo vasingatendi, uye tiregerereiwo, Tenzi vedu! Zvirokwazvo imi, imi chete ndimi mukuru, ane huchenjeri hwose.”

6. Chokwadi, paive nemuenzaniso wakanaka kwamuri kubva kwavari wekutevedzera, kune avo vanovimba kusanga naAllah uye zuva rekutongwa. Uye uyo anofuratira, zvirokwazvo, Allah ndivo mupfumi (vasina chavanoda), uye vanekodzero yekurumbidzwa chete.

7. Pamwe Allah vangagadzira hushamwari pakati penyu neavo vamakaita vavengi. Uye Allah vane simba (pamusoro pezvinhu zvese), uye Allah vanoregerera zvikuru, vane tsitsi zhinji.

8. Allah havakurambidzii kushanda (zvakafanira uye zvakanaka) neavo vasinga kurwisei maererano nechitendero kana kukudzingai mudzimba dzenyu. Zvirokwazvo, Allah vanoda avo vanoshanda zvakafanira uye zvakanaka.

9. Zvirokwazvo, Allah vanokurambidzai kune avo vakakurwisai muchitendero uye vakakudzingai mudzimba dzenyu, uye vakabetsera kukudzingai, Allah vanokurambidzai kuita ushamwari navo. Asi uyo anoita ushamwari navo, vanhu vakadaro ndivo vatadzi (vasingateereri Allah).

10. Imi vanotenda! Kana vatendi vechikadzi vauya kwamuri sevatami, vaedzei, asi Allah vanoziva kutenda kwavo. Kana mukaona kutenda mavari, musavadzosera kune vasingatendi. Havabvumidzwi kwavari kana ivo kubvumidzwa kwavari (kuroorana). Uye vapei (vasingatendi) zvavakashandisa (Mahr – Mari inobviswa nemurume achipa mudzimai wake pazuva remuchato). Uye hapana mhaka kwamuri kana imi mukavaroora kana mukavapa mugove wavo (Mahr). Uye musarambe mune vakadzi vasingatendi sevakadzi venyu, uye mobvunza zvamakashandisa (kudzorerwa Mahr) uye ivo (vasingatendi) ngavabunzewo zvavakashandisa. Uku ndiko kutonga kwaAllah, vanotonga pakati penyu. Uye Allah vanoziva zvese, vane huchenjeri hwese.

11. Uye kana mumwe wevakadzi venyu akaenda kune avo vasingatendi achibva kwamuri (asiya chitendero, uye avo vasingatendi voramba kukudzorerai zvamakashandisa (Mahr), uye mukavarwisa movatorera hupfumi), chibhadharai (kubva muhupfumi iwowo) avo vane vakadzi vakaenda zvakangofanana nezvavakashandisa (Mahr). Uye ityai Allah avo vamunotenda mavari.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

12. Iwe muporofita! Kana vakadzi vanotenda vauya kwauri vachikupa Bai'ah (Mhiko), kuti havasi kuzosanganisa chimwe chinhu naAllah, havasi kuzoba, uye kuti havasi kuzoita cheupombwe, uye kuti havasi kuzouraya vana vavo, uye kuti havasi kuzombotaura manyepo vachinyepa kuti vana vavainavo ndevevarume vavo, uye kuti havasi kuzorega kukuteerera pane izvo zvakana (Islaam), chitambira Mhiko (Bai'ah) dzavo kwauri, uye vokumbira Allah kuti vavaregerere. Zvirokwazvo, Allah vanoregerera zvikuru, vane tsitsi dzakanyanya.

13. Imi vanotenda! Musashamwaridzana nevanhu vakatsamwirwa naAllah (maJudha). Chokwadi, havana tarisiro yehupenyu hwemangwana (kuti vachawana zvakanaka), sekushaiwa tarisiro kweavo vasingatendi kune avo vari kumakuva (kuti vachamuka pazuva rekutongwa).

# CHITSAUKO AS-SWAFF

# (MUTSARA) 61

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Zvose zviri kumatenga nepanyika zvinorumbidza Allah. Uye ndivo mukuru, vane huchenjeri hwese.

2. Imi vanotenda! Sei muchitaura izvo zvamusingaiti?

3. Zvakanyanya kuvengwa pamberi paAllah ndezvekutaura izvo zvamusingaiti.

4. Zvirokwazvo, Allah vanoda avo vanorwa munzira yavo vari pamitsara sokunge mudhuri wakasimba.

5. Uye rangarirai apo Musa akati kuvanhu vake: "Imi vanhu vangu! Nemhaka yei imi muchindirwadzisa asi imi muchiziva muchokwadi kuti ini ndiri mutumwa waAllah kwamuri?" Saka pavakafuratira, Allah vakaita kuti moyo yavo ifuratire (nzira yakanaka). Uye Allah havatungamiri vanhu vasingateereri.

6. Uye rangarirai apo Isa (Jesu) mwana wa Mariya akati: "Imi vana vaIzrairi! Ini ndiri mutumwa waAllah kwamuri, kuzodudzira izvo zvakauya pamberi pangu zviri muTorah, uye kupa mashoko akanaka emutumwa achauya mushure mangu, zita rake anonzi Ahmad (zita rimwe raMuhammad (SAW))." Asi paakauya (Ahmad (SAW)) kwavari nehumboo huri pachena, vakati: "Aya masaramusi ari pachena."

7. Uye ndiani anotadza zvikuru kudarika uyo anonyepera Allah, asi iye achidaidzirwa kuIslaam? Uye Allah havatungamiriri vanhu vanotadza.

8. Vanoshuvira kudzima mwenje waAllah (Islaam) nemiromo yavo, asi Allah vachadzadzikisa mwenje wavo kunyangwe zvazvo vasingatendi vachizvivenga.

9. Ndivo vakatuma mutumwa wavo (Muhammad (SAW)) nenungamiro uye chitendero chechokwadi (Islaam) kuti chigokunda zvitendero zvose kunyangwe zvazvo maMushrikoon (Vasingatendi nevanonamata vana mwari vakawanda) vachizvivenga.

10. Imi vanotenda! Ndingakutungamirai here kune bhizimusi richakunununurai kubva kumurango unorwadza?

11. Kuti imi mutende kuna Allah uye mutumwa wavo (Muhammad (SAW)), uye moshinga nekurwa munzira yaAllah nehupfumi hwenyu uye nehupenyu hwenyu. Izvozvo ndizvo zvakanaka kwamuri kana muchiziva!

12. (Allah) vachakuregererai zvitadzo zvenyu, uye vachakupinzai muParadhiso iro pasi paro panoerera nzizi, uyedzimba dzakanaka muEden, Paradhiso. Zvirokwazvo, ikoko ndiko kubudirira kukuru.

13. Nezvimwe zvamunoda kubva kuna Allah (vachakupai), rubatsiro kubva kuna Allah nekukunda kuri pedyo. Uye ipa mashoko akanaka (Muhammad (SAW)) kune vatendi.

14. Imi vanotenda! Ivai vabetseri vaAllah sokutaura kwakaita Isa (Jesu) mwana waMariya kuvadzidzi vake (achiti): “Ndivanaani vachandibetsera kuna Allah?” Vadzidzi vakataura kuti: “Isu tiri vabetseri vaAllah!” Naizvozvo chikwata chevana veIzrairi chakatenda uye chikwata chimwe hachina kutenda. Naizvozvo takapa simba kune avo vakatenda pamusoro pemhandu dzavo, uye vakabva vakunda.

# CHITSAUKO AL-JUMU’AH

# (CHISHANU) 62

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Zvose zviri kumatenga nepanyika zvinorumbidza Allah, Mambo, Mutsvene, Mukuru, Muchenjeri.

2. Ndivo avo vakatuma kubva mune vasina kudzidza mutumwa (Muhammad (SAW)) mukati mavo, achiverenga ndima dzavo kwavari, uye achivachenura (kubva mukusatenda), uye achivadzidzisa Bhuku (Qur’aan) neruzivo Al-Hikmah (Sunnah: Manamatiro nemagariro aMuhammad (SAW)), kunyange zvazvo vakange vari mukurasika kuri pachena.

3. Uye (vakamutuma Muhammad (SAW)) kune vamwe mukati mavo (maMuslim) avo vasati vave navo (asi vachauya). Uye (Allah) ndivo mukuru, vane huchenjeri wese.

4. Ndiwo makomborero aAllah avanopa kune wavanoda. Uye Allah ndivo muridzi wemakomborero makuru.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

5. Muenzaniso weavo vakapiwa Torah vobva varega kurichengetedza wakafanana nedhongi rinotakura mabhuku (asi ariwanzwisisi). Wakaipa sei muenzaniso weavo vanoramba zviratidzo zvaAllah. Uye Allah havatungamiri vanhu vanotadza.

6. Iti (Muhammad (SAW)): "Imi maJudha! Kana imi muchiita sokunge shamwari dzaAllah, kusara kwevanhu vose, chishuvirai rufu kana muri pachokwadi."

7. Asi havamborushuviri (rufu) nokuda kwezvakaitwa nemaoko avo! Uye Allah vanoziva zvikuru vatadzi.

8. Iti (kwavari): "Zvirokwazvo, rufu rwamunotiza, zvirokwazvo rwuchakubatai, muchazodzorerwa zvakare kuna (Allah), muzivi wezvisipo nezvinoonekwa, uye vachakuzivisai (Allah) izvo zvamaiita."

9. Imi vanotenda! Kana Swalaah ikadaidzirwa nemusi weChishanu (munamato weJumu'ah), mhanyirai kundangariro yaAllah (Mharidzo nemunamato weJumu'ah), uye mosiya mabhizimusi (nemamwe mabasa). Ndizvo zvakanaka kwamuri kana muchiziva!

10. Zvino kana munamato weJumu'ah wapera, chiparararirai nenyika, uye motsvaga makomborero aAllah (nekushanda), uye morangarira Allah zvakanyanya kuti mugobudirira.

11. Uye apo pavakaona bhizimusi kana mutambo (ngoma dzichiridzwa) vakamhanyira kwazviri, uye vakakusiya (Muhammad (SAW)) wakamira (uchiparidza). Iti: "Izvo zvina Allah zvakanaka kupfuura mutambo nemabhizimusi! Uye Allah ndivo mupi akanaka."

# CHITSAUKO AL-MUNAAFIQOON

# (VANYENGEDZI) 63

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Kana vanyengedzi vakauya kwauri (Muhammad (SAW)) vanoti: "Tinopa uchapupu kuti zvirokwazvo uri mutumwa waAllah." Uye Allah vanoziva kuti iwe uri mutumwa wavo, uye Allah vanopupura kuti zvirokwazvo vanyengedzi vanyepi.

2. Kupika kwavo vakakuita dziti. Naizvozvo ivo vanodzivisa (vanhu) munzira yaAllah. Zvirokwazvo, zvavaiita ndizvo zvakashata.

3. Nokuda kwekuti vakatenda ndokubva varega kutenda; naizvozvo moyo yavo yakavharwa, saka havanzwisisi.

4. Uye kana wakavatarisa, miviri yavo inokufadza; uye kana vakataura, unoteerera mashoko avo. Vakaita sokunge matanda akarongedzwa. Vanofunga kuti kuchema kwese kwakanangana naivo.

Ndivo vavengi, saka vachenjerere. Dai Allah vakavashora! Sei vachiramba (vachisiya) nzira yakanaka?

5. Uye kana zvikanzi kwavari: “Huyai, kuitira kuti mutumwa waAllah agokukumbirirai ruregerero kuna Allah,” vanotendeudza misoro yavo, uyezve uchavaona vachitendeudza zviso zvavo apo ivo vachizvitutumadza.

6. Zvakangofanana kwavari kunyangwe (iwe Muhammad (SAW)) ukavakumbirira ruregerero kana kusavakumbirira ruregerero, Allah havambovaregereri. Zvirokwazvo, Allah havatungamiriri vanhu vasingateereri (vanotadza).

7. Ndivo avo vanoti: “Musabetsere (nekuvapa zvipo) avo vane mutumwa waAllah (SAW) kusvikira vamusiya.” Uye kuna Allah ndiko kune hupfumi hwematenga nepanyika, asi vanyengedzi havanzwisisi.

8. Vanoti (vanyengedzi): “Kana tikadzokera kuMadinah, zvirokwazvo anoremekedzeka (Abdullah Ibn Ubayy Ibn Salool, mutungamiri wevanyengedzi kuMadinah) achadzinga munhu wepasi (Muhammad (SAW)).” Asi ruremekedzo nderwaAllah nemutumwa wavo (Muhammad (SAW)), uye nekuvatendi, asi vanyengedzi havazvizivi.

9. Imi vanotenda! Musasiye hupfumi hwenyu nevana venyu zvichikutendeudzai kubva munzira yekurangarira Allah. Uye uyo anoita izvozvo, zvino ndivo vakarasikirwa.

10. Uye shandisai (kupa zvipo) kubva mune izvo zvatakakupai rufu rwusati rwasvikira umwe wenyu, kuti azoti: “Tenzi wangu! Dai mandipa mukana, kwekanguva kadiki, kuti ndipe Swadaqah (chipo) uye ndive uyo weavo vanoita zvakanaka (Hajj nemamwe mabasa akanaka).

11. Uye Allah havambopi mukana wekanguva kune munhu kana nguva yake (yekufa) yakwana. Uye Allah vanoziva zvose zvamunoita.

# CHITSAUKO AT-TAGHAABUN

# (KURASIKIRWA NEKUWANA) 64

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Zvose zviri kumatenga nepanyika zvinorumbidza Allah. Humambo ndehwavo, uye rumbidzo nekutenda kwese ndekwavo, uye (Allah) vane simba pamusoro pezvinhu zvose.

2. Ndivo (Allah) vakakusikai, naizvozvo vamwe venyu havatendi uye vamwe venyu vanotenda. Uye Allah vanoona zvose zvamunoita.

3. Vakasika matenga nenyika muchokwadi, uye vakakuumbai ndokubva vaita maumbirwo enyu kuti ave akanaka. Uye kwavari ndiko kune magumo ekupedzisira.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

4. (Allah) vanoziva zvose zviri kumatenga uye zvose zviri panyika, uye vanoziva zvamunovanza uye izvo zvamunoburitsa pachena. Uye Allah vanoziva zvose zviri muhana.

5. Hadzina kusvika kwamuri here nhau dzeavo vasina kutenda mumashure? Naizvozvo vakaravira magumo emabasa avo akaipa (kusatenda kwavo), uye vachawana mutongo unorwadza.

6. Nokuda kwekuti vatumwa vavo vakauya kwavari nezviratidzo zviri pachena, asi vakati: "Varume zvavo vangatitungamira?" Naizvozvo havana kutenda ndokubva vafuratira (chokwadi). Uye Allah vakanga vasingadi rubetsero rwavo. Uye Allah ndivo mupfumi (hapana chavanoda), muridzi werumbidzo dzese.

7. Avo vasingatendi vanofungidzira kuti havasi kuzomutswa. Iti (Muhammad(SAW)): Hongu! Ndinopika naTenzi vangu, kuti zvirokwazvo muchamutswa, uye muchazoudzwa izvo zvamaiita, uye izvozvo zviri nyore kuna Allah.

8. Naizvozvo tendai muna Allah nemutumwa wavo (Muhammad (SAW)), uye nechiedza chatakatumira (Qur'aan iri). Uye Allah vanoziva zvose zvamunoita.

9. (Rangarirai) Zuva iro (Allah) vachakuunganidzai mose pazuva rekuungana. Ndiro richava zuva rokuwana nekurasikirwa (vatendi vachipinda Paradhiso uye vasingatendi vachipinda Gehena). Uye uyo anotenda muna Allah uye achiita mabasa akanaka, (Allah) vachamukanganwira zvitadzo zvake, uye vachamupinza mumapindu ayo anoerera nzizi pasi pawo, umo vachagara zvachose. Uku ndiko kubudirira kuhombe.

10. Uye avo vasingatendi (muhumwechete waAllah) uye vakaramba zviratidzo zvedu, vanhu vakadaro ndivo vagari vekumoto, umo vachagara zvachose. Uye magumo akadaro ndiwo akashata.

11. Hakuna matambudziko anouya asi nokuda kwemvumo yaAllah. Uye wese anotenda kuna Allah, vachatungamira moyo wake (kuchokwadi). Uye Allah vanoziva zvinhu zvose.

12. Uye teererai Allah uye moteerera mutumwa (Muhammad (SAW)); asi kana mukafuratira, zvino zvirokwazvo basa remutumwa wedu kuparidza shoko pachena.

13. Allah! Laa ilaaha illaa Huwa (Hakuna chimwe chinamatwa kunze kwavo). Uye regai vatendi vavimbe naAllah (vega).

14. Imi vanotenda! Zvirokwazvo mukati mevakadzi venyu nevana venyu pane mhandu dzenyu (vanokudzivirirai kuteerera Allah), naizvozvo vachenjererei! Asi kana mukavasiya uye kuvakanganwira nekuvaregerera, zvirokwazvo Allah vanoregerera zvikuru, vane tsitsi zhinji.

15. Zvirokwazvo hupfumi hwenyu nevana venyu miedzo chete, apo Allah vane mubairo mukuru (Paradhiso).

16. Naizvozvo ityai Allah sekukwanisa kwamunoita; inzwai uye teererai, uye shandisai (hupfumi hwenyu), zvakanaka kwamuri. Uye uyo anonunurwa kubva mukuomera kwemoyo wake, vanhu vakadaro ndivo vachabudirira.

17. Kana mukapa Allah chikwereti chakanaka (mochishandisa munzira yaAllah), vachachipeta kaviri kwamuri, uye vachakuregererai. Uye Allah vanotenda zvikuru, uye vane moyo munyoro.

18. Ndivo muzivi wezvose zvisingaoneki nezvinooneka, mukuru, vane hungwaru wese.

# CHITSAUKO AT-TWALAAQ

# (KURAMBANA) 65

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Iwe Muporofita (Muhammad (SAW))! Kana uchiramba vakadzi, varambe nenguva yavo yakatarwa (Iddah), uye verenga nguva (Iddah) yavo zvakanaka. Uye ityai Allah, Tenzi wenyu. Uye imi musavaburitsa mudzimba dzavo kana ivo kubuda pachavo, kusara kwekuti vaita chitadzo chiri pachena (hupombwe). Uye iyi ndiyo murairo yaAllah. Uye uyo anotsaudzira murairo yaAllah, zvirokwazvo anenge azvitadzira pachake. Hauzivi (iwe murambi wemukadzi wake) kuti pamwe Allah vanogona kuunza chiitiko chitsva mushure mezvo (kukudzorera mukadzi kana kwange kuri kurambana kwekutanga kana kwechipiri).

2. Saka kana vapedza nguva yavo yakatarwa, vatorei mune zvakanaka, kana kuti mosiyana mune zvakanaka. Uye torai vapupuri vaviri vakanaka mukati menyu (maMuslim). Uye ivai munopika naAllah. Iyi ndiyo rairo kune uyo anotenda naAllah uye muzuva rekupedzisira. Uye uyo anotya Allah, vachamugadzirira nzira yekubuda nayo (mumatambudziko).

3. Uye vachamupa raramo kubva kune zvaakanga asingafungiri. Uye uyo anovimba naAllah, zvino vanomuitira zvaanoda. Zvirokwazvo, Allah vachadzadzikisa chinangwa chavo. Zvirokwazvo Allah vakatara raramo pazvinhu zvose.

4. Uye avo vevakadzi venyu vasingachatsiki mwedzi, Iddah (Nguva yakatarwa) yavo kana musingagutsikani, imwedzi mitatu; uye avo vasingaendi kumwedzi (kutsika, nekuti vadiki, nguva yavo imwedzi mitatu, kunze keavo vakafirwa – Qur’aan 2: 234). Uye avo vakazvitakura (varambwa kana kuti vafirwa nevarume), nguva yavo kusvikira vabetserwa; uye uyo anotya Allah achiita mabasa avo, vachaita kuti hupenyu hwake huve nyore.

5. Iyi ndiyo mitemo yaAllah yavanodzikisa kwamuri; uye uyo anotya Allah achiita mabasa avo, vachamukanganwira zvitadzo zvake, uye vowedzera mubairo wake.

6. Vagarisei (vakadzi varambwa) pamunogarawo imi, sezvamunokwanisawo kuwana, uye musavarwadzise muchivashungurudza (kuti vagosiya misha yenyu). Asi kana vakazvitakura vachengetei kusvikira vasununguka pamuviri pavo. Uye kana vakayamwisa vana venyu, vapei mugove wavo, uye umwe wenyu ngaatambire yambiro yeumwe mune zvakanaka. Asi kana mukaomeserana, umwe mukadzi anokwanisa kuvayamwisira (baba vemwana).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

7. Mupfumi ngaachengete zvichienderana nekuwana kwake; uye uyo anowana zvishoma ngaachengete zvichiendarana nezvaakapiwa naAllah. Allah havaisi musengwa pamunhu kudarika izvo zvavakamupa. Allah vachaunza rugare mushure mematambudziko.

8. Uye maguta akawanda akatsaudzira mirairo yaTenzi wavo uye vatumwa vavo. Naizvozvo takawapa mutongo wakaoma (pasi rino), uye tichavaranga nemurango unorwadza chaizvo (muhupenyu unotevera).

9. Naizvozvo vakaravira magumo emabasa avo akashata, uye magumo emabasa avo kurasikirwa (pasi rino nekudenga).

10. Allah vakavagadzirira mutongo (unorwadza) wakaoma. Saka ityai Allah, imi vanonzwisisa, avo vanotenda! Zvirokwazvo Allah vadzikisa rangaridzo kwamuri (Qur’aan iri).

11. (Vakatuma zvakare) mutumwa (Muhammad (SAW)) anokuverengerai zviratidzo zvaAllah (Qur’aan) zviri pachena, kuitira kuti vagoburitsa avo vanotenda neavo vanoita mabasa akanaka kubva murima (kusatenda) kuenda kune chiedza (Islaam). Uye uyo anotenda muna Allah uye achiita zvakanaka, (Allah) vachamupinza mubindu (Paradhiso) iro rine nzizi dzinoerera pasi paro kuti agogara imomo zvachose. Zvirokwazvo Allah vachamupa raramo yakanaka.

12. NdiAllah vakasika matenga manomwe uye nenyika yakafanana nawo (nomwe). Mutemo wavo unodzika pakati pavo (matenga nenyika), kuitira kuti muzive kuti Allah vane simba pamusoro pezvinhu zvose, uye zvirokwazvo kuti Allah vakakomberedza zvinhu zvose neruzivo rwavo.

# CHITSAUKO AT-TAHREEM

# (KURAMBIDZA) 66

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Iwe muporofita! Nemhaka yei uchirambidza izvo zvakabvumidzwa kwauri naAllah, uchida kufadza vakadzi vako? Uye Allah vanoregerera, vane tsitsi.

2. Zvirokwazvo Allah vakatokukomekedzai (imi vanhu) kuti musunungure mhiko dzenyu. Uye Allah ndivo muchengeti wenyu, uye ndivo vane ruzivo, uye huchenjeri.

3. Uye (rangarirai) apo muporofita (Muhammad (SAW)) akavandudza mashoko kune umwe wevakadzi vake (Hafsah), ndokubva iye (mukadzi) azvitaura (kuna Aishah). Uye Allah vakaita kuti azvizive. Akamuudza chidimbu akasiya chidimbu. Zvino iye (muporofita) paakamuudza nezvazvo akati: “Ndiani akuudza izvozvo?” Iye akati: “Muzivi wazvose, ane ruzivo chairwo (Allah) ndiye andiudza.”

4. Kana imi muri vaviri (Aishah naHafsah) mukasakumbira ruregerero kuna Allah, zvirokwazvo moyo yenyu inenge yabatana (kupikisa muporofita). Uye kana imi mukabetserana maringe naye

(Kupikisana naye), zvirokwazvo Allah ndivo muchengeti wake, naGabriel, uye nevatendi vanoita zvakanaka; uye pamusoro pezvo, nengirozi dzinomubetsera.

5. Pamwe Tenzi vake, kana iye akakurambai, vanogona kumupa vamwe vakadzi vasiri imi, vari nani kudarika imi, maMuslim (vanozvipira kuna Allah), vatendi, vanoteerera (Allah), vanokumbira Allah ruregerero, vanonamata Allah nemoyo wese, vanotsanya (kana vakatama munzira yaAllah), vakamboroorwa uye mhandara.

6. Imi vanotenda! Zvinunurei imi nemhuri dzenyu kubva kumoto uyo huni dzacho vanhu nematombo, pamusoro pawo pane ngirozi dzakasimba dzakakasharara, dzisingaiti zvokusateerera Allah pane izvo zvaanodzikomekedza, uye dzinoita izvo zvinenge zvakomekedzerwa.

7. Imi vasingatendi (mu Islaam)! Musape kana zvikonzero zuva ranhasi. Zvirokwazo murikupiwa mubairo wezvamakaita.

8. Imi vanotenda! Kumbirai ruregerero kuna Allah zvakakwana! Pamwe Tenzi venyu vachakukanganwirai zvitadzo zvenyu, uye vachakupinzai mumapindu ayo pasi pawo pane nzizi dzinoyerera. Zuva iro Allah havazi kuzonyadzisa muporofita (Muhammad (SAW)) neavo vanotenda pamwe naye. Chiedza chavo chichimhanya mberi kwavo uye nekurudyi rwavo. Vachange vachiti: “Tenzi vedu! Zadzikisai chiedza chedu (kusvikira tayambuka As-Siraat (bhiriji riri pamusoro peGehena)) uye tiregerereiwo. Zvirokwazvo imi munokwanisa kuita zvose.”

9. Iwe muporofita(Muhammad (SAW))! Shinga pamberi pevasingatendi nevanyengedzi, uye wokasharara kwavari; uye kuGehena ndiko kwavachagara, uye zvirokwazvo ndiwo magumo akashata.

10. Allah vanopa muenzaniso kune avo vasingatendi: Mukadzi waNowa nemukadzi waLoti. Vakanga vari pasi pevaranda vedu vaviri vatsvene asi vakavabhanya (varume vavo nekuramba chitendero chavo). Uye (Nowa naLoti) havana kukwanisa kuvadzivirira kubva kuna Allah, uye zvakanzi: “Pindai mumoto pamwe nevarikupinda mumoto!”

11. Uye Allah vakapa mufananidzo kune avo vanotenda: Mukadzi waFarawo apo akati: “Tenzi vangu! Ndivakirei imba kwamuri muParadhiso, uye ndinunurei kubva kuna Farawo nemabasa ake, uyezve ndinunureiwo kubva kune vanhu vanotadza.”

12. Uye naMaria mwanasikana waImraan uyo akachengetedza hunhu hwake. Uye takafemera maari (mumbasha dzaakange akapfeka) kubva mumweya wedu (Gabriel), uye akabvuma mashoko aTenzi vake (akatenda mushoko raAllah rekuti: “Ivapo!” – uye akavapo Jesu mwanakomana waMaria mutumwa waAllah), uye (akabvuma) mabhuku avo, uye akanga ari weavo vanoteerera (Allah).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

# CHITSAUKO AL-MULK

# (HUMAMBO / MASIMBA) 67

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Vakakomborerwa ndeavo mumaoko avo mune humambo wese. Uye vanokwanisa kuita zvinhu zvose (Vane masimba pamusoro pezvinhu zvose).

2. Avo vakasika rufu neupenyu kuti vave vanokuedzai kuti ndiani pakati penyu anemabasa akanaka. Uyezve ndivo samasimba ose, vane ruregerero rwese.

3. Avo vakasika matenga manomwe rimwe pamusoro perimwe. Uye haukwanisi kuona chakakanganiswa pazvisikwa zvaane tsitsi dzose. Dzokororazve kutarisa! "Uri kuona here kutsemuka?"

4. Nokudaro dzokorora zvakare kutarisa! Asi maziso ako anodzoka kwauri anenyadzi uyezve aneta.

5. Uye zvirokwazvo, takashongedza denga repadyo nenyika nemarambi, uye takaaita marambi iwayo sezvombo kumaDhiyabhorosi, uye takavagadzirira marwadzo emoto unobvira.

6. Uye kune avo vasingatendi muna Tenzi vavo kune marwadzo eGehena, uye inzvimbo yokugara yakaipisisa.

7. Apo pavachakandwa imomo mariri vachanzwa kukweva mariri (kwakasimba) apo parinenge richifema apo richibvira.

8. Richasvika pakuda kuputsika nehasha. Nguva dzose chikwata pachinokandwa mariri, vachengetedzi varo vachabvunza: "Muyambiri haana kuuya kwamuri here?"

9. Vachati: "Hongu, zvirokwazvo muyambiri akauya kwatiri, asi takamuramba tikati: 'Allah havana kutumira pano pasi chimwe chinhu (mashoko), asi makarasika zvakanyanya.'"

10. Uye vachati: "Dai takateerera kana kushandisa huchenjeri hwedu, taisazowanikwa muvanhu vekumoto!"

11. Vachapupura zvitadzo zvavo. Nokudaro, ngavave kure vanhu vekumoto unobvira!

12. Zvirokwazvo, avo vanotya Tenzi vavo vakavanzika, vachawana ruregerero uye mubairo mukuru.

13. Uye taurai mashoko enyu muchizevezeve kana kuwaburitsa pachena, zvirokwazvo (Allah) vanoziva zvakanyanya izvo zviri muzvipfuva (zvevanhu).

14. Havangazivi here ivo vari ivo vakasika? Uye ndivo vane tsitsi dzose, muzivi wezvose.

15. Ndivo vakaita kuti nyika ive inozvipira kwamuri (muchifamba nokugara pamusoro payo uye nekuirima), nokudaro fambai munzira dzayo uye idyai zvokudya zvayo. Uye kwavari ndiko kune kumutswa kwenyu.

16. Munogadzikana here kuti avo vari pamusoro pematenga (Allah) havaiiti nyika kuti inyure nemi, apo paino dengenyeka?

17. Kana kuti munogadzikana here kuti avo vari pamusoro pematenga havakwanisi kukutumirai kwamuri mhepo yakasimba? Nokudaro muchaziva kuti yambiro yangu yakaita sei.

18. Uye zvirokwazvo avo vaiva kumashure kwenyu vakaramba, nokudaro kwakaipa sei kuvaramba kwangu (chirango changu)?

19. Havaoni here shiri pamusoro pavo dzichitambanudza mapapiro adzo, nekumadzosa mukati? Hapana anodzitakura kunze kwamuzvina tsitsi dzose. Zvirokwazvo, ndivo muoni wezvose.

20. Ndiani kunze kune vane tsitsi dzose (Allah) vanokwanisa kuva masoja kwamuri kuti akubetserei? Vasingatendi hapana mavari kunze kwemumanyepo (munyengedzo).

21. Ndiani angakupai imi (zvokushandisa, kudya) kana vakabata zvokudya (vakasakupai) zvavo? Asi vanoenderera mberi nekuzvitutumadza, uye nekutiza (kubva pachokwadi).

22. Ndizvo here kuti uyo anofamba nechiso chake asingaoni, akatungamirirwa zvakanyanya kudarika uyo anofamba akatwasuka munzira yakatwasuka (Islaam)?

23. Iti: "Ndivo vakakusikai, uye vakakupai nzeve uye maziso uye nemoyo. Asi munotenda zvishoma."

24. Iti: "Ndivo vakakusikai munyika, uye kwavari muchaunganidzwa (muhupenyu hwamangwana)."

25. Vanoti: "Ndiriniko pachauya vimbiso iyi (zuva rekutongwa) kana muchitaura chokwadi?"

26. Iti (Muhammad (SAW)): "Zvirokwazvo, ruzivo rwuna Allah voga, uye zvirokwazvo ndiri muyambiri ari pachena."

27. Asi pavachaona (marwadzo eZuva Rokutongwa) achiuya, zviso zveavo vasingatendi zvichachinja zvoita zvitema uye zvichanzi: "Iyi ndiyo (vimbiso) yamaidana!"

28. Iti (Muhammad (SAW)): "Ndiudzei! Kana Allah vakandiparadza neavo vandinavo, kana kuti votiitira tsitsi, ndiani achabatsira vasingatendi kubva kumarwadzo akaoma?"

29. Iti (Muhammad (SAW)): "Ndivo vane tsitsi dzose (Allah), kwavari tinotenda, uye tinovimba navo. Nokudaro muchaziva kuti ndiani akarasika zviri pachena."

30. Iti (Muhammad (SAW)): "Ndiudzei! Kana mvura yenyu yose ikanyura, ndiani achakupai mvura inoyerera?"

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

# CHITSAUKO AL-QALAM

# (CHINYORESO) 68

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. **Noon.** (Mashoko aya ndemamwe ezvishamiso zveQur'aan, uye hapana anoziva zvaanoreva kunze kwaAllah). (Ndinopika) nechinyoreso uye (ndinopika) neizvo zvazvinonyora (ngirozi) (mumabhuku emabasa evanhu).

2. Iwe (Muhammad (SAW)) nenyasha dzaTenzi vako haupengi.

3. Uye zvirokwazvo, uchawana (Muhammad (SAW)) mubairo usingagumi.

4. Uye zvirokwazvo, (iwe Muhammad (SAW) ndiwe une tsika dzepamusoro-soro.

5. Uchawona uyezve vachawona.

6. Ndeupi pakati penyu asina kukwana (anopenga).

7. Zvirokwazvo, Tenzi vako ndivo muzivi mukuru weavo vakarasika kubva munzira, uye ndivo muzivi mukuru wevari pagwara.

8. Nokudaro (iwe Muhammad (SAW)) usava unoteerera avo vanoramba (kutenda).

9. Vanoshuvira kuti uve unonzwisisana navo (Panyaya dzechitendero). Nokudaro ivo vonzwisisana newe.

10. Uye (iwe Muhammad (SAW)) usava unoteerera wega wega ari Hallaaf Maheen (uyo anopika zvakanyanya achinyepa kana asina maturo).

11. Uye mupomeri manyepo (munyeyi) anofamba nemakuhwa.

12. Uye mudziviriri wezvakanaka, mutyori wemutemo, mutadzi mukuru.

13. Uye ane utsinye pamusoro pazvo akazvarwa zvisiri pamutemo.

14. Anga akadaro nokuti anga aine hupfumi nevana.

15. Kana ndima dzedu dzichiverengwa (Qur'aan) kwaari anoti: "Ingano dzevanhu vakare!"

16. Tichamuisa muchiso pamhuno!

17. Zvirokwazvo, tinovaedza semaedzero atakaita vanhu vebindu, pavakapika kukohwa michero mangwanani.

18. Vasina kuti: "Kana Allah vakatitendera (Inshaa Allaah)."

19. Nokudaro wakapfuura napo muenzi (moto) kubva kuna Tenzi vako ivo vakarara.

20. Nokudaro (bindu) rakava dema sehusiku hutema.

21. Vakashevedzana mangwanani ngwanani.

22. Vachiti: “Endai kubindu renyu, kana muchida kukohwa michero.”

23. Nokudaro vakasimuka vachitaura chinyararire nezwi riri pasi pasi.

24. Hakuna murombo achakupindirai mariri zuva ranhasi.

25. Uye vakaenda mangwanani nechinangwa chakasimba vachifunga kuti vane samba (rokunyima varombo michero).

26. Asi pavakariwona (bindu) vakati: “Zvirokwazvo, tarasika.”

27. Vakati: “Pamwe zvirokwazvo tiri kudzvinyiririrwa (pamuchero)!”

28. Akanaka pakati pavo akati: “Handina kukuudzai here kuti sei musingati kana Allah vachida (Inshaa Allaah)?”

29. Vakati: “Rumbidzo ngadzive kuna Tenzi vedu. Zvirokwazvo, tanga tiri vatadzi.”

30. Vakatendeukirana umwe neumwe pakati pavo vachipomerana.

31. Vakati: “Marwadzo kwatiri. Zvirokwazvo, tanga tiri vatadzi.”

32. “Tinovimba kuti Tenzi vedu vachatipa rinani (bindu) kupfuura iri. Zvechokwadi, tinotendeukira kuna Tenzi vedu (tichishuvira zvakanaka neruregerero nemubairo muhupenyu unotevera).”

33. Aya ndiwo marwadzo, asi zvirokwazvo marwadzo ehupenyu hwamangwana makuru dai henyu maiziva.

34. Zvirokwazvo, kuvatsvene kune mapindu akanaka kuna Tenzi vavo.

35. Tobata here maMuslim (vatendi) sevatadzi?

36. Mhaka yenyu ndeyeyi? Munotonga sei?

37. Kana kuti mune bhuku ramunodzidza mariri.

38. Kuti zvirokwazvo kwamuri mariri mune zvose zvamunosarudza?

39. Kana kuti mune mhiko kubva kwatiri, kusvika pazuva rokutongwa, kuti kwamuri kuchava zvamunotonga?

40. Vabvunzei: “Ndiani pakati pavo achamira pazviri?”

41. “Kana kuti vane shamwari?” Nokudaro vasiyei vauye neshamwari dzavo kana vari pachokwadi!

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

42. (Rangarirai) zuva iro gumbo (raAllah) richaburitswa pachena, uye vachadanwa kuti vapfugame (pamberi paAllah), asi vachakundikana (avo vasinganamati kana kuti avo vasinganamati nemoyo wese).

43. Maziso avo akadzikiswa uye nyadzi dzakavavhara, nokuti zvirokwazvo vaidanwa kuti vapfugame vari vatano (asi vaitadza kudaro).

44. Saka ndisiyei neavo vanoramba Qur'aan iri. Tichavaranga zvishoma nezvishoma kubva kumativi avasingazivi.

45. Uye ndichavapa nguva. Zvirokwazvo, hurongwa hwangu hwakakura.

46. Kana kuti (iwe Muhammad (SAW)) uri kuvabvunza mubhadharo, nokudaro vakaomerwa nezvikwereti?

47. Kana kuti zvisingaonekwi zviri mumaoko avo kuti vazvinyore pasi?

48. Saka mirira nekutsungirira hurongwa hwaTenzi vako, uye usava unoita semuvakidzani wehove, paakachema (kwatiri) aine kushushikana kwakanyanya.

49. Dai dzisiri nyasha dzaTenzi vake dzakamusvikira, aisiiwa (mudumbu mehove), asi akanorutsirwa (akakandwa) kumahombe kombe achipomerwa mhosva.

50. Nokudaro Tenzi vake vakamusarudza uye vakamuita umwe wevatsvene.

51. Uye zvirokwazvo, avo vasingatendi vanoposa zvishoma kukuita kuti utsvedze nekuda kwemaziso avo (aneruvengo) apo pavanonzwa yeuchidzo (Qur'aan), uye vanoti: "Zvirokwazvo, (Muhammad (SAW)) munhu anopenga!"

52. Asi hapana chiripo kunze kweyeuchidzo kuzvisikwa zvose (vanhu nemaJinn).

# CHITSAUKO AL-HAAQQAH

# (RECHOKWADI) 69

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Rechokwadi (Zuva rekutongwa)!

2. Chii chacho chechokwadi?

3. Uyezve chii chingakuite kuti uzive chechokwadi chacho kuti chii?

4. MaThamood nemaAad vakaramba Al-Qaari'ah (kusvika kwezuva rekutongwa).

5. Vari semaThamood, vakaparadzwa neruzha rwakasimba!

6. Uye vari semaAad, vakaparadzwa nemhepo yakasimba!

7. Iyo yavakatarirwa (naAllah) kwehusiku hunomwe nemazuva masere achitevedzana, zvokuti waiona varume vakarara sekunge ingwanda dzemiti yemadheti!

8. Uri kuona here zvakasara zvavo?

9. Uye Farawo, neavo vaiva mushure make, uye nemaguta (evanhu vaLoti) akatsindikirwa vaiita zvitadzo.

10. Uye havana kuteerera mutumwa waTenzi vavo, nokudaro vakavapa marwadzo akaomarara.

11. Zvirokwazo, apo mvura payakapfachukira (mvura yaNowa), takakutakurai (imi vanhu) muri pamusoro payo (mungarava yakagadzirwa naNowa).

12. Kuti tiyiite (ngarava yaNowa) kuti ive chiyeuchidzo kwamuri, uye kuti nzeve inonzwisisa ive inonzwa.

13. Nokudaro apo pacharidzwa hwamanda zvine simba kamwechete (Kuridza kwekutanga).

14. Uye nyika nemakomo zvichabviswa panzvimbo dzawo, uye zvoputswa kamwechete.

15. Zuva iro chiitiko chikuru chichaiitika.

16. Uye denga richatsemuka. Pazuva iri richava nyore (kutsemuka) nekudambuka.

17. Uye ngirozi dzichava mumativi arwo, uye ngirozi sere dzichange dzakatakura chigaro chehumambo hwaTenzi vako pamusoro padzo zuva iri.

18. Zuva iri muchaunzwa kuhutongi, (uye) hapana chakavanzika chenyu chichavigwa.

19. Nokudaro kune uyo achapihwa zvinyorwa zvake (bhuku) kuruoko rwerudyi achati: “Kuno! Verengai zvinyorwa zvangu!”

20. “Zvirokwazvo ini ndaitenda kuti ndichasangana nekutongwa kwangu!”

21. Nokudaro achava muupenyu wemufaro.

22. Mubindu rakakwiridzirwa (Paradhiso).

23. Michero iri bumbu iri pazasi uye pedyo.

24. Idyai nekunwa makadekara izvo zvamakatungamidza mazuva apfuura!

25. Asi kune uyo achapihwa zvinyorwa zvake (bhuku) kuruoko rweruboshwe achati: “Dai hangu ndisina kupihwa chinyorwa changu!”

26. “Uyezve ndisingazive kuti mutongo wangu wakamira sei!”

27. “Dai (rufu) rwakaita magumo angu!”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

28. “Hupfumi hwangu hauna kundidzivirira!”

29. “Simba rangu (hutongi) hwabva pandiri!”

30. (Zvichanzi): “Mubatei momusunga!”

31. “Mobva mamukanda murimi remoto!”

32. “Mobva mamusunga nengetani kureba kwadzo makumi manomwe ehonokono!”

33. Zvirokwazvo, anga asingatendi muna Allah mukuru wezvose.

34. Uye aive asingakurudziri kuti varombo vapihwe chekudya.

35. Nokudaro haana shamwari yaanayo pano zuva ranhasi.

36. Kana chokudya kunze kwemvura dzezvironda (nemakwati).

37. Hakuna anoadya kunze kwevatadzi (nevasingatendi).

38. Uye ndinopika neizvo zvose zvamunoona.

39. Uyezve neizvo zvose zvamusingaoni.

40. Kuti zvirokwazvo, ishoko remutumwa anoremekedzwa (Gabriel kana kuti Muhammad(SAW) raaunza kubva kuna Allah).

41. Haasi mashoko anyanduri. Zvishoma ndizvo zvamunotenda!

42. Kana kuti mashoko emufemberi. Zvishoma ndizvo zvamunorangarira!

43. (Aya mashoko) akadzikiswa kubva kuna Tenzi vezvinhu zvese.

44. Dai (Muhammad (SAW)) aitaura mashoko enhema maererano nesu (Allah).

45. Zvirokwazvo taimubata neruoko rwake rwerudyi.

46. Uye tomudambura tsinga dzake dzeupenyu.

47. Uye hapana mumwechete wenyu aikwanisa kutitadzisa kumuranga.

48. Uye zvirokwazvo, iri (Qur’aan) murangaridzo wevatsvene (Qur’aan 2: 2).

49. Uye zvirokwazvo, tinoziva kuti pakati penyu pane vamwe vanoriramba.

50. Uye zvirokwazvo, iri (Qur’aan) richava chirwadzo kune avo vasingatendi (Pazuva rekutongwa).

51. Uye zvirokwazvo, iri (Qur’aan) ichokwadi chiri pachena.

52. Nokudaro rumbidza zita raTenzi vako, mukuru mukuru wezvose.

# CHITSAUKO AL-MA'AARIJ

# (NZIRA DZEKUKWIRA) 70

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Mubvunzi akabvunza maererano nemutongo uchaitika.

2. Kune vasingatendi, uyo usina anokwanisa kuudzivirira.

3. Kubva kuna Allah, Tenzi venzira dzekukwira.

4. Ngirozi neRooh (Gabriel) dzinokwira kwavari pazuva rakaenzana nemakore zvuru makumi mashanu.

5. Naizvozvo tsungirira (Iwe Muhammad (SAW)) kutsungirira kwakanaka.

6. Zvirokwazvo, vanouona (mutongo) seuri kure.

7. Asi tinouona uri padyo.

8. Zuva iro denga richaita kunge marara emafuta akavira.

9. Uye makomo achaita kunge marara eshinda.

10. Uye hapana shamwari ichabvunza shamwari.

11. Kunyangwe vachange vachionana (pazuva rokutongwa, asi hapana achataudza mumwe kana kubvunza). Mutadzi achashuvira kuzvibhadharira kubva kune marwadzo ezuva iroro nevana vake.

12. Uye mukadzi wake nemukoma wake.

13. Uye nehama dzake dzaimuchengeta.

14. Uye nevese vari panyika kuti vamubatsire (vamununure).

15. Hazvigoneke! Zvirokwazvo, uchange uri moto wekuGehena.

16. Uchitora (uchipisa) nyama yemusoro!

17. Uchisheedza uyo akafuratira nemusana wake nechiso chake (achisiya kutenda).

18. Achiunganidza (hupfumi) uye achiuvanza (kubva mukupa munzira yaAllah).

19. Zvirokwazvo, munhu akasikwa ane kusatsungirira.

20. Kana zvakaipa zvamubata anonyunyuta.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

21. Uye kana zvakanaka zvamubata anonyima.

22. Kusara kweavo vanonamata (vanoita Swalaah).

23. Avo vanobatisisa minamato yavo.

24. Uye avo muhupfumi hwavo munekodzero dzinozivikana.

25. Kune anokumbira uye anoshaya (anorasikirwa nehupfumi wake uye upenyu womuomera).

26. Uye avo vanotenda muzuva rekutongwa.

27. Uye avo vanotya mutongo waTenzi vavo.

28. Zvirokwazvo, mutongo waTenzi vavo ndeuyo usina ani nani angazvidzivirire.

29. Uye avo vanochengetedza nhengo dzavo dzakavanzika (kubva muhupombwe nedzimwe nzira dzisiri pamutemo dzekuzvifadza nadzo).

30. Kunze kwekuvakadzi vavo kana (varandakadzi) vari mumaoko avo ekurudyi. Kwavari hakuna kupomerwa mhosva.

31. Asi uyo achatsvaka zvinopfurikidza ipapo, ndivo avo vatadzi (vanopfurikidza mwero).

32. Uye avo vanochengeta vimbiso dzavo nemhiko.

33. Uye avo vanomira zvakadzama pauchapupu hwavo.

34. Uye avo vanochengetedza zvakanaka minamato yavo (Swalaah).

35. Vakadaro ndivo vachagara muParadhiso vachiremekedzwa.

36. Naizvozvo sei avo vasingatendi vachimhanyira kukuteerera (Iwe Muhammad (SAW), kuti vave vanokuramba kana kukuseka)?

37. (Vakagara) Muzvikwata zvikwata kurudyi nekuruboshwe (kwako iwe Muhammad (SAW))?

38. Munhu wese pakati pavo anoshuvira here kupinda Paradhiso remafaro?

39. Kwete! Zvirokwazvo, takavasika kubva kune izvo zvavanoziva!

40. Naizvozvo ndinopika naTenzi vemabvazuva nemadokero kuti zvokwadi tinokwanisa

41. Kuunza vamwe vari nani pachinzvimbo chavo; uye hapana vanotikunda.

42. Naizvozvo vasiyei vachitaura mukuzvikudza nekutamba kudzamara vasangana nezuva ravo iro ravakavimbiswa.

43. Zuva iro ravachabuda mumakuva nekuchimbidza sevari kumhanyira kune chinangwa.

44. Maziso avo akatarisa pasi nekutya uye nekuzvininipisa, vakazara nekuzvidzikisira! Iro ndiro zuva ravakavimbiswa!

# CHITSAUKO NUH (NOWA) 71

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Zvirokwazvo, takatumira Nuh (Nowa) kuvanhu vake (tichiti): “Yambira vanhu vako mutongo unorwadza usati wauya kwavari.”

2. (Nuh) akati: “Imi vanhu vangu! Zvirokwazvo, ndiri muyambiri ari pachena kwamuri.”

3. “Munofanira kunamata Allah (vega), uye nekuvatya, uyezve mova mununditeerera.”

4. “(Allah) vachakuregererai zvitadzo zvenyu uye vokusiyai kusvika panguva yakatarwa. Zvirokwazvo, kana nguva yaAllah yasvika, haigoni kunonotswa dai maiziva.”

5. Nuh akati: “Tenzi vangu! Zvirokwazvo, inini ndasheedza vanhu vangu usiku nesikati.”

6. “Asi kusheedza kwangu hakuna kuvawedzera (kuvabatsira) kunze kwekutiza (chokwadi).”

7. “Uye zvirokwazvo, pese pandinovasheedza kuti muve munovaregerera, vanoisa minwe yavo munzeve dzavo, vozvifukidza nenguwo dzavo, uye vosimbirira (nekuramba kwavo), uye vozvitutumadza zvakanyanya.”

8. “Uye zvirokwazvo, inini ndaivasheedza pachena (nezwi riri pamusoro).”

9. “Uye zvirokwazvo, ndaivaparidzira pachena, uye ndaivakumbira pakahwanda.”

10. “Naizvozvo ndikati (kwavari): ‘Kumbirai ruregerero kuna Tenzi venyu. Zvirokwazvo, vazere neruregerero.’

11. ‘Vachatumira mvura zhinji kwamuri.’

12. ‘Uye vanokuwedzerai hupfumi uye nevana, uye vanokupai minda uye vanokupai nzizi.’”

13. Dambudziko renyu nderei? Hamushuviri mubairo kubva kuna Allah.

14. Uye zvirokwazvo, vakakusikai nezvidanho (Nutfah, Alaqah, uye Mudghah – Qur’aan 23: 13-14).

15. Hamuoni here kuti Allah vakasika sei matenga manomwe rimwe pamusoro perimwe?

16. Uye vakasika mwedzi sechiedza pakati pawo (matenga), uye vakasika zuva serambi?

17. Uyezve Allah vakakusikai kubva kuivhu.

18. Naizvozvo vachakudzorerai ikoko (kuivhu), uye vozokumutsai zvakare (pazuva rekutongwa).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

19. Uye Allah vakakusikirai nyika yakafara.

20. Kuti mufambe mairi munzira dzakafara.

21. Nuh (Nowa) akati: "Tenzi vangu! (Vanhu ava) vakaramba kunditeerera, uye vakatevera uyo hupfumi nevana vake hazvina zvazvinomuwedzera kunze kwekurasikirwa."

22. "Uyezve vakaronga kuronga kukuru."

23. "Uyezve vakati (kune vamwe vavo): 'Hamufanirwi kusiya vanamwari venyu, kana kuti musiye Wadd, kana kuti Suwaa, kana kuti Yaghooth, kana kuti Yauooq, kana kuti Nasr (Aya mazita ezviumbwa zvavainamata).'"

24. "Uye zvirokwazvo vakatsaudza vakawanda, uye (Allah): 'Musawedzere avo vanoita zvakaipa kunze kwekurasika.'"

25. Nekuda kwezvitadzo zvavo vakanyudzwa (mumvura), vakaitwa kuti vapinde mumoto. Uyezve havana kuwana mubatsiri kunze kwaAllah.

26. Uye Nuh (Nowa) akati: "Tenzi vangu! Musava munosiya kana mumwechete wevasingatendi panyika (Paradzai vese)!"

27. "Kana mukavasiya, vachatsaudza varanda venyu, uye havazomboberekі (vana) asi vasingatendi."

28. "Tenzi vangu! Ndiregererei inini, uye nevabereki vangu, uye neuyo anopinda mumba mangu ari mutendi, uye nevatendi vose varume nevakadzi. Uye kune avo vasingatendi (vaiiti vezvakaipa), musava munovawedzera asi mukuparadzwa."

# CHITSAUKO AL-JINN 72

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Iti (Muhammad (SAW)): "Zvadzikiswa kwandiri kuti chikwata chemaJinn (Zvisikwa zvakasikwa nemoto) chaiteerera (Qur'aan iri). Vakati: 'Zvirokwazvo, tanzwa maverengero akanaka anoshamisa (Qur'aan)!'

2. 'Rinotungamirira mugwara rakanaka, uye tinotenda mariri, uye hatimbosanganise (pakunamata) chipi zvacho naTenzi vedu (Allah).'

3. 'Uye uMambo waTenzi vedu ndewe pamusoro, havana kutora mukadzi kana mwanakomana.'

4. 'Uye vasina kukwana pakati pedu vaitaura pamusoro paAllah manyepo makuru.'

5. 'Uye zvirokwazvo taifunga kuti vanhu nemaJinn (Zvisikwa zvakasikwa nemoto) havatauri manyepo pamusoro paAllah.'

6. ‘Uye zvirokwazvo, mukati mevanhu maive nevarume vaitsvaga rudziviriro kubva kuvarume pakati pemaJinn, asi vakavawedzera mukutadza nekupfurikidza mwero.’

7. ‘Uye vaifunga semafungiro enyu kuti Allah havazombotumire mutumwa (kuvanhu nemaJinn).’

8. ‘Uye takati tisvike kudenga asi tikawana kwakazara nevachengetedzi vakasimba uye nemoto unobvira.’

9. ‘Uye zvirokwazvo, taiwanzogara ikoko muzvikwata, kuti tinzwe, asi upi zvake anoteerera izvezvi anowana moto uchibvira wakamugaririra.’

10. ‘Uye hatizivi kana chakaipa chashuvirwa kune avo vari panyika, kana kuti Tenzi wavo vanovashuvira nzira yakanaka.’

11. ‘Pakati pedu pane vamwe vanoita zvakanaka, uye vamwe vanopikisa. Tiri mapoka ane nzira dzakasiyana.’

12. ‘Uye tinofunga kuti hatipukunyiki (mumarwadzo) kubva kuna Allah panyika, kana kupukunyuka kwavari nekutiza.’

13. ‘Uye zvirokwazvo, patakanzwa nhungamiro (Qur’aan) takatenda mairi, uye ani nani anotenda kuna Tenzi vake haazombotyi, kana kudzikisirwa mugove wemabasa ake akanaka, kana kuwedzerwa mutongo wezvitadzo zvake.’

14. Uye pakati pedu vamwe maMuslim (mushure mekunzwa Qur’aan), uye pakati pedu vamwe havasi vatendi. Uye ani nani anopinda muchitendero cheIslaam, vakadaro ndivo vatsvaga nzira yakanaka.”

15. Uye kune avo vasingatendi, vachange vari huni dzemoto wekuGehena.

16. Dai (vasingatendi) vakatenda muna Allah, uye vakafamba munzira yakanaka (Islaam), chokwadi tingadai takavadzikisira mvura muhuwandu.

17. Kuti tive tinovaedza naizvozvo. Uye ani nani anobva muyeuchidzo yaTenzi vake (Qur’aan iri), vachamupinza mumarwadzo makuru (Gehena).

18. Uye nzvimbo dzekunamatira (maMasjid) ndedzaAllah, saka musava mononamata ani nani naAllah.

19. Uye muranda waAllah (Muhammad (SAW)) paakamira achivanamata (Allah) mumunamato, (MaJinn) vakamuunganira sekunge vanga vakanamatirana (kuti vanzwe).

20. Iti (Muhammad (SAW)): “Ndinonamata Tenzi vangu chete, uye handisanganisi vamwe vanhu naivo.”

21. Iti (Muhammad (SAW)): “Harisi simba rangu kukonzera marwadzo kwamuri, kana kukuunzai kunzira yakanaka.”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

22. Iti (Muhammad (SAW)): "Hakuna anondidzivirira kubva mumarwadzo aAllah (kana ndikasavateerera), kana kuwana pekuhwanda kunze kwavari."

23. "(Changu chete) asi kuparidza chokwadi kubva kunaAllah nemashoko avo. Uye ani nani asingatendi muna Allah uye nemutumwa wavo, zvirokwazvo, kwaari kune moto wekuGehena achagara imomo zvachose."

24. Kusvikira, vaona izvo zvavakavimbiswa, vachaziva kuti ndeupi akarenda mumubatsiri uye muhushoma muuhwandu.

25. Iti (Muhammad (SAW)): "Handizivi kuti chamakavimbiswa chiri pedyo kana kuti Tenzi vangu achachiita kure."

26. "(Ivo pachavo) vazivi veizvo zvisingaonekwi, uye havazaruriri (havatumiri) ani zvake zvisingaonekwi."

27. "Kunze kune uyo vakamusarudza kuva mutumwa, uye zvirokwazvo, vanogadzira chikwata chevatarisi (ngirozi) kuti dzifore mushure uye nemberi kwake."

28. "Kusvikira vaona kuti vaparidzira mashoko aTenzi wavo (Allah). Uye ivo (Allah) vanoziva zvose zvavanazvo, uye ivo (Allah) vanoziva huwandu wezvinhu zvese."

# CHITSAUKO AL-MUZZAMMIL

# (UYO AKAPUTIRWA MUMACHIRA) 73

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Iwe wakaputirwa mumachira (Mutumwa Muhammad (SAW))!

2. Muka (mira) unamate usiku hwose kusiya kwekachidimbu (kehusiku) Tahajjud.

3. Chidimbu chepakati nepakati kana chishoma pane izvozvo.

4. Kana kuti owedzera zvishoma (kubva pakati nepakati). Uyezve verenga Qur'aan (uchisheedzesa) zvinyoro-nyoro, (nezwi rinoyevedza) uchinyatsokukwenenzvera.

5. Muzvirokwazvo, tichaburutsa kwauri mashoko ane hudzamu (huremu) (mitemo, zvinhu zvakakomekedzwa).

6. Zvirokwazvo, kumuka pakati pehusiku (uchinamata/uchimukira munamato weTahajjud) chinhu chakaoma chinonetsa, uye chinobatsira zvikuru (chiguro), uye chakanaka pakuzvichengetedza, uye ndicho chinonyatsoita kuti munhu anyatsonzwisisa shoko (raAllah).

7. Zvirokwazvo, muswero wezuva unenge uine mabasa (akasiyana siyana akawanda) emazuva ose.

8. Uyezve rangarira zita raTenzi vako (Allah) wova unozvipira kwavari nemoyo wese (wakaperera).

9. (Ndivo woga) Tenzi vemabvazuva nemadokero (nemavirira); Laa ilaaha illaa Huwa (Hakuna mumwe anofanirwa kunamatwa kunze kwavo – Allah). Naizvozvo, tora ivo voga semuriritiri (vanokwanisa kumiririra mumabasa ako Muhammad (SAW)).

10. Uye, iwe chitsungirira (Muhammad (SAW)) mune zvose zvavanotaura (maKuffaar), uye wogara kure navo mune zvakanaka (usinganetsane navo).

11. Uyezve chindisiya (ini Allah) ndega ndipedzerane neavo maKuffaar (avo vanoramba zviratidzo zvangu), avo vane zvakanyatsonaka zveupenyu (hupfumi). Zvekare (iwe Muhammad (SAW)) chimbovasiya kwechinguvana.

12. Muzvirokwazvo, tine ngetani (dzekuvasungisa), uyezve nemoto (unopisa samare).

13. Uyezve (tine) chikafu chinokachidza, zvekare nemutongo unorwadza.

14. Pazuva iro pachandengendeka nyika nemakomo (zvine ukasha mukati), zvekare makomo achave dutu rejecha rakamwararidzwa.

15. Zvirokwazvo, tave tinokutumirai Mutumwa (Muhammad (SAW)) semupupuri kwamuri, sekutumira mutumwa (Musa kwatakaita) kuna Farawo.

16. Naizvozvo Farawo haana kuteerera Mutumwa (Musa (AS)); naizvozvo takamuranga (takamutora) nemurango (mukuru) wakaoma.

17. Ko mungadzivirira sei murango kana imi musingatende, pazuva iro (zuva rokutongwa) richaita kuti vana vadiki vamere imvi (kuva nebvudzi rebvumu).

18. (Zuva iro) denga parichatsemuka. Muzvokwadi chivimbiso chavo (Allah) chichazadzikiswa.

19. Muzvirokwazvo, iyi iyeuchidzo; naizvozvo uyo anenge ada musiyei atore nzira yekuna Tenzi vake!

20. Zvirokwazvo, Tenzi vako (Allah) vanozviziva kuti unomira (uchinamata usiku) neboka revatevedzeri vako zvishomanana pane zvidimbu zviviri kubva muzvitatu (2/3) dzeusiku, kana kuti chidimbu kubva muzviviri (1/2) dzeusiku, kana kuti chidimbu chimwe kubva muzvitatu (1/3) dzeusiku. Uyezve Allah vanoyera (vanopima) husiku nemasikati. (Allah) vanozviziva kuti haukwanise kunamata husiku hwose, naizvozvo vave vanokuregerera (netsitsi). Naizvozvo chiverenga Qur’aan (zvaunoona) zviri nyore kwauri. (Allah) vanozviziva kuti pakati penyu pane varwere, uyezve vamwe ndivo vanofamba munyika vachitsvaga (makomborero) aAllah, vamwewo ndivo vanorwa munzira yaAllah. Saka naizvozvo verengai kubva mariri (Qur’aan) zvamunokwanisa, zvekare ivai munoita Swalaah (Munamato), mopa Zakaah (Zvipo), mokweretesa Allah kwereteso yakanaka (Moita mabasa akanaka vachakupai mibairo). Uyezve, chingave chii zvacho chamunoita chanaka (Nawaafil Swalaah, Saum, Zakaat, Hajj, Umrah nezvakadarowo), muzvirokwazvo muchazviwana zvina Allah zvitori nani kana kutodarika ipapo

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

pamubairo. Zvekare ivai munokumbira ruregerero kubva kuna Allah. Zvirokwazvo, Allah ndivo muregereri, vane ngoni zhinji.

# CHITSAUKO AL-MUDDATH-THIR

# (UYO AKAPUTIRIRWA) 74

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Iwe (Muhammad (SAW)) akaputirirwa mumachira!
2. Muka uyambire!
3. Uyezve kudza Tenzi vako (Allah)!
4. Zvekare iva unochenesa nhumbi dzako!
5. Uyezve iva unoswedera kure ne Ar-Rujz (zvidhori/zviumbwa)!
6. Zvekare usave unopa chinhu kuti uwane zvakawanda (kana kuti usave unoona kuita mabasa kwaunoita semutsa kuna Allah).
7. Uyezve iva unotsungira kuti ufadze Tenzi vako (Allah)!
8. Pedzezvo kana hwamanda ichinge yaridzwa (kuridzwa kwehwamanda kwechipiri).
9. Muzvokwadi zuva iroro rinenge riri zuva rakaoma.
10. Risiri nyore (zvamuchose) kumaKuffaar (vasingatendi).
11. Chindisiya (ini Allah) (ndipedzerane neuyo) wandakasika ari oga (asina hupfumi kana vana nezvimwewo zvakadaro uyo anonzi Al-Waleed bin Al-Mugheerah Al-Makhzoomi).
12. Uyezve pedzezvo (ini Allah) ndakamupa hupfumi uzhinji.
13. Uyezve nevana kuti vave padivi pake.
14. Zvekare (ini Allah) ndakaita kuti hupenyu huve hunoendeka zvakanaka (nekufara) kwaari.
15. Pedzezvo anoshuwira kuti ndiwedzere.
16. Kwete! Muzvirokwazvo akanga achipikisa maAayaat edu (zvidzidzo, ndima, nezviratidzo).
17. Ndicharovekedza kwaari (kuti akwire gomo rinotsvedza muJahannam rinonzi Sa’uood kana) kuti awane mutongo wakaoma!
18. Muzvirokwazvo, akadzamisa pfungwa mukufunga pamwe nekuronga.



الجديد و الحصري NEW & EXCLUSIVE

19. Naizvozvo siyai arengerwe (apihwe rushambwa), hazvina basa marongero (mazengezero) anoita!

20. Pedzezvo ngaarengerwe zvekare (ngaapihwe rushambwa zvekare), hazvina basa marongero (mazengezero) anoita!

21. Pedzezvo akafunga.

22. Pedzezvo akafinyama, uye ndokutaridza kukanganisirwa.

23. Pedzezvo ndokucheuka shure (kufuratira), uye achizvikudza.

24. Ndokuti: "Izvi hazvisi chimwe chinhu kunze kwehuroyi uyo wekare."

25. "Izvi hazvisi chimwe chinhu kunze kweshoko (izwi) remunhu!"

26. (Ini Allah) ndichave ndinomukanda (mugomba remoto) muGehena.

27. Uye chiiko chichakuzivisa nezveGehena?

28. Haritombosiyi (mutadzi wese) kana kuregera (kana nechinhu chipi zvacho chisina kutsva)!

29. Richingopisa nekusvibisa makanda (evanhu)!

30. Pamusoro paro pane ngirozi (19) gumi nepfumbamwe (Ngirozi dzinochengetedza Jahannam).

31. Uye hatina kuisa vamwe sevachengetedzi veJahannam kunze kwengirozi. Uye takave tinotara huwandu hwadzo (19) semuyedzo kune (avo) vasingatendi, nechinangwa chokuti avo vakapuhwa Bhuku (Gwaro) (maJudha nemaKristu) vave nechokwadi nazvo (kuti Qur'aan irori ndere chokwadi uyezve rine chokwadi chose nekuwirirana neMabhuku (Taurah, Injeel) panyaya dzouwandu wengirozi dziri pamusoro peJahannam (19)), uye kuti vatendi vave vanowedzera kutenda (Iymaan) kwavo, zvekare vanhu veBhuku pamwe nevatendi kuti vasave nokusagutsikana, uye kuti avo vane chirwere (chehunyengedzi) mumoyo yavo pamwe neavo vasingatendi vataure kuti: "Ko Allah vanodeiko kuburikidza nemuenzaniso uyu?" Saizvozvo Allah vanorasisa uyo wavanoda pamwe nekutungamirira wavanoda (mugwara rakaswatuka). Uye hakuna anoziva mauto aTenzi vako (Allah) kunze kwavo chete. Zvekare (Gehena iri) hapana zvariri kunze kwekuti (iyambiro) iyeuchidzo kune vanhu.

32 Kwete! (Ndinopika) nemwedzi.

33. Uyezve (ndinopika) nehusiku kana hwavakuenda.

34. Uyezve (ndinopika) nemambakwedza kana kochena.

35. Zvirokwazvo, (Gehena, kana kuti kuramba kwavo Muhammad (SAW), kana kuti zuva rekutongwa) chimwe chezviratidzo zvikuru kuru.

36. Iyambiro kuvanhu.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

37. Kune mumwe pakati penyu anenge ada kuenda mberi (achiita mabasa akanaka), kana kusaririra (achiita mabasa akaipa).

38. Munhu wose atori chitsiidzo kune zvose zvaaiwana.

39. Kunze kweavo vari kurudyi (vaiti/vabati vemabasa akanaka).

40. Mumapindu (muParadhiso) vachabvunzana,

41. Maererano nemaMujrimoon (avo vasingatendi, vanonamata zvinhu zvizhinji, vanoita mabasa akaipa). (Uye vachati kwavari):

42. “Ko chiiko chaita kuti mupinde muGehena?”

43. Vachati: “Takanga tisiri pamwe nemaMuswalleen (avo vanonamata).”

44. “Uyezve takanga tisingapewo chikafu kune avo vanotambura.”

45. “Zvekare taitaura manyepo (zvose zvakavengwa naAllah) tiri pamwe neavo vanotaura zvisina maturo (basa).”

46. “Uyezve tairamba (kuti kune) zuva rokutongwa (remugove/remubairo).”

47. “Kusvikira muzvokwadi auya (rufu).”

48. Naizvozvo hapana reverero yevarevereri ichavabatsira.

49. Pedzezvo chiiko chinovanetsa (avo vasingatendi) zvokusvika pakufuratira yeuchidzo?

50. Sekunge vari madhongi emusango (ari kutya).

51. (MaDhongi) arikutiza muvhimi (kana kuti shumba kana kuti mhuka inowadya).

52. Asi mumwe nemumwe wavo anoda kuti apihwe mapeji (mashizha) akawaridzwa (achibva kuna Allah akanyorwa kunzi Islaam ndicho chitendero chechokwadi, uye Muhammad (SAW) auya nechokwadi kubva kuna Allah, Tenzi vematenga nenyika).

53. Kwete! Havatombotye Aakhirah (hupenyu hwemangwana – mirango yaAllah).

54. Kwete! Muzvirokwazvo, (Qur’aan) iri iyeuchidzo.

55. Naizvozvo uyo anenge ada (musiyei ariverenge), uyezve ave anotambira chirayiro (kubva kwariri).

56. Uye havatombotambira rairo kunze kwekuti Allah vada. Ivo (Allah) ndivo voga vanokodzera kityiwa nevanhu (uyezve kunamatwa, uye vanhu havafanire kuvasanganisa nezvimwe zvinhu pakuvanamata), uyezve ndivo voga vanoregerera zvitadzo.

# CHITSAUKO AL-QIYAAMAH

# (ZUVA REKUMUTSWA) 75

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Ndinopika nezuva rokumutswa.
2. Zvekare ndinopika nemoyo unozvipomera mhaka (mutendi).
3. Asi munhu (asingatendi) anofunga kuti hatizounganidza mapfupa ake?
4. Hongu. Tinokwanisa kuunganidza minwe yake zvakarongeka.
5. Asi munhu (anoramba chiito chokumutswa kubva kuvafi nekutongwa saka naizvozvo) anoshuwira kuramba achiita zvitadzo.
6. Anobvunza: “Zuva iri rokumutswa richave rinhiko?”
7. Saka naizvozvo apo maziso paachabatwa nechipapadzungu (paachavhiringidzwa).
8. Zvekare mwedzi pauchadzikatidza (uchaora).
9. Uye apo pachabatanidzwa zuva nemwedzi (pazvichapindana).
10. Pazuva iroro munhu achati: “Ko ndekupiko kwekutizira?”
11. Kwete! Hakuna kwekuhwanda!
12. Kuna Tenzi vako pazuva iroro ndiko kuchange kune nzvimbo yekuzororera.
13. Pazuva iroro munhu acharondedzerwa (achaudzwa) maererano nezvaakaita zvaakatungamidza (zvakanaka nezvakaipa), zvekare nezvaakasiya (zvakanaka nezvakaipa).
14. Asi munhu achazvipupurira (sezvo nhengo dzomuviri wake (maoko, makumbo, ganda nezvimwewo) zvichitaura maererano nemabasa ake).
15. Nyangwe zvazvo anenge achipa maboterero (mirangariro).
16. Usatombofambisa rurimi rwako hako nayo (Qur’aan iwe Muhammad (SAW)) kuti rikurumidze kuuya kwauri.
17. Zvirokwazvo, zviri kwatiri isusu zvekuriunganidza uyezve nekukupa (iwe Muhammad (SAW)) masimba ekuriverenga (Qur’aan).
18. Naizvozvo kana tichinge takuverengera (Qur’aan iwe Muhammad (SAW)) kuburikidza naJibreel (Gabriel (AS)) saka tevedzera maverengero aro (Qur’aan).
19. Pedzezvo, zvirokwazvo zviri kwatiri isu kuti tinyatsoritsetsenura (tiri jekese) kwauri.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

20. Kwete! (Semafungiro enyu, kuti imi (vanhu) hamuzomutswe kubva kuvafi uyezve nekutongwa pamwe nekupihwa mibairo yemabasa enyu), asi kuti munoda hupenyu hwepasi pano.

21. Zvekare, munokanganwa hupenyu hwekuAakhirah (hwamangwana).

22. Zvimwe zviso pazuva iroro zvichange zviri Naadirah (Zvichipenyerera).

23. Zvakatarisa kuna Tenzi vazvo (zviso izvozvo).

24. Zvekare zvimwe zviso pazuva iroro zvichange zviri Baasirah (zvakafinyama, zvakatsamwa kwete zvokutamba zviya, zvakasvibirira).

25. (Zviso izvi) zvichange zvichifunga kuti nhamo yavakuda kuzviwira.

26. Kwete! Kana (mweya womunhu) uchinge wasvika pabondo (mapfupa ari pedyo nehuro).

27. Zvekare zvichanzi: “Ndiani angamurape (uyezve nekumubatsira kubva kurufu)?”

28. Uyezve iye (uyo avakuda kufa) achatenda kuti yave nguva yekusiyana (rufu).

29. Zvekare rimwe gumbo richabatanidzwa nerimwe (aputirwa mumicheka yeKAFAN).

30. Pazuva iroro svudzo (kutinhirwa kwevanhu vese vakananga kuna Allah) inenge iri, kuna Tenzi vako (Allah)!

31. Saka naizvozvo, (uyo asingatendi) haana kutenda (muQur’aan neshoko raMuhammad (SAW)) kana kunamata!

32. Asi akaramba (Qur’aan neshoko raMuhammad (SAW)) pamwe nekufuratira!

33. Pedzezvo ndokuenda kune mhuri yake achizvikudza (achizvida chose)!

34. Yambiro kwauri (iwe usingatendi)! Uyezve (zvekare) yambiro kwauri!

35. Pedzezvo yambiro kwauri (iwe usingatendi)! Uyezve (zvekare) yambiro kwauri!

36. Asi munhu anofunga here kuti achangosiiwa (asina kutongeswa kana kuti asina kurangwa pamwe nekupihwa mibairo yake yezvaaiita naTenzi vake Allah)?

37. Akanga asiri Nutfah (urete hwababa naamai) here hwehurete hwakaburitswa?

38. Pedzezvo akava Alaqah (kagovo – karopa kakagwamba). Naizvozvo (Allah) ndokuzomuumba nekumunatsurudza zvakaenzana.

39. Naizvozvo kubva maari (Allah) vakagadzira zvisikwa zviviri (mhando mbiri), chirume nechikadzi.

40. Havasirivo here (Allah avo) vane simba rokupa hupenyu kuvafi? (Hongu! Allah vane masimba ekuita zvose).

# CHITSAUKO AL-INSAAN/AD-DAHR

# (MUNHU/NGUVA) 76

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Paiva pasina here nguva apo munhu aive chimwe chinhu chaisataurwa?

2. Zvirokwazvo, takasika munhu kubva kuNutfah yakazangana (mvura yepabonde yemurume nemukadzi) kuti tive tino muedza. Saka takamuita kuti ave munzwi nemuoni.

3. Zvirokwazvo, takamuratidza gwara, kunyangwe akave anotenda kana kusatenda.

4. Zvirokwazvo, takave tinogadzirira vasingatendi ngetani dzesimbi, zvichangadzo zvesimbi, uye nemoto unovirima.

5. Zvirokwazvo, avo vanotenda vachave vanomwa komichi (yewaini) yakasanganiswa ne (mvura kubva muchitubu chinonzi) Kaafoor.

6. Chitubu icho varanda vaAllah vachamwa, vochiita kuti chipopome zvakanyanya.

7. Ndivo (avo) vanozadzikisa mhiko (dzavo), uye vanotya zuva zvakaipa zvaro zvichafararira.

8. Uye vanopa chikafu, kunyangwe vanerudo nacho (kana kuti vachiratidza rudo kwavari Allah), kune anoshaya, nherera, uye mubatwi.

9. (Vachiti): “Tinokudyisai kuri kutsvaga Nyasha dzaAllah chete. Hatidi mubairo kana kutendwa kubva kwamuri.”

10. “Zvirokwazvo, tinotya kubva kuna Tenzi vedu iro zuva rakaoma uye kushaiwa, richaita kuti zviso zvityise (kubva mukusarida).”

11. Naizvozvo Allah vakave vanova nunura kubva muhuipi wezuva racho, uye vakave vanovapa Nadrah (chiedza cherunako) uye mufaro.

12. Uye mubairo wavo uchave Paradhiso, uye magamenzi esiriki, nemhaka yokuti vaiva vanotsungirira.

13. Vakatsamhira imomo pamatendamo akakwirira. Havaoni varimo kupisa kwakanyanya, kana kutonhorwa kwakanyanya (sezvo kuParadhiso hakuna zuva kana mwedzi).

14 Uye mvuri wemo unenge uri pavari, uye nemapazi emichero achava anorembera pedyo navo.

15. Uye pakati pavo pachava pano fambiswa midziyo yesirivha uye nemakomichi egirazi.

16. Girazi rakachena, rakagadzirwa nesirivha. Vachave vanosarudza huwandu hwawo (nekuda kwavo).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

17. Uye vachapiwa kuti vamwe komichi (yewaini) yakazanganiswa neZanjabeel (Tsangamidzi).

18. Kune chitubu imomo chinonzi Salsabeel.

19. Uye pavari pachave nemajaya (vachiva pakurira) vaine hujaya husingaperi. Kana ukavaona, unofunga kuti matombo akakosha (mapera) akafararira.

20. Uye ukatarisa imomo (muParadhiso), unoona zvakanaka (izvo zvisingafungirike), uye nenyika huru.

21. Pavari vanenge vaine hanzu dzegirini dzakapfava dzakanaka uye siriki yakakora. Vanenge vakashongedzwa nejati dzesirivha, uye Tenzi vavo vachavapa kumwa kwakachena.

22. (Uye zvichanzi kwavari): "Zvirokwazvo mubairo ndewenyu, uye mabasa enyu atambirwa."

23. Zvirokwazvo, tisu takatumidza (Qur'aan) kwauri (Muhammad (SAW)) muzvidimbu.

24. Saka iva unotsungirira kumirairo ya Tenzi vako, uye usave unoteerera mutadzi kana asingatendi kubva mavari.

25. Uye rangarira zita raTenzi vako mangwanani uye nemasikati (nekuita minamato yeFajr, Dhuhr neAsr).

26. Uye nguva yeusiku, pfugama kwavari (nekuita munamato weMaghrib neIsha), uye varumbidze muhusiku hurefu (Nemunamato weTahajjud).

27. Zvirokwazvo, ava (vasingatendi) vanoda upenyu wepano pasi, uye vanosendeka shure zuva rinorema (iro rinenge rakaoma).

28. Tisu takavasika, uye tikavaiita zvigwindiri. Kana tichida, zvirokwazvo tinokwanisa kuunza vamwe vanhu vakafanana navo panzvimbo yavo.

29. Zvirokwazvo iyi (ndima) iyeuchidzo, saka kune uyo anoda, ngaasarudze nzira yekuna Tenzi vake (Allah).

30. Asi hamudi, kunze ivo Allah vada. Zvirokwazvo Allah ndivo muzivi wezvose, muchenjeri.

31. Vachaisa mutsitsi dzavo uyo wevaranda wavanoda. Asi avo vanoita zvakaipa vakavagadzirira dambudzo rinorwadza.

# CHITSAUKO AL-MURSALAAT

# (AVO VAKATUMWA) 77

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. (Ndinopika) Ne (mhepo kana ngirozi, kana nhumwa dzaAllah) dzakatumwa imwe mushure meimwe.
2. Uye nemhepo dzinovhuvhuta zvine simba.
3. Uye nemhepo inoparariridza makore nemvura.
4. Uye ne (ndima dzemuQur'aan) dzinosiyanisa (zvakanaka nezvakaipa).
5. Uye ne (ngirozi) dzinounza zvidzikiswa (kunhumwa).
6. Kunobvisa zvose zvimhingamupini kana kuyambira.
7. Zvirokwazvo, zvawakavimbiswa zvichadarika.
8. Apo nyenyedzi dzichadzima chiedza chadzo.
9. Uye denga richatsemuka.
10. Uye nemakomo paachafuridzwa kure.
11. Uye nenhumwa padzichaunganidzwa panguva yakatarwa.
12. Zuva ripi (zviratidzo izvi) zvirikunonotserwa?
13. Zuva resarudzo (avo veParadhiso kubva kune avo vekuGehena).
14. Uye uchaziva sei kuti zuva resarudzo chii?
15. Matambudziko pazuva iri kune avo vanoramba (Zuva Rekutongwa)!
16. Hatina here kuparadza avo vange vari kumberi kwenyu?
17. Uye tichaita vari mumashure mavo vave vanovatevera.
18. Nenzira iyi tinoshanda nevapari vemhosva (vasingatendi nevatadzi).
19. Matambudziko kune avo vanoramba (Zuva Rekutongwa)!
20. Hatina kukusikai kubva kumvura inoshorwa?
21. Uye tikaigadzika munzvimbo yakachengetedzeka (munhumbu),
22. Kwenguva inozivikanwa (yemwana kuti aberekwe)?

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

23. Saka takaera, uye tisu nyanzvi dzekuera (zvinhu).

24. Matambudziko kune avo vanoramba (Zuva Rekutongwa)!

25. Hatina here kugadzira pasi senzvimbo yokugara,

26. Kune vapenyu nevakafa?

27. Uye tikagadzika imomo makomo akasimba nekureba, uye tikakupai mvura yekunwa inonaka?

28. Matambudziko kune avo vanoramba (Zuva Rekutongwa)!

29. (Zvichanzi kune vasingatendi): "Gundumukai kubva kune izvo zvamairamba!"

30. "Gundumukai kumumvuri (wemoto weGehena hutsi huchikwidza) muzvikwata zvitatu."

31. "Pasina mumvuri, kana kubatsira chimwe chinhu kubva murimi remoto."

32. Zvirokwazvo, iro (Gehena) richakanda zvingaimi seAl-Qasr (zidanda rechitsiga).

33. Sekunge ingamera dzeruvara rwegoride kana tsapo retambo.

34. Matambudziko kune avo vanoramba (Zuva Rekutongwa)!

35. Iri ndiro zuva ravasingatauri (padzimwe nguva dzaro).

36. Uye havabvumidzwe kupa zvikonzero.

37. Matambudziko kune avo vanoramba (Zuva Rekutongwa).

38. Iri izuva resarudzo (remutongo). Takuunzai imi nevanhu vekutanga pamwechete!

39. Saka kana pane zvamakaronga, shandisirai ini (Allah)!

40. Matambudziko kune avo vanoramba (Zuva Rekutongwa)!

41. Zvirokwazvo, vanotya Allah vachave pakati pemimvuri nezvitubu.

42. Uye nemichero iyo vachada.

43. "Idyai nekunwa makasununguka nekuda kwezvamaiita."

44. Zvirokwazvo, kudaro tinopa mubairo kuvanhu vezvakanaka.

45. Matambudziko kune avo vanoramba (Zuva Rekutongwa)!

46. (Imi vasingatendi)! Idyai nekufara (muhupenyu hwepano pasi) kwechinguva chidiki. Zvirokwazvo, muri vaiti vezvakaipa.

47. Matambudziko kune avo vanoramba (Zuva Rekutongwa)!

48. Kana zvikanzi kwavari: “Kotamai (mumunamato)! Havakotami (havaite minamato yavo).

49. Matambudziko kune avo vanoramba (Zuva Rekutongwa)!

50. Saka munhaurwa ipi mushure meiri (Qur’aan) vachatenda?

# CHITSAUKO AN-NABA’ (NHAU) 78

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Vanobvunzana maererano nei?

2. Maererano nenhaurwa huru (Islaam, Qur’aan iri uye Zuva Rekutongwa).

3. Pamusoro payo vanopokana.

4. Hongu, vachazviziva!

5. Hongu, vachazviziva zvekare!

6. Hatina here kusika pasi semubhedha,

7. Uye makomo sehoko?

8. Zvakare tikave tinokusikai muri vaviri vaviri (murume nemukadzi, akareba neakapfupika, akanaka neakaipa).

9. Uye tikava tinokupai hope kuti muve munozorora.

10. Uye tikave tinosika usiku sehwidibiro.

11. Uye takasika masikati kuti muwane raramo.

12. Tikava tinovaka pamusoro penyu matenga manomwe.

13. Uye tikasika mwenje unopenya (zuva).

14. Uye tikatumira mvura zhinji kubva kumakore.

15. Kuti tive tinoburitsa zvirimwa.

16. Uye nemapindu ezvirimwa zvakabatana zvakasvibira.

17. Zvirokwazvo, zuva remutongo inguva yakatarwa.

18. Zuva iro richaridzwa hwamanda, uye muchauya muri muzvikwata.

19. Uye matenga achavhurwa oita segonhi.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

20. Uye makomo achabviswa munzvimbo dzawo sezvinonzi aiva madzimudzangara.

21. Zvirokwazvo, Gehena inzvimbo yakaipa.

22. Nzvimbo ichapindwa neavo vanotyora mirawo yaAllah.

23. Vachapindamo zvachose.

24. Hapana kana chinwiwa chichange chichitonhorera chavachamwa imomo, kana chinwiwa chipi zvacho.

25. Kusara kwemvura yakwatiswa, uye nezvose zvakaipa zvinobuda pamuviri.

26. Mubairo unoenderana nezvavaiita.

27. Zvirokwazvo, vakange vasingambotarisiri kuzotongwa.

28. Uye vakaramba zviratidzo zvedu zvachose.

29. Uye zvinhu zvose takave tinozvinyora muGwaro.

30. Saka chiravirai (magumo emabasa enyu akaipa). Hatisi kuzokuwedzerai kusara kwemarwadzo.

31. Muzvokwadi, kune avo vanotya Allah kuchange kune budiriro (Paradhiso),

32. Yemapindu nemagirepi,

33. Uye mhandara dzezera rimwe dzakanaka,

34 Uye komichi izere newaini.

35. Havambonzwi imomo nhaurwa dzakaipa kana manyepo.

36. Mubairo kubva kuna Tenzi vako, chipo chakaverengwa (chinoenderana nezvakanaka zvavaiita).

37. Kubva kuna Tenzi vematenga nepasi rino uye zvose zviri mukati mavo, vane ngoni zhinji, avo vasingakwanise kutaura navo (kunze kwekuti vavapa mvumo).

38. Pazuva iro Ar-Rooh (Gabriel kana imwe ngirozi) nengirozi dzichange dzakamira mumitsara, hapana achataura kana nani kusara kweuyo Allah vavanopa mvumo, uye achitaura zvinhu zvakanaka.

39. (Pasina kana kusagutsikana) Iri ndiro zuva rechokwadi. Saka, uyo anoda ngaave anotsvaga nzvimbo yakanaka (kana nzira yakanaka ye) kuna Tenzi vake (nekuvateerera pasi rino)!

40. Zvirokwazvo, takakuyambirai pamusoro pemarwadzo epadyo epazuva iro munhu wese achange achiona zvose zvakatungamidzwa nemaoko ake (zvaaita), uye uyo akange asingatendi achati: “Ndinokungura kuti ndingadai ndaiva ivhu.”

# CHITSAUKO AN-NAAZI'AAT

# (AVO VANOBVISA) 79

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Ndinopika neidzo (ngirozi) dzinotora (upenyu hweuyo asingatendi) nechisimba.
2. Neidzo (ngirozi) dzinobvisa zvinyoro-nyoro (mweya wevatendi).
3. Uye neidzo dzinopeperuka.
4. Uye neidzo dzinoenderera mberi nekumhanyidzana (ngirozi kana nyenyedzi kana mabhiza).
5. Uye idzo (ngirozi) dzinoronga kutevedzera mirairo yaTenzi vadzo, (saka zvirokwazvo imi vasingatendi muchabvunzwa).
6. Pazuva iro pasi rino nemakomo paachandengendeka zvakanyanya (uye wese achafa, hwamanda yekutanga yaridzwa).
7. Hwamanda yepiri paichaitevera (uye wese achamutswa).
8. (Mimwe) moyo zuva racho ichandengendeka nekutya.
9. Maziso avo achange akatsikitsira.
10. Vanoti: "Tichadzoserwa zvirokwazvo here pahupenyu hwedu hwekare?"
11. "Mushure mekunge tava mabhonzo akatsetseka?"
12. Vanoti: "Nokudaro kuchava kudzokera kwekurasikirwa!"
13. Asi zvirokwazvo icharidzwa (hwamanda) kamwechete (kuridzwa kechipiri, Surah 37: 19).
14. Apo vachazoona vava pamusoro pevhu (vari vapenyu mushure mekufa).
15. Hakuna here kuuya nhaurwa yaMusa kwauri?
16. Apo Tenzi vake vakamushevedza munzvimbo inoera yeTuwaa.
17. (Vakati kwaari): "Enda kuna Farawo, zvirokwazvo arikufurikidza mwero (nekusatenda nekuita zvakaipa)."
18. Omutaurira kuti: "Ungazvichenure here (kubva mukusatenda)?"
19. "Uye kuti ndive ndinokutungamira kuna Tenzi vako, kuti uve unovatya?"
20. Uye Musa akamuratidza chiratidzo chihombe.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

21. Asi (Farawo) akaramba uye haana kuteerera.

22. Uye akapfuratira, akashingirira (achipokana naAllah).

23. Uye akaunganidza (vanhu vake) ndokushevedzera,

24. Achiti: “Ndini Tenzi venyu mukuru”.

25. Saka Allah vakamukweva nemutongo wekubva kwekutanga nekupedzisira kwekuraudzira kwake.

26. Zvirokwazvo, mune izvi mune chidzidzo kune uyo anotya Allah.

27. Munonetsa kusika here kana kuti denga ravakagadzira?

28. Vakarisimudza vakarinatsurudza.

29. Husiku hwaro vakaufukidza nerima uye vakaburitsamo chiedza.

30. Uye mushure mezvo ndokubva vawaridza nyika.

31. Vakaunza kubvamo mvura uye nemafuro.

32. Uye nemakomo vakaiisa zvakasimba.

33. (Kuitira kuti) mubatsirikane nekudya kwenyu nemombe dzenyu.

34. Asi kana kukauya dambudziko guru (zuva rekutongwa).

35. Zuva iro munhu acharangarira zvaaiita.

36. Uye moto weGehena uchava pachena kune (wese) anoona.

37. Kune uyo aityora mitemo yese (nekusatenda nekusateerera Allah).

38. Uye akasarudza upenyu hwepasi pano (achiita zvido zvake),

39. Zvirokwazvo, Gehena ndiyo nzvimbo (yake) yokugara.

40. Asi uyo aitya kumira pamberi paTenzi vake, uye akazvidzora kubva kuhuipi hwakasviba uye nemakaro,

41. Zvirokwazvo, Paradhiso ndokwaachagara.

42. Vanokubvunza (Muhammad (SAW)) pamusoro penguva yekutongwa, kuti zuva racho ndirinhi?

43. Hauna ruzivo kutaura chimwe chinhu pamusoro payo.

44. Kuna Tenzi vako ndiko kune ruzivo rwenguva yacho.

45. Zvirokwazvo iwe (Muhammad (SAW)) uri muyambiri kune avo vanoritya.

46. Zuva ravachaiona kuchava sekunge havana kugara (pano panyika) kusiya kwemasikati kana mangwanani.

# CHITSAUKO ABASA

# (AKAFINYAMA) 80

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Akafinyama (Muhammad (SAW)) uye akafuratira.

2. Apo bofu (Abdullah Ibn Umm Maktoom) rakanga rauya kwaari (Muhammad (SAW) achiparidzira mukuru kana vakuru vemaQuraish).

3. Uye unoziva sei pamwe anogona kuzvichenura (kubva kuzvitadzo)?

4. Kana kuti anogona kuyeuka, uyezve yeuchidzo yobva yamubatsira?

5. Asi kune uyo akapfuma,

6. Kwaari unoenda,

7. Hapana mhosva kwauri kana iye asina kuzvichenura (kubva mukusatenda).

8. Asi kune uyo anouya kwauri achimhanya (nechido),

9. Uye achitya (Allah).

10. Kwaari ndiko kwausingaendi (kwausingaratidzi hanya).

11. Kwete! Zvirokwazvo, iri Qur’aan irangaridzo.

12. Naizvozvo uyo anoda, ngaarangarire.

13. (Zviri) muMagwaro anoremekedzwa (Al-Lauh Al-Mahfoodh).

14. Akasimudzirwa, akachenurwa.

15. Mumaoko evanyori (ngirozi),

16. Vanoremekedzeka uye vanoteerera.

17. Ngaashorwe munhu (asingatendi)! Nekusatenda kwake uku!

18. Kubva pai (munhu) vakamusika?

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

19. Kubva kuNutfah (Mvura yemurume nemukadzi) vakamusika uye vakanyatsomugadzira zvakanaka.
20. Uye vanomuitira kuti nzira imuitire nyore.
21. Uye vanomuita kuti afe uye vomuisa muguva.
22. Uye nekuda kwavo, vachamumutsa (zvekare).
23. Kwete! Asi (munhu) haana kuita zvaakaudzwa (zvaakakomekedzwa).
24. Naizvozvo rega munhu atarise chikafu chake.
25. Tinonaisa mvura yakawanda.
26. Uye zvirokwazvo tinopatsanura ivhu.
27. Uye tinoita kuti zvirimwa zvikure imomo.
28. Nemagirepi uye nechikafu chemombe.
29. Nema Orivhi uye miti yemadheti.
30. Nemapindu akasvibira akazara nemiti.
31. Uye michero nehuswa.
32. (Kuti zvive) rubatsiro (chikafu) kwamuri nezvipfuyo zvenyu.
33. Uye apo zuva rekutongwa parichauya (Hwamanda paicharidzwa kechipiri).
34. Zuva iri murume achatiza mukoma wake.
35. Uye amai nababa vake.
36. Uye mukadzi nevana vake.
37. Munhu wese zuva iri achange anezvinomukwanira zvichamuita kuti ashaye hanya nevamwe.
38. Zvimwe zviso zuva iroro zvichave zvakajeka (vatendi vechokwadi muIslaam).
39. Zvichiseka, zvichifara nemhaka yenhaurwa yakanaka (yeParadhiso).
40. Uye zvimwe zviso zuva iroro zvichange zvakasuwa.
41. Rima richava kwidibira.
42. Ava vanhu vange vasingatendi (kunaAllah) uye vachiita mabasa akaipa.

# CHITSAUKO AT-TAKWEER

# (KUPUTIRWA) 81

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Apo zuva parichaputirwa, uye chiedza charo chobva.

2. Uye apo nyeredzi padzichadonha.

3. Uye apo makomo paachaitwa kuti afambe (achibva panzvimbo dzawo).

4. Uye apo ngamera dzakazvitakura dzichasiiwa dzisina muchengeti.

5. Uye apo zvikara zvesango pazvichaunganidzwa.

6. Uye apo makungwa paachatungidzwa ova moto (kana paachapfachukira).

7. Uye apo mweya ichabatanidzwa nemitumbi yayo (yakanaka neyakanaka uye yakaipa neyakaipa).

8. Uye apo mwanasikana akavigwa ari mupenyu (sezvaiitwa nemaArabhu vasati vave maMuslim) paachabvunzwa:

9. Kuti chitadzo chei chaakaurairwa?

10. Uye apo mabhuku (emabasa akanaka neakaipa) achavhurwa.

11. Uye denga richasiiwa pachena robviswa panzvimbo paro.

12. Uye apo Gehena richatungidzwa.

13. Uye apo Paradhiso richaiswa pedyo.

14. Munhu wese achaziva zvaakatungamidza (mabasa akanaka neakaipa).

15. Naizvozvo, ndinopika nepasi pose panotaramuka (zvisikwa zvomudenga zvinonyangarika masikati zvobudikira usiku).

16. Uyezve (ndinopika) nepasi pose panofamba nekukurumidza nekuzvihwandisa.

17. Uye neusiku paunoenda.

18. Uyezve nemambakwedza pakunochena.

19. Zvirokwazvo, iri (Qur’aan) ishoko (rakaunzwa) nemutumwa anoremekedzeka (Gabriel, kubva kuna Allah richienda kuna Mutumwa Muhammad (SAW)).

20. Anemasimba kuna (Allah), Tenzi vechigaro (chepamusoro).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

21. Anoteererwa (nengirozi kudenga) uye akavimbika.

22. Uye (Imi vanhu) mumwe wenyu (Muhammad (SAW)) haapengi.

23. Uye zvirokwazvo iye (Muhammad (SAW)) akamuona (Jibreel – Gabriel (AS)) mudenga makachena (kumabhazuva).

24. Uye iye (Muhammad (SAW)) haavigi ruzivo rwezvakavanzika.

25. Uye iri (Qur’aan) harisi shoko raShaitwaan (satani) akarasiririrwa.

26. Naizvozvo murikunanga kupi?

27. Zvirokwazvo, harisi chimwe chinhu kunze kweyeuchidzo kunyika dzose (Vanhu nemaJinn).

28. Kune wese kwamuri anoshuvira kutora nzira yakatwasuka.

29. Uye hapana chamunoshuvira kusara kweizvo zvinoshuvirwa naAllah, Tenzi venyika dzose.

# CHITSAUKO AL-INFITWAAR

# (KUPATSANUKA) 82

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Apo denga parichapatsanurwa.

2. Uye apo nyeredzi padzichadonha dzakamwararira (dzakafararira).

3. Uye apo nzizi padzichazarisa (padzichapfachukira).

4. Uye apo makuva paachashandurwa (achiburitsa zvinenge zviri maari).

5. (Ipapo) Munhu achaziva zvaakaita uye zvaakasiya (zvaasina kuita).

6. Iwe munhu! Chii chakuita kuti ushaye hanya nezvaTenzi vako, vanoremekedzwa?

7. Avo vakakusika, vakakupa chimiro chakanaka, uye vakakupa zvakaenzanirana.

8. Mune ipi nzira yavaida, vakakuisa (vakakuunza) pamwechete.

9. Asi munoramba Ad-Deen (zuva rekutongwa).

10. Uye zvirokwazvo pamusoro penyu (pane ngirozi dzakasarudzwa) kuti dzikutarisei,

11. Kiraaman (dzinoremekedzeka) Kaatibeen dzichinyora pasi (mabasa enyu).

12. Dzinoziva zvose zvamunoita.

13. Zvirokwazvo, Al-Abraar (vatendi vatsvene) vachava mumufaro (Paradhiso).

14. Uye zvirokwazvo, Al-Fujjaar (vatadzi) vachava mumoto unopisa.

15. Vachapindamo, voravira marimi awo (moto) anopisa pazuva rekutongwa.

16. Uye imomo havazomboshaikwi.

17. Uye chii chichaita kuti uzive chinonzi zuva rekutongwa?

18. Zvakare, chii chichaita kuti uzive zuva rekutongwa?

19. Zuva iro hapana munhu achange aine simba rekuiitira mumwe chii zvacho, uye mutongo, zuva iroro uchange uina Allah.

# CHITSAUKO AL-MUTWAFFIFEEN

# (AVO VANOBIRIDZIRA) 83

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Matambudziko kune Al-Mutwaffifoon (avo vanobiridzira, vanopa zvishoma pakuera nepauremu).

2. Avo kana vachitambira mupimo kubva kuvanhu vanoda mupimo wakazara.

3. Uye kana vachipa nemupimo kana huremu kune (vamwe) vanhu vanopa zvishoma.

4. Havafungi here kuti vachamutswa,

5. Pazuva guru?

6. Zuva iro vanhu vachamira pamberi paTenzi vepasi rose.

7. Kwete! Zvirokwazvo, zvinyorwa zvemabasa evatadzi zviri muSijjeen.

8. Uye chii chinoita kuti uzive kuti Sijjeen chii?

9. Ibhuku rakanyorwa.

10. Matambudziko pazuva iroro kune avo vanoramba.

11. Avo vanoramba zuva rekutongwa.

12. Uye hapana anoriramba kusara kweuyo anopfurikidza miganhu (pakusatenda, pakudzvinyirira uye pakusateerera Allah), mutadzi!

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

13. Kana ndima dzedu dzichiverengwa kwaari anoti: “Inyaya dzevanhu vakare!”

14. Kwete! Asi pamoyo yavo pane Raan (chivharo chezvitadzo nemabasa akaipa) avaiwana.

15. Kwete! Zvirokwazvo, (vatadzi) vachavharidzirwa kuona Tenzi vavo pazuva iroro.

16. Uye zvirokwazvo vachava vanopinda murima remoto weGehena.

17. Uye zvichanzi kwavari: “Izvi ndizvo zvamairamba!”

18. Kwete! Zvirokwazvo, zvinyorwa zvemabasa evatendi zviri muIlliyyoon.

19. Uye chii chinoita kuti uzive kuti Illiyyoon chii?

20. Ibhuku rakanyorwa.

21. Iro rinoitirwa uchapupu nevaripedyo (ngirozi).

22. Zvirokwazvo, vatendi (muIslaam) vachange vari mumafaro (Paradhiso).

23. Pazvigaro, vachitarisa (zvinhu zvose).

24 Uchaona pazviso zvavo kubwinya kwemufaro.

25. Vachapihwa waini yakavharwa kuti vamwe.

26. Kwekupedzisira kwayo (waini) kuchange kuine munhuwi weMasiki (wakanaka).

27. Ichange (waini) yakasanganiswa neTasneem,

28. Chitubu, chichange chichinwirwa nevari pedyo naAllah.

29. Zvirokwazvo, (panyika) avo vaiita mabasa akaipa vaiseka avo vaitenda.

30. Uye, pose pavaipfuura nepavari vaitsonyana.

31. Uye pose pavaidzokera kuvanhu vavo, vaidzoka vachiseka vachifara.

32. Uye pavaivaona vaiti: “Zvirokwazvo, ava ndivo vakarasika!”

33. Asi avo (vasingatendi, vatadzi) havana kutumwa sevachengetedzi (vevanotenda).

34. Asi zuva ranhasi (zuva rekutongwa) avo vanotenda vachange vachiseka vasingatendi.

35. Vari pazvigaro, vachitarisa (zvinhu zvose).

36. Ko vasingatendi havana here kupihwa mubairo wavo (zvizere) wezvavaiita?

# CHITSAUKO AL-INSHIQAAQ

# (KUPATSANUKA) 84

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Apo denga parichapatsanurwa.
2. Uye roteerera Tenzi waro – uye rinofanira kudaro.
3. Uye apo pasi richatambanudzwa.
4. Uye parichabuditsa zvose zvaiva mariri rosara risina chinhu.
5. Uye roteerera Tenzi waro - uye rinofanira kudaro.
6. Iwe munhu! Zvirokwazvo, uchadzokera kuna Tenzi vako nemabasa ako (akanaka neakaipa) kudzokera kwechokwadi, uye uchasangana nawo (mabasa awaiita).
7. Kune uyo achapihwa gwaro (bhuku) rake kuruoko rwake rwekurudyi.
8. Chokwadi achawana mutongo wakareruka.
9. Uye achadzokera kumhuri yake aine mufaro!
10. Asi uyo achapihwa gwaro rake nekumashure kwake.
11. Achava anodaidzira matambudziko (kuparadzwa kwake).
12. Uye achava anopinda moto unopisa.
13. Zvirokwazvo, aiva pakati pevanhu vake aine mufaro!
14. Zvirokwazvo, aifunga kuti haazombodzokeri (kwatiri)!
15. Hongu! Zvirokwazvo, Tenzi vake vaimuona!
16. Saka ndinopika nemadeukazuva (nguva dzerubvunzavaeni).
17. Uye neusiku nezvose zvaunofukidza nerima.
18. Uye nemwedzi apo paunenge wakazara.
19. Muchava munofamba kubva kune chimwe chikamu kuenda kune chimwe chikamu (paupenyu hwepano pasi nehwuchatevera).
20. Dambudziko ravo nderei rekuti havatendi?
21. Uye kana Qur’aan richiverengwa kwavari, havaisi zviso zvavo pasi.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

22. Asi, avo vasingatendi vanoramba (Muhammad (SAW) nezvose zvaakauya nazvo, Qur'aan iri nekutenda muhumwechete waAllah).

23. Uye Allah vanoziva zvikuru zvavanounganidza (zvakanaka nezvakaipa).

24. Saka vaudze nezvemutongo unorwadza.

25. Kusara kweavo vanotenda vachiita mabasa akanaka, vachava nemugove usingazombofa wakasvika kumagumo (Paradhiso).

# CHITSAUKO AL-BUROOJ

# (NYEREDZI DZIHOMBE) 85

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. (Ndinopika) nedenga rakabata nyenyedzi dzihombe.

2. Uye nezuva rakatsidzwa (zuva rekutongwa).

3. Uye nechinopupura (zuva rechishanu) uye chinopupurirwa (musi weArafah mumwedzi we Dhul-Hijjah).

4. Vakatukwa (vakarengerwa) vanhu veAl-Ukhdood (Gomba) (Panyaya yemukomana na mambo).

5. (Vanhu) vemoto wakakuchidzirwa nebvavi (mafuta).

6. Apo pavakagara pawaiva uri (moto).

7. Uye vakapupura izvo zvavaiita vakanangana nevatendi (kuvapisa).

8. Uye vakange vasina mhosva kusara kwekuti vakatenda muna Allah, mukuru wazvose, vane kurumbidzwa kwose!

9. Avo vane humambo hwekudenga nepasi! Uye Allah mupupuri wezvose.

10. Zvirokwazvo, avo vanoedza vanhurume nevanhukadzi vanotenda (nokuvarwadzisa nekuvapisa), uye voregerera kukumbira ruregerero (kuna Allah), vachave nemutongo weGehena, uye vachave nomutongo wemoto unopisa.

11. Zvirokwazvo, avo vanotenda nokuita mabasa akanaka, vachave neminda iyo nzizi dzichange dzichierera muzasi mayo (Paradhiso). Uku ndiko kubudirira kukuru.

12. Zvirokwazvo, (Iwe Muhammad (SAW)) mutongo waTenzi vako wakaomarara.



NEW & EXCLUSIVE

13. Zvirokwazvo, ndivo vanotanga (mutongo) uye vanodzokorora (mutongo pazuva rekutongwa). (Kana kuti ndivo vanotanga kusika zvinhu zvese, uye vachadzokorora kusika pazuva rekutongwa).

14. Uye ndivo muregereri, vane rudo rwose (kune vatsvene vanotenda muIslaam).

15. Muridzi wechigaro chehumambo, murumbidzwi.

16. Muiti wechose chavada.

17. Yakasvika here kwauri nyaya yemauto,

18. A Farawo uye nemaThamood?

19. Asi, avo vasingatendi vakashingirira mukuramba (Muhammad (SAW) neshoko rake reIslaam).

20. Uye Allah vanovakomberedza kubva kumashure kwavo (Allah vanoziva mabasa avo ese uye vachavapa mubhadharo wavo)!

21. Asi iri iQur'aan rinorumbidzwa,

22. (Rakanyorwa) Mugwaro rakachengetedzwa (Al-Lauh Al-Mahfoodh)!

# CHITSAUKO AT-TWAARIQ

# (NYENYEDZI INOUYA USIKU) 86

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. (Ndinopika) nedenga, neAt-Twaariq (nyenyedzi inouya usiku).

2. Uye chii chichakuita kuti uzive kuti At-Twaariq chii?

3. Inyenyedzi inopenya zvikuru.

4. Munhu wose ane muchengetedzi pamusoro pake (ngirozi dzinoona nezvemunhu wose, kumuchengetedza, kunyora mabasa ake akanaka neakaipa).

5. Naizvozvo munhu ngaatarise kuti akasikwa kubva pai!

6. Akasikwa kubva mumvura inobuda nesimba.

7. Inobva pakati pemuzongoza nembabvu.

8. Zvirokwazvo, (Allah) vane simba rekumudzora (kuhupenyu)!

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

9. Zuva zvakavanzika (mabasa, minamato, kutsanya, nezvimwewo) zvichaongororwa (zvichaburitswa).

10. Naizvozvo achange asina simba kana mubatsiri.

11. (Ndinopika) nedenga (rine makore emvura) rinopa mvura, nguva nenguva.

12. Uye nepasi rinotsemuka (nekukura kwemiti nezvirimwa).

13. Zvirokwazvo, (Qur'aan) iri ishoko rinopatsanura (chokwadi kubva kumanyepo).

14. Uye harisi chinhu chedambe.

15. Zvirokwazvo, vari kuronga hurongwa (hwekukuvhiringidza Muhammad (SAW)).

16. Uye ini (wo) ndiri kuronga hurongwa.

17. Naizvozvo chimbononotsa vasingatendi, wovasiya kwekanguva.

# CHITSAUKO AL-A'LA

# (VEPAMUSORO-SORO) 87

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Kudza Zita raTenzi vako, vepamusoro-soro.

2. Avo vakasika (zvinhu zvose) vakazvishongedza.

3. Uye avo vakaronga (mafambiro ezvinhu zvese), uye vakatungamira (vakaratidza vanhu nzira yakanaka kubva kune yakaipa, uye vakaratidza mhuka mafuro adzo).

4. Uye avo vanobuditsa mafuro.

5. Uye vomaita (mafuro) kuti aome, oita ruvara rwakasvibira.

6. Tichakuita kuti uverenge (Qur'aan), saka (Muhammad (SAW)) hauzombokanganwi.

7. Kunze kweizvo Allah zvavanoda. Zvirokwazvo, (Allah) vanoziva zviri pachena nezvakavanzika.

8. Uye tichakurerutsira nzira iri nyore (kuita mabasa akanaka).

9. Naizvozvo yeuchidza (vanhu) kana yeuchidzo ichibatsira.

10. Rangaridzo ichatambirwa neuyo anotya (Allah).

11. Asi icharambwa nemuipi.

12. Uyo achapinda moto mukuru.

13. Zvakare imomo haazombofi (kuti azorore) kana kurarama (hupenyu hwakanaka).

14. Zvirokwazvo uyo anozvichenesa (kubva mukusatenda uye otambira Islaam) achava anobudirira.

15. Uye achirangarira zita raTenzi vake, uye achinamata (kashanu pazuva uye achiita minamato isina kukomekedzwa).

16. Asi munoshuvira upenyu wepano pasi.

17. Kunyangwe upenyu uchatevera uri nani uye haugumi.

18. Zvirokwazvo, izvi zviri muMagwaro ekutanga.

19. Magwaro aAbrahamu naMusa.

# CHITSAUKO AL-GHAASHIYAH

# (ZUVA REKUTONGWA) 88

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Ko mashoko ezuva remukomberedzo (rekutongwa) akasvika kwauri here?

2. Zvimwe zviso pazuva iroro zvichadupukiswa (mumoto, zviso zvevasingatendi).

3. Kusevenza (zvakanyanya muhupenyu hwepano pasi nekunamata zvimwe kunze kwaAllah), kunetseka (muhupenyu hwamangwa nekushorwa).

4. Vachapinda mumoto unopisa.

5. Vachapihwa kunwa kubva muchitubu chinokwata (fashaira).

6. Vachange vasina chekudya kusara kwemuti weminzwa une muchetura.

7. Usingavagutsi kana kuvadzivirira kubva kunzara.

8. (Zvimwe) zviso pazuva iroro zvichange zvichifara.

9. Vachifadzwa nemabasa avo (akanaka nekutenda kwavo muIslaam) .

10. Mubindu (Paradhiso) repamusoro.

11. Uko kwavasinganzwi manyepo.

12. Mariri (bindu) muchange muine chitubu chinoerera.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

13. Mariri (bindu) muchange muine mibhedha yakareba (zvigaro zvakasimudzwa zviri pamusoro).

14. Uye makomichi akarongedzwa.

15. Uye mapiro akarongwa mumitsara.

16. Uye makapeti epamusoro (ose) akawaridzwa.

17. Havatarisi here ngamera masikirwo ayakaitwa?

18. Uye denga masimudzirwo arakaitwa?

19. Uye makomo kuti akamiswa sei (zvakasimba)?

20. Uye pasi kuti rakatambanudzwa sei?

21. Naizvozvo yeuchidza (Muhammad (SAW)), zvirokwazvo uri muyeuchidzi.

22. Hausi muchengetedzi wavo (Hauna masimba pamusoro pavo).

23. Kusara kweuyo anopikisa uye osiya kutenda.

24. Uye Allah vachamutonga nemutongo wakakurisisa.

25. Zvirokwazvo, kwatiri ndiko kune kudzokera kwavo.

26. Uye zvirokwazvo, kwatiri ndiko kune kutongwa kwavo.

# CHITSAUKO AL-FAJR

# (MAMBAKWEDZA) 89

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. (Ndinopika) nemambakwedza.

2. Neusiku gumi (mazuva gumi ekutanga kwemwedzi weDhul-Hijjah).

3. Uye nezvinhu zvinofambidzana muuviri uye zvakapfunda.

4. Neusiku apo paunopfuura.

5. Zvirokwazvo mazviri mune humboo kuvanhu vanonzwisisa.

6. Hauoni here (Iwe Muhammad (SAW)) kuti Tenzi vako vakaita sei nemaAad,

7. VeIram (vaive vakareba) kunge mapango,

8. Vasina vamwe vakasikwa saivo panyika?

9. Uye maThamood, avo vaiveza matombo mumupata (vachigadzira dzimba)?

10. Uye (na)Farawo muridzi wehoko (dzaaishandisa kurwadzisa vanhu).

11. Avo vaipfurikidza mwero panyika.

12. Uye vachikonzera nyonga nyonga zvakanyanya mairi (nyika).

13. Naizvozvo Tenzi vako vakaisa pavari (vanhu) mitongo yakasiyana siyana yakaoma.

14. Zvirokwazvo, Tenzi vako vanoona.

15. Kana munhu, Tenzi vake kana vachinge vamuedza nekumupa chiremera nemakomborero, ipapo anobva ati: “Tenzi vangu vandipa chiremera!”

16. Asi kana (Allah) vakamuedza nekushomesa (kutambura) raramo yake anoti: “Tenzi vangu vandidzikisira!”

17. Kwete! Asi hamubati nherera zvakanaka (uye hamudzipi nhaka yadzo yakakwana)!

18. Uye hamukurudzirani kupa chikafu kuAl-Miskeen (anoshaya)!

19. Uye munodya nhaka nemakaro.

20. Uye munoda hupfumi nerudo rwakanyanya.

21. Kwete! Apo nyika paichakuiwa kuita huruva.

22. Uye Tenzi vako vouya nengirozi dziri mumitsara.

23. Uye Gehena richaunzwa pedyo musi uyu. Pazuva iroro munhu acharangarira, asi kurangarira (kwake) kuchamubatsirei?

24. Achati: “Matambudziko kwandiri! Dai ndakatungamidza (mabasa akanaka) paupenyu hwangu!”

25. Saka pazuva iri hapana achatonga sematongero avachaita (Allah).

26. Uye hapana achasunga (vasingatendi nevaiti vemabasa akashata) semasungiro avo (Allah).

27. (Zvichanzi kuvatsvene): “Iwe mweya uri pazororo!

28. Dzoka kunaTenzi vako, uchifadzwa (navo) uye vachifadzwa newe!

29. Naizvozvo, pinda pakati pevaranda vangu (vanoremekedzeka),

30. Uye pinda muParadhiso rangu!”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

# CHITSAUKO AL-BALAD (GUTA) 90

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Ndinopika neguta iri (Makkah).
2. Uyezve hauna mhosva neguta iri (Wakasununguka muGuta iri).
3. Uyezve nemubereki (Adam (AS)) nezvaakabereka (vana vake).
4. Zvirokwazvo, tave tinosika munhu mumatambudziko.
5. Anofunga here kuti hapana anomukurira?
6. Anoti (mukuzvikudza): “Ndave ndinorasa hupfumi hwakawanda!”
7. Anofunga here kuti hapana anomuona?
8. Hatina here kumugadzirira maziso maviri?
9. Uye rurimi nemiromo (wezasi newepamusoro)?
10. Uye tikamuratidza nzira mbiri (yakanaka neyakaipa)?
11. Asi haana kumboedza kupfuura nenzira yakatevenuka (yakareruka).
12. Uye chii chichakuita kuti uzive kuti nzira yakatevenuka chii?
13. Kusunungura muranda (musungwa).
14. Kana kupa chikafu muzuva renzara,
15. Kunherera yepedyo.
16. Kana kune murombo akarara muvhu (nokuda kweurombo).
17. Uye akazove umwe weavo vanotenda (muIslaam), uye vakakomekedzana kutsungirira, uye vakakomekedzana kunzwira tsitsi.
18. Ndivo avo veruoko rwerudyi (vanhu veParadhiso).
19. Asi avo vasina kutenda muzviratidzo zvedu, ndeavo veruoko rweruboshwe (vanhu vekumoto).
20. Vachave vanovharirwa nemoto (Moto uchavakomberedza kubva kumativi ese).

# CHITSAUKO ASH-SHAMS (ZUVA) 91

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. (Ndinopika) nezuva nekubwinya kwaro.
2. Nemwedzi paunoritevera (zuva).
3. (Ndinopika) nemasikati paanoratidza (kubwinya kwezuva).
4. Neusiku paunorivhara (zuva).
5. Nedenga neavo vakarivaka.
6. (Ndinopika) nepasi neavo vakari tambanudza.
7. Nemoyo (munhu) neavo vakamugadzira mune zvakanaka.
8. Uye vakamuratidza zvakaipa kwaari nezvakanaka kwaari.
9. Zvirokwazvo, anobudirira uyo anozvichenesa (anotevedzera Islaam).
10. Uye zvirokwazvo anokundikana uyo anozvikanganisira pachake (anoramba Islaam).
11. (Vanhu) veThamud vakaramba kuburikidza nekudarikidza kwavo mitemo (vairamba chitendero chechokwadi, Islaam, uye vachiita mabasa akaipa).
12. Apo muipi wavo akaenda mberi (kuti auraye ngamera).
13. Asi mutumwa waAllah (Swaalih (AS)) akati kwavari: “Iyi ingamera yaAllah (musaikuvadze), uye (musairambidze) kunwa kwayo!”
14. Naizvozvo vakamuramba uye vakaiuraya. Naizvozvo Tenzi vavo vakavaparadza nekuda kwechitadzo chavo, uye vakavaenzanisa mukuparadzwa (vanhu vose, vapfumi, nevarombo, vane simba nevasina simba).
15. Uye ivo (Allah) havana kutya zvichaitika mumashure mazvo.

# CHITSAUKO AL-LAYL (USIKU) 92

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. (Ndinopika) neusiku apo paunosvika.
2. Nemasikati apo paanobwinya.
3. Neavo vakasika chirume nechikadzi.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

4. Zvirokwazvo, simba nemabasa enyu akasiyana siyana;
5. Kune uyo anopa (zvipo) uye achitya Allah,
6. Uye achitenda mune zvakanaka (Laa ilaaha illallaah – Hakuna ane kodzero yokunamatwa kunze kwaAllah; kana kuti mubairo kubva kuna Allah),
7. Tichava tinomurerutsira nzira yakanaka.
8. Asi uyo asingapi (anonyima), uye achifunga kuti mupfumi (haana chaanoda kubva kune umwe munhu),
9. Uye achiramba Al-Husna (zvakanaka: Laa ilaaha illallaah, kana kuti mubairo kubva kunaAllah),
10. Tichava tinomurerutsira nzira yakaipa.
11. Uye hupfumi hwake huchamubatsira chii paachawira pasi (mumatambudziko)?
12. Zvirokwazvo, kwatiri ndiko kune nhungamiro.
13. Uye zvirokwazvo kwatiri ndiko kune magumo nemavambo (upenyu hwepano pasi neuchatevera).
14. Naizvozvo ndinokuyambirai nezvemoto unopisa (Gehena).
15. Hapana achaupinda kunze kweavo vachange vasina mufaro.
16. Avo vanoramba vofuratira.
17. Uye Al-Muttaqoon (vatsvene, vanhu vanotya Allah) vachaiswa kure nawo (moto weGehena).
18. Uye anopa hupfumi hwake kuti azvichenese,
19. Uye uyo asiri kuripa chakanaka chaakaitirwa naani zvake,
20. Kunze kwekuti achitsvaga chiso (kufadza) chaTenzi vake vepamusoro-soro.
21. Uye zvirokwazvo mushure maizvozvo, achava anofara (paachapinda Paradhiso).

# CHITSAUKO AD-DHUHAA

# (MANGWANANI ZUVA RICHANGOBUDA) 93

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. (Ndinopika) nenguva yemangwanani (zuva richangobuda).
2. (Ndinopika) nenguva yemanheru apo painoita rima.



NEW & EXCLUSIVE

3. Tenzi vako (Iwe Muhammad (SAW)) havana kukurasirira kana kukuvenga.

4. Uye zvirokwazvo hupenyu hwemangwana hwakanaka kwauri kukunda hupenyu hwenyika ino.

5. Uye zvirokwazvo, Tenzi vako vachakupa (zvakanaka) naizvozvo ugofara.

6. Havana here kukuwana (Muhammad (SAW)) uri nherera ndokubva vakuchengetedza?

7. Uye vakakuwana wakarasika ndokubva vakutungamirira.

8. Uye vakakuwana uri murombo ndokubva vakuita mupfumi (mugutsikani nezvaunazvo).

9. Naizvozvo, usachengete nherera nehudzvanyiriri.

10. Uye usadzinge uyo anokumbira (mupe).

11. Uyezve taura pamusoro pemakomborero aTenzi vako (awakapiwa, Huporofita nemamwewo).

# CHITSAUKO ASH-SHARH

# (KUVHURA) 94

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Hatina here kukuvhura chipfuva chako (Iwe Muhammad (SAW))?

2. Uye tikabvisa kubva kwauri misengwa yako,

3. Iyo yairemera musana wako (yaidzikisira chimiro chako)?

4. Uye tikasimudzira kuzivikanwa kwako?

5. Zvirokwazvo, pane matambudziko pane kugarika.

6. Zvirokwazvo, pane matambudziko pane kugarika.

7. Naizvozvo kana wapedza (basa rako), zvipire (kuna Allah uchivanamata).

8. Uye kuna Tenzi vako zvipire nekuvimba kwako kwose.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

## CHITSAUKO AT-TEEN (MUONDE) 95

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. (Ndinopika) nemuonde, uye nemu orivhi.
2. Negomo reSinai.
3. Neguta iri (Makkah) rakachengetedzeka.
4. Zvirokwazvo, takasika munhu ane chimiro chakanaka.
5. Ndokubva tamudzikisira kusvika pakupedzisira.
6. Kusara kweavo vanotenda (muIslaam) uye vachiita mabasa akanaka. Vachawana mubairo usingaperi (Paradhiso).
7. Nokudaro chii chinoita (iwe asingatendi) kuti urambe zuva rekutongwa?
8. Havasi here Allah mutongi vanoziva pamusoro pevatongi vose?

## CHITSAUKO AL-ALAQ

## (BUMBU REROPA) 96

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Verenga! Muzita raTenzi vako avo vakasika (zvinhu zvese).
2. Vakasika munhu kubva mubumbu reropa.
3. Verenga! Uye Tenzi vako ndivo mukomboreri mukuru.
4. Avo vakadzidzisa (kunyora) nechinyoreso.
5. Vakadzidzisa munhu izvo zvaakanga asingazivi.
6. Asi, zvirokwazvo, munhu anodarika mirairo.
7. Nokuda kwekuti anozviona sekunge akapfuma.
8. Zvirokazvo, kuna Tenzi vako ndiko kune kudzokera.
9. Wakamuona here (Muhammad (SAW)) uyo anodzivirira (anorambidza - Abu Jahl),
10. Muranda (Muhammad (SAW)) kana achinamata?

11. Wakamboona here kana iye (Muhammad (SAW)) ari kutungamirwa (naAllah),

12. Kana ari kukomekedza kutya (Allah)?

13. Wakamboona here kana iye (Abu Jahl) achiramba chokwadi (Qur'aan) uye achifuratira?

14. Haazivi here kuti Allah vanoona (zvose)?

15. Asi, kana asina kusiya (Abu Jahl), tichamubata nebvudzi rekumberi,

16. Bvudzi repamberi (pemusoro) rinonyepa nekukanganisa!

17. Naizvozvo chimusiyai adaidze dare rake (revabetseri).

18. Isu tichadaidza vachengeti veGehena (kuti vaone chekuita naye)!

19. Kwete! (Muhammad (SAW)) usamuteerera (Abu Jahl). Pfugama uye uswedere pedyo (naAllah)!

# CHITSAUKO AL-QADR

# (CHISUNGO) 97

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Zvirokwazvo, takaridzikisa (Qur'an iri) muusiku hwechisungo.

2. Uye chii chichaita kuti uzive kuti usiku hwechisungo chii?

3. Usiku hwechisungo huri nani kukunda churu chemwedzi (kunamata Allah mauri kuri nani kupfuura kunamata churu chemwedzi (makore makumi masere nematatu, nemwedzi mina).

4 Mauri munodzika ngirozi nemweya mutsvene (Gabriel) nemvumo yaTenzi vavo nezvisungo zvose.

5. (Usiku hwese) Pane runyararo (uye zvakanaka kubva kuna Allah zvichienda kuvaranda vavo vanotenda) kusvikira nguva yemambakwedza.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

# CHITSAUKO AL-BAYYINAH

# (HUMBOO HWAKAJEKA) 98

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Avo vasingatendi kubva kuvanhu veBhuku (maJudha nemaKristu) nemaMushrikoon (avo vanonamata zvidori, kana kuti Allah vachivasanganisa nezvimwe zvinhu), vakanga vasingazosiyi (kusatenda) kusvikira humboo huri pachena hwauya kwavari.

2. Mutumwa (Muhammad (SAW)) kubva kuna Allah, achiverenga bhuku rakachenurwa (Qur'aan rakachenurwa kubva kumanyepo).

3. Mariri mune mitemo yakatwasuka (kubva kuna Allah).

4. Uye vanhu veBhuku (maJudha nemaKristu) havana kusiyana asi mushure mokunge humboo hwakajeka hwauya kwavari.

5. Uye havana kukomekedzwa asi kunamata Allah, uye kunamata Allah chete voga, uye kuita Swalaah (Munamato), uye kupa Zvipo (Zakaah), uye ichi ndicho chitendero chakatwasuka.

6. Zvirokwazvo, avo vasingatendi kubva muvanhu veBhuku (maJudha nemaKristu) nemaMushrikoon (avo vanonamata zvidori, kana kuti Allah vachivasanganisa nezvimwe zvinhu) vachange vari mumoto weGehena vachigara imomo. Vanhu vakadaro ndivo zvisikwa zvakashata.

7. Zvirokwazvo, avo vanotenda (muIslaam), uye vachiita mabasa akanaka, vanhu vakadaro ndivo zvisikwa zvakanaka.

8 Mubairo wavo unaTenzi vavo, Paradhiso rine nzizi dzinoerera pasi paro.Vachagara imomo zvachose. Allah vachafadzwa navo uye ivo vachafadzwa navo (Allah). Izvi ndezve uyo anotya Tenzi vake.

# CHITSAUKO AL-ZILZAAL

# (KUDENGENYEKA KWENYIKA) 99

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Kana nyika yodengenyetswa nekudengenyeka kwayo.

2. Uye kana nyika yoburitsa misengwa yayo (zvayakaviga).

3. Uye munhu achati: “Chii chiri kunetsa pairi?”

4 Nezuva iroro ichataura mashoko ayo (zvaiitika pamusoro payo zvakanaka nezvakaipa).

5. Nokuda kwekuti Tenzi vako vanenge vaiudza izvozvo.

6. Nezuva iroro vanhu vachaenda muzvikwata kuitira kuti vagotaridzwa mabasa avo.

7. Naizvozvo uyo anenge aita chakanaka chakafanana nehuremu hwekasvosve kamwechete achachiona.

8. Uye uyo anenge aita chakaipa chakafanana nehuremu hwekasvosve kamwechete achachiona.

# CHITSAUKO AL-AADIYAAT

# (AYO ANOMHANYA) 100

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Ndinopika nemabhiza anomhanya achifemereka.

2. Achiburitsa zvimvari zvemoto (nemakumbo awo).

3. Uye achimhanyira kunorwa mambakwedza.

4. Uye achipfumbura huruva nawo.

5. Uye achipinda nawo mukati (memuvengi).

6. Zvirokwazvo, munhu haatendi Tenzi vake.

7. Uye zvirokwazvo iye ichapupu kune izvozvo (nemabasa ake).

8. Uye zvirokwazvo anosimbirira mukuda zvakanaka (hupfumi).

9. Haazivi here kuti apo zviri mumakuva zvichaburitswa?

10. Uye izvo zviri muzvipfuva pazvichaitwa kuti zvizivikanwe?

11. Zvirokwazvo, nezuva iroro Tenzi vavo vachange vachinyatsoziva nezvavo (mabasa avo uye vovapa mubairo wavo).

# CHITSAUKO AL-QAARI'AH

# (NGUVA YOKUPARADZWA) 101

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Nguva yokuparadzwa (zuva rokumutswa)!

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

2. Chii chinonzi nguva yokuparadzwa?

3. Uye chii chichakuita kuti uzive kuti nguva yokuparadzwa chii?

4. Izuva iro vachange vakaita sokunge shave-shave dzakaparararira.

5 Uye makomo achaita sokunge shinda (wuru) yakaparadzirwa.

6. Asi kune uyo huremu hwemabasa ake (akanaka) huchange huchirema,

7. Achagara hupenyu hunofadza (kuJannah).

8. Asi kune uyo huremu hwemabasa ake achange asingaremi,

9. Achawana imba yake iri Haawiya (gomba, Gehena).

10. Uye chii chichakuita kuti uzive kuti chii?

11. Imoto unovirima (viriri remoto)!

# CHITSAUKO AT-TAKAATHUR

# (KUUNGANIDZA) 102

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Kuunganidza (zvenyika) kunokuitai kuti murivare.

2. Kusvikira mashanyira makuva (mafa).

3. Kwete! Muchasvika pakuziva!

4. Zvakare kwete! Muchasvika pakuziva!

5. Kwete! Dai maiziva noruzivo rwechokwadi (magumo ekuunganidza, maisadaro).

6. Zvirokwazvo, muchaona viriri remoto (weGehena)!

7. Uye zvakare, muchauona (iwo moto) nemeso akajeka!

8. Uye nezuva iroro zvirokwazvo muchabvunzwa nezvemafaro (zvamaiita panyika)!

# CHITSAUKO AL-ASR (NGUVA) 103

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. (Ndinopika) nenguva.
2. Zvirokwazvo munhu akarasika.
3. Kusara kweavo vanotenda (muhumwechete hwaAllah), uye vachiita mabasa akanaka, uye vachikurudzirana chokwadi (kuita mabasa akanaka akatarwa naAllah nekusiya akaipa), uye vachikurudzirana kuva netariro (kutsungirira kubva kumatambudziko anovawana munzira yaAllah).

# CHITSAUKO AL-HUMAZAH

# (MUNYEPI) 104

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Matambudziko kune wese anonyepera vamwe uye anonyeya.
2. Uyo akaunganidza hupfumi uye akahuverenga.
3. Anofunga kuti hupfumi hwake huchamuita kuti agare nokusingaperi!
4. Kwete! Achakandwa mumoto unoparadza.
5. Uye chii chichaita kuti uzive kuiti moto unoparadza chii?
6. Moto waAllah wakatungidzwa.
7. Uyo unopisa pamusoro pemoyo.
8. Zvirokwazvo, uchavharwa pamusoro pavo.
9. Mumitsigo yakatambanudzwa (kuti vacharangwa mumoto une mitsigo).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

# CHITSAUKO AL-FEEL (NZOU) 105

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Hauna kuona (Iwe Muhammad (SAW)) here zvakaitwa naTenzi vako kuvaridzi venzou? (Mauto ane nzou akabva kuYemen achitungamirirwa na Abrahah Al-Ashram vane chinangwa chekuparadza Ka'bah kuMakkah).
2. Havana kuita here kuti hurongwa hwavo hurasike (hushaye basa)?
3. Uye vakavatumira shiri muzvikwata.
4. Dzichivatema nematombo akaumbirwa (Sijjeel).
5. Uye vakavaita sokunge munda (usina chunhu) wakadyiwa (nemombe).

# CHITSAUKO QURAISH 106

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. (Mufaro mukuru kubva kuna Allah) nechengetedzo kumaQuraish.
2. Kuchengetedzwa kwavo pakufamba (vachienda kunotengesa) munguva yechando nenguva yekupisa.
3. Naizvozvo, ngavanamate (Allah) Tenzi ve imba iyi (Ka'bah ku Makkah).
4. Avo vanovapa chikafu kubva munzara, uye vanovachengetedza kubva mukutya.

# CHITSAUKO AL-MAA'UOON

# (RUBATSIRO DIKI) 107

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Wakambomuona here uyo anoramba zuva rekutongwa (rekuwana mubairo)?
2. Ndeuyo anobata nherera zvakashata (nehasha).
3. Uye haakurudziri kupa anoshaya chikafu.
4. Naizvozvo, matambudziko kune vanamati (vanyengedzi).

5. Avo vasingakoshesi (vano nonoka kuita) Swalaah (munamato kubva kunguva yayo yakatarwa).

6. Avo vanoita mabasa akanaka kuti vaonekwe.

7. Uye vanonyima Al-Maa'uoon (rubatsiro diki nemunyu, shuga, mvura, nezvimwe zvakadaro).

# CHITSAUKO AL-KAUTHAR

# (RWIZI RWEKUPARADHISO) 108

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Zvirokwazvo, takakupa (Muhammad (SAW)) Al-Kauthar (Rwizi rwekuParadhiso).

2. Naizvozvo namata Tenzi vako uye vopira (kwavari chete).

3. Zvirokwazvo, uyo anokuvenga (Iwe Muhammad (SAW)) ndiye achaparadzwa.

# CHITSAUKO AL-KAAFIROON

# (VASINGATENDI) 109

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Iti (Iwe Muhammad (SAW)): "Imi vasingatendi (muna Allah, muhumwechete wavo, ngirozi dzavo, Mabhuku avo, vatumwa vavo, muzuva rekutongwa, uye kuti zvose zvinoitika nokuda kwavo (Allah))!

2. Ini handinamati izvo zvamunonamata.

3. Uye imi hamunamati zvandinonamata

4. Uye ini handizombonamati zvamunonamata.

5. Uye imi hamuzombonamati izvo zvandinonamata.

6. Kwamuri mune chitendero chenyu, uye ini kwandiri ndine chitendero changu."

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

# CHITSAUKO AN-NASR

# (RUBETSERO) 110

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Kana rubatsiro rwaAllah rwauya nekukunda.
2. Uye kana ukaona vanhu vachipinda vakawanda muchitendero chaAllah (Islaam).
3. Nokudaro kudza kurumbidzwa kwaTenzi vako, uye vakumbire ruregerero.Zvirokwazvo ndivo vanoregerera.

# CHITSAUKO AL-MASAD (GAVI) 111

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Ngaaparadzwe maoko aAbu Lahab uye ngaaparadzwe.
2. Upfumi hwake nevana vake hazvisi kana kuzomubetsera.
3. Achapiswa mumoto uye une viriri rinobvira.
4. Uye mukadzi wake achange akatakura huni.
5. Muhuro make muchange muine tambo yemadheti yakakoswa yegavi nemurara.

# CHITSAUKO AL-IKHLAAS

# (KUCHENA) 112

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Iti (Iwe Muhammad (SAW)): “NdiAllah, Vamwechete.
2. Allah vanodiwa nezvisikwa zvose (asi ivo hapana chavanoda).
3. Havabereki vana, kuti ivo havana kuberekwa.
4. Hakuna mumwe akafanana navo kana kuti kuenzaniswa navo.”

# CHITSAUKO AL-FALAQ

# (KUBUDA KWEZUVA) 113

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Iti: “Ndinotsvaga chengetedzo muna (Allah), Tenzi vekubuda kwezuva (mangwanani).

2. Kubva kune zvakaipa zvavakasika.

3. Uye kubva kune zvakaipa zverima (usiku kana hwauya nerima).

4. Uye kubva mune zvakaipa zveavo vanoita huroi kana vachifuridza chishwe (funda).

5. Uye kubva kune zvakaipa zveuyo ane shanje kana achiita shanje.”

# CHITSAUKO AN-NAAS (VANHU) 114

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

1. Iti: “Ndinotsvaga kuchengetedzwa na(Allah), Tenzi wevanhu.

2. Mambo wevanhu.

3. Mwari wevanhu.

4. Kubva kuhuipi hwemuzevezeri (Satani anozevezera mumoyo yevanhu), uye obva (kubva mukuzevezera kwake mumoyo wemunhu mushure mokunge afunga Allah).

5. Uyo anozevezera muzvipfuva zvevanhu.

6. Kubva kumaJinn (Zvisikwa zvakasikwa nemoto) nevanhu.”

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

## PAMHIDZIRO 1

# NZVIMBO DZEKUPFUGAMA MU QUR'AAN

Zvakanaka kupfugama pazvinzvimbo zvinotevera kana munhu achiverenga Qur'aan.

| Namba | Chikamu | Chitsauko (Surah) | Namba YeChitsauko | Ndima |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 9 | Al-A'raaf | 7 | 206 |
| 2 | 13 | Ar-Ra'd | 13 | 15 |
| 3 | 14 | An-Nahl | 16 | 50 |
| 4 | 15 | Al-Israa | 17 | 109 |
| 5 | 16 | Maryam | 19 | 58 |
| 6 | 17 | Al-Hajj | 22 | 18 |
| 7 | 17 | Al-Hajj | 22 | 77* |
| 8 | 19 | Al-Furqaan | 25 | 60 |
| 9 | 19 | An-Naml | 27 | 26 |
| 10 | 21 | As-Sajdah | 32 | 15 |
| 11 | 23 | Swaad | 38 | 24 |
| 12 | 24 | Fusswilat | 41 | 38 |
| 13 | 27 | An-Najm | 53 | 62 |
| 14 | 30 | Al-Inshiqaaq | 84 | 21 |
| 15 | 30 | Al-Alaq | 96 | 19 |

- Zvinzvimbo gumi neina zvekupfugama, maUlama ese vakawirirana pamusoro pazvo. Asi Imaam Shaafi'i vakakurudzira kupfugamazve pachinzvimbo ichi (*).

# MAPOROFITA ATAURWA MU QUR'AAN

| Namba | ChiArabhu | Chirungu | ChiShona |
|---|---|---|---|
| 1 | **آدم** عليه السلام | Adam | Adam |
| 2 | **اليسع** عليه السلام | Elisha | Elaisha |
| 3 | **أيوب** عليه السلام | Job | Jobho |
| 4 | **داود** عليه السلام | David | Dhavhidha |
| 5 | **ذوالكفل** عليه السلام | Dhul-kifl | Dhul-kifl |
| 6 | **هارون** عليه السلام | Aaron | Aroni |
| 7 | **هود** عليه السلام | Hud | Hud |
| 8 | **إبراهيم** عليه السلام | Abraham | Abrahamu |
| 9 | **إدريس** عليه السلام | Enoch | Inoki |
| 10 | **إلياس** عليه السلام | Elias | Eriya |
| 11 | **عيسى** عليه السلام | Jesus | Jesu |
| 12 | **إسحاق** عليه السلام | Isaac | Isaka |
| 13 | **إسمعيل** عليه السلام | Ishmael | Ishumaeri |
| 14 | **لوط** عليه السلام | Lot | Loti |
| 15 | **محمد** صلى الله عليه وسلم | Muhammad | Muhammad |
| 16 | **موسى** عليه السلام | Moses | Musa |
| 17 | **نوح** عليه السلام | Noah | Nowa |
| 18 | **صالح** عليه السلام | Swaalih | Swaalih |
| 19 | **شعيب** عليه السلام | Shuaib | Shuaibu |
| 20 | **سليمان** عليه السلام | Solomon | Soromoni |
| 21 | **يعقوب** عليه السلام | Jacob | Jakobho |
| 22 | **يحيى** عليه السلام | John | Johwani |
| 23 | **يونس** عليه السلام | Yunus | Johwana |
| 24 | **يوسف** عليه السلام | Yusuf | Josefa |
| 25 | **زكريا** عليه السلام | Zechariah | Zakariya / Zakero |

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

Muzita raAllah, Vane Tsitsi, Vane Ngoni.

## SEI ALLAH VAKATUMIRA MAPOROFITA NEVATUMWA?

Kubvira vanhu pavakawedzera kugamuchira Shirk (kubatanidza Allah nezvimwe zvinhu mukuvanamata), Allah vakange vachitumira Maporofita neVatumwa kuvaranda vavo kuti vave vanovashevedzera kunamata Allah vega, kuti vasave vanovasanganisa nezvimwe zvinhu, uye kuva vanovabuditsa murima rekunamata vanamwari vakawanda vachivapinza muchiedza chekunamata Allah chete. Maporofita ose akaparidza Tauheed (Humwechete hwaAllah). Ndima dzinotevera kubva muQur’aan Dzvene dzinobuditsa pachena huchokwadi hweizvi:

“Zvirokwazvo, takava tinotumira Nowa kuvanhu vake, uye akati: ‘Imi vanhu vangu! Namatai Allah! Hamuna mumwe mwari kunze kwavo. Zvechokwadi ndinokutyirai mutongo wezuva guru (Qiyaamah)!’”

Qur’aan 7: 59.

“Uye kumaAad takatumira mukoma wavo Hud. Akati (Hud): ‘Imi vanhu vangu! Namatai Allah! Hamuna mumwe mwari kunze kwavo (Allah). Ko hamutyi (Allah) here?’” Qur’aan 7: 65

“Uye ku (vanhu veku) Madyan, takava tinotumira mukoma wavo Shuaib. Akati kwavari: ‘Imi vanhu vangu! Namatai Allah! Hamuna mumwe mwari kunze kwavo (Allah). Zvirokwazvo, humboo huri pachena hwave hunouya kwamuri kubva kuna Tenzi venyu. Naizvozvo ipai chiero chakakwana uye neuremu hwakakwana, uye musave munokanganisira vanhu muzvinhu zvavo, uye musave munokonzeresa zvakaipa munyika mushure mekunge yagadziriswa, izvi zvinova zvakanaka kwamuri kana muri vatendi.’” Qur’aan 7: 85

“Uye kumaThamood, takava tinotumira mukoma wavo Swaalih. Akati: ‘Imi vanhu vangu! Namatai Allah! Hamuna mumwe mwari kunze kwavo (Allah).’” Qur’aan 7: 73

“Uye zvirokwazo, takatumira kudzinza rega-rega mutumwa achiti: ‘Namatai Allah, mova munosiya Taaghoot (vanamwari venhema).’” Qur’aan 16: 36

Muporofita wega-wega akave anotumirwa kune rudzi rwake kuti ave anorutungamirira, asi mashoko amutumwa Muhammad (SAW) aibata vanhu vese nema Jinn. Mu Surah Al-A’raaf, Allah vanoudza mutumwa wavo (SAW) vachiti:

“Iti (Muhammad (SAW)): ‘Imi vanhu! Zvirokwazvo, ndave ndinotumwa kwamuri mose semutumwa waAllah.’” Qur’aan 7: 158

Naizvozvo chinangwa chokutumira maporofita nevatumwa kune vanhu nema Jinn ndechokuti vave vanonamata Allah sezvo Allah vakati:

“Uye handina (ini Allah) kusika maJinn nevanhu asi kuti vandinamate.” Qur’aan 51: 56

Uye kunamata Allah zvinoreva kuteerera Allah nekuita zvese zvavakakomekedza, nekuvatya nekusiya zvese zvavakarambidza.

Uye avo vanoteerera Allah vachave vanokomborerwa kuParadhiso , asi avo vachave vasingateereri Allah vachave vanorangwa kumoto weGehena.

## TAUHEED

## (KUTENDA MUHUMWECHETE HWA ALLAH MU ISLAAM)

Tauheed kutenda muna: 1. Allah, 2. Mungirozi dzavo, 3. Muvatumwa vavo, 4. Mumabhuku avakatumira, 5. Muzuva rekumutswa, uye 6. Al-Qadr (Zvose Allah zvavakava vanokomekedza kuti zviitike zvichaitika); uyezve nekutevedzera mapango mashanu eIslaam, anoti:1. Kupa uchapupu kuti La ilaaha illallaahu wa anna Muhammadur-rasoolullaah (Hakuna ane kodzero yekunamatwa kunze kwaAllah, uyezve Muhammad (SAW) mutumwa waAllah), 2. Kuita minamato mishanu pazuva yakava inokomekedzwa pagungano (Iqaamat as-Swalaah), 3. Kupa Zakaah (Zvipo kuvarombo), 4. Kuita Hajj (Rwendo kuMakkah), uye 5. Kutsanya mumwedzi weRamadhaan. Kutenda muna Allah zvinoreva kupupura kuti Allah ndivo vega Mwari mumatenga nepasi rino uye vezvese zviripo. Tauheed ine zvikamu zvitatu:

A. Humwechete wehumambo hwa Allah (Tauheed-ar-Ruboobiyyah): Kutenda kuti kuna mambo mumwechete wepasi rino rose, ndivo Musiki waro, Mugadziri, Murongi, Muraramisi, uye Mupi weruchengetedzo nezvimwewo, uye vanova Allah.

B. Humwechete hwekunamata Allah (Tauheed-al-Uloohiyyah): Kutenda kuti hakuna mumwe anekodzero yekunamatwa (kukumbirwa, kutsvagwa kwaari rubatsiro kune zvisingaoneki, kupikwa naye, kupihwa chibairo, kupihwa chipo, kutsanyirwa, kushanyirwa) kunze kwaAllah.

C. Humwechete hwemazita nechimiro chaAllah (Tauheed-al-Asmaa' was-Swifaat): Kutenda kuti:

i) Hatifaniri kupa zita kana kusanangudza Allah kusara neizvo zvatakapihwa naivo kana kuti mutumwa wavo (SAW).

ii) Hakuna anofanirwa kupihwa zita kana chimiro chakafanana nezita kana nechimiro chaAllah, sekuti Al-Kareem.

iii) Tinofanirwa kutenda muzvimiro zvese zvaAllah zvavakave vanotaura mubhuku ravo (Al-Qur'aan) kana mutumwa wavo (Muhammad (SAW)) pasina kusandura zvazvinoreva kana kukanganwa nezvazvo zvachose kana kuwedzera zvazvinoreva kana kuzvifananidza nezvinhu zvese zvakasikwa sekuti: Allah varipo paChigaro chavo chikuru sezvakataurwa muQur'aan (20: 5):

"(Allah) vane ngoni zhinji vakakwira pamusoro peArsh (Chigaro Choumambo chinoenderana noukuru hwavo usingaperi, uye vakakwira nenzira inoenderana neumambo wavo)," pamusoro pematenga manomwe; uyezve vanouya pamusoro pedenga rekutanga [riripedyo] kwatiri pazuva reArafah (Hajj, musi wechi 9$^{th}$ mumwedzi weDhul-Hijjah, uyezve vanouya

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

muchikamu chechitatu cheusiku sekutaura kwaMuporofita Muhammad (SAW), asi vanesu nemuruzivo rwavo, kwete vari zvavari (Bi-dhaatihi).

Hazvisi zvinofungidzirwa nevamwe vanhu kuti Allah vanowanikwa kwese apo-neapo uyezve muhana dzevanhu.

Uyezve Allah vanoti:

“Hapana chakafanana naivo, uye ndivo munzwi wezvose, muoni wezvose” Qur’aan 42: 11.

Ndima dzvene iyi inobuditsa simba rekunzwa nekuona raAllah pasina kuvafananidza nezvisikwa. Saizvozvo (Allah) vanoti:

“Chii chakudzivisa kubva mukupfugamira uyo wandasika nemaoko angu maviri?” Qur’aan 38: 75.

Uyezve vanoti: “Ruoko rwaAllah rwuri pamusoro pemaoko avo” Qur’aan 48: 10.

Izvi zvinobuditsa pachena nezve maoko maviri aAllah, asi hakuna akafanana nawo. Uku ndiko kutenda kwevatendi vechokwadi, uyezve ndiko kwakuri kutenda kwemaporofita ose aAllah kubva kuna Nowa, Abrahamu, Musa uye Jesus kusvika kune wekupedzisira Muhammad (SAW).

Izvi zvikamu zvitatu zveTauheed zviri mukati mezvinoreva Laa ilaaha illallaah (Hakuna anekodzero yekunamatwa kunze kwaAllah).

Zvakakoshazve kutevedzera mutumwa hwaAllah, Muhammad (SAW): Wujoob al-Ittibaa’ uyezve chikamu cheTauheed al-Uloohiyyah.

Izvi zviri mukati mezvinoreva, “Ndinopa uchapupu kuti Muhammad (SAW) mutumwa hwaAllah,” uye izvi zvinoreva kuti, “Hakuna anekodzero yekuteererwa mushure meGwaro raAllah (Qur’aan), asi mutumwa hwaAllah (SAW).”

Allah vanoti:

“Uye chose chamunopiwa nemutumwa (Muhammad (SAW)), chibatisisei; uye izvo zvaanokurambidzai, siyai” Qur’aan 59: 7.

Uyezve Allah vanoti:

“Iti (Muhammad (SAW)) kuvanhu: ‘Kana muchinyatsodisisa Allah nditeverei, Allah vachakudai pamwe nekukuregererai zvitadzo zvenyu. Uye Allah vanoregerera zvikuru, vane tsitsi zhinji’” Qur’aan 3: 31.



الجديد و الطريف NEW & EXCLUSIVE

# SHAHAADAH

# (KUPUPURA KWE MUSLIM)

لا إله إلا الله محمد رسول الله

La ilaaha illallaahu Muhammad-ur-Rasool-Allaah

(Hakuna anokodzera kunamatwa kunze kwaAllah, uyezve Muhammad [SAW] mutumwa hwaAllah).

Zvakaonekwa kuti vanhu vazhinji, vanotambira Islaam, havanzwisi bango rakakosha rekutanga reIslaam, kuti La ilaaha illallaahu, Muhammad-ur-Rasool-Allaah (Hakuna anokodzera kunamatwa kunze kwaAllah, uye Muhammad [SAW] mutumwa hwaAllah). Saka zvakakodzera kuti titsanangure mashoko makuru aya zvizere:

لا إله إلا الله محمد رسول الله

Laa ilaaha illallaahu Muhammad-ur-Rasool-Allaah.

"Hakuna umwe anokodzera kunamatwa kunze kwaAllah, uyezve Muhammad (SAW) mutumwa hwaAllah" ine zvidimbu zvitatu: a, b ne c.

a) Kunova iko kuzvipira kumirairo yaAllah, Musiki wedenga nepasi, Mutongi wezvese zviripo, Mambo mukuru wepamusoro-soro, uye pane zvinhu zvina:

   **Chekutanga:** Kupupura nemoyo wako kuti musiki (wezvinhu zvose) ndi Allah. Kunova iko kutaura kuti: "Ndinopa huchapupu kuti musiki wenyika yese kubatanidzira nyenyedzi, zuva, mwedzi, matenga, nyika nezvose zvisingazivikanwe nezvinozivikanwa zvinorarama mairi, ndiAllah. Ndivo vanogadzira nekuronga mararamiro azvo. Ndivo vanopa hupenyu nerufu, uyezve ndivo (Allah voga) muraramisi, uyezve muchengeti." Uye uku ndiko kunova kupa huchapupu "kuhumwechete hwehumambo hwaAllah" (Tauheed-ar-Ruboobiyyah).

   **Chechipiri:** Kupa huchapupu nemoyo wako kuti: "Ndinopa huchapupu kuti hakuna mumwe anofanirwa kunamatwa kunze kwaAllah chete." Izwi rekuti "Kunamata" (Ibaadah) rinoreva zvinhu zvakawanda muIslaam: Rinobuditsa kuti mhando dzese dzekunamata ndedzaAllah chete (uyezve hakuna mumwe, kunyangwe ngirozi, mutumwa, Muporofita Isa (Jesu) – mwanakomana waMaryam (Mariya), Uzair (Ezira), Muhammad, mufananidzo, zuva, mwedzi, uye nezvimwe zvinamatwa zvekunyepa). Saka namatai Allah chete, musakumbire kune chimwe chinhu kunze kwaAllah, musave munotsvaga rubatsiro kune chimwe chinhu (chisingaonekwi) kunze kwaAllah, musapike nechimwe chinhu kunze kwaAllah, musave munopira mhuka kune chimwe chinhu kunze kwaAllah,…nezvimwewo. Izvi zvinoreva, zvese zvakakomekedzwa naAllah pamwechete nemutumwa wavo Muhammad (SAW) kuburikidza nemuQur'aan pamwechete neSunnah (Zviito zvamutumwa Muhammad (SAW) kuti muite, mova munozviita; uye zvese zvakarambidzwa naAllah nemutumwa wavo Muhammad (SAW) hamufanire kuzviita. Uye izvi zvinonzi

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

(huchapupu hwenyu) "Muhumwechete hwekunamata Allah" (Tauheed-al-Uloohiyyah). Uyezve kuti imi (vanhu) musanamate chimwe chinhu kunze kwaAllah.

**Chechitatu:** Kupa huchapupu nemoyo wako kuti: "Imi Allah! Ndinopa huchapupu kuti mazita ese akanaka nezvimiro zvese zvakanaka izvo zvamakazvipa muBhuku renyu (Qur'aan) kana kuti zvakarehwa naMutumwa Muhammad (SAW) nemashoko ake, ndinotenda kuti zvese (mazita nezvimiro) ndezvenyu pasina kushandura zvirevo zvawo kana kuziramba zvachose kana kuzvifananidza nezvisikwa (mazita nezvimiro zvazvo)." Sezvo Allah vanoti:

"Hapana chakafanana naivo, uye ndivo munzwi wezvose, muoni wezvose" Qur'aan 42: 11.
Ndima iyi inotsigira kunzwa nekuona kwaAllah pasina kuvafananidza nezvimwe zvinhu, uyezve vanoti:

"Chii chakudzivisa kubva mukupfugamira uyo wandasika nemaoko angu maviri?" Qur'aan 38: 75.

Uye vanoti zvakare:

"Ruoko rwaAllah rwuri pamusoro pemaoko avo" Qur'aan 48: 10.

Izvi zvinotsigira kuti Allah vane maoko maviri, asi hapana akafanana nawo.

Uyezve Allah vanoti:

"(Allah) vane Ngoni zhinji vakakwira pamusoro peArsh (Chigaro Choumambo chinoenderana noukuru hwavo usingaperi, uye vakakwira nenzira inoenderana neumambo wavo)" Qur'aan 20: 5.

Saka vasimuka muzvokwadi pachigaro chehumambo nenzira inoenderana nehumambo wavo. Uye Allah vari pamusoro pechigaro chehumambo wavo pamusoro pematenga manomwe, sekunongedzera kwakaita murandasikana kumatenga apo mutumwa waAllah (Muhammad (SAW)) pavakamubvunza kuti Allah varipi. Vanodzika pamusoro pedenga rekutanga (repedyo) kwatiri pachikamu chechitatu cheusiku hwese, uyezve nezuva reArafah (Hajj, rinova musi wa 9 Dhul-Hijjah) sematauriwo akaitwa namutumwa (SAW). Asi vanesu muruzivo rwavo, kwete kuuya sezvavari kwatiri (bi-Dhaatihi). Hazvisi sekutaura kunoita vamwe vanhu kuti Allah vari pese-pese, apo, nepapo, uyezve mumatundundu evanhu. Vanoona nekunzwa zvose zvatinotaura nezvatinoita. Izvi zvinonzi (kupa huchapupu) "muhumwechete wemazita nezvimiro zvaAllah" (Tauheed-al-Asmaa' was-Swifaat). Uku ndiko kutenda kwechokwadi, kutenda kwakatevedzerwa nevatumwa vaAllah (kubva kuna Nowa, Abrahamu, Musa, Dhavhidha, Soromoni, Jesu kusvika kuna Muhammad (SAW) nevatevedzeri vaMuporofita Muhammad (SAW) nevatevedzeri vechokwadi vevatumwa ava (AS).

**Chechina:** Kupa huchapupu nemoyo wako: “Imi Allah! Ndinopa huchapupu kuti Muhammad (SAW) mutumwa wenyu.” Zvichireva kuti hakuna mumwe anebvumo yekutevedzerwa mushure maAllah, asi Muporofita Muhammad (SAW) sezvo ari mutumwa wekupedzisira. Allah vanoti:

“Muhammad (SAW) haatombori kana baba vaani zvake pakati pevarume venyu, asi mutumwa waAllah zvekare muporofita wekupedzisira. Uye Allah vanoziva zvose” Qur’aan 33: 40.

“Uye chose chamunopiwa nemutumwa (Muhammad (SAW)), chibatisisei; uye izvo zvaanokurambidzai, siyai” Qur’aan 59: 7.

Uyezve Allah vanoti:

“Iti (Muhammad (SAW)) kuvanhu: ‘Kana muchinyatsodisisa Allah nditeverei, Allah vachakudai pamwe nekukuregererai zvitadzo zvenyu. Uye Allah vanoregerera zvikuru, vane tsitsi zhinji’” Qur’aan 3: 31.

Pavamwe vasiri Muhammad (SAW), zvese zvavanokuudzai zvinotambirwa kana kurambwa zvichienderana nekuti zvinofambirana neBhuku raAllah (Qur’aan) neSunnah yaMuporofita Muhammad (SAW) kana kuti kwete. Sezvo nhaurwa dzvene dzakamira mushure merufu rwaMuporofita Muhammad (SAW) uye hadzizotangidza kusara panguva ichadzika Jesu, mwanakomana waMariya, uye achatonga muchokwadi zvichienderana nemitemo yeIslaam mumazuva ekupedzisira enyika sezvakataurwa muHadeeth yechokwadi (nhaurwa yaMuporofita Muhammad (SAW) iri mu Sahih-Al-Bukhari, Bhuku: 3, Hadeeth No. 425).

Zvakakosha kuti: Laa ilaaha illallaahu, Muhammad-ur-Rasool-Allaah (Hakuna anekodzero yekunamatwa kunze kwaAllah, uye Muhammad (SAW) mutumwa waAllah). Semauiro azvakaita mumashoko aMuporofita Muhammad (SAW) kuna babamukuru vake Aboo Taalib munguva yerufu rwavo: “Imi babamukuru! Kana mukataura kuti Laa ilaaha illallaahu, Muhammad-ur-Rasool-Allaah (Hakuna mumwe anokodzera kunamatwa kunze kwaAllah, uyezve Muhammad mutumwa waAllah), ndichava ndinokwanisa kukumiririrai kuna Allah pazuva rekumutswa." Zvakafanana, apo Abu Dharr-Al-Ghifaari pavakatambira Islaam, vakaenda ku Al-Masjid-al-Haraam vakave vanorishevedzera pamberi pemaQuraish kusvika varohwa zvakanyanya.

Zvinova zvakakoshazve kuti chinhu chese chiripamuviri wemunhu chive chinopa huchapupu kwariri, uye izvi zvakwakakosha zvikuru kuziva zvarinoreva (Laa ilaaha illallaahu, Muhammad-ur-Rasool-Allaah – Hakuna mumwe anokodzera kunamatwa kunze kwaAllah, uyezve Muhammad (SAW) mutumwa waAllah). Saka uyo anopupura izvi (kuna Tenzi vake), haambofa aita zvitadzo zvinenge kutora mari nechisimba, kuuraya, kuba, kuita choupombwe, kudya nyama yenguruve, kunwa zvinodaka, kutora hupfumi wenherera, kubiridzira mukutengeserana, kupa chioko muhomwe, nekuwana mari nenzira yakaipa, kunyepa, kunyeya nekuti pamwe nhengo dzepamuviri wake dzese dzichave dzinopupura dzichipokana naye, dzichiti aive munyepi mumashoko ake aakapira kuna Allah. Kana akaita zvitadzo zviri pamusoro, anofanira kuziva kuti chitadzo chinomumanikidzira kuti areurure kuna Allah, uye okumbira ruregerero rwavo, sezvo

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

nhengo dzemuviri wake dzese (ganda, nhengo dzakavanzika, maoko, rurimi, nzeve) dzichave dzinopupura pamusoro pezvakaipa zvataurwa pamusoro zvichipokana naye pazuva rekumutswa.

Uyezve nekupupura shoko guru iri, munhu anopinda mugwara reIslaam. Zvakakosha kuti ave anotenda kuvatumwa vese vaAllah, uye ova asingaisi musiyano pakati pavo, sematauriro azvakaitwa muBhuku ravo. Allah vanoti:

“Vanofunga here avo vasingatendi kuti vanokwanisa kutora varanda vangu (ngirozi, vatumwa vaAllah, Jesu mwanakomana waMariya) sevachengetedzi (vanamwari) kusara kwangu? Zvirokwazvo, takave tinogadzira Gehena senzvimbo yemafaro yevasingatendi (muhumwechete hwaAllah). Iti (Muhammad (SAW)): ‘Tikuudzei here vakarasikirwa zvikuru mumabasa?’ Avo mabasa avo akatambisika muhupenyu hwepano pasi, asi vachifunga kuti varikuwana zvakanaka nemabasa avo. Ndeavo vanoramba zviratidzo zvaTenzi vavo uye nekusangana navo (muzuva rekumutswa). Naizvozvo mabasa avo achashaya basa, uye muzuva rekumutswa hatimbovapi huremu. Uyo mubairo wavo, iGehena, nekuti vairamba kutenda, uye vaitora zviratidzo zvangu nevatumwa vangu sedambe. Zvirokwazvo avo vanotenda (muIslaam) uye voita mabasa akanaka, vachawana minda ye Al-Firdaus (Paradhiso) yemafaro. Vachagara imomo zvachose. Havamboshuviri kubuda imomo. Iti (Muhammad (SAW) kune vanhu): ‘Dai gungwa raiva ingi yekunyora mazwi aTenzi vangu, zvirokwazvo, gungwa ringadai rakapwa mazwi aTenzi vangu asati apera, kunyangwe tikaunza (rimwe gungwa) rakafanana kunowedzera.’ Iti (Muhammad (SAW)): ‘Zvirokwazvo, ndiri munhu semi. Zvakadzikiswa kwandiri kuti Mwari wenyu ndiMwari mumwechete. Naizvozvo uyo anoshuvira kusangana naTenzi vake, ngaaite mabasa akanaka, uye ngaasasanganise umwe mukunamata Tenzi vake.’” Qur’aan 18: 102 – 110.

Nhanganyaya iyi yakakosha kune uyo anoshuvira kutambira Islaam. Mushure mehuchapupu uhwu, anofanira kugeza (kuita Ghusl), uye oita maRaka’aat maviri emunamato, uye otevedzera mapango mashanu eIslaam, sezvakataurwa na Ibn Umar (RA) mu Sahih – Al- Bukhari, Bhuku 1, Hadeeth yechinomwe.

Ibn Umar (RA) vakati: Mutumwa waAllah (SAW) vakati: “Islaam iri pakutevedzera mitemo mishanu:

1. Kupa huchapupu kuti Laa ilaaha illallaahu, wa anna Muhammad-ar-Rasool-Allaah (Hakuna mumwe anekodzero yekunamatwa kunze kwaAllah, uyezve Muhammad mutumwa waAllah.

2. Kuita (Iqaamat) As- Swalaah.

3. Kupa Zakaah (Zvipo kuvarombo).

4. Kuenda kuHajj (Kushanyira Makkah).

5. Kutsanya (Swaum) mumwedzi weRamadhaan.

Uyezve anofanira kutenda muzvinhu zvitanhatu, kutenda muna:

1. Allah,
2. Ngirozi dzavo,
3. Vatumwa vavo,
4. Mabhuku avo avakadzikisa,
5. Zuva rekumutswa,
6. uye Al-Qadar (Hurongwa hwaAllah, kuti zvese zvakatarwa naAllah ndizvo zvinoitika).

**Zvakakosha:-**

Kutambirwa kwemabasa akanaka naAllah pane zvinhu zviviri zvinofanirwa kuzadzikiswa:

(1) Chinangwa chekuita mabasa iwayo chinofanirwa kuva kufadza Allah chete pasina kuda kuonekwa kana kuwana rumbidzo.

(2) Mabasa iwayo anofanirwa kuitwa zvinoenderana neSunnah (Nzira) yaMutumwa waAllah Muhammad Ibn Abdullah, wekupedzisira paMaporofita ose neVatumwa vese (AS).

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

**Ash-Shirk neAl-Kufr**

## KUTENDA MUNA VANAMWARI VAKAWANDA NEKUSATENDA

**Kubetserwa kwevanhu vese kubva muchitadzo chikuru kuna Allah**

Zvakakosha kuti titaure pano nezve chitadzo chikuru chisingaregererwi naAllah. Ichi chitadzo chisingaregererwi iShirk.

**Shirk:** Kutenda kuti Allah vane vabetseri, kana kupa zvimiro zveumwari kuvamwe kunze Allah, uye kutenda kuti simba, kukuvadza nemakomborero zvinobva kune vamwe kunze kwaAllah.

Allah, Samasimba, vanoti:

"Zvirokwazvo, Allah havaregerere kusanganiswa nezvimwe zvinhu mukuvanamata, asi vanoregerera zvimwe zvose kune uyo wavanoda; uye uyo achasanganisa Allah nezvimwe zvinhu (mukuvanamata), zvirokwazvo anenge avamba chitadzo chikuru." Qur'aan 4: 48.

Allah, Samasimba, vanoti:

"Uye kana hwamanda yaridzwa, hapana hukama uchange huripo pakati pavo pazuva iroro, uye hapana achabvunza umwe pamusoro peumwe. Uye avo miero yavo icharema (nezvakanaka), ndivo avo vachabudirira. Asi avo miyero yavo ichareruka, ndivo vanhu vakazvirasisa pachavo, uye vachava vagari vemuGehena nekusingaperi. Moto uchapisa zviso zvavo, uye varimo (miromo yavo ichatsva) vachasara vakasekerera (mazino ari pachena). (Kuchataurwa) kuti: 'Ndima dzangu hadzina kuverengwa kwamuri here, uye maidziramba?' Vachataura kuti: 'Tenzi vedu! Kushata kwedu kwave kunotikurira, uye taive vanhu vakarasika. Tenzi vedu! Tiburitsei mazviri. Uye tikava tinodzekera (kumabasa akaipa), zvirokwazvo, tinenge tiri vanhu vanotadza.' Vachataura (Allah) kuti: 'Rambai murimo makadzikisirwa, uye musave munotaura neni!'" Qur'aan 23: 101 – 108.

"Uye uyo anonamata umwe mwari kusara kwaAllah asina humboo (nazvo), zvino zvirokwazvo mutongo wake huna Tenzi vake. Zvirokwazvo, avo vasingatendi havabudiriri" Qur'aan 23: 117.

**Ash-Shirk**

## KUTENDA MUNA VANAMWARI VAKAWANDA

**Tsanangudzo:** Shirk muzvirokwazvo kunamatwa kwezvimwe zvisikwa pamwechete naAllah. Zvinosanganisira kupa zvimiro zvavo kune zvimwe zvinhu kunze kwaAllah, uye kunamata zvimwe zvinhu pamwechete navo, kana kutenda kuti simba, kukuvadza kana makomborero zvinobva kune zvimwe kunze kwaAllah.

Kune mhando nhatu dzeShirk, dzinoti:



الجديد و طريف NEW & EXCLUSIVE

1. Ash-Shirk al-Akbar (Shirk hombe).

2. Ash-Shirk al-Asghar (Shirk diki).

3. Ash-Shirk al-Khafi (Shirk isingaratidziki).

**Ash-Shirk al-Akbar** (Shirk Hombe): Ine mhando ina:

(a) **Shirk ad-Du'aa'**, kunove kukumbira kana kunamata zvimwe zvinhu kunze kwaAllah.

Allah, Samasimba, vanoti:

"Uye kana vachipinda mungarava vanokumbira chengetedzo kubva kuna Allah, uye vachichenesa kutenda kwavo kuzviitira ivo chete. Asi kana vakaunzwa panyika mune zvakanaka, vanotanga kusanganisa Allah nezvimwewo pakunamata" Qur'aan 29: 65.

(b) **Shirk an-Niyyah wal-Iraadah wal-Qasd,** kunove kuita mabasa akanaka nekunamata nechinangwa chekufadza vamwe vanamwari kwete Allah.

Allah, Samasimba, vanoti:

"Ani nani anoshuvira hupenyu hwepano pasi uye zvinopenya zvavo, tichavapa mubairo wakazara wemabasa avo imomo, uye havamboderedzerwa (mubairo wavo) imomo. Ndivo avo vasina chavanacho muhupenyu hwamangwana kunze kwemoto, uye mabasa avaiita imomo achange asina mature. Uye zvavaiiata zvichange zvisina basa" Qur'aan 11: 15 – 16.

(c) **Shirk al-Taa'ah**, kunove kuteerera vamwe vatongi kwete mirairo yaAllah. Allah, Samasimba, vanoti:

"Vanotora (maJudha nemaKristu) vafundisi uye vadzidzi (vanogara muchechi vachinamata) vavo sevanamwari vachisiya Allah (kuburikidza nekuvateerera pavanobvumidza kana kurambidza zvinhu zvichienderana nezvido zvavo vasina mvumo kubva kuna Allah), uye (vanotora samwari wavo) Jesu Kristu, mwanakomana waMariya, asi ivo (maJudha nemaKristu) vakange vakomekedzwa (muTorah neVhangeri) kunamata Mwari mumwechete (Allah), Laa ilaaha illaa Huwa (Hakuna anekodzero yokunamatwa kunze kwavo). (Allah) Ngavakudzwe pamusoro peizvo zvavanovasanganisa nazvo" Qur'aan 9: 31.

Nerimwe remazuva, Mutumwa waAllah (SAW) pavaiverenga ndima iri pamusoro, Adi Ibn Haatim said: "Imi Muporofita waAllah! Havavanamati (vafundisi nevadzidzi)." Mutumwa waAllah akati: "Zvirokwazvo vanodaro. (Vafundisi nevadzidzi) Vanorambidza zvinhu zvakabvumidzwa, uye vobvumidza zvinhu zvakarambidzwa, uye (maJudha nemaKristu) vanovatevera; uye nekudaro vanovanamata." Nhaurwa iyi yabva kuna Ahmad, Al-Tirmidhi na Ibn Jareer.

(d) **Shirk al-Mahabbah**, kunova kupa rudo runoenera Allah chete kune vamwe kunze kwavo. Allah, Samasimba, vanoti:

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

"Uye kubva muvanhu, mune vamwe vanotora (mukunamata) zvimwe zvinhu kunze kwaAllah saanamwari. Vanozvida sokuda kwavanoita Allah. Asi avo vanotenda, vanoda Allah (kudarika zvinhu zvose). Dai chete avo vanoita mabasa akaipa vaiona, pavaiona marwadzo, (vaiziva) kuti zvirokwazvo masimba ose ndeaAllah, uye mutongo waAllah wakaomarara" Qur'aan 2: 165.

**Ash-Shirk al-Asghar** (Shirk Diki): Kunova kuita mabasa akanaka kana kunamata nechinangwa chekuda kuwana rumbidzo, kuzivikanwa, kuonekwa kana kuwana zvinhu zvepasi pano.

Allah, Samasimba, vanoti:

"Iti (Muhammad (SAW)): 'Zvirokwazvo, ndiri munhu semi. Zvakadzikiswa kwandiri kuti Mwari wenyu ndiMwari mumwechete. Naizvozvo uyo anoshuvira kusangana naTenzi vake, ngaaite mabasa akanaka, uye ngaasasanganise umwe mukunamata Tenzi vake'" Qur'aan 18: 110.

**Ash-Shirk al-Khafi** (Shirk Isingaratidziki): Kunova kusagutsikana kwemunhu mumoyo nezvaakatarirwa naAllah, nekuchema-chema achiti dai ndadai kana dai ndisina kudai, kana kuti dai ndaenda kuna nhingi ndingadai ndawana chinzvimbo chiri nani.

Mupofita Muhammad (SAW) akati:

"Ash-Shirk al-Khafi pakati pemaMuslim aionekwi zvikuru kudarika svosve dema rinenge richifamba padombo dema pakati peusiku hutema." Uye Shirk iyi inoregererwa naAllah mushure mekutaura zuva nezuva mashoko anotevera katatu: "Imi Allah! Ndokumbira chengetedzo yenyu kubva mukukusanganisai ndichiziva nezvimwe zvinhu mukukunamatai, uye ndinokumbira ruregerero rwenyu kubva muchitadzo chandisingazivi."

**Al-Kufr**

# KUSATENDA

**Kufr** kusatenda muzvinhu zvinofanirwa kunge zvichitendwa mazviri muIslaam.

Zvinofanirwa kutendwa mazviri ndeizvi:

(1) Allah,

(2) Ngirozi dzavo,

(3) Vatumwa vavo,

(4) Mabhuku avo,

(5) Zuva rekumutswa, uye

(6) Al-Qadar (Zvese zvakatarwa naAllah zvinofanira kuitika).



الجديد و الحصري NEW & EXCLUSIVE

Pane zvinhu zviviri zvekusatenda:

**Kusatenda kukuru** (Al-Kufr al-Akabr): Iyi mhando inobvisa munhu muchitendero cheIslaam zvachose. Pane mhando shanu (dzekusatenda kukuru):

a) Kufr at-Takdheeb: Kusatenda muchokwadi kana kuramba chero chimwe chezvitendwi muIslaam.

Allah, Samasimba, vanoti:

"Naizvozvo, ndiani anokanganisa zvakanyanya kudarika uyo anotaura manyepo pamusoro paAllah, uye oramba chokwadi (Islaam) mushure mekunge chauya kwaari! Hamuna here nzvimbo muGehena (moto) yeavo vasingatendi?" Qur'aan 39: 32.

b) Kufr al-Ibaa' wat-Takabbur ma'at-Tasdeeq: Kuzvitutumadza nekuramba kuzvipira kumirairo yaAllah mushure mekutenda muuchokwadi hwayo.

Allah, Samasimba, vanoti:

"Uye (rangarirai) apo patakati kungirozi: 'Ivai munopfugamira Adam.' Dzikava dzinopfugama kunze kwaDhiyabhorosi, akaramba uye akazvitutumadza, uye akabva ave mumwe wevasingatendi (vasingateereri mirairo yaAllah)" Qur'aan 2: 34.

c) Kufr ash-Shakk wadh-Dhann: Kusagutsikana kana kushaika kwekutenda mumamwe mapango matanhatu ekutenda.

Allah, Samasimba, vanoti:

"Uye akapinda bindu rake asina kururama pachezvake (achizvikudza uye asingatendi). Akati: 'Handifungi kuti izvi zvinoparara zvachose. Uye handifungi kuti nguva ichasvika, uye zvirokwazvo kana ndikadzorerwa kuna Tenzi vangu (pazuva rokutongwa), zvirokwazvo ndichawana zviri nani pane izvi kana ndadzokera kwavari.' Shamwari yake ikati kwaari vachitaurirana: 'Hautendi mavari vakakusika kubva muivhu, uye kubva muNutfah (mvura yakasangana yemurume nemukadzi), uyezve vakakugadzira kuva munhurume? Asi kune divi rangu, (ndinotenda) kuti ndiAllah, Tenzi vangu, uye hakuna umwe wandichasanganisa naTenzi vangu.'" Qur'aan 18: 35 – 38.

d) Kufr al-I'raad: Kufuratira chokwadi uchiziva kana kubva mugwara raAllah riri pachena ravakadzikisa.

Allah, Samasimba, vanoti:

"Hatina kusika matenga nenyika nezviri pakati pawo asi kuti muchokwadi, uye kwenguva yakatarwa. Asi avo vasingatendi vanofuratira izvo zvavanoyambirwa nazvo" Qur'aan 46: 3.

e) Kufr an-Nifaaq: Kusatenda kwehunyengedzi.

Allah, Samasimba, vanoti:

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

"Kupika kwavo vakakuita dziti. Naizvozvo ivo vanodzivisa (vanhu) munzira yaAllah. Zvirokwazvo, zvavaiita ndizvo zvakashata. Nokuda kwekuti vakatenda ndokubva varega kutenda; naizvozvo moyo yavo yakavharwa, saka havanzwisisi" Qur'aan 63: 2 – 3.

**Kusatenda kudiki** (Al-Kufr al-Asghar): Imhando yekusatenda isingaburitsi munhu muchitendero cheIslaam. Zvakare inonzi Kufr an-Ni'mah, kunova kusatenda makomborero aunenge wapihwa naAllah.

Allah, Samasimba, vanoti:

"Uye Allah varikupa muenzaniso wedhorobha (Makkah), raigara rakachengetedzwa uye rakagadzikika, raramo yaro ichiuya muhuwandu kubva kune nzvimbo dzese, asi rakaramba makomborero aAllah. Naizvozvo Allah vakaita kuti varavire nzara yakaomarara nekutya, nekuda kweizvo zvavaiita" Qur'aan 16: 112.

**An-Nifaaq**

# HUNYENGERI

Hunyengeri huri mumhando mbiri; dzinova:

(a) Hunyengeri mukutenda.
(b) Hunyengeri mumabasa nezviito.

## HUNYENGERI MUKUTENDA

Mune zvinhu zvitanhatu zvehunyengeri mukutenda:

1. Kuramba mutumwa (Muhammad (SAW)).
2. Kuramba zvimwe zvezvimwe zvakauya namutumwa (Muhammad (SAW)) seQur'aan, Sunnah, mitemo, nemirairo yeIslaam.
3. Kuvenga mutumwa (Muhmmad (SAW)).
4. Kuvenga zvimwe zvakauya namutumwa (Muhammad (SAW)) seTauheed (Humwechete hwaAllah), nezvimwewo.
5. Kunzwa kufara nekudzikisirwa kwemutumwa kana kwechitendero chemutumwa waAllah (Muhammad (SAW)).
6. Kunzwa kusafara nechitendero chemutumwa waAllah kana chichibudirira (kusafara nekukunda kweIslaam).

Munhu ane mhando tanhatu idzi (dzeunyengeri) achange ari pasi-pasi pemoto (Gehena). (Tarisai Qur'aan 4: 245).

## HUNYENGERI MUMABASA NEZVIITO

Pane mhando shanu dzehunyengeri mumabasa nezviito; uye humboo hwadzo unobva mumashoko emutumwa waAllah (SAW): "Zviratidzo zvemunyengeri ndeizvi:

1. Pese paanotaura, anotaura manyepo.

2. Pese paanovimbisa, anoiputsa (vimbiso yake).

3. Ukavimba naye, anoratidza kusavimbika (ukava unomuchengetesa chimwe chinhu, haave anochidzosera).

4. (Mune imwe nhaurwa yaMutumwa (SAW)): Paanopikisana, anoratidza huipi hwake nekutuka.

5. Pese paanoita chibvumirano, haachichengetedzi."

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

# JESU NA MUHAMMAD

(Rugare ngaruve kwavari)

# MUBHAIBHERI NE QUR'AAN

### HUMBOO HWEBHAIBHERI HWEKUTI JESU AKANGE ARI MURANDA HWA ALLAH UYE ASINA CHINZVIMBO MUUMWARI

**Nhanganyaya**

Kurumbidzwa nekutendwa kwose ngakuve kune mumwechete, muridzi weremekedzo nerumbidzo dzose, vega vane zvimiro zvakanaka, havana mwana (vana) kana vabereki. Havana wavakaenzana naye, asi ndivo Samasimba ese. Vakatumira vatumwa nemaporofita kuzotungamirira vanhu kuTauheed (Humwechete hwaAllah); kuvanamata ivo Allah vega, uye ndivo chete vane kodzero yokunamatwa; uye kunovayambira nezvemarwadzo akaomarara asingaperi ekunamata vanamwari vakawanda, kusanganisa Allah nezvimwe zvinhu uye kunamata zvisikwa.

Rugare nemakomborero aAllah ngaave kuvatumwa nemaporofita ese kunyanya-nyanya kuna Muhammad, Muporofita wekupedzisira, uye neavo vese vanomutevedzera mugwara rakanaka kusvika zuva rekutongwa.

**JESU NA SATANI MUBHAIBHERI**

Mugwaro idzva reBhaibheri, muchistauko chechina mumharidzo yaMateu, ndima yechitanhatu neyechinomwe inoburista pachena kuti Jesu aiva munhu anoteerera uyezve Mwari ndivo Mambo uye Tenzi zvichienderana nematauriro aakaita mundima yechinomwe:

> "Zvakanyorwa zvakare, musaedze Tenzi, Mwari wenyu."

Muchitsauko ichi tinoverenga kuti Satani akatakura Messiah, akaenda naye kubva imwe nzvimbo kune imwe nzvimbo. Zvinoita sei kuti Satani atakure Mwari? Kurumbidzwa ngakuve kuna Allah, avo vari pamusoro pemanyepo akadai!

Uyezve Satani akamuudza kuti amupfugamire nekumunamata, uye akamuedza nezviwanikwa zvepasi rino. Satani angashandise zvinhu zvakadaro achiedza Mwari? Satani paakange achida kuti Jesu atevedzere mirairo yake, (Jesu) akapindura achiti zvakange zvakanyorwa (mumabhuku emumashure):

> "Munofanira kunamata Tenzi, Mwari wenyu, uyezve ivo vega ndivo vamunofanirwa kushandira". Mateu 4: 10.

**VANA VA MWARI**

Jesu pachezvake haana kubvira azvishevedza kuti ndimwanakomana waMwari, asi aizvidaidza achiti 'Mwanakomana wemurume' (Mark 2: 10) kunyangwe zvazvo paaidaidzwa nezita iroro haana kumbobvira aramba, sezvirikutaurwa muBhaibheri, uyezve haana kutora zita iroro serake chete.

Mubhaibheri tsaru neidzva, munhu wese akatendeseka anotya Mwari anonzi ‘Mwanakomana waMwari.’ Muna Mateu 5: 9 tinoverenga kuti:

> “Vakakomborerwa ndeavo vanokurudzira runyararo, uye vachava vanoshevedzwa kuti vana vaMwari.”
>
> Muna Mateu 5: 45 –
>
> “Kuti muve vana vaBaba venyu vari kudenga.”

**MWARI BABA**

Muna Mateu 5: 48 –

> “Iva munhu akanaka, sekunaka kwakaita Baba vako vari kudenga.”

Muna Mateu 6: 1 –

> “…kana kuti hauwani mubairo waBaba vako vari kudenga.”

Mateu 7: 21 –

> “Havasi vese vanoti kwandiri (Jesu), Mambo, Mambo, vachapinda humambo hwekudenga, asi uyo achaita sokuda kwaBaba vangu vari kudenga.”

**TARISAI!** Izwi ‘Mambo’ rakava rinonyorwa kuti Rabb muBhaibheri rechiArabhu kuti vanhu vave vanobvuma kuti Jesu ndi Mwari! Asi munhu akadzidza kusvika kunoperera ndima yese, achava anoona kuti ndima iyi inotakura huchapupu hwekuti Jesu muranda aitevera zvido zvaAllah. Naizvozvo shanduro yechokwadi yendima iyi ndeyekuti:

> “Havasi vese vanoti kwandiri, imi Mambo vangu, vachapinda muhumambo hwekudenga, asi uyo achaita sekuda kwaBaba vangu varikudenga.”

Zviri pachena kubva muzvaverengwa kubva muBhaibheri kuti shoko rekuti ‘Baba’ rinoshandiswa richireva Mwari munzvimbo dzakasiyana-siyana muBhaibheri. Harina kumbobvira rashandiswa kuna Jesu chete.

Mateu 11: 25 –

> “Panguva iyoyo Jesu akadaira uyezve akati: ‘Ndinokutendai, imi Baba, Tenzi vedenga nepasi, nekuti ndimi makave munovanza zvinhu izvi kune vakangwara, uye mukave munozviratidza vana.’”

**JESU MUNAMATI**

Mateu 14: 23 –

> “Uye apo paakatumira gungano kure, akava anokwira mugomo ari ega kuno namata.’’

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

Kana Jesu ari Mwari kana chidimbu chaMwari nemhaka yei ainamata? Zvirokwazvo, munamato unongobva kune uyo anozvipira (anozvininipisa), anotambudzika uye anovimba netsitsi dzaAllah, Samasimba, sezvakataurwa muQur'aan:

> "Imi vanhu! Imi ndimi munomirira rubatsiro rwaAllah. Asi Allah ndivo vane upfumi hwose, vanofanirwa kurumbidzwa" Qur'aan 35: 15.

Uyezve mundima 19: 93 muQur'aan:

> "Hakuna kana chii zvacho chiri mumatenga nemunyika, asi kutoti chinouya kunaAr-Rahmaan (Vane Ngoni Zhinji) semuranda."

**NYAYA YEMUBHAIBHERI**

Mateu 15: 22-28 –

> "Uyezve, cherechedzai, apo mukadzi wekuCanaan paakabuda kumapeto kwenzvimbo pedyo negungwa uye akachema kwaari, achiti: 'Ivai netsitsi kwandiri, imi Mambo, mwanakomana wa Dhavhidha! Mwana wangu musikana ava anokanganiswa zvakanyanyisa nemweya wetsvina.' Asi haana kumupindura kana nezwi. Uye vateveri vake vakauya uye vakamukumbira, vachiti: 'Mudzingei, nekuti ari kutichemera.' Asi akapindura uye akati: 'Handina kutumwa asi kune hwai dzakarasika dzeimba yaIzirairi.' Akabva auya iye (mukadzi) uye akamunamata achiti: 'Mambo, ndibatsirei.' Asi akapindura uye akati: 'Handingatori chikafu chevana uye ndochikandira imbwa.' Uye (mukadzi) akati: 'Chokwadi, Mambo, asi imbwa dzinodya mafufu anodonha kubva pamatafura evaridzi vadzo.' Akabva apindura uye akati kwaari: 'Iwe mukadzi! Kukuru kutenda kwako! Zvichaitika kwauri sekuda kwako.' Uye mwanasikana wake akabva apora kubva nguva iyoyo."

Munyaya iyi yemukadzi wekuCanaan pane zvidzidzo zvakakosha:

(1) Kushaya tsitsi nerudo zviri kupomerwa Jesu (kana chiitiko ichi chakataurwa zvakanaka).

(2) Kusimudzira rudzi rwake pamusoro peevamwe.

(3) Kuzvitutumadza nerudzi raanobva nekutuka vamwe nekuvati imbwa.

(4) Mukadzi asingazivi uye asingatendi akapikisana naye akamukunda.

**JESU: MUPOROFITA WA ALLAH.**

Mateu 19: 16-17 –

> "Uye, cherechedzai, mumwe akauya uyezve akati kwaari: 'Mambo vakanaka, chii chakanaka chandingaite chinoita kuti ndiwane hupenyu hwakanaka husingaperi?' Uye akati kwaari: 'Nemhaka yei uchindishevedza kuti ndakanaka? [Hakuna] mumwe akanaka kunze kwemumwechete, Mwari, asi kana uchida kupinda muupenyu, chengetedza mirairo.'"

Mundima dziri pamusoro, onai kuzvininipisa nekuzvipira kwake (kuzvido zvaAllah).



NEW & EXCLUSIVE

Mateu 21: 45-46 –

> “Uye apo vadzidzi vakuru nemaFarisi pavakanzwa muenzaniso wake, vakazviziva kuti aitaura nezvavo. Asi pavakada kumurova, vakatya gungano nokuti vaimutora seMuporofita.”

Apa zvinoratidza kuti vese vaitenda muna Jesu munguva yeupenyu hwake vaive vasingatendi maari kuti ndiMwari kana mwana waMwari kana kuti mumwe wevatatu sekutenda kunoita Makristu. Asi vaitenda maari seMuporofita chete. Muchokwadi, uhu humboo hwakasimba pamusoro peavo vanotenda muumwari hwaJesu (Kuuya kwaMwari semunhu) kana vakanyatsodzamisa pfungwa.

**JESU: MURANDA WA ALLAH**

Mateu 23: 8 –

> “Asi usave unodaidzwa kuti Rabbi, nekuti mumwechete mambo wako, kunyangwe Jesu, uyezve mese muri madzikoma.”

Apa zviri pachena kuti Jesu muranda waAllah, uye kuti kuna mambo mumwechete uye ndiAllah. MuBhaibheri rechiArabhu, ndima iyi yakashandurwa kuti Jesu anova mambo, asi nechirungu zvainoreva zvakashandurwa zvakanaka.

Mateu 23: 9 –

> “Uye usadaidze chero munhu panyika kuti ndibaba vako, nekuti vamwechete Baba vako vari kudenga.”

Kubva mune izvi, uchaona kuti hubaba nehumwana hunoreva kuva nehukama pakati pamambo nevaranda vake. Izvi zvinobata munhu wese, kwete Jesu chete.

Mateu 24: 36 –

> “Asi pamusoro pezuva iroro nenguva iyoyo hakuna munhu anoziva, kunyangwe ngirozi dzekudenga, asi Baba vangu chete.’’

Uhwu ndiwo humboo hwakasimba kuti Nguva Yekupedzisira haizivikanwe kunyangwe kuna ani kusara kwaAllah. Naizvozvo ruzivo rwaJesu haruna kukwana sevamwe vanhu vese. Allah chete ndivo muzivi wezvose, muchenjeri mukuru.

Mateu 26: 39 –

> “Uye (Jesu) akaenda zvishoma mberi, akadonhedza chiso chake akanamata, achiti: ‘Imi Baba vangu! Kana zvichiita, itai komichi iyi ipfuure kubva kwandiri, kwete nekuda kwangu, asi nekuda kwenyu.’”

Tinodzidza pano kuti munhu ari kutaura haasi kuziva zvido zvaAllah, uye anoziva kuti ari muranda hwaAllah. Allah vega ndivo vanokwanisa kupindirudza.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

**KUNYORWA KWEBHAIBHERI**

Mateu 27: 7-8 –

> "Uye vakawirirana vese, uye vakatenga nazvo munda wemugadziri wehari kuti vavige vaenzi imomo. Kubva ipapo munda iwowo wakanga wakunzi munda weropa kusvika iyezvino."

Kubva mundima idzi tinonzwisisa kuti Bhaibheri (Tesitande Itsva) haina kunyorwa munguva yeupenyu hwaJesu, asi mushure mezviitiko zvataurwa, zvange zvakachengetedzwa mupfungwa dzevanhu.

Mateu 27: 46 –

> "Uye pedyo nenguva yepfumbamwe, Jesu akachema nezwi riripamusoro, achiti: 'Eri, Eri, lama sabachthani? (Mwari wangu, Mwari wangu, sei mandirasa?)'"

Izvi zvinoendarana nefungidziro dzvawo (Makristu) kuti Jesu akachema nezwi repamusoro, achitaura mashoko ari pamusoro paairovererwa pamuchinjikwa. Uku kutuka kukuru sezvo mashoko akadai haagoni kubva kunze kune vasingatendi muna Allah. Chisamiso chikuru kuti mashoko akadai angabve kumuporofita waAllah, nekuti Allah havaputsi chitsidzo chavo, uye maporofita hapana pavakambonyunyuta pamusoro pechitsidzo chavo.

**JESU: MUPARIDZI WEHUMWECHETE HWA ALLAH (TAUHEED)**

Muna Johwani 17: 3 –

> "Uye uhwu ndiwo hupenyu husingaperi, kuti vakuzivei, Mwari vechokwadi chete, uye naJesu Kristu uyo wamakatuma."

Muna Mark 12: 28-30 –

> "Uye mumwe wevanyori akauya, uye mushure mekuvanzwa vachitaurirana vese, uye achifunga kuti akanga avapindurwa zvakanaka, akamubvunza: 'Ndeupi murairo wekutanga pane yose?' Uye Jesu akamupindura: 'Wekutanga pamirairo yose ndeunoti: 'Inzwa iwe Izirairi, Mambo Mwari vako ndi Mambo Mumwechete. Uyezve uchada Mambo, Mwari vako nemoyo wako wese, uye mweya wako wese, uye nepfungwa dzako dzese, uye nesimba rako rese. Uhwu ndiwo murairo wekutanga.'"

Muna Mark 12: 32 –

> "Uye munyori akati kwaari: 'Ndizvo, Mambo, mutaura chokwadi; kuna Mwari Mumwechete; uye hakuna mumwe kunze kwavo.'"

Muna Mark 12: 34 –

> "Apo Jesu paakaona kuti apindura zvine uchenjeri, akati kwaari: 'Hausi kure neumambo hwa Mwari…'"



الجديد و طريف NEW & EXCLUSIVE

Mundima idzi, Jesu (Rugare ngaruve kwaari) pachake akapupura kuti Allah, Mwari Mumwechete, hakuna mumwe kunze kwavo, uyezve uyo anotenda muhumwechete hwavo ari pedyo neumambo hwaAllah. Nokudaro uyo anosanganisa zvimwe zvinhu naAllah kana anotenda muhutatu hwaAllah ari kure neumambo hwaAllah, uye uyo ari kure neumambo hwaAllah muvengi hwaAllah.

Muna Mateu 24: 36 –

> "Asi pamusoro pezuva iroro nenguva iyoyo hakuna munhu anoziva, kunyangwe ngirozi dzekudenga, asi Baba vangu chete.''

Mashoko akafanana akatorwa kubva kuna Mateu ayo akafanana nezvinotaura Qur'aan, kuti hapana anoziva kuti nguva ichavepo rini kunze kwaAllah. Izvi zvinotiratidza kuti chokwadi Jesu akange ari muranda waAllah, uyezve akange asina chinzvimbo muhumwari; uye kuti ange ari Mwari vange vatora mufananidzo hwemunhu, kupamhidzira kwevanhu vekuCanaan.

Muna Johwani 20: 16 –

> "Jesu akati kwaari: 'Mariya!' Akamutarisa uyezve ndokuti kwaari: 'Rabboni', zvinoreva kuti Mambo. Jesu akati kwaari: 'Usandibate, nekuti handisati ndakwidza kuna Baba vangu, asi enda kune madzikoma angu, uye oti kwavari: 'Ndiri kukwidza (kuenda) kuna Baba vangu naBaba venyu, uye kuna Mwari wangu naMwari wenyu.' Mariya Magadarina akauya uye akaudza vatevedzeri kuti ange aona Mambo, uyezve kuti vange vataura mashoko aya kwaari."

Mumashoko ari pamusoro, Jesu arikupa huchapupu huri pachena kutiAllah ndiMwari wake uye Mwari wavo, asingasiyanisi pakati pake navo mukunamata Mwari mumwechete. Uyo anotenda kuti Jesu ndiMwari, zvirokwazvo, anenge atuka Mwari uye nekunyengedza Jesu nemaporofita nevatumwa vese vaAllah.

## HUPOROFITA HWEBHAIBHERI PAMUSORO PA MUHAMMAD (SAW)

Johwani 14:15-16 –

> "Kana muchindida, ivai munochengetedza mirairo yangu. Uye ndichanamata kuna Baba uye vachakupai mumwe Munyevenutsi kuti agare nemi kusvikira narinhi."

Avo vanhu vakadzidza chitendero cheIslaam vanoti "mumwe Munyevenutsi" ndi Muhammad, Mutumwa hwaAllah; uye "kugara kusvikira narinhi" zvinoreva Qur'aan yakadzikiswa kwaari neSunnah (Nzira) yake, izvo zvicharamba zviripo kusvikira narinhi.

Johwani 15: 26-27 –

> "Asi kana Munyevenutsi auya, uyo wandichatumira kubva kuna Baba, chero mweya wechokwadi, uhwo unobva kuna Baba, achapupura nezvangu. Uyezve nemiwo muchapupura, nekuti mange muneni kubva pakutanga."

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

Johwani 16: 5-8 –

> "Ikozvino ndinoenda munzira yangu kuna ivo vakandituma, uye hapana umwe wenyu anondibvunza: 'Uri kuendepi?' Asi nekuti ndakakuudzai zvinhu izvi, kusuruvara kwave kunozara mumoyo yenyu. Asi ndinokuudzai chokwadi; kana ndikasaenda, Munyevenutsi haauyi kwamuri; asi ndikava ndinoenda, ndichamutimira kwamuri. Uyezve kana auya, acharambidza zvitadzo, uye obvumidza zvakanaka nemutongo."

Johwani 16: 12-14 –

> "Ndine zvinhu zvakawanda zvekutaura kwamuri, asi hamukwanisi kuzvitakura nguva ino. Zvichange zvakadii apo mweya wechokwadi pauchauya, achakutungamirirai kuchokwadi chese, nekuti haatauri nezvake; asi zvaanenge achinzwa, ndizvo zvaachataura; uyezve achakuratidzai zvinhu zvichaitika mberi. Achandirumbidza, nekuti achatambira zvekwangu, uye achakuratidzai."

Johwani 16: 16 –

> "Nenguva isipi hamundioni; uye nekamwe kanguva muchandiona, nekuti ndiri kuenda kuna Baba."

Vadzidzi vechitendero cheIslaam vanoti munhu aitaurwa naJesu kuti aizouya mushure make mundima dziri pamusoro ndi Muhammad, Mutumwa hwaAllah (SAW). 'Munhu' uyo akataurwa naJesu kuti achatevera mushure make anonzi 'Parqaleeta' muBhaibheri. Izwi iri rakadzimwa nevashanduri nevadudziri vakauya mushure, uye munguva dzimwe vairishandura kuva 'Munyevenutsi', nedzimwe nguva 'Mweya Mutsvene', uye nedzimwe nguva 'Mweya Wechokwadi'. Izwi (Parqaleeta) ndere chiGreek uye rinoreva kuti 'Uyo vanhu vanomurumbidza zvikuru'. Shoko iri zvarinoreva zvakafanana nezvinoreva izwi rekuti 'Muhammad' (mumutauro wechiArabhu).

**HUMBOO HWEKUTI NYAYA YEMUCHINJIKWA NDEYE MANYEPO**

(1) Bhaibheri rinopupura pachena kuti Jesu aizivikanwa pakati pemaJudha, aigara achiparidza nekuvapa mharidzo mutembere yaSoromoni muJerusarema. Naizvozvo zvakange zvisingakodzeri kuti vabhadhare muJudha makumi matatu esirivha kuti avanongedzere kwaari sezvataurwa muna Mateu.

(2) Zvakataurwa zvichinzi mumwe wevatevedzeri gumi nevaviri ainzi Judhasi Isikariyoti akatengwa kuti anoratidza maJudha kuna Jesu. Mushure mekupihwa (Jesu) mutongo, Judhasi akanzwa kunyara zvikuru uye akava anogeza maoko kubva muchiito chavo, uye akava anozviuraya. Izvi zvese zvakaitika nezuva rimwechete. Kupokana munyaya iyi kuri pachena.

(3) Humboo huri pachena pamusoro penyaya iyi unoratidza kuti nyaya ndeye manyepo, ndeapo Majudha akapa mutongo wekuti (Jesu) ange achiuraiwa uye vaida kunotorakava bvumo yemutungamiri Piratu.

Mateu 27: 11-14 –

> "Uye Jesu paakamira pamberi pemutungamiri, mutingamiri akamubvunza achiti: 'Ndiwe mutungamiriri weMajudha!' Uye Jesu akava anoti kwaari: 'Ndiwe uri kudaro.' Uye



الجديد و طريف NEW & EXCLUSIVE

paakava anopomerwa mhosva nemapirisiti makuru nevamwewo vakuru, hapana chaakapindura. Naizvozvo Piratu akave anoti kwaari: 'Hausi kunzwa here kuti zvakawanda sei zvavari kupupura pamusoro pako?' Uye hapana kana shoko raakamupindura…"

Makristu vachava vanodudzira ndima iri pamusoro vachiti Jesu aida kufira pamuchinjikwa kuti anunure vanhu vese uye nekuti zvitadzo zvavo zviregererwe. Naizvozvo, nemhaka yei aikumbira kuti komichi ibviswe kwaari (rufu)? Nekuda kwei akachema pamuchinjikwa (sezvavanotaura): "Imi Mwari, nekuda kwei mava munondiregerera?" Nekuda kwei akaramba akanyarara apo chokwadi pachaive chinopesaniswa? Ainyanyozivikanwa nemharidzo dzake dzaipikisa Majudha vakadzidza (maRabbi). Hakuna munhu akakwana anozvitenda. Kana nyaya yemuchinjikwa ikaburitswa pachena kuti ndeye manyepo, bango huru rechiKristu rinova rinoparara.

MaMuslim anotenda kuti Jesu haana kuroverwa pamuchinjikwa nemaJudha sezvakadzikiswa pachena naAllah nuQur'aan 4: 157, 158 –

"Uye nokuda kwekutaura kwavo (kwekuzvitutumadza) kuti: 'Takauraya Messiah, Jesu mwanakomana waMariya, mutumwa waAllah.' Asi havana kumuuraya kana kumurovera (pamuchinjikwa), asi zvakaita sokudaro kwavari (chiso chaJesu chakaiswa pane umwe murume uye vakauraya murume iyeye), uye avo vanopikisa mazviri havagutsikani zvikuru. Havana ruzivo, kusara kwekungotevera fungidziro. Zvirokwazvo, havana kumuuraya (Jesu (AS)). Asi Allah vakamusimudza (Jesu nemweya nemuviri wake) kwavari (kumatenga). Uye Allah vane simba rose, vane hungwaru hwose."

MaJudha pachavo pamwechete nemaKristu vanotenda kuti Jesu akaroverwa pamuchinjikwa. Naizvozvo kuratidza huchokwadi hwekutenda kwemaMuslim kuti Jesu haana kuuraiwa, kuburikidza neBhaibheri ndagadzira mibvunzo inotevera ichibva muBhuku raMateu riri muTesitande Itsva. (Chikamu 26 ne 27):

[1] Avo vakabata Jesu [kuburikidza nekufunga kwavo] vaimuziva here kana kuti vaisamuziva?

Mateu anopupura kuti vaisamuziva.

[2] Akange ari masikati kana kuti manheru paakabatwa?

Mateu anoti: Aiva manheru.

[3] Ndiani akavaratidza kwaakanga ari?

Mateu anoti: Ndemumwe wevatevedzeri vake gumi nevaviri ainzi Judhasi Isikariyoti.

[4] Akavaratidza mahara here kana kuti aizobhadharwa?

Mateu anoti: Akavaratidza kwaakange ari nekuti aizopihwa makumi matatu esirivha.

[5] Ndezvipi zvaiitwa naJesu husiku iwowo?

Mateu anoti: Aitya uye akapfugama achinamata achiti: "Imi Mwari, kana zvakakodzera kuti komichi iyi ipfuure nepandiri, itai kuti ive inopfuura." Zvinoshamisa kuti mashoko aya angabude mumukanwa

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

memutendi muna Mwari, ari zvekare Muporofita waMwari, nekuti vatendi vose vanotenda kuti Mwari vane simba pamusoro pezvinhu zvese.

[6] Vatevedzeri gumi nemumwe vakange vakamira sei?

Mateu anoti: Hope dzakavabata husiku uhwu pamwechete nemudzidzisi wavo nekutya. (Kuburikidza nekufunga kwavo).

[7] Jesu akanga achigutsikana here nekumira kwavo?

Mateu anoti (mundima 40 – 46): Aisagutsikana. Uye aiuya kwavari achivamutsa achivaudza kuti: "Tarisai uye namatai, kuti musapinde mumiedzo; mweya unoda asi muviri wakaneta." Uyezve aiuya ovawana vakarara zvekare, uye ovamutsa uye ovaudza zvimwechetezvo. Kuneta kwakadai hakugoni kutaurwa pamusoro pevadzidzi vakatendeka vakanaka, kunyangwe vatevedzeri vaJesu, mwanakomana waMariya.

[8] Vakamubetsera here pakauya machinda amambo kuzomubata?

Mateu anoti: Vakamuramba uye vakamutiza.

[9] Jesu aiva netarisiro here kubva muvatevedzeri vake muhusiku iwowo?

Mateu anoti: Jesu akavaudza kuti vachamutiza. Jesu akati kwavari: "Zvirokwazvo ndinoti kwamuri manheru anhasi jongwe risati rakukurudza muchandiramba katatu." Peter akati kwaari: "Kunyangwe zvazvo ndichifa nemi, handifi ndakurambai." Saizvozvo vatevedzeri vese vakataura. Asi zvakaitika kudaro.

[10] Machinda amambo akamubata sei?

Mateu anoti: Vakauya kwaari nemapfumo mushure mekunge varatidzwa kwaakange ari nemuJudha uye ndokumubata semataurirwo azvakaitwa mundima 57:

> "Uye ivo vakabata Jesu vakamuendesa kuna Kaifasi, mupirisiti mukuru, uko vakuru vakange vakaungana."

Ikoko vakamupa mutongo werufu. Machinda amambo vakamubvisa ipapo, vachimusvipira kumeso uye nekumurova nemaoko avo mushure mekunge vamubvisa nhumbi dzake, uye vakamupfekedza jira tsvuku nengara yeminzwa mumusoro, uye vakatenderera naye vachimushungurudza pamwechete nekumutsvinyira. Vachimuudza kuti: "Ndiwe mambo weIzirairi sekuzvitaura kwaunozviita." Vakamudzikisira zvikuru.

[11] Ndiani chaiye akamupa mutongo werufu?

Mateu anoti: Ndi Piratu, aiva mutungamiriri wePalestine.

[12] Nguva machinda amambo akamuunza pamberi pemutungamiriri, uye vakamuudza kuti mupirisiti wemaJudha ange amutongera rufu nekuroverwa pamuchinjikwa zvichienderana nemutemo wavo (wemuTorah), akatenda mavari here pasina kutsvagiridza?

Mateu anoti: Haana kutenda mavari asi akabvunza murume iyeye: “Ichokwadi here chavarikutaura?” Asi akaramba akanyarara. Mubvunzo wakadzokorodzwa, asi akaramba akanyarara. Zvaiva kwaari kuti ataure chokwadi kunyangwe zvavo akange asiri muporofita uye kuramba kupomerwa nhema nemaJudha. Mukadzi wemutungamiriri akaenda kumutungamiriri ndokuti kwaari: “Hapana here chaungaite nemurume uyu akanaka? Ndatambudzika nezvinhu zvakawanda kuhope muzuva ranhasi nekuda kwemurume uyu.”

Bhaibheri rinoti Jesu aipa mharidzo dzakareba kumaJudha kazhinji achivatsiura uye nekuvayambira. Saka sei akaramba akanyarara zuva iroro? Chinangwa chemutungamiriri chekumubvunza ndechekuti aida kuti ataure chokwadi.

[13] Akarovererwa sei pamuchinjikwa semafungiro avo?

Mateu anoti: Vakamuroverera pakati pembavha mbiri uye vese vaimutsvinyira vachiti: “Kana uri pachokwadi zvidzivirire.”

[14] Aya aive matambudziko makuru. Akati chii paakange ari pamuchinjikwa (semafungiro avo)?

Mateu anoti (27: 46):

> “Uye pedyo nenguva yepfumbamwe, Jesu akachema nezwi riripamusoro, achiti: ‘Eri, Eri, lama sabachthani? (Mwari wangu, Mwari wangu, sei mandirasa?)’”

Uku ndiko kusatenda kukuru sematauriro evadzidzi vese vezvitendero. Uye wese anozvipomera muporofita upi zvake haasi mutendi zvichienderana nezvitendero zvese zvakadzikiswa naAllah.

Allah, Samasimba, muQur’aan vanoyambira maJudha nemaKristu pamusoro pekunyepa kwavo; vachiti Jesu ndiMwari vakatora mufananidzo wemunhu, kana kuti ndimwana waMwari, kana kumuramba zvachose; uye kuti vanofanira kutenda maari seMutumwa waAllah chete:

> “Hapana munhu pavanhu vakapihwa Gwaro (maJudha nemaKristu), asi kuti vachatenda maari (Jesu) asati afa (Jesu, kana kuti muJudha wega-wega, kana muKristu wega-wega panguva inouya ngirozi yerufu). Uye pazuva rekumutswa, (Jesu) achava mupupuri achipikisana navo” Qur’aan 4: 159.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

## PAMHIDZIRO 2

# NYAYA DZIRI MUKATI


**Aad, Vana va…**
7: 65 – 72, 11: 50 – 60, 26: 123 – 140, 29: 38, 41: 15 – 16, 46: 21 – 26, 51: 41 – 42, 54: 18 – 21, 64: 4, 69: 6, 89: 6 – 8.

**Al-Aadiyaat**, Chitsauko 100.

**Abasa**, Chitsauko 80.

**Abrahamu**, Chitsauko 14.

**Abrahamu (Muporofita)**
2: 124 – 132, 2: 258, 2: 260, 3: 65 – 68, 4: 125, 4: 163, 6: 74 – 83, 6: 161, 9: 114, 11: 69 – 76, 14: 35 – 41, 15: 51 – 56, 16: 120 – 122, 19: 41 – 50, 21: 51 – 73, 22: 26 – 27, 22: 78, 26: 69 – 89, 29: 16 – 18, 29: 24 – 27, 29: 31 – 32, 37: 83 – 113, 38: 45 – 47, 43: 26 – 28, 51: 24 – 34, 53: 37, 57: 26, 60: 4 – 6, 87: 19.
**Chitendero chaAbrahamu:** 2: 130, 2: 135 – 136, 3: 67, 3: 84 – 85, 3: 95, 4: 125, 6: 161, 12: 38, 16: 123, 22: 78, 42: 13, 60: 4 – 6.

**Adam**
2: 30 – 38, 7: 19 – 25, 20: 120 – 121.
**Vanakomana va Adam:** 5: 27 – 31.

**Al-Ahqaaf**, Chitsauko 46.

**Al-Ahzaab**, Chitsauko 33.
**Hondo yeAhzaab:** 33: 9 – 27.

**Al-A'laa**, Chitsauko 87.

**Al-Alaq**, Chitsauko 96.

**Aalu Imraan**, Chitsauko 3.

**Allah (subhaanahu wa ta'aalaa)**
**Kutenda muna Allah:** 1: 1, 2: 19, 2: 28, 2: 136 – 137, 2: 177, 2: 186, 2: 256, 2: 285, 3: 18, 3: 52, 3: 84, 3: 110, 3: 113 – 114, 3: 179, 3: 193, 3: 199, 4: 59, 4: 136, 4: 152, 4: 162, 4: 175, 5: 69, 6: 19, 6: 71, 9: 18 – 20, 10: 3, 10: 62 – 63, 18: 13 – 14, 24: 2, 24: 62, 26: 46 – 48, 29: 46, 36: 25, 46: 13, 48: 9, 49: 15, 57: 7, 57: 19, 57: 21, 58: 22, 64: 8 – 9, 64: 11, 65: 11, 67: 29, 72: 13.

**Humwechete hwavo:** 2: 163, 2: 255, 3: 2, 3: 18, 3: 62, 4: 87, 4: 171, 5: 73, 6: 102, 6: 106, 9: 31, 9: 129, 11: 14, 14: 52, 16: 2, 16: 22, 16: 51, 17: 22, 17: 39, 17: 42, 18: 110, 19: 35, 20: 8, 20: 14, 20: 98, 21: 22, 21: 24 – 25, 21: 29, 21: 108, 22: 34, 23: 91, 23: 116 – 117, 27: 26, 27: 60 – 65, 28: 88, 35: 3, 37: 4, 38: 65, 39: 6, 40: 3, 40: 62, 40: 65, 41: 6, 42: 11, 44: 8, 47: 19, 51: 51, 59: 22 – 23, 64: 13, 73: 9, 112: 1 – 4.

**Humambo hwavo:** 1: 4, 2: 107, 3: 26, 3: 180, 3: 189, 5: 17 – 18, 5: 120, 6: 73, 7: 158, 9: 116, 17: 111, 20: 114, 22: 56, 23: 116, 24: 42, 25: 2, 25: 26, 35: 13, 36: 83, 39: 6, 39: 44, 40: 16, 42: 49, 43: 85, 45: 27, 48: 14, 57: 2, 57: 5, 57: 10, 62: 1, 64: 1, 67: 1, 85: 9, 114: 2.

**Kuda kwavo:** 2: 105, 2: 185, 2: 213, 2: 247, 2: 255, 2: 261, 2: 269, 2: 272, 2: 284, 3: 6, 3: 13, 3: 26 – 27, 3: 47, 3: 73 – 74, 3: 129, 3: 179, 4: 26 – 28, 4: 133, 5: 1, 5: 6, 5: 48 – 49, 6: 125, 6: 133, 7: 128, 10: 99, 10: 107, 11: 107 – 108, 12: 100, 13: 11, 13: 26 – 27, 14: 19, 14: 27, 16: 9, 16: 40, 16: 93, 17: 16, 17: 18, 17: 54, 22: 5, 22: 14, 22: 18, 24: 21, 28: 56, 30: 54, 33: 17, 35: 16, 36: 82, 42: 12, 42: 13, 42: 49 – 50, 47: 4, 74: 56, 76: 28 – 31, 80: 22, 81: 29, 82: 8, 85: 16.

**Simba ravo:** 2: 165, 2: 209, 3: 4, 4: 139, 5: 95, 6: 18, 6: 61, 8: 49, 8: 52, 11: 66, 13: 16, 14: 47, 22: 40, 22: 74, 30: 5, 33: 25, 35: 10, 40: 16, 41: 15, 45: 37, 48: 7, 51: 58, 54: 42, 59: 23.

**Kugona kwavo:** 2: 20, 2: 148, 3: 26 – 27, 4: 133, 5: 40, 6: 37, 6: 65, 6: 73, 9: 39, 18: 45, 22: 39, 23: 18, 23: 95, 27: 60 – 64, 27: 88, 35: 44, 43: 42, 59: 6, 67: 1, 70: 40 – 41.

**Semusiki neMupi hweupenyu:** 2: 29, 2: 117, 3: 6, 3: 47, 3: 59, 4: 1, 5: 17, 6: 36, 7: 11, 10: 3 – 6, 10: 34, 14: 19, 15: 23, 15: 26 – 27, 15: 86, 16: 3 – 5, 16: 40, 16: 65, 17: 99, 18: 51, 19: 67, 20: 55, 21: 33, 21: 104, 22: 5 – 7, 22: 66, 23: 14, 24: 45, 25: 2, 25: 54, 25: 59, 27: 64, 28: 68, 29: 19 – 20, 30: 11, 30: 19 – 22, 30: 27, 30: 40, 30: 50, 30: 54, 31: 10 – 11, 31: 28, 32: 7, 35: 1, 35: 16, 36: 77 – 82, 37: 96, 39: 5 – 6, 39: 62, 40: 57, 40: 62, 40: 64, 40: 67 – 68, 41: 39, 42: 9, 46: 3, 46: 33, 50: 11, 50: 43, 51: 49, 55: 14 – 15, 56: 57 – 62, 57: 2, 57: 4, 58: 6, 58: 18, 59: 24, 64: 2 – 3, 64: 7, 65: 12, 67: 2 – 3, 75: 3 – 4, 75: 37 – 40, 79: 27 – 33, 82: 7 – 8, 85: 13, 86: 8.

**Mupenyu neMugari Nhaka Hwezvisikwa:** 2: 255, 3: 2, 3: 180, 15: 23, 19: 40, 19: 80, 20: 111, 25: 58, 28: 58, 28: 88, 40: 65, 55: 27, 57: 10.

**Ruzivo rwavo:** 2: 29 – 30, 2: 33, 2: 77, 2: 197, 2: 215 – 216, 2: 220, 2: 232, 2: 235, 2: 255, 2: 270, 3: 7, 3: 29, 3: 63, 3: 66, 3: 92, 3: 115, 3: 119, 3: 154, 3: 167, 4: 32, 4: 45, 4: 63, 4: 127, 5: 7, 5: 61, 5: 97, 5: 99, 5: 109, 5: 116, 6: 3, 6: 13, 6: 59 – 60, 6: 80, 6: 117, 6: 119, 6: 124, 7: 7, 7: 52, 7: 89, 7: 187, 8: 53, 8: 60, 9: 44, 9: 47, 9: 78, 9: 101, 9: 115, 10: 36, 10: 40, 10: 61, 11: 5 – 6, 11: 14, 11: 31, 13: 8 – 9, 13: 42, 14: 38, 15: 24, 16: 19, 16: 23, 16: 28, 16: 74, 16: 91, 16: 125, 17: 25, 17: 54 – 55, 17: 84 – 85, 19: 70, 20: 7, 20: 52, 20: 98, 20: 104, 20: 110, 21: 4, 21: 28, 21: 51, 21: 81, 21: 110, 22: 70, 22: 76, 23: 96, 24: 19, 24: 28 – 29, 24: 41, 24: 64, 25: 6, 26: 188, 27: 25, 27: 65, 27: 74, 27: 88, 28: 56, 28: 69, 28: 85, 29: 10, 29: 42, 29: 45, 29: 52, 29: 62, 31: 23, 31: 34, 32: 6, 33: 40, 33: 54, 33: 63, 34: 2, 35: 8, 35: 11, 35: 38, 36: 76, 36: 79, 39: 70, 40: 7, 40: 19, 41: 47, 42: 12, 42: 24 – 25, 43: 84 – 85, 46: 8, 46: 23, 47: 19, 47: 26, 47: 30, 48: 18, 48: 27, 49: 16, 49: 18, 50: 4, 50: 16, 50: 45, 53: 30, 53: 32, 57: 3 – 4, 57: 6, 58: 7, 60: 1, 60: 10, 62: 7 – 8, 64: 4, 64: 11, 65: 12, 67: 13, 67: 26, 68: 7, 74: 31, 84: 23, 87: 7.

**Kuona nekunzwa kwavo:** 2: 96, 2: 137, 2: 144, 3: 20, 3: 38, 3: 156, 3: 163, 3: 181, 4: 58, 4: 148, 6: 103, 8: 61, 9: 105, 11: 112, 17: 96, 18: 26, 20: 46, 22: 75, 25: 20, 26: 217 – 220, 35: 31, 41: 40, 42: 11, 43: 80, 49: 18, 58: 1, 67: 19, 84: 14 – 15, 96: 14.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

**Raramiso yavo:** 2: 22, 2: 212, 3: 27, 6: 151, 10: 31, 11: 6, 13: 26, 14: 32, 16: 71, 17: 30 – 31, 20: 131 – 132, 22: 58, 24: 38, 27: 64, 28: 57, 29: 17, 29: 60, 29: 62, 34: 24, 34: 36, 34: 39, 35: 3, 38: 54, 39: 52, 40: 40, 42: 12, 42: 27, 51: 57 – 58, 65: 3, 67: 21, 79: 33.

**Makomborero nezvipo zvavo kuvanhu:** 2: 105, 2: 122, 2: 243, 2: 251, 3: 8, 3: 73 – 74, 3: 103, 3: 164, 3: 174, 4: 32, 4: 173, 5: 3, 5: 6, 5: 54, 8: 53, 10: 58, 10: 60, 10: 107, 12: 38, 14: 34, 16: 18, 16: 53, 16: 81, 16: 83, 16: 114, 17: 12, 17: 20, 17: 66, 17: 70, 24: 21, 27: 73, 31: 20, 31: 31, 33: 9, 33: 47, 35: 3, 38: 9, 40: 61, 42: 26, 42: 49, 49: 7 – 8, 57: 21, 57: 29, 62: 4, 93: 11.

**Kuvimba navo:** 3: 122, 3: 159 – 160, 3: 173, 4: 81, 5: 11, 5: 23, 7: 89, 8: 2, 8: 49, 8: 61, 9: 51, 9: 129, 10: 71, 10: 84 – 85, 11: 56, 11: 88, 11: 123, 12: 67, 13: 30, 14: 11 – 12, 16: 42, 16: 99, 25: 58, 26: 217 – 220, 27: 79, 29: 59, 33: 3, 33: 48, 39: 38, 40: 44, 42: 10, 42: 36, 58: 10, 60: 4, 64: 13, 65: 3, 67: 29, 73: 9.

**Kuvarangarira:** 2: 152, 2: 198, 2: 200, 2: 203, 2: 239, 3: 135, 3: 191, 4: 103, 5: 91, 7: 201, 7: 205, 8: 45, 13: 28, 18: 24, 18: 28, 18: 101, 20: 14, 20: 124, 26: 227, 29: 45, 33: 21, 33: 41, 39: 22 – 23, 43: 36, 53: 29, 57: 16, 58: 19, 62: 9 – 10, 63: 9.

**Mitemo nemiganhu yavo:** 2: 173, 2: 187, 2: 229 – 230, 2: 275, 4: 13 – 14, 4: 22 – 24, 5: 1 – 5, 5: 44 – 50, 6: 151 – 153, 7: 33, 12: 40, 13: 37, 16: 115 – 116, 17: 22 – 38, 24: 2 – 9, 24: 13, 42: 13, 45: 18, 60: 8 – 9, 60: 10, 65: 1 – 7, 98: 5.

**Kutsungirira kwavo:** 2: 235, 2: 263, 3: 155, 4: 12, 5: 101, 10: 11, 16: 61, 17: 44, 18: 58, 22: 59, 33: 51, 35: 41, 35: 45, 64: 17.

**Ruregerero rwavo:** 2: 37, 2: 52, 2: 54, 2: 160, 2: 173, 2: 225, 2: 235, 2: 284, 3: 31, 3: 129, 3: 135, 3: 155, 4: 17, 4: 26 – 27, 4: 48, 4: 96, 4: 99, 4: 110, 4: 116, 4: 129, 5: 9, 5: 18, 5: 34, 5: 39 – 40, 5: 74, 5: 95, 5: 98, 5: 101, 6: 54, 6: 145, 6: 165, 7: 153, 7: 155 – 156, 7: 167, 8: 29, 8: 38, 8: 70, 9: 27, 9: 99, 9: 102, 9: 104, 9: 117 – 118, 13: 6, 14: 10, 15: 49, 16: 18, 16: 110, 16: 115, 16: 119, 17: 25, 18: 58, 20: 82, 24: 22, 24: 33, 25: 70, 28: 46, 33: 71, 33: 73, 39: 53, 40: 3, 42: 5, 42: 25, 42: 30, 42: 34, 46: 31, 48: 14, 53: 32, 57: 20, 57: 28, 61: 12, 64: 17, 71: 4, 71: 10, 73: 20, 74: 56, 110: 3.

**Kutsamwa kwavo:** 2: 61, 2: 89 – 90, 3: 112, 3: 162, 4: 93, 5: 80, 7: 152, 8: 16, 16: 106, 20: 81, 24: 9, 35: 39, 40: 10, 40: 35, 42: 16, 47: 27 – 28, 48: 6, 61: 3.

**Tsitsi dzavo:** 1: 1, 2: 64, 2: 105, 2: 163, 3: 74, 3: 157, 4: 29, 4: 83, 4: 96, 4: 113, 4: 175, 6: 12, 6: 54, 6: 133, 6: 147, 7: 56, 7: 156, 9: 61, 9: 99, 10: 58, 11: 9, 12: 56, 15: 56, 18: 16, 18: 58, 19: 50, 19: 53, 24: 10, 24: 14, 24: 20 – 21, 28: 73, 33: 43, 35: 2, 39: 38, 39: 53, 40: 7, 42: 8, 42: 28, 43: 32, 44: 6, 45: 30, 48: 25, 57: 28, 59: 22, 76: 31.

**Al-An'aam**, Chitsauko 6.

**Al-Anbiyaa**, Chitsauko 21.

**Al-Anfaal**, Chitsauko 8.

**Al-Ankaboot**, Chitsauko 29.

**Al-A'raaf**, Vanhu veku: 7: 46 – 48.

**Aroni (Muporofita)**
4: 163, 6: 84, 7: 142, 7: 150, 10: 75, 19: 53, 20: 29 – 36, 20: 90 – 94, 21: 48, 23: 45 – 48, 25: 35 – 36, 28: 34 – 35, 37: 114, 37: 120.

**Al-Asr**, Chitsauko 103.

**Aayat al-Kursi** 2: 255.

**Badr, Hondo ye…**
3: 13, 8: 5 – 19, 8: 42 – 48, 54: 45.

**Al-Balad**, Chitsauko 90.

**Al-Baqarah**, Chitsauko 2.

**Al-Bayyinah**, Chitsauko 98.

**Al-Burooj**, Chitsauko 85.

**Bhuku rakachengetedzwa (Al-Lauh al-Mahfoodh)**
6: 38, 6: 59, 9: 36, 10: 61, 11: 6, 13: 39, 17: 58, 21: 105, 22: 70, 27: 75, 33: 6, 34: 3, 35: 11, 43: 4, 50: 4, 52: 2, 56: 78, 57: 22, 85: 22.

**Chidzikinuro**
**Mukunamata:** 2: 184, 2: 196, 37: 107.
**Chevasungwa:** 2: 85, 47: 4.
**Pakurambana:** 2: 229.
**Pazuva rokutongwa:** 3: 91, 5: 36, 10: 54, 13: 18, 39: 47, 57: 15, 70: 11.

**Chikafu**
2: 168, 2: 172 – 173, 3: 93, 5: 3 – 5, 5: 88, 6: 145, 16: 114, 22: 28, 22: 36, 33: 53, 76: 8, 80: 24 – 32.

**Chimbadzo**
2: 275 – 280, 3: 130, 4: 161, 30: 39.

**Chitendero**
**Chakakomekedzwa naAllah:** 2: 21, 2: 112, 2: 132, 2: 138, 2: 208, 3: 19, 3: 83, 4: 136, 4: 166, 5: 3, 6: 151 – 153, 6: 161, 10: 104 – 106, 12: 40, 21: 92, 22: 78, 23: 52, 30: 30 – 31, 39: 11 – 12, 42: 13 – 15, 45: 18, 98: 5.
**Kutambirwa nekutevedzerwa kwacho:** 2: 256, 4: 125, 7: 29, 9: 121, 39: 2, 40: 14, 40: 65, 60: 8, 109: 6.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

**Kurasika machiri:** 2: 79, 2: 116, 2: 209, 2: 213, 3: 24, 3: 85 – 86, 4: 60, 4: 171, 5: 54, 5: 63, 5: 65 – 66, 5: 72 – 73, 5: 77, 6: 116, 6: 153, 6: 159, 7: 175 – 176, 11: 118, 12: 106, 19: 59, 21: 93, 22: 11, 23: 53, 24: 63, 25: 43, 30: 31 – 32, 42: 14, 43: 65, 45: 17, 45: 23.

**Chokwadi**
2: 147, 2: 213, 3: 3, 3: 71, 3: 108, 4: 105, 4: 122, 4: 170, 5: 48, 5: 83 – 84, 6: 73, 7: 181, 9: 32 – 33, 10: 4 – 5, 10: 23, 10: 35 – 36, 10: 53, 10: 55, 10: 94, 10: 108, 11: 120, 13: 1, 13: 17, 15: 8, 15: 85, 16: 3, 16: 38, 17: 81, 17: 105, 18: 29, 21: 18, 21: 24, 22: 62, 23: 62, 28: 75, 30: 60, 31: 30, 31: 33, 33: 4, 34: 6, 34: 23, 34: 48 – 49, 35: 5, 35: 31, 40: 19 – 20, 41: 53, 42: 17 – 18, 42: 24, 43: 78, 43: 86, 44: 39, 45: 29, 47: 2 – 3, 48: 28, 50: 19, 53: 28, 56: 95, 61: 8 – 9, 69: 51, 103: 3.

**Adh-Dhaariyaat**, Chitsauko 51.

**Dhavhidha (Daawood)**
2: 251, 4: 163, 5: 78, 6: 84, 17: 55, 21: 78 – 80, 34: 10 – 11, 38: 17 – 26, 38: 30.

**Adh-Dhuhaa**, Chitsauko 93.

**Dhul-Kifl**
21: 85, 38: 48.

**Ad-Dukhaan**, Chitsauko 44.

**Elaisha (Ilyasa')**
6: 86, 38: 48.

**Eriya (Ilyaas)**
6: 85, 37: 123 – 132.

**Ezira (Uzair)**
9: 30.

**Al-Faatihah**, Chitsauko 1.

**Faatir**, Chitsauko 35.

**Al-Fajr**, Chitsauko 89.

**Al-Falaq**, Chitsauko 113.

**Farawo nevanhu vake**

2: 49 – 50, 7: 103 – 137, 8: 54, 10: 75 – 92, 11: 97 – 99, 17: 101 – 103, 20: 43 – 79, 23: 45 – 48, 26: 10 – 68, 28: 3 – 21, 28: 36 – 42, 29: 39, 40: 23 – 46, 43: 46 – 56, 44: 17 – 31, 51: 38 - 40, 54: 41 – 42, 66: 11, 73: 15 – 16, 79: 17 – 26, 89: 10 – 13.

**Al-Fath**, Chitsauko 48.

**Al-Feel**, Chitsauko 105.

**Al-Furqaan**, Chitsauko 25.

**Fussilat**, Chitsauko 41.

**Ghaafir**, Chitsauko 40.

**Al-Ghaashiyah**, Chitsauko 88.

**Gabriel (Jibreel)**
2: 87, 2: 97 – 98, 2: 253, 5: 110, 16: 102, 26: 193, 66: 4, 66: 12, 70: 4, 78: 38, 81: 19 – 21, 97: 4.

**Gehena nemoto**
**Chimiro charo:** 2: 24, 4: 56, 7: 41, 10: 27, 11: 106 – 107, 14: 16 – 17, 14: 49 – 50, 15: 43 – 44, 17: 97, 18: 29, 22: 19 – 22, 23: 104, 24: 12 – 13, 33: 66, 38: 56 – 58, 39: 16, 39: 72, 40: 70 – 72, 50: 30, 56: 42 – 44, 56: 51 – 56, 66: 6, 67: 6 – 8, 69: 31 – 32, 70: 15 – 18, 74: 26 – 29, 76: 4, 77: 30 – 33, 78: 21 – 22, 104: 5 – 9.
**Ngirozi vachengetedzi varo:** 39: 71, 40: 49 – 50, 43: 77, 66: 6, 67: 8, 74: 30 – 31, 96: 18.
**Vagari vemo:** 2: 39, 2: 86, 2: 161 – 162, 4: 10, 4: 93, 4: 140, 4: 145, 5: 10, 5: 72, 7: 18, 7: 36, 7: 38 – 39, 9: 63, 9: 68, 11: 119, 17: 18, 19: 72, 20: 74, 21: 29, 21: 98 – 99, 22: 51, 26: 94 – 95, 33: 64 – 65, 38: 55 – 56, 38: 59 – 64, 40: 6, 40: 46 – 48, 43: 74 – 76, 50: 24 – 26, 54: 47 – 48, 56: 41 – 42, 72: 15, 72: 23, 79: 37 – 39, 85: 10, 98: 6, 101: 8 – 11, 111: 1 – 5.

**Gogu naMagogu**
18: 94, 18: 97 – 98, 21: 95 – 96.

**Goriyati (Jaaloot)**
2: 249 – 251.

**Gwaro**
2: 78 – 79, 2: 87, 2: 213, 3: 3 – 4, 3: 23 – 24, 3: 184, 4: 163, 5: 44, 5: 46, 5: 48, 5: 68, 6: 91 – 92, 6: 154 – 157, 7: 169 – 170, 11: 110, 13: 36 – 37, 17: 2 – 4, 17: 55, 21: 105, 23: 49, 25: 35, 28: 48 – 50, 32: 23, 40: 53 – 54, 41: 45, 53: 36 – 54, 57: 25 – 26.
**Vanhu veGwaro:** 2: 109, 2: 111, 2: 113, 2: 120, 2: 146, 3: 19 – 20, 3: 64 – 66, 3: 69 – 75, 3: 78, 3: 98 – 100, 3: 113 – 115, 3: 187, 3: 199, 4: 153, 4: 159, 4: 171, 5: 5, 5: 47, 5: 65 – 66, 5: 68 – 69, 6: 20, 7: 165, 13: 36, 28: 52 – 54, 29: 46, 57: 16, 57: 29, 74: 31, 98: 1 – 5.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

**Gwaro rezviito**
3: 181, 4: 81, 10: 21, 17: 13 – 14, 17: 71, 18: 49, 19: 79, 23: 62, 36: 12, 43: 19, 43: 80, 45: 28 – 29, 69: 19, 69: 25, 78: 29, 81: 10, 83: 7 – 9, 83: 18 – 21, 84: 7 – 12.

**Al-Haaqqah**, Chitsauko 69.

**Al-Hadeed**, Chitsauko 57.

**Al-Hajj**, Chitsauko 22.

**Hajj neUmrah**
2: 158, 2: 196 – 203, 3: 96 – 97, 5: 1 – 2, 5: 94 – 97, 22: 27 – 29, 22: 33, 22: 36 – 37.

**Al-Hashr**, Chitsauko 59.

**Al-Hijr**, Chitsauko 15.

**Hijrah (Kutama munzira yaAllah)**
2: 218, 3: 195, 4: 97 – 100, 8: 72 – 75, 9: 20, 16: 41, 16: 110, 22: 58, 29: 26, 29: 56, 33: 50, 39: 10, 59: 8 – 10, 60: 10.

**Hondo**
**Yeku Tabook:** 9: 40 – 59, 9: 81 – 99, 9: 117 – 118, 9: 120 – 122.
**Yeku Uhud:** 3: 121 – 180.
**Yemu Goronga:** 85: 4 – 10.

**Hud**, Chitsauko 11.

**Hud (Muporofita)**
7: 65 – 72, 11: 50 – 60, 26: 123 – 140, 46: 21 – 26.

**Al-Hujuraat**, Chitsauko 49.

**Al-Humazah**, Chitsauko 104.

**Humiririri**
2: 255, 4: 85, 6: 51, 6: 70, 10: 3, 21: 28, 32: 4, 36: 23, 39: 43 – 44, 43: 86, 53: 26, 74: 48.

**Hupenyu**
2: 28, 2: 154, 2: 179, 3: 27, 3: 156, 3: 169, 4: 29, 5: 32, 6: 121, 6: 151, 10: 56, 15: 23, 17: 31, 17: 33, 21: 30, 22: 66, 23: 80, 30: 19, 50: 43, 57: 2, 67: 2.
Hwepasi rino: 2: 96, 2: 212, 3: 14, 3: 185, 6: 32, 9: 38, 10: 7 – 8, 10: 23 – 24, 11: 15 – 16, 13: 26, 18: 45 – 46, 28: 60 – 61, 29: 64, 30: 7, 31: 33, 35: 5, 40: 51, 41: 31, 42: 36, 43: 32, 47: 36, 53: 29 – 30, 57: 20, 79: 37 – 39.

**Hupenyu hwemangwana**

2: 200 – 202, 3: 14, 3: 77, 3: 85, 3: 145, 3: 176, 3: 198, 4: 77, 4: 134, 6: 32, 7: 147, 7: 169, 9: 38, 10: 62 – 64, 11: 15 – 16, 12: 57, 12: 109, 13: 26, 13: 34, 14: 27, 16: 22, 16: 41, 16: 96 – 97, 16: 107 – 109, 17: 18 – 19, 17: 21, 17: 72, 20: 127, 22: 11, 27: 4 – 5, 28: 60, 28: 70, 28: 83 – 84, 29: 64, 34: 1, 39: 26, 40: 39 – 40, 41: 16, 41: 31, 42: 20, 42: 22, 43: 35, 57: 20, 68: 33, 73: 20, 87: 17, 93: 4.

**Huporofita**

3: 79, 6: 89, 29: 27, 45: 16, 57: 26.

**Iblees (Dhiyabhorosi / Satani)**

2: 34, 7: 11 – 18, 15: 31 – 44, 17: 61 – 65, 18: 50, 20: 116 – 120, 34: 20 – 21, 38: 71 – 85, 72: 4.

**Iddah (Nguva yekumira)**

**Mushure merufu:** 2: 234 – 235.

**Mushure mekurambana:** 2: 228, 2: 231 – 232, 2: 235, 33: 49, 65: 1 – 7.

**Al-Ikhlaas**, Chitsauko 112.

**Al-Infitwaar**, Chitsauko 82.

**Inoki (Idrees)**

19: 56 – 57, 21: 85.

**Al-Insaan**, Chitsauko 76.

**Al-Inshiqaaq**, Chitsauko 84.

**Isaka (Ishaaq)**

6: 84, 11: 71, 14: 39, 19: 49, 21: 72, 37: 112 – 113, 38: 45.

**Ishumaeri (Ismaa'eel)**

2: 125 – 129, 2: 133, 4: 163, 6: 86, 19: 54 – 55, 21: 85, 38: 48.

**Islaam**

2: 136, 3: 19, 3: 64, 3: 67, 3: 83 – 85, 5: 3, 6: 125, 22: 78, 39: 22, 41: 33, 49: 17.

**Al-Israa'**, Chitsauko 17.

**Izirairi, vana va…**

2: 40 – 103, 2: 122 – 123, 2: 246 – 251, 3: 93 – 94, 5: 12 – 13, 5: 20 – 26, 5: 32, 5: 70 – 71, 5: 78 – 81, 7: 137 – 141, 7: 148 – 153, 7: 159 – 171, 10: 83 – 93, 14: 5 – 8, 17: 2 – 8, 17: 104, 20: 80 – 98, 26: 52 – 67, 26: 197, 27: 76, 40: 53, 44: 23 – 33, 45: 16 – 17, 46: 10, 61: 5 – 6.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

**Al-Jaathiyah**, Chitsauko 45.

**Jakobho (Ya’qoob)**

2: 132 – 133, 3: 93, 4: 163, 6: 84, 19: 49, 21: 72, 29: 27.

**Jesu (Isa)**

2: 87, 3: 45 – 55, 3: 59, 4: 156 – 159, 4: 163, 4: 171 – 172, 5: 17, 5: 46, 5: 72, 5: 75, 5: 78, 5: 110 – 118, 19: 19 – 37, 23: 50, 43: 57 – 64, 57: 27, 61: 6, 61: 14.

**Jihad (Kushingirira munzira yaAllah)**

2: 154, 2: 190 – 191, 2: 193, 2: 216, 2: 218, 2: 244, 3: 142, 3: 157 – 158, 3: 169, 3: 171, 3: 195, 4: 71 – 77, 4: 84, 4: 95, 4: 104, 5: 35, 5: 54, 8: 15 – 16, 8: 39 – 41, 8: 45 – 46, 8: 55 – 57, 8: 60 – 62, 8: 74 – 75, 9: 5 – 6, 9: 12 – 16, 9: 20, 9: 24, 9: 29, 9: 36, 9: 38 – 41, 9: 44, 9: 73, 9: 88 – 89, 9: 111, 9: 120 – 123, 22: 39 – 40, 22: 58 – 59, 22: 78, 29: 6, 29: 69, 33: 23, 47: 4 – 7, 47: 35, 48: 16, 49: 15, 57: 10, 57: 25, 59: 2 – 7, 60: 1 – 2, 61: 4, 61: 10 – 14, 66: 9, 100: 1 – 5.

**Jinn (Zvisikwa nemoto)**

2: 34, 6: 100, 6: 112, 6: 128 – 130, 7: 38, 7: 179, 11: 119, 15: 17 – 18, 15: 27, 17: 88, 18: 50, 21: 82, 27: 17, 27: 38 – 40, 34: 12 – 14, 34: 41, 37: 6 – 10, 41: 25, 41: 29, 46: 18, 46: 29 – 32, 51: 56, 55: 15, 67: 5, 72: 1 – 17.

**Al-Jinn**, Chitsauko 72.

**Jobho (Ayyoob)**

4: 163, 6: 84, 21: 83 – 84, 38: 41 – 44.

**Johwani (Yahya)**

3: 39, 6: 85, 19: 7, 19: 12 – 15, 21: 89 – 90.

**Johwana (Yunus)**

4: 163, 6: 86, 10: 98, 21: 87 – 88, 37: 139 – 148, 68: 48 – 50.

**Josefa (Yusuf)**

6: 84, 12: 4 – 101.

**Al-Jumu’ah**, Chitsauko 62.

**Ka’bah**

2: 125 – 129, 2: 144 – 145, 2: 149 – 150, 2: 158, 3: 96 – 97, 5: 2, 5: 97, 8: 34 – 35, 14: 37, 22: 26, 22: 29, 22: 33, 106: 3.

**Al-Kaafiroon**, Chitsauko 109.

**Al-Kahf**, Chitsauko 18.

**Al-Kawthar**, Chitsauko 108.

**Kodzero dzehama**
2: 83, 2: 177, 2: 180 – 182, 2: 215, 2: 233, 4: 7 – 12, 4: 33, 4: 36, 4: 127, 4: 135, 4: 176, 5: 106, 6: 151 – 152, 9: 113 – 114, 16: 90, 17: 23 – 24, 17: 26, 17: 31, 24: 22, 29: 8, 30: 38, 31: 14, 46: 15 – 18, 64: 14.

**Kubvunzurudzwa paZuva Rokutongwa**
2: 134, 2: 141, 2: 284, 3: 199, 6: 62, 13: 21, 13: 41, 14: 51, 16: 56, 16: 93, 17: 13 – 14, 17: 34, 17: 36, 21: 47, 24: 23 – 25, 24: 39, 29: 10, 29: 13, 34: 25, 37: 22 – 24, 40: 17, 43: 19, 43: 44, 69: 19 – 20, 69: 25 – 26, 81: 8 – 9, 84: 7 – 8, 88: 26, 102: 8.

**Kuera**
6: 152, 7: 85, 11: 84 – 85, 15: 19, 17: 35, 26: 182, 42: 17, 55: 7 – 9, 57: 25.
**Mabasa:** 7: 8 – 9, 23: 102 – 103, 101: 6 – 9.

**Kukumbira**
**Allah:** 2: 186, 6: 41, 6: 63, 7: 29, 7: 55 – 56, 7: 180, 7: 189, 10: 12, 10: 22, 10: 106, 13: 14, 17: 11, 17: 110, 18: 14, 19: 4, 19: 48, 21: 90, 22: 67, 23: 118, 25: 65 – 66, 25: 74, 25: 77, 26: 213, 27: 62, 28: 87 – 88, 29: 65, 30: 33, 31: 32, 32: 16, 39: 8, 39: 49, 40: 14, 40: 49 – 50, 40: 60, 40: 65, 41: 49, 41: 51, 46: 15, 52: 28, 72: 18, 72: 20.
**Vamwe kunze kwaAllah:** 7: 194, 10: 106, 13: 14, 17: 56 – 57, 18: 52, 22: 12 – 13, 26: 213, 28: 64, 28: 88, 34: 22, 40: 43, 46: 5.

**Kukunda**
2: 250 – 251, 3: 123 – 127, 8: 10, 9: 25 – 26, 12: 110, 22: 39, 27: 34, 30: 2 – 5, 32: 28 – 29, 48: 1, 48: 3, 48: 18 – 21, 48: 27, 58: 21, 61: 13, 110: 1.

**Kumutswa**
6: 36, 16: 38 – 39, 17: 49 – 52, 17: 98 – 99, 22: 5 – 7, 22: 66, 23: 16, 27: 65, 31: 28, 35: 9, 36: 51 – 53, 37: 16 – 21, 36: 78 – 79, 46: 33, 56: 49 – 50, 64: 7, 67: 15.

**Kunamata**
**Allah vega:** 1: 5, 2: 21, 3: 43, 3: 51, 3: 64, 3: 113, 4: 36, 5: 72, 5: 117, 6: 102, 7: 59, 7: 65, 7: 73, 7: 85, 7: 206, 9: 31, 10: 3, 10: 104, 11: 50, 11: 61, 11: 84, 11: 123, 12: 40, 13: 36, 15: 98 – 99, 16: 36, 16: 114, 17: 23, 19: 36, 19: 65, 20: 14, 21: 25, 21: 92, 22: 77, 23: 23, 23: 32, 24: 55, 27: 45, 27: 91, 29: 16 – 17, 29: 36, 29: 56, 32: 15, 36: 61, 39: 2, 39: 9, 39: 11, 39: 14, 39: 64 – 66, 40: 66, 41: 37, 43: 64, 50: 39 – 40, 51: 56, 53: 62, 76: 25 – 26, 98: 5, 106: 3 – 4, 109: 1 – 6.
**Vamwe kunze kwaAllah:** 5: 76, 6: 56, 10: 18, 19: 42 – 44, 21: 98, 22: 71, 25: 17 – 19, 25: 55, 27: 24 – 25, 27: 43, 29: 17, 34: 40 – 42, 39: 3.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

**Kurambana**

2: 228, 2: 232, 2: 236 – 237, 2: 241, 4: 20 – 21, 65: 1 – 7.

**Kureurura**

**Kunokurudzirwa naAllah:** 2: 160, 2: 222, 3: 133, 4: 106, 5: 74, 7: 153, 24: 31, 30: 31, 39: 53 – 54, 41: 6, 49: 11, 66: 8, 110: 3.

**Kunotambirwa naAllah:** 2: 37, 2: 160, 3: 89, 3: 136, 4: 17 – 18, 4: 48, 4: 64, 4: 110, 4: 116, 4: 146, 5: 34, 5: 39, 654, 7: 153, 9: 102, 9: 104, 9: 117 – 118, 15: 49, 16: 110, 16: 119, 20: 82, 24: 5, 25: 70 – 71, 28: 16, 28: 67, 33: 73, 42: 25.

**Kuroorana**

2: 221, 2: 230, 2: 232, 2: 235, 4: 3 – 4, 4: 19 – 25, 4: 34 – 35, 4: 127 – 130, 23: 5 – 7, 24: 3, 24: 32 – 33, 30: 21, 33: 37, 33: 49, 33: 52, 60: 10, 70: 29 – 31.

**Kururama**

2: 177, 2: 224, 2: 277, 3: 57, 3: 92, 3: 133 – 135, 3: 199, 4: 124, 5: 2, 7: 42, 8: 1, 16: 97, 17: 22 – 37, 18: 30, 18: 110, 28: 83, 30: 44, 31: 13 – 19, 34: 37, 39: 33, 40: 40, 41: 33, 41: 46, 46: 15: 16, 47: 17, 49: 13, 59: 7, 64: 16.

**Kusika**

2: 164, 3: 190 – 191, 10: 4, 10: 34, 15: 26 – 33, 18: 51, 21: 104, 22: 5, 23: 12 – 17, 23: 115, 30: 27, 31: 11, 31: 28, 32: 7, 39: 6, 40: 57, 42: 29, 45: 3 – 4, 50: 15, 52: 35, 67: 2 – 3, 79: 27 – 33, 86: 5 – 6, 88: 17.

**Kuteerera**

**Allah:** 3: 32, 3: 132, 4: 13, 4: 59, 4: 69, 4: 80, 5: 92, 8: 1, 8: 20, 8: 46, 9: 71, 24: 51 – 52, 24: 54, 33: 33, 33: 71, 47: 33, 48: 17, 49: 14, 58: 13, 64: 12, 64: 16.

**Kunorambidzwa:** 3: 100, 3: 149, 6: 116, 6: 121, 18: 28, 25: 52, 29: 8, 31: 15, 33: 66 – 67, 43: 54, 68: 8, 68: 10, 76: 24, 96: 19.

**Kutenda**

3: 173, 3: 193, 4: 25, 6: 158, 8: 2, 9: 124, 10: 9, 10: 98, 16: 106, 33: 22, 42: 52, 49: 7, 49: 14 – 17, 52: 21, 58: 22, 59: 9 – 10.

**Mapango ako:** 2: 177, 2: 185.

**Kutenda Allah**

2: 152, 2: 172, 3: 144 – 145, 6: 53, 12: 38, 14: 7, 16: 114, 16: 121, 27: 19, 27: 40, 27: 73, 29: 17, 31: 12, 31: 14, 32: 9, 39: 7, 39: 66, 40: 61, 46: 15.

**Kutsanya**

2: 183 – 185, 2: 187, 2: 196, 4: 92, 5: 89, 33: 35, 58: 4.

**Kutsungirira**

2: 45, 2: 153, 2: 155 – 157, 2: 177, 2: 250, 3: 120, 3: 146, 3: 186, 3: 200, 4: 25, 6: 34, 7: 126, 8: 46, 10: 109, 11: 49, 11: 115, 12: 90, 13: 22, 13: 24, 16: 42, 16: 96, 16: 126 – 127, 18: 28, 20: 130, 21: 85, 23: 111, 25: 20, 28: 54, 29: 58 – 59, 31: 17, 40: 77, 42: 43, 46: 35, 49: 5, 52: 16, 70: 5, 73: 10, 74: 7, 76: 12, 103: 3.

**Kutya Allah**

2: 40 – 41, 2: 74, 2: 150, 2: 194, 2: 197, 3: 76, 3: 102, 3: 130, 3: 175, 3: 200, 4: 1, 4: 131, 5: 3, 5: 28, 5: 35, 5: 44, 5: 94, 6: 51, 8: 29, 8: 48, 9: 13, 9: 119, 13: 13, 13: 21, 16: 2, 16: 49 – 51, 21: 28, 21: 49, 22: 1, 23: 52, 23: 57, 24: 52, 31: 33, 33: 1, 33: 39, 33: 70, 35: 18, 35: 28, 36: 11, 39: 10, 50: 31 – 33, 57: 28, 58: 9, 59: 16, 59: 18, 59: 21, 64: 16, 65: 1 – 5, 65: 10, 67: 12, 98: 8.

**Kuuraya**

2: 61, 2: 178, 2: 191, 2: 217, 3: 21, 4: 29, 4: 92, 5: 27 – 34, 6: 151, 17: 31, 17: 33, 40: 28, 60: 12.

**Kuzvichenura** 2: 125, 8: 11, 9: 108, 20: 75 – 76, 22: 26, 74: 4.

**Wudhu:** 5: 6.

**Ghusl (Kugeza):** 2: 222, 4: 43.

**Tayammum (Kuzvichenura neivhu):** 4: 43, 5: 6.

**Kwemweya:** 2: 129, 2: 151, 3: 42, 3: 164, 4: 49, 9: 103, 20: 75 – 76, 24: 21, 24: 28, 24: 30, 33: 33, 35: 18, 62: 2, 80: 3, 87: 14, 91: 9, 92: 17 – 18.

**Al-Layl**, Chitsauko 92.

**Loti (Muporofita)**

6: 86, 7: 80 – 84, 11: 74 – 83, 15: 56 – 77, 21: 74 – 75, 26: 160 – 175, 27: 54 – 58, 29: 26, 29: 31 – 34, 37: 133 – 138, 54: 33 – 39.

**Luqmaan**, Chitsauko 31.

**Al-Ma’aarij**, Chitsauko 70.

**Al-Maa’idah**, Chitsauko 5.

**Al-Maa’uoon**, Chitsauko 107.

**Mabasa**

2: 74, 2: 110, 2: 139, 2: 197, 2: 215, 2: 234, 3: 30, 3: 195, 4: 110 – 112, 4: 123 – 124, 4: 127, 5: 105, 6: 54, 6: 60, 6: 88, 6: 108, 6: 164, 7: 153, 9: 94, 9: 105, 9: 120, 10: 41, 10: 61, 14: 18, 14: 42, 15: 92 – 93, 16: 91, 16: 93, 16: 119, 17: 9, 18: 7, 18: 23, 18: 30, 18: 46, 18: 103 – 104, 18: 110, 20: 112, 21: 23, 24: 39, 24: 64, 27: 4, 29: 6 – 7, 30: 44, 34: 25, 34: 37, 35: 10, 35: 18, 41: 33 – 34, 41: 40, 41: 46, 45: 15, 45: 21, 45: 28 – 29, 46: 19, 47: 1 – 2, 53: 39 – 40, 61: 2 – 3, 64: 7, 67: 2, 92: 4, 99: 7 – 8.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

**Mubairo wawo:** 2: 25, 2: 134, 2: 141, 2: 167, 4: 123 – 124, 5: 9, 5: 33, 6: 132, 6:160, 7: 43, 11: 15 – 16, 11: 111, 16: 93, 16: 97, 17: 19, 18: 30 – 31, 18: 49, 18: 103 – 108, 20: 15, 20: 74 – 75, 21: 94, 22: 51, 24: 55, 25: 22 – 23, 28: 84, 29: 6 – 7, 30: 41 – 42, 34: 5, 34: 38, 35: 37, 39: 70, 40: 40, 45: 33, 46: 16, 46: 19, 53: 31.

**Mabhizimusi nekutengeserana**

2: 188, 2: 275, 2: 282 – 283, 3: 77, 3: 130, 4: 29, 4: 58, 5: 1, 6: 152, 7: 85, 12: 20, 17: 34 – 35, 23: 8, 24: 36 – 37, 26: 182, 30: 39, 38: 23 – 24, 55: 9, 62: 9, 70: 32.

**Madeenah, Vanhu veku…**

9: 101, 9: 120, 33: 13, 33: 60, 63: 8.

**Madyan**

7: 85 – 93, 9: 70, 11: 84 – 95, 15: 78 – 79, 20: 40, 22: 44, 26: 176 – 190, 28: 22 – 23, 29: 36 – 37, 38: 13, 50: 14.

**Majudha**

2: 62, 2: 111 – 113, 2: 120, 2: 135, 4: 46, 4: 160 – 162, 5: 18, 5: 41 – 45, 5: 51, 5: 64, 5: 69 – 71, 5: 82, 6: 146, 9: 30, 16: 118, 22: 17, 62: 6 – 8.

**Makkah**

3: 96, 14: 35 – 37, 90: 1 – 2, 95: 3.

**Makristu**

2: 62, 2: 111 – 113, 2120, 2: 135, 5: 14, 5: 17 – 18, 5: 47, 5: 51, 5: 69, 5: 72 – 73, 5: 82 – 85, 9: 30 – 31, 22: 17, 57: 27.

**MaMuslim**

3: 64, 3: 67, 3: 84, 3: 102, 6: 163, 11: 14, 15: 2, 16: 89, 21: 108, 22: 78, 27: 81, 27: 91, 28: 52 – 53, 30: 53, 33: 35, 39: 11 – 12, 41: 33, 43: 68 – 69, 46: 15, 68: 35, 72: 14.

**Mushure mehuporofita hwaMuhammad (SAW):** 2: 128, 2: 132 – 133, 3: 52 – 53, 3: 67, 5: 111, 7: 126, 10: 72, 10: 84 – 86, 12: 101, 22: 78, 27: 31, 27: 42, 51: 36.

**Manyepo navanamwari venhema**

2: 42, 2: 92 – 93, 4: 50, 4: 117 – 118, 5: 103, 6: 21, 6: 74, 6: 93 – 94, 6: 108, 7: 138 – 139, 7: 148 – 149, 7: 152, 7: 194, 7: 197 – 198, 10: 18, 10: 69 – 70, 11: 101, 13: 17, 16: 105, 16: 115, 17: 56 – 57, 17: 67, 17: 81, 19: 42, 19: 81 – 82, 20: 61, 20: 88 – 89, 21: 18, 21: 21 – 22, 21: 24 – 25, 21: 26, 21: 29, 21: 43, 21: 52 – 54, 21: 65 – 66, 21: 98 – 99, 22: 12 – 13, 22: 62, 25: 3, 25: 43, 28: 38, 28: 62 – 64, 29: 17, 29: 25, 29: 52, 31: 30, 34: 22, 34: 49, 35: 14, 35: 40, 36: 22 – 24, 36: 74 – 75, 37: 22 – 23, 37: 125, 40: 5, 40: 20, 40: 43, 42: 24, 45: 23, 46: 4 – 6, 46: 28, 53: 19 – 23, 61: 7, 79: 24.

**Mapisarema (Zaboor)**
4: 163, 17: 55.

**Maporofita**
2: 213, 2: 246 – 248, 3: 79 – 80, 3: 81, 3: 146 – 147, 3: 161, 4: 69, 4: 163, 6: 112, 7: 94, 17: 55, 19: 58, 25: 31, 33: 7, 33: 40, 43: 6 – 7.

**Mariya (Maryam, mai vaJesu)**
3: 35 – 37, 3: 42 – 51, 4: 156, 4: 171, 5: 116, 19: 16 – 34, 21: 91, 23: 50, 66: 12.

**Maryam**, Chitsauko 19.

**Al-Masad**, Chitsauko 111.

**Masjid (Nzvimbo yekunamatira)**
2: 114 – 115, 2: 187, 7: 29, 7: 31, 9: 17 – 19, 9: 107 – 109, 17: 1, 17: 7, 22: 40, 72: 18.

**Al-Masjid al-Haraam**
2: 144 – 145, 2: 149 – 150, 2: 191, 2: 196, 2: 217, 5: 2, 8: 34 – 35, 9: 7, 9: 19, 9: 28, 22: 25, 48: 25, 48: 27.

**Matenga**
**Chimiro chawo:** 2: 22, 2: 29, 2: 255, 6: 75 – 79, 6: 96 – 97, 7: 54, 10: 5, 13: 2, 14: 32, 15: 16 – 18, 15: 22, 16: 12, 17: 44, 19: 90, 21: 30, 21: 32 – 33, 24: 43, 25: 61, 30: 48, 31: 10, 31: 29, 33: 72, 35: 13, 35: 41, 36: 37 – 40, 37: 6 – 10, 39: 5, 40: 57, 41: 37, 42: 5, 50: 6, 51: 22, 51: 47, 53: 26, 55: 5, 55: 7, 56: 75 – 76, 67: 5, 71: 15 – 16, 72: 8 – 9, 79: 27 – 29.
**Kusikwa nekudzokorodzwa kwawo:** 2: 29, 13: 2, 18: 51, 21: 30, 25: 59, 29: 44, 32: 4, 40: 57, 41: 11 – 12, 50: 38, 52: 9, 65: 12, 71: 15 – 16, 81: 1 – 2.
**Chimiro chawo panguva yokumutswa:** 2: 210, 25: 25, 39: 67, 55: 37 – 38, 69: 16 – 17, 70: 8, 73: 18, 75: 8 – 9, 77: 8 – 9, 78: 19, 81: 11, 82: 1 – 2, 84: 1 – 2.

**Mavara kwekutanga kwezvitsauko**
2: 1, 3: 1, 7: 1, 10: 1, 11: 1, 12: 1, 13: 1, 14: 1, 15: 1, 19: 1, 20: 1, 26: 1, 27: 1, 28: 1, 29: 1, 30: 1, 31: 1, 32: 1, 36: 1, 38: 1, 40: 1, 41: 1, 42: 1 – 2, 43: 1, 44: 1, 45: 1, 46: 1, 50: 1, 68: 1.

**Mawiri**
2: 180, 4: 7, 4: 12, 5: 106.

**Miedzo muupenyu hwepasi rino**
2: 49, 2: 102, 2: 155 – 156, 2: 214, 3: 179, 3: 186, 5: 48, 6: 165, 7: 141, 7: 155, 8: 28, 9: 49, 11: 7, 14: 6, 16: 92 – 93, 17: 60, 18: 7, 21: 35, 21: 111, 22: 11, 22: 53, 25: 20, 29: 2 – 3, 29: 10, 43: 33, 47: 4, 64: 15, 67: 2, 74: 31, 76: 2, 89: 15 – 16.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

**Mifananidzo**
2: 17 – 18, 2: 19 – 20, 2: 26, 2: 171, 2: 259, 2: 261, 2: 264, 2: 265 – 266, 3: 117, 7: 176 – 177, 9: 109 – 110, 10: 24, 11: 24, 14: 18, 14: 24 – 27, 16: 75 – 76, 16: 92, 16: 112 – 113, 18: 45, 22: 31, 22: 73, 24: 35 – 36, 24: 39 – 40, 29: 41 – 43, 30: 28, 39: 29, 48: 29, 57: 20, 59: 21, 62: 5.

**Mubairo**
2: 112, 2: 261 – 262, 2: 274, 2: 277, 3: 57, 3: 136, 3: 145, 3: 148, 3: 171 – 172, 3: 195, 3: 199, 4: 40, 4: 74, 4: 100, 4: 134, 7: 170, 9: 21 – 22, 11: 115, 12: 56 – 57, 16: 41, 16: 96 – 97, 18: 30, 20: 75 – 76, 24: 38, 25: 15 – 16, 28: 54, 28: 80, 29: 7, 29: 58, 32: 17, 33: 29, 33: 35, 34: 37, 35: 30, 39: 10, 39: 34 – 35, 39: 73 – 74, 41: 8, 46: 13 – 14, 48: 18, 53: 31, 55: 60, 64: 15, 65: 5, 67: 12, 68: 3, 73: 20, 76: 20 – 22, 84: 25, 89: 27 – 30, 95: 6, 98: 7 – 8.

**Mubhadharo**
4: 92, 5: 45, 5: 89, 5: 95, 58: 3 – 4.

**Al-Muddaththir**, Chitsauko 74.

**Muhammad**, Chitsauko 47.

**Muhammad (Rugare nemakomborero aAllah ngaave kwaari**)
**Chimiro chake:** 2: 143, 2: 151, 2: 252, 3: 144, 3: 159, 3: 164, 5: 19, 7: 157 – 158, 7: 184, 7: 188, 9: 3, 9: 33, 9: 61, 9: 88, 9: 128, 10: 15 – 16, 11: 2, 11: 49, 15: 89, 17: 93, 17: 105, 18: 110, 21: 107, 25: 20, 25: 56, 28: 46, 33: 6, 33: 21, 33: 40, 33: 45 – 46, 34: 28, 34: 46, 36: 3 – 4, 41: 6, 45: 18, 46: 9, 48: 8, 48: 28 – 29, 53: 56, 57: 8, 61: 6, 61: 9, 62: 2, 63: 8, 65: 11, 68: 4, 69: 41 – 42, 72: 19 – 23, 73: 15, 73: 20, 98: 2.
**Kutenda maari:** 3: 81 – 82, 4: 100, 4: 136, 4: 170 – 171, 7: 157 – 158, 9: 71, 9: 80, 24: 62, 33: 22, 46: 31, 47: 2, 48: 13, 49: 15, 57: 7, 57: 28, 58: 22, 61: 11, 64: 8, 69: 40.
**Kumuteerera nekumuremekedza:** 2: 104, 3: 31 – 32, 3: 132, 4: 13 – 14, 4: 59, 4: 64 – 65, 4: 69, 4: 80, 4: 115, 5: 92, 7: 157, 8: 1, 8: 13, 8: 20, 8: 24, 8: 46, 9: 24, 9: 62 – 63, 9: 71, 9: 105, 9: 120, 24: 52, 24: 54, 24: 56, 24: 63, 33: 36, 33: 53, 33: 56 – 57, 33: 66, 33: 71, 47: 33, 48: 8 – 10, 48: 17, 49: 1 – 5, 49: 14, 58: 9, 58: 12 – 13, 58: 20, 59: 7 – 8, 64: 12, 72: 23.
**Basa rake:** 2: 143, 3: 20, 3: 164, 5: 67, 5: 92, 5: 99, 6: 14, 6: 51 – 52, 6: 106 – 107, 7: 157, 7: 184, 8: 65, 9: 73, 9: 103, 9: 113, 10: 104 – 106, 10: 109, 11: 2, 11: 112 – 115, 13: 40, 15: 89, 16: 82, 16: 125, 18: 27 – 28, 20: 130, 22: 78, 24: 54, 25: 57, 26: 213 – 217, 27: 91 – 93, 29: 18, 30: 30, 33: 1 – 2, 33: 38, 33: 47 – 48, 35: 23, 38: 86, 40: 55, 42: 15, 42: 23, 42: 48, 45: 18, 46: 35, 50: 39, 50: 45, 51: 55, 52: 48 – 49, 60: 12, 64: 12, 66: 9, 72: 23, 73: 1 – 4, 73: 7 – 8, 73: 10, 74: 1 – 7, 75: 16 – 19, 76: 24 – 26, 87: 9, 88: 21, 94: 7 – 8.
**Mhuri yake:** 24: 11, 33: 6, 33: 28 – 34, 33: 37, 33: 50 – 53, 33: 59, 66: 1, 66: 3 – 5.

**Al-Mujaadilah**, Chitsauko 58.

**Al-Mulk**, Chitsauko 67.

**Al-Mu'minoon**, Chitsauko 23.

**Al-Mumtahinah**, Chitsauko 60.

**Al-Munaafiqoon**, Chitsauko 63.

**Munamato (Swalaah)**

2: 3, 2: 43, 2: 45, 2: 110, 2: 153, 2: 238, 4: 101 – 103, 5: 6, 6: 72, 6: 92, 7: 170, 8: 3, 8: 35, 9: 5, 9: 11, 9: 18, 9: 71, 10: 87, 11: 114, 13: 22, 14: 31, 14: 37, 14: 40, 17: 78, 17: 110, 19: 31, 19: 55, 19: 59, 20: 14, 20: 132, 21: 73, 22: 35, 22: 41, 22: 78, 23: 2, 23: 9, 24: 41, 24: 56, 29: 45, 31: 17, 33: 33, 35: 29, 62: 9 – 10, 70: 22 – 23, 70: 34.

**Munhu**

**Kusikwa kwake:** 2: 30, 4: 1, 6: 2, 6: 98, 7: 11 – 12, 7: 189, 15: 26, 15: 28 – 29, 15: 33, 16: 4, 18: 37, 19: 9, 22: 5, 23: 12 – 14, 25: 54, 30: 20, 32: 7 – 9, 35: 11, 36: 77, 38: 71, 38: 76, 39: 6, 40: 67, 49: 13, 53: 32, 55: 14, 56: 57 – 59, 71: 17, 75: 37 – 39, 76: 1 – 2, 77: 20 – 23, 80: 18 – 19, 86: 5 – 7, 96: 2.

**Chimiro chake:** 3: 14, 4: 28, 10: 12, 10: 44, 11: 9 – 11, 12: 38, 13: 1, 17: 11, 17: 67, 17: 100, 18: 54, 21: 37, 33: 72, 39: 49, 40: 61, 41: 49 – 51, 42: 48, 70: 19 – 22, 89: 15 – 16, 89: 20, 95: 4, 96: 6 – 7, 100: 6 – 7.

**Basa rake:** 2: 21, 5: 105, 6: 164, 7: 27, 7: 158, 8: 53, 10: 108, 13: 11, 16: 90, 17: 23, 17: 34 – 36, 22: 1, 31: 33, 35: 18, 39: 7, 51: 56, 53: 38 – 41.

**Miedzo yake panyika:** 2: 155, 6: 164 – 165, 8: 25, 8: 28, 11: 7, 16: 92, 18: 7, 21: 35, 22: 11, 25: 20, 29: 2 – 3, 29: 10, 39: 49, 51: 56, 57: 25, 67: 2, 76: 2, 89: 15 – 16.

**Kudzokera kwake kuna Allah:** 2: 28, 2: 156, 2: 245, 2: 281, 5: 105, 6: 36, 6: 60 – 62, 6: 108, 9: 94, 9: 105, 10: 4, 10: 23, 10: 30, 10: 45 – 46, 10: 56, 11: 4, 18: 87, 21: 93, 28: 70, 28: 88, 29: 8, 29: 17, 29: 58, 30: 11, 31: 15, 32: 11, 36: 83, 39: 7, 39: 44, 41: 21, 43: 85, 45: 15, 62: 8, 75: 10 – 15, 96: 8.

**Muripo**

1: 4, 3: 185, 26: 82, 37: 20 – 21, 51: 12 – 14, 82: 14 – 19.

**Al-Mursalaat**, Chitsauko 77.

**Musa (Muporofita)**

2: 51 – 71, 2: 87, 2: 92, 4: 153, 4: 164, 5: 20 – 26, 6: 154, 7: 103 – 156, 7: 159 - 160, 10: 75 – 89, 11: 96 – 97, 11: 110, 14: 5 – 8, 17: 2, 17: 101 – 103, 18: 60 – 82, 19: 51 – 53, 20: 9 – 98, 21: 48, 23: 45 – 49, 25: 35, 26: 10 – 67, 27: 7 – 14, 28: 3 – 43, 29: 30, 32: 23, 33: 69, 37: 114 – 122, 40: 23 – 37, 40: 53 – 54, 41: 45, 43: 46 – 54, 51: 38 – 40, 65: 1, 79: 15 – 26.

**Al-Mutwaffifeen**, Chitsauko 83.

**Al-Muzzammil**, Chitsauko 73.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

**Mweya (Nafs)**

**Pasi rino:** 2: 284, 2: 286, 3: 145, 3: 185, 4: 1, 4: 29, 4: 128, 5: 32, 5: 45, 5: 105, 6: 93, 6: 98, 6: 104, 6: 152, 6: 158, 6: 164, 7: 189, 9: 55, 9: 85, 10: 100, 10: 108, 12: 53, 17: 13, 17: 25, 17: 33, 21: 35, 23: 62, 25: 68, 29: 6, 29: 57, 31: 6, 31: 34, 32: 13, 35: 18, 39: 41 – 42, 41: 46, 45: 15, 47: 38, 48: 10, 50: 16, 51: 20 – 21, 53: 32, 59: 18 – 19, 63: 10 – 11, 64: 16, 65: 7, 73: 20, 75: 2, 86: 4, 91: 7.

**Muhupenyu hwemangwana:** 2: 48, 2: 123, 2: 281, 2: 284, 2: 286, 3: 25, 3: 30, 3: 185, 10: 30, 10: 54, 11: 105, 16: 111, 17: 13 – 15, 20: 15, 21: 35, 21: 47, 21: 101 – 102, 23: 62, 23: 101 – 103, 35: 18, 36: 54, 39: 70, 40: 17, 41: 30 – 31, 43: 71, 45: 22, 50: 21 – 22, 52: 21, 74: 38, 81: 14, 82: 5, 89: 27.

**Bango rehupenyu (Rooh):** 15: 29, 17: 85, 32: 9, 38: 72.

**An-Naas**, Chitsauko 114.

**An-Naazi'aat**, Chitsauko 79.

**An-Naba'**, Chitsauko 78.

**An-Nahl**, Chitsauko 16.

**An-Najm**, Chitsauko 53.

**An-Naml**, Chitsauko 27.

**An-Nasr**, Chitsauko 110.

**Nguva yekupedzisira**

6: 31, 6: 40, 7: 187, 12: 107, 16: 77, 20: 15, 22: 1, 30: 12, 30: 14, 33: 63, 34: 3, 40: 59, 41: 47, 43: 66, 45: 32, 51: 5 – 6, 54: 1 – 5, 67: 25 – 27.

**Nhaka**

2: 180, 2: 240, 4: 7 – 9, 4: 11 – 12, 4: 19, 4: 33, 4: 176, 5: 106 – 108.

**Nhungamiro**

1: 6 – 7, 2: 2 – 5, 2: 38, 2: 120, 2: 136 – 138, 2: 186, 2: 213, 2: 272, 3: 20, 3: 73, 4: 174 – 175, 5: 15 – 16, 6: 71, 6: 88 – 90, 6: 125, 6: 149, 7: 52, 9: 115, 10: 25, 10: 35 – 36, 10: 108, 13: 27, 14: 4, 16: 9, 16: 89, 16: 93, 16: 125, 17: 9, 17: 15, 19: 76, 20: 123, 22: 54, 24: 35, 24: 46, 28: 56, 29: 69, 31: 2 – 5, 39: 17 – 18, 39: 23, 39: 36 – 37, 39: 41, 42: 13, 47: 17, 49: 7, 64: 11, 72: 14, 76: 3, 92: 12 – 13.

**An-Nisaa'**, Chitsauko 4.

**An-Noor**, Chitsauko 24.



الجديد و الحصري NEW & EXCLUSIVE

**Nowa (Muporofita)**
3: 33, 4: 163, 6: 84, 7: 59 – 64, 10: 71 – 73, 11: 25 – 49, 17: 3, 19: 58, 21: 76 – 77, 23: 23 – 30, 25: 37, 26: 105 – 122, 29: 14 – 15, 33: 7, 37: 75 – 82, 42: 13, 54: 9 – 15, 57: 26, 71: 1 – 28.

**Nuh (Nowa)**, Chitsauko 71.

**Nyaya**
2: 243, 2: 246 – 251, 2: 259, 3: 35 – 36, 5: 27 – 32, 7: 175 – 177, 16: 112 – 113, 18: 32 – 44, 28: 76 – 82, 36: 13 – 32, 40: 28 – 46, 68: 17 – 33.

**Nyika**
**Chimiro chayo:** 2: 164, 6: 99, 7: 24 – 25, 13: 3 – 4, 15: 19, 16: 11, 16: 13 – 15, 16: 65, 17: 44, 18: 7 – 8, 19: 90, 20: 53 – 55, 21: 30 – 31, 22: 5, 22: 63, 23: 18 – 19, 26: 7 – 8, 27: 60, 29: 56, 30: 48 – 50, 31: 10, 32: 27, 33: 72, 35: 9, 35: 27 – 28, 35: 41, 36: 33 – 36, 39: 21, 40: 64, 41: 39, 42: 29, 43: 10 – 11, 45: 4 – 5, 50: 7, 51: 20, 55: 10 – 12, 57: 17, 57: 22, 67: 15, 71: 19 – 20, 77: 25 – 27, 78: 6 – 7, 80: 26 – 32, 88: 20.
**Kusikwa kwayo nekuidzokorodza:** 7: 54, 11: 7, 29: 44, 39: 5, 40: 57, 41: 9 – 11, 65: 12, 79: 29 – 33.
**Chimiro chayo panguva yekumutswa:** 14: 48, 18: 47, 19: 40, 20: 105 – 107, 22: 65, 27: 88, 39: 67 – 69, 50: 44, 56: 4 – 6, 69: 14, 73: 14, 78: 20, 84: 3 – 5, 89: 21, 99: 1 – 5.

**Paradhiso**
**Chimiro chayo:** 2: 25, 3: 15 – 17, 3: 133, 4: 57, 9: 72, 13: 35, 15: 45 – 48, 18: 31, 19: 61 – 63, 22: 23 – 24, 35: 33 – 35, 36: 55 – 58, 37: 41 – 49, 43: 71 – 73, 44: 51 – 55, 47: 15, 55: 46 – 77, 56: 15 – 26, 56: 28 – 38, 57: 21, 69: 22 – 23, 76: 12 – 22, 78: 31 – 36, 83: 25 – 28, 88: 10 – 16.
**Vagari vemo:** 2: 82, 3: 198, 4: 13, 4: 57, 4: 124, 5: 85, 5: 119, 9: 20 – 22, 9: 72, 9: 88 – 89, 9: 100, 13: 22 – 23, 14: 23, 15: 45 – 47, 18: 107 – 108, 19: 60, 22: 14, 22: 23 – 24, 44: 51, 48: 17, 52: 17, 54: 54 – 55, 55: 46, 56: 10 – 12, 68: 34, 70: 23 – 35, 77: 41 – 44, 79: 40 – 41, 83: 22 – 24, 85: 11, 89: 27 – 30, 99: 7 – 8, 101: 6 – 7.

**Qaaf**, Chitsauko 50.

**Al-Qaari'ah**, Chitsauko 101.

**Al-Qadr**, Chitsauko 97.

**Al-Qalam**, Chitsauko 68.

**Al-Qamar**, Chitsauko 54.

**Al-Qasas**, Chitsauko 28.

**Qiblah** 2: 142 – 150, 7: 29, 10: 87.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

**Al-Qiyaamah**, Chitsauko 75.

**Qur'aan**

**Shoko kubva kuna Allah:** 2: 176, 2: 252, 3: 3, 3: 7, 3: 108, 4: 105, 4: 113, 4: 136, 4: 166, 6: 114, 6: 155, 7: 2, 7: 196, 10: 16, 10: 37, 10: 94, 11: 1, 12: 2 – 3, 13: 1, 14: 1, 15: 9, 15: 87, 16: 44, 16: 101 – 102, 17: 105 – 106, 18: 1 – 2, 21: 10, 21: 50, 22: 16, 24: 34, 24: 46, 25: 6, 26: 192 – 195, 28: 86, 29: 51, 32: 2, 35: 31, 36: 5, 38: 29, 39: 1 – 2, 39: 23, 39: 41, 40: 2, 41: 2 – 4, 41: 41 – 42, 42: 17, 42: 52, 43: 1 – 4, 44: 2 – 3, 45: 2, 45: 6, 46: 2, 56: 77 – 80, 57: 9, 69: 43, 76: 23.

**Humwechete nekusagoneka kwaro kurigadzira:** 2: 23 – 24, 4: 82, 10: 37 – 38, 11: 1, 11: 13 – 14, 15: 9, 17: 88, 29: 48 – 49, 41: 41 – 42, 59: 21.

**Rinotsigira nekuzadzikisa magwaro ekutanga:** 2: 41, 2: 91, 2: 97, 3: 3, 4: 47, 5: 15, 5: 48, 6: 92, 10: 37, 12: 111, 46: 12, 46: 30.

**Senhungamiro:** 2: 2, 2: 97, 2: 185, 3: 138, 5: 15 – 16, 6: 155, 7: 170, 7: 203, 12: 2, 12: 111, 14: 1, 16: 64, 16: 89, 16: 102, 17: 9, 22: 16, 27: 1 – 2, 27: 76 – 77, 31: 2 – 3, 34: 6, 38: 29, 41: 44, 45: 11, 45: 20, 57: 9, 72: 1 – 2, 72: 13.

**Maonero aro nevatendi:** 2: 121, 3: 7 – 8, 3: 199, 5: 83 – 84, 6: 30, 6: 114, 8: 2, 9: 124, 11: 17, 13: 36, 17: 107, 19: 58, 22: 54, 25: 73, 28: 52 – 53, 29: 47, 30: 53, 32: 15, 34: 6.

**Maonero aro nevasingatendi:** 2: 89 – 91, 2: 170, 3: 7, 4: 140, 5: 104, 6: 7, 8: 31, 9: 124 – 125, 9: 127, 10: 15, 16: 24, 16: 101, 17: 46, 19: 73, 22: 72, 25: 4 – 5, 25: 32, 31: 7, 31: 21, 34: 31, 34: 43, 41: 26, 43: 31, 45: 8 – 9, 45: 25, 46: 7 – 8, 68: 15, 83: 13, 84: 21.

**Kuverengwa nekudzidzwa kwaro:** 2: 121, 3: 113, 4: 82, 7: 204, 16: 98, 18: 27, 25: 30, 27: 92, 29: 45, 33: 34, 35: 29, 38: 29, 47: 24, 73: 4, 73: 20, 96: 1, 96: 3.

**Quraish**, Chitsauko 106.

**Ar-Ra'd**, Chitsauko 13.

**Ar-Rahmaan**, Chitsauko 55.

**Ramadhaan** 2:185.

**Ar-Room**, Chitsauko 30.

**Rudo**

**NaAllah, Mutumwa wavo nechitendero chavo:** 2: 165, 2: 207, 3: 31, 3: 83, 5: 54, 6: 164, 39: 9, 48: 29, 49: 7, 58: 22, 59: 8 – 9.

**Neavo vanodiwa naAllah:** 2: 195, 2: 222, 3: 31, 3: 76, 3: 134, 3: 146, 3: 148, 3: 159, 5: 13, 5: 42, 5: 54, 5: 93, 9: 4, 9: 7, 9: 108, 48: 18, 49: 9, 58: 22, 60: 8, 61: 4.

**Neupenyu hwepanyika:** 2: 96, 2: 165, 2: 200, 2: 212, 2: 216, 3: 14, 3: 85, 3: 152, 3: 188, 4: 94, 7: 169, 9: 24, 9: 38, 10: 7 – 8, 13: 26, 14: 2 – 3, 16: 107, 17: 18, 24: 33, 28: 79 – 80, 38: 32, 53: 29 – 30, 62: 11, 63: 9, 75: 20, 76: 27, 79: 37 – 39, 89: 20, 100: 8, 102: 1 – 2.



الجديد و طريف NEW & EXCLUSIVE

**Ruenzaniso**

2: 281 – 282, 3: 18, 3: 25, 3: 64, 4: 3, 4: 58, 4: 65, 4: 105, 4: 129, 4: 135, 5: 8, 5: 42, 5: 45, 6: 152, 6: 161, 7: 29, 10: 47, 10: 54, 16: 90, 16: 111, 17: 71, 23: 62, 33: 5, 39: 69 – 70, 40: 20, 42: 15, 45: 22, 46: 19, 49: 9, 57: 25, 60: 8.

**Rufu**

2: 154, 2: 234, 2: 240, 3: 107 – 108, 3: 145, 3: 157 – 158, 3: 169, 3: 185, 4: 100, 5: 106, 6: 93, 8: 50, 16: 28, 16: 32, 22: 5, 23: 99, 31: 34, 32: 11, 39: 30, 39: 42, 40: 67 – 68, 44: 56, 47: 27, 50: 19, 56: 60, 56: 83 – 87, 67: 2.

**Kusatizika kwaro:** 3: 154, 3: 185, 4: 78, 6: 61, 21: 35, 29: 57, 33: 16, 39: 30, 62: 8, 63: 11.

**Ngirozi dzaro:** 4: 97, 6: 61, 6: 93, 7: 37, 8: 50, 16: 28, 16: 32, 32: 11, 47: 27.

**Ruregerero**

**RweMaporofita nevatendi:** 2: 109, 2: 178, 2: 237, 3: 134, 3: 159, 4: 149, 5: 13, 12: 92, 15: 85, 24: 22, 42: 37, 42: 40, 42: 43, 43: 89, 45: 14, 64: 14.

**Ruzivo**

**Rwakapihwa munhu:** 2: 31, 2: 151, 3: 48, 4: 113, 4: 166, 5: 83, 10: 5, 12: 68, 12: 76, 17: 85, 18: 65, 21: 74, 21: 79, 28: 14, 28: 80, 29: 49, 30: 22, 34: 6, 35: 8, 39: 9, 47: 6, 58: 11, 96: 3 – 5.

**Runomanikidzirwa kuruwana nekurudzidzisa:** 2: 42, 2: 140, 2: 159, 2: 174, 3: 137, 3: 187, 6: 11, 6: 99, 7: 86, 7: 185, 9: 122, 10: 101, 12: 109, 16: 36, 16: 43 – 44, 20: 114, 25: 59, 28: 69, 29: 20, 30: 9, 30: 42, 35: 44, 39: 9, 40: 21, 40: 82, 47: 10, 50: 6, 58: 11, 80: 24 – 32, 86: 5 – 8, 88: 17 – 20, 96: 1.

**Saba'**, Chitsauko 34.

**Sabata**

2: 65, 4: 154, 7: 163 – 166, 16: 124.

**Chishanu:** 62: 9 – 10.

**Sajdah (Kupfugama), Ndima dzacho**

7: 206, 13: 15, 16: 49 – 50, 17: 107 – 109, 19: 58, 22: 18, 22: 77, 25: 60, 27: 25 – 26, 32: 15, 38: 24, 41: 37 – 38, 53: 62, 84: 21, 96: 19.

**As-Sajdah**, Chitsauko 32.

**Satani (Shaitwaan)**

2: 34, 2: 36, 2: 168 – 169, 2: 208, 2: 268, 3: 155, 3: 175, 4: 38, 4: 60, 4: 76, 4: 117 – 120, 5: 90 – 91, 6: 43, 6: 68, 6: 142, 7: 11 – 22, 7: 27, 7: 200 – 202, 8: 48, 14: 22, 15: 31 – 44, 16: 63, 16: 98 – 100, 17: 27, 17: 53, 17: 61 – 65, 18: 50, 19: 44 – 45, 20: 116 – 120, 22: 52 – 53, 24: 21, 27: 24, 31: 21, 34: 20 – 21, 35: 5 – 6, 36: 60, 38: 71 – 85, 43: 62, 47: 25, 58: 10, 58: 19, 59: 16.

**Sauro (Taaloot)** 2: 247 – 249.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

**Ash-Shams**, Chitsauko 91.

**Ash-Sharh**, Chitsauko 94.

**Sheba (Saba')**
27: 22 – 44, 34: 15 – 21.

**Shirk (Kutenda muna vanamwari vakawanda)**
2: 22, 2: 116, 2: 165, 3: 64, 3: 79 – 80, 3: 151, 4: 36, 4: 48, 4: 116, 5: 72 – 73, 6: 19, 6: 22, 6: 56, 6: 88, 6: 121, 6: 151, 7: 33, 7: 190 – 191, 9: 3, 9: 29 – 31, 9: 113 – 114, 10: 66, 12: 38, 12: 106, 13: 33, 13: 36, 16: 1, 16: 3, 16: 51, 16: 56, 16: 86, 17: 22, 17: 39, 18: 102, 18: 110, 21: 21 – 29, 22: 26, 22: 31, 23: 92, 23: 117, 25: 43, 28: 62 – 64, 29: 8, 30: 31, 31: 13, 31: 15, 34: 40 – 41, 35: 40, 36: 23 – 24, 36: 74 – 75, 39: 3, 39: 8, 39: 65, 40: 66, 40: 73 – 74, 41: 37, 42: 21, 45: 23, 46: 4 – 6, 50: 26, 51: 51, 52: 43.

**Ash-Shoora**, Chitsauko 42.

**Ash-Shu'araa**, Chitsauko 26.

**Shu'ayb**
7: 85 – 93, 11: 84 – 95, 28: 25 – 28, 29: 36 – 37.

**Soromoni (Sulaimaan)**
2: 102, 4: 163, 6: 84, 21: 78 – 82, 27: 15 – 44, 34: 12 – 14, 38: 30 – 40.

**Swaad**, Chitsauko 38.

**As-Swaaff**, Chitsauko 61.

**As-Swaaffaat**, Chitsauko 37.

**Swaalih**
7: 73 – 79, 11: 61 – 68, 26: 141 – 159, 27: 45 – 53, 91: 13.

**At-Taaghaabun**, Chitsauko 64.

**Twaa – Haa**, Chitsauko 20.

**At-Twaariq**, Chitsauko 86.

**At-Tahreem**, Chitsauko 66.

**At-Takaathur**, Chitsauko 102.

**At-Takweer**, Chitsauko 81.

**At-Twalaaq**, Chitsauko 65.

**At-Tawbah**, Chitsauko 9.

**At-Teen**, Chitsauko 95.

**Thaamood (Mhuri ya…)**
7: 73 – 79, 9: 70, 11: 61 – 68, 11: 95, 15: 80 – 84, 17: 59, 22: 42, 25: 38, 26: 141 – 159, 27: 45 – 53, 29: 38, 38: 13, 40: 31, 41: 13, 41: 17, 50: 12, 51: 43 – 45, 53: 51, 54: 23 – 31, 69: 4 – 8, 89: 9, 91: 11 – 15.

**At-Toor**, Chitsauko 52.

**Torah (At-Tawraah)**
2: 53, 3: 3, 3: 48, 3: 50, 3: 65, 3: 93, 5: 43 – 46, 5: 66, 5: 68, 5: 110, 6: 154, 7: 157, 9: 111, 11: 110, 17: 2 – 3, 28: 48, 32: 23, 48: 29, 61: 6, 62: 5.

**Udzvanyiriri**
2: 114, 2: 140, 2: 188, 3: 21, 3: 108, 4: 9 – 10, 4: 29 – 30, 4: 161, 6: 21, 6: 93, 6: 144, 6: 157, 9: 34, 10: 44, 20: 111 – 112, 27: 14, 29: 68, 31: 13, 32: 22, 40: 17, 42: 42, 61: 7.

**Upfumi**
2: 155, 2: 188, 2: 261 – 271, 2: 274 – 280, 3: 10, 3: 116 – 117, 4: 2, 4: 5 – 12, 4: 29, 4: 32 – 33, 4: 37 – 39, 6: 152, 8: 28, 8: 36, 9: 11, 9: 24, 9: 34, 9: 55, 9: 85, 9: 103, 10: 88, 17: 34, 18: 46, 24: 33, 24: 37, 26: 88, 30: 39, 40: 82, 51: 19, 58: 17, 63: 9, 64: 15, 69: 28, 70: 24, 89: 20, 90: 6 – 7, 92: 8 – 11, 92: 18, 104: 2 – 3, 111: 2.

**Vafi munzira yaAllah**
2: 154, 3: 140, 3: 157 – 158, 3: 169 – 171, 3: 195, 4: 69, 4: 74, 22: 58 – 59, 47: 4, 57: 19.

**Vanadhiyabhorosi**
2: 102, 6: 71, 6: 112, 6: 121, 7: 27, 7: 30, 17: 27, 19: 68, 19: 83, 21: 82, 22: 3 – 4, 23: 97 – 98, 26: 210, 26: 221 – 223, 37: 7 – 10, 38: 37 – 38, 67: 5.

**Vanhu**
**Mhando dzavo:** 2: 8 – 10, 2: 44, 2: 96, 2: 118, 2: 165, 2: 200 – 201, 2: 204 – 206, 2: 207, 2: 273, 3: 173, 4: 37 – 38, 4: 108, 5: 82 – 84, 7: 164, 9: 6, 21: 1 – 3, 22: 3, 22: 8 – 9, 22: 11 – 13, 29: 10, 31: 6, 31: 20 – 21, 35: 28, 43: 54, 47: 38, 49: 11, 58: 14, 58: 22, 83: 1 – 3.
**Komekedzo dzaAllah kwavari:** 2: 21, 2: 168, 2: 281, 4: 1, 4: 58, 4: 170, 14: 52, 17: 89, 22: 1, 31: 33, 35: 3, 35: 5 – 6.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

**Chitendero chavo:** 2: 213, 3: 96, 3: 105, 3: 138, 3: 165, 3: 174 – 175, 5: 97, 7: 158, 10: 19, 10: 57, 10: 108, 12: 38, 14: 1, 16: 44, 17: 89, 22: 49, 30: 30, 34: 28, 39: 41, 42: 13, 45: 20, 57: 25.

**Vanyengedzi**

2: 8 – 16, 2: 204 – 206, 3: 167 – 168, 4: 60 – 63, 4: 72 – 73, 4: 88 – 91, 4: 138 – 143, 4: 145, 9: 64 – 69, 9: 73 – 87, 9: 101, 33: 73, 48: 6, 57: 13 – 15, 58: 14 – 19, 59: 11 – 12, 61: 3, 63: 1 – 7, 66: 9.

**Varanda vaAllah vakarurama**

3: 15 – 17, 3: 133 – 136, 4: 69, 7: 128, 9: 112, 16: 128, 17: 25, 21: 105, 23: 109, 24: 52, 25: 63 – 76, 28: 83, 29: 58 – 59, 31: 12 – 19, 39: 9 – 10, 39: 73 – 74, 43: 67 – 70, 46: 13 – 16, 51: 15 – 19, 52: 17 – 18, 54: 54 – 55, 76: 5 – 12, 82: 13, 89: 27 – 30.

**Vasingatendi**

**Chimiro chavo:** 2: 6 – 9, 2: 171, 2: 212, 2: 257, 3: 90, 3: 98, 4: 37 – 38, 4: 150 – 151, 5: 10, 5: 17, 5: 72 – 73, 6: 122, 7: 101, 8: 36, 8: 73, 9: 37, 9: 74, 10: 96 – 97, 13: 33, 14: 18, 14: 28 – 30, 16: 22, 18: 56, 19: 83, 22: 55, 22: 72, 23: 117, 27: 4, 27: 67 – 68, 29: 23, 35: 39, 38: 2, 39: 45, 40: 4, 40: 12, 41: 44, 47: 8 – 9, 47: 11 – 12, 66: 10.

**Hukama nevatendi:** 2: 105, 3: 28, 3: 98 – 100, 4: 101, 4: 139 – 140, 4: 144, 5: 57, 6: 68, 9: 23, 11: 113, 60: 1 – 2, 60: 8 – 13, 76: 24, 109: 1 – 6.

**Vimbiso yaAllah kwavari:** 2: 39, 2: 126, 2: 161 – 162, 3: 4, 3: 12, 3: 56, 3: 91, 3: 178, 4: 140, 4: 168 – 169, 5: 36 – 37, 6: 70, 8: 36, 9: 68, 10: 4, 10: 69 – 70, 13: 34, 16: 104, 16: 106, 17: 8, 17: 10, 18: 102, 21: 39 – 40, 22: 19 – 22, 22: 72, 24: 57, 29: 23, 35: 36, 35: 39, 39: 71 – 72, 40: 10, 41: 27 – 28, 42: 26, 47: 34, 58: 5, 67: 6.

**Vatadzi**

**Chimiro chavo:** 2: 114, 2: 140, 3: 57, 3: 86, 3: 94, 3: 117, 4: 18, 5: 45, 6: 21, 6: 58, 6: 93, 6: 144, 6: 157, 8: 55, 9: 23, 9: 70, 9: 98, 10: 44, 14: 42, 16: 45 – 47, 17: 82, 22: 53, 22: 71, 24: 48 – 50, 28: 50, 29: 4, 29: 40, 29: 49, 30: 9, 31: 11, 32: 22, 35: 40, 45: 19, 45: 21, 45: 33, 49: 11, 61: 7, 63: 2 – 3, 98: 6.

**Murango wavo:** 2: 165, 4: 18, 4: 85, 4: 123, 4: 168 – 169, 6: 93, 6: 129, 10: 54, 13: 25, 16: 85, 18: 29, 18: 59, 21: 29, 27: 90, 28: 84, 30: 10, 30: 57, 39: 47 – 48, 40: 18, 40: 52, 42: 22, 42: 42, 42: 44 – 45, 51: 59, 52: 47, 76: 31.

**Vatendi**

**Chimiro chavo:** 2: 165, 2: 285, 3: 114, 3: 173, 4: 162, 7: 157, 8: 2 – 4, 8: 74, 9: 44, 9: 71, 9: 111 – 112, 9: 124, 23: 1 – 11, 23: 57 – 61, 24: 51 – 52, 24: 62, 25: 63 – 68, 27: 2 – 3, 28: 52 – 55, 32: 15 – 16, 33: 22 – 23, 33: 36, 48: 29, 49: 15,58: 22, 59: 9 – 10, 66: 11 – 12.

**Miedzo yavo:** 2: 155 – 156, 2: 214, 2: 249, 3: 152, 3: 179, 3: 186, 6: 165, 8: 17, 11: 7, 29: 2 – 3, 33: 11, 47: 31, 64: 15, 67: 2.

**Hukama hwavo naAllah:** 2: 165, 2: 257, 3: 68, 3: 171, 5: 54, 9: 111, 10: 9, 30: 47, 33: 23, 39: 9, 47: 11, 48: 4, 48: 29, 63: 8.

**Vimbiso yaAllah kwavari:** 2: 82, 3: 57, 4: 146, 4: 152, 4: 162, 4: 173, 5: 9, 6: 82, 9: 72, 10: 103, 19: 60, 20: 75, 24: 55, 25: 70, 33: 35, 33: 47, 34: 4, 34: 37, 35: 7, 39: 73 – 75, 40: 40, 41: 8, 47: 5, 48: 5, 48: 29, 52: 21, 57: 7, 58: 11, 98: 8.

**Vatumwa vaAllah**

**Kubva kuvanhu nechimiro chavo:** 2: 253, 4: 64, 4: 163 – 165, 5: 75, 6: 34, 6: 48, 10: 47, 12: 109 – 110, 14: 4, 14: 11, 18: 56, 21: 25, 22: 75, 23: 44, 25: 20, 27: 10, 36: 13 – 17, 36: 20 – 21, 40: 78, 59: 6.

**Kubva kungirozi:** 6: 61, 7: 35, 11: 69, 11: 77, 16: 2, 16: 102, 22: 75, 26: 193, 29: 31, 29: 33, 35: 1, 43: 80, 51: 24 – 34, 97: 4.

**Vhangeri (Al-Injeel)**

3: 3 – 4, 3: 48, 3: 65, 5: 47, 5: 66, 5: 68, 5: 110, 7: 157, 9: 111, 48: 29, 57: 27.

**Al-Waaqi'ah**, Chitsauko 56.

**Yaa – Seen**, Chitsauko 36.

**Yunus**, Chitsauko 10.

**Yusuf**, Chitsauko 12.

**Zakaah (Zvipo kuvarombo)**

2: 43, 2: 83, 2: 110, 5: 12, 7: 156, 9: 11, 9: 60, 9: 103, 22: 78, 23: 4, 24: 56, 30: 39, 73: 20, 98: 5.

**Zakero (Zakariyya)**

3: 37 – 41, 6: 85, 19: 2 – 11, 21: 89 – 90.

**Az-Zalzalah**, Chitsauko 99.

**Az-Zukhruf**, Chitsauko 43.

**Az-Zumar**, Chitsauko 39.

**Zvakaipa**

2: 169, 3: 30, 4: 22, 4: 79, 4: 84, 4: 148, 6: 31, 9: 9, 9: 98, 10: 11, 11: 114, 12: 53, 14: 26, 16: 25, 17: 10, 17: 32, 17: 38, 17: 83, 21: 35, 23: 96, 30: 36, 35: 43, 41: 34, 99: 8, 113: 1 – 5, 114: 1 – 6.

**Murango hwazvo:** 4: 18, 4: 85, 4: 123, 6: 160, 10: 27, 13: 25, 16: 34, 27: 90, 28: 84, 30: 10, 35: 10, 38: 55, 40: 40, 40: 52, 42: 40, 45: 33, 48: 6.

**Zvakanaka**

2: 110, 2: 184, 2: 195, 2: 215, 2: 269, 2: 272 – 273, 3: 104, 3: 114 – 115, 4: 36, 11: 114, 14: 24 – 25, 16: 90, 16: 125, 22: 77, 24: 26, 35: 10, 41: 33, 73: 20, 99: 7.

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

**Vaiti vazvo:** 3: 114 – 115, 7: 56, 10: 26, 12: 56, 16: 128, 23: 61.
**Mubairo wazvo:** 2: 110, 10: 26, 16: 30, 18: 30 – 31, 27: 89, 28: 84, 55: 60, 73: 20, 99: 7.
**Shoko rakanaka pamusoro pazvo:** 2: 119, 10: 63 – 64, 16: 89, 16: 102, 17: 9, 25: 22, 27: 1 – 2, 39: 17, 57: 12.

**Zvinodhaka**
2: 219, 5: 90 – 91.

**Zvipo (Swadaqah)**
2: 196, 2: 215, 2: 254, 2: 261 – 265, 2: 267, 2: 270 – 274, 2: 276, 2: 280, 3: 92, 4: 92, 4: 114, 9: 75 – 77, 9: 103 – 104, 13: 22, 14: 31, 22: 28, 22: 36, 30: 39, 34: 39, 35: 29 – 30, 57: 7, 57: 18, 58: 12 – 13, 63: 10, 76: 8 – 9, 90: 13 – 14.

**Zvirango**
2: 178 – 179, 2: 190 – 192, 2: 194, 4: 15 – 16, 4: 25, 5: 33 – 34, 5: 38, 5: 45, 12: 85, 16: 126, 17: 33, 22: 60, 24: 2, 24: 4 – 9, 42: 40 – 41.

**Zviratidzo zvaAllah**
2: 259 – 260, 3: 13, 3: 41, 3: 49, 3: 190 – 191, 6: 37, 6: 97 – 99, 6: 158, 7: 26, 7: 57 – 58, 7: 73, 7: 133, 10: 5 – 6, 10: 24, 10: 67, 11: 102 – 103, 13: 2 – 4, 14: 5, 16: 10 – 13, 16: 65 – 69, 16: 79, 17: 12, 17: 101 – 102, 18: 17, 19: 10, 19: 20 – 21, 20: 53 – 54, 20: 128, 21: 91, 23: 27 – 30, 23: 50, 26: 4, 26: 7 – 8, 26: 63 – 67, 26: 119 – 121, 26: 139, 26: 154 – 158, 26: 170 – 174, 26: 189 – 190, 27: 50 – 52, 27: 86, 27: 93, 29: 15, 29: 34 – 35, 29: 44, 30: 19 – 25, 30: 37, 30: 46, 31: 31, 34: 9, 36: 38 – 44, 39: 42, 39: 52, 41: 37, 41: 39, 41: 53, 42: 29 – 32, 45: 4 – 5, 45: 12 – 13, 48: 20, 51: 20 – 21, 51: 37 – 38, 51: 41, 51: 43, 54: 13 – 15.

**Zvitadzo**
2: 81, 2: 85, 2: 181 – 182, 2: 188, 2: 205 – 206, 2: 219, 2: 283, 3: 11, 3: 31, 3: 135, 3: 178, 4: 18, 4: 48, 4: 50, 4: 85, 4: 108, 4: 110 – 112, 5: 18, 5: 28 – 30, 5: 49, 5: 107, 6: 6, 6: 120, 7: 33, 7: 100, 8: 52, 8: 54, 9: 102, 17: 17, 17: 31, 17: 38, 28: 78, 28: 84, 29: 12 – 13, 29: 40, 33: 58, 39: 53, 40: 21, 42: 40, 49: 12, 58: 8 – 9, 61: 12, 69: 9 – 10, 81: 9.

**Zuva remubairo**
1: 4, 3: 185, 26: 82, 37: 20 – 21, 51: 12 – 14, 82: 14 – 19.

**Zuva rokumutswa nekutongwa**
2: 48, 2: 113, 2: 123, 2: 281, 3: 9, 3: 30, 3: 185, 4: 87, 4: 141, 10: 28 – 30, 10: 93, 14: 44, 14: 47 – 51, 16: 111, 17: 13 – 14, 19: 37 – 40, 19: 85 – 87, 19: 94 – 95, 20: 102 – 109, 20: 111 – 112, 21: 47, 21: 104, 22: 1 – 2, 22: 17, 22: 55 – 56, 22: 69, 23: 16, 24: 24 – 25, 25: 22 – 30, 27: 87 – 90, 30: 12 – 16, 30: 56, 31: 33, 32: 5, 32: 29, 36: 51 – 54, 39: 31, 39: 60 – 61, 39: 67 – 75, 40: 15 – 18, 42: 47, 44: 40 – 42, 45: 26, 50: 20 – 23, 50: 30 – 35, 50: 41 – 44, 57: 12 – 13, 68: 42 – 43, 69: 13 – 18, 70: 8 – 10, 75: 7 – 15, 78: 17 – 20, 78: 38 – 40, 79: 34 – 41, 79: 42 – 46, 80: 33 – 42, 82: 17 – 19, 89: 21 – 30, 99: 1 – 8, 100: 9 – 11, 101: 1 – 11.

# ZVITSAUKO ZVIRI MUKATI


| Namba | Chitsauko | Makki / Madani | Peji / الصفحه | البيان | السورة | الرقم |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Al-Faatihah | Makki | 7 | مكية | الفاتحة | ١ |
| 2 | Al-Baqarah | Madani | 7 | مدنية | البقرة | ٢ |
| 3 | Aal Imraan | Madani | 36 | مدنية | ال عمران | ٣ |
| 4 | An-Nisaa | Madani | 53 | مدنية | النساء | ٤ |
| 5 | Al-Maa'idah | Madani | 71 | مدنية | المائدة | ٥ |
| 6 | Al-An'aam | Makki | 84 | مكية | الانعام | ٦ |
| 7 | Al-A'raaf | Makki | 99 | مكية | الاعراف | ٧ |
| 8 | Al-Anfaal | Madani | 116 | مدنية | الانفال | ٨ |
| 9 | At-Taubah | Madani | 122 | مدنية | التوبة | ٩ |
| 10 | Yunus | Makki | 134 | مكية | يونس | ١٠ |
| 11 | Hud | Makki | 143 | مكية | هود | ١١ |
| 12 | Yusuf | Makki | 153 | مكية | يوسف | ١٢ |
| 13 | Ar-Ra'd | Madani | 162 | مدنية | الرعد | ١٣ |
| 14 | Ibrahim | Makki | 166 | مكية | إبراهيم | ١٤ |
| 15 | Al-Hijr | Makki | 170 | مكية | الحجر | ١٥ |
| 16 | An-Nahl | Makki | 176 | مكية | النحل | ١٦ |
| 17 | Al-Israa | Makki | 185 | مكية | الإسراء | ١٧ |
| 18 | Al-Kahf | Makki | 193 | مكية | الكهف | ١٨ |
| 19 | Maryam | Makki | 201 | مكية | مريم | ١٩ |
| 20 | Twaa-Haa | Makki | 208 | مكية | طه | ٢٠ |
| 21 | Al-Anbiyaa | Makki | 218 | مكية | الانبياء | ٢١ |
| 22 | Al-Hajj | Madani | 225 | مدنية | الحج | ٢٢ |
| 23 | Al-Mu'minoon | Makki | 232 | مكية | المؤمنون | ٢٣ |
| 24 | An-Noor | Madani | 239 | مدنية | النور | ٢٤ |
| 25 | Al-Furqaan | Makki | 245 | مكية | الفرقان | ٢٥ |
| 26 | Ash-Shu'araa' | Makki | 251 | مكية | الشعراء | ٢٦ |
| 27 | An-Naml | Makki | 261 | مكية | النمل | ٢٧ |
| 28 | Al-Qaswas | Makki | 268 | مكية | القصص | ٢٨ |
| 29 | Al-Ankaboot | Makki | 275 | مكية | العنكبوت | ٢٩ |
| 30 | Ar-Room | Makki | 280 | مكية | الروم | ٣٠ |
| 31 | Luqmaan | Makki | 285 | مكية | لقمان | ٣١ |
| 32 | As-Sajdah | Makki | 288 | مكية | السجدة | ٣٢ |
| 33 | Al-Ahzaab | Madani | 290 | مدنية | الاحزاب | ٣٣ |
| 34 | Saba' | Makki | 297 | مكية | سبا | ٣٤ |
| 35 | Faatwir / Al-Malaa'ikah | Makki | 301 | مكية | فاطر | ٣٥ |
| 36 | Yaa-Seen | Makki | 305 | مكية | يس | ٣٦ |
| 37 | As-Swaaffaat | Makki | 310 | مكية | الصافات | ٣٧ |
| 38 | Swaad | Makki | 318 | مكية | ص | ٣٨ |
| 39 | Az-Zumar | Makki | 323 | مكية | الزمر | ٣٩ |
| 40 | Ghaafir / Al-Mu'min | Makki | 329 | مكية | غافر | ٤٠ |
| 41 | Fusswilat | Makki | 336 | مكية | فصلت | ٤١ |
| 42 | Ash-Shoora | Makki | 340 | مكية | الشورى | ٤٢ |
| 43 | Az-Zukhruf | Makki | 345 | مكية | الزخرف | ٤٣ |
| 44 | Ad-Dukhaan | Makki | 351 | مكية | الدخان | ٤٤ |
| 45 | Al-Jaathiyah | Makki | 354 | مكية | الجاثية | ٤٥ |
| 46 | Al-Ahqaaf | Makki | 356 | مكية | الاحقاف | ٤٦ |
| 47 | Muhammad | Madani | 360 | مدنية | محمد | ٤٧ |
| 48 | Al-Fath | Madani | 363 | مدنية | الفتح | ٤٨ |
| 49 | Al-Hujuraat | Madani | 365 | مدنية | الحجرات | ٤٩ |
| 50 | Qaaf | Makki | 367 | مكية | ق | ٥٠ |
| 51 | Ath-Thaariyaat | Makki | 370 | مكية | الذاريات | ٥١ |
| 52 | At-Toor | Makki | 373 | مكية | الطور | ٥٢ |
| 53 | An-Najm | Makki | 375 | مكية | النجم | ٥٣ |
| 54 | Al-Qamar | Makki | 378 | مكية | القمر | ٥٤ |
| 55 | Ar-Rahmaan | Madani | 381 | مدنية | الرحمن | ٥٥ |
| 56 | Al-Waaqi'ah | Makki | 385 | مكية | الواقعة | ٥٦ |
| 57 | Al-Hadeed | Madani | 389 | مدنية | الحديد | ٥٧ |
| 58 | Al-Mujaadilah | Madani | 392 | مدنية | المجادلة | ٥٨ |

www.alukah.net إهداء من شبكة الألوكة

| Namba | Chitsauko | Makki / Madani | Peji / الصفحه | البيان | السورة | الرقم |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 59 | Al-Hashr | Madani | 394 | مدنية | الحشر | ٥٩ |
| 60 | Al-Mumtahanah | Madani | 396 | مدنية | الممتحنة | ٦٠ |
| 61 | As-Swaff | Madani | 398 | مدنية | الصف | ٦١ |
| 62 | Al-Jumu'ah | Madani | 399 | مدنية | الجمعة | ٦٢ |
| 63 | Al-Munaafiqoon | Madani | 400 | مدنية | المنافقون | ٦٣ |
| 64 | At-Taghaabun | Madani | 401 | مدنية | التغابن | ٦٤ |
| 65 | At-Twalaaq | Madani | 403 | مدنية | الطلاق | ٦٥ |
| 66 | At-Tahreem | Madani | 404 | مدنية | التحريم | ٦٦ |
| 67 | Al-Mulk | Makki | 406 | مكية | الملك | ٦٧ |
| 68 | Al-Qalam | Makki | 408 | مكية | القلم | ٦٨ |
| 69 | Al-Haaqqah | Makki | 410 | مكية | الحاقة | ٦٩ |
| 70 | Al-Ma'aarij | Makki | 413 | مكية | المعارج | ٧٠ |
| 71 | Nooh | Makki | 415 | مكية | نوح | ٧١ |
| 72 | Al-Jinn | Makki | 416 | مكية | الجن | ٧٢ |
| 73 | Al-Muzzammil | Makki | 418 | مكية | المزمل | ٧٣ |
| 74 | Al-Muddaththir | Makki | 420 | مكية | المدثر | ٧٤ |
| 75 | Al-Qiyaamah | Makki | 423 | مكية | القيامة | ٧٥ |
| 76 | Al-Insaan / Ad-Dahr | Madani | 425 | مدنية | الإنسان | ٧٦ |
| 77 | Al-Mursalaat | Makki | 427 | مكية | المرسلات | ٧٧ |
| 78 | An-Naba' | Makki | 429 | مكية | النبا | ٧٨ |
| 79 | An-Naazi'aat | Makki | 431 | مكية | النازعات | ٧٩ |
| 80 | Abasa | Makki | 433 | مكية | عبس | ٨٠ |
| 81 | At-Takweer | Makki | 435 | مكية | التكوير | ٨١ |
| 82 | Al-Infitwaar | Makki | 436 | مكية | الانفطار | ٨٢ |
| 83 | Al-Mutwaffifeen | Makki | 437 | مكية | المطففين | ٨٣ |
| 84 | Al-Inshiqaaq | Makki | 439 | مكية | الانشقاق | ٨٤ |
| 85 | Al-Burooj | Makki | 440 | مكية | البروج | ٨٥ |
| 86 | At-Twaariq | Makki | 441 | مكية | الطارق | ٨٦ |
| 87 | Al-A'laa | Makki | 442 | مكية | الاعلى | ٨٧ |
| 88 | Al-Ghaashiyah | Makki | 443 | مكية | الغاشية | ٨٨ |
| 89 | Al-Fajr | Makki | 444 | مكية | الفجر | ٨٩ |
| 90 | Al-Balad | Makki | 446 | مكية | البلد | ٩٠ |
| 91 | Ash-Shams | Makki | 447 | مكية | الشمس | ٩١ |
| 92 | Al-Lail | Makki | 447 | مكية | الليل | ٩٢ |
| 93 | Ad-Dhuhaa | Makki | 448 | مكية | الضحى | ٩٣ |
| 94 | Ash-Sharh | Makki | 449 | مكية | الشرح | ٩٤ |
| 95 | At-Teen | Makki | 450 | مكية | التين | ٩٥ |
| 96 | Al-Alaq | Makki | 450 | مكية | العلق | ٩٦ |
| 97 | Al-Qadr | Makki | 451 | مكية | القدر | ٩٧ |
| 98 | Al-Bayyinah | Madani | 452 | مدنية | البينة | ٩٨ |
| 99 | Az-Zalzalah | Madani | 452 | مدنية | الزلزلة | ٩٩ |
| 100 | Al-Aadiyaat | Makki | 453 | مكية | العاديات | ١٠٠ |
| 101 | Al-Qaari'ah | Makki | 453 | مكية | القارعة | ١٠١ |
| 102 | At-Takaathur | Makki | 454 | مكية | التكاثر | ١٠٢ |
| 103 | Al-Asr | Makki | 455 | مكية | العصر | ١٠٣ |
| 104 | Al-Humazah | Makki | 455 | مكية | الهمزة | ١٠٤ |
| 105 | Al-Feel | Makki | 456 | مكية | الفيل | ١٠٥ |
| 106 | Quraish | Makki | 456 | مكية | قريش | ١٠٦ |
| 107 | Al-Maa'uoon | Makki | 456 | مكية | الماعون | ١٠٧ |
| 108 | Al-Kauthar | Makki | 457 | مكية | الكوثر | ١٠٨ |
| 109 | Al-Kaafiroon | Makki | 457 | مكية | الكافرون | ١٠٩ |
| 110 | An-Nasr | Madani | 458 | مدنية | النصر | ١١٠ |
| 111 | Al-Masad | Makki | 458 | مكية | المسد | ١١١ |
| 112 | Al-Ikhlaas | Makki | 458 | مكية | الإخلاص | ١١٢ |
| 113 | Al-Falaq | Makki | 459 | مكية | الفلق | ١١٣ |
| 114 | An-Naas | Makki | 459 | مكية | الناس | ١١٤ |

هذا الكتاب منشور في

شبكة الألوكة

www.alukah.net